

BABAD
saka
KITAB SUTJI



GÉTSEMANÉ

BABAD

saka

KITAB SUTJI

Sing njritakaké:
W. G. v. D. HULST.

Sing ndjawakaké
E. I. S. WIDYOHATMODJO

Sing ngrengga nganggo gambar:
ISINGS

DJILID II

PRADJANDJIAN ANJAR


Taman Pustaka Kristen

JOGJAKARTA

Djl. djendral Sudirman 69

1960.

PRADJANDJIAN ANJAR



JERUSALEM

DJURU SLAMET KANG DIPRASETYAKAKÉ

KIRA-KIRA patang èwu taun kepungkur Adam lan Chawa dipapanaké ana ing patamanan Pirdus kang luwih déning éndah. Saben dina sugengé tansah kapirsan déning tingalé Pangéran, lan ora ngerti babar pisan apa sing diarani dosa utawa duraka. Sapungkuré Adam lan Chawa, ora ana wong sing ngrasakaké kamuktèn lan kawibawan kajadéné leluhur loro mau nalika isih pađa ana ing patamanan Pirdus.

Éman, kamuktèn lan kawibawané mau ora bisa lestari, anané mung sedéla banget.

Adam lan Chawa pađa dumawah ing dosa, sebab pađa dahar wohing wit larangan, temahan kelakon ditundung metu saka patamanan kang sarwa éndah mau déning malaékat kang ngasta pedang murub, bandjur nglembara ing saenggon-enggon. Bumi kang tinitah gumelar *sarwa nengsemaké* tumuli malih dadi bumi kang katoné *sarwa njedihaké*. Adam lan Chawa kang mauné kena dibasakaké *mukti wibawa anjakrawati abaudenda*, saiki katoné *apes lan ngenes*. Kaja mengkono iku *kadadéjané dosa*. Dosa mau misahaké Adam lan Chawa saka Gusti Allah, sebab Gusti Allah kang Mahasutji mesti ora kepareng mirsani dosa. Iku mula-bukané urip ing alam donja tansah kinalang-kalang ing karépotan lan kasusahan, wiwit saka Adam lan Chawa turun-tumurun nganti ing djaman saiki. Kabèh tedak-turuné Adam lan Chawa bakal ngalami nandang laralapa lan prihatin, déné wekasané mesti nemahi *mati*. Iku kang dadi paukumané dosa. Éwasemono — nalika pađa ditundung metu saka patamanan Pirdus, miwiti nglembara ing djagad raja, ana prakara kang mbungahaké lan nggedékaké ati. Gusti Allah pijambak wis paring pangandika, jèn ana kang bakal mijos lan rawuh ing djagad; iku kang bakal ngasoraké si Pangawak-

dursila, lan kang bakal ngrembat ngésahaké dosaning manusa, sarta kang bakal ngrukunaké manusa karo Gusti Allah.

Ana ing patamanan Pirdus Gusti Allah ndawuhaké bebenduné marang Sétan, déné wis ngloropaké Chawa nganti dumawah ing dosa. Senadjan dawuh pangandikané Gusti Allah iku sarwa ringkes, éwadéné Adam lan Chawa bisa ndungkap kang dadi karsané, jaiku: Ana kang bakal ngluwaré manusa saka pangwasané dosa, lan kang bakal njingkiraké sawernaning rasa tintrim lan giris. Iba begdjané jèn bisa kelakon mengkono. Iku sawidjining kanugrahan gedé kang tanpa upama. Mulané Adam lan Chawa nalika djaman semana wis wiwit ngarep-arep marang rawuhé kang dipangandikakaké mau.

Adam lan Chawa, bareng wis sepuh, bandjur séda, *ora nganti menangi rawuhé Sang Djuru Slamet*.

Sapungkuré iku mau manusa saja mundak ndadra enggoné pađa gawé dosa, saja suwé saja gedé durakané, lan ing wekasan kena dibasakaké wis kebak sundukané, temah Gusti Allah ndatengaké bandjir patopan, nganti manusa lan sato kéwan pađa tumpes tapis. Nanging — *ora kabèh* nemahi mati. Gusti Allah rak wis paring prasetya jèn ing tembé Sang Djuru Slamet bakal rawuh. Prasetyané Gusti Allah mesti ditetepi, ora tau mlèsèt. Nalika ana bandjir patopan, bumi kaeleban ing banju, nanging nabi Nuch sagarwa putrané ora katut katumpes. Para putrané pađa tangkar-tumangkar sarta ngebaki djagad. Nabi Nuch, bareng wis sepuh, bandjur séda. Mangka Djuru Slamet sing diprasetyakaké durung kelakon mijos.

Sasi lan taun gilir gumanti, djaman solan-salin tanpa kenđat. Manusa wis pađa lali marang anané Gusti Allah. Sing dipikir lan sing ditindakaké mung kakarepané déwé sing sarwa dosa. Ora ana sing éling marang Gusti Allah, nanging Allah ora kesupèn marang *manusa*.

Katjarita, saka ing antarané manusa sing maèwu-èwu tjatjahé Gusti Allah midji sawi-

djining wong sing isih éling marang Allah. Wong pilihané Gusti Allah mau djenengé Abraham. Gusti Allah tumuli ndamel prasetyan karo Abraham. Abraham bakal kadadèkaké bangsa gelengan gedé nganti prasasat tanpa wilangan. Teḍak-turuné Abraham tja-tjahé bakal kaja lintang sing abjor ing langit lan kaja weḍi sing gumelar ing pinggir segara. Turuné Abraham kapisahaké saka ing antarané bangsa lija-lijané lan kapapanaké ana ing tanah Kanaan, kapidji dadi *umat kagungané Allah*.

Nanging sing banget mbungahaké, jaiku: saka ing antarané bangsa teḍaké Abraham ing tembé bakal mijos Sang Djuru Slamet, ija Panebusé djagaḍ. Iku wudjuding kanugrahan gedé, malah sing gedé déwé, sing diparingaké Gusti Allah marang manusa.

Abraham bareng wis sepuh ija bandjur séda. Lan Djuru Slamet *durung* padja-padja rawuh. Prasetyan kang mbungahaké *durung* ditetepi. Éwadéné sédané Abraham bisa kanṭi tentrem lan ajem, djalaran pratjaja, jèn Gusti Allah mesti ora bakal ngingkedi pangandikané.

Iskak lan Jakub, kajadéné Abraham, ija kaparingan prasetyan kang mbungahaké mau déning Gusti Allah. Nanging bareng wis tekan titimangsané kukud saka ing djaman ramé, Iskak lan Jakub ija bandjur séda klawan narima, senadjan ora kepareng menangi rawuhé Sang Djuru Slamet. Manusa ora diparengaké weruh kapan rawuhé; sing pirsamung *Gusti Allah pijambak*.

Sadurungé Jakub séda, para putrané paḍa kaparingan berkah. Jahuda dipandumi berkah sing gedé déwé: Sang Djuru Slamet bakal mijos saka *taler Jahuda*. Enggoné Jakub nglairaké berkah mau mung manut sapanuntuné Gusti Allah pijambak.

Sapungkuré lelakon iku mau, lelakon manéka warna gilir gumanti tumruntum tanpa ana peḍoté nganti maèwu-èwu taun.

Sang Djuru Slamet *durung* kelakon mijos. Wong Israèl sing paḍa ngantepi pangabektiné marang Allah, enggoné nganti-anti mijosé Sang Djuru Slamet nganti tjetjengkluṅgen. Nalika bangsa Israèl isih paḍa nglembara ana ing ara-ara samun nganti patang puluh taun lawasé, bareng wis paḍa dedunung ana ing tanah prasetyan kang loh djinawi, lan nalika dadi wong bandangan dibojong menjang ing tanah Babil, panganti-antiné marang Sang Djuru Slamet isih adjeg dumunung ana ing atiné bangsa Israèl.

SAMANGSA wong Israèl sing paḍa ngibadah, saos kurban marang Gusti Allah, samangsa kéwan sing arep dikurbanaké, kasebelèh lan kaobong ana ing mesbèh, wong

mau ija wis ngerti, jèn *awaké déwé* sing satemené kudu mati karana saka dosané, apadéné ija ngerti jèn *awaké déwé* ora bakal bisa sowan marang ngarsané Gusti Allah.

Salawasé tansah ana apa-apa sing misahaké wong-wong mau saka ing patunggilané Allah. Sing misahaké mau jaiku dosané déwé. Lah sapa sing bisa njirnakaké dosa mau? Gèk sapa sing saguh njangga paukumaning piala sing dilakoni déning manusa kabèh? Ana Sidji sing bisa, jaiku Sang Djuru Slamet utawa Djuru Panebus. *Pandjenengané* bakal ngrembat paukuman, sing satemené kudu disangga déning wong-wong mau. *Pandjenengané* bakal nandang sangsara lan séda, dadi tawur utawa bebantené wong kabèh. Jèn wis kelakon mengkono, manusa lagi diparengaké sowan ing ngarsané Allah.

Maha-asihé Sang Djuru Slamet mau bakal njlametaké manusa ing salawas-lawasé, mulané ija wis mungguh banget sinebut *Sang Djuru Slamet*.

Éman, ora kabèh wong paḍa njandak prakara iku mau. Pantjèn ija kalebu prakara kekeran kang ora gampang kawijak.

Nanging wong Israèl lanang wadon sing paḍa ngibadah temenan, bisa ngerti wigatiné kekeran mau; mulané tansah njuwuna marang Allah rina lan wengi supaja Sang Djuru Slamet énggala rawuh lan paḍa nganti-anti klawan sabar-tawekal.

Para nabi ing djaman kuna bola-bali ngandikakaké bab bakal tumekané djaman karahajon mau dadi djedjering pangidungé para djuru masmur. Para imam mulangaké bab karahajon iku marang saumat kabèh; mengkono uga para bapa ora kenḍat njaritakaké bab kang wigati mau marang anak putuné turun-tumurun.

Kang bakal rawuh mau kasaosan peparab utawa sesilih kang apik-apik.

Asmané bakal kasebut *Immanuèl*, tegesé: *Allah nunggil klawan kita*. Ija kasebut Sang Mesih, *Sang Djebadan*, Sang Djuru Slamet, Sang Djuru Panebus, Sang Pamarta. Nanging-lelakon sing njeḍihaké ana ing patamanan Pirdus wis ana patang èwu taun kepungkur, éwasemono kang diprasetyakaké *durung* rawuh.

KOTJAPA, nalika djaman semana tanah Kanaan dadi djaduhané negara Rum; wis pirang-pirang tanah lijané sing ditelukaké déning wadyabala Rum. Bangsa Israèl ija didadèkaké bangsa telukan, lan ḍampar kapraboné radja Dawud dilenggahi ratu saka negara lija. Iku mau ndjalari prihatiné bangsa Jahudi. Mulané ija ora nggumunaké, jèn wong Jahudi akèh kang paḍa duwé panjana, wis tekan titimangsané sang Djuru Slamet rawuh

ngagem kamuljan lan kawibawan kajadéné ratu agung binaṭara, sekti mandra guna lan prawira ing perang, lan rawuhé mau bakal ngluwari bangsa Israèl saka pamisésané mungsuh, temah bangsané bakal ngalami djaman kamuktèn, malah ija ora mokal jèn bangsané ing tembé bakal nelukaké saindenging djagad. Nanging *wong-wong mau ora ngerti* apa nalaré Sang Pamarta iku kedah rawuh ing donja. Rawuhé ora bakal ngajoni perangé mungsuh sing sikep gegaman panah lan pedang lan sing nggempur baluwarti. Mungsuh sing arep ditandjungi iku ora kasat mripat, nanging linuwih kasektèn lan kadibjané.

Rawuhé Sang Djuru Panebus bakal nglawan si pangawak dursila, ija Sétan, sing tansah nuntun manusa nglakoni sarupaning piala sarta misahaké manusa saka ngarsané Gusti Allah, ija Iblis, mungsuh sing ambek niaja lan nggegirisi.

Mangka Sang Djuru Panebus mesthi bakal *ngasoraké* mungsuhé 'ing salawas-lawasé.

Njata, bareng wis olèh telu utawa patang éwu taun Sang Djuru Slamet kang diprasetyakaké *lagi rawuh*. Allah iku setya-tuhu, prasyané sidji baé ora ana sing ketjijir.

Nanging — rawuhé iku *ora* ngagem kamuljan lan kawibawan, *ora* kaja ratu agung binaṭara. Rawuhé Sang Pamarta iku ora binarengan lelakon kang ngébat-ébat, kang ndjalari pawarta bab rawuhé mau kaweruhan wong sadjagad kabèh. Ora, kaanan kang setemené iku kosokbali karo panjanané wong akèh, awit enggoné rawuh mau prasasat tanpa sabawa tur prasadja banget, mangka sing ngerti utawa sing diprungoni mung wong sidji loro.

Ana Malaékat tumedak saka swarga kautus menjang djagad nimbakaké pawarta, jèn wis tekan titimangsa sing diprasetyakaké nalika djaman kuna, nanging sing didjudjug dudu kedatoné radja binaṭara, sing diparani dudu ratu lan para panggedé kadonjan utawa para wong sugih. Pawarta kabungahan saka swarga sing diampil Malaékat mau ora diparingaké marang wong-wong sing wis tinunggon ing kamuktèn lan kamuljan.

Ora — Malaékat mau murugi wong sing ora tau kotjap. Wiwitané ndjudjug ing panggonané imam, wongé wis tuwa tur mung wong lumrah; sapungkuré iku Malaékat ngrawuhi sawidjining prawan kang uripé prasadja banget.

Dadiné wong loro mau sing pada ngerti disik déwé jèn wis tekan titimangsa kelakoné lelakon adi-aèng, sing durung tau kelakon selawasé djagad gumelar.

Allah kang Mahakuwasa ngutus Sang Putra rawuh marang djagad kang wis kèrem

ing dosa lan tjilaka, pamurihé, supaja ngen-tasaké djagad saka ing kasangsaran.

PAWARTA SAKA MALAÉKAT DJABRAËL

KATJARITA, lelakoné kawiwitan ana ing Jerusalèm, ing sadjeroné padaleman sutji ing bangsal kentjana, kang kasebut „Pasutjèn”.

Ing kono ana imam wis tuwa, lagi nindakaké ajahané klawan wedi lan pakéring. Ing mesbèh padupan emas wis didèkèki dupa, bandjur diobong. Kukusing dupa kumelun menḍuwur éstané kaja nggambaraké sumengkané pudjapudjiné saumat kabèh ana ing pangajunané Allah. Enggoné ngobong dupa mau ora kanggo butuhé déwé, nanging kanggo saumat kabèh, pantjèn mengkono iku wis dadi wadhibé *imam*; lan nalika semono mbeneri gilirané imam sing wis tuwa mau saos kurban marang Gusti Allah ana ing djero *Pasutjèn*.

Imam mau omahé ora ana ing Jerusalèm, nanging ana ing pagunungan laladané tanah Judéa, karo somahé mung wong loro sélo, awit pada ora duwé anak, mangka sakaroné wis pada lungsé ing wajah. Miturut adaté kaimaman, para imam mau genti-gentèn manut tibaning urak munggah menjang Jerusalèm nglakoni ajahaning imam ana ing padalemané Pangéran.

Imam sing wis tuwa mau arané Zacharjah, lan somahé Élisabèt.

Zacharjah enggoné nindakaké ajahané klawan tumemen, mangka tanpa rowang sidjisidjia; sarampungé saos kurban, bakal metu saka ing Pasutjèn lan nglantaraké berkahé Allah marang umat kagungané, sing pada ngentèni ana ing palatarané padaleman sutji.

Imam sing ngibadah mau rumangsa begdja banget, déné kepareng ngladosi pepundutané Pangéran.

Nanging dumadakan imam mau kagèt banget.

Apa ta kang katon iki? . . . Sorot apa ta iki kang tjahjané mblerengi mripat?

Zacharjah énggal mundur, tumuli katon ana Malaékat djumeneng ana ing ngarepé, pangagemané sarwa putih gumebjar mblerengi kaja soroté srengéngé. Zacharjah mung meneng baé, atiné tab-taban ngandut wedi. Tudjuné Malaékat mau bandjur ngandika, arum pangandikané: „Zacharjah, adja wedi!” Tjèta pangrunguné Zacharjah marang pangandikané Malaékat kang ndawuhaké prakara kang ngéram-éramaké, dawuhé: „Adja wedi Zacharjah, awit pandongamu wus katrima, Élisabèt somahmu bakal nglairaké anakmu lanang, iku djenengna Jochanan.” Pangandikané Malaékat mau ora ana sing nlisip

satebung baé saka pangrunguné Zacharjah, nanging sadjaké Zacharjah durung pati njandak wosé, Zacharjah isih terus ngrungokaké, lan pawarta sing didawuhaké Malaékat mau saja mbungahaké. Dawuhé mengkéné: „Iku bakal ndadèkaké bungah lan renamu, tuwin akèh wong kang bakal pada bungah awit saka lairé. Mulané mengkono awit iku bakal dadi wong pinundjul ana ing ngarsané Pangéran, lan bakal ora ngombé anggur sapanunggalané kang ngendemi, sarta bakal kapenuhan ing Roh Sutji wiwit saka wetengané emboké mula. Apadéné bakal ngulihaké wong Banisraël akèh marang Pangéran Allahé, tuwin bakal lumaku dadi tjetjala ndingini tindaké Pangéran, klawan ngrasuk rohé lan ngampil pangwasané Élijah.” Wosé pawarta sing *adi-aèng* jaiku sing surasané: „Bakal lumaku ndingini tindaké Pangéran, dadi tjetjala *rawuhé Sang Djuru Panebus*.”

Zacharjah wedi banget, grojok swarané nalika matur marang Malaékat: „Srana punapa enggèn kawula saged sumerep, bilih punika sedaja *saestu* badé kelampahan? Punapa kawula lan sémah kawula *samangké* taksih badé pinaringan anak? Awit kawula sampun sepuh saha sémah kawula sampun lungsé ing wantji.”

Ora, Zacharjah ora bisa énggal-énggal ngandel. Tekané pawarta kabungahan mau dadakan, mangka pawarta mau *luwih déning wigati*. Wis mataun-taun enggoné Zacharjah lan Élisabèt njenjuwun marang Gusti Allah supaja kaparingana momongan anak, nanging semu-semuné Gusti Allah ora kepareng minangkani panjuwuné mau. Mangka saiki-saiki bareng wis pada tuwa, lagi dirungoni pawarta kang banget mbungahaké mau. Apa manèh anak lanang peparingé Allah mau bakal kepareng lumaku dadi tjetjala ndisiki rawuhé Sang Djuru Slamet, kang diprasetyakaké marang para leluhur. Wah, saiba gedéné kabungahané jèn bisa kelakon temenan. Nanging keprijé bisané Zacharjah ngerti jèn sing mentas dirungu mau bakal kelakon *temenan*? Mengko gèk mung impèn baé

Ing kono Malaékat bandjur ngandika manèh: „Aku iki Djabraël, kang ngadep ana ing ngarsané Allah, sarta kautus ndawuhi kowé, martani kabungahan iku mau. Lah kowé bakal dadi *bisu*, *ora bisa tjelaçu* kongsi tumeka ing dina kelakoné iku mau, mulané mengkono awit kowé *ora ngandel* ing piturku.”

Iku kang bakal dadi tenger, nanging ija dadi paukuman tumrap Zacharjah, sebab enggoné *maido*.

Pada sanalika Malaékat mau murtja saka ing pandeleng, patrapé kajadéné nalika ruwuh, tanpa sabawa lan banget nggumunaké.

Zacharjah bandjur metu, atiné kebak kabungahan kaworan pakéring. Bareng wis tekan ing djaba, bandjur ngegaraké tangané arep nglantaraké berkah marang wong kang isih pada ngentèni, nanging Zacharjah *ora bisa ngutjap* apa-apa, ndjalari gumuné wong akèh. Kabèh pada nunggal panjana jèn Zacharjah mentas weruh tetinggalan wahju ana ing padaleman sutji mau, mulané nganti suwé ora metu-metu, luwih suwé katimbang adaté imam-imam lijané. Mangka saiki Zacharjah dadi bisu. Nanging jèn njawang polatané sing katon sumringah lan mripaté sing ngemu kabungahan, wong-wong bisa ngerti déwé, jèn Zacharjah banget enggoné kepranan atiné déning lelakon sing mentas baé dialami ana ing padaleman sutji. Klesik-klesik swarané wong pada rerasan: „Imamé mau mentas weruh tetinggalan wahju!” Nanging ora ana sidji baé sing *ngerti* temenan apa sing kelakon mau.

Saulihé Zacharjah saka Jesusalèm, Élisabèt, somahé, bandjur didjarwani bab pawarta kabungahan. Wis mesti baé ora nganggo tjrita *lésan*, djalaran Zacharjah kebatjut bisu, nanging nganggo tulisan.

Kabèh sing arep dikandakaké ditulis ana ing papan panulisan, sabak kaju sing didèkèki malam. Dadiné Élisabèt bisa matja kabaré kabungahan mau.

Marga saka iku wong tuwa sakloron mau pada saos pamudji sukur marang Pangéran saka telenging atiné, awit sadjegé urip durung tau ngalami kabungahan sing semono gedéné. Lan sabandjuré mung tansah pada nganti-anti klawan bungah marang kelakoné prasytan kang diparingaké déning Pangéran.

Iku mau pawarta kang kapisan kang diampil Malaékat kalantaraké marang imam Zacharjah, wong sing prasadja banget uripé, nanging sing tresna marang Allah klawan gumolonging atiné.

KATJARITA, let nem sasi sawisé lelakon mau, malaékat Djabraël tumeḍak manèh saka ing swarga menjang ing bumi.

Panggonan sing dirawuhi saiki désa tjilik sing arang kotjap, jaiku désa Nasarèt ana ing laladan Galiléa. Pawarta kaswargan sing diampil mau ora didjudjugaké menjang *omah gedong gedé ndjenggarang*, nanging menjang *omah tjilik*, sing dienggoni wong wadon isih enom tur legan. Ing kono rawuhé Malaékat dumrodjog tanpa larapan, pangagemané sarwa gumebjar mblerengi mripat.

Wong wadon sing karawuhan mau kalebu wong lumrah baé, ora tau kotjap, déné arané Marjam. Marjam mau ora sugih pawong mitra, wong ing désa sakiwa-tengené prasasat *ora ana sing wanuh*. Satemené Marjam isih

tedaké sang prabu Dawud, nanging sarèhné wis let pirang-pirang atus taun, mulané akèh tedaking ratu sing pada kesilep, bebaskan tunggak djati pada mati. Mengkono uga Marjam, sapa sing ngira jèn tedaké bangsa luhur?

Éwadéné, — bareng Malaékat djumeneng ana ingarepé Marjam, pangandikané: „Bagéa kowé kang kinasihan, Pangéran nganti kowé kang binerkahan ana ing antarané para wadon.

Marjam kumenjut atiné klawan wedi lan éring enggoné njawang marang Malaékat mau. Apa ta karepé déné kok diuluki salam mengkono mau?

Djebul Marjam diparingi weruh pawarta kang mbungahaké banget, dawuhé: „Adja wedi, Marjam, saka antarané *sakèhé* wong wadon, mung *kowé* kang pinilih déning Allah. Kowé bakal mbabar putra kakung. Iku namakna Jésus. Iku bakal dadi wong pinundjul, lan kawastanan Putrané kang Mahaluhur, lan bakal ngratoni umaté langgeng salawasé.”

Marjam bareng ngrungu pangandikané Malaékat mengkono mau, saja mundak enggoné kepranan atiné. Saiki Marjam lagi ngerti apa karepé pangandikané Malaékat dèk mau kaé. Dadiné Malaékat mau ngandikakaké bab rawuhé Jésus, Sang Mesih, ija Sang Djuru Slamet kang wis diprasetyakaké, mangka *awaké* déwé sing bakal dadi ibuné, lah apa ta katjèké karo wong wadon lijané? Généja ta *awaké* dipilih déning Allah kakarsakaké dadi ibuné Sang Pamarta? Généja ta kanugrahan sing ngungkul-ungkuli kamuljané, diparingaké marang awaké?

Nanging senadjan durung mari kagèt lan gumuné, Marjam ija mundjuk klawan tumungkul wedi, éwadéné kaworan búngah, undjuké mengkéné: „Lah kawula parekanipun Pangéran, kedatengana kados pangandika Tuwan.”

SAPUNGKURÉ iku mau Malaékat bandjur kondur menjang swarga ngadep ingarsané Pangéran. Pawarta kabungahan, ija wasita-adi, sing durung tau kawartakaké ana ing donja, wis kelakon ditimbalaké menjang djagad. Ora ditudjokaké marang para radja, para panggedé, utawa para pangwasa lan para wong sugih, nanging Malaékat mau ndawuhaké pawarta kaswargan marang wong wadon sing durung tau kotjap babar pisan, nanging wong wadon sing ngibadah lan tresna marang Allah klawan gumolong atiné.

KOTJAPA sapungkuré lelakon mau Marjam bandjur buđal menjang ing pagunungan

ing tanah Judéa, merlokaké tilik Élisabèt, sing isih kepernah sanaké déwé. Djalaran Malaékat ija maringi pirsabab kabungahané Élisabèt.

Marjam enggoné ana ing omahé Élisabèt nganti sawetara sasi lawasé, bandjur mulih. Ora wis-wis enggoné wong wadon loro mau pada rerasan bab gedéning kanugrahané Pangéran sing tumanduk marang para abdiné. Saiba ta bungahé atiné jèn pada ngrasak-rasakaké bab dawuhé Malaékat: Élisabèt bakal dadi ibuné *Jochanan* sing bakal lumaku dadi tjetjala ndisiki rawuhé Sang Mesih, lan Marjam bakal dadi ibuné Gusti Jésus, Djuru Slamet, sing wis wiwit djaman kuna dianti-anti rawuhé. Prakara-prakara sing adi-aèng mau ora lèrèn-lèrèn dadi potjapané wong wadon loro mau.

Ing wusanané *Jochanan* kelakon lair, prase-tyané Allah ditetepi. Bareng djabang baji wis umur wolung dina, bandjur dianakaké karaméan nemtokaké djenengé baji, tangga-teparo lan sanak seduluré Zacharjah lan Élisabèt wis pada nglumpuk arep ngèstrèni, apadéné arep nggugubi kabungahané wong tuwa loro mau. Sapa djenengé botjah mau?

Akèh wong sing muni: „Betjiké didjenengaké Zacharjah, nunggaksemi bapaké.” Nanging Élisabèt gèdèg, udjaré: „Ora, awit bajiné kudu didjenengaké *Jochanan*.” Bareng ngrungu djeneng *Jochanan*, wong mau pada mlenggong, djalaran apa ahli-warisé Zacharjah ana sing djenengé *Jochanan*, tegesé: „Allah iku Mahawelas”? Apa ta sebabé déné milih djeneng baé kok *Jochanan*?

Zacharjah bandjur disasmitani, diaturi njetakaké sapa bakal djenengé si djabang baji. Sawisé ndjaluk panulisan, bandjur nulis muni: „*Jochanan* iku djenengé.” Wong kabèh pada tjingak lan wedi, luwih-luwih bareng pada ngrungu Zacharjah wiwit bisa guneman manèh, pulih kaja wingi uni, ora ana tabet-tabeté babar pisan jèn mentas nandang bisu nganti pirang-pirang sasi lawasé.

Ing kono Zacharjah bandjur nglairaké kekidungan pamudji sokur sumaos marang Gusti Allah. „Allah iku Mahawelas. Pangéran wis nindakaké pakarjan kang élok.”

Nalika semono wong sing pada nglumpuk ana ing omahé ija pada ditjritani apa sing kelakon ana ing padaleman sutji, temah pada mundak gedé kabungahané.

Panjawangé marang baji sing pada ditiliki saiki wis gèsèh katimbang nalika wiwitan, djalaran pada ngerti jèn tjaloné bakal dadi nabi gedé, dadi tjetjala ndisiki rawuhé Sang Mesih.

Bareng wis didjarwani, lagi pada njandak apa sebabé si djabang baji mau didjenengaké *Jochanan*. Njata „Allah iku Mahawelas.”

ANADÉNÉ Jochanan bandjur mundak-mundak gedéné, bareng wis diwasa, dadi wong kang dedeg-pengadegé gedé duwur, panguripané sarwa prasadja, adaté seneng nenepi ana ing ara-ara samun.

Ana ing kono sinambi ngentèni tibaning saat Gusti Allah nimbali, perlu kautus marang umat kagungané lan nglantaraké dawuh „Pađa mratobata, marga kratoné swarga wus tjedak.”

WIJOSÉ SANG PAMARTA

KATJARITA, ana wong loro, lanang lan wadon, pađa bebarengan lumaku saka Nasarèt menjang Bètlechèm. Parané adoh, lakuné rekasa, ngliwati dalan sing rumpil lan sungil; bareng wis olèh sawetara dina, mbeneri wajah soré ngarepaké surup srengéngé, saka ing kadohan katon putih-putih témboking kuťa Bètlechèm ing sela-selaning puntuk-puntuk sing pating djenggeleg. Wong loro mau wis wiwit ajem atiné, awit kuťa sing diparani wis tjedak. Sapa ta wong loro mau? Sing wadon iku Marjam, „kang pinilih déning Allah saka antarané sakèhé wong wadon”, lan sing lanang Jusup, garwané.

Sedéla engkas lakuné wis tekan, mestiné bandjur bisa ngasokaké awaké sing sajah ana ing lusmèn utawa panginepan.

Kurang sedéla engkas lakuné digelak supaja énggal tekan.

Mungguha ditari, mestiné pilih ora lungalunga saka Nasarèt katimbang ndadak lumaku adoh menjang Bètlechèm, tur lakuné rekasa banget, nanging wong loro mau mung saderna nglakoni dawuh *kudu* buďal menjang Bètlechèm.

Keprijé mula bukané? Sang prabu Agustus, ratu binařara sing ngerèhaké kradjan Rum, wis njebar dawuh, supaja kabèh wong sing dumunung ing tanah wewengkoné ditjatjahaké pira gunggungé. Mengkono uga tumrap wong Israèl. Saben wong sing manggon ana ing tanah Kanaan kudu mulih menjang tanah asal kamulané para leluhuré déwé-déwé. Mulané Jusup lan Marjam ija kudu ninggal désa panggonané menjang Bètlechèm, jaiku désa asal-kamulané radja Dawud, nalika isih ndèrèk Isai kang rama, angon weďus ana ing ara-ara sinambi nganggut lan ngidungaké masmur pamudji.

Marjam lan Jusup mau pantjèn isih tedak-turuné sang Prabu Dawud, mung katjèké saiki wis tumiba ing kemlaratan. Upama ora mengkonoa rak wis mesti nunggang kuldi lelungan saka Nasarèt menjang Bètlechèm. Jusup iku mung dadi tukang kaju ing désa Nasarèt, lan Marjam ija ora tau kawentar isih tedaking nata.

Éwadéné

Jusup mau kasok sih lan setyané marang Marjam. Wis tau Malaékaté Pangéran *ngatingali Jusup* ana ing pangimpèn perlu maringi pirsia bab kabungahan gedé sing bakal kelakon, dawuhé: „Marjam somahmu bakal mbabar putra kakung, iku sira namakna Jésus, marga ija iku kang bakal ngentas bangsané saka ing dosané.”


Marga saka iku katresnané Jusup marang Marjam saja mantep. Mung wong loro mau sing pađa ngerti bab kaélokan kang bakal kelakon. Polatané katon sumringah paďang mengku kabungahan gedé, djalaran rumangsa pinitaja njimpen wewadi kang adjiné ngungkuli radjabrana.


Saja tjedak karo omah panginepan, saja akèh wong ana ing dedalan. Pantjèn nalika semono lakuné wong ing dalan-dalan ndilir pađa ndjudjug kuťa Bètlechèm perlu arep ditjatjahaké. Nanging wong semono kèhé iku ora ana sidji baé sing sapa-aruh marang Marjam lan Jusup, djalaran pađa ora wanuh, tur kabèh lagi pađa ribut merlokaké butuhé déwé-déwé. Wong sakloron mau pađa nerusaké lakuné karo mlipir-mlipir, ngener menjang ing omah panginepan, daja-daja bisaa ngasokaké awaké sing wis sajah banget. Apa sing bakal kelakon ing bengi iku, mung Gusti Allah pijambak kang pirsia.

WEKASANÉ wong loro mau wis tekan ing omah panginepan. Jusup lan Marjam wis nitjil bungah, awit sedéla engkas bakal bisa ngaso. Nanging saiba gela lan tjuwané, djalaran omah panginepan wis kebak wong, ora ana panggonan sidji baé sing isih sela, mangka ija ora ana wong sing gelem ngalah nglijeraké panggonané marang Jusup lan Marjam. Bareng wis tita ora bisa uman panggonan ana ing djero omah, bandjur golèk panggonan ing sadjabané omah, jaiku ana ing kandang, ana ing kono, awor karo kuldi lan djaran, isih bisa olèh papan pangasoan. Jusup énggal golèk damèn, didjèrèng-djèrèng ana ing lemah dienggo paturoné Marjam sing wis krasa lungkrah awaké déning sajah banget.

Nanging kotjapa, ana ing kandanging kéwan kono, ing panggonan sing sepi wong, lan ija ing bengi iku uga ana lelakon sing adi-aèng lan sing ora bakal kelakon manèh ana ing donja. Ana ing kono Gusti Jésus, ija kang kawastanan Putrané Kang Mahaluhur, mijos, ngagem sarira djabang baji sing tanpa daja lan sepi banďa. Ora ana baji sing nalika lair mlaraté kajadéné baji sing dilairaké ana ing kandang kéwan.

Sadurungé lair durung disedijani sandangan baji, mulané bajiné mung digedong nganggo gegombalan supaja adja kaďeman.





„ADJA WEDI, LAH KOWÉ PADA' DAKWARTANI KABUNGAHAN GEDÉ”

Paturon kanggo njèlèhaké baji ija durung ana, mulané tlawah sing adaté dienggo makani kéwan, bandjur dilèmèki damèn diénta dadi paturon baji. Jusup lan Marjam mung tansah njawang bajiné mau, atiné kebak kabungahan lan katresnan, nanging ija kebak *pakéring*.

Sang Djabang Baji mau ing tembé bakal dadi Sang Djuru Slameté. Pawarta bab bakal wijosé Sang Djuru Slamet sing ditimbalaké déning Malaékat Djabraël, wis dileksanani.

Prakara sing adi-aèng kelakoné klawan sesideman. Sapa sing bakal ngerti?

KATJARITA nunggal sawengi iku uga ing ara-ara Éfrata wewengkon Bètlechèm, ana pangon sawetara pada nginep nuguri pepantaning kéwané, adja nganti kena kamangsa ing kéwan galak. Pangon mau pada ngrompol djedjagongan kaja adat saben, jèn mbeneri petengan.

Nanging dumadakan, ana tjahja gumbjar sumorot nelahi petengé wajah bengi, padangé ngasoraké soroting srengéngé. Para pangon entèk atiné, mripaté sanalika dieremaké djalaran keblerengen. Ing kono ana Malaékaté Pangéran djumeneng ana ing ngarepé, ngagem kamuljan kaswargan kang sarwa gumbjar.

Para pangon pada banget girisé, mung njipta jèn bakal ngalami prakara kang nggegirisi.

Nanging Malaékat mau bandjur ngandika, arum swarané, gawé kepénaking atiné sing pada ngrungu, pangandikané: „Adja wedi, lah, kowé pada dakwartani kabungahan gedé, kang bakal tumrah marang saumat kabèh, jèn ing dina iki wus mijos Pamartamu, ija iku Kristus, kang djumeneng Gusti, ana ing negarané Dawud Déné kang minangka tengeran marang kowé mengkéné: Kowé bakal pada nemu baji kagedong sumèlèh ana ing pamakanan”

Para pangon sing pada isih gumeter déning kagèt mau, klawan temen-temen nggoné pada ngrungokaké dawuhé Malaékat. Bareng wis pada njandak wosing dawuh, tumuli kagèté sirna sakala, kagentènan rasa bungah kaworan éram.

Apa pada ora *salah* pangrungu? Apa temenan Sang Mesih sing mijos *ing bengi iku*, Sang Mesih sing wis wiwit djaman kuna dianti-anti déning para leluhur? Ana ing negarané Dawud, ing Bètlechèm?

Kagawa saka kagumé njumurupi lelakon kang ngébat-ébat mau, para pangon kabèh pada sudjud kambi tumungkul sumungkem ing bumi, mangka pawarta kang mentas dirungu mau banget ndadèkaké gawok, nanging ija gambiraning atiné, senadjan durung pati tjeṭa pangertiné.

Lah dumadakan Malaékat kang sidji mau

ana kantiné golongan bala swarga kang pada bebarengan memudji lan ngluhuraké Allah.

Ing wajah bengi iku uga, wajahé sepi wong, ana ing ara-ara djembar, para malaékat mau pada ngulukaké pamudji kondjuk marang Allah, swarané nganjut-anjut ngumandhang adoh, ngungkuli sawernaning kekidungané para tumitah ing alam donja. Para malaékat mau pada memudji ngluhuraké sih palimirané Allah, déné wis kepareng mari ngaké Kang Putra pijambak kang kinasih marang para manusa.

Apa manèh pangidungé para malaékat mau ija kanggo ngormati Sang Djabang Baji kang mentas mijos ana ing kandang kéwan. Ratoné bala kaswargan mau tumedak saka ing swarga kang mulja menjang ing djagad. Pandjengnané ngagem sarira manusa awudjud djabang baji, marga déning gedéning welas lan tresnané marang manusa, kang pada pinurih bisaa olèh karahajon kang sedjati.

Para malaékat mau ringkesé pada ngidungaké bab kaluhurané Allah, bab tentrem rahaju kang bakal tumurun ana ing atiné wong akèh, bab maha asihé Pangéran marang para manusa.

Pangidungé mau ngumandhang ing saindengé djagad ngidungaké kabungahan kaswargan, uniné: „Pudji kondjuk ing Allah ana ing luhur, lan tentrem rahaju ana ing bumi ing antarané manusa kang sinelir!”

Nanging sing pada ngrungu kekidungan mau mung para pangon sing ana ing ara-ara.

Bareng para malaékat wis pada kondur menjang swarga, bareng ing ara-ara wis pulih njenjet lan peteng ndedet manèh, bareng para pangon wis wani guneman manèh, bandjur pada nglairaké bungahing atiné lan pada adjak-adjakan tembungé: „Ajo, kantja, pada menjang Bètlechèm saiki baé, ndeleng apa sing mentas di dawuhaké Malaékat mau.”

Para pangon ora ana sing duwé *pamaido* marang dawuhé Malaékat. Lakuné rerikatan rebut disik, daja-daja énggala tekan ing kandang. Bareng wis tekan, sing katon disik déwé Marjam lan Jusup, bandjur Sang Djabang Baji, kagedong, sumèlèh ana ing pamakanan, tjotjog karo pangandikané Malaékat.

Sang Djabang Baji, gumlétak ing pamakanan, pinopokan ing gombal-gombalan, papa lan tanpa daja, luwih papa katimbang baji-baji lijané ing alam donja, ora katon mentjorong mawa praba, nanging para pangon mau ora taha-taha sudjud djèngkèng lan ngabekti ana ing ngarsané Sang Djabang Baji.

Para pangon pada pratjaja, jèn Sang Djabang Baji mau djumeneng Djuru Slameté, ija Ratu Gustiné, awit pantjèn djumeneng Sang Mesih, sing wis dianti-anti déning para leluhur wiwit djaman kuna mula.

Saiki Pandjenengané sing dadi panganti-antiné wong sadjagad wis rawuh.

Djebul rawuhé mau *béda banget* karo pangangen-angené para pangon. Panjanané, Pandjenengané jèn rawuh bakal ngagem kamuljaning kapraboné ratu agung binaçara, utawa enggoné mijos ana ing keçaton kang sarwa édi-pèni rerenggané, djebul njatané kosokbali bledjed karo pangangen-angené mau.

Bareng wis paça saos bekti, para pangon mau bandjur njritakaké apa sing mentas kelakon ana ing ara-ara lan apa sing paça dirungu saka pangandika lan pangidungé para malaékat. Kabèh mau ditjritakaké marang Marjam lan Jusup, lan marang sapa baé sing paça gelem ngrungokaké, marga saka liçah sinambung utawa getok-tular, kabar kabungahan mau seçéla baé wis sumebar ing kuça Bètlechèm. Pantjèn para pangon *ora bisa* meneng baé, djalaran atiné mbludag déning kabungahan.

Ing kono Marjam mung tansah ngrungokaké baé. Atiné kebak kabungahan, lan kebak panuwun sokur marang Allah, apadéné saja mundak-mundak asih lan tresnané marang kang Putra. Kabèh sing dadi gunemé wong akèh mungguh kaanané kang Putra mau, mung tansah dirungokaké lan disimpen ana ing atiné sarta dilaras-laras. Nanging Marjam durung bisa njandak apa wigatiné kaélokan sing semono geçéné lan muljané.

KAJA mengkono iku enggoné Sang Djuru Slamet rawuh ing donja kang papa lan nista. Dudu para radja utawa ratu agung binaçara, dudu para wong sugih utawa wong apangkat, kang paça mahargja rawuhé, nanging sing paça sowan saos bekti iku para *pangon*, wong papa sing paça sudjud djèngkèng ing ngarepé pamakanan kéwan.

Nanging sing mengkono mau pantjèn wis dadi kersané, enggoné rawuh ngersakaké ngagem kaanan *papa lan nista*, pamurihé supaya bisa *muljakaké lan njlametaké* manusa.

Pantjèn mengkono kersané, rawuhé ing donja ora nedya maringaké banda donja lan radjabrana supaya manusa bisa nggajuh kawibawan lan kamuljan, nanging rawuhé nedya maringaké *tentrem rahaju ana ing atiné manusa*, supaya bisaa sowan manèh ana ing ngarsané Allah, djalaran manusa wis disébrataké saka ing pangajunané Allah marga déning dosané.

Para pangon paça ngrungokaké pangandikané Malaékat, temah paça *kumandel*, sarta paça bungah-bungah awit wis paça ketemu karo Pamartané, lan bisa nemtokaké jèn bakal rahaju selawas-lawasé.

Sang Pamarta wis rawuh, lan rawuhé mau tumudju marang *angger wong* kang paça gelem *ngrungu* çawuhé lan *ngandel*.

KASAOSAKÉ MARANG PANGÉLAN ING PADALEMAN SUTJI

JUSUP lan Marjam enggoné paça ngrumati Sang Djabang Baji ora béda karo adat kalumrahané wong ing tanah Kanaan jèn pinudju duwé anak. Bareng bajiné wis umur wolung dina, bandjur dinamakaké Jésus. Asma *Jésus* iku kang diçawuhaké Malaékat Djabraèl marang Marjam, déné tegesé: *Djuru Slamet*.

Nalika Gusti Jésus juswa patang puluh dina, bandjur disambut déning Jusup lan Marjam menjang padaleman sutji ing Jerusalèm, kasaosaké marang ngarsané Pangélan, netepi çawuh kang katulisan ana ing angger-anggeré nabi Musa. Sakèhé anak lanang pambarep kudu kasaosaké dadi sengkeren ana ing ngarsané Pangélan. Çawuh mau wiwit djaman kuna ditetepi déning bangsa Israèl turun-tumurun, mengkono uga déning Jusup lan Marjam.

Ana ing padaleman sutji kono, Sang Djabang Baji bandjur kasaosaké marang imam, temah ditumpangi asta déning imam lan diberkahi. Lan ing nalika Sang Djabang Baji kaulungaké déning kang ibu marang imam, iku mengku rasa kaja-kaja ibu mau ngundjukaké putrané sumaos marang Pangélan.

Nalika Jusup lan Marjam mlebu ing padaleman sutji, wong-wong sing paça ana ing kono ora ana sing nggatèkaké tekané wong loro mau dalah Sang Djabang Baji, djalaran mèh saben dina ana wong njaosaké anaké marang imam. Mangka wong loro mau ija ketara jèn mung wong tjilik baé. Senadjan wong loro mau ija ora lali nggawa kurban sing arep disaosaké déning imam, nanging sing digawa mau dudu tjempé utawa weçus, mung manuk deruk sadjoço, jaiku kurbané wong sing ora duwé.

Bareng Sang Djabang Baji diundjukaké déning Marjam marang imam, ija bandjur diberkahi déning imam, kaja adaté jèn mberkahi *sakèhé* anak pambarep. Nanging émané, imam mau babar pisan ora njana, jèn baji sing ditumpangi asta lan diberkahi nalika semono iku sadjatiné Sang Mesih pijambak. Sapa sing ngerti?

Nalika semono ija ana wong lanang mlebu ing padaleman sutji, wong mau wis tuwa banget, pasemoné katon wingit, ngetarani jèn kentjeng pangibadahé marang Allah. Jusup lan Marjam ora wanuh karo wong tuwa mau, nanging imam lan wong-wong lijané wis wanuh. Wong tuwa mau djenengé Simeon, wong mursid, prasasat ora tau lowong mlebu ing padaleman sutji perlu njaosaké pangabektiné marang Allah.

Bareng Sang Djabang Baji dibopong déning ibuné mlebu ing padaleman sutji, Simeon

bandjur mulung astané nambut Sang Djabang Baji klawan memudji Allah. Mripaté sumorot nélakaké gedéning kabungahan kang ana ing atiné.

Simeon wis ngerti sapa sing lagi dibopong déning Marjam, djalaran wis kaparingan wangsit déning Allah lantaran Roh Sutji.

Wis pirang-pirang taun enggoné wong mursid mau njenjuwun, supaja diparengna menangi rawuhé Sang Mesih ing sadjeroning uripé, ija Sang Mesih kang dadi panganti-antiné umat sadjagad wiwit djaman kuna mula. Mangka Gusti Allah wis paring prasetya jèn Simeon bakal ora ngalami mati, jèn durung njipati déwé Sang Djebadané Pangéran.

Lah, saiki, tanpa kanjana-njana prasetyan mau tinetepan. Simeon banget suka-sukuré marang Allah. Sang Djebadané Pangéran wudjudé mung kajadéné djabang baji lija-lijané, dibopong ibuné, nanging Simeon ora kliru enggoné nampani pamisiké Roh: Lah iku Sang Mesih!

Sang Djabang Baji bandjur dibopong déning Simeon klawan memudji marang Allah, undjuké: „Duh Pangéran, ing samangké Tuwan nglilani abdi Tuwan késah klajan tentrem rahaju miturut pangandika Tuwan. Awitdéné mripat kawula sampun ningali karahajon peparing Tuwan.”

Jusup lan Marjam mung pađa ngrungokaké klawan sumlengeren. Kepriyé ta bisané wong mau ngerti, jèn sing lagi dibopong iku Sang Mesih? Katon tjeťa wéla-wéla jèn wong tuwa mau banget suka-sukuré, mangka enggoné njawang Sang Djabang Baji klawan kasok katresnané. Tetembungan kang mentas diutjapaké mau sumengka ing ngarsané Allah apinda kidung pamudji. Apadéné wong mursid mau ija međar wangsit, jèn ing tembé bakal pirang-pirang wong kang pađa pratjaja marang Gusti Jésus, temah pađa bisa olèh karahajon langgeng, nanging ija bakal akèh wong kang pađa geťing lan nampik marang Pandjenengané. Pangutjapé marang Marjam mengkéné: „Atimu déwé bakal katuwek ing peđang!”

Marjam durung bisa njandak tegesé tetembungan sing winadi mau. Sadjaké nélakaké prakara sing njeđihaké, sing bakal dialami Marjam karena saka kang putra. Nanging *kepriyé* njatané, — Marjam durung bisa njandak.

Bésuk, let pirang-pirang taun Marjam lagi bisa njandak tegesé

Sang Djabang Baji bandjur dibalèkaké marang kang ibu, tumuli pađa diberkahi déning Simeon.

LAN manèh ing padaleman sutji uga ana wong lijané sing wis ngerti marang Sang Timur. Ana wong wadon mursid, sing wis

tuwa banget, marani Jusup lan Marjam. Wong mau djenengé Annah. Wis kalok ing akèh jèn Annah mau dadi nabijah, pirang-pirang taun lawasé ora mènghèng saka ing padaleman sutji, rina wengi enggoné nindakaké pangabektiné marang Allah klawan puwasa lan sembahjang. Nalika semono Annah mau bandjur madju, nglairaké kabungahaning atiné sarana ngutjapaké pamudji sukur marang Allah, apadéné saben wong kang pađa nganti-anti marang rawuhé Sang Djuru Slamet, arep ditjritani jèn ing dina iku mripaté déwé wis kelakon njawang Sang Mesih ana ing padaleman sutji.

Sawisé lelakon mau Marjam lan Jusup bandjur pađa bali menjang ing Bètlechèm, atiné kebak kabungahan, djalaran baji sing pađa dibopong mau ing tembé bakal djumeneng Djuru Slameté wong sadjagad kabèh, mangka Marjam lan Jusup pađa diparengaké ngrumati.

GUSTI Jésus rawuh ing djagad mandjalma dadi baji kang papa lan apes. Bareng lan rawuhé mau ana kabungahan gedé ing antarané para malaékat kang pađa bebarengan memudji, lan ing antarané para pangon kang pađa bebarengan saos pangabekti. Mengkono uga ija ana kabungahan gedé ing atiné para wong kang mursid, kajadéné Simeon lan Annah, lan wong-wong lijané kang pađa *pratjaja* marang wigatining lelakon mau.

Nanging — akèh uga wong kang pađa ngrungu warta bab kabungahan mau, éwadéné pađa *ora ngandel*. Tjoba, saupama Sang Djabang Baji mau mijos ana ing keđaton kang sarwa mobjor kaéndahané, utawa saupama Sang Mesih mau rawuhé dumrodjog tanpa larapan, tumeđak saka swarga ngagem kasekten lan panguwasa, tjoba, jèn mengkoné kelakoné, kabèh wong mesti pađa ngandel. Balik saiki? Kepriyé bisané kelakon baji anaké wong ora duwé, tur olèhé lair baé ana ing kandang kéwan. ing tembé bakal dadi Sang Djuru Panebus? Sapa sing gelem ngandel? Nanging satemené mesakaké kaanané wong-wong sing pađa ora gelem ngandel mau, djalaran pađa nampik marang peparing sing semono gedéné, jaiku Putrané Allah pijambak, peparing sing ora ana imbang-imbangané ing sadjagad.

PARA PANDITA SAKA TANAH WÉTAN

PAWARTA bab wijosé Gusti Jésus ija kađawuhaké ana ing tanah, kang dunungé adoh saka tanah Kanaan ing bang wétan, jaiku ing tanah sing ing djaman bijèn dadi wewengkoné sang prabu Nebukadnézar, tanah padunungané Danièl lan Èster.

Nanging tumimbalé pawarta mau nganggo patrap sing *aèng banget*. Ing tanah wétan mau ana golongané wong kang pađa olah ngèlmu warna-warna: wong sing wis ahli lumrahé kasebut *pandita*, utawa *pudjangga*, utawa *ahlinudjum*. Para pandita mau ahli ngèlmu palintangan, bisa ngerti lelakon warna-warna kang bakal kelakon sarana métungi lakuné lintang-lintang kang saben bengi katon abjor ing langit. Katjarita ing sawidjining dina ing wajah bengi katon ana lintang mentjorong ing langit, ngalahaké soroté lintang lija-lijané, mangka lintang sing semomo gedéné durung tau katon.

Bareng para pandita njumurupi lintang sing anjar katon mau, ora kira-kira bungahé. Awit miturut pétungané, lintang anjar mau awèh pituduh sing wigati banget, jaiku ana baji lair sing ing tembé bakal dadi wong misuwur. Mangka lintang *iku* soroté gumbelar ngungkuli *sakèhé* lintang ing langit, mulané baji sing lair nalika semono mesti bakal dadi wong sing luwih déning kuwasa lan mulja, ngasoraké sakèhing panguwasa lan kamuljan ing saindenging djagad.

Para pandita mau pađa katuwuhan osik ing atiné, mengkéné: „Pajo pađa mangkat, nggolèki Ratu Agung kang mentas mijos, lan pađa saos pisungsung lan sembah bekti marang Pandjenengané, kaja sing kelumrah marang Ratu, sing kudu disudjudi lan dibektèni.”

Pađa sanalika para pandita mau pađa buďal bebarengan, lakuné mengulon, ngungkuraké negarané, nurut pituduhé lintang. Saben bengi lintang mau katon, eneré saja suwé saja mengulon. Lan saben bengi para pandita mau mbatjutaké lakuné, mung manut pituduhé lintang, ora ngétung sajah lan rekasa, ora wedi bebaja lan pakéwuh ana ing dalan, djalaran pađa kadereng déning manteping atiné, daja-daja bisaa tumuli sowan saos bekti ing ngarsané Ratu Agung sing dadi pelenging tjiptané. Dalané kadang-kala ngambah arara samun, munggah gunung, muďun djurang, lakuné nasak alas wanawasa, panggonané kéwan galak lan pandodotané bégal. Nanging para pandita mau pađa ora duwé wedi lan miris, unta-unta tunggangané pađa digelak supaya énggal tekan. Lakuné pađa diďèrèkaké abdiné sing pađa nunggang unta karo dimoti pèni-pèni radjapèni saka ing tanah wétan.

Para pandita mau kalebu wong sugih singgih, wong kadjèn kéringan ana ing tanah wétan, kamuljané unďa-unďi karo para ratu ing djaman semono. Nanging bab kaanan tata-lair mau babar pisan wis ora kepikir, djalaran pelenging atiné mung menjang Sang Timur, tjalon Ratu Agung, sing mentas mijos, nanging sing durung dingertèni ana ing endi mijosé. Panganti-antining atiné endang bisaa ketemu

karo Sang Timur lan saos bekti, wis mèh ora kena disabari manèh, mulané ija wis ora ngétung répot lan rekasaning lakuné.

Saben bengi lintangé katon mentjorong manter tjahjané tuduh dalan marang sing pađa andon laku. Wekasan lakuné wis ngantjik tlatahé tanah *Jahudi*. Lakuné diterusaké menjang ing kuťa-kradjané negara kono, jaiku kuťa Jerusalèm. Wis mesti Sang Timur enggoné mijos ana ing tanah Kanaan, lan mestiné ija ana ing kuťa-kradjané tanah kono, malah kuduné ana ing keďatoné ratu sing nglenggahi kaprabon.

Tekané para pandita saka mantja negara dalah pandèrèké ana ing kuťa Jerusalem èmperé kajadéné arak-arakan, sadalan-dalan dadi tontonané wong akèh. Apa ta iki? Apa karepé para pandita pađa teka miréné tanpa wara-wara? Apa ta sing pađa digolèki?

Suwé-suwé wong-wong Jahudi pađa ngerti, jèn sing digolèki iku *ratu* sing mentas mijos. Para pandita mau saben-saben pitakoné adjeg mengkéné: „Wonten ing pundi inggih Ratu-nipun tijang Jahudi ingkang nembé mijos? Kula sampun sami sumerep lintangipun wonten ing tanah wétan, mila sami ďateng mriki badé saos bekti.”

Éman banget, ora ana wong Jahudi sing bisa mènèhi wangsulan, djalaran pantjèn ija ora ana sing ngerti bab wijosé *ratu* anjar.

Nanging ora mokal jèn enggoné mijos ana ing keďatoné radja Hérodès, awit ratu iku mestiné mijos ana ing kraton. Nanging angger wong Jahudi pađa ngrungu asmané radja Hérodès Agung, mendekel atiné, ndjontong, nginggit-inggit, nanging ija wedi, djalaran radja Hérodès iku wis kondang enggoné ambek sija. Nanging Hérodès iku wis sepuh, lan putra-putrané sing bakal gumanti djumeneng radja, kabèh wis pađa kaparingan pangkat. Dadi, para pandita mau mestiné ora nakokaké radja Hérodès dalah putra-putrané.

Lah jèn ora, gèk sapa sing digolèki? Wong-wong mau pađa ora ngerti.

Wusanané para pandita mau ija sowan menjang kraton, nanging ing kono ija ora ana gotèké ratu anjar mijos. Para pandita wis pađa djuďeg lan semplah atiné. Lah menjang endi saiki olèhé nggolèki? Apa kliru olèhé pađa narbukani wiriding palintangan? Ah selak mokal, djalaran lintang gedé sing wis tuduh dalan seprana-sepréné mesti ora bakal ndjlomprongaké. Lan wangsit sing wis diweďaraké ana ing atiné mesti ora goroh.

Ana ing keďatoné sang prabu ora ana Ratu anjar mijos.

Malah radja Hérodès dadi kedjot banget, bareng midanget undjuké para pandita mau. Apa ana ratu anjar sing mentas mijos? Para pandita sing wis misuwur dadi keďunging

ngèlmu, mesti bisa sumurup jèn ana ratu anjar mijos. Nanging sapa ta sing disebut ratu mau? Mestiné ratu mau saiki isih botjah tjilik sing ing tembé bakal dadi wong pinundjul lan ngesur sang prabu dalah para putrané saka ing kaprabon. Sing kaja mengkono iku kudu didjaga adja nganti bisa kelakon. Jèn menggalih bab iku, tingalé sang prabu katon mantjereing, nélakaké runtik galihé. Lah keprijé enggoné arep ngilangi klilipé, awit papan dunungé si baji mau durung kasumurupan?

Ing kono sang prabu bandjur nimbali para pangarepé imam lan para ahli kitab, jaiku wong-wong sing pada pana marang Torèté nabi Musa lan kitabé para nabi utawa kitab-kitab lijané. Wong-wong mau mesti luwih damang marang lajang-lajang babadé bangsané wiwit djaman kuna. Sang prabu ora kalebu darah Jahudi, nanging isih teḍak turuné Ésap, dadi kalebu bangsa Édom. Éwadéné sang prabu saiki ngerèhaké bangsa Jahudi, senadjan enggoné nganti bisa djumeneng ratu mau nganggo patrap sing ora prajoga, jaiku sarana roda peksa lan kaniaja. Mangka kalenggahané saiki *digondèli* kentjeng banget adja nganti mrutjut saka ing astané.

Dadi para tuwa-tuané bangsa Jahudi mau pada kaḍawuhan sowan, djalaran arep dipunduti pirsapa bab wijosé ratu anjar ija diwetja ana ing kitab-kitab tjekelané bangsa Jahudi.

Atur wangsulané para ahli kitab: „Kasinggihan ḍawuh dalem, sang prabu. Sang Mesih ing tembé badé mijos.”

Klawan gupuh enggoné sang prabu ndangu: „Énggal matura, wijosé ratu anjar iku pinasti ana ing ngendi?”

Aturé kang kadangu: „Wonten ing Bètlechèm tanah Judéa kados ingkang sampun kaseratan pinten-pinten atus taun kepengker wonten ing kitab pametjanipun nabi Micha.”

Nanging para pangarepé imam lan para ahli kitab mung pada njawang radja Hérodès karo mbatin mengkéné: „Sakarepmu, jèn kowé meksa arep ngandel udjaré wong-wong mantja saka tanah wétan kuwi. Nanging sing mesti luwih ngerti rak aku, para pangarepé bangsa Jahudi! Jèn njata Sang Mesih rawuh, rak aku wis pada ngerti utawa ngrungu luwih disik. Jèn *aku*, suṭik ngandel udjaré wong neneka kuwi!”

Kotjapa, ing dina iku Hérodès nimbali para pandita mau ḍedemitan, pada kadangu genahgenahing waktu katoning lintangé. Satemené galihé Hérodès wis krasa ora kepénak, nanging dauru lan was sumelanging galihé sinamun ora nganti ketara ana ing pasurjané. Klawan sarèh lan sumèh enggoné ngandikani para pandita, piwelingé: „Pada buḍala menjang Bètlechèm, awit ratu anjar sing pada ko-

golèki ora mijos ana ing Jerusalèm, kaja mengkono iku aturé para ahli kitab. Pada priksanen klawan nastiti mungguh dunungé Sang Timur, déné samangsa wis ketemu, pada ngundjukana uninga marang aku, supaja *aku* bisaa mrana uga sudjud marang Pandjenengané.”

„Aku bisaa mrana sudjud marang Pandjenengané!” mengkono pangandikané Hérodès, nanging osiking galihé mengkéné „Ja, mengko jèn pada bali mréné, lan ngaturi priksa ana ing ngendi panggonané ratu anjar iku, mesti bakal gampang enggonku arep njirnakaké klilipku, bebaskan suwé midjet wohing ranti, sengara ratu anjar mau bisa ngesur aku saka ing kaprabonku. Saiki mestiné isih botjah tjilik, umuré durung nganti rong taun, djalaran lintangé durung suwé enggoné katon. Malah rong taun baé durung ana. Dakéling-élingé adja nganti lali!”

ING kono para pandita bandjur pada nerusaké lakuné. Ing benginé lintangé bandjur katon manèh, mentjorong ana ing langit, alon-alon tuduh dalan sing ngener menjang Bètlechèm. Bareng wis tekan ing kono, bandjur mandeg. Sapungkuré iku lintang mau wis ora tau katon manèh. Nanging saiki para pandita wis ora mbutuhaké sing tuduh dalan.

Ana ing kuṭa Bètlechèm kono ana omah tjilik sing dienggoni Jusup lan Marjam karo Sang Timur. Para pandita mau dalah pandèrèké pada ndjudjug ing kono, atiné wis ora mangu-mangu lan ora duwé gagasan maido: „Mangsa, Ratu Agung kok mijos *ana ing kéné!*” Ora, gagasan sing mengkono mau sarambut baé ora tinemu ana ing atiné. Klawan urmat lan pakéring para pandita mau pada mlebu ing omah tjilik panggonané Jusup lan Marjam. Bareng wis pada weruh Sang Timur ana ing pangkoné kang ibu, para pandita mau bandjur pada sudjud djèngkèng lan saos bekti marang Pandjenengané.

Iba begdjané, déné saiki wis pada bisa ketemu karo Sang Djabang Baji sing digolèki. Saking kentjenging pangandelé, para pandita mau pada ora ngétung bebaja lan pakéwuh ana ing dalan, ora ngétung asoring dradjaté wong-wong lan rèmhé omah kang pada ditekani. Swara sing dumeling ana ing atiné, jaiku pamisiké Rohé Pangéran pijambak, kang mbereg para pandita mau pada sowan lan sudjud saos bekti ana ing ngarsané Sang Timur.

Marga saka gedéning *pangandelé*, para pandita mau pada diparengaké njumurupi kamuljan sing semono gedéné, tur pada bisa ngrasakaké tentrem rahaju.

Minangka tandaning pangadji-adji lan pakurmatané marang Sang Timur, para pandita



PANDJENENGANÉ TUMULI DISAOSI PISUNGSUNG ARUPA MAS LAN MENJAN APADÉNÉ BLENDOK MUR

mau pađa njaosaké bulu-bekti awudjud emas lan menjan apadéné blendok mur, kaundjukaké ana ing sangisoré padané Sang Djabang Baji, kaja patrapé kawula enggoné pađa soas bulu-bekti, guru-bakal guru-dadi, marang ratu pepundéné.

Wusana para pandita mau pađa mulih menjang tanahé kanti kabungahan gedé. Senadjana pađa kalebu bangsa kapid, éwadéné pađa olèh kanugrahan diparengaké njumurupi Gusti Jésus, temah pađa nemu karahajon. Kosokbaliné para pangarepé bangsa Jahudi sing pađa kumlungkung lan ambek djabrija, pađa ora sudi sowan ing ngarsané Sang Djuru Slamet, mulané ija bakal kontjatan karahajon kang sedjati

Djalaran wong-wong Jahudi mau pađa ora duwé *pangandel*.

KOTJAPA radja Hérodès isih tansah ngentèn-entèni

Para pandita pađa ora bali sowan ing kedaton wis diantarakaké sawetara minggu, malah sawetara sasi, meksa ora ana pawarta apa-apa. Ing kono sang prabu duka jajah sinipi, pangunandikané: „Pandita musibat kuwi pađa mbléndjani djandji, pađa mulih menjang negarané tanpa pamit, mestiné metu dalan lija. Para pandita kuwi mesti wis ketemu karo ratu anjar, sing disebut Sang Mesih utawa Kristus déning wong Jahudi, malah bandjur pađa diadjak sekuwon, temah pađa wani nilapaké

aku Nanging, sengara ratu anjar iku bisa ngendih aku saka ing kaprabonku. Umuré durung ganep rong taun, ora kliru pétu-nganku!”

Kotjapa, ratu kang ambek niaja mau, nanging wedi banget karo Sang Djabang Baji, énggal-énggal nimbali pradjurité sawetara, bandjur diđawuhi mengkéné: „Pađa mangkata menjang Bètlechèm, kabèh botjah lanang sing umuré rong taun sapangisor, pađa *patènanana*. Poma-poma adja ana sidji baé sing kliwatan!”

Mengkono dawuhé radja Hérodès, nanging osiking galihé mengkéné: „Wis mesti Jésus, Sang Mesih iku, ora bisa ontjat saka ing pati!”

Pradjurit mau bandjur ngleksanani dawuhing ratuné.

Saben omah ing kuća Bètlechèm dileboni, saben botjah lanang umur rong taun sapangisor direbut saka tangané wong tuwané, bandjur dipatèni klawan sawenang-wenang. Pandjerit lan panangisé wong-wong wadon babar pisan ora dirèwès. Pradjurit mau wataké kamitégan, djalaran ratuné ija ambek niaja kagawa saka angkara-murkané.

Sawisé pađa nglakoni ajahan, pradjurit mau pađa sowan ratuné, ngaturaké lapuran, jèn ora ana botjah lanang sidji baé sing kliwatan.

Sang prabu gumudjeng, djalaran wis lega panggalihé, sedyané wis kaleksanan. Ratu anjar sing tjalon dadi klilipé, wis sirna. Saiki wis ora ana sing bisa ngantjam kapraboné sang prabu dalah putra-putrané. Kasusahané wong

sing pađa kélangan anak-anaké ora dirèwès. Perduli apa ta karépotané wong lija? Butuhé déwé rak wis ketjekel lan sedyané wis kaleksanan!

Apa njata sedyané kaleksanan? Ora let suwé sapungkuré lelakon iku radja Hérodès bandjur séda.

Botjah-botjah ing Bètlechèm ija pađa mati, nanging *enggoné mati* mau rak sumaos marang Gusti Jésus, senadjan botjah-botjah mau pađa ora ngerti prakara iku. Dadi botjah-botjah mau kena disebutaké wong mati sahid kang kawitan, njawané pađa katrima mlebu ing swarga, panggonan kang luwih éndah lan mulja katimbang karo djagad, lembahing luh lan blađeraning dosa lan piala. Botjah-botjah Bètlechèm mau wis ditjawisi papan ana ing swarga déning Allah kang maha welas lan maha asih. Nanging Hérodès, gapuraning kraton swarga ora bakal kawengakaké kanggo Hérodès.

Apa njata kaleksanan sedyané? . . . Hérodès tetep wong tjupet nalar-budiné. Rawuhé Sang Mesih menjang ngalam donja ora kagungan sedyana nggajuh marang kasugihan lan kawibawan, utawa mbangun karaton kadonjan. Hérodès satemené ora perlu *nguwatiraké* bab iku mau. Sang Mesih kagungan kuwadjiban lan ajahan lijané sing luwih permati katimbang karo neluk-nelukaké karaton kadonjan.

Lan jèn miturut akalé Hérodès, kepriyé enggoné arep ngalang-alangi pakarjané Gusti Jésus ana ing djagad? Tjèta, jèn Hérodès iku pantjèn wong kang tanpa budi. Ora ana wong sing bisa ngowahi apa sing wis tinakdir déning Allah.

Katjarita, nalika pradjurité Hérodès pađa matèni baji-baji ing Bètlechèm, Gusti Jésus wis ora ana ing kono. Malaékaté Pangéran ngatingali Jusup sadjroning pangimpèn, lan Jusup kađawuhan ngungsèkaké Sang Timur lan saibuné menjang ing tanah Mesir. Ing wajah bengi iku uga, Jusup lan Marjam nambut Sang Timur kagawa metu saka Bètlechèm, ontjat saka ing bebaja pati . . . Dawuhé Malaékat: „Awit Hérodès bakal ngupaja marang Sang Timur, arep disédani.” Mengkono uga para pandita saka tanah wétan pađa kaparingan wangsité Allah sadjroning pangimpèn, supaya adja bali séba marang Hérodès, mulané mulihé menjang tanahé pađa njimpang metu dalan lijané.

Jusup lan Marjam bandjur pađa buđal menjang tanah Mesir klawan ajem lan tentrem, djalaran wis pađa jakin, jèn lakuné bakal rineksa déning Allah *ing salawas-lawasé*. Senadjan ngambah ara-ara samun utawa segara weđi sing sepi njenjet, atiné ora was sumelang, awit Allah tansah rumeksa. Atising wajah bengi lan panasing wajah awan ora nda-

jani apa-apa marang kang lagi pađa andon laku, djalaran tansah kinemulan lan pinajungan déning para malaékaté Allah sing kađawuhan ndjampangi lakuné.

Jusup lan Marjam saiki wis uwal saka ing kemlaratané, Marjam dadi ora kepeksa laku darat manèh kaja nalika buđal saka Nasarèt bijèn. Sarèhné wis ana duwit sing dienggo tuku kuldi, mulané Marjam nunggang kuldi, lan Jusup sing nuntun kuldiné. Pamanggoné ing tanah Mesir, ija ora nganti pađa nandang karépotan. Pisungsungé para pandita saiki kena ditandjakaké kanggo njukupi kabutuhaning uripé.

Enggoné pađa ngungsi ing tanah Mesir ora nganti tetaunan. Bareng Hérodès wis séda, Malaékaté Pangéran bandjur ngatingali Jusup sadjroné pangimpèn sarta dawuh: „Mangkata, Sang Timur lan saibuné pađa gawanen mulih menjang ing tanah Israèl, marga wong kang ngarah njawané Sang Timur wis pađa mati.”

Jusup tumuli nambut Sang Timur lan saibuné bandjur mangkat saka tanah Mesir, lakuné ndjudjug ing tanah Israèl.

SATEKANÉ ing désa Nasarèt, jaiku désa padunungané dèk bijèn, bandjur pađa manggon ing tilas omahé. Jusup ija miwiti manèh pagawéané dadi tukang kaju, bawané dadi kepala-somah kudu nggolèkaké sandang pangan brajaté, kanggo Marjam lan Gusti Jésus, lan kanggo anak-anaké sing ing sapungkuré iku lair ing Nasarèt. Gusti Jésus, Putrané Allah pijambak, nalika isih timur, diopèni lan digedèkaké ana ing brajaté wong sing kudu pešel njambutgawé kanggo njampeti kabutuhaning uripé.

Nalika isih timur, ora ana sing njapa aruh Gusti Jésus, awit sapa sing njana, jèn iku Putrané Allah?

Nanging para pangarepé bangsa Jahudi, wong-wong witjaksana lan kadjèn kéringan, nanging sing pađa awatak diri, pađa ngundika: „Kábèh iku mau mung apus krama lan dora tjara.” Kosokbaliné wong-wong sing andap-asor lan lembah manah, kajadéné para pangon, Simeon, lan Annah, lan para pandita, lan bokmenawa ana manèh wong-wong lijané, iku mau kabèh pađa ngandel, temah pađa bisa olèh karahajon ing salawas-lawasé!

GUSTI JÉSUS JUSWA ROLAS TAUN KASOWANAKÉ ING PADALEMAN SUTJI

JUSWANÉ Gusti Jésus wis ganep rolas taun. Saiki kepareng ndèrèk rama ibuné menjang *Jerusalèm*. Wis bola-bali saben taun, ngarepaké rijaja Paskah, Gusti Jésus pirsana jèn rama

ibuné, bebarengan karo wong Nasarèt lija-lijané, pada buḍal menjang ing negara sutji. Saka kéblat papat wong-wong Jahudi pada ambjuk menjang Jerusalèm. Ana ing kana wong-wong sing éwon tjatjahé pada mlebu ing padaleman sutji pada ngluhuraké Allah lan saos pamudji sukur apadéné pandonga; lan manèh enggoné pada ngrijajakaké dina gedé Paskah iku minangka pangéling-éling Paskah kang kawitan, pirang-pirang atus taun kepungkur, nalika bangsa Israèl pada buḍal metu saka ing tanah Mesir.

Saiki Gusti Jésus bareng wis juswa rolas taun, kepareng ndèrèk menjang rijaja Paskah, miturut adat kalumrahané wong Jahudi.

WONG-WONG sing pada arep ngrijajakaké Paskah ing Jerusalèm, lakuné ing sadalan-dalan anglur-selur ndlidir tanpa ana peḍoté, swara lan solah tingkahé wong-wong mau nélakaké gambiraning atiné. Sesawangan asri ing sakiwa-tengené dalan, karang-kitri kang mbijet wohé, pategalan gandum kang katon ngombak-ombak katerak ing angin, puntuk-puntuk kang kebak tanem-tuwuh katon idjo rijo-rijo ngresepaké pandeleng, apadéné kali-kali kang bening banjuné pating srèwèh ngontjori sawah lan pategalan, kabèh mau muwuhi suka-gambiraning wong sing pada munggah menjang Jerusalèm. Nanging lakuné kadang-kadang ija ngliwati panggonan sing tjengkar lan garing, kang tinemu ing kono mung brangkal lan parang tjuri.

Saka ing kadohan kuṭa Jerusalèm wis katon ketap-ketap kasorotan srengéngé, kuṭa sutji lan kuṭa pepunḍéné bangsa Israèl.

Gusti Jésus ija mèlu ngrasakaké kabungahan. Iba ta éndahé tanah kagungané, iba ta bungahé wong-wong kang pada bareng mlaku, kaja apa kepénginé pirsu padaleman sutji, dalemé Gusti Allah, ija dalemé Kang Rama pijambak. Kaja apa ta kepénginé mèlu ngrijajakaké rijaja kang sutji mau, mèlu ngepung jèn pada manggan bebarengan, kajadéné bangsa Israèl bijèn nalika ngarepaké buḍal ing wajah bengi saka tanah Mesir; déné sing pada dipangan jaiku: daging tjempé sing wis dipanggang, roti tanpa ragi lan djangan kang pait. Lan manèh kaja apa ta kepénginé Gusti Jésus mèlu ngidungaké kedadungan pamudji kondjuk marang Gusti Allah.

Enggoné pada bebarengan lumaku nganti sawetara dina. Ing sadalan-dalan sinambi ngidungaké kedadungan; swarané wong ngidung pada sesauran muwuhi gambiraning laku. Saja tjedak karo Jerusalèm, atiné wong-wong mau saja seneng. Wekasané—saka saḍuwuring puntuk omah-omah ing sadjero-ning kuṭa sutji Jerusalèm wis katon putih-putih kasorotan srengéngé. Nanging sing saka

kadohan wis katon apik déwé jaiku *Padaleman Sutji*, katon munggur, gedé ndjenggarang, nanging ija katon ndjenggereng ngengreng; pilar-pilaré ginawé saka watu marmer putih lan rerenggané saka emas katon pating glebjar.

Marga kapanduk déning daja prabawané Padaleman Sutji sing katon wingit, wong-wong mau bandjur pada sudjud djèngkèng saos bekti marang Gusti Allah.

Saka kéblat papat wong golongan pada ambjuk ing kuṭa Jerusalèm, klawan pada ngidung kedadungané rijaja; ndledeg lakuné wong mlebu ing gapurané kuṭa.

Mengkono uga Gusti Jésus banget karenan galihé, déné saiki, senadjan ngagem sarira manusa, bisa ngluhuraké Allah Kang Rama ing swarga, bebarengan karo umaté Allah ing Jerusalèm.

Rijaja Paskah mau enggoné dirijajakaké suwéné pitung dina. Jusup lan Marjam, kaja salumrahé wong sing pada ngibadah, enggoné pada ana ing Jerusalèm nganti sarampungé rijaja.

Salebaré rijaja, wong golongan mau bandjur pada buḍalan mulih menjang panggonané déwé-déwé. Wong-wong sing pada arep mlaku bebarengan, pada ngumpul ana ing gapura. Mengkono uga kafilah sing arep mlaku ngalor menjang ing laladan Nasarèt, wis pada nglumpuk ana ing kono, samekta ing laku, barang-barang gegawané, lan botjah-botjah sing pada mèlu wis pada tjumepak, kéwan tunggangan dalah pengiridé wis pada miranti. Wong tuwa anom, sugih miskin pada sajuk sabaja-pati. Umjung swarané wong sing pada arep buḍal.

Bareng wis ana tengara buḍal, kafilah mau bandjur wiwit mlaku. Lakuné wong-wong mau akèh sing sinambi nolah-nolèh ngingetaké kuṭa Jerusalèm, éstané kaja arep ngutjapaké salam pamitan sing wekasan marang kuṭa sutji mau, sadurungé ilang saka ing sawangané kaaling-alingan ing puntuk-puntuk.

Jusup lan Marjam wis bola-bali mulat ngiwa nengen, awit krasa jen isih ana sing kari. Wis rada suwé *putrané* durung katon, nanging bokmenawa awor karo botjah-botjah lijané, ana sisih buri kepara adoh. Wiwitané atiné ajem baé, awit pangirané sedéla manèh *putrané* mesti nututi.

Nanging bareng wis ngarepaké wajah soré *putrané* durung ana katon, atiné wiwit sumelang. *Putrané* énggal digolèki mrana-mréné, kafilah mau diturut saka ngarep tekan buri, ditakokaké menjang wong-wong tunggal désané, bokmenawa ana sing weruh, nanging wong semono kèhé ora ana sidji sing weruh Gusti Jésus.

Jusup lan Marjam dadi *kuwatir* banget. Lah gèk ana ing ngendi putrané? Mangka sedéla engkas srengéngéné wis surup, lan kafilah mau ora lèrèn nggolèki botjah ketriwal, saja manèh mung botjah saka désa Nasarèt, mesti ora digapé.

Bareng wis tita jèn putrané ora katut ana ing kafilah kono, Jusup lan Marjam tjengkélak bali menjang Jerusalèm; atiné ngandut samar lan sumelang. Wajahé wis bengi. Dalané peteng tur adoh lan ora sepi ing bebaja. *Wong loro* mau mung tansah nutuh awaké déwé, déné kurang waspada enggoné pađa ngulataké putrané. Iku babar pisan dudu luputé Jésus, wiwit timur mula *ora tau* duwé kenakalan, anané mung tansah manut miturut marang wong tuwané. Jusup lan Marjam tjeťa jèn luput, djalaran sadurungé buďal saka Jerusalèm kuduné rak wis ngerti, jèn putrané durung mèlu ngumpul ana ing tjeďaké gapura. Lah saiki bandjur keprijé?

Lah jèn botjahé ketjilakan ana ing dalan, utawa kesasar, utawa katut kafilah lijané, bandjur keprijé? Lah jèn botjahé ngantia kepeťuk karo kéwan galak, bandjur . . . ! Dalané sepi njenjet tur ora aman. Jusup lan Marjam mung tansah ketir-ketir atiné Lakuné diterusaké, nganti tekan Jerusalèm, nanging ana ing dalan ora kepeťuk karo putrané. Sawengi natas enggoné nggolèki ora nganti lèrèn, ésuké kuťa Jerusalèm diubres saka lor mengidul, saka wétan mengulon, saben wong ditakoni, saben omah dileboni, nanging putrané ora ketemu. Kaja mengkono mau enggoné pađa nggolèki putrané rong dina rong bengi. Saben panggonan kang diampiri, diparani manèh karo takon-takon marang sapa baé sing diwanuhi. O, bok ja ana sing weruh utawa awèh weruh bab putrane! Nanging Jusup lan Marjam meksa *durung* ketemu karo putrané.

Bareng telung dinané, Jusup lan Marjam wis tekan ing padaleman sutji. Ora ketemu ing nalar, jèn putrané isih ana ing *kono*. Jusup lan Marjam durung nganti nggolèki ana ing djero padaleman sutji. Gèk apa perluné botjah tjilik kajadéné putrané mlebu ing padaleman sutji, panggonané wong tuwa-tuwa lan para ahli kitab? Ah, *mesti* putrané ora ana ing kono. Nanging supaja adja ketanggungan enggoné kangèlan lan supaja lega atiné, Jusup lan Marjam ija bandjur mlebu ing padaleman sutji. Enggoné nggolèki wis mèh kemptu, ing palataran, bandjur ing kamar-kamar turut èmpèran, bandjur wekasané tekan ing kamar panggonané para ulama lan para ahli kitab.

Lah kaé . . . !

Dumadakan Marjam bandjur madju ngesuk, sing dadi golèkan saiki wis ketemu.

Putrané tinemu lingguh ing tengah-tengahé para ulama lan ahli kitab. Marjam ora ngrungu sowal-djawabé para ahli mau karo putrané sing lagi umur rolas taun, ija ora ngingetaké ulaté wong-wong tuwa mau sing pađa kagum njawang putrané sing senadjan isih botjah, wis kadunungan kawitjaksanaan sing ngéram-éramaké, ketitik saka enggoné nakokaké prakara warna-warna sing tumrapé para ahli mau isih awudjud kekeran Kabèh mau sing sarwa élok lan aèng ora dirèwès, ora taha-taha putrané bandjur dirangkul sarta diarasi kambi nangis; mbrebel wetuning eluhé, nanging eluhing kabungahan, djalaran putrané sing dinjana ilang, wis ketemu manèh!

Udjaré Marjam: „Enggèr, jagéné kowé teka mengkono marang aku? Lah bapakmu karo aku pađa nggolèki kowé karo was-was.” Marjam pantjèn wis ngerti, jèn putrané enggoné tumindak mengkono mau ora kagawa saka *pamurangsaraké*.

Aturé Jésus marang rama ibuné: „Kadospundi déné sampéjan ngantos sami ngupadosi kula, sampéjan punapa boten sumerep bilih kula kuwadjiban wonten ing dalemipun Rama kula?”, kambi njawang ibuné klawan welas asih, éstané kaja arep ngélingaké: „Bu, punapa ibu sampun kesupèn bilih Gusti Allah punika sadjatosipun Rama kula? O, ibu, taksih wonten pinten-pinten prakawis malih ingkang ndjalari trenjuhing galhipun ibu, margi saking anggèn kula kedah ngéstokaken kersanipun Rama kula.”

Para ahli kitab mau mung pađa kedjuďegan. Kerep baé ana botjah lan wong nonoman pađa meguru mrono, nanging durung tau mrangguli botjah sing kalantipan lan wangsulané ngèmperi Jésus. Apa tumon ana botjah sing lagi semono umuré wis duwé kalantipan ngungkuli para ahli? Mangka saiki, keprijé wangsulané marang ibuné? Djaréné duwé kuwadjiban ana ing padaleman sutji, ana ing dalemé Ramané? Sapa ta Ramané botjah iku? Lan apa ta kuwadjibané? Para ahli kitab mau mung pađa gèďèg-gèďèg, awit pađa ora njandak eliding pangandikané iku mau.

Lan Jusup lan Marjam? Pađa déné enggoné ora njandak, senadjan sakaroné wis pađa ngerti sapa sing djumeneng Ramané, nanging ija durung ngerti Jésus mau ing tembé bakal dadi apa utawa bakal nindakaké apa ing sajeroning sugengé.

SAWISÉ mengkono Jusup lan Marjam bandjur mulih menjang Nasarèt, lan Jésus tumuli tumut kang rama lan kang ibu, tansah sumujud ing wong tuwané. Jésus saja mindakmindak agengé, lan saja wuwuh olèh sihé para mitra karuhé. Pagawéané saben dina mbijantu pagawéané wong tuwané, lan bok-

menawa, sarèhné Jusup iku tukang kaju, ija diadjaré nukang.

Gusti Jésus mindak-mindak agengé nganti dadi wong diwasa kaja wong-wong lijané. Ora tau Pandjenengané ngrèmèhaké sepepadané wong.

Mung ana saprakara kang ora pada karo salumrahé wong, jaiku Pandjenengané ora tau nindakaké *piala*.

Gusti Jésus iku ing sadéngaha prakara pada karo manusa lija-lijané, *kedjaba dosané*.

JOCHANAN PAMBAPTIS

WIS TELUNG puluh taun kepungkur, wiwit nalika Malaékat Djabraèl ndawuhaké pawarta kabungahan, kang kapisan marang Zachariah lan kang kapindo marang Marjam.

Nalika semono miturut dawuhé Gusti Allah, Jochanan lair ana ing salah sawidjining panggonan ing pagunungan ing tanah Jahuda, lan sawetara sasi manèh Gusti Jésus mijos ing kandang Bètlehem.

Lelakon iku mau saiki wis ana telung puluh taun kepungkur. Sapa sing isih ngéling-éling lelakon mau? Sapa sing isih ngutjap ngrasani garwané imam sepuh sing mbabar putra kakung? Utawa anaké tukang kaju ing Nasarèt?

Sing akèh-akèh wis pada lali lan sing bijèn kerep ngrasani, wis pada meneng karepé déwé; lelakon sing bijèn dadi potjapané wong akèh, saiki wis kesilep.

KO TJAPA . . . ana tembang rawat-rawat udjaré bakul sambiwara, miturut gotèké wong akèh: „Lah saiki ana wong madeg nabi, sing ngundangaké patobat ana ing pinggiré kali Jardèn. Pangandikané bola-bali: Pada mratobata, marga kratoné swarga wus tjedak!”

Pawarta mau ndjalari wong pirang-pirang pada irid-iridan marani panggonané nabi anjar mau, perlu arep weruh lan arep ngrungokaké.

Udjaré sawenèh: Wong iku nabi!” Ana kang sumambung: „Bokmenawa nabi Élijah sing rawuh manèh!” Tjritané sing pada weruh, nabi mau pangagemané pasadja banget, kang kagawé mung wula unta, sarta ing lambungé apaningset walulang. Déné kang kaðahar mung walang lan madu alas. Piwulang sing digelaraké mung nudju marang patobat, wong-wong sing ngrungokaké pada diélingaké mungguh ing dosané, pada dipituturi supaya mratobat lan ninggal sakèhing pangawéné kang ala. Jèn wis pada mratobat, bandjur *dibaptis* ana ing kali Jardèn. Kajadéné reregeding *awaké* katut ing ilining banju, mengkono uga *njawané* ija karesikan saka ing

kanadjisané. Baptis iku mau, kang katindakaké sarana diselulupaké ing banju, tumrapé wong sing pada nggetuni dosané lan mratobat, minangka tanda tjap jèn Gusti Allah wis kepareng ngapuntèn dosané. Kedjaba iku sing katon *murgan* ana ing piwulangé nalika semono, jaiku: nabi mau tansah ngundangaké pawarta bab rawuhé Sang Mesih, kang tumuli bakal manggihi umat kagungané.

Ana sawenèh kang kanda jèn nabi anjar iku putrané imam Zachariah karo kang garwa Élisabèt, namané Jochanan. Lan marga saka enggoné tansah mbaptisi wong, namané katelah Jochanan Pambaptis.


Lelakon iku mau pantjèn kalebu élok. Wis 400 taun lawasé ing tanah Israèl ora ana nabi. Dumadakan saiki ana utusané Pangéran, timbulé saka ing ara-ara samun. Mangka sing digelaraké iku prakara sing banget nengsemaké: „Sang Mesih tumuli rawuh!”

Wah, méndahana jèn kelakon temenan kaja sing diwulangaké iku! Djaman semono kena diarani djaman sing peteng kanggoné bangsa Israèl. Sasurudé radja Hérodès Agung, kang gumanti madeg nata putrané kang asma Archelaus, nanging dilungsur saka ing kaprabon déning kaisar ing Rum. Nanging *saiki*, kaanané negara saja mundak kisruh. Tanah Jahudi saiki dierèhaké déning para bupati Rum, sing pada ora disenengi déning kawulané, kajata: Pontius Pilatus, salah sidjining bupati sing banget digetingi bangsa Jahudi . . . Wah, kapinudjon ing mangsané temenan, saupama *saiki* Sang Mesih rawuh, bandjur ngluwaré bangsané. Wis mesti bangsa Jahudi bakal gumrégah sabaja-pati ndèrèkaké tindaké Sang Mesih nggempur mungsuhé. Jèn mengkono bangsa lan tanah Israèl bakal merdika manèh, kaja ing nalika djaman kuna . . . Wah, méndahana jèn kelakon temenan!

Ing sawrataning tanah sabangsa kabèh pada geter lan ngeres, bareng ngrungu panguwuh-uwuhé Jochanan Pambaptis ana ing sapinggiré kali Jardèn, mengkéné: „Pada mratobata, marga kratoné swarga wus tjedak!”

Saka ing kéblat papat lakuné wong-wong ndlilir marani panggonané Jochanan: wong tani saka ing laladan Judéa, para pangon saka ing imbangé kali Jardèn, lan para wong misaja iwak saka tanah Galiléa, djuru mupu béja, pradjurit, para Farisi lan para Saduki, wong tjilik dalah para panggédé . . .

DELENGEN ta Jochanan Pambaptis kaé, kaé, ing sapinggiré kali! Delengen kaé, tingalé mantjereng mirsani wong golongan, astané diatjungaké kaja arep élik-élik, lan rungokna swarané, sora lan adreng pangungsedé: „Mratobata, tobata saka ing pialamu! . . Wadungé wus tumèmpèl ing poké wit, lan





„ÈH TETESANING ULA BEDUDAK!”

saben wit kang ora metokaké woh kang betjik, iku kategor lan katjemplungaké ing geni!"

„Mratobata? Selak mokal!" mengkono panjanané wong akèh." Apa aku pada tukang gawé piala? Samangsa Sang Mesih rawuh, Ratu kang wis diprasetyakaké, aku mesti pada saguh nglawan bangsa Rum. Nanging apa gunané pada keduwung lan mratobat? Apa ta sebabé? Apa ta karepé?

Nanging ana uga wong kang pada njandak pangandikané nabi Jochanan. *Sing pada ngerti*, mung pada tumungkul awit saka rumangsaning atiné. Wong-wong mau pada ora selak, jèn pantjèn pada dosa lan jèn pantjèn kerep gawé trenjuhing galihé Pangéran marga saka pialané. Osiking atiné mengkéné: „Saupama aku pada dadi wit-witan kang pada ora metokaké woh kang betjik, wis mesti aku pada ditegor lan katjemplungaké ing geni." Mulané bandjur pada njuwun priksa marang nabi Jochanan: „Kula sami kedah nglampahi punapa?"

Jochanan mirsani wong-wong mau, ana kang sugih, ana kang mlarat, kang andap-asor lan kang ambek sumakéjan. Jochanan ija pirsapa sapa-sapa ing antarané wong golongan iku sing angkara-murka, ora tau ngélingi sapa pada padané.

Wong-wong mau pada didawuhi mengkéné: „Sapa kang duwé kotang loro, mènèhana kang ora duwé, kang duwé pangan, ija kaja mengkono uga." Pangandika kang mengkono mau ngemu rasa mengkéné: „Pada tresnaa marang sapepadanira, lan wong miskin iku pada pandumana saka kalubèrané barang darbèkmu."

ANA uga djuru mupu béja sing pada sowan. Wong mau ija kalebu bangsa Jahudi, nanging pada ngawula marang bangsa Rum. Wong-wong mau pada njaosaké duwit marang para kang njekel pangawasa, sumurup tebasaning duwit padjeg, mulané wong-wong mau pada diwenangaké mupu béja utawa padjeg saka kawula tunggal bangsané déwé. Mangka adaté padjegé mau bandjur diundakaké tikel tekuk. Mulané para djuru mupu béja mau di-jetingi lan dianggep asor budiné déning bangsané. Udjaré wong akèh: „Djura mupu béja iku ora béda karo maling lan budaké bangsa Rum. Wis ora pantes jèn disebut wong Israèl."

Éwadéné djuru mupu béja mau ija pada sowan ing ngarsané Jochanan. Klawan isin lan wedi pada matur: „Guru, kula sami kedah nglampahi punapa?" Wangsulane Jochanan: „Adja pada mupu luwih saka kang kapantjèkaké marang kowé." Jochanan wis pirsapa, apa dosané wong-wong mau sing gedé déwé.

Para pradjurit ija ana kang pada matur pitakon: „Menggah kula, kula kedah sami

nglampahi punapa?" Jochanan ija ora kekilapan mungguh ing kaanané para pradjurit Rum mau, enggoné pada seneng nganiaja lan ndjarah rajah. Wong-wong mau pada didawuhi mengkéné: „Adju ngrubedi utawa nggegiri wong, nrimaa ing blandjamu."

Tanpa wilangan tjatjahé sing pada sowan. Mangka wong-wong mau pada dipangandikani bab gedéning dosané, lan kabèh pada didawuhi: „Mratobata!"

Lan sapa sing keduwung lan njumurupi déwé bab dosané, apadéné sumedja ngabekti lan tresna marang Allah, bandjur pada dibaptisi déning Jochanan. Gusti Allah pijambak kang ngosikaké atiné wong-wong mau, temah nganti pada bisa mratobat. Pantjèn gedé sih kadamane Allah marang wong dosa, sepirapiraa gedéning dosané manusa, Gusti Allah isih kagungan pangapura.

NANGING—bareng sing pada sowan iku golongané para Farisi, jaiku wong-wong Jahudi sing awatak angkuh lan gumendung, sing tekané mrono mung kagawa saka enggoné kepéngin weruh nabi anjar, lan gembolaning atiné saupama ditembungaké, udjaré mengkéné: „Aku iki rak isih pada tedakturuné Abraham, aku pada wong betjik, lan nglakoni kabèh sing kasebut ing angger-anggeré Musa, ora ana sing keliwatan sidjidsidjia, malah saduwuré iku. Apa perluné aku pada dikon mratobat?" lan nalika ing kono ija katon ana golongané para Saduki, jaiku wong-wong sing wataké ora perdulèn, ketara saka èntjeping lambéné, — ing kono Jochanan bandjur muntab dukané, lan sereng pangandikané: „Èh tetesaning ula beudak! Jochanan wis pirsapa lamising kamursidané, gumendung atiné lan wataké sing ora perdulèn, mangka Jochanan ija pirsapa, jèn iku mau mung dadi pangéwan-éwan ana ing ngarsané Gusti Allah.

DJEDJEL rijel wong kang pada sowan marang ing ngarsané Jochanan; ana sing pada bisik-bisik rerasanan, bokmenawa Jochanan iku Kristus, ija Sang Mesih Pijambak.

Nanging bareng Jochanan midanget rerasanan mengkono mau, bandjur wiwit manèh nggelaraké bab kawontenané Ratu kang bakal rawuh, pangandikané: „Ora, dudu aku kang kasebut Sang Kristus, nanging kang rawuhé anungka aku iku kuwasané ngungkuli aku, jaiku kang djumeneng Sang Mesih. Aku? bok ngutjuli djangeting trumpahé baé aku ora patut. Pandjenengané iku Mahaluhur lan Mahasutji. Aku? tekaku mung nglantaraké pawarta mau marang kowé."

Sing akèh-akèh wong-wong mau wis pada ngerti, jèn wis dadi adat lan kalumrahan,

samangsa ratu arep rawuh, mesti ana tjetjala kang lumaku ndisiki tindaké ratuné, perlu ngrata dalam kang bakal diambah. mbukak dalam nratas alas. utawa rawa-rawa, ngung-gahi gunung utawa ngeduni djurang lan ngliwati kali. Dalam sing ménggak-ménggok lan mendak mendukul kudu digawé lempeng lan rata Lah kaja mengkono iku perluné Jochanan rawuh, rawuhé luwih disik kaḍawuhan njawisaké dalam, dadi tjetjala, ndisiki rawuhé Sang Mesih, mulané pangandikané Jochanan ngumandang seru: „Paḍa njawisna margi ambah-ambahané Pangéran! Sang Prabu tumuli rawuh!”

Nanging *mung setitik* sing ngerti, jèn enggoné paḍa kudu mbagèkaké rawuhé Sang Prabu samangsa rawuh, iku kudu nganggo ati kang lembah lan anḍap-asor, nelangsa lan mbangun-turut. Lan manèh rawuhé Sang Prabu ora bakal ngagem kaluhuran lan kamuljan, apadéné kratoné iku dudu kraton *kadonjan*.

„Paḍa mratobata, marga kratoné swarga wus tjedak!” kaja mengkono enggoné Jochanan saben-saben miwiti wulangané. Éman, ora akèh sing paḍa ngerti, jèn nabi anjar mau nggelaraké wulangan bab pangapuraning dosa lan bab katentremaning ati, kang bakal diparingaké déning Sang Mesih marang angger wong kang pratjaja marang Pandjenengané.

KATJARITA, ing nalika Jochanan lagi memulang lan mbaptisi wong, ana Prija njelaki Jochanan. Sadjaké durung ana wong sing wanuh marang Prija mau, mulané ija ora ana sing nggatèkaké.

Nanging nalika Jochanan *maspadakaké* Prija mau, banget ngungun galihé, saja manèh bareng Prija mau nglairaké kersané supaja kabaptisa. Jochanan ora uwis-uwis enggoné ngungun, awit prakara mau dianggep nglengkara kelakoné. Jochanan ketara banget enggoné hurmat lan éring marang Prija mau; apa saiki Jochanan kelakon mbaptis Pandjenengané kaja déné enggoné wis mbaptisi wong-wong lijané? Jochanan mopo ngleksanani pamunduté Prija mau. Undjuké marang Prija mau: „Kawula ingkang perlu Tuwan baptis, mangka Tuwan teka murugi ing *kawula*?” Nanging Prija mau puguh, pamunduté *kudu* dileksanani. Ing kono Jochanan tumuli sumarah.

Prija mau bandjur diaturi medak ing kali Jardèn, nganti kelakon slulup ing banju Sawisé kabaptis, bandjur mentas saka ing banju. *Nalika semono* tumuli ana prakara sing banget ngéram-éramaké: swarga katon kabuka, sarta Rohé Allah tumedak pinda manuk dara, nedaki sarirané Sang Prija mau. Ing kono bandjur ana swara saka ing swarga, ija pangandikané Allah pijambak: „Iku Putra-

ningsun, kekasihingsun, kang sinelir ana ing ngarsaningsun.”

Jochanan banget ing pangunguné, nanging atiné ngrasakaké kabungahan kang tanpa upama gedéné. Saiki wis yakin jèn Prija iku mau Jésus, Putrané Allah, Sang Mesih, Ratu kang pinasti rawuh! Saiki wis rawuh, malah djumeneng ana ing kali Jardèn! Lèdjeming polatané Jochanan nélakaké kabungahan kang saka ing swarga pinangkané. Nanging Gusti Jésus ora terus amor karo wong akèh ing kono, amarga durung tekan wantjiné! Kaja déné rawuhé ing kono mau tanpa sabawa, mengkono uga enggoné késah ija tanpa sabawa.

Jochanan ija maspadakaké tindaké Gusti Jésus nganti ora kasatmripat, kaaling-alingan ing pepuntuk, ana ing pasamunan, panggonan kang sepi.

SAIKI wis kelakon Sang Mesih uga kabaptis, ora béda karo wong-wong lijané. Sadjatiné iku prakara kang anèh! Apa ta sebabé? Pandjenengané iku Putrané Allah, rak mesti tanpa dosa! Jèn wong lijané mèmper baé mbutuhaké baptis, kanggo mratandani enggoné wis kakumbah resik utawa kasutjèkaké saka ing dosané. Bareng Pandjenengané, Kang Maha Sutji, rak mesti sutji ta?

Éwadéné Gusti Jésus *ngersakaké* kang mengkono mau. Ing *samubarang prakara* Pandjenengané kersa ngasoraké sarira. Wong-wong enggoné paḍa sowan marang ngarsané Allah klawan isin lan wedi, perlu njuwun sih palimirma, kaja patrapé durdjana jèn sowan marang ngarsané ratuné njuwun pangapura. Lah kaja mengkono uga Gusti Jésus ija ngersakaké disamèkaké karo pura durdjana. Mulané ḍawuhé marang Jochanan: „Wis ta *nurut!*”

Rawuhé Putrané Allah marang djagad perlu ngrembat *sakèhing* dosa, lan *sakèhing* pialané manusa. Lan wekasané bakal séda sinalib, sinangsara lan kapidana ngèmperi durdjana.

Saiki, sawisé lelakon iku mau, Pandjenengané tindak murugi ing pasamunan. Ana ing panggonan sing sepi Pandjenengané arep ndedonga, supaja bisa tetunggulan karo Sang Rama kang ana ing swarga.

Anadéné Jochanan adjeg enggoné tansah memulang lan mbaptisi. Atiné saiki kebak kabungahan, lan swarané saiki ngumandang luwih sora: „Paḍa mratobata, mratobata! Sang Mesih sanjata wis rawuh!”

GUSTI JÉSUS LAN IBLIS

ANA ing pasamunan sepi njenjet, ora ana sabawaning djanma manusa. Mung kadang-

kadang ana kumliweré kéwan galak nasak pepèrèngé puntuk-puntuk golèk memangsang. Nanging Gusti Jésus ora kagungan was sumelang.

Pandjenengané ana ing pasamunan mung pijambakan, tanpa rowang, nganti patang puluh dina patang puluh bengi. Lan salawasé iku ora ðahar apa-apa. Pantjèn ing pasamunan ora ana sing kena diðahar!

Ana ing panggonan sing sepi njenjet mau Pandjenengané mung mbatek ing pandonga, njawidjèkaké panggalihé bisaa manunggil karo Sang Rama kang ana ing swarga.

Gusti Jésus uninga, jèn saiki wis tekan wantjiné Pandjenengané bakal miwiti gesang sing kebak karépotan lan kasusahan.

Nasarèt, désa sing didalemi wiwit timur nganti juswa 30 taun, saiki wis ditiar. Ing sabandjuré Pandjenengané mung tansah lelana ndjadjah désa milang kori, nanging salawasé bakal ora kèdat ngalami *panjawijah* lan *pepojok*, apadéné pangala-ala. Lan wekasané bakal katempuh ing sangsara gedé, panandang lan sungkawa. Nanging galihé Gusti Jésus iku kebak katresnan marang para manusa lan marang Allah Sang Rama kang ana ing swarga. Pandjenengané sagah ngrembat sakèhing paukiman kang beneré kudu katempuhaké marang para manusa. Kang mengkono iku wis miturut karsané Sang Rama. Senadjan ora djamak aboté. Gusti Jésus sagah njanggi bebahan sing kaparingaké déning Sang Rama.

SAIKI Gusti Jésus nglembara ana ing pasamunan, kang tjinipta ing galih ora lija mung prakara-prakara kang sutji. Nanging tindaké mau dikintil lan didingkik sarta dientèni lénané . . . déning *Iblis*.

Iblis wis ngerti sapa Jésus iku lan ija ngerti apa perluné rawuh ing djagad. Mulané Iblis geter atiné sarta banget pangigit-igité! Rawuhé Jésus iku kagungan sedyana ngluwari manusa saka ing dosané lan ngasoraké Iblis, ratuning pepeteng. Iku kang ndjalari Iblis *gecingé* kepatipati marang Jésus. Nanging Iblis ija duwé *wedi* marang Pandjenengané. Iblis ora lali apa sing diðawuhaké déning Gusti Allah jèn ana kang bakal rawuh ing djagad kang bakal ngremuk endasé si ula, jaiku Iblis.

Iblis dadiné ndingkik Gusti Jésus ana ing pasamunan, ngentèni lénané. Jèn Jésus léna, mesti bilai, bebasané jatna juwana, léna kena! Saiki *sapa* sing bakal unggul? Gusti Jésus apa Iblis?

Ing djaman purwa, nalika Adam lan Chawa isih pada manggèn klawan tentrem rahaju ana ing patamanan Pirdus, tanpa dosa lan tanpa rasa wedi, nalika semana Adam lan Chawa mau ija diindik déning Iblis, nganggo rupa dadi ula, temah Adam lan Chawa kelakon

dumawah ing katjilakan, kang ndjalari kabungahané Iblis, awit bisa olèh *kaunggulan*.

Lan saiki . . . ana manèh Manusa kang *tanpa* dosa lan *tanpa* wedi, nanging luwih teguh timbul katimbang Adam. Saiki Iblis ija arep ngempakaké sakèhing kadjuligané nggegèndèng *Pandjenengané* marang piala. Saiki sapa sing bakal unggul? Gusti Jésus apa Iblis?

Iblis ngetutaké Gusti Jésus, mung kari ngentèni saaté sing betjik.

WIS olèh patang puluh dina lawasé enggoné Gusti Jésus ana ing pasamunan tanpa ðahar apa-apa, mulané sapundaté mau wasanané kerapan. Nanging ana ing pasamunan keprijé bisané olèh pangan? Lah *iki* wantjiné sing dianti-anti déning Iblis. Ing kono Iblis bandjur marek ing ngarsané Gusti Jésus sarta matur minða-minða mitra: „Menawi Sampéjan Putranipun Allah, suwawi séla punika Sampéjan dawuhi dados roti.”

Gusti Jésus bandjur mirsani Iblis. Dasar njata, Pandjenengané iku Putrané Allah, lan jèn pantjèn wis dadi kersané, Pandjenengané mesti kuwasa nindakaké apa sing dadi aturé Iblis. Ing sakedap nétra watu mau *mesti bakal* malih dadi roti lan Pandjenengané bisa ðahar. Nanging iku mau *dudu kersané*. Pandjenengané ora kekilapan mungguh ing kadursilané Iblis. Menawa Gusti Jésus kelakon njabdakaké watu malih dadi roti, ing kono Pandjenengané ngagem panguwasané kang élok kagem ngladosi *Diri pribadi*. Lah sing kaja mengkono iku ora dadi kersané. Rawuhé ing djagad mligi mung arep *mitulungi* lan ngluwari *manusa*. *Sarirané* pijambak ora perlu digalih. Kang mengkono iku wis dadi kersané Sang Rama lan sing diðèrèk Gusti Jésus iku mung kersané Sang Rama ana ing saenggonenggon lan ing samangsa-mangsa.

Roti? Roti pantjèn ija perlu, nanging sing luwih déning perlu jaiku: *pambangunturut marang Gusti Allah*.

Mulané Gusti Jésus ngandika marang Iblis: „Ana tulisan mengkéné: Uripé manusa iku ora mung srana roti baé, nanging srana samubarang sabdané Allah.”

Gusti Jésus apal banget surasané Kitab Sutji. Wangsulane Gusti Jésus mau sarana meşik ajating Kitab. Iblis dadi ngerti jèn Gusti Jésus tansah ndèrèk karsané Sang Rama, lan ora nuruti karepé Iblis. Iblis bandjur ngglenes lunga, karo kedumelan: „Gagal!”

IBLIS enggoné mundur mung arep mapan, awit sedéla manèh bandjur marek mendakmendak menjang ngarsané Gusti Jésus, lakuné andap-asor kaja patrapé mitra betjik nedya awèh pamrajoga. Gusti Jésus disambut me-

ngang Jerusaleùm, kadjumenengaké ana ing ðuwur pajoné padaleman sutji, bandjur mundjuk mengkéné: „Menawi Sampéjan Putranipun Allah. suwawi Sampéjan andjlog dumugi ing ngandap, awit wonten seratan mekaten: Pangéran bakal ndawuhi para malaékaté, ing ngatasé Sira, sarta Sira bakal ditadahi ing tangané, supaja sikilira adja nganti kesandung ing watu.”

Undjuké Iblis mau pantjèn kepara njata. Saupama Gusti Jésus dawuh wis mesti baé para malaékat sumadja nadahi ana ing tangané, temah sampéjané ora nganti kesandung ing watu. Lan wong-wong sing paða weruh Gusti Jésus andjlog saka ing ðuwur pajon, ora babak ora busik, mesti bakal paða éring marang Pandjenengané. Nanging Gusti Jésus pirsira marang paékané Iblis. Gusti Allah ora marengaké manusa nemaha marang katjilakan, tanpa ana perluné. Kang mengkono iku kena diarani *njoba* apa Gusti Allah kersa mitulungi.

Mulané sereng pangandikané Gusti Jésus marang Iblis: „Ana manèh tulisan mengkéné: Sira adja njoba marang Pangéran Allahira.” Dawuh kang tansah dipundi-pundi déning Gusti Jésus iku ora ana sing ngluwihi dawuh: nindakaké kersané Sang Rama lan manut miturut ing samubarang prakara, kaja patrapé botjah tjilik, pasrah suméndé kanthi kumandel.

Iblis dadiné njingkir manèh kambi ngedumel: „Gagal manèh!”

IBLIS isih bali manèh marek ing ngarsané Gusti Jésus. Saiki Iblis nganggo gelar anjar. Gusti Jésus disambut manèh minggah ing gunung kang luwih banget ðuwuré, bandjur diaturi ningali sakèhé kraton ing sadjagad lan sakamuljané kabèh.

Pasang gelaré Iblis saiki nélakaké kadjuligané. Pantjèn Iblis iku kuwasa, nguwasani sakèhé manusa, nanging mung Manusa sidji iki sing ora tunduk marang panguwasané. Jèn Manusa sidji iki bisa kelakon sudjud djèngkèng ana ing ngarepé, Iblis mesti tetep dadi ratu lan gusti. Nanging Sidji iki semuné mbandakalani, Iblis wis ngrasa kuwatir Nanging pasang gelaré saiki mesti bisa ngentasi gawé.

Gusti Jésus ditedahi sakèhing kamuljan lan kaéndahaning djagad, ing kono undjuké Iblis klawan tetembungan manohara lan anoraga: „Punika sedaja badé kula sukakaken dateng Sampéjan, anggeripun Sampéjan sumungkem sudjud dateng kula.”

Wah, begdja kemajangan, ngantuk nemu ketuk! Rak aluwung nampani kamuljan lan kasugihan iki katimbang karo nanðang sangsara sing dadi gegadangané!

Éwadéné — Gusti Jésus ngandika klawan duka: „Wis lungaa Sétan! Sebab ana tulisan mengkéné: Pangéran Allahira sira sembaha lan adja ngabekti marang lijané.”

Kaja kataman ing sembur déning dawuh pangandikané Gusti Jésus, Iblis bandjur mak slingker sumingkir ngadoh

Ora kèdat-kèdat enggoné kedumelan klawan ngigit-igit: „Gagal! Nganti ping telu, meksa gagal! Aku asor, nanging Pandjenengané unggul!”

GUSTI Jésus kari anggana. Lah ing kono bandjur ana malaékat paða marek sarta ngladosi Pandjenengané.

Temen-temen Sang Pamarta nindakaké apa kang dadi kersané Sang Rama, temah Pandjenengané bisa unggul ing djurit!

GUSTI JÉSUS WIWIT ANGSAL SEKABAT

SAIKU wis tumeka wajahé Gusti Jésus ngembuli wong golongan, marga kadereng déning gedéning sihé lan kabereg déning Roh Sutji.

Sawisé njepi ana ing pasamunan patang puluh dina lawasé, Gusti Jésus bandjur lelédang ana ing tengahing djagad karaméan.

Keprijé lekasé Gusti Jésus sing wiwitan?

Apa Gusti bandjur wiwit sowan menjang ing dalemé Imam agung sarta manggihi para imam lan ahli kitab apadéné para panggedé ing Jerusaleùm, perlu arep nepangaké jèn Pandjenengané djumeneng Sang Mesih kang dadi panganti-antiné sabangsa kabèh?

Ora!

Apa Gusti miwiti nindakaké kaélokan murih kaweruhana ing wong akèh utawa ngébaraké kasektèn lan kaluwihan nganti wong akèh paða tjingak kambi ngutjap: Lah iku Sang Mesih kang pinasti rawuh? Ora!

Iku mau kabèh ora ditindakaké déning Gusti Jésus!

Purugé Gusti Jésus menjang ing laladané kali Jardèn, menjang panggonané Jochanan Pambaptis nggelaraké piwulangé. Ana ing kono, saka ing antarané wong golongan, Gusti Jésus wiwit angsal sekabat.

Kang paða dadi sekabaté iku dudu wong panunggalané para ulama, utawa para panguwasa utawa para luhur. Sing dipilih djebul mung panunggalané wong amèk iwak, sing pinangané saka Galiléa meðun menjang ing kali Jardèn perlu arep ngrungokaké piwulangé Jochanan Pambaptis, supaja paða olèha wedjangan murih karahajoning uripé.

Nalika semono Jochanan ija weruh Gusti Jésus tindak ana ing antarané wong akèh, iku



„RABBI, PAKÈNDELAN TUWAN WONTEN ING PUNDI?”

ndadèkaké bungahing atiné. Jochanan bandjur njawang wong-wong sing pada ngadeg ing sakiwa-tengené, wong-wong burus ing ati, setya-tuhu, sing tansah ngetutaké Jochanan lan sing wis pada ngakoni dosané sarta kabaptis, sing wis pada mandjing dadi muridé utawa dadi sekabaté. Bareng weruh Gusti Jésus, Jochanan babar pisan ora duwé gagasan: „Supaja aku tetep dadi guruné, aku kudu luwih prajitna, murid-muridku adja nganti pada ninggal aku lan ngetut-buri Jésus!” Ora, — malah Jochanan bandjur nuding Gusti Jésus sarta klawan bungah ngandikani murid-muridé: „Lah iku Tjempéné Allah kang ngrembat nglungakaké dosané djagad!”

Pantjèn kaja mengkono iku njatané. Dudu Jochanan Pambaptis kang bisa ngapura dosa; Jochanan mung bisa ngrungokaké jèn wong-wong pada ngakoni dosané, sawisé iku bandjur mbaptisi wong-wong mau, — nanging Gusti Jésus, sing lagi mentas rawuh iku, jaiku kang djumeneng Panebus. Pandjenengané iku kang djumeneng Putrané Allah, rawuhé ing djagad perlu arep ngrembat dosané manusa kabèh. Kaja patrapé tjempé enggoné kasembelèh, bandjur kagawé kurban ana ing mesbèh ing padaleman sutji, temah njangga sakèhing paukuman kang beneré kudu kaetrapaké marang manusa kang pada nandang dosa, ija kaja mengkono rawuhé Gusti Jésus menjang djagad perlu ngrembat dosaning djagad.

Pangangen-angené Jochanan ora lija mung mengkéné: „Dudu aku kang bisa mitulungi kowé, nanging Pandjenengané! Aku pada kolalèkna, bandjur ndèrèka Pandjenengané, pada ngrungokna pangandikané lan njaosna katresnan marang Pandjenengané, Pandjenengané iku pinasti saja mindak, aku iki saja suda.”

LAH iku Tjempéné Allah!”

Ana muridé Jochanan loro, bareng ngrungu guruné ngandika mengkono iku, bandjur ndèrèkaké tindaké Gusti Jésus. Murid kang sidji djenengé ija Jochanan, lan sidjiné Andréas. Wong loro mau pangawéané amèk iwak lan asalé saka ing laladané segara Galiléa. Bareng Gusti Jésus pirsia jèn tindaké ana sing ndèrèkaké, tumuli minger ningali wong loro mau, sarta ngandika: „Kowé pada golèk apa?” Undjuké: „Rabbi—tegesé: *Guru*—, pakèndelan Tuwan wonten ing pundi?” Undjuké sing kelair sadjaké mung prakara sepélé, nanging sedjatiné isih luwih akèh lan wigati sing arep disuwunaké priksa, saupama kelaira arep mundjuk, mengkéné: „Rabbi, kula mugi sami Tuwan wulang, inggih mugi Tuwan pangandikani bab kekeran warni-warni ingkang kula boten sami mangertos kateranganipun. Manah kula sami ketir-ketir lan was sumelang déning agenging dosa kula. Duh, Rabbi, mugi kula sami Tuwan paringi manah ajem lan tentrem!”

Dawuh wangsulané Gusti Jésus: „Mara ndelenga!” Murid loro mau bandjur pada ndèrèk tindaké Gusti Jésus lan sabatjuté tetep ana ing ngarsané, sarta ndèrèk Gusti ing sa-paran-paran. Saiki Gusti djumeneng Guruné lan wong loro mau dadi *sekabaté*. Suwé-suwé para sekabat mau pada ngerti marang werdiné pirang-pirang prakara kang mauné dianggep kekeran lan pada sumujud sarta tresna marang Guruné klawan gumolonging atiné.

ANADÉNE Andréas duwé sedulur, djene-
ngé Simon, djuru amèk iwak. Udjaré marang Simon: „Aku wis pada ketemu Sang Mesih, jaiku Sang Kristus!” Simon tumuli diirid menjang ngarsané Gusti Jésus.

Kabungahan sing semono gedéné tumrap Andréas ora pisan-pisan arep dikakahi déwé, nanging seduluré ija dikandani supaya mèlu ngrasakaké kabungahan.

Gusti Jésus tumuli mandeng marang Simon, Gusti mirsa *samubarang*, mulané ija mirsa nganti teka telenging atiné wong. Pangan-dikané marang djuru amèk iwak mau: „Kowé iku Simon, anaké Junus; kowé bakal didjene-ngaké Pétrus.” Anèh banget patrapé Gusti Jésus enggoné mbagèkaké tjalon muridé. Nanging Gusti Jésus pantjèn wis pirsam marang Simon, jaiku wong sing atiné kebak katresnan, petel ing gawé, malah ing tembé sawisé marambah-rambah ngalami kalemesan, bakal dadi sekabaté Gusti kang mondjo ing kaku-watan lan kataberèn enggoné nindakaké aja-hané lumados marang Gusti, lan wekasané bakal dadi abdiné Pangéran sing kukuh ba-kuh apinda gunung karang, ngetrepi unining djènengé Pétrus, tegesé *gunung karang*.

NALIKA Gusti Jésus ngladjengaké tindak mengalor menjang ing laladan Galiléa, sing pada ndèrèkaké tindaké wong telu, jaiku: Jochanan lan Andréas karo seduluré: Simon Pétrus.

Ora antara suwé Gusti Jésus kepetuk wong saka ing Bètsaidah, negarané Andréas lan Pétrus, ing pinggiré segara Galiléa. Dawuhé marang wong mau tjekak aos: „Mèlua aku!”

Wong mau — djenengé Filippus — ora suwala, ora godjag-gadjeg lan ora njuwun priksa: „Wonten punapa?”, nanging bandjur ndèrèkaké Gusti Jésus klawan seneng lan mantep. Filippus tetep dadi sekabaté Gusti. Saking gedéning kabungahané marga wis bisa wanuh karo Sang Mesih, Filippus bandjur énggal-énggal marani mitrané sing aran Nata-naèl, perlu arep njritakaké kabungahaning atiné, tembungé: „Aku wis pada ketemu kang kasebutaké déning Musa sadjroning Torèt sarta déning para Nabi, ija iku Jésus putrané Jusup, saka ing Nasarèt.”

Wis mesti baé Natanaèl ija ngerti kajadéné Filippus, jèn Sang Mesih bakal rawuh, malah atiné tansah kebak pangarep-arep muga-muga énggala kelakon, nanging bareng ngrungu: „Putrané Jusup, saka ing Nasarèt!”, atiné mlenggong. Ah mokal, keprijé bisané meng-kono? Mèh ora ketemu ing nalar jèn Sang Mesih iku pinangkané saka ing Nasarèt, désa tjilik. Mulané pangutjapé Natanaèl klawan gela lan mangu-mangu: „Ing Nasarèt apa bisa metu kang betjik?” Nanging Filippus sing atiné mbludag kabungahan lan wis yakin temenan jèn sing dikandakaké iku mau njata, wangsulané mung tjekak: „Mara ndelenga!” Nata-naèl mau bandjur ngetutaké mitrané, nanging atiné mung tansah melang-melang lan maido.

Gusti Jésus bareng mirsa Natanaèl marek ing ngarsané, bandjur ngandika mengkéné: „Lah iku wong Israèl saluguné kang ora kadunungan linjok!” Dadiné Gusti Jésus ija wis mirsa mungguh batiné Natanaèl, kajadéné ija mirsa batiné angger wong. Pandjenengané mirsa jèn Natanaèl iku wong burus, ora tau lelamisan, blaka-suta lan djudjur. Nanging Natanaèl anané mung sumlengeren, djalaran wong sing ditjritakaké Filippus marang déwèké iku mau rak durung tau srawungan, keprijé bisané ngandikakaké jèn „ora kadunungan linjok utawa goroh?” Mulané Natanaèl bandjur mundjuk: „Tuwan wanuh dateng kawula saking pundi?” Enggoné mundjuk mengkono mau klawan gumun, nanging saja mundak gumuné, bareng dipangandikani: „Sadurungé kowé diadjak déning Filippus, Aku weruh kowé ana ing sangisoré wit andjir.” Pangandika sing nggumunaké mau ndjalari Natanaèl mung tansah njawang marang Sang Pamarta klawan pakéring, awit pantjèn kepa-ra njata, Natanaèl nalika diparani mitrané lagi linggih ana ing sangisoré wit andjir kambi ndedonga. Nanging panggonané mau adoh saka ing kono. Éwadéné Gusti Jésus bisa mirsa lan èngget marang déwèké.

Ing sanalika sirna sakèhing was sumelang, lan sakèhing pamaido larud saka ing atiné. Gusti Jésus sanjata dudu manusa lumrah kaja manusa lija-lijané. Pandjenengané ngung-kuli, ngondjoni . . . Klawan bungah Nata-naèl bandjur mundjuk, aturé: „Duh Rabbi, Tuwan punika Putranipun Allah, Tuwan punika Ratunipun Israèl.”

Tekané Natanaèl ing mauné nggawa gagasan arep ketemu karo putrané Jusup kaja sing dikandakaké Filippus, nanging saiki djebul malah ketemu karo Putrané Allah.

Gusti Jésus bandjur mangsuli, pangandikané: „Sarèhné aku tutur ing kowé: Aku weruh ing kowé ana sangisoring wit andjir, mulané kowé pratjaja, nanging kowé bakal weruh lelakon kang luwih élok katimbang karo iku.”

Gusti Jésus bandjur ngladjengaké tindaké, kadèrèkaké sekabaté kang wititan. Mengkono uga Natanaël ija ora kari.

Wong-wong sing pada kepranggul karo wong nenem sing pada lumaku bebarengan mau, mesti ora ana sing duwé panjana, jèn iku Sang Mesih kadèrèkaké sekabaté wong lima.

BAWAHAN MEMANTON ANA ING DÉSA KANAH

KATJARITA ing désa Kanah, ora adoh saka Nasarèt, ana bawahan memanton. Akèh wong désa kanan kéring pada djagong ing kono, mengkono uga Marjam, apadéné kang putra Jésus.

Nalika semono Gusti Jésus dalah sekabaté wong lima kebener ana ing tanah Galiléa, Gusti Jésus karo sekabaté pada diaturi pinarak ndjenengi bawahan mau.

Natanaël wis tepung karo sing duwé gawé, djalaran asalé pantjèn saka ing désa Kanah.

Gusti Jésus dangan rawuh ana ing papaning karaméan, nggugubi kabungahané wong-wong sing lagi pada mangun suka-pari-suka.

Wong sing duwé gawé ora kalebu golongané wong sugih, mulané pasugatan sing diwetokaké ora nganti mubra-mubru. Enggoné duwé gawé mung ngarah saperluné baé, malah kena diarani tjlimèn. Senadjan mengkono, kagawa saka enggoné arep nututi adat kalumrahan, bawahan mau enggeng-enggengan nganti pitung dina lawasé. Kotjapa bareng njandak pitung dinané, anggur sedijan njugata tamu entèk babar pisan. Mangka wis akèh dajoh sing teka. Gèk keprijé polahé sing duwé gawé, saupama dajohé nganti ora disuguhi anggur? Mestiné wong-wong mau ora ana sing gelem njuwé, nanging mung mbatin: Wah, mesakaké temen!

Nanging sing djan memelas iku pangantènè! Iba tjuwa lan wirangé, déné ora bisa njugata tamuné! Nanging keprijé manèh, angguré wis entèk!

Marjam ija ngerti jèn wong sing duwé gawé ketjipuhan banget. Marga saka kamiwelasan, Marjam bandjur njedaki Gusti Jésus karo mbisiki: „Pada ora duwé anggur!”

Généja kok Marjam ngutjap mengkono? Apa karepé?

Marjam wis ngerti, jèn Gusti Jésus kersa mitulungi, sedéla baé karépotané wong-wong mau sirna. Wah saiba senengé, jèn Gusti Jésus saiki uga kersa nedahaké kaluwihané sing tanpa tanding, lan jèn Pandjenengané iku satemené kang djumeneng Nabi kang pinasti rawuh. Généja ta kok isih diendé-endé enggoné arep ngébaraké kamuljané? Marjam,

kang ibu, rak ja wenang ta ngadjap-adjap sing mengkono iku?

„Pada ora duwé anggur!”

Nanging Gusti Jésus mangsuli: „Ibu, sampéjan tumut-tumut punapa dateng kula? Dèrèng dumugi waktu kula.”

Pantjèn njata, Marjam ora ngerti apa-apa sing gegajutan karo prakara kaswargan. Mung Gusti Allah pijambak kang pirsá, kapan waktuné Gusti Jésus miwiti nedahaké kamuljané marang djagad. Lah Marjam, bawané wong wadon sing mung abadan wadag, mesti ora bisa nggajuh kekeran mau.

Éwasemono Marjam bandjur metu klawan lega atiné, lakuné terus menjang panggonané para sinoman.

Gusti Jésus mau ngandika: „Dèrèng dumugi waktu kula.” Pantjèn *durung*. Nanging sawajah-wajah rak bisa kelakon tekan waktuné. Mangka Marjam jakin, saupama Gusti Jésus *kepareng* mitulungi, mesti Pandjenengané *kuwasa*.

Marjam bandjur préntah marang para sinoman, kambi nudingi Gusti Jésus saka kadohan: „Apa sadawuhé marang kowé, iku pada *lakonana*.”

Sawisé iku Marjam bandjur ngentèni, kaja wong sing jakin, jèn kamuljané kang putra sedéla manèh bakal kebar.

ING satjedaké pendapa ana geñong watu l wadahan banju nem idji gedé-gedé, sedijan kanggo sesutji sadurung lan sawisé mangan, utawa kanggo asah-asah grabah lan bala petjah lijané.

Ora antara suwé saka prentahé Marjam, Gusti Jésus bandjur murugi sinoman sing duwé bubuhan ngisèni geñong sarta dawuhé: „Geñongé pada isènanana banju.”

Dawuh mau tumuli diéstokaké, awit wis dipréntah Marjam mengkono, senadjan pada ora ngerti apa karepé préntah mau. Geñong nem idji mau diisèni nganti kebak mentjementjep.

Ing kono Gusti Jésus bandjur ngandika manèh: „Saiki tjiduken, gawanen katur marang pitajaning gawé.”

Bareng ngrungu dawuh mengkono iku, para sinoman mung ndomblong baé. Didawuhi keprijé? Njiduk banju, bandjur diaturaké marang pramugarining bawahan? Kanggo apa?

Nanging para sinoman mau anané mung manut.

Nalika semono Gusti Jésus wis awor lenggah manèh karo para tamu.

Pramugari mau bareng ngitjipi banju, sing digawa sinoman, bandjur alok: „Lah généja iki isih ana anggur: Malah anggur énak, luwih betjik katimbang anggur sing wis dila-

dèkaké dèk wingi-wingi!” Pangantèné lanang tumuli diaturi lan rada dipaido: „Dados sampéjan taksih gadah andungan anggur. Kula kinten, angguripun sampun telas sedaja. Tjobi sampéjan itjipi, rak punika anggur nomer setunggal! Kénging punapa boten sampéjan segahaken rumijin? Limrahipun tijang njegahaken anggur ingkang saé rumijin. Déné menawi para tamu anggènipun ngundjuk sampun kañah, ladjeng njegahaken ingkang kirang saénipun. Mangka sampéjan kok ngandungaken ingkang saé ngantos samangké! -Pangantèn lanang mung njawang pramugari mau, awit ora ngerti apa-apa. Nanging para sinoman bandjur mara lan ngandaraké apa sing mentas kelakon, karo nuding Gusti Jésus: „Punika tijangipun ingkang ndawuhi kula!” Sabandjuré lelakon kang banget ngéram-éramaké mau sedéla baé wis sumebar ing antarané para tamu, pawarta mau tular-tumular saka wong sidji menjang sidjiné, lan angger wong sing ngrungu pawarta mau, bandjur kepéngin mèlu ngrasakaké anggur sing kedadéjané saka banju tawa, mangka rasané ora kalah karo anggur pètingan.

Saiki wong-wong sing ana ing padjagongan mau enggoné njawang Gusti Jésus kanti pakéring lan wedi, djalaran durung pada ngerti, sapa sadjatiné Gusti Jésus iku. Ana sawenèh sing bisik-bisik: „Iku anaké Marjam. Meneng-meneng bisa njulap banju dadi anggur. Gèk keprijé bisané? Mestiné bakal dadi nabi gedé!”

Nalika iku sing gedé banget panuwuné marang Gusti Jésus iku pangantèné lanang, awit wis olèh pitulungan; déné sing bungah lan lega atiné iku Marjam, lan sing mundak mantep pangandelé iku sekabat wong lima. „Sanjata Pandjenengané iku Sang Mesih, Putrané Allah. Wiwitan mula aku wis pada ngandel, nanging saiki aku wis pada yakin temenan,” kaja mengkono pangunandikané sekabat wong lima mau klawan kabungahan.

IKU mau pratanda kang kawitan kang mbaraké mahakuwasané Gusti Jésus ana ing ngarepé wong akèh. Lan ora mung sepisan dji iku baé enggoné wong-wong bakal njawang marang kebabaring kamuljané Gusti Jésus, malah nganti ora kena diwilang tjajahé kaélokkan sing diparingaké marang djagad. Nanging selawasé ora tau Gusti Jésus ngagem mahakuwasané kang makolèhi *Diri-pribadi*, senadjana Gusti lagi nandang kemlaratan lan karépotan pisan. Gusti Jésus *tansah* ngagem kaélokkan mau samangsa perlu *njlametaké* manusa, lan samangsa arep *ngluhuraké* Sang Rama kang ana ing swarga.

Ana ing bawahan memanton ing Kanah Gusti Jésus malihaké banju dadi anggur,

nanging enggoné nindakaké mau klawan *sideman*, ora ndadak nglumpukaké wong akèh utawa ora ndadak njebar wara-wara luwih disik Pakarjané Allah kang sarwa élok lan ngéram-éramaké iku kelakoné *tansah tanpa sabawa*, kajadéné mingseré lintang-lintang ing langit wajah bengi, pinda mekaring kembang-kembang sing ketaman soroting srengéngé ing wajah awan.

ING JERUSALÈM


KATJARITA, nalika ngarepaké rijaja Paskah, Gusti Jésus lan para sekabaté bandjur tindak menjang ing Jerusaleùm, perluné pada arep ngéling-éling rijaja Paskah kang kawitan dèk djaman kuna lan ngéling-éling bab gedéning sihé Gusti Allah marang umat kagungané. Pangéling-éling mau ditindakaké ana ing padaleman sutji ing Jerusaleùm.

Kuça Jerusaleùm wiwit mundak ramé. Umjung swarané wong golongan sing pada teka saka désa ngadésa. Déné sing raméné pada karo pasar sing lagi tumawon iku ing sakiwa tengené padaleman sutji, malah ing djero palatarané, sangarepé padaleman sutji.

Ing kono panggonané para imam njaosaké kurban lan panggonané wong-wong sing pada nggawa kurban; ing kono ija papané wong pada sembahjang, béda-béda patrapé, ana sing tanpa swara, sembahjangé mung dibatin baé, ana sing njuwara seru supaya kaweruhana ing wong akèh; nanging—ana ing palataran kono uga, ing ngiringan, akèh wong sing pada adol sapi lan weðus, apadéné manuk dara, njedijani kabutuhané wong sing pada arep saos kurban. Blantik-blantik mau enggoné njuwara nawakaké dagangané wis tanpa ngèngèh-ngèngèh, binarung swara pambe-ngahé sapi lan pangembèké weðus, wis ora ngélingi wong-wong sing lagi pada sembahjang, adja manèh ngélingana gedéning sihé Allah marang umat kagungané, djalaran sing pada diudi lan dipikir mung duwit, saja akèh, saja betjik.

Ing kana kéné ana médja èndèk, médjané wong paréjalan, duwité petjah wis ditaning-taning ing ngarepé, njedijani wong-wong saka mantja pradja sing pada arep ngidjolaké duwité, wis mesti baé sing diudi wong-wong paréjalan mau ora lija ija mung undaking duwité déwé.

Saben wong arep mlebu ing padaleman sutji, kudu asok pisungsung satengah sèkel; iku wis dadi pisungsung adjegan. Lan sing ora duwé duwit tengahan sèkel, ora perlu kuwatir, awit wong paréjalan wis njedijani kabutuhané, waton kurup karo kangélané. Mulané wong-





„IKU IJA AKU IKI, KANG LAGI SAPOTJAPAN KARO KOWÉ.”

wong paréjalan mau mèlu bengak-bengok nawakaké duwité.

Duwit liru duwit. Wong-wong sing mata duwiten mau sing diojak mung duwit, lan bebatèn utawa kasugihan.

Kasutjèning padaleman sutji, utawa pakéring marang Allah wis ora katon babar pisan prasasat wis kesasaban ing duwit!

Kaja mengkono iku kaanané padaleman sutji nalika semono jèn pinudju rijaja. Para imam lan wong-wong sing pada saos ing padaleman sutji ora ngrèwès babar pisan; saking kulinané malah wis ora ngrungu swara gumeder lan bengak-bengoké wong dol-tinuku. Wong-wong mau sadjatiné ija ngrasa jèn patrap mengkono mau murang tata lan njulajani wingité padaleman sutji, nanging keprijé manèh, kaanan mau wis ora kena diowahi utawa wis dianggep lumrah lan ora ngrusuhi pagawéané para imam.

KOTJAPA, nalika semono Gusti Jésus rawuh. Apa kaja mengkono iku wudjudé padaleman sutji kagungané Allah? Apa iku dalemé Sang Rama? Bareng mirsa kaanan mengkono mau Gusti bandjur banget rengu galihé. Wis wiwit bijèn mula, jèn rawuh pinudju rijaja, ija ora dangan lan rena ing panggalih mirsani wong-wong sing pada ora duwé éring babar pisan marang padaleman sutji, malah dipadakaké karo pasar, nanging Gusti mung kèndel baé, awit tumrapé wong akèh Pandjenengané isih dadi tukang kaju saka Nasarèt. Nanging saiki? Saiki wis tumeka wajahé Pandjenengané ngatingalaké kalenggahané enggoné djumeneng Sang Mesih, Putrané Allah.

Pandjenengané bandjur mundut tampar-tampar kadamel petjut. Wong-wong mau dalah radjakajané pada ditundungi metu saka ing papan kono; duwité wong paréjalan disuntak lan médjané digulingaké. Wong-wong sing mauné bengak-bengok ngumbar swarané, saiki tjep klakep kaja orong-orong dipidak, sidji baé ora ana sing mangga pulih ana ing ngarsané Gusti, djalaran wong-wong mau pada ngrasa jèn ana daja prabawa lan kasektèn metu saka ing sarirané Prija sing lagi anjar katon mau. Kabèh pada sumingkir ndeleng pantjerenging tingalé. Pangandikané marang wong-wong mau klawan sereng: „Barang-barang iki singkirna saka ing kéné. Padalemané Ramakku adja kogawé omah pada-gangan!”

Wong-wong mau kabèh, dalah para imam lan kang pada saos ing padaleman sutji, kagèt lan tjingak njawang tandang tanduké Gusti Jésus.

Sapa ta wong iku? Apa ta karepé? Keprijé bisané wani lan kuwasa tumindak mengkono iku?

Nanging ora antara suwé para imam pada pating kedumel nélakaké ora trima. Djalaran para imam mau pada rumangsa ditjahak wewenangé ana ing padaleman sutji. Généja wong anjar iku arep kumawasa tumindak ing sakarep-karep tanpa ndjaluk idiné para imam? Satemené para imam mau ija wis ngrumangsani ing sadjeroning ati, jèn wong anjar mau ora luput, malah tindaké mau kena diarani panggawé betjik, sing beneré dadi bubuhané para imam, nanging sing pada dilirwakaké. Mulané para imam mau satemené bakal kawirangan, awit kewelèh enggoné pada tlédor. Dadiné para imam pada nesu lan ora rena babar pisan ndeleng tandangé wong anjar mau. Sapa ta wong iku?

Gusti Jésus bandjur ditjedaki, dirubung kambi disawang, ana sing satengah wedi, ana sing satengah nesu lan wekasan pada njelani undjuk, mengkéné: „Kadospundi déné Pandjenengan saged nindakaken pandamel kados mekaten punika? Punapa sebabipun déné tijang-tijang punika sami kepladjeng namung déning Pandjenengan tijang setunggal? Sinten ta Pandjenengan punika? Sumangga Pandjenengan ngatingalaken pratanda, supados kula sami mangertos, bilih Pandjenengan punika saèstu djumeneng nabi ageng.”

Nanging satemené Gusti Jésus ora tau ngagem pratanda kaélokan kanggé ngébaraké pangwasané, mulané dawuh wangsulané: „Kowé pada mbubraha padaleman iki, sadjroning telung dina bakal dakadegaké manèh.”

Wangsulan kang anèh. Wong Jahudi mung pada mènjèp. Mangsa, padaleman sutji kang nganti patang puluh nem taun lawasé enggoné kabangun, kok mung arep diadegaké sadjeroning *telung dina* Mokal!

Wong-wong iku babar pisan ora duwé éring marang wong anjar mau. Kagawa saka dju-brijaning atiné wong-wong mau pada sujik ngrungokaké marang Pandjenengané kajadéné marang nabi.

Mangka satemené wong-wong ora bisa ngerti apa tegesé wangsulan kang anèh mau. Ngadegaké padaleman sutji ing sadjeroning telung dina? Mokal! Nanging Gusti Jésus enggoné ngandika mengkono mau, ana prakara lija kang dikersakaké. Sing arep diadegaké mau dudu padaleman sutji jasané para leluhur dèk djaman bijèn, nanging Gusti Jésus mangandikakaké bab sarirané pijambak. Mengkono uga para sekabat ija pada durung njandak pangandikané Guruné, nanging ing tembé, sawisé Gusti Jésus séda lan ing telung dinané wungu manèh saka ing pasaréané, ing nalika semono para sekabat lagi baé ngerti tegesé wangsulané Gusti Jésus kang anèh mau.

Nanging tangkepé wong-wong Jahudi marang Gusti Jésus medjanani banget.

SASUWÉNÉ rijaja Paskah Gusti Jésus bola-bali rawuh ana ing palataran padaleman sutji. Ing kono Pandjenengané wiwit meḍar sabda lan memulang wong golongan; ana ing kono Pandjenengané ija ngatingalaké prantanda kaélokkan warna-warna: paring pitulungan marang kang paḍa kesrakat, wong lara paḍa diwarasaké lan kang nandang seḍih paḍa diparingi panglipur.

Akèh banget tjatjahé wong kang paḍa pratjaja lan tresna marang Pandjenengané, kajadéné Jochanan lan Pétrus sarta Andréas lan lija-lijané enggoné kasok katresnané marang Gusti Jésus. Saben dina wong-wong mau paḍa sowan ana ing ngarsané perlu ngrungokaké weḍaring pangandikané Gusti, apadéné paḍa ora bosen-bosen njebar warta marang angger wong sing gelem ngrungu: „Sanjata Sang Mesih wis rawuh, lan aku wis paḍa ndeleng kamuljané!”

Nanging para pangarepé bangsa Jahudi, para Farisi lan ahli kitab, paḍa ora pratjaja. Pantjèn nggumunaké banget prakara-prakara kang mentas paḍa dirungu lan dideleng, nanging keprijé bisané ketemu ing nalar jèn Sang Mesih iku pinangkané saka ing désa Nasarèt? Semuné wong anjar mau mèmper wong tjulika. Saka panjanané kang diarani Sang Mesih iku mesti sédjé banget kaanané.

ÉWADÉNÉ

Eng wajah bengi ngarepaké wajah sirep wong, ing kuṭa Jerusalèm sing wis sepi ana wong lanang mlaku idjèn; wong mau panunggalané para Farisi lan ahli kitab, kalebu pangarepé wong Jahudi, wong kadjèn kéringan ana ing Jerusalèm; namané Nikodémus.

Enggoné mlaku mlipir-mlipir milih panggonan kang rada linduk, pamurihé supaja adja nganti kaweruhan ing wong.

Bareng tekan ing ngarep omah pamondokané Gusti Jésus nalika semono, Nikodémus bandjur toṭok-toṭok lawang, lan mrasadjakaké karepé enggoné kepéngin ketemu karo Gusti Jésus.

Gusti Jésus ora nampik pisowané Nikodémus. Pandjenengané ija pirsá, jèn Nikodémus mestiné pakéwuh banget ingatasé para pangarepé wong Jahudi, mulané enggoné sowan milih wajah bengi, éwadéné Gusti Jésus miḍangetaké kabèh aturé Nikodémus klawan rena ing galih.

Mungguh Nikodémus déwé sedjatiné durung bisa olèh wawasan kang gumaṭok ingatasé nabi anjar sing pinangkané saka Nasarèt iku. Pawong mitrané, jaiku para Farisi lan ahli kitab, paḍa ngarani, jèn wong iku tukang ngapusi, nanging osiking atiné Nikodémus ora bisa mbeneraké panemu mengkono iku. Batiné mengkéné: „Ora mokal jèn iku sanjata

kang djumeneng Sang Mesih. Mulané tjoba sowana, njuwuna pirsá déwé, lan tilingna kang dadi pangandikané”

Klawan andap-asor Nikodémus mundjuk ana ingarsané Gusti Jésus: „Rabbi kawula sami sumerep, bilih rawuh Tuwan dados guru punika saking karsanipun Allah, udjer boten wonten tijang ingkang saged nindakaken prantanda kados ingkang Tuwan tindakaken punika, menawi boten tinunggil déning Allah”

Ing nalika iku Gusti Jésus bandjur ngandikakaké prakara warna-warna. Gusti Jésus mratélakalé klawan tjeṭa, jèn manusa ora bisa olèh karahajon lan ora bisa olèh kaswargan, samangsa ngemungaké netepi lan nglakoni sakèhing angger-angger sing wis diparingaké déning Musa lan angger-angger tambahan gawéané para Farisi. Patrap mengkono iku ora bisa makolèhi tumrapé manusa. Djalaran sing kudu diowahi iku *atiné*, atiné manusa kudu kebak katresnan marang Allah, lan sabarang gawé kang ditindakaké déning manusa, iku tumindaké mung karana saka katresnané marang Allah, minangka tjihna-ning atur panuwuné.

Manusa iku satemené kudu dadi manusa *anjar*, dadi kudu *dilairaké kaping pindo*.

Nikodémus nilingaké sakèhé ḍawuhé Gusti, nanging durung bisa njandak tegesé kabèh. Pangandikané Gusti Jésus béda banget karo piwulangé para ahli kitab.

Sabandjuré Nikodémus isih diparingi wedjangan apa werdiné nabi Musa ing djaman kuna gawé rerékan ula, bandjur disengkakaké ana ing pasamunan, jaiku ing nalika bangsa Israèl katempuh ing ula mandi pirang-pirang, sapa sing ditjakot, mesti nemahi mati. Musa tumuli mandjer rerékan ula, mangka ija kelakon saben ana kang katjakot ing ula, angger mandeng marang rerékan ula tembaga mau, temah lestari urip.

Nikodémus wis ngerti tjritané, nanging durung njandak eliding tjrita, Gusti Jésus bandjur ngandika: „Kajadéné rerékan ula iku enggoné disengkakaké déning Musa ana ing pasamunan, ija mengkono uga Putrané Manusa enggoné pinesti kasengkakaké. Awitdéné Allah enggoné ngasihi marang djagad iku kongsi masrahaké Kang Putra ontang-anting, supaja saben wong kang ngugemi, adja kongsi nemu karusakan, nanging nduwè-nana urip langgeng.”

Tumrap Nikodémus pangandikané Gusti Jésus kang mengkono iku pantjèn ketembèn enggoné ngrungu, nanging ija wis bisa njandak kang dadi sarining pangandika: „Sang Mesih pinesti kasengkakaké ana ing kaju salib, nganti nemahi séda. Lan saben wong kang pratjaja marang Pandjenengané, bakal kapingan urip langgeng.”

Nikodémus bandjur njawang marang Gusti Jésus. Apa iki kang djumeneng Sang Mesih? Apa Pandjenengané pinesti séda sinalib, murih kaslametané manusa kabèh?

Pikirané Nikodémus ora amot nampani wadangan semono kèhé, nanging ing sadjeroning atiné wis ana pepuntoning panimbang: „Pandjenengané iki kang djumeneng Sang Kristus utawa Sang Mesih, ija Putrané Allah!”

Nikodémus bali manèh, ing sadalan-dalaman mung tansah ngrasak-rasakaké apa sing mentas dirungu.

Pangandikané Gusti Jésus kabèh dilebokaké ing atiné. Ing tembé — telung taun manèh sapungkuré lelakon mau — nalika Gusti Jésus kasengkakaké ing kaju salib nganti tumeka ing séda, bandjur nalika arep kasarekaké, nalika iku pangandika sing tjumatet ana ing atiné Nikodémus kebarbar dadi panglipur kang ngledjaraké ati. Nalika semono Nikodémus uga teka nglajat, ora dedemitan manèh kaja nalika ing wajah bengi bijèn, nanging ngedèng kaweruhan ing wong akèh, malah nggawa pisungsung tjaruban blendok mur lan kaju garu kagawé sarat ngulesi lajoné Gusti Jésus, ija Gusti pepundèné Nikodémus, kang ngangsalaké karahajoning uripé ing salawas-lawasé.

GUSTI JÉSUS LAN WONG WADON SAMARIA

NUDJU sawidjining dina, wajah bebug nawan, ing satjedaké kuṭa Sichar ing tanah Samaria, ana sawidjining Prija lenggah ing tepining belik kang karan beliké Jakub, djalaran — miturut gotèké — belik mau tilarané Ieluhur Jakub ing djaman kuna.

Prija kang lagi lenggah ngaso saka enggoné lelampah iku Gusti Jésus. Para sekabat lagi paḍa menjang kuṭa arep tuku roti. Gusti Jésus lenggah ngaso ana ing kono, sarèhné sajah lan ngelak, ora béda karo wong lumrah kang kena ing sajah lan ngelak, marga saka enggoné lelampah adoh ngambah ara-ara ngentak-entak.

Mentas baé Gusti Jésus nilar tanah Judéa, ing kono Pandjenengané ija memulang kaja déné nabi Jochanan Pambaptis, lan para sekabaté ija paḍa mbaptisi wong akèh.

Saiki Pandjenengané tindak wangsul menjang ing tanah Galiléa, tindaké nratas ing laladané tanah Samaria.

Tanah Samaria?

PARA Farisi, jaiku wong-wong Jahudi kang ambek gumedé, paḍa duwé pangira, jèn bangsané iku kang pinundjul déwé ing djagad, mulané ija ora sudi ngambah tanahé bangsa

Samaria. Wong-wong Jahudi pilih mubeng nganti pirang-pirang dina lan pirang-pirang djam enggoné paḍa mlaku katimbang ngambah tanah sing disirik.

Bangsa Jahudi iku satruné bebujutan bangsa Samaria. Enggoné paḍa sesatron mau wis olèh pirang-pirang atus taun, wis wiwit nalika bangsa Israèl diulihaké saka ing tanah Babil. Nalika semono sing paḍa dedunung ing tanah Israèl bangsa mantja, sing ija paḍa gelem ngabekti marang Gusti Allah lan paḍa saguh mbijantu mbangun padaleman sutji ing Jerusalem; nanging bangsa mau paḍa ditampik déning bangsa Israèl, djalaran bangsa mau ora kalebu bangsa Jahudi deles, mulané paḍa suṭik gepok sénggol karo bangsa Samaria mau.

Enggoné sesatron mau mundak taun ora saja suda, nanging malah saja wuwuh pangigit-igité.

MULANÉ rada nggumunaké déné kok Gusti Jésus enggoné tindak nratas tanah Samaria sing tansah disingkiri déning bangsa Jahudi, malah bandjur pinarak lenggah ngaso ana ing tepining belik. Senadjan ngelak lan sajah, lan senadjan banju ing belik katon kintjlong-kintjlong méntjutaké, éwadéné Gusti Jésus ora bisa ngundjuk, djalaran ora kagungan sing kagem nimba.

Ora adoh saka panggonan kono ana kuṭa kang aran Sichar dumunung ana ing lebak ing antarané gunung Ébal lan Gerizim, ija ana ing panggonan kono ing djaman kuna enggoné Jusak damel pradjandjian karo umat Israèl lan paḍa dipatjaki pranatan lan sarak: kang paḍa njingkur marang Allah bakal kataman ing wewelak, déné kang paḍa ngantepi pangabektiné bakal kapanduman berkah mawantu-wantu.

Ora antara suwé, lah ana wong wadon Samaria teka nggawa klentjing arep ngangsu. Semuné rada kagèt déné ana Prija lenggah ing tepining belik, nanging wong wadon mau ora uluk salam utawa aruh-aruh, djalaran wis ngerti, jèn wong mau panunggalané bangsa Jahudi kang digetingi déning bangsané.

Wong wadon mau tumuli nimba.

Gusti Jésus mung ngentèni baé Apa wong wadon mau ora weruh, jèn Pandjenengané sajah lan ngelak, banget mbetahaké banju munga satjegukan baé? Apa wong mau wentala ora njaosi ngundjuk marang Pandjenengané?

Nanging wong wadon mau meneng baé.

Mulané Gusti Jésus bandjur ngandika: „Aku wènèhana ngombé.”

Keprijé? Wong Jahudi mau wani ndjaluk ngombé? Apa gelem ngombé saka ing klentjingé? Klentjingé wong Samaria rak dina-djisaké déning wong Jahudi? Mulané klawan

gumun lan ing semu njudjanani, wong wadon mau bandjur mundjuk marang Gusti Jésus: „Kadospundi déné Sampéjan tijang Jahudi teka neđa ngombé dateng kula tijang Samaria?

Nanging Gusti Jésus mangsuli, pangandikané: „Menawa kowé sumurupa ing peparingé Allah, lan sapa wongé kang tutur ing kowé: Aku wènèhana ngombé, mesti kowé kang ndjaluk marang wong iku, tumuli diwènèhi *banju urip*.”

Bareng ngrungu pangandikané Gusti Jésus mengkono iku, wong wadon Samaria mau saja mundhak gumun lan sudjanané, malah ora ngerti babar pisan apa karepé *banju urip* sing arep diparingaké. Apa *banju* sing mentas ditimba saka beliké Jakub ora luwih betjik? Banju sing ing djaman kuna wis diagem ngundjuk leluhur Jakub dalah para putra wajahé turun-tumurun, apa isih ana banju sing ngungkuli betjiké? Apa wong Jahudi iku ngerti dunungé banju sing luwih betjik? Lan keprijé bisané ngangsu tanpa nggawa piranti apa-apa?

Mulané undjuké wong wadon mau: „Angsal Sampéjan toja gesang punika saking pundi?” Wangsulane Gusti Jésus luwih nggumunaké manèh. Pangandikané: „Sapa wong kang ngombé banju iki, bakal ngelak manèh nanging sapa wong kang ngombé banju pawèhku iku, bakal ora ngelak *ing salawas-lawasé*.

Ora bakal ngelak manèh? Banju apa ta sing arep diparingaké? O, iba senengé jèn bisa olèh banju urip! Mulané undjuké sadjak kesusu: „Tuwan, kula Sampéjan sukani toja punika, supados sampun ngantos ngelak, sarta sampun susah ngangsu mriki malih.”

Wong wadon mau tetéla ora bisa njandak apa kang dikersakaké Gusti Jésus. Senadjan wong mantja, nanging manut panjawangé Gusti Jésus iku sumanak banget. Ora mokal jèn bisa maringi apa-apa sing wong-wong lija pada ora bisa mènèhi. Nanging gèk apa sing arep diparingaké? Wong wadon mau ora weruh. Banju urip, wah, iba senengé jèn ora bakal krasa ngelak manèh ing sabandjuré! . . . Keprijé bisané? Banget pangarep-arepé muga énggal kaparingana. Gusti Jésus ija ora kekilapan, jèn wong wadon mau durung njandak tegesing pangandikané. Gusti Jésus kepareng paring pirsá . . . Banju sumur mesti ora bisa ngolèhaké kabegdjan marang manusa, pantjèn ing sadjagad rat ora ana banju sing bisa ngolèhaké kabegdjan langgeng. Nanging wong wadon mau bisa olèh kabegdjan langgeng samangsa bisa nggajuh marang pangapuraning dosa lan sihé Allah . . . Dosané wong wadon mau! Gusti Jésus kepareng nedahaké sepira gedéning dosané. Lan samangsa wong mau ngrumangsani lan nggetuni dosané, Gusti ija bakal kepareng maringi pangapura.

Pangandikané — iki ija nggumunaké manèh: — „Lungaa ngundang lakimu, endang mrénéa!”

Wong wadon mau kagèt, awit rumangsa kewajak enggoné wis nglakoni piala, bandjur mundjuk: „Kula boten gadah laki.”

Ing kono pangandikané Gusti Jésus: „Bener udjarmu: Kula boten gadah laki. Sabab enggonmu laki wus ambal kaping lima, mangka kang samengko iku dudu lakimu; sajektiné baé udjarmu mengkono iku.”


Wong wadon mau dadiné wedi kaworan isin. Sanjata ngéram-éramaké banget, déné Pandjenengané nganti pirsá marang lelakoné. Keprijé bisané pirsá? Pantjèn wong wadon mau landjah, murang kasusilan; wis kaping lima ninggal lakiné, bandjur ngetutaké wong lanang lija sing dudu lakiné. Nanging keprijé bisané Prija mantja iku pirsá marang tingkah polahé? Undjuké: „Gusti, sampun tetéla sumerep kawula bilih Tuwan punika nabi.” Pamikiré sadjeroning atiné kira-kira mengkéné: „Bokmenawa nabi iki kuwasa mitulungi aku, supaja aku dadia wong betjik lan ninggal wewatekanku kang ala. Aku ora ngerti keprijé bisaku marek ing ngarsané Gusti Allah. Miturut kandané wong Jahudi, jèn wong arep sowan ngabekti marang Allah kudu ana ing Jerusalèm, mangka bangsaku enggoné pada sudjud mung ana ing gunung Gerizim kaé . . .”


Wong wadon mau nudingi gunung Gerizim, ngawasaké dalem pamudjan kang diadegaké ana ing kono, bandjur njuwun priksa marang Gusti Jésus ana ing endi panggonané jèn arep nglakoni sudjud marang Allah.

Ing kono Gusti Jésus bandjur kepareng nerangaké, jèn wong sing pantjèn temen-temen arep ngabekti marang Allah, iku enggoné sudjud bisa ing saenggon-enggon. Ing endi-endi baé Gusti Allah ana, mulané ija bisa disudjudi ing saenggon-enggon, waton enggoné sudjud mau klawan terus ing batin lan ing sadjatiné, awit wong sudjud kang mengkono iku kang dadi keparengé Allah.

Wong wadon mau nggatèkaké banget marang dawuh wangsulane Gusti Jésus. Pepeteng ing atiné wis wiwit sumilak, lan katon ana trontong-trontongé pepadang kang gawé ledjaring atiné. Wong mau ija ngerti, jèn Sang Mesih bakal rawuh lan bakal ngluwari manusa kabèh saka ing dosané. Samangsa Sang Mesih rawuh, tan kena ora mesti bakal mangandikakaké prakara-prakara kang nengsemaké lan bakal ngirid manusa sowan marang ngarsané Allah. Kaja mengkono iku miturut wulangané para imam ing tanah Samaria. Iba begdjané jèn Pandjenengané kelakon rawuh, lan bandjur kepareng ngluwari awaké saka ing dosané!

Rasaning atiné kang mengkono mau diun-





„PADALEMANÉ RAMAKKU ADJA KOGAWÉ OMAH PADAGANGAN!”

djukaké marang Gusti Jésus. Dawuh wangsulané Gusti Jésus: „Iku ija Aku iki, kang lagi sapotjapan karo kowé.”

Ora njana, ora ndimpé, jèn Prija iki Sang Mesih! Mangka mau dikira satruné. Wong wadon mau enggoné njawang Gusti Jésus klawan gumun lan isin banget, nanging atiné kebak kabungahan gedé. Wong wadon mau ngandel lan pratjaja . . . Ing sanalika iku uga wong wadon mau bandjur ninggal klentingé, lan ora merduli para sekabat sing mentas pada teka, bandjur énggal-énggal bali menjang ing kuṭa, saben wong sing kepeṭuk pada dikandani: Mara pada mèlua ndeleng wong kang ngwetjakaké marang aku apa salelakonku kabèh. Apa ija kirané iku Sang Kristus, ija Sang Mesih kang pinasti rawuh?” Wong wadon mau ora bosen-bosen enggoné njaritakaké lelakoné ana ing belik, lan meksa-meksa wong akèh pada diadjak marek bareng karo dèwèké, awit kabungahan gedé kang tumama ana ing atiné iku rak ora mung kanggo awaké dèwé; wong-wong lijané ija dipurih mèlu ngrasakaké kabungahan.

SALUNGANÉ wong wadon mau, Gusti Jésus kari bareng karo para sekabat. Kabèh pada gumun déné Gusti Jésus teka imbal pangandika karo wong wadon Samaria. Éwadéné ora ana sing wani mundjuk apa-apa.

Roti olèh-olèhé saka kuṭa bandjur pada diladèkaké, lan Gusti diaturi ḍahar, nanging Gusti ora karsa ḍahar, kaja-kaja wis ora mbe-tahaké ḍahar manèh. Para sekabat mung pada éram.

Satemené para sekabat mau pada durung ngerti marang kawontenané Gusti Jésus. Pandjenengané kang maha asih, senadjan sarirané nandang sajah, ngelak lan ngelih, djalaran sarirané kang asipat badan waḍag ija kadunungan apes kajadéné awaké manusa lija-lijané, bareng nguningani ana wong kang perlu kaparingan pitulungan, malah perlu kaluwaran saka ing dajaning dosa, bandjur kasowanaké marek ing ngarsané Allah, ing kono rasa sajah, ngelak lan ngelih sirna sanalika. Kang dadi ḍaharé ija iku enggoné nglampahi karsané Sang Rama lan ngrampungaké ajahané.

Mangka sing perlu dipitulungi iku mung wong wadon Samaria. Nanging sadjatiné rawuhé iku ora ngemungaké kanggo mitulungi bangsa Jahudi baé; sadéngah bangsa lan saben wong senadjan sepira gedéning dosané, angger pada kaduwung lan pada gelem ngrungokaké pangandikané, mesti bakal pada dipitulungi slamet.

○RA antara suwé, lah brol-brolan wetuné wong Samaria, lanang wadon, nom tuwa,

saka ing djero kuṭa, marani panggonan lenggahé Gusti Jésus. Kabèh pada kepéngin weruh lan njawang marang Pandjenengané. Kabèh pada ngrungokaké lan nggatèkaké marang pangandikané, sarta atiné pada kepranan déning piwulangé . . . Wong Samaria mau ora ana sing kélingan jèn Pandjenengané iku wong Jahudi, lali jèn satruné wong Samaria. Sing pada dipendeng mung Sang Mesih sing wis ngédja-wantah lan lagi medar sabda, temah akèh wong Samaria sing pratjaja marang Gusti Jésus.

Kang iku wong Samaria bandjur pada duwé atur panjuwun marang Gusti Jésus, muga karsaa lereb ana ing kuṭané, lan maringi pangandika lan piwulang marang tunggal bangsané.

Gusti Jésus ora nampik panjuwunan mau, tumuli lereb ana ing kono nganti rong dina, ing kuṭa Sichar, ing tengahé wong-wong Samaria sing dadi satruné bebujutan wong Jahudi. Nanging ana ing ngarsané Gusti Jésus, sapa sing isih mikir bab sesatron lan sesengitan?

Samangsa Gusti Jésus biḍal manèh saka panggonan kono, keprijé? Ora ana sing bisa ngétung pira tjatjahé wong sing pada mandjing pratjaja, sing pada tresna lan sumujud marang Gusti Jésus lan nemu karahajon.

Siḅ bisa nguningani ija mung Pandjenengané pijambak, lan Sang Rama ing swarga, kang tansah diéstokaké dawuhé lan dirampungaké ajahané.

MBENERI DINA SABBAT ING NASARÈT

KATJARITA mbeneri dina Sabbat ing kuṭa Nasarèt lakuné wong ndilir, pinangkané saka ing endi-endi, kabèh pada nunggal sedya menjang ing mesdjid, menjang ing dalem pamudjané Pangéran. Ing kono pada arep bebarengan karo pangareping mesdjid ngundjukaké pandonga, sarta ngrepèkaké kekidungan pamudji, apadéné ngrungokaké pamatjaning angger-anggeré nabi Musa lan kitabé para Nabi. Kaja mengkono iku pakulinané wong-wong ing kono saben dina Sabbat.

Nanging nalika semono . . .

„Tjoba titènana, ” udjaré wong sawenèh, „saiki Jésus ija teka, kaé ta Jésus, anaké Jusup tukang kaju!” Kabèh bandjur pada mèngo ndeleng menjang panggonan pinaraké Gusti Jésus. Wis ana sawetara sasi Gusti Jésus nilar kuṭa Nasarèt, nanging saiki wangsul manèh. Pawarta manéka warna bandjur kawentar ing saindengé djadjahan kono kabèh. Ana kang njritakaké jèn Pandjenengané ana ing bawahan manton ing désa Kanah malihaké banju

dadi anggur, wong lara pada diwarasaké tanpa djedjamu Mangka saiki Pandjenengané ana ing kuṭané, ing Nasarèt, wah, mbok ija kersa nindakaké kaélokkan kaja ana ing kuṭa-kuṭa lijané. Mestiné baé ija kersa, saja manèh ana ing kuṭané déwé, temah wong-wong tangga teparoné, mitra karuhé bakal pada bisa njipati déwé.

Panjawangé wong-wong marang Gusti Jésus ngemu pangarep-arep bisaa ndeleng kaélokkan lan mukdjidjat warna-warna.

Kotjapa sarampungé pada ndedonga lan matja angger-angger, bandjur pada bebarengan ngrerepi nganggo masmur. Gusti Jésus ija mèlu ngrerepi lumrah lan pasadja kaja adaté wong Israèl sing ngibadah, jèn pada memudji ngluhuraké Allah.

Nalika semono merboté mesdjid bandjur ndjupuk gulungan kitab, jaiku kitabé nabi Jesajah, sing kebener kudu diwatja ing dina Sabbat iku. Wong-wong wis wiwit pada pating klesik, pangutjapé: „Lah kaé, delengen!

Gusti Jésus bandjur tindak madjeng, minggah ing panggonan mimbar, jaiku panggonané para ulama jèn lagi memulang ana ing mesdjid, tumuli nampèni kitab saka tangané merbot, awit kersa maos. Gulungan kitab bandjur kaḍaran, lan madosi sing arep diwaos.

Wong-wong ing mesdjid kabèh pada siḍem permanem, ketungkul enggoné pada ngingetaké lan kepéngin ngrungokaké Kuwi rak mung anak tukang kaju! Wani-waniné arep matja kitab lan memulang!

Gusti Jésus bandjur miwiti maos, swarané kepénak dirungokaké, déné surasané kitab kang diwaos mengkéné:

„Rohé Pangéran ngajomi Ingsun, awitdéné Pangéran wus ndjebadi Ingsun, kaḍawuhan martakaké Indjil marang wong miskin, lan marasaké kang pada rempu atiné; kautus ngundagaké luwaré wong kang pada kinundjara, lan pulihing pandelengé wong pitjak, ngentasi wong kang pada kinaniaja, sarta ngundagaké djaman kang dadi keparengé Pangéran.”

Kitabé sawisé kagulung lan kabalèkaké marang merbot, Gusti Jésus bandjur pinarak arep memulang, kaja sing wis dadi adaté ing mesdjid.

Wong-wong saja mundak siḍem permanem, kabèh pada ndjinggleng ngawasaké Gusti Jésus. Gagasané: Gèk apa baé sing arep diwulangaké? Surasané kitab sing mentas diwaos mau wis akèh sing pada ngerti; isiné pantjèn mbungahaké atiné saben wong sing pada ngrungu.

Kabèh pada rumangsa dadi wong miskin; wong lara ora kurang ing kuṭa kono; wong sing nandang susah, jaiku sing pada rempu atiné, lan manèh wong kang kinundjara,

jaiku wong-wong kang kinundjara déning hawa-nepsu lan dosané déwé, kinundjara déning pangwasané Sétan, o, wong-wong sing kaja mengkono ing Nasarèt ora ngujang, dalah ing mesdjid kono uga ana. Apadéné wong pitjak lan wong kang pada kinaniaja, jaiku wong kang pada kontjatan kabegdjan lan wis rumangsa kaineban lawang tobat, sing atiné tansah ketir-ketir lan was sumelang, o, wong sing kaja mengkono ija prasasat tanpa wilangan. Mangka wong-wong mau bakal pada kaparingan menangi djaman kang dadi keparengé Pangéran. Samangsa djaman mau wis timbul, bakal kelakon apa sing kawetjakaké déning nabi: wong lara pada diwarasaké, wong kinundjara diluwari, ringkesé kabèh bakal ngalami kabegdjan! Nanging kapan tekané djaman mau?

Djaman mau bakal timbul bareng lan rawuhé Sang Mesih kang djumeneng Panebus nanging gèk bésuk apa?

Wong-wong mau pada ngemen-emenaké enggoné arep ngrungokaké. Panjawangé marang Gusti Jésus bebasan kedèp tesmak. Apa baé sing arep diwedaraké déning anaké Jusup tukang kaju iku?

Ing kono Gusti Jésus bandjur ngandika: „Ing samengko tulisan iku mau wus kajektènan ing pangrungumu.”

Wong kabèh pada kaéraman déning aruming pangandika kang mijos saka ing tutuké Gusti Jésus, atiné marem, malah kaja-kaja wis ngrasakaké djaman kabegdjan sing didawuhaké ing kitab. Apa saiki timbulé djaman kabegdjan mau? Ing dina iku uga?

Lha Sang Mesih, sapa sing djumeneng Sang Mesih? Apa anaké tukang kaju kuwi sing djumeneng Sang Mesih? Éndahnéja jèn njata mengkono!

Pitembungan sing diutjapaké mau pantjèn ngéram-éramaké banget, lan isiné njata gawé reseping ati. Nanging jèn déwèké ngaku dadi Sang Mesih, kang djumeneng Panebus, utusané Allah, wah, sapa sing arep ngandel? Sapa sing ora wanuh anaké Jusup tukang kaju? Kabèh wong ing kuṭa Nasarèt pada ngerti tjilikané, wanuh ibuné, dalah sedulur-seduluré sing djeneng Jakobus, lan Josès, sarta Simon apadéné Judas lan seduluré wadon Anggep-anggepan temen wani ngaku dadi Sang Mesih!

GUSTI Jésus pijambak ora kekilapan mungguh osiking atiné wong mau kabèh. Sing pada diarep-arep ora lija mung bisaa weruh pratanda lan mukdjidjat kaja sing wis ditindakaké Gusti Jésus ana ing Kanah utawa Jerusalèm, awit wis pada ngrungu kabaré. Nanging *pratjaja* lan *tresna* marang Pandjenengané kang djumeneng Djuru Slamet, sing

kaja mengkono mau babar pisan ora kenalar. Satemené atiné wong-wong mau gumedé lan kuminter, mokal jèn gelema sowan ing ngarsané lan njuwun pangapuraning dosané, apadéné katentreman tumrap ing atiné kang tansah ngandut was sumelang. Panganggepé marang Gusti Jésus isih adjeg baé kaja marang anaké Jusup, dadi kaja marang wong *pepadané* malah bisa uga *sor-sorané*, djalaran sepira ta dradjaté tukang kaju?

Bareng Gusti Jésus mungkasi pangandikané, pitembungané kang arum ngresepaké kaworan rasa sedih lan ngungun, djalaran ngèngeti kaanané wong-wong mau; tangga teparo lan mitra karuhé, sing beneré dadi *pangarep* enggoné pada pratjaja lan tresna marang Pandjenengané, malah bakal dadi *pamburi*.

Wekasané Gusti Jésus ngandika: „Satemené pituturku ing kowé, kang djeneng nabi iku ora ana kang kadjèn ana ing negarané déwé.” Malah Gusti Jésus mangandikakaké lelakoné nabi-nabi ing djaman kuna, kajata: nabi Élijah, kang diutus déning Allah marani wong ranða kapisir ing Sarepta bawahé Sidon, nalika satanah kabèh ketaman ing pailan gedé. Nabi Élijah kautus nemoni ranða *kapisir* ing *tanah mantja*, mangka ing *tanahé déwé* ora kurang-kurang ranða sing miskin lan butuh pitulungan. Mengkono uga lelakoné Naaman, wong Aram, panggedéné wadyabala *kapisir*, sing nandang lara saraat. Birating nadjisé mau ija marga déning pitulungané nabi Élisak, mangka ing *tanahé déwé* akèh kang pada nandang lara saraat, nanging *ora* ana sing dibirat nadjisé.

Bareng ngrungu pangandika kang isi pamelèh mau, wong samesdjid dadi pada panas atiné, suwé-suwé kemropok. Kok medjanani temen anaké tukang kaju iki! Pitembungané saja suwé saja njlekit jèn dirasakaké.

Apa disengguh jèn bangsa kapisir bakal ngluwihi adjiné bangsa Israèl? Kebangeten temen ta enggoné ngéwak-éwakaké! Apa dinjana, jèn Sang Mesih, samangsa wis rawuh, bakal nampik wong-wong Jahudi Nasarèt, nanging nampèni wong-wong lija, wong kapisir lan wong mantja?

Bareng wis pada ora kuwat ngampet nepuné, wong samesdjid kabèh bándjur mak-njat ngadeg, Gusti Jésus ditempuh bareng, sakèhing pakéring lan pangadji-adji sirna sanalika. Gusti Jésus bandjur dilarak metu saka ing mesdjid menjang sadjabaning negara, kadabjang menjang ing tampingé gunung, nijaté arep didjorogaké marang djulegan, temah adjur kuwandané! Wis pantes jèn wong sing wani-wani ngaku dadi Sang Mesih kapatrapana ukum pati.

NANGING semuné Gusti Jésus manut baé didjabjang wong golongan. Éwadé-

né pangarahé wong-wong sing pada ambek angkara mau ora bisa kelakon. Ora kok marga Gusti Jésus ngagem genining bledèg kadawuhan njamber wong golongan mau, utawa nandukaké pamales sing nggegirisi! Gusti Jésus ora kersa njirnakaké wong-wong mau, nanging Gusti Jésus meksa ora kelakon tiwas, djalaran durung tumeka waktuné Gusti Jésus nandang apes.

Gusti Jésus mung nratas ing tengahé wong golongan, bandjur ontjat. Embuh apa sing kelakon nalika semono, wong-wong mau pada ora ngerti, nanging weruh-weruh Gusti Jésus wis ora ana ing tengahé manèh. Kaja-kaja ana daja prabawa sing metu saka sarirané Gusti Jésus, sing ndjalari wong-wong mau mrutjut panjekelé.

Gusti Jésus bandjur tedak, tanpa ngandika apa-apa manèh.

Wong golongan mau mung pada mlenggong kaéraman njumurupi lelakon iku. Saiki lagi pada ngerti, jèn lelakon iku ija kalebu kaélokkan, kaja sing dadi pangarep-arepé, nanging émané, kaélokkan mau ndjalari wong-wong mau pada *kapisahaké* saka ing patunggalané Gusti Jésus sing rawuhé arep paring pitulungan.

Wong-wong mau pada nampik peparing sing ngluwihi adjiné radjabrana ing sadjagad kabèh, djalaran wis nampik marang Sang Djuru Panebus.

Lah mengkono iku olèh-olèhané wong pinter, nanging keblinger!

MBENERI DINA SABBAT ING KAPERNAUM

KATJARITA mbeneri dina Sabbat manèh, Gusti Jésus ana ing kuṭa Kapernaum, kuṭa tjilik, nanging ramé, ing sapinggiré segara Galiléa.

Bijèn, nalika Gusti Jésus ana ing kuṭa Jerusalèm, kuṭa sutjiné bangsa Israèl, Pandjenengané wis ngalami disatru déning wong Jahudi, sing pada rumangsa luwih luhur lan luwih ngibadah; ing kono Pandjenengané wis mireng swara pangantjam lan gegetingan, mulané Gusti Jésus tedak saka ing kuṭa kono.

Satedaké saka Jerusalèm, bandjur rawuh ing Nasarèt, kuṭa kang didalemi wiwit nalika isih timur. Djebul wong-wong ing kono, tangga teparoné lan mitra karuhé, kabèh pada njatru, malah arep ngarah sédané; mèh baé Pandjenengané didjorogaké ing djulegan Mulané Gusti Jésus linggar saka ing Nasarèt.

Saiki Pandjenengané rawuh ing Kapernaum, kuṭa padunungané Jochanan lan Andréas lan Simon Pétrus, sekabaté Gusti Jésus.

Pinudju dina Sabbat, Gusti Jésus rawuh

manèh ana ing mesdjid perlu nggelaraké Indjil marang wong-wong ing kuṭa kono, supaja pada ngertia, jèn aña pangapuraning dosa lan ana panglipur kanggo atiné wong-wong sing tansah ngandut was sumelang.

Mangka wong ing Kapernaum kabèh pada banget enggoné nggatèkaké, lan pangandikané Gusti Jésus ditampani klawan bungah lan mantep. Béda banget wulangané Rabbi anjar iki jèn katimbang karo sing adaté memulang ana ing mesdjid; kedjaba arum pangandikané, ija kanṭi pangwasa kang élok. Wong-wong mau kaja-kaja *kepeksa* ngru-ngokaké.

Kotjapa lagi énak-énaké nggatèkaké wulangan, dumadakan keprungu panguwuhé wong klawan swara seru: „Ah, Tuwan tumut-tumut punapa dateng kawula, duh Jésus Nasarani? Kawula sumerep Tuwan punika sinten, duh manusanipun Allah ingkang sutji.”

Wong samesdjid kabèh pada kagèt. Sapa ta wong kuwi?

Bareng diawasaké temenan, o, lha, *wong kependjingan demit* mèlu mlebu ing mesdjid; saiki arep nundung Gusti Jésus lunga saka ing kono. Wong ing kuṭa kono akèh sing pada ngerti, jèn wong mau mung dadi dolanané demit, diganggu lan malah sok dipilara, dikon ngutjapaké pitembungan saru lan dikon nglakoni panggawé sing ala. Wong sing kependjingan mau *ora ngerti* apa sing diutjapaké. Kabèh mau sing nindakaké ora lija ija demit sing manggon ana ing awaké wong mau.

Rungokna keprijé panguwuhé wong mau? Apa demité wedi marang Gusti Jésus, mulané arep nundung Gusti Jésus?

Saja élok manèh jèn nilingaké panguwuhé wong mau, Gusti Jésus disebut: „manusanipun Allah ingkang sutji”, dadi ija Sang Mesih. Demit mau, sarèhné wis ngerti sapa Gusti Jésus iku, mulané wediné ora djamak. Pantjèn lelakon sing anèh lan nggumunaké!

Gusti Jésus pijambak keprijé?

Bareng wong mau wis meneng, Gusti Jésus tumuli djumeneng, demité didukani, dawuhé: „Menenga, metua saka wong iku!”

Sanalika ana kaélokan sing tumindak ana ing ngarepé wong akèh. Demit mau, sarèhné ora wani mbangkang dawuhé Gusti Jésus, mulané sadurungé metu, arep nganiaja wong sing dienggoni. Wongé bandjur dilarak, kati-bakaké ing satengahé wong-wong sing ana ing mesdjid; sawisé nguwuh seru, demité tumuli metu ora nganggo ndadèkaké tiwasé apa-apa.

Ora ana wong sing *weruh* demité, nanging kabèh pada ngerti, jèn demité enggoné metu saka wong iku marga saka dawuhé Gusti Jésus. Wong sing kependjingan demit mau, sing mentas dilarak-larak lan dibanting, saiki

linggih kambi delog-delog, nanging wis *pulih waras* manèh, *lepas* saka ing pamota-motané demit.

Wong kabèh pada kaébatan, lan klawan pakéring njawang marang Gusti Jésus, kambi rerasan, mengkéné: „Iku pangandika apa, déné teka ndawuhi para demit klawan pangwasa lan wasésa, temah pada metu?”

Sapa ta wong kuwi? Apa njata Pandjengenané iku kang djumeneng Sang Mesih, kang pinasti rawuh?

Saunduré saka ing mesdjid, wong-wong mau kabèh pada kèbekan atiné déning apa sing dirungu lan dideleng. Ing endi-endi ing sawratané tanah Galiléa, pawartané lelakon mau bandjur kawentar.

Wong-wong *Nasarèt* pada nampik Gusti Jésus, rianging wong-wong Kapernaum pada nampani lan nggatèkaké pangandikané Gusti Jésus, mulané pada kepareng njumurupi kamuljané Gusti. Lan ora mung mandeg semono baé enggoné bakal njumurupi kamuljané, sing bakal kelakon isih luwih adi lan mulja manèh.

Satedaké Gusti Jésus saka ing mesdjid, tumuli rawuh ing omahé Simon, lan Andréas, seduluré. Emboké maratuwa Simon mau lagi lara panastis banget, mulané Gusti Jésus diaturi maringana pitulungan.

Gusti Jésus bandjur nungkuli kang lara, tangané diasta, larané didukani, temahan mari panastisé, *pulih waras manèh kaja wingi uni*. Malah sanalika bandjur tangi ngladèni tamuné.

Jèn Gusti Jésus maringi pitulungan, mesti mbabarpisani!

Sasuwéné dina Sabbat mau kuṭa Kapernaum katon sepi mamring — kaja adaté jèn mbeneri dina Sabbat, ora ana sabawané wong tumpang ing gawé — nanging bareng srengéngé wis surup, wajahé lagi soré èntèh, kuṭa sing mauné sepi wiwit katon ramé manèh, akèh wong pada metu saka ing omahé, kabèh pada nunggal paran, jaiku pada nggolèki panggonané Gusti Jésus pinarak. Sumebaring pawarta bab lelakon ing mesdjid mau, ndjalari wong-wong mau ketuwuhan krenteg sowan ing ngarsané Gusti Jésus.

Sing akèh-akèh pada reréjongan nggawa wong lara arep disuwunaké waras marang ngarsané Gusti Jésus; ana sing digéndong, ana sing digotong, lan sing pada kependjingan demit didabjang-dabjang, kabèh pada marani omah panggonané Gusti Jésus kèndel. Sing pada diutjapaké wong-wong mau ora lija mung njuwun kawelasan, muga kabirata sakèhing memala lan lelarané.

Sadina muput enggoné wong-wong mau nganti-anti tekané wajah soré, djalaran miturut surasané angger-angger, pada ora kepareng nindakaké samubarang gawé ana ing dina

Sabbat, nanging panganta-antaning atiné mung bisaa énggal sowan ana ing ngarsané Gusti Jésus, kepéngin ngrungu manèh aruming pangandikané lan njumurupi pakarjané kang sarwa élok.

Nanging jèn srengéngé wis surup, panjengeré dina Sabbath ija wis rampung Mulané lagi baé wajah surup rep, wong-wong ing kono énggal-énggalan nggolèki Gusti Jésus, sarta pada njuwun, muga keparenga mitulungi sing pada nandang lelara warna-warna, anaké, bapa utawa bijungé, sanak lan seduluré, sing larané wis madal sakèhing djamu.

O, jèn Gusti Jésus *kepareng*, iba begdjané . . .

Gusti Jésus mirsani wong golongan mau klawan trenjuh lan welas. Kabèh sing pada lara, nandang lara apa baé, pada diadjokaké ana ing ngarsané, pada katumpangan ing astané, temah pada kabirat lelarané, kena kabasakaké: djanma mara, djanma mari! Kaja mengkono iku katijasané Gusti Jésus.

Bareng wis kapitulungan kabèh, sakèhing pasambat lan pangaduh ija larud sanalika, kagentènan swaraning kabungahan lan pamudji sokur.

Lan wong mau akèh sing pada pratjaja marang Gusti Jésus.

Ana sing pada kélingan pangandikané nabi Jesajah ing djaman bijèn, pirang-pirang atus taun sadurungé Gusti Jésus rawuh, kang metja bab Sang Mesih kang pinasti rawuh: „Sajektiné sangsara kita kang disanggi, lan pilara kita kang disandang.”

Lan atiné wong mau kabèh kebak suka-sukur marang Allah.

Kaja mengkono iku wusanané dina Sabbath ing Kapernaum, Sabbath kang nekakaké berkah gedé. Ing wajah benginé Gusti Jésus bandjur tedak saka ing kuṭa kono, tindak menjang ing gunung, murugi panggonan kang sepi, perlu arep ndedonga lan saos sokur marang Gusti Allah, Sang Rama kang pinarak ing swarga.

MISAJA IWAK KANG NGÉRAM-ÉRAMAKÉ

PAWARTA bab Gusti Jésus wis sumebar ing sawrataning tanah Galiléa kabèh, pawarta bab sih lan kawelasané Gusti Jésus, bab pangandikané kang arum lan ngresepaké ati kaja sing durung tau keprungu ing tanah kono. Ing saben panggonan, ing désa lan ing kuṭa, kang dirawuhi Gusti Jésus, ing endi-endi baé wong-wong ing kono pada nglumpuk lan nampani Gusti Jésus klawan bungah lan pakéring. Apa manèh wong-wong sing pada lara disowanaké ing ngarsané Gusti Jésus, temah kabèh pada diwarasaké.

KATJARITA ing sawidjining dina Gusti Jésus ngleresi rawuh ing sapinggiré segara Galiléa, kadèrèkaké wong golongan gedé, kabèh pada kepéngin ngrungokaké pangandikané. Kerep baé wong-wong mau pada rumangsa kawelèhaké déning pangandika mau marga saka akèhing piala lan dosané, nanging ija kerep baé malih dadi ajem lan tentrem atiné marga saka pangandika kang mratèlakaké bab ananing pangapura tumrap angger wong kang pada nggetuni dosané klawan terus ing ati. Pangandikané Gusti Jésus bab bebenduné Allah iku tansah diimbangi pangandika bab sih lan kawelasané Allah.

Mulané wis mèmper baé jèn wong golongan pada tansah kepéngin ngrungokaké piwulangé Gusti Jésus. Durung tau ana rabbi ing tanah kono sing bisa memulang kaja patrapé Gusti Jésus: arum pangandikané tur kinantènan ing pangwasa.

Kotjapa wong golongan sing pada kepéngin ngrungu piwulang klawan tjeṭa pada sukukan rebut ngarep, temah suwé-suwé Gusti Jésus enggoné djumeneng wis tekan ing pinggiré banju segara. Ing kono Gusti Jésus bandjur nimbali djuru amèk iwak sing prauné lagi labuh ana ing pinggir segara kono. Sawisé Gusti Jésus minggah ing prau, bandjur dawuh ngunduraké setitik saka ing daratan, dadi uwal saka ing pandeseké wong golongan. Gusti Jésus pinarak ana ing prau nerusaké memulang wong golongan sing pada andèr ing sapinggiré segara.

Kaja mengkono patrapé Gusti Jésus enggoné memulang wong golongan. Déné wong golongan warna-warna patrapé enggoné nampani pangandika: ana sing lingguh, ana sing ngadeg, malah ana sing munggah ing prau lija-lijané sing lagi pada labuh ing satjedaké prau panggonané Gusti Jésus pinarak; kabèh pada nggatèkaké banget marang pangandikané Gusti Jésus, wong lanang lan wadon, nom lan tuwa. Pangandikané Gusti Jésus sing arum angresepaké ngumandang ana ing atiné wong kabèh, pada ketaman ing pangaribawané sih lan kawelasané pangandika: „Tekané Putrané manusa iku nggolèki lan mitulungi rahaju . . .”

Sakèndelé ngandika, nuli dawuh marang Simon — prauné mau duwèké Simon — mengkéné: „Mantjala menjang panggonan kang djero, djalamu tumuli tibakna misaja iwak.”

Keprijé dawuhé? Simon utawa Pétrus njawang Gusti Jésus klawan gumun. Didawuhi mantjal menjang panggonan kang djero lan misaja iwak? Mangka wajahé isih beḍug awan, dudu wajahé wong golèk iwak!

Undjuk wangsulané Pétrus: „Guru, sampun

sadalu muput enggèn kula sami njambut damel, boten angsal punapa-punapa." Karepé: saja manèh ing wajah awan, gèk arep olèh apa? Nanging Pétrus enggal njambungi undjuké: „Éwasemanten awit saking dawuh Tuwan, kawula inggih badé ndawahaken djala.”

Pantjèn kuduné ija mengkonon. Samangsa Gusti Jésus dawuh, tan kena ora Pétrus kudu ngleksanani, ora ngétung wajah lan kangèlan.

Prauné bandjur dilakokaké menjang panggonan kang luwih djero. Simon Pétrus lan Andréas bandjur nibakaké djalané; bareng djalané ditarik munggah, ing tangan wis krasa aboté ora djamak, djalaran kebak iwak akèh banget, malah djalané nganti beḍah. Kantja-kantjané sing ana ing prau lijané pada diawé kapurih ngréwangi. Jochanan lan Jakobus énggal pada tandang ngréwangi ngunggahaké djalané Pétrus. Bareng wis bisa munggah, prau karo pisan pada kamotan iwak, kebak nganti kaja mèh ngèrem-ngèremna.

Simon Pétrus bareng weruh, bandjur ngrumangsani apes lan sèkèng, lan banget kaeraman njumurupi iba mulja lan kwasané Gusti Jésus. Mulané bandjur njungkemi djengkoné Gusti Jésus sarta mundjuk: „Gusti, Tuwan mugèni nalar kawula, awit kawula *tijang dosa*.” Gusti Jésus pirsapa isiné *teleng segara*, mestiné ija pirsapa kang ana ing *telenging atiné Simon*. Simon rumangsa ora pantes ditenggané Gusti Jésus, mulané Gusti Jésus diaturi tindak saka ing prauné.

Nanging Gusti Jésus ora kersa nalar Simon. Gusti Jésus ija wis pirsapa apa sing dadi osiking atiné Simon.

Simon Pétrus dalah kantja-kantjané pada rumangsa isin marga saka dosané, apadéné ija rumangsa nandang apes lan asor ana ing ngarsané Gusti Jésus. Nanging marga saka rumangsaning ati kang mengkonon mau, para sekabat mau malah saja wuwuh enggoné pada disih déning Gusti Jésus. Pangandikané marang Simon: „Adja wedi, wiwit samengko kowé bakal pada amèk wong.”

KEPRIJÉ, amèk wong? O, Simon lan kantja-kantjané wis pada njandak marang kersané Guruné: pada kadawuhan martakaké bab katresnan lan pangwasané Gusti Jésus, temah wong-wong kang pada ngrungu pawarta mau pada kagèndènga marang ngarsané Sang Pamartaning djagad, supaya pada pratjajaa marang Pandjenengané murih olèha karahajon. O, jèn mung didawuhi nindakaké sing kaja mengkonon, Simon sakantjané pada saguh nglakoni lan ngéstokaké dawuh, malah pada rumangsa olèh kanugrahan lan berkah gedé.

BARENG wis pada munggah ing daratan manèh, Simon sakantjané bandjur pada ninggal balé-omahé, brajaté, pagawéané lan negarané, ndèrèkaké tindaké Gusti Jésus ing sapurug-purug.

Para murid mau pada ora ninggal Guruné manèh nganti tekan waktuné Gusti Jésus ngalami *saat sing gawaté keliwat-liwat*.

Nanging saiki durung padja-padja tekan waktuné.

WONG SÈMPÈR ING KAPERNAUM


KATJARITA ing sawidjining dina ana wong sawetara pada nggotong wong lara ana ing paturon. Wong mau sèmpèr tangan lan sikilé, temah ora bisa mlaku babar pisan. Polatané katon suntrut seḍih marga saka enggoné nandang lara mau.

Parané wong-wong mau arep menjang endi? Apa arep menjang panggonané dukun? Nanging sapa ta sing bisa nambani larané lan ngledjaraké atiné sing tansah ngandut seḍih lan was sumelang?


Sadurungé mangkat saka ngomah mestiné wis dirantjang ḍisik, sing lara mau arep digawa menjang endi. Sedulur-seduluré wong sing lara wis pada ngrungu warta, jèn Gusti Jésus rawuh ing Kapernaum manèh. Mulané wong-wong mau pada golong rembugé arep njowanaké sing lara ana ing ngarsané Gusti Jésus, supaya kabirata larané. Wong mau wis pada yakin temenan, jèn ora ana dukun lija-lijané manèh sing bisa marasaké seduluré mau kedjaba mung Gusti Jésus. Lakuné ana ing dalan ora njlèwèng mangiwa utawa menengen, djalaran antjasé mung sawidji, jaiku sowan ing ngarsané Gusti Jésus.

Lah, omah panggonané Gusti Jésus pinarak wis katon. Lakuné disengkud, daja-daja énggala tekan. Sing lara wis dikandani: „Sedéla engkas kowé tekan ing ngarsané Gusti, bandjur” Sing lara bisa mèmsem, wis nitjil bungah. Atiné nganta-anta énggala bisa njawang Gusti, temah mesti birat lelarané.

Nanging kotjapa, bareng wis tekan ing palatarané omah, wong-wong mau kepeksa mandeg, djalaran ora bisa olèh dalan. Ing latar, apa manèh ing djero omah wis djedjel rijel wong sing pada ngrungokaké pangandikané Gusti Jésus. Mangka enggoné pinarak ing tengahé omah. Wong golongan sing ana ing kono kabèh pada ngrungokaké. Kabèh malah kepeksa ngrungokaké, apa tekané mrono iku kagawa saka *sih tresnané* marang Gusti Jésus, apa mung djalaran *kepéngin weruh* tok, utawa apa marga saka enggoné *geṭing* marang Pandjenengané, kabèh pada baé angger Gusti



PAMISAJA IWAK KANG NGÉRAM-ÉRAMAKÉ 121



Jésus lagi ngandika, tan kena ora wong-wong ing sakiwa-tengené *mesti* ngrungokaké.

Bareng wis tita ora bisa mbatjutaké lakuné, bandjur pađa lèrèn ana ing palataran karo golèk akal keprijé bisané nglebokaké sing lara mau. Mangka ora ana wong sing gelem ming-sed setitik baé, kabèh mung pađa ketungkul ngrungokaké pangandikané Gusti Jésus.

Wong sing lara dalah sedulur-seduluré pađa ketjuwan banget atiné, djalaran wis tjedak banget karo Gusti Jésus, nanging meksa isih adoh saka ing pitulungan.

Saiki keprijé rékané? Apa ngentèni sabubaré? Nanging jèn wis bubar, apa malah ora munda-duk seksekan wong golongan sing pađa arep mulih? Jèn mengkono, apa sing lara bisa kelakon disowanaké ing ngarsané Gusti Jésus? Ringkesé jèn ngentèni sabubaré, mesti bakal ora olèh gawé!

Jèn ora ngentèni, gèk keprijé manèh rékané? Apa kelakon sing lara digotong mulih, disèlèhaké ing panggonané gumlétak mau, ngatanga-tang ing selawas-lawasé nganti tekan adjalé? Ah, mesakaké temen jèn mengkono!

Dalané kaslametan mung sidji, jaiku sowan ing ngarsané Gusti Jésus! Saupama sing lara bisa nganti kapirsan déning Gusti, wis mesti kapitulungan! Nanging keprijé dalané?

Bareng wis nggolongaké rembug, wong sing nggotong mau bandjur pađa tumandang. Embuh bener, embuh luput ichtijar sing ditindakaké, wis dinalar dawa, waton seduluré sing lara mau bisa marek ing ngarsané Gusti Jésus. Wong sing lara mau bandjur digotong metu ing unḍak-unḍakan sing digawé nurut témbok omah, munggah tekan ing pajon rata, sing adaté diarani „sotoh”. Saka ing pajon mau wong bisa ndeleng ing godagan omah ing djero, bisa ngrungu swarané wong sing pađa guneman. Sing lara bandjur diglétakaké; djubin tutuping pajon bandjur dibréngkali, pener ing saḍuwuré Gusti Jésus pinarak. Bareng bolongané wis tjukup ambané, sing lara bandjur kauḍunaké sapaturoné, kaeneraké ing ngarsané Gusti Jésus.

Gusti Jésus lan wong-wong sing ana ing djero omah kono pađa njumurupi ana wong lara sapaturoné diuḍunaké saka ing pajon.

Gusti Jésus bandjur kèndel enggoné ngandika, nanging Gusti ora duka marga ana sing wani-wani ngrusuhi enggoné memulang. Malah saiki Pandjenengané mirsa sepira gedéning pangandelé sedulur-seduluré wong sing lara mau, lan ija mirsa sangsarané wong sing sèmpèr, sing babar pisan ora bisa ngglawat, nanging mripaté katja-katja, éstané kaja njuwun muga kapitulungana. Gusti Jésus ora pisan-pisan mengku duka, nanging malah rentah welasé.

Mulané bandjur ngandika marang kang lara :

„Hé pawong sanak, dosamu wus kaapura!” Wong-wong sing pađa ngrungu pangandika mau, bandjur pađa gumun. Sowané wong lara mau rak perlu njuwun kawarasaké sèmpèré, mangka pangandikané Gusti Jésus: „Dosamu wus kaapura!” Malah para ulama lan para Farisi sing ija pađa mèlu ana ing kono, pađa nggrundeli Gusti Jésus: „Wong iku sapa ta déné kok ngutjap njenjamah marang Allah? Kang kwasa ngapura dosa sapa ta, kedjaba mung Allah pijambak?”

Nanging Gusti Jésus mirsa apa kang dadi osiking atiné wong. Pandjenengané mirsa was lan sumelangé atiné wong sing nandang lara, marga ngrasakaké gedéning dosané nalika isih bagas kuwarasan. Mulané Gusti Jésus ngrasakaké marasaké *atiné* disik, sarana ngapura dosané.

Lelarané mau dadi paukumaning dosané. Jèn dosané wis diapura, larané mesti tumuli birat. Bareng sing lara mau ngrungu pangandikané Gusti Jésus mengkono iku, polatané malih dadi sumringah, suntrut lan seḍihé larud sanalika

Mengkono uga Gusti Jésus ija mirsa kang dadi osiking atiné para ulama lan para Farisi lan wong lija-lijané sing pađa ora kesdu marang Pandjenengané. Gusti mirsa jèn wong-wong mau ora duwé pangandel marang Pandjenengané. Pantjèn gampang ngetokaké udjar marang wong, jèn dosané wis kaapura. Saben wong rak bisa muni mengkono, mangka pangutjap mengkono iku klebu njenjamah marang Allah! Kaja mengkono iku panggraitané para ulama lan para Farisi. Nanging saiki Gusti Jésus arep nedahaké, jèn Pandjenengané ija kagungan pangwasa ngapura dosa *temenan*, mulané arep nindakaké prakara sing wong lija ora bisa.

Pangandikané Gusti Jésus marang wong-wong mau: „Kowé pađa duwé panggraita kaja apa ana ing atimu?” Sawisé ndukani wong-wong mau, bandjur ngandika marang sing lara: „Dawuhku marang kowé: Ngadega, paturonmu angkaten, lan muliha!”

WONG sing sèmpèr mau keprijé?

Bareng dipangandikani mengkono, ora kok bandjur ndomblong njawang Gusti Jésus, djalaran rumangsa jèn ora kuwagang nglakoni saḍawuhé. Lan ija ora ndjadjal ngadeg alon-alon awit sumelang jèn pangandika mau ora temenan! Ora, wong mau marga saka pangandelé *sanalika* bandjur ngadeg, ora nganggo djadjal-djadjal disik. Awaké sakodjur kaja-kaja klebon daja kakuwatan sing anèh. Bareng wis ngadeg, paturoné tumuli diangkat, bandjur mundur mulih kambi ngluhuraké Allah.

Nalika iku wong-wong sing djedjel rijel

bandjur pada nisih, temah wong sing mentas pulih kawarasané, bisa metu saka ing kono.

Wong kabèh pada kagawokan lan pada ngluhuraké Allah, sarta nandang wedi banget. Kabèh pada njawang Gusti Jésus klawan pakéring.

Pangutjapé wong akèh: „Ing dina iki aku pada weruh lelakon kang nglengkara!”

WARSITA-ARGA

SEKABATÉ Gusti Jésus saiki tjatjahé wis ganep rolas. Saka ing antarané wong-wong sing pada pratjaja marang Pandjengnané, apadéné sing pada tresna lan saguh ndèrèkaké ing satindaké, Gusti Jésus milih wong pitu kanggo ngganepi sekabat lima sing disik.

Apa sebabé Gusti Jésus nindakaké sing mengkono iku lan *apa sebabé* Gusti tansah didèrèkaké tindaké, wong-wong mau durung ngerti. *Saiki* durung ngerti, nanging *bésuk* ing *tembé* bakal pada ngerti déwé.

Para sekabat mau ing tembé ija kudu memulang marang wong akèh bab kratoning Allah, kajadéné sing tansah ditindakaké déning Gusti Jésus. Malah para sekabat mau bakal uga kaparingan kasektèn nindakaké kaélok. Bubuhané para sekabat mau ngundangaké pawarta kabungahan marang bangsa Jahudi, bangsa kapid, lan marang angger wong sing pada gelem ngrungu pawarta mau, jaiku jèn Gusti Jésus rawuh ing djagad perlu njlame-také wong dosa.

Bésuk ing tembé . . . ! Nanging saiki, nalikané isih ndèrèkaké Guruné, para sekabat mau durung bisa ngerti. Ing tembé, samangsa Guruné wis kondur menjang ing swarga. Ing tembé pada ora disebut *sekabat* manèh, nanging para *Rasul*.

Sekabat rolas mau, jaiku: Simon Pétrus lan Andréas; Jochanan lan Jakobus; Filippus lan Bartoloméus; Tomas lan Mattéus; Jakobus anaké Alféus lan Judas Taddéus; Simon Zélotès lan Judas Iskariot.

Nanging para sekabat mau babar pisan durung tjukup kawruhé bab kratoné Allah. Panjanané wong-wong mau, Gusti Jésus bakal djumeneng radja *ana ing bumi*, lan para sekabat bakal kadadèkaké para najaka Djebel njatané *béda* babar pisan.

Para sekabat isih kudu ngerti, jèn *kawibawan* lan *kasugihan* iku ora bisa gawé slamet lan begdjaning wong; sing bisa njlame-také iku mung ati kang wedi asih lan tresna marang Gusti Allah.

KATJARITA Gusti Jésus kadèrèkaké para sekabaté munggah ing gunung arep memulang marang para sekabat lan wong golo-

ngan mungguh *keprijé lakuning ngaurip* lan *apa sing kudu ditindakaké* murih bisa dadi putra kagungané Gusti Allah.

Wong golongan sing pada ndèrèk munggah ing gunung wis pada andèr ana ing ngarsané, kabèh pada anteng lingguhé sumadja nampani wedaring pangandika. Ing kono Gusti Jésus bandjur wiwit medar sabda, memulang marang para murid lan wong golongan, pangandikané:

„Rahaju para wong kang rumangsa mlarat ing budi, awit iku kang pada nduwèni kratoné swarga.

Rahaju para wong kang prihatin, awit iku kang bakal pada kalipur.

Rahaju para wong kang sabardrana, awit iku kang bakal pada olèh warisan bumi.

Rahaju para wong kang keluwèn lan ngelak ngorong marang kasampurnan, awit iku kang bakal pada kawaregan.

Rahaju para wong kang ambek welasan, awit iku kang bakal pada olèh piwelas.

Rahaju para wong kang burus atiné, awit iku kang bakal pada weruh marang Allah.

Rahaju para wong kang demen ngrukunaké, awit iku kang bakal pada kasebut para putrané Allah.

Rahaju para wong kang dikuja-kuja krana saka kamursidané, awit iku kang pada nduwèni kratoné swarga.

Rahaju kowé menawa diwewada lan diojak-ojak sarta diala-ala ing wong kang klawan doratjara, krana saka Aku”

[**AN** bab *tresna-tinresnan* ing antarané wong lan sapepadané, pangandikané Gusti Jésus mengkéné: „Pada tresnaa marang satrumu; wong kang njupatani kowé pada pudjèkna betjik; gawéa betjik marang wong kang pada njengiti kowé; wong kang nganiaja lan ngojak-ojak marang kowé, pada dongakna slamet; supaja kowé pada ketitika dadi putrané Ramakmu kang ana ing swarga”

GUSTI Jésus ija mangandikakaké bab *tjarané wong dedana*. Wong iku jèn dedana sing akèh-akèh *ora* kagawa saka welasing ati utawa kadereng déning tresnané marang Allah, nanging sing diudi supaja kaweruhana ing *wong akèh* lan olèha pangalembana enggoné loma lan demen dedana. Nanging para sekabat lan wong lijané sing kepéngin sinebut para putrané Allah, *adja* pisan-pisan tumindak mengkono.

Pangandikané Gusti Jésus: „Pada diprajitna, adja nganti nglakoni kautamanmu ana ing sangareping wong, kang supaja katona ing wong iku Samangsa kowé dedana, adja kodjuwarakaké kaja adaté para wong lamis ana ing mesdjid-mesdjid lan ing lurung-

lurung, pamurihé supaja kaalema déning wong Balik samangsa kowé dedana, tanganmu kang kiwa adja nganti weruh polahé kang tengen, supaja enggonmu dedana ana ing pasingidan, mangka Ramakmu nungingani sadjroning pasingidan, iku bakal malesaké marang kowé ana ing edèngan”

Bab ndedonga marang Allah ija diwulangaké déning Gusti Jésus. Pandjenengané wis pirsira, jèn akèh wong sing pada demen sembahjang ana ing tengahé mesdjid, malah ana ing podjoké lelurung, nganggo swara seru lan tembung lalahan pirang-pirang, ora kok marga déning tresnané marang Allah, nanging pamurihé ora lija supaja katona ing wong, temah dianggepa wong mursid lan ngibadah Balik pandonga kang sedjati ora mengkono patrapé, nanging kudu ditindakaké ana ing pasingidan; pandonga iku adja mung katon ana ing *lambé* ndremimil, nanging kudu metu saka ing dasaring *ati*. Lan manèh ora perlu nganggo pitembungan lalawora. Pandonga kang sedjati iku pasadja lan kebak pangandel.

Pangandikané Gusti Jésus mengkéné: „Samangsa kowé pada sembahjang, adja kaja para wong lamis, djenèh iku pada demen sembahjang adeg-adegan ana ing mesdjid lan ing podjoké lelurung, pamurihé supaja katona ing wong Balik kowé samangsa sembahjang, lumebua ing sentonganmu, sarta lawangé kantjingen, nuli ndedongaa marang Ramakmu ana ing pasingidan Anadéné samangsa kowé pada sembahjang, adja nganggo tembung lalahan kaja para wong kapid, udjer iku pada nduwèni panduga jèn ketrimané marga saka akèh tembungé. Mulané kowé adja madani wong iku, awit Ramakmu ora kekilapan apa kang dadi kakuranganmu *sadurungé* koaturi panjuwun”

Ing kono Gusti Jésus bandjur mulangaké marang para muridé lan para wong kang pada ngrungokaké, pandonga kang dadi patisarining pandonga, ija mustikaning pandonga ing saindengé djagad. Pangandikané Gusti Jésus: „Kang iku enggonmu pada ndedonga dikaja mengkéné:

Duh Rama kawula ingkang wonten ing swarga.

Asma Tuwan mugé kasutjèkna, Kraton Tuwan mugé rawuha. Karsa Tuwan mugé kalampahana, kadosdéné wonten ing swarga, inggih mekatena ugi wonten ing bumi.

Mugé kawula sami Tuwan paringi redjeki kawula satjekapipun ing dinten punika.

Saha Tuwan mugé ngapuntèn sakatahipun kalepatan kawula, kadosdéné kawula inggih sami ngapuntèn ing tetijang ingkang kelepatan dateng kawula.

Punapa malih kawula mugé sampun ngantos

sami katandukaken dateng panggodha, mugé sami Tuwan uwalaken saking pangawak dursila. Awitdéné Tuwan ingkang kagungan kraton saha wisésa tuwin kamuljan langgeng ing salaminipun. Amin.”

SIH akèh manèh prakara-prakara kang diwulangaké Gusti Jésus marang wong golongan.

Bab *banda* utawa *radjabrana* kadonjan ija dipangandikakaké. Akèh sing pada duwé pangira jèn bakal bisa ngrasakaké kasenenganing urip, samangsa katunggonan ing *banda*. Mulané sadjroning uripé mung mindeng nglumpukaké *radjabrana* ing donja, temah lali lan nglirwakaké marang Allah kang dadi etuking kabegdjan.

Pangandikané Gusti Jésus mengkéné: „Adja pada nglumpukaké *banda* ana ing donja, kang ana rengeté lan amané ngentèkaké, sarta ana malingé pada mbabah lan njolong. Nanging pada nglumpukna *banda* ana ing swarga”

Gusti Jésus pirsira, jèn wong sing karem *banda* lan sing atiné kraket karo amal kadonjan iku ora bisa tresna marang Allah. Sapa sing tresna marang Mammon, jaiku kasugihan, mesti ninggal Gusti Allah.

Pangandikané Gusti Jésus mengkéné: „Ora ana wong kang bisa ngrangkep pangawulané; awit ora wurung bendarané kang sidji dibaèkaké, sidjiné ditresnani, utawa rumaket marang kang sidji. medjanani marang sidjiné. Kowé ora bisa ngawula marang Allah lan marang Mammon”

GUSTI Jésus ija mangandikakaké bab *pasrah lan suméndé marang Allah Sang Rama*. Akèh wong sing tansah njumelengaké uripé, mangka satemené wong urip iku kudu mung tansah pasrah lan suméndé marang Allah kang ora kandat-kandat rumeksa marang para putrané, kajadéné bapa enggoné rumeksa marang anak-anaké. Pangandikané mengkéné: „Adja pada sumelang mungguh uripmu, bab kang kopangan utawa kang koombé, lan mungguh badanmu, bab kang kosandang. Adja ana tjelatumu: Kang dakpangan apa? Utawa: Kang dakombé apa? Lan manèh: Kang daksandang apa? Awit iku kabèh diudi déning para wong kapid. Ramakmu ing swarga rak wus mirsa jèn iku mau kabèh dadi kabutuhanmu. Nanging kratoné Allah lan kasampurnané iku pada upajanané dingin, nuli samubarang iku mau bakal diuwuhaké marang kowé. Mulané adja pada sumelang mungguh ing dina sésuk, amarga dina sésuk iku bakal njumelengaké bagéané déwé! Pada mawasa marang manuk ing awang-awang; pada ora njenjeban lan ora derep,

sarta ora tetando ana ing lumbung, éwadéné pađa kaparingan pangan déning Ramakmu ing swarga; kowé apa ora katjèk luwih akèh katimbang karo manuk iku?”

GUSTI Jésus mangandikakaké bab watak *kumlungkung lan sumutji-sutjiné* wong. Pandjenengané pirsá jèn akèh wong sing tansah ngawasaké marang pialané *wong lija* lan nganggep dosa lan murang sarak, nanging pialané *awaké déwé* sing luwih akèh lan luwih gedé, ora tau digagas.

Pangandikané: „Keprijé déné kowé weruh tatal kang ana ing mripaté *sadulurmu*, mangka glondong kang ana ing mripatmu déwé, kowé teka ora weruh? Utawa keprijé enggonmu bakal tutur marang sadulurmu: Mara dakulapané tatal ing mripatmu, mangka ta ing mripatmu déwé ana glondongé?

Èh wong lamis, glondong *ing mripatmu* déwé buwangen *dingin*, nuli lagi bisa waspada enggonmu ngulapi tatal *ing mripaté sadulurmu* iku”

GUSTI Jésus mangandikakaké bab *gedéning sihé Allah kang tansah miđangetaké pandongané para wong kang suméndé marang Pangéran*.

Pangandikané: „Pađa njenjuwuna, temah bakal kaparingan. Pađa golèk-golèka, temah bakal nemu. Pađa toťok-toťoka, temah bakal kawenganan. Sebab sok wonga kang *njuwun*, iku *tampa*, lan kang *golèk*, iku *nemu*, tuwin kang *toťok toťok*, iku bakal *kawenganan*. Endi ta ana wong panunggalanmu kang didjaluki *roti* anaké, rak ija ora diwènèhi *watu*? Apamanèh saupama didjaluki *iwak*, rak ija ora diwènèhi *ula*? Kang iku menawa kowé, senadjan ala pađa mangerti ing bab pawèwèh kang betjik marang anak-anakmu, méndahané manèh Ramakmu ing swarga mesti peparing kang betjik marang wong kang pađa ngaturi panjuwun”

MENGGKONO uga ana pangandikané Gusti Jésus bab wong kang *pinter* lan kang *punggung*. Wong kang *pinter* enggoné ngadegaké omah ana ing paďasan, sentosa pandemèné; jèn ana udan deres, ora bakal kuwafir Déné wong kang *punggung* enggoné jasa omah ana ing pawedèn ora bakuh lan sentosa; samangsa katempuh ing prahara . . . !

Pangandikané mengkéné: „Saben wong kang *ngrungu pituturku*, sarta *nganggo dilakoni*, iku bakal Dakupamakaké kaja wong *pinter* kang ngadegaké omahé ana ing paďasan. Bareng ana udan deres, lan bandjir teka, sarta angin midid, pađa nempuh marang omah mau, meksa *ora* rubuh, amarga katalesan paďasan.

Balik saben wong kang *ngrungu pituturku*,

mangka *ora* nglakoni, iku bakal diupamakaké kaja wong *punggung*, kang ngadegaké omahé ana ing pawedèn. Bareng ana udan deres, lan bandjir teka, sarta angin midid, pađa nempuh marang omah mau, tumuli rubuh lan banget rusaké”

ISIH akèh manèh prakara kang diwedaraké déning Gusti Jésus marang para sekabaté lan wong golongan. Pangandika kang diwedaraké mau kabèh mratélakaké bab keprijé wewatekané wong lan apa kang kudu dilakoni samangsa pađa arep nggajuh dadi putrané Allah, samangsa pađa ngarah dadi ahliwarisé kratoning swarga kang diratoni déning Gusti Jésus pijambak.

Sarampungé maringi piwulang, Gusti Jésus bandjur kèndel, lan wong golongan kabèh ija pađa meneng, djalaran pađa kagawokan déning piwulangé. Durung tau ana pamulang kang maďani Gusti Jésus, enggoné arum ngresepaké pangandikané, enggoné djero lan wingit surasané. Malah enggoné mulang mau kaja ngagem pangwasa, ora kaja para ulama.

SAKÈHÉ piwulangé Gusti Jésus ana ing gunung mau ing sangarepé wong golongan gedé, iku diarani *Warsita-arga*, katjekak dadi *Warsitarga*, tegesé: piwulang ing gunung.

WONG LARA SARAAT UTAWA BUĐUG

KATJARITA satumedaké Gusti Jésus saka ing gunung bandjur kaďèrèkaké déning wong golongan pirang-pirang. Ing kono ana wong nandang lara saraat. Awaké sakodjur katon pating benjinjih putih-putih; awaké krasa lara lan lungkrah, apadéné atiné seđih djalaran disingkang-singkang déning wong pepaďané. Wong lara saraat iku ora kena manggon ana ing kuťa, malah mlebu menjang kuťa baé ora kena; pamanggoné kapisah ana ing sadjabané kuťa. Lelara kang nggegirisi mau kalebu lelara nular. Sapa sing nganti gepok sénggol karo wong lara saraat, bisa ketularan. Mangka jèn ketularan, tangèh bisané mari, temah sadjegé urip mung tansah nandang lara lan seđih nganti tekan adjalé. Mulané wong sing wis ketjandak lara saraat dipapanaké pamanggoné ana ing sadjabané kuťa. Jèn pinudju lumaku ing dalan, kudu awèh sasmita klawan alok-alok: „Nadjis, nadjis!”

Wong-wong sing nandang lelara saraat iku tansah disirik déning angger wong, malah dianggep nadjis. Mangka lelara mau ora bisa mari. Lelarané saja suwé saja banget, nganti sing lara tumeka ing adjalé. Ing djaman semono durung tau ana dukun sing bisa nambani lelara saraat

Nalika semono ana wong nandang lara saraat lumaku ing dalan. Sandangan sing dienggo suwèk-suwèk, kaja wong lagi nandang susah marga kasripahan; rainé separo katutupan ing gombal.... Nanging.... mripaté sing adaté katon lojop-lojop, saiki katon sumilak padang, kaja-kaja ana sing nenangi pangarep-arepé.

Wong mau wis ngrungu warta bab Gusti Jésus. Iku kang nenangi pangarep-arepé ana ing atiné: „O, Gusti Jésus mesti kwasa marasaké aku.... „Semuné prakara sing mokal lan nglengkara, awit lelara saraat iku wis kawentar madal tamba. Nanging wong sing nandang lara mau ana ing atiné wis mantep pangandelé: „Mung Gusti Jésus kang kwasa marasaké....”

Mulané wong mau bandjur nempuh bjat ninggal panggonané, bandjur nggolèki Gusti Jésus. Saja bungah atiné, bareng saka kadohan weruh untabé wong golongan sing pada me-
dun saka ing gunung, ndèrèkaké tindaké Gusti Jésus. Lakuné bandjur digelak, laraning awaké wis ora digawé rasa. Bareng tekan ing ngarsané Gusti Jésus, bandjur sudjud sarta mundjuk: „Gusti, menawi Tuwan karsa, inggih kawasa mbirat nadjis kawula.” Tumrapé wong sing lara wis ora ana wong lijané manèh sing dipandeng kedjaba mung Gusti Jésus. Wong golongan sing pijak marga njingkiri wong lara saraat mau, dianggep sepi. Apadéné saraking angger-angger sing turun-tumurun diparingaké marang bangsané, diterak wani, udjer mung sawidji sing dadi paraning atiné: birat nadjisé marga pitulungané Gusti Jésus. Mulané bareng wis tekan, wong mau ora taha-taha bandjur sudjud lan mundjuk.

Mungguh Gusti Jésus pijambak keprijé? Apa Pandjenengané adjrih kagepok ing wong lara saraat mau? Apa ija kuwatos jèn kasutjèn bakal katularan nadjisé sing nandang lara saraat mau? Apa Gusti Jésus ija runtik galihé kajadéné wong golongan?.... Ora, Gusti Jésus ora mengkonono.

Nanging Gusti Jésus bandjur mulung astané, ndemèk marang wong mau sarta ngandika: „Aku karsa, birata nadjismu!” Pada sanalika kabirat malané saraat dadi resik. Sing pating benjinjih putih-putih ilang babar pisan, kulité pulih kaja wingi uni, lan awaké sing lungkrah malih dadi kuwat manèh. Durung nganti mundjuk apa-apa manèh, wong mau wis di dawuhi Gusti Jésus supaya adja kanda-kanda marang wong apa sing mentas kelakon; wong mau diatag supaya énggal nuduhaké awaké marang imam lan njaosaké kurban miturut dawuhé nabi Musa.... Sawisé nglakoni iku kabèh, wong sing wis mari

larané mau lagi bisa manggon manèh ing kuṭa awor sanak seduluré.

WONG sing wis birat lelarané mau bandjur lunga klawan kabungahan gedé. Atiné prasasat mbludag suka sokur marang Allah déné diparingi kanugrahan sing tanpa upama gedéné, temah ora kena ditjandet manèh grengsenging atiné arep njritakaké lelakoné kang nggumunaké mau. Ing sadalandan ora lèrèn-lèrèn enggoné njritakaké kaélokan sing mentas tumanduk ing awaké. Sapa baé sing gelem ngrungokaké ditjritani, awit kabegdjan sing semono gedéné mau ora amot disimpen ana ing atiné.

BATURÉ PANATUS PRADJURIT RUM

ORA antara suwé sapungkuré lelakon ing duwur mau Gusti Jésus rawuh manèh ing Kapernaum, kaḍèrèkaké wong golongan gedé. Lansanalika wong-wong pada kumrubut sowan arep njuwun pitulungan. Saiki sing pada sowan para pinituwané wong Jahudi. Nanging sowané mau ora kanggo butuhé déwé; sing disuwunaké pitulungan iku baturé panatus pradjurit Rum, djalaran lara mbebajani ndungkap mati. Gusti Jésus diaturi rawuh ing omahé panatus pradjurit mau, supaya marasna baturé sing lagi lara.

Jèn digagas, satemené kalebu anèh, déné ing atasé pinituwané wong Jahudi kok nganti pada gelem ngaturi Gusti Jésus rawuh ing omahé wong Rum, mangka sing lara iku mung batur, malah bisa uga batur tukon. Mulané wong Jahudi mau pada njaosi katerangan, jèn wong Rum sing ngaturi Gusti Jésus iku wong betjik, ora ambek sija ing atasé bangsa Jahudi, malah saking tresnané nganti ngjasa-kaké mesdjid ing kuṭa Kapernaum.

Katerangan mau dasar kepara njata. Panatus pradjurit Rum mau pantjèn wong sing luhur budiné. Jèn ora mengkonono, mangsa wong Jahudi nganti gelem dadi kongkonané. Wong Rum mau nganggep sapaḍa-pada marang bangsa Jahudi, senadjan bangsa telukan. Djalaran wong Rum mau wis wanuh marang Allahé bangsa Israèl, malah ija ngabekti marang Allah, mulané bisa nduwé katresnan marang bangsa Jahudi.... Wong mau mesti baé luhur budiné, apamanèh ambek welasan, katélak saka enggoné keraja-raja golèk ichtijar murih warasé baturé sing lagi lara banget. Endi ana wong Rum sing gelem nggumatèni batur?....

GUSTI Jésus midangetaké aturé wong Jahudi mau klawan rena galihé. Enggoné wong-wong mau pada tresna-tinresnan iku

kang ndjalari renaning galihé. Mulané Gusti Jésus sanalika bandjur tedak mbarengi lakuné wong-wong mau.

Undjuké panatus pradjurit kang lumantar para pinituwané wong Jahudi mengkéné: „Réntjang kawula sakit sanget wonten ing grija kawula, langkung sanget anggènipun ngraos sakit. Mugi Tuwan kepareng njarasakan” Sanalika dawuhé Gusti Jésus: „Aku teka mrana marasaké.”

Nanging bareng wis tjejak ing omahé panatus pradjurit mau, bandjur ana kongkonan manèh marek ing ngarsané Gusti Jésus kapurih mundjuk: „Duh Gusti, sampun ndadosaken damel Tuwan, margi boten pantes ing atasipun kawula, menawi Tuwan ngantosa rawuh lumebet ing wangon kawula. Kawula inggih sampun rumaos boten pantes menawisowana pijambak, nanging Tuwan mugi njabdakaken kémawon, temtu réntjang kawula badé saras. Kawula punika rak inggih tijang ingkang kapréntah sarta mbawahaken pradjurit. Mangka menawi kawula akèn, préntah kawula mesti dipun lampahi sanalika, lan menawi kawula dipun paringi dawuh, kawula temtu énggal-énggal ngéstockaken dawuh Duh Gusti, Tuwan punika kagungan pangwaos ingkang linangkung, inggih nguwaosi sadéngah kawontenan, malah inggih nguwaosi sesakit. Duh Gusti, mugi Tuwan kepareng njabdakaken, temah réntjang kawula temtu badé saras.”

Gusti Jésus midangetaké atur mengkono klawan banget renaning penggalih, déné nguningani pangandel sing nganti semono gedéné, mangka sing duwé pangandel mau wong Rum. Mulané semu sedih pangandikané Gusti Jésus, nalika minger lan mangandikani wong-wong kang pada ndèrèk Pandjenengané ora kekilapan, jèn ing antarané bangsa Jahudi déwé isih akèh wong sing pada ora pratjaja marang Pañdjenengané, malah pada njepèlèkaké, lan pada ngarani Gusti Jésus iku dudu Sang Mesih, nanging wong tjulika.

Pangandikané Gusti Jésus: „Pitutorku ing kowé: senadjan ing bangsa Israèl, aku durung nemu pangandel kang gedéné seméné iki. Nanging Aku pitutor ing kowé jèn bakal ana wong akèh teka saka ing wétan lan ing kulon, pada mèlu kembulan karo Abraham, Iskak lan Jakub ana ing kratoné swarga. Mangka para putrané kraton pada kabuwang metu marang pepeteng ing djaba pisan”

Pangandika mau isi pamelèh sing pepes tumrap wong Jahudi sing pada ngegung-egungaké enggoné pada dadi tedaké Abraham, temah pada ngira jèn mesti bakal olèh swarga Mangka Gusti Jésus ngandika, jèn panatus pradjurit mau, senadjan wong Rum, dadiné ija wong kapisir, apadéné wong akèh

saka ingwétan lan ing kulon, bakal pada ndisiki bangsa Jahudi enggoné ketampan lan mlebu ing kraton swarga, Déné bangsa Jahudi déwé bakal pada kabuwang metu ing djaba.

Wong Jahudi ngrungu pangandika mengkono iku, atiné serik banget.

Nanging para pinituwa suruhané panatus mau pada kaparingan pangandika kang banget ngresepaké ati, mengkéné: „Wis, mundura, kowé ketekana kaja kang dadi pangandemu.” Bareng para pinituwa mau tekan ing omahé panatus pradjurit, batur sing lara banget mau wis ketemu *waras*.

Pangandelé wong Rum sing semono gedéné mau dadiné ora nganti kawirangan.

ANAKÉ RANĀ ING NAIN

KATJARITA ing sawidjining dina ana iring-iringané wong akèh metu saka ing kuṭa Nain nguntapaké lajon menjang ing pakuburan ing sadjabané kuṭa. Sing arep dikubur mau majité botjah lanang anaké ontang-anting ranḍa ing Nain. Banḍosané dilurubi nganggo lawon putih, dipikul wong papat, lumaku alon-alon ang ing ngarep. Ing saburining banḍosa wong-wong lanang wadon sing pada urun tangis lan pangaduh, kaja sing wis dadi adat kalumrahané ing tanah kono. Swarané pating gléro gawé sedihé sing pada ngrungu. Ing buriné manèh mbok ranḍa ngetutaké lakuné banḍosa kambi nangis ngglolo djalaran banget sedihé. Anaké mung sidji, mangka saiki wis mati, diuntapaké menjang ing pakuburan, bakal pepisahan ing salawas-lawasé. Kaja-kaja botjah mau nusul bapakné sing wis ndisiki lumaku menjang ing djaman kalanggengan. Mulané mbok ranḍa rumangsa ditinggal idjèn ana ing alam donja, tanpa rowang tanpa kanti. Anak lanang sing digadang-gadang bisaa mikul duwur mendem djero, saiki wis ora kena didjagakaké pitulungané, mbok ranḍa sedihé kepati-pati. Sing dipendeng ora ana lijané manèh kedjaba mung anaké lanang sing lagi diuntapaké menjang ing pakuburan.

KOTJAPA bareng tekan ing sadjabané kuṭa, lakuné petukan karo arak-arakan lija sing arep mlebu menjang kuṭa, jaiku wong golongan sing pada ndèrèkaké Gusti Jésus lan para sekabaté.

Wong golongan mau bandjur pijak nisih mengiwa lan menengen, ngentèni saliwaté sing pada nguntapaké lajon. Wong-wong mau kabèh pada meneng, atiné karanta-ranta njumurupi solahé mbok ranḍa, nanging keprijé manèh, arep tetulung pada ora bisa. Sapa ta

sing bisa nguripaké wong wis mati? Mengkono gagasané wong golongan.

Nanging mungguh Gusti Jésus keprijé? Pandjenengané ija mirsa wong pirang-pirang pada nguntapaké lajon, ija wis nguningani mbok randa Gusti bareng mirsa randa mau, luwih banget trenjuh galihé déning welas. Gusti Jésus bandjur njelaki mbok randa, sarta ngandika: „Adja nangis!”

Keprijé, ora diparengaké nangis? Wong kabèh pada gumun; sing mikul bandosa bandjur mandeg; wong sing urun tangis pada meneng sanalika. Keprijé iki, apa wong kepatèn anaké ora pareng nangis?

Lan mbok randa déwé keprijé? Wong sing ndawuhi adja nangis mau, ija durung tau tumon, malah ija ora ngerti apa sing didawuhaké. Sing dadi telenging atiné mung sawidji, jaiku: anaké sing ditresnani wis mati, mengko jèn wis rampung panguburé, bakal mulih idjèn, tjiptané mung bakal mati ngenes, awit wis pedot gantilaning njawané. Mulané ija ora bisa njandak apa karepé dipenging enggoné nangisi anaké.

Ing kono Gusti Jésus bandjur marepeki ndemèk krendané, dawuhé: „Tolé, dawuhku: tangia!” Wong-wong sing pada ngrubung bandjur mundur sanalika, djalaran kang mati ndjenggèlèk, kaja patrapé wong sing mentas tangi turu. Sawisé linggih, mripaté mung tansah ngingetaké wong ing sakiwa-tengené, suwé-suwé bandjur bisa guneman, babar pisan ora ngetarani jèn mentas mati; mbok randa ija njumurupi lelakon mau, weruh jèn anaké wis urip manèh, nanging ora bisa ngutjap apa-apa Anaké énggal dirangkul lan diambungi kambi nangis, nanging enggoné nangis saiki marga saka gedéning kabungahané.

GUSTI Jésus bandjur mbatjutaké tindaké . . . Wong golongan pada rebut ngarep enggoné arep ndèrèkaké tindaké; wong-wong sing mentas pada nguntapaké lajon, dalah mbok randa saanaké, lan wong sing pada urun tangis ora gelem kari, kabèh pada ngetut-wingking tindaké Gusti Jésus mlebu ing kuṭa Nain. Umjung swarané wong pada nggunem lelakon sing ngéram-éramaké mau, pangutjapé: „Ana nabi gedé djumeneng ing antara kita, lan Allah nuwèni umaté!”

Kaélokan sing semono gedéné durung tau kelakon ing tanah kono. Apa tumon, ana wong mati bisa urip manèh, mung marga didawuhi déning Gusti Jésus! Mangka ora ana wong sing ngaturi Gusti supaya mitulungi mbok randa, djalaran pantjèn ora klebu ing nalar, jèn wong mati bisa urip manèh. Dadi wis tjeṭa, jèn enggoné Gusti Jésus maringi pitulungan mau mung marga kadereng déning

gedéning sih kawelasané marang wong, ora marga saka kepénginé olèh pangalembana. Nanging kabèh mau nenuntun marang kaluhurané Sang Rama kang ana ing swarga.

PAWARTA bab kaélokan mau bandjur kawelantrah marang satanah Judéa kabèh nganti tekan ing ngamantja.

ANAKÉ JAIRUS

KATJARITA Gusti Jésus rawuh manèh ing Kapernaum. Wong golongan bandjur énggal nampèni rawuhé, djalaran kabèh wis pada ngarep-arep. Lakuné wong prasasat ora kena ditata, awit kabèh-kabèh kepéngin njelaki Gusti Jésus. Nalika semono ana wong ndesek madju njungkemi padané Gusti Jésus sarta mundjuk: „Duh Gusti, mugi Tuwan kepareng rawuh ing grija kawula sareng kalijan kawula. Anak kawula èstri sakit sanget malah sampun mèh pedjah. Menawi Tuwan kersa rawuh saha numpangaken asta Tuwan, anak kawula mesti badé saras tumunten. Duh Gusti, mugi Tuwan melasi anak kawula!”

Wong sing duwé atur panjuwun mengkono iku djenengé Jairus, lurahing mesdjid ing Kapernaum. Jairus wis wanuh karo Gusti Jésus, lan ngandel, jèn anaké wadon sing ontang-anting mesti bakal bisa waras manèh, waton Gusti Jésus kersa rawuh mitulungi. Mulané adreng panjuwuné: „Duh Gusti, mugi kepareng rawuh!”

Gusti Jésus ija kepareng rawuh ing omahé, bandjur tedak kaḍèrèkaké Jairus lan wong golongan. Lakuné wong djedjel rijel ora kena dipijak, ndesek marang Gusti Jésus, pamurihé mung bisaa tjeḍak karo Pandjenengané. Kotjapa, nalika semono ana wong wadon ndresel ing tengahé wong golongan. Wong wadon mau katoné wis nékat, ora perduli diesuk-esuk ing wong akèh, ndesek sarosané supaya bisa njelaki Gusti Jésus. Mangka polatané katon jèn ngandut wedi lan isin. Éwasemono banget pangudiné njelaki Gusti, djalaran kepéngin nuruti grendjeting atiné. Waton bisa njelaki Gusti, awaké mesti kapi-tulungan, djalaran Gusti wis kwasa mitulungi wong pirang-pirang. Nanging sing dirasa ana ing atiné, ora nganti dilairaké ing tjangkémé; abot rasané jèn nganti ngundjukaké kang dadi perluné, mangka ana ing ngarepané wong akèh. Mulané osiking atiné mengkéné: „Aku ora perlu mundjuk apa-apa, waton aku bisa ndumuk djubah pangagemané Gusti, aku mesti pulih waras manèh!” Pangandel lan kamantepaning ati mengkono iku kang ndjalari wong mau ora ngétung kangèlan lan rekasa diesuk-esuk ing



„EBÈNG, TANGIA!”

golongan. Pangudiné mung sawidji: njelaki Gusti Jésus, temah waras!

Wong wadon mau enggoné nandang lara wis rolas taun lawasé; dèk bijèn kalebu wong tjukup, nanging saiki wis entèk bandané kanggo mertamba, nanging ora ana kang bisa marasaké. Dèk bijèn awaké waras lan rosa, nanging saiki kari lung-lit. Malah saiki larané saja nemen. Nanging jèn bisa kelakon njelaki Gusti Jésus, wis mesti mari larané!

Bareng wis bisa tjedak, bandjur marepeki marang Gusti Jésus saka ing wingking, tangané énggal-énggal mulung ndumuk gombjoking djubahé Gusti, lan sanalika iku uga larané mari. Awaké krasa seger, ana daja anjar lumebu ing otot-balungé, temah pulih kakuwatané lan waras manèh. Bareng wis krasa mari, bandjur arep njlimpet lunga. Lagi baé arep mingser, bandjur krungu Gusti Jésus ndangu para sekabaté: „Kang ndumuk Aku sapa?” Wong wadon mau, senadjan ora didangu, atiné kagèt banget, djalaran mauné ngira ora bakal kapirsan déning Gusti. Bareng kabèh pađa meneng baé, Pétrus lan kantjané pađa mundjuk klawan gumun: „Guru, tijang golongan djedjel sami ndesek dumateng Tuwan mekaten, kok Tuwan ngantos ngandika: Kang ndumuk Aku sapa?” Nanging Gusti Jésus ngandika manèh: „Ana wong kang ndumuk Aku, awit Aku krasa

ana daja kang metu saka ing Aku.”

Wong wadon mau bareng weruh jèn ora kena dikilapi, bandjur marek klawan gumeter, sumungkem ing ngarsané Gusti Jésus sarta mundjuk blaka ana ing ngarepané wong kabèh, jèn enggoné lara wis tetaunan, nanging saiki wis mari marga saka enggoné ndumuk djubahé Gusti Jésus

Gusti Jésus mirsa wong wadon mau klawan welas lan rena ing galih, déné semono gedéné pangandelé, pangandikané: „Hé, enggèr, diénak atimu, pangandelmumu kang mitulungi kowé. Mundura klawan tentrem rahaju lan birata lelaramu.”

Sadjroné isih ngandika, kesaru tekané kongkonan saka ing omahé Jairus. Bareng weruh wongé teka, Jairus wis entèk atiné, nemtokaké jèn wongé mau nggawa kabar ora betjik. Saja kuwur pikiré bareng ngrungu aturé wong mau: „Putra sampéjan sampun ngadjal. Sampéjan sampun ngribedi dateng Guru.” Wis mati Apa isih ana perluné ngaturi Gusti Jésus rawuh ing omahé? Saiki wis kasèp djenèh mau tindaké diendeg-endegi déning wong wadon sing ndumuk djubah. Saiki keprijé polahé Jairus? Apa mulih idjèn ngupakara sing wis ora ana? Atiné djudeg banget. Gusti Jésus mijarsa lan mirsa kabèh, bandjur njelaki Jairus sarta ngandika: „Adja maras, kumandela baé, temah botjahé bakal kapi-

tolongan.” Jairus atiné krasa mak tjles, bareng ngrungu pangandika mengkono iku. „Adja maras!” O, Jairus ora bakal maras, jèn Gusti Jésus isih ana ing sandingé. Wis mantep pangandelé, jèn mung Gusti Jésus sing bisa maringi pitolongan.

Ora antara suwé lakuné wis tekan ing omahé Jairus. Ing kono wis akèh wong sing pada lajat. Swarané wong sing pada nangis lan ngaduh-aduh ngebaki omah, binarung ing unining suling sing nggalik-galik swarané. Bareng Gusti Jésus rawuh, wong-wong mau kabèh pada kaðawuhan metu ing djaba. Sing khilan ndèrèk mlebu mung Pétrus, Jakobus lan Jochanan, apadéné bapa-bijungé si botjah.

Wong-wong sing pada nangis dipangandikani mengkené: „Adja pada nangis. Botjahé ora mati, mung lagi turu.” Wong-wong mau bandjur nggegugu, udjaré: „Botjah wis mati kok diarani lagi turu!” Apa perluné Gusti Jésus diaturi rawuh? Botjah wis mati arep dikapakaké manèh, jèn ora diupakara karo ditangisi kaja adaté sing uwis-uwis? Saiki kok pada diðawuhi meneng? Bebasané rak: désa mawa tjara, negara mawa tata?

Kotjapa kang pada ana ing kamaré botjah sing wis mati; Jairus bareng weruh anaké wis dilurubi, atiné kumesar, awaké lemes tanpa daja. Tudjuné Gusti Jésus ana ing sandingé. Tangané botjah mau bandjur diasta sarta pangandikané: „Ebèng. tangia!” Njawané bandjur bali, pada sanalika botjahé tangi, bandjur njawang bapa lan bijungé, kaja botjah mentas tangi turu. Gusti Jésus bandjur dawuh mènèhi mangan. Botjah mau bandjur mangan, katon wis waras manèh. Wong tuwané bungahé ora kira-kira.

Gusti Jésus bandjur tindak saka ing kono kaðèrèkaké sekabaté telu sing pada neksèni lelakon mau. Wong golongan sing ngentèni ing djaba pada kagawokan, bareng ngerti jèn botjahé wis urip manèh. Wong-wong sing mauné pada nggegugu, saiki ora bisa ngutjap apa-apa kedjaba mung meneng lan wedi.

Nanging Jairus atiné mbludag kabungahan, pangandelé marang Gusti Jésus njata mijatani. Jairus ora bakal bisa lali marang pangandikané Gusti Jésus sing bisa njirnakaké sumelanging atiné: „Adja maras, kumandela baé!” Pangandika mau mesti bakal diéling-éling ing salawasé urip.

BÈTÈSDA

ING negara Jerusalèm, ing ngarepé Sekètèng Wedus — jaiku panggonané wong pada tuku wedus kanggo saos kurban ana ing padaleman sutji — ana blumbangé padusan, arané Bètèsda, ing basa Djawa pantes diarani:

Panti-wilasa. Blumbang kang ana banjuné kimplah-kimplah ing sakubengé digawèkaké bangsal tjatjahé lima, jaiku panggonané wong-wong sing pada nandang lara warna-warna, wong pitjak, wong lumpuh, wong gering, pada ngadang-adang kotjak ing banju ing blumbang. Awit ing samangsa-mangsa ana malaékat tumedak ngotjakaké banju ing blumbang, sarta sing sapa njemplung disik bareng lan kotjaké banju, iku dadi waras sanalika, ora pilih-pilih larané. Mulané wong-wong sing lara pada ngentèni ana ing bangsal samangsa banju ing blumbang katoné kaja dikebur, wong-wong mau rebut dutjung arep njemplung ing blumbang, ana sing mlaju, ana sing mbrangkang, malah ana sing mung ngésod baé; sing babar pisan ora bisa obah, kepeksa digéndong sanak seduluré, murih bisané njemplung disik ing banjuné Bètèsda. Sing kèri tekané, senadjana wis njemplung, larané ora bisa mari. Mangka tekané malaékat sing ngotjakaké banju mau ora kena ditanguh mangsané. Dadiné wong-wong mau kudu ngentèni klawan sabar lan waspada, adja nganti keðisikan kantjané.

Kotjapa ing kono ana wong kang nandang lara wis telung puluh wolu taun lawasé. Wong mau gumluntung ana ing kono, tanpa rowang tanpa kanti, mangka tangan lan sikilé ora kena digawé ngglawat, mulané sepi pangarep-arepé bisané mari lelarané. Dèk bijèn nalika mentas teka ing Bètèsda, isih gedé pangarep-arepé bisa waras, nanging saiki kaja-kaja lelarané kuðu disandang nganti tekan adjalé. Pantjèn pandumaning ngaurip iku béda-béda, mengkono pamupusing atiné.

Nalika semono mbeneri rijaja Paskah ing Jerusalèm. Mulané Bètèsda mundak ramé, luwih katimbang adaté. Saka ing désa ngadésa tekané wong-wong lara karo sanak seduluré arep njoba golèk kuwarasan ana ing blumbang Bètèsda. Mèh saben wong lara duwé réwang sing sumadja nulungi njemplungaké ing banju, samangsa-mangsa kotjak. Nanging wong tuwa sing wis lawas gumlétak ana ing kono, ora ana sing nulungi. Mripaté mung kelop-kelop njawang wong sing pada lunga teka ing kono, nanging awaké déwé wis ngedjibaké jèn ora bakal mingsed saka ing paturoné sadurungé ngadjal.

Kotjapa wong lara mau krasa jèn disawang lan digatèkaké déning wong sing mentas teka ing kono. Kadingarèn temen ana wong gelem nggatèkaké. Sapa ta wong iku? Wong mau malah njelak lan ndangu, pangandikané: „Apa kowé kepéngin waras?”

Kepéngin waras? Wong lara mau nginetaké sing ndangu semu gumun. Saiba enggoné kepéngin! Wis telung puluh wolu taun lawasé enggoné kepéngin bisa waras, nanging

kepriyé bisané, djalaran obah baé ora bisa. Apa wong iki kira-kira gelem nulungi njemplungaké ing blumbang Bètèsda, samangsa ana malaékat tumedak? . . . Nanging kira-kira ija tanpa gawé, awit mestiné wis keðisikan wong lija. Mulané wong lara sing kapiran mau bandjur mangsuli: „Duh Tuwan, kula boten gadah réntjang ingkang njemplungaken kula datang ing blumbang samangsa tojanipun panudju kotjak. Déné menawi kula saweg murugi, ladjeng wonten tijang sanès ingkang ambjur ngrumijini kula.”

Wong kang ndangu mau bandjur rentah welasé, énggal ngandika marang kang lara: „Tangia, paturonmu angkaten, lumakua!” Sanalika wong mau dadi *waras*, sarta *ngangkat* paturoné, tumuli *mlaku*. Awaké sing lemes tanpa daja sanalika dadi kuwat, kaja-kaja kalebon ing daja gaib sing ndjalari warasé.

Bareng wong mau wis ngrasakaké pulihing kakuwatané, ménga-méngo nggolèki wong sing marasaké arep awèh panarima, nanging wis ora katon ana ing kono. Sapa ta wong iku, déné kok kuwasa marasaké wong lara mung nganggo disabdakaké baé? Wong mau ora ngerti, marga saka lawasé enggoné gumlétak ana ing bangsal kono, nganti ora tau ngrungu kabar apa-apa saka ing sakiwa-tengené.

SAKING bungah-bungahé déné wis kelakon bisa waras manèh, wong mau bandjur mlaku-mlaku ana ing kuṭa Jerusalèm, ngalor ngidul kambi manggul paturoné. Atiné kebak kabungahan, malah kaja-kaja wong sadjagad pada mèlu ngrasakaké kabungahané. Ing nalika iku panudju dina Sabbath.

Dumadakan ana wong ngaruh-aruhi lan njendu: „Iki dina Sabbath, ora kena kowé nggawa paturon.”

Wong sing disendu mau kagèt . . . Paturoné? Ora rumangsa babar pisan jèn sing dipanggul mau paturoné lan jèn tindaké mau luput. Sing digagas-gagas mung kaélokkan sing mentas tumanduk ing awaké. Klawan tadjem wong mau mandeng wong-wong Farisi lan wong Jahudi lijané, sarta mangsuli: „Tijang ingkang njarasaken kula punika ingkang dawuh: Paturonmu angkaten, lumakua!” „Jèn kula namung sadermi nglampahi dawuh, mangka ingkang paring dawuh punika tijang ingkang kuwaos njarasaken kula, rak kula boten lepat sanget-sanget!” Nanging wong mau tetep diluputaké déning wong Farisi. Bangsa Jahudi kabèh rak wis ngerti jèn pada ora kepareng nglakoni sadéngah pagawéan ing dina Sabbath. Lan wong sing bisa marasaké wong lumpuh, sapa ta wong iku? Nanging wong sing mentas waras ora weruh iku sapa.

Nanging wong-wong Farisi wis pada ngerti lan wani nemtokaké sapa wongé sing mara-

saké: iku ora lija Rabbi anjar saka Nasarèt kaé! Jèn kélingan wong Nasarèt mau, saja wuwuh enggoné pada ngigit-igit. Ora perduli apa wong Nasarèt mau pinter marasaké wong lara sarana kaélokkan! Ora perduli apa wong sing wis lawas nandang lara lumpuh saiki wis mari temah bisa ngrasakaké kabungahan gedé! Djenèh wong-wong mau pada nemaha nerak wewaler dina Sabbath! Wong sing mentas mari iku mlaku ngalor ngidul karo manggul paturoné, dadiné ngedèng enggoné nglakoni pagawéan ing dina Sabbath. Mangka sing dawuh mengkono iku wong Nasarèt sing aran Jésus! Dadi sakaroné pada kaluputan nerak wewaler dina Sabbath. Wong-wong Farisi satemené wis ora gumun, jèn Guru anjar saka Nasarèt iku duwéa pokal kang mengkono iku. Pantjèn medjanani banget tangkepé marang golongané wong Farisi lan para ulama; pepatjak lan préntahé dianggep tanpa teges, malah pangibadahé mung dianggep lelamisan. Mulané wong Farisi lan para ulama getingé ndjering marang Gusti Jésus. Apa sing mentas kelakon ana ing Bètèsda wis ditjaṭet, mung kari ngentèni mangsané jèn sundukané wis kebak.

Wong sing mari lumpuhé didjaraké baé, nanging Gusti Jésus ing sabandjuré tansah ditut-buri lan ditliti, digolèki lénané.

SAWUSÉ mengkono wong sing wis mari iku mlebu ing padaleman sutji, bareng karo wong golongan arep njaosaké pamudji sokur marang Allah. Polatané katon bingar lan atiné gambira, déné wis bisa mlaku ing saparan-paran manut kekarepané.

Lagi énak mlaku-mlaku ing padaleman sutji, dumadakan kepranggul karo wong sing marasaké awaké. Ing kono lagi baé wong mau ngerti jèn sing kawasa marasaké iku Gusti Jésus. Atiné wong mau banget enggoné kakenan.

Gusti Jésus ija pirsá wong mau, bandjur dipangandikani. Wong-wong ing sakiwa-tengené pada ora bisa ngerti apa tegesé pangandika mau, nanging wong sing dipangandikani ora bakal kliru tanpa. Pangandikané Gusti Jésus: „Lah kowé wus dadi waras, adja manèh gawé dosa, supaja kowé adja nganti ketaman kang luwih banget.” Wong mau mung ndingkluk baé marga kisinin. Pantjèn enggoné nandang lara nganti lawas mau dadi paukumané enggoné mblunṭah uripé nalika isih enom lan rosa. „Adja manèh gawé dosa!” mengkono dawuhé Gusti Jésus, awit samangsa mbalèni uripé sing bijèn, mesti bakal ketaman kang luwih banget, jaiku paukuman kang *langgeng*. Wong mau tumuli lunga . . . marani wong Farisi.

Wong mau rak ditakoni sapa sing marasaké lan sing dawuh ngangkat paturoné. Nalika

kepriyé bisané, djalaran obah baé ora bisa. Apa wong iki kira-kira gelem nulungi njemplungaké ing blumbang Bètèsda, samangsa ana malaékat tumedak? . . . Nanging kira-kira ija tanpa gawé, awit mestiné wis keḍisikan wong lija. Mulané wong lara sing kاپiran mau bandjur mangsuli: „Duh Tuwan, kula boten gaḍah réntjang ingkang njemplungaken kula ḍateng ing blumbang samangsa tojanipun panudju kotjak. Déné menawi kula saweg murugi, ladjeng wonten tijang sanès ingkang ambjur ngrumijini kula.”

Wong kang ndangu mau bandjur rentah welasé, énggal ngandika marang kang lara: „Tangia, paturonmu angkaten, lumakua!” Sanalika wong mau dadi *waras*, sarta *ngangkat* paturoné, tumuli *mlaku*. Awaké sing lemes tanpa daja sanalika dadi kuwat, kaja-kaja kalebon ing daja gaib sing ndjalari warasé.

Bareng wong mau wis ngrasakaké pulihing kakuwatané, ménga-méngo nggolèki wong sing marasaké arep awèh panarima, nanging wis ora katon ana ing kono. Sapa ta wong iku, déné kok kuwasa marasaké wong lara mung nganggo disabdakaké baé? Wong mau ora ngerti, marga saka lawasé enggoné gumlétak ana ing bangsal kono, nganti ora tau ngrungu kabar apa-apa saka ing sakiwa-tengené.

SAKING bungah-bungahé déné wis kelakon bisa waras manèh, wong mau bandjur mlaku-mlaku ana ing kuṭa Jerusalèm, ngalor ngidul kambi manggul paturoné. Atiné kebak kabungahan, malah kaja-kaja wong sadjagad paḍa mèlu ngrasakaké kabungahané. Ing nalika iku panudju dina Sabbath.

Dumadakan ana wong ngaruh-aruhi lan njendu: „Iki dina Sabbath, ora kena kowé nggawa paturon.”

Wong sing disendu mau kagèt . . . Paturoné? Ora rumangsa babar pisan jèn sing dipanggul mau paturoné lan jèn tindaké mau luput. Sing digagas-gagas mung kaélokkan sing mentas tumanduk ing awaké. Klawan tadjem wong mau mandeng wong-wong Farisi lan wong Jahudi lijané, sarta mangsuli: „Tijang ingkang njarasaken kula punika ingkang ḍawuh: Paturonmu angkaten, lumakua!” „Jèn kula namung sadermi nglampahi ḍawuh, mangka ingkang paring ḍawuh punika tijang ingkang kuwaos njarasakan kula, rak kula boten lepat sanget-sanget!” Nanging wong mau tetep diluputaké déning wong Farisi. Bangsa Jahudi kabèh rak wis ngerti jèn paḍa ora kepareng nglakoni sadéngah pagawéan ing dina Sabbath. Lan wong sing bisa marasaké wong lumpuh, sapa ta wong iku? Nanging wong sing mentas waras ora weruh iku sapa.

Nanging wong-wong Farisi wis paḍa ngerti lan wani nemtokaké sapa wongé sing mara-

saké: iku ora lija Rabbi anjar saka Nasarèt kaé! Jèn kélingan wong Nasarèt mau, saja wuwuh enggoné paḍa ngigit-igit. Ora perduli apa wong Nasarèt mau pinter marasaké wong lara sarana kaélokkan! Ora perduli apa wong sing wis lawas nandang lara lumpuh saiki wis mari temah bisa ngrasakaké kabungahan gedé! Djenèh wong-wong mau paḍa nemaha nerak wewaler dina Sabbath! Wong sing mentas mari iku mlaku ngalor ngidul karo manggul paturoné, dadiné ngedèng enggoné nglakoni pagawéan ing dina Sabbath. Mangka sing ḍawuh mengkono iku wong Nasarèt sing aran Jésus! Dadi sakaroné paḍa kaluputan nerak wewaler dina Sabbath. Wong-wong Farisi satemené wis ora gumun, jèn Guru anjar saka Nasarèt iku duwéa pokal kang mengkono iku. Pantjèn medjanani banget tangkepé marang golongané wong Farisi lan para ulama; pepatjak lan préntahé dianggep tanpa teges, malah pangibadahé mung dianggep lelamisan. Mulané wong Farisi lan para ulama geṭingé ndjering marang Gusti Jésus. Apa sing mentas kelakon ana ing Bètèsda wis ditjaṭet, mung kari ngentèni mangsané jèn sundukané wis kebak.

Wong sing mari lumpuhé didjaraké baé, nanging Gusti Jésus ing sabandjuré tansah ditut-buri lan ditliti, digolèki lénané.

SAWUSÉ mengkono wong sing wis mari iku mlebu ing padaleman sutji, bareng karo wong golongan arep njaosaké pamudji sokur marang Allah. Polatané katon bingar lan atiné gambira, déné wis bisa mlaku ing saparan-paran manut kekarepané.

Lagi énak mlaku-mlaku ing padaleman sutji, dumadakan kepranggul karo wong sing marasaké awaké. Ing kono lagi baé wong mau ngerti jèn sing kawasa marasaké iku Gusti Jésus. Atiné wong mau banget enggoné kakenan.

Gusti Jésus ija pirsá wong mau, bandjur dipangandikani. Wong-wong ing sakiwa-tengené paḍa ora bisa ngerti apa tegesé pangandika mau, nanging wong sing dipangandikani ora bakal kliru tanpa. Pangandikané Gusti Jésus: „Lah kowé wus dadi waras, adja manèh gawé dosa, supaja kowé adja nganti ketaman kang luwih banget.” Wong mau mung ndingkluk baé marga kisinin. Pantjèn enggoné nandang lara nganti lawas mau dadi paukumané enggoné mbluntah uripé nalika isih enom lan rosa. „Adja manèh gawé dosa!” mengkono ḍawuhé Gusti Jésus, awit samangsa mbalèni uripé sing bijèn, mesti bakal ketaman kang luwih banget, jaiku paukuman kang *langgeng*. Wong mau tumuli lunga . . . marani wong Farisi.

Wong mau rak ditakoni sapa sing marasaké lan sing ḍawuh ngangkat paturoné. Nalika

ditakoni, durung ngerti sapa wongé, nanging bareng saiki wis ngerti, bandjur énggal-énggal awèh weruh, jèn sing marasaké awaké iku Gusti Jésus. Wong mau enggoné awèh weruh, iku mung kagawa saka bungahing atiné déné wis bisa ngerti sapa sing mbetjiki awaké, tanpa nglegéwa jèn pawartané iku mau malah ngobong atiné para wong Farisi lan para ulama. Saiki wis tjeṭa sapa wongé sing nerak wewaler dina Sabbath, awit mauné mung paḍa duwé panggrajangan jèn sing nerak iku mestiné Jésus, wong Nasarèt. Wong-wong mau bandjur paḍa sekongkel arep ngringkes wong Nasarèt sing ora duwé éring babar pisan karo para pangarepé bangsa Jahudi lan sing tansah dietut-buri ing wong golongan. Ing tembé buri samangsa wis kebak sundukané, pira suwéné njirnakaké wong sidji, bebasan isih suwé midjet wohing ranti. Saiki wong-wong mau wis paḍa gilig rembugé, jèn wong Nasarèt iku, jaiku Gusti Jésus, kudu disirnakaké. Pantjèn, jèn Gusti Jésus wis kelakon séda, ija wis ora ana manèh sing wani ngagru-agru para wong Farisi lan para ulama. Mulané saiki wong-wong mau mung arep métani tindak-tanduké Gusti Jésus, sing paḍa diudi supaja bisa ngonangi Gusti Jésus nindakaké kaluputan utawa panerak.

ING OMAHÉ WONG FARISI, ARAN SIMON

ING sawidjining dina Gusti Jésus diaturi ḍahar déning wong Farisi, aran Simon, ana ing omahé. Miturut *tata lairé*, wong Farisi mau katon sumanak lan betjik tangkepé marang Gusti Jésus, mangka *sadjatiné* ora babar pisan. Enggoné ngaturi Gusti Jésus rawuh ana ing omahé lan njaosi ḍahar, iku ora marga saka keduga lan senengé wong mau marang Gusti Jésus, nanging marga saka nalar lija. Wong Farisi mau rumangsa luwih unggul ing samubarang prakara katimbang karo Gusti Jésus, kang asalé mung saka ing désa Nasarèt. Nanging sarèhné Guru mau wis kawentar bisa memulang lan nindakaké kaélokkan warna-warna, mulané wong Farisi mau kepéngin tetepungan lan wawan gunem karo Gusti Jésus. Lan supaja adja nganti dirusuhi déning wong golongan, Gusti Jésus bandjur diaturi rawuh ing omahé. Iku djalarané Gusti Jésus rawuh ana ing omahé wong Farisi.

Rawuhé ora pijambak, kedjaba Gusti Jésus isih akèh sing diaturi rawuh, jaiku para wong Farisi lan para djamhur lija-lijané. Rawuhé para tamu ditampa klawan pakurmatan, sikilé diwidjiki lan disaosi djebad wangi déning para abdi, sawisé mengkono Simon déwé sing

dadi tuwan rumah, bandjur meṭukaké tamuné, ngaturi pambagé sarana ngambung miturut adaté ing tanah kono.

Nanging nalika Gusti Jésus rawuh, ora ana wong sing mbagèkaké; ora ana batur sing teka midjiki sampéjané, ora ana sing njaosi lenga djebad lan ora ana sing nutjup Pandjenengané. Awit pangirané wong Farisi, pambagé sing kaja mengkono iku ora samestiné dietrapaké marang Guru weton Nasarèt, rak wis pira-pira wong mau dililani kekembulan karo wong Farisi; dadi apa perluné ndadak isih diaturi pambagé klawan pakurmatan?

KOTJAPA para tamu wis paḍa pinarak arep ḍahar; enggoné paḍa pinarak ana ing resbang sing ditata mubeng ngubengi médja, lingguhé setengah turon, sikil karo pisan diunggahaké ing resbang, sawisé trumpahé diutjuli lan disèlèh ing ngisor resbang. Para tamu wis gupjuk enggoné paḍa ngandikan, nanging sing akèh déwé enggoné ngandikan iku Gusti Jésus, djalaran diteter ing pitakonon, émané enggoné paḍa takon mau mung tumudju arep njoba, awit para wong Farisi wis paḍa rumangsa luwih pinter lan luwih witjaksana katimbang Rabbi anjar saka désa Nasarèt. Miturut udjaré wong akèh, Pandjenengané iku djumeneng nabi, nanging para wong Farisi durung gelem nganggep nabi jèn durung weruh tanda-jektiné.

Nalika semono ana lelakon kang dadakan. Ing tengah-tengahé wong akèh sing paḍa ngadeg ana ing palataran nonton sing lagi paḍa andrawina, ana sawidjining wong wadon.

Wis rada suwé enggoné ingak-inguk, djalaran ana sing digolèki, jaiku Gusti Jésus. Saka ing djaba wis katon tjeṭa ana ing sisih endi pinaraké. Bareng wis tita panjawangé, wong wadon mau bandjur mlebu ndjudjug ing panggonan pinaraké Gusti Jésus. Klawan mbrebes-mili ngrungkebi padané, eluhé dléwéran nelesi sarta bandjur diusapi nganggo rambuté Wong wadon mau ora bisa mundjuk apa-apa, bisané mung nangis kelarlara kambi tangané srikutan ngusapi padané Gusti Jésus, bandjur diudjungi sarta dilengani nganggo djebad olèhé nggawa saka ngomahé. Wong wadon mau enggoné nganti kumawani tumindak sing katoné murang tata mau, iku mung marga saka kapeteking atiné déning seḍih. O, gèk sapa sing bisa *ngerti* lan *ngrasakaké* seḍihé? Wong-wong sing ana ing padjagongan kono paḍa tjingak, bareng weruh wong wadon mau. Wong-wong Farisi, dalah Simon déwé, paḍa mènjep lan grenengan, déné wong wadon mau tanpa pamit wani mlebu ing kalangané para wong gedé, tur ora idep ing isin mbebarang tangis ana ing ngarepé wong akèh.

Nanging Gusti Jésus pijambak ija dianggep asor dradjaté, ora béda karo wong wadon mau. Malah pangunandikané Simon mengkéné: „Saiki wis tjeṭa, jèn guru weton Nasarèt iku satemené dudu nabi. Djalaran saupama nabia, mesti sumurup wong wadon kang nggepok awaké iku sapa lan éwoning apa. Jèn ngertia, rak mesti wis ditundung, djalaran wong mau kalebu golongané wong dosa!”

Pantjèn njata, wong wadon mau wis kawentar alané. Sapa wongé sing gelem srawung lan gepok sénggol karo wong sing asor lan niṣta kalakuané? Saben wong sing kepetuk, mesti nisih, sing ditjedaki, mesti ngadoh, supaja adja nganti ketularan ing pialané lan ketèmpèlan ing dosané. Ora patut babar pisan jèn wong sing resik sesrawungan karo wong kuwi, luwih manèh nganti gepok sénggol . . . Lha kok saiki, apa sing katon? Jésus, Rabbi saka Nasarèt kuwi, gelem lan ora risi dirungkebi sikilé lan diudjungi wong wadon mau. Apa sing kaja mengkonono iku patut ing atasé nabi?

PARA wong Farisi lan para ulama kabèh pada ngadoh, pamurihé adja nganti katjipratan ing djedjemberé, djalaran kabèh pada rumangsa resik tanpa tjatjat. Kabèh pada gila lan gigu ndeleng wong wadon mau . . Mung Gusti Jésus pijambak sing ora mengkonono paningalé. Wong-wong lijané pada ora ngerti apa sebabé wong wadon mau nganti nangis kelara-lara . . . Gusti Jésus pirsas. Ora ana wong sing duwé welas marang déwèké . . . Gusti Jésus kagungan sih piwelas. Ora ana wong sing gelem lan bisa nglipur lan nulungi wong wadon mau . . . Gusti Jésus kersa lan kuwasa mitulungi. Mulané Gusti Jésus ora nundung wong wadon mau . . .

Apa manèh . . . Gusti Jésus ija ora duka marang wong-wong Farisi sing pada rumangsa resik lan awatak lamis. Malah Gusti Jésus ija wis pirsas apa sing ana ing batiné wong-wong mau, mulané tanpa ana sing kumetjap njuwun priksa, Gusti bandjur maringi wangsulan, tumudju marang Simon, pangandikané: „Simon, aku duwé pitutur ing kowé . . . Ana wong duwé potang marang wong loro, kang sidji limang atus dinar, sidjiné sèket. Sarèhné ora duwé kang kagawé njaur, dadi utangé dililakaké marang sakaroné. Kang iku kowé tutura: Wong loro mau kang luwih akèh katresnané kang endi?” Undjuk wangsulané Simon: „Punika prakawis gampang. Pandugi kula inggih ingkang kaṭah anggènipun nglilakaken.” Mengkonono wangsulané Simon, nanging Simon lan wong-wong lijané sing pada ngrungu tjrita mau pada ora ngerti apa kersané Gusti Jésus.

Ing kono pangandikané Gusti Jésus marang Simon: „Simon kowé apa weruh wong wadon

iki? . . . daktekani ing omahmu, ora kowènèhi banju wisuh ing sikilku, déné wong iki nelesi sikilku klawan luhé lan diusapi klawan rambuté. Kowé ora ngambung marang Aku, déné wong iki wiwit nalika leboné tansah ngambungi sikilku. Kowé ora nglengani sikilku. déné wong iki nglengani sikilku klawan djabad . . . Mulané pituturku ing kowé: Dosané wong iki kang pantjèn akèh wus pada kaapura, djenèh akèh katresnané. Nanging kang kaapura saṭitik, katresnané ija saṭitik.”

Simon rumangsa kawelèhaké déning Gusti Jésus, mulané rada ketjipuhan. Atiné saja krasa ora kepénak, jèn ngrasakaké isining tjrita mau. Wong sing duwé utang sèket dinar mau ija Simon déwé. Pangandikané Gusti Jésus iku genahé mengkéné: „Simon, kowé adja duwé panganggep jèn kowé resik lan sutji, awit sadjatiné kowé ija kalebu wong sing duwé utang . . .”

Wong wadon ala iku wong sing duwé utang limang atus dinar. Mangka utang semono kèhé saiki wis dililakaké, tegesé: dosané sing gedé wis kaapura. Iku sing dadi djalarané wong mau *kasok tresnané* marang Gusti Jésus, ngungkuli tresnané Simon. Iba begdjané wong wadon iku, ngluwihi kabegdjané Simon.

Gusti Jésus tumuli ngandika marang wong wadon mau: „Dosamu wus kaapura . . . Pangandemu kang mitulungi kowé, mundura klawan tentrem rahaju.”

Wong-wong sing pada ana ing kono, bareng ngrungu pangandika iku mau, bandjur pada grenengan: „Kaṭik ana wong bisa ngapura dosa! Sapa ta wong iku? Rak mung Allah pijambak kang kuwasa ngapura dosa!”

Wong wadon mau ora ngrèwès babar pisan marang gunémé wong akèh, atiné wis bungah lan marem ngrungu pangandika: „Dosamu wus kaapura . . .” Wong wadon mau pantjèn wis ngakoni jèn dosané iku luwih déning gedé. Wis sawetara suwé enggoné ngrasakaké sedih marga njumurupi gedéning dosané . . . Mangka ora ana wong sing bisa nulungi, sing akèh-akèh malah mung nutuh lan mojoki. Mung sidji sing bisa maringi pitulungan, jaiku Gusti Jésus. Mulané bareng wis tjedak karo Gusti Jésus, bandjur ngrungkebi padané kambi nangis kelara-lara, tanpa bisa mundjuk apa-apa, kagawa saka gedéning prihatin. Nanging wong wadon mau ora perlu mundjuk apa-apa, awit Gusti Jésus wis pirsas apa sing dadi gémbolaning atiné.

Saiki? . . . Wong wadon mau kaḍawuhan mundur klawan tentrem rahaju, atiné ajem, djalaran dosané wis kaapura, lan sabandjuré uripé bakal mung tansah sumaos marang Allah.

Saiba enggoné tresna marang Gusti Jésus déné wis kepareng ngapura dosané sing tanpa upama gedéné. Saiba bungahé atiné déné kaparingan tentrem rahaju ing *salawas-lawasé*.

SESATRON

SUGENGÉ Gusti Jésus ana ing donja iku satemené tansah kalimputan ing kaprihatinan. Pandjenengané nilar swarga kang sarwa éndah lan mulja, bandjur tumedhak ing donja, ing lembah kasusahan, prihatin lan kasangsaran Luwih-luwih jèn Gusti Jésus maspadakaké wong-wong sing pada nandang lara, sing pitjak, bisu, lan budeg, sing lumpuh sing karandjangan ing demit, lan samangsa Gusti Jésus mirsani was sumelang lan tintrim ana ing atiné manusa, ing kono Gusti mesti trenjuh galihé lan kamiwelasen, kaja-kaja sawernaning panandang mau karaos ana ing galihé pijambak lan kasarira ana ing sarirané.

Gusti Jésus ora kakilapan apa sing dadi nalar lan sebabé, iku ora lija mung marga saka *dosané* manusa. Mulané Gusti Jésus rawuh ing donja, sumedya ngontjataké manusa saka ing sedéngaha panandang, djalaran saka gedéning sihé.

Mangka pameteking sangsara ing atasé Gusti Jésus saja suwé saja mundhak mlinder Nanging ora ana wong sing ngerti lan nduga kaanan sing kaja mengkono iku.

Djalaran *Pandjenengané* pijambak kang bakal njanggi paukumaning dosané saumat kabèh, nganti tumeka ngalami *séda*, temah—ngolèhaké karahajon langgeng kanggo para wong kang pratjaja marang Pandjenengané.

Nanging sih katresnané Gusti Jésus kang semono gedéné iku ora dingertèni ing wong.

Mulané sugengé Gusti Jésus ana ing donja iku tansah kalimputan ing kaprihatinan.

TANPA timbang gedéné sih katresnan kang dilubèraké Gusti Jésus marang manusa, nanging ora ana wong sidji baé sing bisa males katresnan mau.

Lha keprijé kaanané wong golongan sing tansah ndèrèkaké tindaké Gusti Jésus? O, wong-wong mau tekané mung pada arep nonton tandangé Gusti Jésus; jèn bisa njumrupi anané kaélokkan, bandjur pada bungah, keplok-keplok kaja patrapé wong nonton sulapan. Lan samangsa Gusti Jésus mbeneri međar sabda, wong golongan ija pada seneng ngrungokaké, djalaran dawuh lan piwulangé Gusti iku tansah ngresepaké ati. Menjanga ing endi baé Gusti Jésus tansah didèrèkaké wong golongan Nanging satemené enggoné pada tansah kumantil lan kumawula karo Gusti Jésus iku wadiné mengkéné: wong-

wong mau pada duwé pangarep-arep njumrupi Gusti Jésus ing tembé ngagem prabawa lan katijasané kang luwih ngébat-ébatijaiku merdikakaké bangsa Jahudi saka pangregemé bangsa Rum lan ndadèkaké bangsané pi-nundjul ing sadjagad.

Nanging kelakoné adoh banget sungsaté karo pangangen-angené wong golongan. Gusti Jésus ija wis uninga jèn tjaloné bakal ditinggal ing wong akèh, malah ditégakaké ing para muridé, bareng wong golongan pada ngerti jèn Gusti Jésus ora kersa nggajuh marang kamuktèn lan kawibawan kaja salumrahing ratu kadonjan, pilalah nandang sangsara lan nista kaja wong prantéan sing bakal kaukum pati Wong-wong semono kèhé iku kena diwilang tjatjahé sing pada mantep lan setya ndèrèk Pandjenengané. Lelakon sing mengkono iku Gusti wis pirsá sadurungé.

LAN keprijé pokalé para imam, wong Farisi lan para ulama? Wong-wong mau pada dadi pangarep, luwih witjaksana katimbang wong golongan lan kena diarani ahli mungguh ing kitab-kitab tilarané nabi Musa lan para nabi lijané. Pantjené wong-wong mau pada bisa ngerti saka ing surasané Kitab, jèn Gusti Jésus iku kang djumeneng Sang Mesih.

Nanging wong-wong mau pada wangkot atiné.

Miturut panganggepé para ulama lan wong Farisi, tindaké Gusti Jésus iku wis luput saka mula-bukané, généja kok ora gelem njowani wong-wong mau sadurungé miwiti memulang lan ora njuwun wulang-wuruk lan pituduh marang wong kang pada luwih ngerti, apa manèh généja kok ora napak tilasé para wong sing wis misuwur kinatjèk ing kamursidan lan pangibadahé, lan généja kok ora gawé we-waler lan pepatjak tumrap saumat kabèh, kanggo muwuhi angger-angger gawéané nabi Musa, saupama mengkono tandang-grajangé Gusti Jésus nalika wiwitan, wis mesti Pandjenengané kinulawarga déning para djamhuré bangsa Jahudi mau.

Nanging saiki wong-wong mau malah pada sengit lan geŕing marang Gusti Jésus, Rabbi weton Nasarèt.

Apa sebabé? Sebab Gusti Jésus mung mangandikakaké *apa njatané!*

Kosokbaliné para wong Farisi lan para ulama mau kabèh pada lelamisan. Tindak-tanduké katoné pantjen ngibadah lan mursid banget; angger-angger sakabèhé diéstockaké klawan tumemen; lungguhé ana ing mesdjid mesti ana ing ngarepan, kaja-kaja wis luwih tjedak menjang swarga pinaraké Allah; jèn ndedonga pada adeg-adegan lan ana ing podjoking lelung, sarta nganggo tembung lalahan pirang-pirang nganti dawané ngaluk-aluk;

djubahé nganggo plipidan amba ing pinggir, nganggo tulisan bludiran petikan saka ajat-ajating Kitab Sutji, pamurihé supaja katonan jèn wong mursid; nanging batiné adoh karō Gusti Allah. Lair lan batiné kosokbalèn bledjed!

Mangka Rabbi saka Nasarèt mau blak-blakan tanpa tèdèng aling-aling enggoné mengkono iku! Lan apa sing dipangandikakaké kabèh dirungu lan digugu déning wong golongan. Sapa wongé sing ora kemropok jèn ngélingi enggoné dirèmèhaké mengkono iku? Wis wiwit djaman bijèn mula sing dadi guru lah paramparané saumat kabèh rak ija para Farisi lan para ulama ta, lan kok saiki pada kelaju ngetut-buri guru anjar, anak tukang kaju saka désa Nasarèt Senadjan guru anjar mau bisa nindakaké kaélokkan warna-warna, lan senadjan tansah ditut-buri wong golongan, éwasemono para ngulama lan Farisi pada ora gelem kalah. Wong golongan kudu diarah bisané bali manèh ngrungokaké piwulangé, ngéstockaké pepatjak gawéané. Wong golongan kudu bisa nglirwakaké guru anjar mau, adja pisan-pisan bisa ngasoraké prabawané para pangarepé bangsa Jahudi.

MUNDAK dina mundak ndjering ge-tingé wong-wong mau marang Gusti Jésus. Pira banggané wong sidji, kok arep wani ngajoni wong-wong sing wis ngentèk ngèlmuné. Wong golongan kudu bisa neksèni déwé, jèn para ngulama mau luwih witjak-sana lan luwih mursid katimbang karo Gusti Jésus. Mulané wiwit nalika semono bandjur pada tansah golèk daḍakan enggoné arep njrèkal lan mbantah Gusti Jésus. Nanging Gusti Jésus ora kèwuhan nandjingi wong-wong mau, pasang gelar apa baé wis kapirsan ing sadurungé, mulané wong-wong mau tansah tuna-dungkap ing pangarahé, djalaran sanjatané Gusti Jésus iku ing sedéngaha prakara ngungkuli wong-wong mau kabèh.

Jèn ngélingi enggoné wis bola-bali kebentus-bentus nglawan Gusti Jésus, atiné wong-wong mau banget seriké. Sakèhé rékadajané gagal, ora ana sidji baé sing makolèhi. Ora ana wong sing bisa nemokaké kaluputané Gusti Jésus.

Jèn wong-wong mau pada rerasan déwé utawa guneman karo wong golongan, ora tau lali njatur Pandjenengané.

Wis tau Gusti Jésus nimbali salah sawidjining djuru mupu béja kadadèkaké muridé, djenengé Mattéus, mangka ing antarané bangsa Jahudi sing djeneng djuru mupu béja iku ing endi-endi wis kelun alané Para wong Farisi nganggep tindak nista jèn gelem sesrawungan karo djuru mupu béja utawa gelem teka ing omahé; nanging Gusti

Jésus ora nganggo éwuh-pakéwuh rawuh ing omahé Mattéus mau lan dahar kembulan karo wong-wong panunggalané djuru mupu béja lijané Lelakon iku mau nganti suwé dadi kembang lambé ing atasé para wong Farisi; bebasan entèk amèk kurang golèk enggoné pada njatur lan ngrasani Gusti Jésus, andèkna wong kaja mengkono arep ngaku-aku djumeneng Sang Mesih!

Nanging para wong Farisi mau ora mikir babar pisan, jèn Mattéus mau lila ninggal kasugihan lan kamuktèn bandjur ndèrèk Gusti Jésus dadi wong mlarat, apamanèh ora ngélingi jèn Mattéus ninggal uripé sing lawas, sing kebak dosa, bandjur ndèrèk Gusti Jésus supaja olèh karahajon kang langgeng. Kabegdjaning wong sing semono mau ora tau klebu ing nalar lan pikirané para wong Farisi

ING sawidjining dina pinudju dina Sabbath, Gusti Jésus tindak karo para sekabat nglangkungi paganduman. Sarèhné pada keluwèn, para sekabat bandjur njetuti wulèning gandum, sarta dipangan. Patrap mengkono iku konangan ing para wong Farisi. Miturut panemuné wong-wong mau, para sekabat wis nerak wewaler dina Sabbath, djalaran pada njetuti wewulèn gandum, dadi gedé-tjilik pada nglakoni pagawéan, mangka nalika semono mbeneri dina Sabbath. Apamanèh Gusti Jésus ija ora ngélikaké utawa ndukani para sekabat. Semuné guru lan muridé pada baé enggoné ndjarag nerak wewaler dina Sabbath, mengkono panemuné para wong Farisi.

Ing dina Sabbath iku uga Gusti Jésus rawuh ing mesdjid; ing kono ana wong tjéko tangané sisih. Dawuhé Gusti Jésus marang wong tjéko mau: „Tanganmu atungna!” Sanalika wong mau bisa ngatungaké tangané, pulih waras pada kaja sisihé.

Para wong Farisi sing pada ana ing kono, bareng njumurupi Gusti Jésus marasaké wong lara ing dina Sabbath, bandjur pada rerasan: „Wong iku nglakoni pagawéan ing dina Sabbath, dadi njawijah marang dina Sabbath.” Wong-wong mau katoné kaja nesu, nanging satemené pada seneng, djalaran nemu dadakan nggugat marang Gusti Jésus. Wong akèh pada neksèni, jèn Gusti Jésus nindakaké padamelan ing dina Sabbath, dadiné nerak angger-angger.

Nanging Gusti Jésus ndangu wong-wong mau, apa wong sing weḍusé ketjemplung ing sumur ing dina Sabbath, ora énggal-énggal tumandang ngentas weḍusé. Kuwi rak ija djeneng njambutgawé ing dina Sabbath. Luwih manèh manusa, sing adjiné ngungkuli weḍus, apa ora kudu dipitulungi, senadjana

ing dina Sabbat? Dadiné ing dina Sabbat kelilan nglakoni kadarman.

Gusti Jésus ora kekilapan mungguh ing akalé wong-wong mau, lan iku ndjalari trenjuhing galihé Gusti. Pandjenengané ora béda karo wong lija-lijané enggoné netepi dina Sabbat, pirsapa apa isiné angger-angger bab nutjèkaké dina Sabbat, mulané ora bakal jèn ngantia nerak angger-angger. Nanging Pandjenengané uga wis uninga jèn para wong Farisi pađa gawé pranatan manéka warna ing atasé angger-angger dina Sabbat.

Marga saka pokalé para wong Farisi, dina Sabbat sing diparingaké Allah marang umat kagungané minangka dina pangasoan, malah dadi dina sing ngebot-eboti lan ngrubedi uripé. Mitulungi wong mlarat lan wong kangsangan, nglelipur wong prihatin, nindakaké kadarman lan kabetjikan, iku kabèh ora diwaleri ing dina Sabbat. Gusti Jésus kang djumeneng Putrané Allah, ija djumeneng Gustiné dina Sabbat.

Nanging para pangarepé bangsa Jahudi mau, sarèhné wis ngendem sengit, bandjur pađa rerembungan bab rékané enggoné bakal njédani marang Gusti Jésus. Embuh keprijé akalé, nanging Gusti Jésus kudu disingkiraké, sing tansah dadi klilipé kudu diulapi!

Ora mung sepisan Gusti Jésus ngandikakaké jèn djumeneng Putrané Allah. Kuwi rak udjar goroh lan lalawora, apadéné panjenjamah!

Wis kerep Pandjenengané ngandika: „Dosamu kaapura!” Udjar mengkono iku mung nélakaké wataké sing deksura, awit sing bisa ngapura dosa iku rak mung Gusti Allah pijambak, mengkono panemuné para wong Farisi.

Wis tau Pandjenengané ndawuhi wong sing mentas diwarasaké, ngangkat paturoné, mangka mbeneri ing dina Sabbat! Iku digawé tandajeki jèn Gusti Jésus iku guru nasar, piwulangé nasaraké saumat kabèh, nganti pađa nglakoni panggawé sing murang sarak. Dadi béda banget jèn katimbang karo para ngulama lan wong Farisi, sing tansah mulangaké apa sing betjik lan bener.

Ing sawajah-wajah lan ing saenggon-enggon wong-wong mau pađa ngodjok-odjoki bangsané supaja ninggal Gusti Jésus.

Malah wis tau kelakon, Gusti Jésus njarasaké wong bisu lan kasurupan demit. Wong golongan pađa kaéraman njumurupi kang mengkono iku, nanging udjaré para wong Farisi: „Enggoné nundungi demit iku marga déning panggedéné para demit.” Udjar mengkono iku pamurihé supaja wong golongan adja pađa ngandel marang Gusti Jésus. Pađa baé karo jèn pađa duwé udjar mengkéné: „Adja pađa ngrungokaké piwulangé, adja ngandel marang mukdjidjaté; mesti baé wong kuwi

bisa nglungakaké demit, djalaran wis sekuton karo panggedéné para demit!”

Nanging pangandikané Gusti Jésus ing atasé wong-wong mau mengku kakantjangan kang nggegirisi.” „Bilai kowé, èh para wong lamis” Gusti Jésus wis pirsapa keprijé bakal paukumané wong-wong mau, djalaran nemaha nglawan marang Gusti Allah.

DADI wis tetéla banget, jèn sugengé Gusti Jésus iku ing sanjatané kebak kaprihatinan.

Éwasemono—ana uga wong-wong sing pađa tresna lan pratjaja marang Pandjenengané klawan gumolonging ati, lan sing pađa ngandemi kasetyané nganti pađa diréwangi laralapa, kajata para sekabaté, lan para wong sing wis diwarasaké lelarané, lan isih akèh manèh wong-wong sing pađa ngrungu lan nampani piwulang pangandikané Gusti Jésus klawan ati lamba

Mangka Gusti Jésus wanuh lan nguningani wong mau kabèh. Iku kang wis ginandang dadi ahli warisé kratoné Allah, langgeng ing salawas-lawasé Lan Pandjenengané kang djumeneng Djuru Slamet lan Ratu Gustiné ing salawas-lawasé

Éwasemono ing antarané para sekabaté Gusti Jésus ana uga kang ing tembé bakal dadi satru. Wis tau Gusti Jésus ngandika mengkéné: „Aku apa ora milih kowé wong rolas, mangka panunggalanmu sidji iku sétan.” . . . Gusti Jésus mirsa wong-wong mau nganti tekan ing dasaring atiné. Gusti wis uninga jèn ana muridé sidji sing bakal njidrani, malah ngulungaké Gusti Jésus marang mungsuh. Déné kang dipangandikakaké mau sekabat sing djeneng Judas.

PANGANTJAM-ANTJAM marang Gusti Jésus pantjèn ora baèn-baèn, nanging sihkatesnané Gusti Jésus isih luwih déning gedé, temah ora nganti kéguh déning pangantjam. Pandjenengané ora tau ngedagaké enggoné nindakaké pakarjané memulang, mitulungi lan njlametaké wong akèh, awit ija sing kaja mengkono iku sing dadi keparengé galihé.

Djadagé wong duraka wis sakuon arep nganiaja lan njirnakaké Gusti Jésus. Nanging Pandjenengané ora gigrig déning sangsara lan panandang, kagawa saka gedéning sihkatesnané sing ora kena didjadjagi.

Lan marga saka sihkatesnané mau Pandjenengané djumeneng Djuru Slamet tumrap sadéngah wong kang ngéklasaké awaké lair batin dadi kagungané.

NANGING nalika djaman semono durung ana wong kang bisa njandak marang eliding lelakon mau kabèh.

JOCHANAN PAMBAPTIS LAN RADJA HÉRODÈS

LELAKON kang wekasané njeḍihaké!

Ing sabrangané kali Jardèn, ora adoh saka Segara-Mati, ana bètèng-keḍaton Makaérus, kagungané radja Hérodès. Ing sangisoré keḍaton kang sarwa éndah mau ana seṅtong peteng kanggo pakundjarané wong prantéan. Déné sing dilebokaké ing pakundjaran mau . . . Jochanan Pambaptis! Lha kok anèh! Gèk apa baé dosané nganti klebu ing pakundjaran? Déné sing dianggep dadi dosané jaiku enggoné kumawani, bawané dadi nabiné Allah, duwé *atur kang njata*

ING sapungkuré Gusti Jésus kabaptis ana ing kali Jardèn, Jochanan isih adjeg memulang kaja adaté. Piwulangé isih adjeg dibukani nganggo pangatag: „Paḍa mratobata!” Wong-wong sing kepéngin mandjing muridé, kudu paḍa njumurupi sepira geḍéning dosané lan kudu paḍa mratobat. Akèh wong sing paḍa netjep piwulang mau lan paḍa sumujud marang Jochanan kaja marang nabi geḍé, senadjan pangandikané kereng.

Nanging nalika semono Jochanan bandjur gaṭuk karo radja Hérodès, jaiku putrané radja Hérodès kang ambek sija, kang ḍawuh matèni baji-baji ing Bètlechèm. Gaṭuké karo radja Hérodès iku kang ndjalari tjilakané Jochanan, djalaran wulangané tansah adjeg saluguné baé, dalasan tumrap radja Hérodès ija ora nganggo tédèng aling-aling: „Mratobata! Djalaran dosamu wis luwih déning geḍé!”

Katjarita ana ing bètèng keḍaton mau radja Hérodès ngiwat wong wadon sing dudu hak wenangé déwé. Wong mau djenengé Hérodias, somahé saḍèrèké Hérodès kaprenah adi. Hérodias ninggal somahé déwé, bandjur mèlu manggon ana ing bètèng keḍaton, rumangsané arep ndjèdjèri Hérodès dadi pramèswari.

Lelakon iku mau wis dadi kembang lambéné wong sanegara. Lan saben wong ngerti jèn tindaké Hérodès lan Hérodias iku kalebu panggawé makruh. Ḍawuh ing angger-angger uniné mengkéné: „Sira adja laku béḍang.” Wong iku ora diparengaké ngalap somahé wong lija kadadèkaké somahé déwé, dalasan radja pisan ija ora diparengaké.

Saben wong ing tanah kono wis ngerti unining pepatjak mau, nanging ora ana wong sing wani mundjuk élik-élik ana ing ngarsané Hérodès utawa Hérodias. Sapa sing wani mèlèhaké ratu?

Sapa? Jochanan Pambaptis wani!

Radja Hérodès wis midanget bab Jochanan Pambaptis kang memulang ana ing ara-ara samun ana ing ngarepé wong atusan. Sang

Prabu uga kepéngin srawung karo nabi sing wis kawentar kerasé. Mulané Jochanan tumuli katimbangan marek

Ing kono Jochanan bandjur teka ana ing keḍaton, isih nganggo djubahé wulu unta, kasabukan welulang; mripaté mantjereng ningali Sang Prabu sarta tangané diagar-agaraké patrapé ora béda karo nabi Élijah nalika ngélikaké radja Achab lan Izèbèl Jochanan ora kebleregan déning uparengganing keḍaton kang sarwa éndah, ora ulap déning panguwasané Sang Prabu lan para sénapati kang asikep gegaman. Sing dadi telenging tjiptané mung enggoné arep mèlèhaké dosané Sang Prabu karo wong wadon béḍangé. Lan atas terang saka karsané Allah, Jochanan mundjuk marang Sang Prabu: „Boten kénging pandjenengan dalem mundut garwa tijang punika!” Dadi wong wadon klangenané Sang Prabu kudu ditundung saka ing keḍaton, dibalèkaké manèh marang panggonané somahé déwé.

Undjuké Jochanan mau ora ndjalari murubing dukané Sang Prabu kang banget. Senadjan ing galihé wis rumangsa salah, nanging babar pisan ora kagungan sedyas mbalèkaké Hérodias, ora nijat ngéndeli enggoné laku ngiwa karo wong wadon mau.

Mungguh Hérodias déwé, atiné banget seriké ngrungu pamelèh mau, ora béda karo Izèbèl nalika diwelèhaké nabi Élijah. Tjiptané Hérodias ora lija mung arep njirnakaké nabi sing kumawani ngélikaké pandjenengané ratu lan sing maḍakaké pramèswari kekasihé Sang Prabu karo wong wadon ala; tetéla banget jèn tekané nabi mau mung arep ngemping lara nggéndjah pati!

Wiwit nalika iku ora lèrèn-lèrèn Hérodias enggoné ngungsed marang Sang Prabu supaja kersaa medjahi Jochanan Pambaptis, nanging Sang Prabu ora kersa, djalaran adjrih marang wong akèh, marga iku paḍa nganggep nabi marang Jochanan. Saupama nabi Jochanan kelakon nganti kasédanan, mbokmenawa wong golongan bandjur nganakaké pagègèran mbaléla marang paréntah.

Senadjan adjrih medjahi nabi Jochanan, éwadéné radja Hérodès meksa ḍawuh njekel lan ngundjara marang abdiné Allah, marga saka enggoné ngantepi ajahaning nabi nglairaké apa saluguné miturut pepatjak ḍawuhé Gusti Allah.

SABEN dinané Jochanan tenguk-tenguk idjèn ana ing seṅtong pakundjaran, lan suwé-suwé atiné katuwuhan rasa seḍih lan prihatin. Jochanan mau ora kok mrihatinaké bab enggoné ngrasakaké pepestèning uripé sing kodjur, lan ija ora marga wedi marang Hérodès utawa Hérodias, apa manèh ora marga atiné kebak pangundamana djalaran

kaukum tanpa dosa; ora marga saka iku mau kabèh, nanging mung ana saprakara kang diprihatinaké, jaiku: bab Gusti Jésus Saiki Pandjenengané ana ing endi? Lan apa sing ditindakaké? Rak ora kliru ta jèn nganggep Pandjenengané kang djumeneng Sang Mesih? O, bok ija Pandjenengané rawuh ngirid wadyabala pirang-pirang, bandjur nelukaké para radja lan para bupati, sarta djumeneng Nata binaçara ana ing kuça Jerusalèm, ngratoni bangsa kang merdika, kaja sing dadi pangarep-arepé wong Israèl ing atasé Sang Mesih kang pinasti rawuh Upama kelakon mengkonoa, saiba enggoné nengsemaké ati!

Nanging Jochanan bola-bali mung tansah ngrungu warta jèn Gusti Jésus tansah memulang marang wong golongan, tansah ngolahngalih panggonan, wis kalok jèn wataké sabar drana lan andap-asor. Miturut panganggepé Jochanan, sing kaja mengkono rak ora samesiné. Pandjenengané sadjatiné rak Putrané Allah, rak kuwasa djumeneng Nata ngerèhaké sadjagad rat. Kok sulaja karo sing dadi pangarep-arepé Jochanan!

Awit saka lelakon kang mengkono mau, suwé-suwé Jochanan bandjur katuwuhan pamaido ing atiné. Apa ija kuwi kang djumeneng Sang Mesih kaja udjaré wong akèh? Apa ija Pandjenengané kuwi kang djumeneng Putrané Allah, kang mundut dibaptis ana ing kali Jardèn? Jochanan isih éling wewèntèhan lelakon nalika semana, éwadéné ora mokal jèn kuwi dudu Sang Mesih kang diarep-arep rawuhé. Lha kok tradjangé banget enggoné andap-asor, prasadja lan ing semu tanpa daja prabawa.

Mangka prihatiné Jochanan mundak dina mundak nggeges. Terkadang ana muridé sawetara sing paça tilik, nemoni Jochanan ana ing pakundjaran. Lan nalika Jochanan wis ora bisa njirep pamaidoné, murid-muridé mau paça diutus sowan ing ngarsané Gusti Jésus sarta mundjuk pitakèn mengkéné: „Punapa Tuwan ingkang pinasti rawuh, punapa kawula sami ngantos-antos çateng sanèsipun?”

Murid-murid mau satekané ana ing ngarsané Gusti Jésus, bandjur paça mundjuk pratéla bab pamaido lan melang-melanging atiné Jochanan.

Gusti Jésus miçangetaké wong-wong mau. Pandjenengané ora ketambuhan mungguh kaanané Jochanan enggoné mesakaké, déné ora bisa mèlu neksèni apa sing ditindakaké Gusti Jésus. Pantjèn Jochanan kepéngin banget pratjaja lan tresna marang Gusti Jésus kang dadi Djuru Slameté, nanging atiné kebak pamaido

Ing kono Gusti Jésus bandjur maringi wang-

sulan, pangandikané: „Paça mundura lan mratélakna marang Jochanan apa sapangrungumu lan sapandelengmu: Wong pitjak paça ndeleng, wong lumpuh paça lumaku, wong nandang lara saraat paça kabirat nadjisé, lan wong buçeg paça ngrungu; wong mati paça katangèkaké, lan wong mlarat paça kawartanan Indjil”

Wong-wong mau saulihé saka ing ngarsané Gusti Jésus, bandjur ngandaraké kabèh marang Jochanan apa sing dideleng lan dirungu; kabèh sing dipangandikakaké Gusti Jésus

Bareng Jochanan mireng andarané murid-muridé mau, atiné bandjur lega lan bungah. Pamaido kang ana ing atiné larud sanalika. Wong kang bisa nindakaké kaélokan kaja mengkono iku tan kena ora mesti kang djumeneng Sang Mesih pijambak! Saiki Jochanan ora nglangut pikirané ngrasakaké enggoné Gusti Jésus katoné tansah andap-asor lan tanpa daja, lan généja Gusti Jésus ora ngerigaké wadyabala neluk-nelukaké ratu mantja-negara. Sapa sing kagungan panguwasa sing semono geçéné, malah nganti bisa nguripaké wong mati, rak mesti luwih luhur lan mulja, apadéné luwih kuwasa katimbang karo sakèhing panguwasa lan radja ing bumi Saiki Jochanan lagi baé tinarbuka atiné njumurupi jèn Kratoné Gusti Jésus iku tjaloné dadi Kraton kaswargan, dudu kraton kadonjan. Kraton kadonjan iku ing wusanané bakal sirna tanpa kukupan, kosokbaliné Kratoné Allah iku ora bakal sirna ing salawas-lawasé Atiné Jochanan saiki wis lega, ajem lan tentrem.

Saiki, mbok ana lelakon apa baé, atiné wis ora bakal godjag-gadjeg manèh. Saiki anané mung kumandel lan pratjaja, mangka Jochanan ija wis ngerti, jèn ana ing pangaubané sihé Allah mesti slamet uripé.

Ana ing sentonging pakundjaran kono Jochanan mung tumungkul narima ing pandum, djalaran sakabèhing lelakon sing wis tumama ana ing awaké lan sing isih bakal tumindak ing tembé, iku mung ana ing pamengkuné Gusti Allah. Atiné Jochanan saiki wis sarèh lan narima, mulané pira lawasé enggoné kudu ngentèni ana ing pakundjaran, iku wis ora dadi pikiran manèh

Nanging — ora antara suwé Jochanan bakal njumurupi prakara mau.

KATJARITA ana ing keçatoné radja Hérodès dianakaké bodjana andrawina, mbenneri tingalané Sang Prabu. Para tamu lan para luhur kabèh paça mangun suka-wibawa, nutug enggoné paça çahar lan ngundjuk anggur, nganti akèh kang paça wuru, temah paça lali marang tata lan susila. Sidji baé ora

ana sing kélingan marang sing lagi dikurung ana ing pakundjaran.

Katoné pantjèn kaja wis pada lali kabèh marang Jochanan, nanging sadjatiné ana sidji sing ora bisa nglalèkaké, djalaran atiné kebak pangigit-igit marang kang dianggep dadi klilipé. Wong mau jaiku Hérodias!

Bodjana andrawina mau disemuwakaké déning unining tetabuhan lan beksané putrané èstri Hérodias, dipitongtonaké ana ing tengahé pasamuwan, temah banget nengsemaké galihé Hérodès lan para tamu kabèh. Gumuruh swaraning surak lan keploké wong sapa-samuwan bareng Salomé, jaiku putrané Hérodias, marek ing ngarsané Sang Prabu ngundjukaké sembah mungkasi beksané. Dasar putri sulistya ing warni, mrak-ati sasolah-bawané, baud nenangi wiragé, luwih-luwih tumrap Sang Prabu lan para tamu sing keladuk enggoné suka ing galih déning sumuking anggur. Mulané tanpa taha-taha kelair pangandikané Sang Prabu marang Salomé mengkéné: „Njuwuna, mesti bakal kaparingan apa sapanjuwunmu, . . . senadjan ngantia separoning kraton!” Pangandikané Sang Prabu kang mengku prasetya lan supaos mau kaseksèn lan karudjukan déning para luhur kabèh kang pada ana ing pasamuwan kono.

Sarèhné Salomé wis diadjani déning kang ibu, énggal bandjur mundjuk marang Sang Prabu mengkéné: „Kawula mugi kaparingan sirahipun Jochanan Pambaptis wonten ing ngriki kawadahan ing dulang.”

Sang Prabu kedjot ing galih, ora njana babar pisan jèn rupa sing mrak-ati mau bisa nglairaké witjara sing nggegirisi. Sang Prabu ora bisa marengaké panjuwunan sing mengkono iku, nanging kepriyé manèh, pangandikané wis kelair klawan supaos nganggo kaseksèn déning para tamu semono kèhé, senadjan Sang Prabu sungkawa ing galih, kepeksa dawuh maringaké apa kang dadi panjuwuné Salomé, sarta utusan nigas Jochanan ana ing pakundjaran. Mengkono weksané uripé Jochanan. Sirahé kawadahan ana ing dulang, bandjur katampakaké marang Salomé, kang bandjur nggawa marang ngarsané kang ibu. Hérodias lan Salomé mau bandjur pada girang-girang gumuju, pangunandikané mestiné mengkéné: „Rasakna saiki opahané wong dahwèn pati opèn! Mara muni-munia manèh jèn wani! Ora wurung aku sing menang! Sapa saiki sing wani ngalang-alangi karepku? Nabi sing ora duwé duga-prajoga wis sirna!” . . .

Nalika iku para sekabaté nabi Jochanan bandjur pada teka ngukup lajoné guruné, bandjur disarèkaké.

ING semu lelakon ing duwur mau pantjèn njedihaké weksané . . . Sing djudjur ko-

djur, nanging sing salah malah mbrouwah. Nanging iku mung katoné ing lair!

Awit satemené Jochanan iku ninggal djagad kang kebak dosa lan piala, pindah menjang ing papan kang sarwa éndah lan mulja, ing kono wis ora ana para tjidra lan rasa sengit apadéné panandang. Jochanan abdiné Allah, sarampungé enggoné nglakoni ajahan klawan setya tuhu, bandjur katimbangan marek ing dalemé Ratu Gustiné, diparengaké ngrasakaké karahajon langgeng ing salawas-lawasé.

Kosokbaliné kepriyé mungguh weksané Hérodès, Hérodias utawa Salomé? Miturut lairé wong-wong mau bisa mukti wibawa, ketutugan ing sakakarepané . . . Nanging ing dasaring atiné tansah ana rasa sumelang, marga ngélingi paukuman sing bakal tumama ing awaké sumurup opahaning panggawéné kang ala. Malah wis tau kelakon, nalika Hérodès mireng warta bab Gusti Jésus enggoné memulang lan nindakaké kaélokan, Sang Prabu bandjur kataman ing adjrih, disengguh jèn Jochanan urip manèh . . . Dadi Hérodès sadjatiné isih ngandut adjrih marang Jochanan, senadjana wis tilar.

Pantjèn njata, wong-wong mau pada bisa ngumbar ardaning atiné . . . nanging mung kanggo sawetara mangsa. Ing weksané mesti bakal pada tumeka ing adjalé. Lan jèn tekan semono, bandjur? . . .

ELAKON kang weksané njedihaké . . . nanging ora tumrapé Jochanan, djalaran Jochanan bisa olèh ajem lan tentrem ana ing ngarsané Allah. Kosokbaliné tumrap wong-wong lijané sing tumindak sawenang-wenang, sing ngegungaké watak angkara-murka, tumrap wong-wong mau weksaning lelakoné pantjèn njedihaké temenan . . .

ANA DJURU NJEBAR METU NJEBAR WIDJI

ING sawidjining dina ana wong golongan pada nglumpuk marang ngarsané Gusti Jésus ana ing pinggiring segara. Mulané Gusti Jésus bandjur minggah ing prau sarta pinarak, déné wong golongan pada mapan ana ing gegisik.

Gusti Jésus mirsaní wong golongan mau, tuwa anom, lanang wadon lan gedé tjilik, katoné kabèh pada sumadja nampani wedjangan warna-warna. Gusti Jésus pirsá kepriyé kaanané wong-wong mau, lan apa sing dadi gagasané, malah ija pirsá apa sing mobahmosik ana ing telenging atiné. Ing antarané wong mau akèh uga sing pada asih lan tresna marang Pandjenengané lan ora bosen-bosen ngrungokaké pangandikané bab Kratoné

Allah; — nanging luwih akèh manèh wong-wong sing ora tresna marang Pandjenengané, malah lumuh srawung karo Pandjenengané sarta éwa marang sakèhing piwulangé.

Ing kono Gusti Jésus bandjur mangandikani wong golongan mungguh prakara pirang-pirang klawan pasemon. Pasemon sing didawuhaké iku njritakaké lelakon sing pasadja lan gampang dingertèni wong akèh.

DAWUHÉ: „Lah, ana djuru njebar metu njebar widji . . .” Gusti Jésus bandjur njrijosaké kepriyé kadadéjané widji kang kasebar. Ana kang tiba ing dalan, durung nganti tukul, wis entèk ditjutjuki manuk.

Ana manèh kang tiba ing padasan, ing kono ana lemahé, nanging mung satitik; widjiné énggal tukul, nanging ojodé ngambang, ora bisa nundjem ing padasan sing atos. Bareng srengéngé saja duwur, tukulan anjar mau kebrangas, bandjur mati garing.

Salong ana kang tiba ing erèn. Senadjan widjiné bisa tukul lan metu ojodé, nanging bareng eriné saja duwur, tukulan anjar ing kono bandjur kelindih nganti mati.

Salong ana kang tiba ing lemah betjik; widjiné ing kono bisa tukul klawan subur, ojodé bisa olèh pangan ing satjukupé, bisa nundjem nganti djero, djalara ora ketanggor ing padasan; tukulan anjar ing kono bisa énggal gedé lan duwur, ora ana erèn sing ngalang-alangi, temah wekasané metu wohé, ana kang tikel satus, ana kang tikel sewidak, lan ana kang tikel telung puluh. Bareng tekan mangsa panèn, djuru njebar mau bisa ngunduh olèh-olèhaning kangèlané klawan bungah.

Mengkono tjaritané djuru njebar sing metu njebar widji.

WONG golongan pada klawan tumemen enggoné ngrungokaké pangandikané Gusti Jésus, nanging pada durung bisa njandak eliding tjarita. Dudu prakara anjar utawa ruwet sing dipangandikakaké, mèh saben dina ana wong lunga menjang ing pategalan utawa sawahé arep njebar widji. Nanging wong-wong mau wis ngerti, jèn tjaritané wong njebar widji mung digawé pasemon baé, maksudé isih kineker ana ing djeroné; wong sing ngrungokaké kudu pada pinter ngudari kekeraning pasemon.

Wong-wong sing pantjèn ndableg wataké lan éwa atiné marang Gusti Jésus, pada wegah njuwun priksa apa maksudé pasemon mau. Saja suwé wong-wong mau saja rekasa panampané marang pangandikané Gusti Jésus, lan saja suwé ija saja ngadoh lan renggang srawungané karo Gusti kang satemené keduga lan danganing galih paring pitulungan.

Déné para sekabat lan murid lija-lijané sing

pantjèn madep atiné marang piwulangé Gusti Jésus, bandjur pada marek ing ngarsané lan njuwun supaja didjarwanana apa maksudé pasemon mau. Wong-wong mau saja suwé saja mundak pangertiné mungguhing kaadilan lan kadarmané Allah, saja suwé ija bakal saja tjelak enggoné ngadep ana ing ngarsané Allah, lan saja raket srawungané karo Gusti Jésus kang wis sumadja mitulungi lan njlaketaké uripé saka ing pamisésané dosa.

ING kono Gusti Jésus bandjur paring wangsulan, ngudari kekeraning pasemoné wong njebar widji.

Sadéngah wong sing ngundangaké pawarta bab Kratoné Allah, iku kena kaupamakaké kajadéné wong sing njebar widji. Widji sing disebar iku betjik, ora ana sing gabug, nanging papan sing ditibani widji mau sing akèh-akèh ora betjik. Akèh wong sing pada seneng ngrungokaké pawarta bab kadarman lan panguwasané Allah, nanging pada ora ngerti maknané; wong-wong mau pada ora kapilih dadi para putrané Allah; pada baé karo upamané widji kang tumiba ana ing papaning atiné, bandjur sirna ilang karebut déning Iblis.

Ana manèh wong lijané sing pada seneng nampani pangandika, bandjur pada marek ing ngarsané Allah, — nanging pada ora antepan. Bareng ketaman ing karubedaning ngaurip, sirna pangandelé marang sih kadarmané Allah; pangandika sing mentas ditampani klawan bungah, iku prasasat widji kang bisa tumuwuh sedéla, nanging ora bisa ngojod ana ing batiné; pada alum kena ing sumuking hawa, kajadéné widji kang tumiba ing padasan. Wong-wong kang kaja mengkono iku énggal pada murtad.

Ana manèh wong-wong sing pada temen-temen nggatèkaké pangandika, nganti kelair kasaguhané arep ndèrèk marang Allah lan ngéstockaké dawuhé ing salawas-lawasé. Nanging wong-wong mau bandjur katempuh ing panggoða warna-warna, ana sing kepéngin dadi sugih, ana sing ngojak pangkat lan ana sing kaebjukan ing pakéwuhing donja, temah pada lali marang pangandika. Wong-wong mau pada ora sembada dadi putra pilihané Allah; ora béda karo widji sing tumiba ing erèn, bareng wis tukul, bandjur mati kalin dih déning eri sing tukulé luwih rosa lan rikat katimbang karo widji sing betjik.

Nanging ana uga wong-wong kang pada ngrungu lan nampani pangandika, pada sumujud marang Allah klawan bungah, apadéné pada njaosaké pangabekti klawan sih-katresnan marang Pandjenengané lan ora ana manèh-manèh sing dirungkebi klawan gumolonging ati kedjaba mung enggoné ngéstockaké

sakèhing pangandikané Allah. Wong-wong mau kelakon dadi para putra pilihané Allah temenan. Wong-wong mengkonon iku kaupamakaké kajadéné widji kang tumiba ana ing papan sing betjik, bandjur tukul lan metu wohé. Wong-wong mau pađa dadi abdiné Allah kang setya tuhu, kang bisa ngetokaké wohing katresnan, sing sidji tikel satus, sidjiné tikel sewidak, sidjiné manèh tikel telung puluh.

KAJA mengkonon iku maksudé tjarita pasemon sing diđawuhaké Gusti Jésus marang wong golongan bab djuru njebar kang metu njebar widji.

PASEMON-PASEMON LIJANÉ

PRAKARA pirang-pirang bab Kratoné Swarga kang bakal dirawuhaké déning Gusti Jésus marang djagad, dipangandikakaké marang para murid lan wong golongan klawan pasemon.

AKÈH wong sing pađa ngaku jèn dadi ahli warisé Kraton Swarga, mangka satemené pađa ora tresna marang Allah, nanging malah pađa njatru marang Kratoné Allah. Senadjan mengkonon, wong-wong mau isih pađa diparengaké lestari urip bareng karo wong-wong sing pađa temen-temen dadi para putrané Allah, nganti tumeka

Prakara sing gawat iki dipangandikakaké Gusti Jésus klawan pasemon: „suket parèn”. Pangandikané mengkéné:

Ana wong sugih njebar widji betjik ing sawahé. Nanging bareng wajah sirep wong, satruné nekani, bandjur njebar widji suket parèn ing tengahé widji sing betjik; saramungé nindakaké panggawéné sing tjidra mau, bandjur lunga Widji sing betjik tukul bareng karo widji suket; wiwitané katoné pađa baé, nanging bareng munđak gedé lan wiwit ngandut woh, bandjur suketé parèn ija ketara uga. Batur-baturé wong sugih mau bareng weruh ana suket parèn ing satengahé tanduran sing betjik, bandjur pađa matur lan njuwun priksa marang bendarané; bareng pađa diparingi wangsulan jèn iku panggawéné satru kang kumèrèn, aturé batur-batur mau: „Punapa karsa sampéjan kula sami tumandang nglempakaken?” Dawuhé bendarané: „Adja, enggonmu nglumpukaké suketé bokmenawa ngatutaké kebedol tandurané sing betjik. Karebèn pađa tuwuh bareng, nganti tumeka ing mangsa panèn; déné samangsa panèn, wong derep bakal dakpréntahi nglumpukaké suketé disik, bandjur dibentèli, tumuli kaobong, nanging gandumé kudu diklumpukaké ana ing lumbungku.”

Maksudé pasamon suket parèn mau ija dipangandikakaké Gusti Jésus marang para sekabaté. Satru sing awatak kumèrèn lan drengki, iku satemené Iblis. Iblis iku tansah klintar-klintar njebar piala ana ing djagad, lan sing tansah diintjer iku para manusa, ija para putrané Allah. Nanging sasuwéné ana ing djagad wong sing betjik karo wong sing ala pađa urip bebarengan, nganti tumeka ing wekasaning djagad. Ing djaman wekasan, samangsa Gusti Jésus rawuh ngadili para wong kang urip karo kang mati, ing kono para wong ala kang diupamakaké kaja suket parèn bakal pađa diklumpukaké lan diparingi paukuman langgeng. Nanging para wong betjik, jaiku para putrané Allah, kaparingan urip langgeng ana ing Kraton Swarga kang mulja.

Ana manèh pangandikané Gusti Jésus marang para sekabaté bab Kraton Swarga sing diupamakaké kaja „krakad” utawa djaring, lan maksudé ora béda karo pasemon „suket parèn”.

Pangandikané: Kraton Swarga iku upamané kaja krakad kang ditibakaké ing segara, nglumpukaké warna-warna. Samangsa wis kebak, bandjur ditarik munggah ing gegisik; wongé bandjur pađa milih sing betjik-betjik sarta diwadahi, déné sing ora kanggo dibuwangi.

Kaja mengkonon bakal kaanané ing bésuk ing wekasané djaman; para malaékat bakal pađa metu misahaké para wong ala saka ing tengahé para wong mursid.

ING sawidjining dina Gusti Jésus mangandikani para sekabaté, jèn sing pađa gelem ngrungokaké lan ndèrèk Pandjenengané tjatjahé durung akèh, lan jèn wiwitaning Kratoné Swarga iku tjilik, nanging selot suwé selot munđak gedé, nganti nelukaké sadjagad kabèh, apadéné tjatjahé wong sing pađa dadi putrané Allah bakal dadi maèwu-èwu, malah majuta-juta.

Gusti Jésus ndawuhaké pasemon bab widji sawi kang katibakaké ing bumi. Widji sawi iku pađa-pađa widji kalebu tjilik déwé, éwadéné samangsa wis tuwuh, dadi gedé-gedéning djanganan, malah bisa dadi kekajon, nganti kasaba ing manuk. Kaja mengkonon bakal kaanané Kraton Swarga, wiwitané tjilik, saja suwé saja munđak gedé.

MENGGKONO uga Gusti Jésus ija mangandikakaké pasemon bab ragi. Saben wong ngerti panganggoné ragi. Ragi setitik, sing diulet karo djladrèn glepung telung taker, bisa ndajani djladrèn mau, nganti bisa melar lan munđak énak rasané. Mengkonon uga bab pangandel marang Pandjenengané iku bisa mrasuk ing sanubariné wong, ndjalari uripé



RADJABRANA KEPENDEM ING BUMI

paða bisa ngrasakaké karahajon lan katen-treman, kajadéné ragi sing wis mrasuk ana ing djladrèn glepung mau.

WAH, sapa sing ora kepéngin dadi ahli warisé Kraton Swarga, tetep dadi kagungané Gusti Jésus lan manggon bareng karo Pandjenengané ing salawas-lawasé? Sapa sing ora gelem tombok banda, malah tombok njawa pisan, murih bisané ngalami karahajon sing semono mulja lan luhuré?

Prakara iku ija dipangandikakaké Gusti Jésus marang para sekabaté klawan pasemon rong warna, jaiku pasemon radjabrana kependem lan pasemon mutijara adi.

Tjritané mengkéné: ana wong nemu radjabrana kependem ana ing lemah. Nanging sarèhning lemah iku dudu duwèké déwé, mulané radjabrana mau bandjur disasabi disik, awit rumangsa ora wenang ndjupuk radjabrana kang dadi darbèké wong lija. Awit saka kepénginé duwé radjabrana mau, bandjur lunga ngedoli sabarang darbèké kabèh, duwit pepajoné ditukokaké palemahan mau, temah radjabrana sing kependem ana ing kono ija bandjur kalebu dadi hak lan wewenangé.

Gusti Jésus ija njarijosaké: ana sudagar lunga arep kulak mutijara. Wong mau wis

duwé mutijara apik-apik, nanging bareng mrangguli mutijara sidji sing luwih gedé lan luwih akèh adjiné, bandjur lunga ngedoli sabarang darbèké kabèh kanggo tuku mutijara sing luwih gedé lan luwih akèh adjiné mau.

Mengkono uga kaanané wong-wong sing paða kepéngin dadi kagungané Gusti Jésus, samangsa wis ngerti sepira gedéning sihkatresnané marang manusa, bandjur paða ngedoli barang darbèké lan ngetjulaké kagunan sarta ngèlmuné, waton bisa ndèrèk Gusti Jésus.

SAWISÉ Gusti Jésus mangandikakaké pasemon-pasemon mau, bandjur ndangu marang para sekabaté: „Kowé apa paða ngerti iku mau kabèh?” Wangsulane kang kadangu: „Inggih Gusti!”

KATEMPUH PRAHARA ANA ING SEGARA

SADINA muput Gusti Jésus nindakaké pakarjané memulang lan marasaké wong lara; wong golongan prasasat ora mingser saka ing ngarsané, ana sing mundjuk pitakon warna-warna, ana sing kuminter mabeni pangandikané. Mengkono uga Gusti Jésus ora

kekilapan mungguh wong-wong sing pada njatru-batin marang Pandjenengané.

Mulané bareng wis wajah soré, Gusti Jésus bandjur kepéngin nglere maké sarira, nilar wong golongan, bidal menjang panggonan sing sepi. Para sekabat didawuhi njadjakaké prau kanggo mantjal njabrang ing segara Galiléa. Pantjèn, jèn Gusti Jésus ora tindak saka ing kono, wong golongan mangsa gelema bubarana ora!

Para sekabat bandjur pada mantjal klawan Gusti Jésus kang wis minggah ing prau, lan ana prau lijané manèh kang barengan lakuné.

Sarèhning sajah banget, Gusti Jésus bandjur mapan saré ana ing buritan ngagem kadjang sirah.

Nalika semono wajahé wis ngarepaké wengi lajaré kumrebet katempuh ing sumiliring angin, prauné angler lakuné, saja suwé saja adoh saka ing gegisik. Lintang-lintang abjor ing langit katon ajang-ajangané ana ing banju kaja ana ing katja benggala. Nanging kotjapa, ora antara suwé saka ing saduwuring pagunungan sing ngupengi segara Galiléa ana angin gedé midid nempuh ing segara, saja suwé saja santer, temah segara sing wiwitané katon kimplah-kimplah, prasasat kaja dikebur, alun gegülungan ngebjuki prau nganti kaja mèh kelem-kelema. Para sekabat sing wis pada kulina ngambah segara, klawan tatag enggoné nglakokaké prauné.

Nalika semono Gusti Jésus isih étja saré.

Kaja-kaja Pandjenengané ora uninga bab ananing prahara kang bakal tumempuh ing prauné. Para sekabat ora ana sing wani mungu Gusti. Santering angin lan sumempjoking banju durung gawé mirising atiné para sekabat. Nanging anginé ora padja-padja menda, malah saka ing pagunungan kaja-kaja ana prahara gedé tumurun nempuh segara, nganti prauné kombak-kombul kabuntjang ing alun. Para sekabat rumangsa kuwalahen njembadani krođaning angin lan banju. Mangka djumenguring ombak lan gumrubuging prahara ora ndjalari Gusti Jésus wungu. Senadjan wis tau-taté ngambah segara, wis bola-bali katempuh ing prahara, nanging sepisan iki para sekabat ketuwuhan rasa sumelang lan miris ndeleng gedéning alun lan santering prahara. Salawasé dadi djuru amèk iwak para sekabat durung tau menangi lelakon sing kaja mengkono, tjiptané ora lija mung bakal nemu tiwas!

Mangka Gusti Jésus isih étja saré baé! Kaja-kaja Pandjenengané ora pirsá jèn prauné katempuh ing prahara gedé kang mbebajani. Prauné kaebjukan banju saka kiwa lan tengen nganti mèh kebak. Bareng wis kentèkan akal, para sekabat bandjur pada njelaki Gusti Jésus sarta mundjuk: „Duh Gusti, mugi tulung, kawula sami ketiwasan!” Gusti Jésus

sanalika wungu. Pangagemané mobat-mabit katempuh ing angin. Muntjrating banju sing ngebjuki prau nelesi sarirané, nanging Gusti Jésus ora katon miris babar pisan. Gusti Jésus bandjur djumeneng rinubung ing para sekabat apinda radja sinatrija karo punakawan kinrubut ing bala danawa. Angin lan segara bandjur didukani, dawuhé: „Menenga, dipantjed!” Ing sanalika iku uga anginé bandjur menda, temahan sirep dedep.

Déné para sekabat pada dipangandikani: „Jagéné kowé pada wedi? Keprijé déné kok ora duwé pangandel?”

Para sekabat mau pada mundur klawan wedi sarta banget kaébatan. Pangutjapé wong-wong mau: „Saiba gedéné kasektèn lan pangwasané, déné dalah angin lan segara pada mbangunturut marang Pandjenengané!” Para sekabat bandjur pada rumangsa apes lan ništa ana ingarsané Guruné kang kwasa ngendakaké krođaning prahara lan segara.

Apadéné pada rumangsa kawirangan, ... déné kok pada wedi déning pangamuking angin lan banju, mangka Gusti ana ing tengahé. Senadjan Pandjenengané lagi saré, rak mesti kwasa ngreksa marang para kagungané. Jèn Gusti ana ing tengahé para sekabat, apa kelakon prauné nganti kèrem ing segara?

Saiki para sekabat wis pada ngerti keprijé kaanané Guruné: sing saré marga kesajahan, iku sipaté kamanusan sing diagem déning Gusti Jésus, nanging sing kwasa ndukani prahara lan segara iku sipaté Gusti Jésus kang djumeneng Putrané Allah, malah ija Allah pribadi.

Para sekabat enggoné pada njawang marang Guruné klawan adjrih-asih, apadéné pada gedé lan mongkog atiné kepareng ndèrèk Pandjenengané

Sapungkuré lelakon mau, prauné angler baé lakuné ngambah segara sing anteng, anginé sumilir adjeg kaja-kaja njurung prauné daja-daja énggala tekan ing sabrang.

Para sekabat ora ana sing pada guneman, durung mari enggoné pada kagawokan njumurupi kaélokan sing mentas kelakon mau.

ING LALADANÉ TANAH GADARA

KATJARITA, sing pada andon laku ngambah ing segara Galiléa wis tekan ing sabrang ing laladané tanah Gadara. Wajahé isih ésuk umun-umun, isih sepi njènjet. Gusti Jésus lan para sekabate bandjur pada mentas saka ing prau, arep mbatjutaké tindaké menjang ing kuća. Lakuné saka ing pesisir menjang ing kuća ngliwati dalan ing sela-selané puntuk-puntuk gamping. Saben wong ing panggonan kono wis pada ngerti, jèn dalané rada

mutawatiri, mulané ora nggumunaké jèn panggonan kono sepi, djalaran ora ana wong sing wani liwat ing dalan mau. Kabèh wis pada ngerti, jèn ing kono dadi pasabané wong kesurupan demit sing mbebajani; gawéné nglambrang ana ing pakuburan utawa ing puntuk-puntuk lan munasika wong liwat. Uripé wis ora béda karo kéwan, bligang-bligung tanpa nganggo apa-apa, awaké sako-djur reged djalaran wis ora tau kambon banju. Wudjudé pantjèn nggegirisi, ngaglah ana ing dalan kambi bengak-bengok ngumbar swara karo ndodogi awaké déwé nganggo watu. Sadurungé kesurupan demit wong mau ija manggon ana ing kuṭa, nanging bareng malih dadi kaja wong édan marga disurupi demit, wong mau dadi mbebajani. Wis asring kelakon dibanda lan ditlikung nganggo ranté lan blenggu, nanging ranténé dipedot lan blengguné dibedat, apadéné babar pisan ora kena diarah tututé. Tudjokna wong mau metu saka ing kuṭa, bandjur nglambrang ana ing gunung-gunung lan manggon ana ing pakuburan. Katoné wong mau merdika, wong lija-lijané wis ora ana sing wani ngalang-alangi kekarepané, nanging kamerdikan sing kaja mengkono iku malah njilakani. Udjaré wong akèh: „Wong iku dadi buḍaking Iblis!” Pantjèn wong mau wis ora bisa ngerèh awaké déwé, apa sing dilakoni iku mung manut saka karepé Iblis, kajata: awaké déwé dipilara lan didodogi nganggo watu . . . Dadi katoné wong mau merdika, nanging satemené dadi bebandané Iblis! Mangka ora ana wong sing bisa ngrebut wong mau saka ing pangwasané Iblis!

Pantjèn dalan sing sepi mau katoné singer banget . . .

Gusti Jésus tindak liwat ing kono kadèrèkaké para sekabat. Durung nganti adoh tindaké, dumadakan kepranggul wong kang kesurupan demit mau. Wong mau kaja-kaja djumedulé saka ing pakuburan; saka kadohan wis bengak-bengok kambi mlajoni Gusti Jésus, kaja arep nempuh-nempuha wong sing wani-wani ngambah ing wewengkoné. Nanging bareng wis tjedak, wong mau bandjur sudjud klawan wedi banget, djalaran kena ing sambang pangaribawané Gusti Jésus, patrapé kaja kéwan galak sing ndepèpès ana ing ngarepé sing nututaké. Ing kono dawuhé Gusti Jésus marang wong mau: „Èh demit, metua saka wong iku!” Wong mau bandjur mbengok sakajangé karo ngolang-aling kaja wong kelaran, undjuké: „Tuwan tumut-tumut punapa dateng kawula, duh Jésus, Putranipun Allah ingkang Mahaluhur! Tuwan kawula supaosi demi Allah, sampun misakit dateng kawula.” Sing pada ngrungu undjuké wong kaja meng-

kono mau, mesti wis pada ngerti jèn sing mundjuk mau dudu wongé déwé, nanging Iblis sing manggon ana ing wong mau.

Wong mau bandjur didangu: „Sapa djenengmu?” Atur wangsulané: „Westa kawula pun Legijun, awit tjatjah kawula punika kaṭah.” Legijun iku saka tembung Legio, tegesé: pirang-pirang èwu, djalaran sing pada manggon ana ing wong mau tjatjahé pirang-pirang èwu, lan wong mau mung dadi ganjangané demit Legijun.

Saiki laladané tanah kono ditekani saka sabrangé segara manusa sing luwih déning kuwasa, jaiku Gusti Jésus . . . Para demit mau wis pada ngerti marang Pandjenengané, lan wis pada ngerti jèn ora ketjonggah nanggulangi pangwasané, mulané ora kira-kira getingé marang Gusti Jésus. Klawan ngasih-asih enggoné pada njenjuwun, supaya adja nganti diulihaké menjang ḍangkané, jaiku ing naraka, nanging pada diparengna ngalih menjang ing babi sapanta gedé kang pinudju diengon ana ing pèrèngané gunung kono, ing pinggiré segara . . . Para demit mau wis pada ngerti jèn kudu ninggal wong sing diandjingi, djalaran mengkono dawuhé Gusti Jésus, mangka dawuhé ora kena dibaèkaké.

Gusti Jésus tumuli nglilani panjuwun mau. Para demit bandjur pada metu sarta mandjing ing babi mau. Kelakoné mau ora katon ing mripat, weruh-weruh babi sapanta gedé mau pada gumrudug bebarengan mlaju marang ing djulegan bandjur ambjur ing segara, swarané gumuruh nggegirisi. Babi wetara rong èwu tjatjahé pada mati klelep ana ing segara, ndadèkaké kapitunan gedé tumrapé sing duwé. Pangoné babi mau ora bisa apa-apa kedjaba mung mlaju mulih menjang ing kuṭa, awèh weruh marang wong-wong ing kono apa sing mentas kelakon. Wong sakuta kabèh bandjur pada metu arep njumurupi ananing lelakon. Miturut udjaré pangon, sing teka ing laladan tanah kono iku wong Galiléa, sing asma Jésus dalah para sekabaté. Enggoné wong-wong mau metu saka ing kuṭa ora sedya metukaké rawuhé Gusti Jésus klawan kabungahan, déné wis kepareng rawuh ana ing wilajahé, lan kepareng mitulungi wong-wong ing tanah kono sing pada nandang ketjingkrangan, apadéné maringi pitedah bab dalaning karahajon kang andjog menjang ing swarga. Ora, tekané wong-wong mau ora karena betjik; senadjan atiné pada ngandut wedi, éwadéné wong-wong mau kelair panjuwuné marang Gusti Jésus supaya kersaa tindak saka ing tanah kono. Wong-wong mau ija pada weruh wong sing tilas kerandjangan demit lungguh lan wis manganggo tur wis pulih waras manèh budiné, wis ora dadi bebandané Iblis, nanging merdika nglakoni karepé déwé. Lelakon mau

pantjèn ngéram-éramaké, nanging tumrapé wong-wong mau ora maédahi apa-apa. Sing tansah dadi pikirané rak enggoné pada kélangan babi sapantha gedé sing pada mati ing segara. Pira baé kapitunané wong-wong mau marga tanahé dirawuhi Gusti Jésus! Wong-wong mau pada wedi marang Gusti Jésus; rawuhé ing kono dianggep mung bakal nekakaké karépotan lan kapitunan, mulané adreng panjuwuné supaja Gusti Jésus kersaa tindak saka ing kono.

Gusti Jésus ija tumuli djengkar O, wong ing tanah Gadara pantjèn bliwur pikiré, ketutupan déning banda kadonjan. Djalaran kélangan babi rong èwu, wong mau nampik karawuhan Gusti Jésus, banda kang ora kena dikerta-adjé tjara lumrah. Dadiné wong-wong mau pada nampik mustikaning peparang saka ing ngaluhur marang djagad, jaiku sih katresnané Gusti Jésus! Wis ana daulaté,!

Déné wong sing mauné kerandjingan, duwé panjuwun supaja diparengna ndèrèk tindaké Gusti Jésus ing salawas-lawasé. Nanging Gusti Jésus ora marengaké, dawuhé: „Kowé muliha ketemu karo sanak lan kantjamu, pada tjritanana kaanané kaélokan kang ditandukaké déning Pangéran marang kowé, tuwin sih palimirmané marang kowé!”

Wong mau kaparingan bubuhan abot saka Gusti Jésus, kakarsakaké njritakaké bab sih palimirmané Allah, marang sanak seduluré, malah ija marang wong-wong sing wis pada nampik Gusti Jésus. Bubuhan sing abot mau dilakoni klawan legawaning ati. Tanah Dékapolis didladjahi kabèh, lan wong ing kono pada ditjritani bab kaélokan kang wis tmanduk ing awaké lan bab sih palimirmané Allah, temahan pada kaéraman.

GUSTI Jésus lan para sekabat bareng wis minggah ing prau, bandjur mantjal menjang ing sabrang, bali manèh ing laladané tanah Kapernaum.

WONG LIMANG ÈWU DITJADONG

KATJARITA ing sawidjining dina Gusti Jésus karo para sekabaté nitih prau menjang ing sabrangé segara Galiléa murugi panggonan samun perlu arep ndéwé. Dawuhé Gusti Jésus marang para sekabat: „Pada asoa sedéla!” Mulané dawuh mengkono awit wong akèh pada lunga teka ana ing ngarsané Gusti Jésus nganti ora ngoberaké mangan.

Nanging enggoné pada nglungani wong golongan mau meksa ora olèh gawé. Bareng wis tekan ing sabrang, ing kono wong golongan wis andèr ngentèni rawuhé Gusti Jésus. Mulané mengkono, djalaran nalika pada mantjal

menjang ing sabrang pada kaweruhan ing wong akèh. Wong-wong mau bandjur pada nututi metu ing darat menjang ing papan sing dipurugi Gusti Jésus, ndisiki rawuhé. Dadiné wong golongan mau saja suwé saja mundak akèh, awit wong saka désa ngadésa pada gumridig lumaku bebarengan arep mapagaké rawuhé Gusti Jésus, kambi nggawa sanak seduluré sing pada nandang lelara warna-warna. Senadjan rekasa lakuné, nasak-nasak ing papan sing ora tau diambah, mangka pinudju panas gumemplang, éwadéné wong-wong mau ora ngétung sajah lan rekasaning laku, waton bisa marek ing ngarsané Gusti Jésus.

Mulané bareng prau titihané Gusti Jésus minggir, wong golongan wis pada ngentèni ana ing pesisir. Saka ing prau Gusti Jésus wis mirsa wong-wong sing wis pada mapan ngentèni lan mirsa uga lakuné wong pirang-pirang anglur-selur ora ana peḍoté marani ing panggonan kono. Senadjan wis tita jèn kersané arep pada ngaso ora sida kadumugèn, éwadéné Gusti Jésus babar pisan ora runtik ing panggali, nanging malah trenjuh ing galih déning welas, awit wong-wong mau prasasat pepantjan weḍus kang ora ana pangoné. Mulané Gusti Jésus kersa djumeneng Pangoné kang utama!

BARENG wis pada munggah ing daratan, Gusti Jésus bandjur wiwit nindakaké pakarjané manèh. Wong golongan pada diwulangi pirang-pirang prakara sing magepokan karo Kratoné Allah, apadéné wong sing pada nandang lelara pada diwarasaké . . . Lan sing pada marek njuwun pitulungan iku mung tansah teka lunga baé ora lèrèn-lèrèn. Lan ora ana wong sidji baé sing ditampik utawa ditundung legèh.

Wong golongan pada mindeng ngrungokaké piwulangé Gusti Jésus, nganti pada lali wajah, lali mangan, lali jèn mengko isih kudu bali mulih menjang panggonané déwé-déwé; pantjèn wong-wong mau wis lali samubarang — mung marga kasengsem ngrungokaké pangandikané Gusti Jésus.

Nanging bareng wajahé wis lingsir kulon, lan sedéla manèh srengéngéné ngarepaké wajah tunggang gunung, para sekabat bandjur pada ora kepénak atiné. Apa Guruné supé temenan, jèn wajahé wis ngarepaké soré? Mangka wong golongan semono kèhé iku pada ora sangu pangan, lan upama nggawaa sangu, mestiné wis entèk dipangan. Apamanèh isih kudu diélingi, panggonan ing kono iku samun. Mulané para sekabat bandjur marek ngèngetaké Guruné. Sing tansah dipenggali iku rak mung enggoné arep memulang lan mitulungi, nanging bab pangané wong-wong mau ora

dièngeti babar pisan, mengkonon panjanané para sekabat. Undjuké marang Gusti Jésus: „Tijang-tijang punika mugé sami Tuwan lilani mundur, supados sami késaha dateng ing dusun-dusun ingkang tjelak tumbas roti, djalaran sami boten gadah ingkang kateda.” Nanging para sekabat ora mikir, apa wong-wong mau pada sangu duwit kanggo tuku roti. Wong-wong sing ketjingkrangan uripé ora dipikir bisané olèh pangan sarana apa, rumangsane para sekabat wis tjukup jèn ngèngetaké Gusti Jésus, djalaran ing semu Pandjenengané supé marang kabutuhané wong golongan.

Gusti Jésus bandjur mangsuli, pangandikané: „Kowé baé pada mènèhana mangan!” Lho, kepriyé bisané mènèhi mangan wong semono kèhé? Sing pada andèr ana ing ara-ara kono wetara wong limang èwu, durung kepétung wong wadon lan botjah-botjah. Nanging pangandikané Gusti Jésus mau kanggo ndadar kepriyé panemuné para sekabat, sebab Gusti wis nguningani sadurungé apa sing bakal ditindakaké.

Ing kono undjuké Filippus, salah sawidjiné sekabat: „Senadjan kula sami késah ngupados roti, roti pengaos kalih atus dinar boten njekapi tijang semanten, murih sageda kawradinan njakedik.” Pangandikané Gusti Jésus: „Kowé duwé roti pira? Pada lungaa mriksa!” Sawisé dinjatakaké, sawidjining sekabaté Gusti, Andréas, bandjur mundjuk: „Punika wonten laré ingkang mbekta roti sair gangsal kalijan ulam loh kekalih, nanging punika nggawer, punapa kanggé tijang semanten katahipun?” Gagasané Andréas: „Roti mung limang idji lan iwak loh loro jèn dipangan wong loro utawa telu baé durung karuwan maregi, apa manèh kanggo wong golongan semono kèhé! Betjiké Gusti énggal paring dawuh supaya wong-wong iku mulih menjang panggonané déwé-déwé. Nanging Gusti Jésus bandjur ngandika: „Prènèkna, tampakna ing Aku; wongé pada konen lungguh kepungan njèket-njèket ana ing pasuketan.” Para sekabat ora suwala manèh; bandjur pada nglakoni apa sadawuhé Guruné. Bareng roti lan iwak mau wis kasaosaké, wong golongan bandjur pada dikon lungguh krompolan njèket utawa njatus ana ing pasuketan. Kebeneran banget déné papan ing kono djembar.

Nanging para sekabat durung bisa njandak apa sing dikersakaké déning Guruné. Apa roti karo iwak semono iku arep diagem njadongi wong sing tjatjahé pirang-pirang èwu kaé? Para sekabat ora wani mundjuk apa-apa, mung ngingetaké Guruné klawan pakéring.

Ing kono Gusti Jésus djumeneng ana ing pepuntuk ingadep déning para sekabat lan sinawang déning wong golongan pirang-

pirang èwu. Sawisé mendet roti lima lan iwak loro mau, bandjur tumenga marang langit saos sokur marang Allah lan njuwunaké berkah, kaja patrapé sawidjining bapa kang ndedonga njuwun berkah sadurungé kembulan mangan karo anak-anaké. Roti lan iwak mau bandjur ditjuwil-tjuwil, sarta diparingaké marang para sekabat supaya kaladèkna marang wong golongan, bandjur pada mangan nganti sawaregé. Mesti baé para sekabat ribut enggoné ngladèni wong semono kèhé nganti pada kawratanan kabèh. Durung tau ana lelakon sing kaja mengkonon éloké, wong limang èwu pundjul pada ditjadongi mangan mung nganggo roti limang idji lan iwak loro. Para sekabat lan wong golongan pada ora bisa nduga iba sekti lan kwasané Guru lan Gustiné, lan iba élok lan muljané sing dadi Djuru Slameté! . . . Mangka mauné para sekabat pada duwé panjana, jèn Gusti Jésus ora menggali marang kabutuhané wong-wong sing pada kesajahan lan keluwèn, djebul saiki wong semono kèhé kabèh pada kapanduman tjadong sawaregé lan sidji baé ora ana sing keliwatan. Sawisé pada wareg, para sekabat isih wira-wiri mlaku nglumpukaké tjuwilan turahan, olèh rolas wakul kebak isi tjuwilan roti, jaiku sisané tjuwilan sing ora nganti kepangan. Roti mung limang idji lan iwak loro, bareng ditjuwil-tjuwil, kena dienggo njadongi wong limang èwu pundjul, mangka isih ana sisané rolas wakul kebak!

Wong golongan bareng wis pada ndeleng pratanda kaélokan kang ditindakaké Gusti Jésus mau, bandjur pada ngutjap: „Sanjata iku Kangdjeng Nabi kang rawuh ing djagad!”

Wong semono kèhé mau kabèh pada marem lan lega atiné, déné kaparingan nabi gedé sing kagungan kasektèn lan pangwasa linuwih, mulané pada madju njelaki Gusti Jésus . . .

Nanging Gusti Jésus pijambak malah katon sekel galihé nguningani pangangsegé wong golongan. Para sekabat ija ngétokaké gambiraning atiné kajadéné wong golongan, nanging iku mung muwuh trenjuhing galihé. Kepriyé ta nalaré?

Djalaran Gusti Jésus wis mirsa jèn wong golongan mau wis pada nunggal sedya mbojong Pandjenengané klawan peksa arep didjumenengaké ratu ing kuṭa Jerusalèm, ngerèhaké bangsa Israèl kabèh.

Pangrantaming atiné wong golongan iku mengkéné: „Pandjenengané iku linuwih ing kasektèné nganti bisa maringi pangan wong pirang-pirang èwu prasasat tanpa sarana; jèn mengkonon Pandjenengané mesti kagungan pangwasa njingkiraké bupati Pilatus utawa radja Hérodès dalah sawadyabalané kabèh, apadéné wong-wong lijané kang pada nandukaké pamisésa marang bangsa Israèl, lan

bandjur djumeneng ratu pinarak ana ing dampar kepraboné Dawud, djumeneng ratu agung binaṭara, kaloka ing djagad!" Gémbolaning atiné wong golongan kaja mengkonu iku wis kapirsan déning Gusti Jésus.

Nanging rawuhé Gusti Jésus marang djagad iku ora kagungan sedyu djumeneng ratu ing djagad. Para radja ing djagad ing wekasan bakal sirna dalah sakamuljan lan kawibawané. Pandjenengané kersa djumeneng Ratu Kaswargan, ngratoni para wong sing pada mandjing pratjaja marang Pandjenengané, lan Kratoné iku ora bakal sirna ing salawas-lawasé.

Wong-wong mau satemené mesakaké banget, djalaran isih pada tjupet nalaré. Sing dikepéngini iku mung kraton tjilik tur ora langgeng; déné kraton sing gedé lan langgeng ing salawas-lawasé pada ora dingertèni. Iku mau sing ndjalari trenjuhing galihé Gusti Jésus.

Pantjèn dudu kersané Gusti Jésus ngadegaké kraton ing djagad!

Ing kono para sekabat bandjur pada didawuhi nunggang prau manèh mantjal menjang ing sabrang sadurungé wajah bengi. Déné Gusti Jésus ngersakaké kantun pijambak ana ing kono. Wiwitané para sekabat pada mopo. Apa ta perluné déné kadawuhan pada lunga? Rak wis mèh tekan saaté wong golongan ndjumenengaké ratu marang Guruné! Éman banget jèn ngantia wurung!

Sarèhné mengkonu, para sekabat nganti pada dipeksa déning Gusti Jésus munggah ing prau. Para sekabat ija bandjur pada ngéstockaké dawuhé Guruné, senadjan abot rasaning atiné. Mengkonu uga wong golongan bandjur pada dililani mundur. Kabèh pada ora ngerti, généja Pandjenengané kok ora kersa didjumenengaké ratu. Senadjan ora ngerti, wong golongan bandjur pada bubarun mulih sowang-sowangan menjang panggonané déwé-déwé, atiné kebak kabungahan lan suka sokur déné pada kepareng ngalami sih kawelasané Gusti Jésus.

Gusti Jésus mirsani wong golongan pada bubarun, kabèh pada katon bungah marga mentas pada kaparingan mangan sawarégé, nanging émané déné pada ora ngerti jèn Gusti Jésus kwasa maringi kang luwih adji tinimbang roti, jaiku karahajon kang langgeng...

Bareng wis bengi Gusti Jésus kantun pijambak ana ing kono, bandjur minggah ing gunung, kersa ndedonga, marek marang ngarsané Allah Sang Rama kang pinarak ing swarga.

nutug enggoné marek ana ing ngarsané Allah Sang Rama. Bareng wis ngarepaké wajah bangun ésuḱ, Gusti Jésus lagi mandap saka ing gunung.

Kotjapa para sekabat sing pada lelaḱaran ana ing segara, bareng wis wajah lingsir wengi, prauné katempuh ing prahara. Anginé nampek, mulané para sekabat rekasa banget enggoné ndajungi prauné, mangka aluné gedé-gedé. Katoné para sekabat wis ora ketjonggah nanggulangi pangamuké ombak lan angin gedé. Saka kadohan Gusti Jésus nguningani karépotané para sekabat mau. Senadjan wajahé wengi peteng ndedet, tur ana ing tengah segara, adoh lor adoh kidul, Gusti Jésus meksa pirsu apa sing dialami para sekabaté, dalasan was sumelanging atiné ija wis diuningani uga. Gusti Jésus iku pantjèn maha wikan, nguningani samubarang, para kagungané kabèh kapirsan, sidji baé ora ana sing ketriwal.

Sawengi iku para sekabat rumangsa kuwalahen enggoné arep nkratèni prauné sing kajakaja ora gelem dikemuḱèni. Wiwit soré anginé wis nampek. Senadjan wis pada ngetog kakuwatan lan kaprigelané nglakokaké prau, éwadéné prauné prasasat ora ana adjuné babar pisan, sakèhing kangèlané para sekabat muspra tanpa gawé. Angin lan ombak ing segara sangsaja suwé sangsaja mundak santer lan gedé, déné para sekabat malah sangsaja entèk akalé lan tanpa daja.

Mangka nalika semono Gusti Jésus ora ana ing tjedaké, kaja ðèk anu kaé. Senadjan Pandjenengané saré manèh, mesti ora bakal diwungu, djalaran para sekabat wis pada ngandel, jèn Pandjenengané kuwasa ngajomi para sekabat, senadjan saré pisan... Nanging saiki Pandjenengané ora ana ing prauné, isih kari adoh ana ing daratan, malah ana ing gunung... Para sekabat ana ing satengahing bebaja rumangsa kidjènen lan kontjatan pangajoman. Para sekabat kekes atiné déning djumeguring ombak lan gumrubuging angin banter. Dumadakan... para sekabat pada ndjerit: „Memedi!... Memedi!“, djalaran pada weruh ana rerupan kaja wong mlaku ing segara, ing saduwuring alun!... Mangka rerupan mau saja suwé saja njedaki prauné. Rerupan mau mestiné memedi, awit jèn wong lumrah, mangsa bisaa napak ing banju. Ing kono para sekabat bandjur pada ngrungu jèn diaruh-aruhi déning rerupan mau, lan pada ora pangling swarané: iku swarané Guruné déwé! Pangandikané: „Pada diénak atimu! Iki Aku, adja wedi!“

Swarané tjeṭa swarané Gusti Jésus! Dadi nalika pada rumangsa kidjènen, satemené babar pisan ora kidjènen, djalaran Gustiné wis ana ing satjedaké. Pandjenengané saka kadohan wis pirsu karépotané, mulané énggal

TINDAK NAPAK ING SEGARA

KATJARITA nganti sawetara suwé Gusti Jésus enggoné mijambak ana ing gunung,

tumedak saka ing gunung, bandjur ndjudjul para sekabat ing segara perlu paring pitulungan. Gusti Jésus ngagem pangwasané tindak napak ing banju segara kajadéné tindak ana ing daratan.

Bareng Pétrus ngerti jèn sing ngandika iku Gustiné, bandjur énggal mundjuk: „Duh Gusti, menawi èstu Tuwan, kawula mugi Tuwan dawuhi murugi napak ing toja.” Dawuhé Gusti Jésus tjekak aos: „Maraa!”

Pétrus, sing tjukat tandang-grajangé lan ora tau duwé wedi, bareng ngrungu dawuh mengkono mau, énggal bandjur andjlog saka ing prau tumapak ana ing banju lumaku marani Gusti Jésus. Gusti Jésus sing dawuh, Pétrus mung saderma nglakoni, mulané atiné tatag, wani napak ing banju kajadéné ana ing daratan. Klawan bungah mripaté njawang marang Gustiné. Senadjan awaké kombak-kombul katut ing obahing banju, senadjan sikilé kasempjok ing ombak, éwadéné Pétrus terus mlaku marani Gustiné. Nanging bareng méngo sedéla, ngingetaké ngiwa nengen, weruh angin gedé lan alun gegulungan, bandjur maras atiné. Kakendelané lan kapratjajané marang maha-kwasané Guruné sirna sanalika pinđa merkètèké geni klaras kobong, murub sedéla bandjur sirep. Bareng Pétrus léna ora ngawasaké Gustiné, djalaran méngo ngiwa nengen sumurup kaantjam ing bebaja gedé, ing sanalika iku uga Pétrus bandjur maras atiné, lali marang maha-kwasané Gusti Jésus. Bareng karo sirnaning pangandelé Pétrus krasa sikilé ambles ing banju, tumuli sambat: „Duh Gusti njuwun tulung!” Pétrus énggal ditjepeng déning Gusti sarta dipangandikani: „Èh wong tjupet ing pangandel, jagéné teka uwas?”

Jagéné? Pétrus ora ngaturi wangsulan, djalaran rumangsa isin. Satemené Pétrus ora perlu maras lan wedi, djalaran wis ngerti, jèn Gustiné iku kang murba-misésa ombak lan prahara. Saiki Pétrus rada kisinin, djalaran pangirané duwé kakendelan lan kapratjajan ngungkuli para sekabat lija-lijané, nganti wani tumapak ing segara, djebul saiki dipangandikani: „Èh wong tjupet ing pangandel!” Pétrus rumangsa isin!

Bareng wis pada minggah ing prau, angin tumuli menda. Para sekabat lija-lijané ija pada rumangsa kawirangan ana ing ngarsané Guruné awit pada kapirsan enggoné pada maras atiné lan tjupet pangandelé, bareng katempuh ing ombak lan prahara; Gusti Jésus ija pirsané enggoné pada nandang was lan sumelang ana ing satengahing bebaja. Jagéné pada ora duwé pangandel marang Guru lan Gustiné? Senadjana adoh, Pandjenengané rak kwasa maringi pangajoman! Apa kaélokan bab roti lan iwak durung njukupi

kanggo nuwuhaké pangandel marang maha-kwasané Gusti Jésus?

Ing kono para sekabat kabèh bandjur pada marek sudjud marang Gusti Jésus, undjuké: „Saèstu Tuwan Putranipun Allah!”

Wajahé wis bjar-ésuk; ing sisih wétan katon trontong-trontong pletèking srengéngé.

WONG WADON KANG DUWÉ KAANTEPAN

„DUH Gusti, tedakipun Dawud, kawula mugi Tuwan welasi. Anak kawula èstri memelas anggènipun kerandjingan.” Mengkono panguwuh-uwuhé wong wadon bangsa kapid, kang ngetut-buri tindaké Gusti Jésus lan para sekabaté. Wis sawetara suwé enggoné tut-buri karo nguwuh-uwuh njuwun tulung, nanging semuné sing disuwuni tulung mau ora ngrèwès babar pisan. Senadjana mengkono, wong wadon mau ora kandeg pangudiné. Panguwuhé diambali manèh: „Anak kawula èstri mugi Tuwan welasi, duh Gusti, . . . mugi Tuwan tulungi!” Menjanga endi baé tindaké Gusti Jésus, wong wadon mau tansah kekinjil ana ing sawingkingé.

KELAKONÉ iku mau ora ana ing tanahé bangsa Jahudi, nanging kepara adoh ing sadjabaning wilajah, jaiku ing tanah Feniké, tanahé bangsa kapid. Wong wadon mau wis ngerti, sapa sing rawuh ana ing désané, awit wis kerep ngrungu pawarta bab sih kawelasan lan pangwasané Gusti Jésus. Pantjèn wis suwé enggoné kepéngin sowan ana ing ngarsané, nanging marga sebab warna-warna pangarep-arepé mau durung bisa kaleksanan. Saiki tanpa kanjana-njana Pandjenengané wis rawuh ing désané, mulané wong wadon mau ora ketlompèn ngetut-buri tindaké Gusti Jésus. Mumpung Pandjenengané kena ditjelaki!

Ambal-ambalan panguwuhé: „Duh Gusti, Putranipun Dawud, kawula mugi Tuwan welasi!” Nanging Gusti Jésus maringi wangsulan saketjap baé ora! Éwadéné wong wadon mau ora kema atiné. Wis mantep panemuné, jèn Gusti Jésus mesti ora mentala nilar awaké ing sadjeroning karépotan lan kasusahané.

Mungguh Gusti Jésus pijambak keprijé? Apa nganti kelakon Pandjenengané ora mijarsakaké pasambat lan panguwuhé wong wadon kawelas-asih? Para sekabat sing ana ing sawingkingé Gusti Jésus wis ora betah ngrungokaké panguwuh-uwuhé wong mau, mulané bandjur pada marek sarta mundjuk marang Gusti: „Gusti, tijang èstri punika mugi Tuwan lilani, supados boten keladjeng-ladjeng anggènipun nututi kalijan nguwuh-uwuh mekatén.



„HÉ PAWONG SANAK, TEKA GEDÉ PANGANDELMU”

Boten sandé mangké mesti badé kepireng déning tijang katah!”

Nanging Gusti Jésus mangsuli, pangandikané: „Enggonku kautus mung pinatah marani wedusé Banisraël kang pada ketriwal.” Para sekabat énggal bisa njandak wigatining pangandika mau. Rawuhé Sang Mesih marang djagad iku mung tumudju kanggo mitulungi lan ngluwaré bangsa Jahudi saka ing tangané mungsuh. Mengkono iku panemuné bangsa Jahudi kabèh, dalah para sekabat ija ora béda panemuné. Bangsa kapisra iku dudu bangsa kagungané Allah, malah kerep diunèn-unèni kaja pepadané asu. Pantjèn ora kliru pangandikané Gusti Jésus mengkono iku!

Mungguh wong wadon mau keprijé, bareng ngrungu pangandika mau? Senadjan wis ngerti marang lèrèging pangandika mau, éwadéné ora tjilik atiné. Batiné isih kebak pangarep-arep bakal olèh pitulungan, djalaran kukuh pangandelé: „Gusti iku maha welas. Sing bisa mitulungi anakku mung Pandjenengané. Tjoba dak-udiné sepisan manèh!” Mulané wong wadon mau nerusaké enggoné ngetut-buri tindaké Gusti Jésus. Bareng pada mlebu ing omah, wong wadon mau ija mèlu mlebu, bandjur marek sudjud ing sampéjané Gusti Jésus, undjuké: „Duh Gusti, njuwun tulung!”

Gusti Jésus bandjur mirsani wong mau sarta

ngandika: „Tjikbèn para anak iku pada wareg disik, sebab ora arus ndjupuk rotiné anak-anak diuntjalaké marang kirik.”

Pangandikané Gusti Jésus mengkono mau awudjud sanépa, lan wong wadon mau wis njandak karepé. Wong kapisra pantjèn kerep diunèkaké asu déning bangsa Jahudi. Mangka saiki ana pangandikané Gusti Jésus, jèn ora pantes ndjupuk roti tjadongé anak-anak, bandjur diuntjalaké marang kirik. Sing diupamakaké anak-anak jaiku bangsa Israël, lan wong wadon mau karo bangsané iku kang diupamakaké kirik Wong iku ora kok bandjur serik atiné, utawa susah, nanging malah ora mènèng panjawangé marang Gusti Jésus Gagasaning atiné mengkéné: „Wong Jahudi tjikbèn olèh panduman berkah sing gedé, déné aku mung arep njuwun kè-tjèrané baé!

Wong wadon mau mangsuli, undjuké: „Kèsinggihan, Gusti, semanten ugi kirik inggih sami neđa kekètjèranipun para anak wonten ing ngandap médja.” Undjuké mau jèn ditjètakaké mengkéné: „Gusti, rotinipun mugé Tuwan paringakan dateng tijang Jahudi, nanging kawula mugé Tuwan parengakan neđa tjuwilanipun ingkang rentah saking médja.”

Ing kono Gusti Jésus bandjur ketara banget rena ing galih. Wong wadon mau ora bandjur

ditundung saka ngarsané, lan Pandjenengané babar pisan ora mengku duka. Enggoné Gusti Jésus kétoké ora ngrèwès marang pasambaté wong wadon mau, lan ora kersa énggal maringi pitulungan, iku mung kanggo njoba kaantepané lan kanggo nedahaké marang para sekabat, jèn wong wadon bangsa kapid iku luwih gedé pangandelé marang Pandjenengané katimbang wong Israèl sing akèh-akèh.

Ing kono dawuh wangsulané Gusti Jésus: „Hé pawong sanak, teka gedé pangandemu, kowé ketekana kaja kang dadi karepmu.”

Lega atiné ngrungu dawuhé Gusti Jésus sing wis suwé dianti-anti, wong wadon mau bandjur énggal mulih menjang omahé, lan anaké tinemu lagi teturon, wis kaontjatan demité, pulih waras kaja wingi uni, tjojog karo pangandikané Gusti Jésus mengkéné: „Demité wis metu saka ing anakmu.”

Anadéné para sekabat pada njawang marang Guruné semu gumun. Akèh wong Israèl sing pada ora ngandel, malah njatru marang Pandjenengané, mulané klawan ati sejih enggoné pada ninggal negarané, bidal menjang ing tanahé bangsa kapid. Djebul saiki . . . ana ing tengahé bangsa kapid para sekabat mau malah pada neksèni déwé pangandelé wong wadon sing semono gedéné kaja sing durung tau diweruhi ana ing Israèl. Wong wadon mau ora kendat-kendat panguwuh lan panjuwuné, nganti wekasané panjuwuné mau kadju-rungan.

Gagasané para sekabat: „Pantjèn nggumunaké temenan, déné Gusti kersa melasi wong kapid.”

Para sekabat durung bisa mbobot sepira gedéné katresnané Gusti Jésus, durung tutug enggoné pada nggegulang bab tumindak ing katresnan.

BÉSUK ing tembé, samangsa Gusti Jésus wis séda, bésuk para sekabat lagi pada bisa ngerti klawan tjeṭa sing saiki durung dingertèni.

„EFFATA”

KATJARITA sawisé ndjadjah pagunungan Libanon Gusti Jésus bandjur wangsul ing laladané tanah Israèl, ing satengah-tengahé tanah Dékapolis, nglangkungi segara Galiléa ing sabrangé Kapernaum, dadi ing tanah panggonané wong kesurupan demit Legijun, sing bandjur pada mandjing ing babi sapanṭa gedé.

Lagi baé Gusti Jésus ndarat ana ing tanah kono, pawarta bab rawuhé wis sumebar ing endi-endi, temahan wong pirang-pirang pada

ambjuk ana ing panggonan kang dirawuhi Gusti Jésus, kambi njowanaké sanak seduluré sing pada nandang lelara warna-warna

Gusti Jésus nguningani tekané wong golongan mau. Iku kabèh wudjuding sangsara panggawéné dosa, opahing piala kang ndjalari manusa pada kataman ing kasusahan lan karépotan ana ing donja, mangka ing nalika wiwitan manusa iku tinitahaké pinundjul lan sampurna ngungkuli sakabèhing dumadi. Trenjuh galihé Gusti Jésus mirsani kasangsarané manusa, mulané klawan legawaning penggalih Gusti paring pitulungan.

ING kono ana wong lara kairid merek ing ngarsané Gusti lan disuwunaké muga katumpangana asta. Wong mau buḍeg lan tjédal. Dadi wong mau ora tau bisa ngrungu apa kang didawuhaké Gusti Jésus lan ija rekasa jèn arep nglairaké rasaning atiné.

Wong mau bandjur diadjak misah saka ing tengahé wong golongan, menjang panggonan sing rada ndéwé, dadi wong mau mung aben adjeng karo Gusti Jésus pijambak. Gusti ora paring pangandika apa-apa, nanging bandjur tumandang: kupingé wong mau bandjur dilebeti dridjiné, lan sawisé ketjoh Gusti bandjur ndumuk ilaté. Wong mau wis njandak apa sing dikersakaké Gusti sarana patrap mengkono iku. Kuping lan ilaté iku sing tjatjad, sing ndjalari tjilakané wong mau. Bareng kuping lan ilaté diasta Gusti Jésus, sanalika wong mau njandak jèn Gusti kersa njarasaké lelarané. Tindak mengkono iku luwih tjeṭa tinimbang pangandika pirang-pirang.

Ing kono Gusti Jésus bandjur tumenga marang langit kanṭi ngesah. Kaja mengkono patrapé Gusti Jésus enggoné ngundjukaké panjuwun marang Sang Rama ing swarga, mung sarana dibatin baé, sarta enggoné ngesah mau nélakaké trenjuhing galihé mirsani akèhing panandang lan sangsara kang ana ing djagad. Sawisé mengkono Gusti bandjur ngandika: „Effata!” tegesé: mengaa! Lan sanalika kupingé wong mau bandjur menga, apadéné ilaté kaja-kaja bandjur kaudaran, temahan tètèh patjelatoné. Iba begdjané wong mau, djalaran wis ora buḍeg manèh; saiki bisa ngrungokaké apa kang njuwara gumjah ing sakiwa tengené, luwih seneng manèh atiné déné saiki bisa mèlu ngrungokaké dawuh pangandikané Gusti Jésus kajadéné wong-wong lijané Mengkono uga saiki wis bisa guneman tjeṭa, bisa gijak-gijak nglairaké kabungahaning atiné lan mudji sokur bebarengan karo wong akèh, sing pada kagawokan njumurupi kaélokkan mau sarta ngutjap mengkéné: „Wong buḍeg dadi pada bisa ngrungu lan wong tjédal dadi pada bisa tjelaṭu! Pantjèn pandamelé iku sarwa betjik!”

Wong akèh mau pađa dipatjuhi adja nganti kanda-kanda marang wong bab lelakon iku mau, nanging sepiraa enggoné dipatjuhi, malah mundak nemen enggoné martak-martakaké marang angger wong kang gelem ngrungu, djalaran wong mau pađa kaéraman ndeleng mahakwasané Gusti Jésus.

Ing panggonan lija, isih nunggal wilajah karo telatahé tanah kono, tau ana babi sapanta gedé pađa ambjur ing segara nganti mati kabèh. Wong-wong ing kono pađa njuwun marang Gusti Jésus klawan adreng supaja kersaa tindak saka ing telatahé . . .

Nanging lelakon saiki kosokbali bledjed.

„MUNGGUH KOWÉ, AKU KOARANI SAPA?”

KATJARITA ing sawidjining dina Gusti Jésus kadèrèkaké para sekabat rawuh ing laladané negara Késaréa Filippi, ora adoh saka pagunungan Libanon.

Nalika semono ana pandanguné Gusti Jésus marang para sekabat mengkéné: „Mungguh rasanané wong golongan, Aki iki diarani sapa?”

Kang kadangu pađa mangsuli, undjuké: „Jochanan Pambaptis, sawenèh: Élijah sawenèh máliah: Jirmijah utawi salah satunggaling para nabi.”

Para sekabat wis kerep pađa ngrungu udjaré wong golongan sing pađa duwé pangira jèn Pandjenengané iku mesti sawidjining nabi gedé, ora béda karo nabi-nabi ing djaman kuna. Nanging saiki Gusti Jésus mirsani para sekabaté, sing ora kndat ndèrèkaké tindaké. Gusti Jésus ija kepéngin midanget keprijé panganggepé wong-wong mau marang Pandjenengané. Pandanguné mengkéné: „Nanging mungguh kowé, Aku koarani sapa?” Ing kono Simon Pétrus bandjur madju, prasasat makili kantja-kantjané, sarta mundjuk: „Tuwan punika Sang Kristus, Putranipun Allah ingkang asipat gesang.” Undjuk wangsulané mengkono iku ora digawé-gawé, nanging pantjèn metu saka ing dasaring atiné sing wis mantep enggoné pratjaja lan tresna, apadéné éring marang Gusti lan Guruné.

Gusti Jésus bandjur paring wangsulan, pangandikané: „Rahaju kowé, Simon!” Gusti banget rena ing galih, déné mirsa kamante-paning atiné Pétrus lan déné para sekabat ora pađa duwé pangira kajadéné wong golongan, malah wis pađa kukuh pangandelé jèn Pandjenengané iku kang djumeneng Sang Kristus. Satemené para sekabat mau enggoné pađa duwé panganggep mengkono iku mung marga saka panuntuné Allah kang maha mirah.

NANGING nalika iku uga ana prakara kang gawé kagèt lan sedihé para sekabat, djalaran wiwit nalika iku Gusti Jésus paring pitedah marang para sekabat jèn Pandjenengané perlu tindak menjang ing Jerusalèm, lan nandang sangsara akèh déning para pinituwa lan para pangarepé imam tuwin para ulama, lan wekasané disédani, nanging ing telung dinané kawungokaké.

Para sekabat pađa diblakani prakara iku mau kabèh ing sadurungé kelakon, nanging ing atasé para sekabat pangandika iku mau dianggep nglengkara bisané kaleksanan. Djalaran para sekabat wis pađa mantep pangan- delé jèn Guruné iku kang djumeneng Kristus, lan isih pađa duwé pangira, jèn samangsa Sang Mesih rawuh, Pandjenengané bakal jasa kraton kang pinunjul kamuljan lan pangwasané. Déné para sekabat sing pađa tansah ndèrèkaké tindaké, bakal kinulawisuđa kaparingan pangkat luhur lan pangwasa . . .

Djebul saiki . . . Gusti paring pirsia jèn Pandjenengané kudu nandang sangsara akèh, malah kudu ngalami séda. Wis ora klebu ing nalar, jèn Pandjenengané kang linuwih kasek- tèn lan kwasané, kang tau-taté marasaké wong lara lan nguripaké wong mati, kang njirep prahara lan ngendakaké alun segara, Pandjenengané kang djumeneng Putrané Allah, ngantia nandang sangsara utawa ngalami séda! Iku kena diarani prakara sing nglengkara lan mokal!

Enggoné Gusti ngandikakaké jèn ing telung dinané arep wungu manèh saka ing padun- ngané wong mati, iku malah ora kepikir babar pisan déning para sekabat.

Sing banget karasa-rasa ing atiné para seka- bat jaiku enggoné Gusti Jésus kudu ngalami séda. Apa kelakon jèn Gusti lan Guruné nganti ngalami séda? Para sekabat ija wis pađa ngerti jèn para pinituwa, para pangarepé imam, para ulama lan wong Farisi pađa geŕing marang Pandjenengané, apadéné akèh wong bangsané déwé sing pađa ora ngandel jèn Pandjenengané iku kang djumeneng Sang Mesih. Nanging senadjan mengkonoa, Gusti Jésus rak kagungan pangwasa nindakaké ing sakeparenging kersané pijambak!. Keprijé déné Pandjenengané isih ngandikakaké bab papa lan sangsara, bab lara lan pati? Ana ing endi kasektèn lan kwasané?

Kaja mengkono pangudaranané para sekabat. Pétrus babar pisan ora bisa njandak apa gunané ndadak ana prakara sing aèng lan njeđihaké iku. Gusti Jésus bandjur diaturi sumingkir sedéla bandjur dibisiki, undjuké: „Duh Gusti, punika mugé kasandèkna, sampun pisan-pisan Tuwan kedatengan ing- kang mekaten! Pandjenengan saèstu sampun ginadang-gadang djumeneng ratu. Mila sam-

pun ngantos Pandjenengan ngalami sangsara lan séda!"

Nanging nalika semono Gusti Jésus malah mengku duka, pada kaja nalika Gusti Jésus duka djalaran kagođa déning Iblis ana ing putjaké gunung sarta diaturi ningali sakèhé kraton ing sadjagad lan sakamułjané kabèh.

Gusti Jésus kang maha wikan, ija nguningani jèn undjuké Pétrus mengkono mau marga saka pangodjok-odjoké Iblis. Mulané Pétrus bandjur didukani, dawuhé: „Èh sétan, kowé sumingkira menjang buriku, kowé dadi sandunganku, amarga kowé ora mikir kang mungguh ing Allah, amung kang mungguh ing manusa!"

! Pétrus kagèt, bandjur mundur klawan banget wirangé. Ora njana babar pisan jèn undjuké kang dianggep betjik mau, malah dadi sandungan lan kala djiret tumrapé Gusti lan Guruné sing dadi woding katresnané. Jèn mengkono, Pétrus ora arep mundjuk apa-apa manèh, supaja adja nganti dadi pambengan tumrap Gustiné.

Ing kono para sekabat pada didjarwani klawan tjeťa, jèn Pandjenengané pinesti ngalami sakèhé prakara kang dianggep nglengkara mau kabèh. Pandjenengané pinesti nandang sangsara lan séda, sumurup enggoné njanggi paukuman sing mestiné kudu dietrapaké marang manusa karena dosané. Lan enggoné kelakon mengkono mau marga saka kersané pijambak kagawa saka tresnané marang para manusa. Apa manèh Gusti Jésus ija mulangi para sekabat jèn wong sing nedya dadi muridé Gusti iku ora patut ngarep-arep olèh kaluhuran lan pakurmatan kadonjan. Pangandikané mengkéné: „Menawa ana wong kang arep ngetut-buri Aku, iku njingkura marang awaké déwé, sarta sadina-dina ngangkata salibé déwé lan mèlua Aku."

Djalaran saben wong sing dadi muridé Gusti Jésus, iku ija bakal ngalami papa lan sangsara, malah lara lan pati. Nanging menawa bisa mbetahaké sakèhé panandang klawan sabar mantep, kagawa saka enggoné kasok tresnané marang Gusti Jésus, iku kang bakal bisa dadi murid kang sedjati.

PARA sekabat mau kabèh pada meneng karo nilingaké pangandikané Guruné, ing batin senadjan durung bisa njandak kabèh apa wigatiné prakara sing aèng lan njeđihaké mau, para sekabat wis bisa ngamini.

Saiki durung tjeťa pamawasé, nanging ing tembé samangsa njumurupi Guruné kelakon kasédanan kaja patrapé wong durdjana, nanging bandjur kawungokaké saka ing antarané wong mati, ngampil pangwasa djumeneng Ratuning swarga lan bumi, ing kono para

sekabat lagi pada damang ing sakabèhé.

Lan jèn wis tumeka ing wajahé, Gusti Jésus bakal jasa Kratoné kang langgeng, lan para sekabaté bakal pada dadi abdiné; dudu abdi kang kaampilan kaluhuran tjara kadonjan, nanging dadi abdiné Allah, lan iku bakal dianggep dadi kanugrahan sing gedé lan pakurmatan sing pinundjul.

GUSTI JÉSUS KAMULJAKAKÉ

WAJAH bengi sepi njenjet.

Gusti Jésus mbekta sekabat telu, jaiku Pétrus, Jakobus lan Jochanan, minggah ing gunung kang duwur pijambakan, kersané arep ndedonga; sekabat lijané pada kari ana ing ngisor.

Ing panggonan sing sepi Gusti Jésus ndedonga, ngundjukaké sakèhing karépotaning galihé marang Sang Rama kang ana ing swarga, njuwun kaparingana kakuwatan ing sadurungé njanggi sawernaning panandang kang lair lan batin: enggoné bakal kasangsara, kapojokan lan malah kasédanan. Apa Pandjenengané adjrih katempuh ing lara lan pati? Satemené ora, djalaran Pandjenengané bakal njanggi sakèhing tjoba klawan legawaning galih; Pandjenengané mung ngersakaké ndedonga lan tjelak karo Allah Sang Rama. Jèn tansah bisa tjelak karo Allah, galihé wis kalipur lan kasantosakaké Mulané asring baé Gusti Jésus minggah ing gunung perlu ndedonga ing panggonan sing sepi, adoh saka panggubelé wong golongan, adoh saka djagading karaméan.

Sadjeroné Gusti Jésus ndedonga, sekabat telu mau keturon, bawané awak sajah lan lungkrah kasiliran angin samirana, ora kélingan babar pisan jèn enggoné pada kađawuhan ndèrèk munggah ing gunung iku perluné ngéwang-éwangi Guruné. Mangka sedina muput atiné èmeng ngrasakaké nasibé Guruné sing memelas. Mauné para sekabat pada nemtokaké jèn Guruné mesti bakal djumeneng Ratu agung binařara, mukti wibawa anjakrawati. Djebul saiki Pandjenengané pada baé karo wong ngulandara utawa wong klarahan, mangka wis ngarepaké nandang sangsara lan wekasané mati. O, memelas temen nasibé Guruné!

Sekabat telu mau sing pada ndèrèkaké Guruné minggah ing gunung, ing sadalandalan, ora pada guneman, marga saka èmeng atiné. Mulané bareng pada lèren ing putjak gunung, sedéla baé wis keturon.

NANGING dumadakan sekabat telu mau pada kagèt bandjur tangi, djalaran

mripaté kataman ing sorot pepadang sing mblerengi. Apa sing katon?

Peteng ndedet sing nglimputi putjaking gunung wis malih dadi padang sumilak, lan Gusti Jésus katon djumeneng ana ing tengah-tengahing pepadang. Malah pepadang mau ora saka ing djaba pinangkané; Gusti pijambak sing dadi tuing pepadang, wedanané mentjorong kaja srengéngé lan pangagemané dadi putih gumilang mawa praba. Ing sadjagad rat ora ana rerupan sing mađani éndah lan muljané, malah para malaékat ing swarga pađa kalah prabawa, lan kira-kira ija kaja mengkono kaanané Gusti Jésus nalika isih ngagem kamuljan ana ing swarga.

Mangka ing sadjeroning pepadang kang ngasoraké tjahjaning srengéngé, Gusti Jésus ora katingal pijambakan, ing kiwa tengené katon ana prija loro ngagem kamuljan, pađa imbal pangandika karo Pandjenengané, re-raosan bab pungkasaning lelampahan kang bakal tumindak

Embuh keprijé bakal kadadéjané, sing katon saiki wudjudé banget nengsemaké ati!

Déné prija loro sing ngagem kamuljan mau, iku Musa lan Élijah, utusan kang tumurun saka ing swarga, pađa kautus déning Allah Sang Rama, ndikakaké nglipur lan njantosakaké Gusti Jésus enggoné bakal ngajati pakarjan sing abot, apadéné pađa kakarsakaké muljakaké Gusti Jésus ing samadjadé enggoné djumeneng Putrané Allah kang Mahaluhur.

Sekabat telu mau pađa njawang lan ngrasakaké kaéndahan lan kamuljan sing ngasoraké sakèhing èdi pèni kadonjan, lan mestiné kamuljan sing bakal tinemu ing swarga ija kaja mengkono iku katoné. O, bok ija lestaria kaja mengkéné kaanané ing donja, éndah lan mulja, sumisih saka sakèhing rerubed lan sangsara!

Ora kumetjap enggoné sekabat telu mau njawang Guru lan Gustiné ngagem kamuljan kaswargan Dumadakan Pétrus ora taha-taha ngundjukaké usul marang Gusti Jésus: „Guru, sampun prajogi sanget kawula sami wonten ing ngrikí. Mugi kawula sami kelilana damel tarub tiga, setunggal kagem ing Tuwan, setunggalipun Musa, setunggalipun malih Élijah!”

Pétrus enggoné duwé undjuk mengkono mau pantjèn tanpa duga prajoga, djalaran duwé nijat ngedunaké kamuljan ing swarga menjang djagad, lan kamuljan sing tjeđa katon kemata mau arep digondèli, pamurihé adja nganti ontjat saka ing panggonan kono.

Usul sing ngajawara mau diwangsuli baé ora; ing sanalika bandjur ana méga ngajomi putjaké gunung, lan ing méga mau ana swara keprungu.

Sekabat telu mau pađa gugup lan wedi

banget. Prija tetelu sing mau katon padang gumilang, ora katon babar pisan kalimputan ing keteling méga. Swara sing metu saka ing méga mau keprungu klawan tjeđa, lan swara mau mengku dawuh tumudju marang wong telu sekabaté Gusti.

Mangka sing ngandika saka ing méga iku Allah pijambak — pađa kaja pangandikané Allah nalika Gusti Jésus kabaptis ana ing kali Jardèn mengkéné: „*Iki Putraningsun kekasih, iku sira éstokna!*”

Sekabat tetelu tjeđa las-lasan pangrunguné ana dawuh: „Sira éstokna! Dawuh sing ora kena dilirwakaké babar pisan!

Ing kono Gusti Jésus bandjur njelaki para sekabat, pađa didjawili, djalaran isih pađa sumungkem ana ing bumi marga saka wediné. Sarèh pangandikané Gusti: „Pađa ngadega, adja wedi!” Bareng sekabat mau pađa ngawasaké mubeng, wis ora ana manèh kang katingal kedjaba mung Gusti Jésus pijambak, wis ora ngagem kamuljan kaswargan, nanging pulih manèh kaja adaté. Gusti Jésus bandjur pađa didèrèkaké muđun saka ing gunung.

Lelakon ing gunung iku kelakoné mung sedéla, nanging senadjan bebasan munga satjléretan, tumrapé para sekabat wis gedé banget paédahé. Para sekabat mau wis pađa neksèni lan njipati déwé enggoné Gusti Jésus ngagem kamuljan kaswargan. Gegambaran sing wis tjumitak ana ing atiné wong-wong mau ora bakal kena dibusek ing salawasé urip. Senadjan tjaloné Gusti Jésus bakal nanđang disangsara, diwewada lan dipojoki déning wong akèh, nanging para sekabat ora bakal suda panganggepé marang Gusti lan Guruné, jèn Pandjenengané iku sanjata kang djumeneng Sang Mesih kang Mahakuwasa, ija Putrané Allah pijambak

NALIKA pađa muđun saka ing gunung, Gusti Jésus bandjur dawuh marang para sekabat mau, pangandikané: „Wahju iku mau adja kokandak-kandakaké marang wong, kongsi bésuk Putrané manusa wus tangi saka ing antarané wong mati!”

Sekabat telu mau ora ana sing mangsuli, kabèh sing dirungu mau mung pađa dirasak-rasakaké ing atiné. Keprijé karepé pangandika: wungu saka ing antarané wong mati? Apa Gusti Jésus bakal kelakon séda, nanging bandjur wungu manèh . . . ? Sekabat mau pađa durung bisa njandak eliding pangandika mau.

Saiki pađa didawuhi njidem prakara mau, senadjan tjangkemé kumudu-kudu arep njaritakaké marang pawong mitrané apa sing wis tjumitak ana ing atiné. Nanging ing tembé samangsa wis tekan waktuné pađa diparengaké, wis mesti prakara sing pađa dialami ana

ing gunung bareng karo Gustiné bakal diwartak-wartakaké marang saben wong sing gelem ngrungu: Gusti Jésus, Putrané manusa, ngagem kamuljan kaswargan!

PASEMON ABDI KANG KAMITÉGAN

KATJARITA ing sawidjining dina Pétrus mundjuk marang Gusti Jésus, undjuké: „Gusti, menawi sadèrèk kawula gadah kalepatan dateng kawula, ngantos rambah kaping pinten enggèn kawula ngapuntèn? Punapa ngantos *kaping pitu*?”

Panjanané Pétrus: „Ping pitu, semono iku rak wis katog djenengé! Jèn wong digawé serik déning seduluré nganti ambal kaping pitu, ora nganti muring, iku wis ngungkuli takenan, dadi mestiné ora ana sing bisa nglakoni. Dalah wong Farisi déwé pada mulangaké: „*Ambala ping telu* enggonmu pada ngapura . . . !”

Ing kono dawuh wangsulané Gusti Jésus mengkéné: „Adja mung ping pitu, malah ngantia ping pitung puluh tikel pitu.”

Para sekabat wis bisa njandak kang dadi kersané Guruné, jaiku: wong urip iku pada kadawuhan tansah tjumadang ngapura kaluputané pepadané, mengkono sing dikersakaké Gusti Jésus, nanging sapa sing kuwat?

MULANÉ Gusti Jésus bandjur paring piwulang sarana pasemon tjritané *abdi kang kamitégan*, tjrita sing wiwitané njene ngaké, nanging wekasané njedihaké. Ana sawidjining radja lagi sinéba ing para abdiné sing pada utang-kapiutang karo sang prabu. Ing kono ana abdi sidji kasébakaké kang duwé utang saleksa talenta (kira-kira telung puluh nem juta rupijah), mangka wong mau ora duwé kang kagawé njaur utangé. Lan saupama wong mau diparengaké nitjil utangé, mbok nganti tekan pundating umuré, utangé durung bisa lunas. Keprijé enggoné arep bisa mentas saka ing kasangsaran semono gedéné?

Sarèhné wis tita mengkono kaanané, mulané dawuhé sang prabu: „Wong mau saanakbodjoné dalah saduwèk-duwèké kaedolana, supaja anaa kang kagawé njaur. Senadjan ora sepiraa pepajoné, éwadéné tumrap wong mau lelakon iku dadi paukuman kang abot!”

Ing kono abdi mau bandjur sumungkem sudjud marang sang prabu sarta mundjuk: „Duh Gusti, mugi wontena kasabaran dalem dateng kawula, ladjeng badé kawula saosi panjaur sapundatipun.”

Sang prabu banget trenjuh galihé déning welas. Apa wong mau bisa njaosi panjaur sapundaté? Ora mengkono sing dikersakaké sang prabu. Mulané dawuhé sang prabu: „Wis

mundura! Sira sunluwari lan utangira sunlilakaké marang sira.”

Abdi mau bandjur mundur klawan bungah atiné, rumangsa begdja kemajangan olèh kanugrahan sing tanpa upama gedéné. Saiki wis luwar saka sangsara lan utangé wis lunas kabèh!

Kotjapa . . . saunduré abdi mau saka ing paséwakan, bandjur ketemu kantja abdi sing kepotangan satus dinar (kira-kira mung patang puluh loro rupijah). Kantja tunggal gawé mau bandjur ditjekel lan ditekak guluné, kambi udjaré: „Bajaren kang dadi utangmu!”

Abdi sing mentas ngrasakaké kawelasan lan kanugrahan semono gedéné, wentala tumindak sawenang-wenang marang kantja abdi, mangka enggoné motangaké mung setitik. Bareng dianggrak mengkono mau, sing rumangsa kalah bandjur sumungkem lan memelas, pangutjapé: „Mugi wontena sabar sampéjan dateng kula, ladjeng badé kula aturi panjaur sapundatipun.” Nanging kang motangaké rengkeng lan ora gelem tepa-sliira, malah kang utang mau bandjur dilebokaké ing kundjara.

Kantjané pada abdi bareng ngrungu warta bab lelakon mau, pada banget pangunguné. Udjaré wong-wong mau: „O, angkara lan ambek-sija temen wong iku! Awaké déwé *begdja*, djalaran utangé sing semono gedéné wis dililakaké. Saiki gelem tumindak sawenang-wenang gawé *tjilakané* pada kantjané, mangka utangé ora sepiraa kèhé.” Mulané wong-wong mau bandjur pada séba marang sang prabu, ngaturi pirsapa kang kelakon kabèh. Sang prabu sanalika bandjur duka banget, lan utusan nimbali abdi kang kamitégan mau. Bareng wis sowan, abdi mau bandjur dipangandikani klawan sereng: „Èh abdi duraka, utangira kang semono iku wus sunlilakaké marang sira, marga sira memelas marang ingsun; rak wis wadajib sira uga melasi marang kantjanira kaja enggoningsun melasi marang sira.”

Sarèhné sang prabu banget dukané, abdi mau bandjur dilebokaké ing kundjara supaja kapatrapan ukum siksa nganti pundat enggoné njauri utangé. Apa bisa pundat? . . . Ngantia tekan ngadjalé pisan, utangé mesti durung bisa lunas!

SAWISÉ Gusti Jésus ndawuhaké pasemon mau, ing kono pangandikané Gusti: „Kaja mengkono uga Ramakku ing swarga ija bakal matrapi sawidji-widjining panunggalanmu kang ora ngapura klawan terus ing ati marang kaluputané saduluré.”

Pétrus lan para sekabat lijané wis bisa njandak eliding pasemon mau. Radja kang ambek

paramarta mau dadi pralambangé Gusti Allah; lan para abdi kang pađa duwé utang iku masemoni manusa kabèh sing pađa kanggonan dosa. Sing akèh utangé, paukumané ija abot. Malah ing salawasé uripé, manusa ora bakal bisa mbudidaja murih luwaré saka paukuman. Nanging Gusti Allah iku maha mirma lan asipat welas. Allah kepanggih *ngapura* Mulané manusa apa pađa ora kuwadjiban apura-ingapura mungguh ing kaluputané pepadané, kaluputan sing mung sepélé, jèn katandjing karo kaluputané manusa ana ing ngarsané Allah?

Wis naté Gusti Jésus paring piwulang bab pandonga; lan pandonga mau ana kang surasané mengkéné: „Duh Rama! Tuwan mugé ngapunten sakatahipun kalepatan kawula, kadosdéne kawula inggih sami ngapunten ing tetijang ingkang kelepatan dateng kawula.” Ngapura sadulur! Ora mung ping pitu, nanging malah nganti ping pitung puluh tikel pitu! Ora kendat-kendat ing salawas-lawasé. Kaja mengkono kersané Gusti!

PASEMON WONG SAMARIA KANG WELASAN

ING sawidjining dina ana wong ahli Torèt sowan ing ngarsané Gusti Jésus sumedya njoba marang Pandjenengané. Gagasané wong mau kira-kira mengkéné: „Guru anjaran iki daktjobané, apa bisa mangsuli pitakonku apa ora. Dakdadaré kawruhé bab angger-angger, apa bisa ngimbangi kawruhku apa ora. Jèn nganti mlèsèt wangsulané, mesti tjilaka awaké, djalaran akèh wong sing bakal ngrungu, temahan bakal konangan jèn enggoné dadi guru iku mung apus-apan baé, dudu guru sedjati kajadéné para ulama, ahli Torèt lan wong Farisi, sing wis mesti luwih pinter lan luwih mursid.”

Undjuké wong ahli Torèt mau: „Guru, srana pandamel punapa kula badé angsal warisan gesang langgeng?” Gusti Jésus ningali wong mau, lan ija wis mirsa apa sing dadi gémbolaning atiné, éwadéné ora bandjur duka. Wangsulané Gusti Jésus awudjud pandangu mengkéné: „Kang katulisan ing Torèt apa? Pamatjamu keprijé?”

Tumrapé wong ahli Torèt pandangu mengkono iku dudu apa-apa, mulané énggal njaosi wangsulan: „Kowé tresnaa marang Pangéran Allahmu diklawan gumolong atimu, lan gumolong njawamu, sarta klawan sakawatanmu, apadéné klawan gumolong budimu. Lan marang sapepadamu dikaja marang awakmu déwé.” Pangandikané Gusti Jésus: „Bener wangsulanmu. Ija iku lakonana, temah kowé bakal urip.”

Wong ahli Torèt, panunggalané djamhur-djamhur Jahudi, ketjélik lan kisinin, djalaran ora olèh gawé enggoné njoba Gusti Jésus. Malah saiki wong akèh bakal pađa ngerti jèn Gusti Jésus ngungkuli wong ahli Torèt dalasan ing bab angger-angger.

Éwadéné wong mau durung entèk akalé. Sarèhné arep mbetjikaké awaké déwé, mulané mundjuk pitakon manèh mengkéné: „Sinten ta ingkang dados sesami kula?.. Wong mau karepé arep mratélakaké, jèn wis nresnani pepadané, jaiku seduluré, sanak-kadangé, bangsané. Apa iku isih kurang? „Sinten ta ingkang dados sesami kula?”


ING kono Gusti Jésus bandjur maringi wangsulan ngagem pasemon, pangandikané: „Ana wong lumaku međun saka ing Jerusalem menjang ing Jericho. Dalané rumpil tur sepi, lan mutawatiri Satekané ing panggonan sing singub, wong mau ketiwasan katempuh ing bégel, diblédjèdi barang gegawané tekan sandangané, sarta awaké diwasuh nganti setengah mati, lan wekasané ditinggal gumlinting ing pinggir dalan dikira jèn wis mati. Sawisé iku bégel lan kantjané kabèh bandjur énggal sumingkir.


Wong sing dibégel mau kari gumlétak ana ing dalan tanpa daja, awaké sakodjur gubras getih, rasané ndjarem lan pegel ora karuwan, wuwuh-wuwuh kebrongot déning panasing tengangé; jèn ora bisa olèh pitulungan wong mau mesti bakal mati ngenggon

NALIKA semono kapinudjon ana wong liwat, mangka sing liwat iku *imam*. Imam iku abdiné Allah, mestiné sugih kawelasan lan katresnan. Nanging ana daulaté, ora ana begdjané! Bareng weruh ana wong gumlétak ing pinggir dalan, imam mau *liwaté* bandjur *njimpangi*, asengadi ora weruh wong mau. Ing batiné wis olèh pawadan mengkéné: „Wong kaé mestiné wis ora kena ditulungi; upama ditulungana, ora wurung mesti mati. Mangka jèn bégalé bali manèh nempuh marang aku, gèk keprijé polahku? Luwih betjik aku énggal ngontjati panggonan iki, supaja . . . !” Lakuné bandjur digelak, daja-daja bisaa sumingkir saka ing panggonané bilai!

O, pantjèn wis nasibé wong sing dibégel mau, arep olèh pitulungan baé kok nganti wurung!

NANGING ora antara suwé keprungu ana gedebegé wong mlaku; saiki sing liwat kalebu golongané wong Lèwi, dadi ija kagolong abdiné Allah, pagawéané ana ing padaleman sutji ngladèni para imam jèn pinudju saos kurban Wong iki mestiné kena diarep-arep pitulungané. Nanging bareng weruh





SAWUSÉ DITUNGGANGAKÉ ING KÉWAN TUNGGANGANÉ DĒWÉ, TUMULI DIATERAKÉ

wong sing wis gilang-gilang asawang lajon, wong Lèwi mau *liwaté* ija bandjur *njimpangi*. Ing batin wis dirantam-rantam apa pawadané enggoné ora awèh pitulungan, senadjan wis ana osiking atiné jèn duwé kuwadajiban tetulung; djalaran saupama gelem nulungi wong sing kasangsaran, ora wurung mung arep ngundakaké karépotané awaké déwé. Mulané luwih betjik jèn awad-awad ora weruh lan ora ngerti apa-apa! Wong Lèwi mau ija bandjur énggal-énggal bablas!

Wong sing gumlétak ing pinggir dalan isih adjeg gumlétak, tanpa olèh pitulungan babar pisan. Mangka sing kepener liwat ing dalan kono wong-wong sing pantjèné kena didjagakaké pitulungané, jaiku *imam* lan *wong Lèwi*, karoné pada ngabdi ana ing ngarsané Allah ing padaleman sutji. Lha jèn imam lan wong Lèwi ora gelem nulungi, sapa baja sing sudi tetulung? Apa kira-kira mung tekan semono pepestèning uripé?

NANGING tudjokna isih ana wong liwat ing kono; saiki wongé nunggang kuldi. Émané sing teka saiki dudu imam, dudu wong Lèwi, malah dudu wong Jahudi, nanging wong Samaria, dadi kalebu satru bebujutan. Wis mesti baé wong mau ora sudi tetulung; adja sing tetulung, ngingetaké baé sujik, malah mung ketjah-ketjuh idu nélakaké gipuné!

Kotjapa, bareng wong Samaria mau wis tjedak, lan weruh ana wong gumlétak ing pinggir dalan, wong sing dinjana ala mau, malah banget trenjuh atiné; ora dipikir babar pisan jèn sing ngatang-atang ing dalan iku wong Jahudi, satruné bebujutan. Wong sing kelaran mau énggal diparani, tatuné diblebedi klawan dikopoh lenga lan anggur, kaja-kaja awaké déwé mèlu ngrasakaké larané. Wong Samaria mau temen-temen ora duwé pikiran jèn wong mau sadjatiné wong Jahudi, lan ija ora klebu ing nalaré jèn bégalé bisa bali manèh, apadéné ora ngétung rekasa lan kangèlan, djalaran sing dadi antjasing atiné mung arep mitulungi wong sing lagi kasangsaran lan sing tumuli kudu olèh pitulungan sadurungé kasèp.

Bareng wis rampung enggoné mblebedi tatuné, wong mau bandjur didjundjung alon-alon, katunggangaké ing kuldiné, tumuli diateraké menjang ing désa satjedaké panggonan kono. Wong Samaria mau karo mlaku ora lèrèn-lèrèn enggoné ndjagani supaja sing lara adja nganti tiba. Satekané ing omah panginepan, wong sing lara bandjur dipulasara lan diwènèhi kabutuhané ing satjukupé. Ésuké bareng wong Samaria mau arep mangkat mbatjutaké lakuné, ora lali ninggali duwit rong dinar diwènèhaké marang kang

duwé omah panginepan, wekasé: „Tijang punika sampéjan pulasara ingkang saé, sampéjan sukani sakabetahanipun supados énggal mantun sakitipun. Menggah wragadipun, indakipun saking semanten, punika kula ingkang badé nglintoni dateng sampéjan, bédjng sawangsul kula mriki malih.” Bareng wis pamitan, wong Samaria mau mangkat.

Tjrita pasemon wong Samaria ditjupet tekan semono. Gusti Jésus kèndel sedéla. Ing ngarep mau ana pitakoné wong ahli Torèt mengkéné: „Inkang dados sesami kula sinten?” Saiki Gusti Jésus ndangu wong mau: „Saka pandugamu, wong telu mau endi kang dadi pepadané wong kang katempuh ing bégal mau?” Wong ahli Torèt bangsa Jahudi mau kepeksa ngaturi wangsulan, senadjana atiné gejing banget marang wong Samaria, mengkéné: „Inggih ingkang nandukaken kawelasan dateng pijambakipun wau.” Ing kono dawuhé Gusti Jésus: „Lungaa, kowé ija nglakonana kang kaja mengkono uga.”

Kaja mengkono uga . . . ! Apa kersané Gusti Jésus supaja wong ahli Torèt mau saben dina mlaku liwat ing dalan saka ing Jerusalèm menjang ing Jericho, nggolèki wong sing katempuh déning bégal? Ora, pangandikané Gusti Jésus mau ora kudu ditampa lugu kaja-déné unining tembung, nanging sing luwih perlu iku sariné!

Mungguh kersané iku mengkéné: wong ahli Torèt mau kudu nandukaké katresnan kaja patrapé wong Samaria, ora ngemungaké marang sanak seduluré, lan marang bangsané déwé, nanging ija marang wong lija, bangsa lija, dalasan marang mungsuhé, jaiku samangsa lagi nandang kasangsaran. Wong iku kudu bisa ngocongaké atiné, adja nganti kalebon ing watak murka, tjulika, djubrija, nanging atiné iku kebaka nganti mbludag katresnan lan kawelasan; jèn mengkono, wong lagi bisa weruh sapa sing dadi pepadané. Wong sing pada nandang papa lan sangsara, kesrakat lan sinangsaja, sumebar ing endi-endi, lan kabèh pada mbutuhaké pitulungan lan kawelasan. Mengkono kersané Gusti Jésus sarana dawuh: Nglakonana kang kaja mengkono uga!

Wong ahli Torèt mau meneng, awit wis krasa ketapak rainé Tekané *nglangak ngungasaké* kapinterané, nanging mundure *ndingkluk kewirangan*.

RIJAJANING KABUNGAHAN
DIPUNGKASI NGANGGO KASUSAHAN

KATJARITA kuṭa Jerusalèm katon asri kaja petamanan, rinengga-rengga lan pinadjang-padjang nganggo gegodongan lan kem-

bang-kembang mantjawarna; ing sadalandalan wiwit ing djero kuṭa nganti tekan sadjabané kuṭa wong-wong paḍa ngedegaké tarub lan omah-omahan, direngga-rengga nganggo wohing kitri kang éndah-éndah, papahing kurma lan gegodongané wit kang ngrempajak. Nalika iku wong Israèl kabèh lagi paḍa ngrijajakaké rijaja Tantjebing tarub. Iki rijaja sing ramé lan gedé déwé tumrap bangsa Israèl. Pitung dina lawasé wong Israèl paḍa manggon ana ing tarubé déwé-déwé lan paḍa olah kabungahan. Rijaja mau dianakaké saben taun sepisan samangsa wis rampung enggoné paḍa ngunduhi pametuné bumi lan nglebokaké pametuning panutoné gandum lan pami-pitané anggur lan lenga. Déné perluné rijaja mau supaja wong Israèl paḍa ngélingana jèn para leluhuré ing djaman kuna, sawisé dientasaké déning Allah saka ing tanah Mesir, paḍa nglembara ana ing ara-ara samun lan paḍa manggon ana ing tarub, apadéné paḍa ora duwé tanah pusaka lan ora duwé pametu gandum, anggur utawa lenga. Mulané bangsa Israèl kaḍawuhan bungah-bungah ana ing rijajané mau.

Nanging sing dadi pusering karaméan iku tinemu ing padaleman sutji. Ing kono wong Israèl paḍa saos kurban . . . „Minangka saos panuwun sokur marang Allah!” udjaré wong akèh. Ing kono papan nglumpuké para imam, para ulama lan wong Farisi, jaiku djamhur-djamhuré bangsa Israèl. Udjaré wong akèh: „Wong-wong iku kalebu golongané wong peṭingan, unusing bangsa, kang paḍa ngabdi ana ing ngarsané Allah!” . . . Ing kono tempuké wong golongan saka désa ngadésa sing paḍa ambjuk ing padaleman sutji, perluné arep: njaosaké pangabektiné marang Allah, arep njuwun panglipur tumrap atiné sing kebak was sumelang déning dosané . . . Mengkono udjaré wong akèh. Nanging apa iku mau kabèh njata mengkono?

KOTJAPA, wong golongan sing tanpa wilangan tjatjahé, ing semu paḍa nunggal karep lan nunggal rasa; kabèh paḍa takon: „Wongé ana ing ngendi? Apa Pandjenengané wis rawuh? . . .”

Para pangarepé bangsa Jahudi sing paḍa ngedir-ediraké kapinteran lan kamursidané, ija paḍa nakokaké apa Gusti Jésus wis rawuh ing Jerusalèm. Nanging enggoné paḍa takon mengkono iku paḍa ngemu rasa geṭing. Tjoba, jèn wani mlebu ing kuṭa Jerusalèm, iku bebasan: kuṭuk marani sunduk; wis mesti Gusti Jésus bakal ditjepeng, lan jèn perlu disédani pisan, djalaran dianggep dadi guru panasaran.

Wong-wong Jahudi sing kawentar dadi umat kagungané Allah, sing djaréné paḍa

ngibadah lan kadunungan kawitjaksanan, . . . wong-wong iku paḍa geṭing marang *Putrané Allah*.

Ing antarané wong golongan akèh kang paḍa ngrasani Gusti Jésus, pangutjapé: „Iku wong betjik!” Nanging ana uga kang duwé udjar mengkéné: „Ora, malah nasaraké wong golongan.” Nanging enggoné paḍa nglairaké rasaning atiné iku ora wani ngeblak, waniné mung paḍa bisik-bisik, djalaran kabèh paḍa wedi marang para pangarepé wong Jahudi. Malah akèh uga kang paḍa rerasan jèn tuwauwaning padaleman sutji wis paḍa njebar mata-mata sing paḍa momor-sambu karo wong golongan, paḍa kabubuhan njepeng marang Gusti Jésus samangsa wani mlebu ing kuṭa Jerusalèm, lan jèn bangga, paḍa diḍawuhi ngrampungé pisan.

Wong-wong sing asalé saka ing tanah Galiléa utawa wilajah lijané, ija paḍa takon-tinakon: „Wongé ana ing ngendi?” Mangka wong-wong mau paḍa ora ngerti pasang-gelaré para pangarepé wong Jahudi enggoné paḍa ngarah njédani Gusti Jésus. Wong-wong mau enggoné paḍa takon-tinakon mung marga saka kepénginé weruh kaélokan lan ngrungu pangandikané Gusti Jésus. Mengkono uga ana wong sawetara sing paḍa takon-tinakon kaja wong lija-lijané, nanging enggoné takon mau marga saka gedéning katresnané marang Gusti lan Guruné kang djumeneng Djuru Slameté. Mèh saben wong ing kuṭa Jerusalèm paḍa ngutjap-ngrasani Gusti Jésus, ana sing ala, ana uga sing betjik.

Bareng wis nengahi rijaja, Gusti Jésus rawuh in Jerusalèm, terus minggah menjang ing padaleman sutji, bandjur memulang.

Memulang ana ing padaleman sutji? . . . Apa Gusti Jésus kaduk wani kurang deduga? Apa ora pirsira jèn kasugengané diantjam déning sagolongané wong Jahudi sing paḍa ngendem sengit? Apa ora sumelang jèn dilimpé temah dipradjaja déning satru? Apa ora pirsira jèn para ulama lan para imam iku gedé pangaruh lan pangwasané lan jèn wong golongan iku wataké mung èla-èlu baé? . . .

Ing kono Gusti Jésus klawan tatag djumeneng ana ing tengahé wong akèh sarta memulang. Wong-wong sing paḍa kepéngin ngrungu piwulangé, bandjur paḍa ngangseg madju njelaki Gusti Jésus, Rabbi weton Nasarèt. Gusti Jésus ora kekilapan mungguh kang dadi rerasanané wong golongan, malah ija pirsira apa sing dadi gémbolané atiné, éwadéné Gusti Jésus ora kagungan rasa kuwatir babar pisan. Djalaran ora ana wong sing bisa nggepok Pandjenengané samangsa durung tekan ing waktuné. Ing sadjeroné rijaja Tantjebing tarub Gusti Jésus durung tekan ing waktuné masrahaké sarirané. Nanging ing tembé jèn

wis tekan ing waktuné, kira-kira ora antara suwé sapungkuré rijaja Tantjebing tarub, — ing kono Gusti Jésus bakal nandang sangsara, uga mbeneri ana karaméan ana ing kuṭa Jerusalèm. Nanging saiki durung tekan ing waktuné, mulané Gusti Jésus ora was utawa sumelang, lan klawan tatag memulang ing ngarepé wong golongan. Kersané Allah Sang Rama kang ana ing swarga mesti bakal kaleksanan lan ora ana tumitah sing bisa ngowahi utawa ngalang-alangi.

Jèn disawang tata-lairé, Gusti Jésus katoné mung wong tjilik lan prasadja baé, mangka wani djumeneng ana ing tengahé wong Jahudi sing pada manganggo pamèran. Éwadéné ing sanjatané Gusti Jésus djumeneng ana ing kono ngagem pangwasaning Ratu, pangandika kang midjil saka ing tutuké mesti katampan ing kuping bablas tekan ing atiné wong, apadéné kawitjaksanan sing didawuhaké ora ana wong sing bisa mbantah utawa madoni.

Nanging ing salebeting galih Gusti Jésus ngembeng sungkawa, karana wong golongan, karana pokalé para wong ahli Torèt lan wong Fārisi: wong-wong mau pada apal angger-angger tilarané nabi Musa lan pada rumangsa ngibadah ngabekti marang Allah, mulané pada kibir sumungah awit rumangsane wis pinter netepi surasaning angger-angger kabèh, mangka satemené wong-wong mau pada njimpang adoh saka ing ngarsané Allah djalaran atiné pada ora sumujud lan tresna marang Pandjenengané. Trenjuhing galihé Gusti Jésus ija karana nguningani kaanané wong golongan sing ubjang-ubjung ndèrèkaké tindaké Gusti Jésus lan sing pada seneng rerasan bab kaélokkan lan pakarjané, nanging atiné pada ndableg lan pada ora wanuh, adja manèh pratjaja marang Pandjenengané. Dalaning kaslametan wis kabuka tumrapé wong-wong mau, nanging émané wongé pada ora gelem ngambah

Wong-wong mau kabèh pada ora duwé kang kagawé njantosakaké atiné sing tansah ketar-ketir sumelang déning dosa. Mangka rawuhé Gusti Jésus iku mbirat dosané lan ngluwari wong-wong mau saka ing paukuman, temah pada bisa ngrasakaké karahajon ing donja lan ing achérat Nanging wong-wong mau pada nampik lan njatru Pandjenengané.

Gusti Jésus wis rawuh ing djagad, nanging djagad ora wanuh ing Pandjenengané.

KOTJAPA karaméan ing rijaja Tantjebing tarub isih dibandjuraké. Para imam pada ndjupuk banju saka ing blumbang padusan ing Siloam, bandjur diesokaké ing saduwuring misbjah, binarung ing suraké wong akèh. Wong golongan ngulukaké kekidungan pa-

mudji sokur marang Allah. Banju sing diesokaké ing misbjah ngélingaké Israèl marang lelakon ing djaman kuna, nalika Gusti Allah maringi banju para leluhur sarana banju kang mantjur saka ing parang.

Nalika iku Gusti Jésus bandjur nguwuh pangandikané: „Menawa ana wong kang ngelak, iku mareka ing Aku lan ngombéa!”

Wong sing pratjaja marang Djura Slamet, iku bakal olèh karahajon kaja upamané wong sing ngelak bandjur olèh banju. Wong sing mengkono iku olèh pitulungan ing salawas-lawasé.

Para ulama lan para imam, bareng ngrungu pangandika kang mengkono mau, bandjur pada muring-muring. Pangunandikané: „Wong iku medjanani temen nganti wani ngutjap kang mengkono.” Apa ora ana wong sing wani njepeng? Ana ing ngendi wongé sing pada pinatah njekel lan ngladèkaké wong Nasarèt iku?

ING dina wekasaning rijaja, ing palatarané padaleman sutji didèkèki damar sèwu, jèn bengi disumedi kabèh, urubé pating klentjar maḍangi wong akèh sing lagi pada olah kabungahan. Ing kono Gusti Jésus bandjur ngandika manèh marang wong akèh, dawuhé: „Aku iki pepadangé djagad; wong kang ngetut-buri Aku bakal ora lumaku ana ing pepeteng nanging nduwèni padanging urip.”

Damar sèwu sing padang kentjar-kentjar wusanané bakal sirep; kabungahan lan sukan-sukan iku anané ija mung sedéla Nanging sapa sing pada pratjaja marang Gusti Jésus iku nduwèni kabungahan kang langgeng.

Pangandikané Gusti Jésus mengkono mau ndadèkaké para imam pada gregeten atiné. Wah, wani-waniné Rabbi saka Nasarèt iku muni mengkono. Mangka wong golongan pada ora mènèng saka ing ngarsané, lan ngrungu kabèh kang diulangaké ana ing eḍengan, apadéné pada rerasan bab Pandjenengané. Jèn terus kaja mengkono kaanané, suwé-suwé wong golongan kèlu kabèh marang Guru anjaran iku, lan nglirwakaké para imam lan ulama lija-lijané. Para pangarepé wong Jahudi saiki mung pada takon-tinakon: „Ana ing ngendi ta wong-wong sing pada duwé bubuhan njekel lan ngladèkaké guru panasaran iku? Wong-wong sing digolèki mau, pada bali legèh sarta pada matur: „Salaminipun dèrèng naté wonten tijang ingkang witjanten kados tijang punika!” Senadjan ana krentegé wong-wong mau arep njekel Pandjenengané, nanging ora ana sidji baé kang nganti ngranggèh marang sarirané.

Èsuké para pangarepé wong Jahudi bandjur pada marek marang ngarsané Gusti Jésus arep saraséhan karo Pandjenengané. Gusti

Jésus dikrubut pitakonan sing njelekit-njelekit, malah diunèk-unèkaké jèn kependjangan demit Atiné wong-wong mau saja suwé saja panas lan saja kemropok, djalaran ora bisa ngalahaké pangandikané Gusti Jésus.

Lan ing wusanané bareng wis ora kuwat ngampah atiné, wong-wong Jahudi mau bandjur pada ndjupuki watu arep dienggo mbenturi Gusti Jésus. Jèn *dikrutugi pitakonan* Gusti Jésus ora ambruk, bandjur arep *dikrutugi watu* supaja ndadèkaké *sédané*.

Nanging Gusti Jésus bandjur njamaraké sarira, teḏak saka ing padaleman sutji, nratas ing tengahé wong akèh tanpa kaweruhan. Watu sidji baé ora ana sing tumama ing sarirané.

Djalaran pantjèn durung tekan ing waktuné.

RIJAJA Tantjebing tarub iku kuduné dadi rijajaning kabungahan lan pamudji sokur marang Allah, aḏeḏasar kamursidan lan karesnan kang sedjati.

Nanging apa iku mau kabèh *njata* mengkono?

WONG PITJAK LAIR MULA

ING pinggir dalan ora adoh saka ing padaleman sutji ana wong ngemis ndéprok ing lemah, ndermimil melas-asih enggoné nembung pitulungané wong sing pada liwat ing dalan kono. Wong mau ora bisa njambutgawé, djalaran pitjak wiwit lair mula. Panguripané mung marga saka enggoné pepriman, dadi mung gumantung saka kawelasané wong liwat. Salawasé tumitah ing ngalam donja wong mau durung tau weruh paḏangé srengéngé, rina wengi tansah kalimputan ing peteng ndeḏet. Kaanané mengkono mau mestiné ora bakal owah-owah nganti tekan ing adjalé. Saben dina mung ndéprok ing pinggir dalan kono, ora adoh saka padaleman sutji

KATJARITA ing sawidjining dina Sabbath, nalika Gusti Jésus langkung ing dalan kono, ningali wong sing pitjak lair mula iku. Para sekabat bandjur pada mundjuk pitakon mengkéné: „Rabbi, sinten ingkang damel dosa, tjang punika punapa tjang sepuhipun, déné lairipun ngantos pitjak mekaten?” Enggoné pada mundjuk pitakon mengkono mau, djalaran para sekabat pada duwé panemu, jèn katjilakan sing tumanduk ing awaking wong, iku dadi paukumaning dosané déwé. Ing djaman semono wong Jahudi sing akèh-akèh ija pada duwé panemu mengkono.

Nanging Gusti Jésus mangsuli „Dudu wong iki kang gawé dosa, lan dudu wong tuwané.” Dadi tjeḏa enggoné wong mau pitjak, iku ora minangka paukumaning dosané, nanging pa-

murihé mung supaja wong akèh pada njumrupana jèn Allah iku kang Maha-kuwasa, Maha-agung lan Maha-luhur.

Sawisé ngandika mengkono mau, Gusti Jésus bandjur njelaki wongé sing pitjak. Wong mau ora wanuh marang Gusti Jésus, nanging ngrasa jèn ditjeḏaki lan ija ngrungu ana wong guneman mengkéné: „Aku dadi pepadangé djagad.” Wong sing pitjak mau ora ngerti sapa sing njeḏaki lan apa karepé. Apa arep mènèhi dana? Tangané wis njaḏong arep nampani pawèwèh.


Nanging Gusti Jésus ketjoh ing lemah; ketjoh mau didamel luluhan karo lemah, bandjur dilèlètaké ing mripaté wong sing pitjak. Wong mau mung meneng baé, ora bangga ora apa, senadjan krasa mripaté dilèlèti luluhan lemah. Tjeḏa pangrunguné nalika didawuhi: „Lungaa, raupa menjang blumbang padusan ing Siloam!” Wong pitjak mau sanalika ngadeg, bandjur grajah-grajah terutukan nganggo tekené golèk dalan marani blumbang padusan Siloam. Wong mau wis ngerti ing ngendi dunungé blumbang Siloam, malah, wis bola-bali raup ana ing kono, nanging mripaté adjeg ora bisa ndeleng apa-apa. Saiki manèh dilèlèti nganggo luluhan lemah, apa ora malah mundak banget larané? Nanging sing kaja mengkono iku kabèh ora digagas babar pisan. Wong mau anané mung nglakoni ḏawuh, senadjan ora ngerti sapa sing ḏawuh, éwadéné wong mau wis ngandel mung sarana nitèni swara sing tumama ing kupingé, jaiku swarané wong sing sugih kawelasan lan pangwasa. Satekané ing Siloam, wong mau bandjur raup, mripaté diresiki lemahé lan diutjek-utjek. Bareng melèk, bandjur bjar bisa ndeleng pepadang, mulat ngiwa nengen, menduwur mengisor, ing ngendi-endi ana pepadang lan etuking pepadang mau ana ing duwur. Lah apa kaé sing diarani srengéngé? Saiki wong mau bisa namataké pandelengé nganggo mripaté déwé keprijé wudjudé sing diarani wong, sato-kéwan lan tetukulan, apadéné padaleman sutji, ringkesé kabèh kang gumelar ana ing ngalam donja iku katon sumeblak ana ing ngarepé. Wong mau banget enggoné kaébatan déning sesawangan sing tumama ana ing mripaté, lan atiné kebak kabungahan lan suka sokur marang Allah kang tanpa upama!

Bareng wis tita pandelengé marang wong-wong sing ana ing kiwa-tengené, wong sing mauné pitjak bandjur arep nggolèki wong sing mbetjiki awaké, sing swarané bisa gawé kepénaking atiné Nanging Gusti Jésus wis ora ana ing kono manèh.

Kotjapa wong mau ing sasuwéné nrtus nggolèki Gusti Jésus, bandjur kelakon diirid menjang ngarepé para ulama lan Farisi, kaja



„LUNGAA, RAUPA MENJANG BLUMBANG PADUSAN ING SILOAM.”



wong kang kena ing terka ana ing ngarepé pradata sing arep ngadili. Wong mau atiné tatag, ora ngandut kuwatir apa-apa, djalaran pantjèn ora rumangsa gawé luput, lan polatané katon gambira. Kosokbaliné para wong Farisi katon ndjenggureng, mripaté mantjere-ng, djalaran pada ora rena banget déné ana lelakon mengkono iku . . . Sapa ta wong iki? Apa kuwi sing dikandakaké wong pitjak lair mula? Ah, mokal jèn wong pitjak lair mula bisa mari pitjaké! Wong mau bandjur didedes-dedes keprijé kelakoné.

Wong mau bandjur matur apa anané, kaja sing wis ditjritakaké marang tangga-tanggané lan marang wong kang mauné pada weruh enggoné pepriman ing pinggir dalan, marang wong-wong sing setengah ora ngandel, djalaran nalika ésuké wong mau isih katon andon ndéprok pepriman, mangka saiki wis bisa mlaku menjang ngendi-endi lan awas pandelengé kaja salumrahé wong. Jèn para ulama lan Farisi pada kepéngin ngerti keprijé mulabukané bisa waras pitjaké, wong mau ora rumangsa kabotan njritakaké lelakoné, malah *sapa baé* sing gelem ngrungu tjritané, kena ngrungokaké.

Nanging para ulama mau pada ora ngandel, lan ora lega atiné, malah wekasané bandjur pada muring-muring lan pada udur-uduran rebut bener. Ana sawenèhé wong Farisi sing ngutjap mengkéné: „Wong iku mestiné baé Jésus, Rabbi saka Nasarèt. Wong iku tetep *dosané*, djalaran nindakaké pagawéan ing dina *Sabbat*. Jèn mengkono ora saka ing Allah asalé, awit ora netepi *Sabbat*.” Nanging ana wong lijané sing madoni, tembungé: „Wong kang nandang dosa keprijé jèn bisaa gawé pratanda kang kaja-mengkono iku?” Temahan para ulama pada dija-dinija.

Senadjan wong sing mauné pitjak wis bolabali matur apa sing mentas dialami nganggo diseksèni wong lija-lijané, éwadéné para ulama pada ora gelem ngandel, malah ngarani jèn wong mau mung gawé-gawé! Para ulama dasar pada ora gelem pratjaja marang mahakwasané Gusti Jésus. Bapa lan bijungé wong mau bandjur pada diundang menjang ngarepé para ulama sarta ditakoni: „Apa iki anakmu? Apa njata pitjak lair mula? Jèn mengkono keprijé déné saiki bisa ndeleng?” Wong loro mau enggoné pada ngadep ana ing ngarepé para ulama klawan wedi lan kuwatir, djalaran wis pada krungu gotèké wong akèh, jèn para ulama wis pada mupakat, saupama ana wong ngakoni Sang Kristus marang Gusti Jésus, iku bakal kasébrataké saka ing padaleman sutji, tegesé: wong mau dilarang mlebu ing padaleman sutji utawa ing mesdjid, dadi didjabakaké saka ing umaté Allah, dipadakaké karo wong kapir, . . . Wong loro mau mestiné

pada wedi marang para ulama sing kwasa matrapi paukuman, nanging pada ora ngélingi gedéning katresnané Gusti Jésus sing wis ditandukaké marang anaké. Aturé wong mau: „Kula sami ngakeni bilih punika anak kula lan bilih pitjak wiwit lair mila. Nanging kadospundi déné sapunika saged ningali, kula sami boten sumerep. Utawi sinten ingkang ngelèkaken mripatipun, kula inggih sami boten sumerep. Anak kula sampun diwasa, sampéjan dangu pijambak kadjengipun matur prakawis awakipun pijambak.” Sawisé pada matur mengkono mau, wong loro mau énggal-énggal pada mundur supaja adja ketjangking-tjangking ing prakarané anaké.

Para ulama pada durung marem atiné, isih golèk réka enggoné arep njatakaké sing dianggep kaélokan mau. Nanging sadjatiné enggoné pada mepeng pangungsedé mau kagawa saka sengité marang Gusti Jésus, pamurihé bisaa olèh bukti jèn Gusti Jésus iku mung guru tjulika, lan kaélokan sing ditindakaké iku mung apus-apusan utawa gawé-gawéné wong ngemis mau.

Wong sing mauné pitjak bandjur diundang manèh sarta ditakoni kaping pindoné lan dipituturi: „Kowé ngurmatana marang Allah. Matura ing sanjatané kowé mung gawé-gawé baé. Mungguh ta aku, wong kaé wus dakweruhi jèn wong dosa.”

Wong mau bandjur mangsuli, lan wangsulané mau nélakaké kamantepaning atiné lan panganggepé marang Gusti Jésus sing ora kena diowahi manèh, mengkéné: „Tijang punika punapa tijang dosa, kula boten sumerep. *Namung saprakawis ingkang kula sumerepi, waunipun kula pitjak, samangké saged ningali.*”

Supaja wong mau dadi bingung lan wedi, temah kliru wangsulané, bandjur didedes-dedes manèh, tembungé: „Kowé mau dikapakaké? Enggoné ngelèkaké mripatmu keprijé patrapé?”

Wong sing mauné pitjak mau satemené ora wegah njritakaké lelakoné, nanging saiki bareng weruh polatan lan pratingkahé para ulama sing katon pada ora rena atiné malah ija katon jèn pada ngendèm sengit marang nabi sing mbetjiki awaké, wong mau emoh ngandakaké apa-apa manèh. Wangsulané sengol: „Kula sampun matur dateng sampéjan, sampéjan teka boten mirengaken. Punapaa sampéjan badé mireng malih? Punapa sampéjan inggih badé dados muridipun?”

Dadi muridé? Para ulama, para pangarepé wong Jahudi, dadi muridé Jésus, guru nasar? Ora sudi! Wong mau bandjur dipisuhi entèk-entèkan, malah wekasané wong mau nganti disébrataké saka ing padaleman sutji.

Dadi wong mau kapatrapan paukuman sing abot dewé tumrapé wong Jahudi. Jèn wong

mau dilarang mlebu ing padaleman sutji, iku ateges jèn wong mau ija kasébrataké saka ing ngarsané Allah; kaanané ora béda karo wong kapid, wong sing pada kena ing laknat.

Wong sing mauné pitjak bandjur lunga metu saka ing kono; atiné sing lagi baé bisa ngrasakaké kabungahan, wiwit ketaman ing sedih manèh. Nanging wong mau aluwung ngrasakaké sedih djalaran kasébrataké, katimbang karo ngrudjuki para Farisi ngala-ala marang wong sing wis diseksèni djumeneng nabi temenan... O, aluwung disébrataké!

Wong sing mauné pitjak saiki dadi wong buwangan, wong tampikan. Sapa sing gelem tjanduk lawung karo déwèké? Upama ana sing gelem, mestiné rak wedi lan éring karo para imam lan para ulama! Nalika isih pitjak, akèh sing pada welas marang awaké, nanging saiki bareng wis bisa ndeleng, sapa sing welas lan sudi karo wong tampikan?

Gusti Jésus ija mijarsa jèn wong mau wis disébrataké, mulané bandjur dipanggih. Gusti Jésus iku tansah madosi wong sing kaja mengkono, sing disébrataké sanak seduluré, sing katjringkangan lan dikaniaja. Bareng wong mau wis kepanggih, bandjur dipangandikani: „Kowé apa pratjaja marang Putrané Allah?” Wong mau bandjur njawang marang Gusti Jésus, awit durung tau weruh wongé, nanging ora pangling swarané. Atiné wong mau bungah banget, déné saiki bisa adu-arep karo wong sing diseksèni djumeneng nabi, sing wis ngelèkaké mripaté. Saiki bisa ngaturaké panuwun sokur déné wis diparingi bisa ndeleng gebjaring pepadang.

Sarèhné didangu, wong mau bandjur mangsuli: „Sinten punika, Gusti, ingkang sinebut Putranipun Allah? Menawi Tuwan pirsas, kawula mugi Tuwan paringi sumerep, supados kawula pitadosa dumateng Pandjenenganipun. Awit punapa ingkang Tuwan dawuhaken, punika mesti njata.”

Gusti Jésus ngandika manèh: „Pandjenengané wus kodeleng, ija kang lagi sapotjapan karo kowé, iku Pandjenengané!”

Wong mau bandjur njatitèkaké panjawangé marang Gusti Jésus; dadi sing mitulungi awaké iku Sang Mesih pijambak, ija kang djumeneng Putrané Allah! Énggal-énggal wong mau bandjur sudjud ana ing ngarsané Gusti Jésus sarta mundjuk: „Kawula pitados, Gusti!” Wong mau ora bisa mundjuk manèh-manèh, kedjaba mung sudjud lan ngabekti ing sampéjané Gusti Jésus. Wong mau rumangsa olèh kanugrahan gedé banget, nalika lair ing ngalam donja ora bisa weruh apa-apa, nanging saiki bareng wis diparingi bisa ndeleng malah bisa njawang Sang Mesih, ija Sang Djuru Slamet!

WIWITANÉ wong mau diutus menjang ing blumbang padusan Siloam, perluné kanggo ndadar pangandelé — pada kaja patrapé nabi Élisak ndawuhi Naaman wong Aram supaja adus ing kali Jardèn

Saiki wis ketitik jèn wong sing pitjak lair mula mau duwé pangandel. Mripaté bandjur bisa ndeleng pepadang sing kasat mripat waḍag. Sawisé mengkono, wong mau bandjur dipanggih Gusti Jésus manèh, arep diparingi kang luwih adji lan luwih mulja katimbang samubarang kang kena dideleng nganggo mripat. Wong sing disébrataké mau, saiki diparingi bisa ngandel lan pratjaja marang Sang Djuru Panebus, kang kwasa ngluwari saka pamisésaning dosa. Peparang iku ngungkuli adjiné pepadang kang *tumrap ing mripaté*, djalaran kang diparingaké iku pepadang *tumrap ing djiwané*. Nalika iku Gusti Jésus pijambak ngandika: „Aku dadi pepadangé djagad!”

SAIKI wong mau wis ora perduli apa para ulama, para imam lan wong Farisi pada nesu lan misuh-misuh, lan ija ora dadi baja jèn mung disébrataké saka ing padaleman sutji

Djalaran swarga wis *binuka* kanggo awaké!

PANGON KANG UTAMA

WAJAH ésuk umun-umun ing tengah ara-ara. Ana ing papan sing padang ngilak-ilak ing ara-ara djembar ana kandang weḍus. Sing diarani kandang weḍus ing kéné iku ora pada karo prandjèn utawa omah-omahan kanggo ngingu kéwan, nanging panggonan djembar sing dipageri mubeng nganggo pager watu, diwènèhi lawang sidji. Kandang weḍus mau kanggoné mung ing wajah bengi; ing wajah soré saulihé saka ing pangonan, pepantán weḍus digiring mlebu ing kandang; lawangé dikantjing rapet. Lan sawengi muput para pangon genti-genti pada tugur ing kono.

Ing wajah ésuk lawangé wis dibukak, pangoné ngadeg ing lawang karo ngundangi weḍusé manut arané déwé-déwé, bandjur digiring metu menjang ing ara-ara djembar, ing panggonan sing akèh suketé idjo rijo-rijo. Pangoné lumaku ing ngarep, lan weḍusé pada ngetut-buri, marga pada wanuh swarané. Pangon kang utama *nganti* lakuné weḍus-weḍusé, weruh ing ngendi dunungé papan kang murah suket; jèn wis wareg enggoné pada njenggut, weḍusé bandjur lon-lonan digiring menjang banju ing panggonan kang tentrem, pada diplégungaké ing panggonan kang ajom lan édum. Pangon kang utama

ora tau ninggal weḍusé. Sing dadi gegamané pangon iku teken lan bandil. Jèn ana weḍusé sing misah saka ing pepantán, bandjur énggal disawat nganggo bandil, supaja bali manèh ana ing pepantán. Tekené sing gedé lan dawa kena dienggo nanggulangi kéwan galak sing wani neba ing tengah pepantán, ora pilih-pilih kéwané: asu adjag, bruwang utawa singa. Pangon kang utama iku wani ngetohaké njawané nglabuhi weḍusé . . . !

Jèn wis wajah soré, pepantáné weḍusé bandjur digiring menjang ing kandang. Jèn dalané rekasa lan adoh, tjempé sing durung kuwat mlaku déwé, dipanggul utawa dibopong. Bareng wis tekan ing ngarep lawang, pangon mau bandjur nelungaké tekené, weḍusé baka sidji dikon mbrobos sangisoré tekené, dilebokaké ing kandang karo diwilang. Jèn ana weḍus sing tatu awaké marga kerèndèt-rèndèt ing eri utawa ketjotjog ing parang tjuri, tatuné bandjur dikopoh nganggo lenga supaja ilang perihé. Lan jèn ana weḍus sing ketriwal, senadjan munga sidji, atiné pangon wis ngandut seḍih lan kuwatir: pepantaning weḍusé bandjur ditinggal, perlu nggolèki sing ketriwal nganti saketemuné, ora ngétung sajah lan rekasa; rerungkudan lan gegrumbulan kebak eri lan bonḍot disasak, djurang tjerung dieḍuni, weḍus sing ketriwal kudu nganti ketemu. Lan jèn wis ketemu, bandjur dipanggul klawan bungah. Saulihé bandjur nglumpukaké prasanakan lan tangga teponé, paḍa dituturi mengkéné: „Paḍa gujubana enggonku bungah-bungah, marga weḍusku kang ketriwal saiki wis ketemu!” Mengkono pangrumaté pangon kang utama marang weḍus ngononané.

GUSTI Jésus pijambak wis naté ngandika: „Aku iki djuru pangon kang utama. Djuru pangon kang utama iku ngetohaké njawané nglabuhi para weḍus.”

Wong-wong sing paḍa ngrungu pangandika mengkono mau wis paḍa njandak tegesé: Gusti Jésus iku djuru pangon kang utama, déné pepantán weḍus sing dadi ngon-ngonané iku para muridé sing tansah ndèrèkaké tindaké lan mung tansah ngarep-arep pitulungan saka Pandjenengané, kajadéné weḍus-weḍus sing mung tansah ndjagakaké pitulungané pangoné. Pandjenengané kang tansah ngreksa marang para muridé lan para wong sing paḍa pratjaja marang Pandjenengané, ing sawajah-wajah, rina lan wengi. Pandjenengané kang maringi katentreman ana ing atiné. Pandjenengané kang bakal nanggulangi mungsuh sinekti, jaiku Iblis sing tansah arep gawé tjilakané manusa. Pandjenengané kang bakal nglari nganti saketemuné samangsa ana kang ketriwal utawa kesasar lakuné, temah njing-

kur marang Allah lan ndarung uripé sadjero-ning dosa, kaja patrapé pangon kang nggolèki weḍusé samangsa ketriwal Lan keprijé samangsa wis ketemu? Ing omahé pangon mau ana kabungahan gedé. Mengkono uga ing swarga, ana ing ngarsané Allah, ija ana kabungahan. Pangandikané Gusti Jésus: „Aku pitutur ing kowé: Kaja mengkono uga ing swarga bakal ana kabungahan tumrap wong dosa sidji kang mratobat”

SIH katresnané Sang Djuru Slamet marang manusa iku tanpa upama gedéné. Dawuhé: „Aku iki djuru pangon kang utama.” Dawuh mau wis tjéta lan gamblang, kabèh wong wis paḍa ngerti. Nanging Pandjenengané isih ngandika: „Pangon kang utama iku ngetohaké njawané nglabuhi weḍusé!”

Apa ta kersané ngandika mengkono iku? Para murid lan wong-wong lijané paḍa durung bisa njandak tegesé.

Apa kira-kira Gusti Jésus bakal sida ngalami séda? Ngetohaké njawané nglabuhi para kagungané? Apa ta gunané?

Rak luwih pantes jèn Pandjenengané djumeneng Ratu, agung binatara lan sekti mandraguna, ngerèhaké sadjagad rat. Mengkono iku rak luwih betjik katimbang séda!

WONG-WONG mau pantjèn paḍa durung bisa njandak sing dadi kersané Gusti Jésus! Saiki durung!

ANAK KANG MBLASAR

ANA wong duwé anak lanang loro. Pangrengkuhé marang anaké sing tuwa lan sing nom ora dibédakaké, karoné paḍa ditresnani banget. Botjah loro mau tansah ketjukupan ing sakabutuhané kabèh, djalaran wong tuwané klebu wong sugih lan kadjèn kéringan.

Anak sing nom duwé watak bosenan lan bjang-bjangan. Atiné seḍih djalaran terus manggon ing omah, saben dina paḍa baé, sing dipangan, sing disandang, senadjan ora kekurangan, nanging suwé-suwé mboseni, mangka ing sadjabaning omahé lan wilajahé désané djagad isih djembar gumelar mamèraké kaéndahané. Atiné wis suwé gandrung-gandrung kegèndèng menjang djagading karaméan.

Ing sawidjining dina anak sing nom matur marang bapakné: „Rama, kula mugi sampéjan paringi panduman radjadarbé bebahan kula, djalaran baḍé kula anggé kekésahan ndjadjah negari. Kula sampun boten kraos terus manggèn ing grija kémawon. Kula mugi



„BURUHÉ BAPAKKU PIRANG-PIRANG PADA DUWÉ PANGAN KONGSI MUBRA-MUBRU, MANGKA AKU IKI TEKA TIWAS DÉNING KALIREN ANA ING KÉNÉ.”

sampéjan lilani ngindakaken seserepan lan ndjembaraken pengalaman.”

Bapakné bandjur mandum barang darbèké marang anaké karo pisan, nanging satemené atiné banget trenjuhé ngrasakaké anaké sing nom. Généja anaké mau nganti téga ninggal bapakné; apa ora duwé katresnan marang wong tuwané? Apa botjah mau durung ngerti jèn djagad sing djembar iku kebak bebaja mantjawarna?

Anak sing nom mau bareng wis dipandumi bubuhané warisan, bandjur lega atiné, djalaran saiki bakal bisa ketekan apa sing wis suwé dadi idam-idamané. Ora antara suwé wong nonoman mau bandjur ngringkes sabarang darbèké kabèh, bandjur budal saka ing dalemé bapakné lelungan menjang ing tanah adoh. Kasusahané bapakné sing rumangsa kélangan anak wis ora dipikir babar pisan, sing digagas mung senengé atiné déwé, djalaran bakal bisa ketutupan sakakarepané. Wah, saiba senengé bisa urip merdika, ora ana sing ngarubiru kakarepané, mangka ora perlu rekasa njambutgawé, djalaran wis ketunggon sandang pangan lan radjabrana mubra-mubru. Wah, saiba senengé!

Dadiné wong nonoman mau sida ninggal balé-omahé wong tuwané lan saduluré, lunga menjang ing negara adoh, lan sabarang dar-

bèké pawèwèhé wong tuwané digawani kabèh. Saduluré lanang kari nunggoni bapakné sing wis tuwa. Wataké ora bjang-bjangan kaja adiné, luwih seneng manggon ana ing omah katimbang karo nglembara ing saparan-paran, ora gampang kepèntjut déning karaméaning donja. Atiné ajem baé ditinggal lunga adiné, djalaran wis ora kena dipirmakaké utawa ditjandhet kakarepané. Nanging jèn ana bot-répot utawa apesé sasuwéné ana ing paran, iku bonggané déwé; jen leginé wis dirasakaké, paité ija adja dilepèh! Mengkono gagasané anak sing tuwa ing atasé adiné. Apa ta perluné mrihatinaké begdja-tjilakané wong lija? Rak luwih betjik ngénak-énak ana ngomah nunggoni banda tinggalané wong tuwa! Nanging satemené dasaring atiné ora kadunungan katresnan marang adiné, awit sing ditresnani iku mung awaké déwé!

Kosokbaliné bapakné, kembang-kembang eluhé nalika ngingetaké anaké budal saka ing omahé. Atiné kebak prihatin ngrasakaké, keprijé bakal kadadéjané mengko ana ing paran. O, muga-muga ginandjara slamet ing salaku-lakuné. Pangutjapé: „O, nggèr anakku, aku ora bakal lali ndongakaké kowé!” Semono gedéning katresnané wong tuwa marang anaké!

KOTJAPA satekané ing nega a mantja, wong nonoman mau bandjur énggal ngetjakaké rantjanganing atiné, ngudja kakarepané. Saiki sapa sing arep ngalang-alangi? Wong tuwa lan saduluré, apadéné mitra karuhé sing lawas wis ora kotjap babar pisan. Djagad lan sakaéndahané kabèh gumelar ana ing ngarepé, éstané lumadi ing sakédah-sakérahé! Tangané mung kari kumlawé, mripaté mung kari kumedèp, sagrendjeting atiné bisa ketekan kabèh! Bawané wong isih enom, tur ketunggon ing banda akèh, uripé ing sadina-dina prasasat tjetjiblon ana ing kasenangan, Dajané banda bisa nekakaké mitra, mulané wong nonoman mau, senadjan wong mantja, éwadéné sadéla baé wis rinubung sinuba-suba déning mitra pirang-pirang lanang lan wadon. Saben dina, wiwit bjar nganti rep lan wiwit rep nganti bjar manèh, ing omahé ora kèdat ana bodjana andrawina, gilir gumanti sing pada teka: pasugatané mbanju mili, inum-inuman anggur prasasat mbludag tanpa ana pedoté. Saiki ngarah apa manèh atiné, kabèh kakarepané wis ketutugan!

Wong nonoman mau saben dinané mung ngemataké enggoné mangun kasukan, ora tau njambutgawé utawa nglakoni panggaotan lijané. Apa ta perluné njambutgawé jèn sing disandang lan dipangan wis turah-turah? Bandané diebrèh-ebrèh kagawé ngudja kakarepané; wetuning duwité prasasat sumentoring banju padasan. Mulané ora nganti sepira lawasé ana ing tanah mantja kono, radja darbèké wong nonoman mau wis daðal, djalaran ora tau diedjogi. Laruding kasugihané ija ndjalari njenjeting omahé, awit pawong mitra sing mauné ora tau towong teka among suka, saiki wis ora tau ngaton manèh.

Senadjan saiki tumiba ing kamlaratan, wong nonoman mau isih duwé pangareparep olèh pitulungané pawong mitrané . . . Nanging iba gelaning atiné, ora ana wong sidji baé sing gelem nulungi! Nalika isih ketunggon ing banda, wong nonoman mau disuba-suba lan diempèk-empèk, nanging bareng wis entèk bandané, malah mung diwewada lan dipojoki!

Saiki wong nonoman mau rumangsa kepèpèt, wuwuh-wuwuh nalika barang-barang ing omahé wis entèk kabèh, ing tanah kono kambah ing pailan kang banget temah wong mau nganti nandang ketjingkrangan. Saking bangeté enggoné kepèpèt ing butuh, wong mau bandjur kelakon ngèngèr marang sawidjining wong tani, diwènèhi pagawéan angon babi menjang pategalané. Wong nonoman sing tekané ing tanah kono katon bagus kesembuh ing busana adi, sinuba-suba déning

wong nonoman pepadané, saiki mung katon kaja kéré, pating srempal sandangané, ilang kabagusané kesasaban ing kokot-bolot, adoh saka pawong mitrané, nanging saben dina mung rinubung ing babi lan gendjik. Semono wong nonoman mau enggoné keplorod dra-djaté.

Jèn weruh babi-babiné pada dibruki pakan, wong mau mendèkel atiné, djalaran kepéngin maregi wetengé nganggo pakaning babi, nanging ora ana sing mènèhi. Saking bange-ting luwéné, wong mau sok ngrebut pakané babi, mung waton wetengé ana isiné pangan.

Kotjapa ing sawidjining dina wong nonoman mau pinudju nunggoni babiné ana ing pategalan. Awaké sajah lan luwé, sandangané wis ora arupa sandangan, pating srempal ora ana sing wutuh, apamanèh atiné prasasat adjur katempuh ing prihatin. Ing kono ing sate- ngahing panggonan sing djembeg lan djember wong mau bandjur kélingan marang kanikma- taning urip ana ing omahé wong tuwané bijèn, sandang pangan ora tau kurang, batur lanang wadon pirang-pirang, mangka saiki awaké ana ing tanah mantja mung dadi baturé wong lija! Katon gawang-gawangan tjeta ana ing batiné, nalika bapakné dipamiti ora bisa ngutjap apa-apa, nanging mung katja-katja mripaté déning sedih. Suwé-suwé wong mau bandjur kelair ngutjapaké rasaning atiné: „Buruhé bapakku pirang-pirang pada duwé pangan kongsi mubra-mubru, mangka aku iki teka tiwas déning kaliren ana ing kéné. Aku dakngadeg bandjur mangkat, nemoni bapakku sarta matur: Duh rama, kula sampun nglampahi dosa dumateng swarga tuwin wonten ing ngarsa sampéjan. Kula sampun boten pantes kawestanana putra sampéjan, mugé karengkuha kados berah sampéjan.”

Wong nonoman mau saiki wis tobat, wis ngrumangsani pamblasaré . . . wis golong pikiré arep ngakoni kaluputané ana ing ngarepé bapakné. O, muga-muga bapakné rentaha welasé lan ngapura kaluputané. Atiné sing mauné peteng bjar dadi paðang, djalaran tuwuh pangarep-arepé mentas saka ing kasang- saran lan ngrasakaké urip sing rada kepénak. Djagad ing tanah mantja sing bijèn katoné éndah gawé kepéntjuting atiné, saiki malih dadi bladeraning sangsara. Saiki wis ora ana papan panggonan lijané manèh sing bisa nengsemaké atiné kedjaba mung omahé bapakné kang ambek welasan. Ana ing tanah mantja awaké diwewada lan dipojoki, apa- déné disija-sija, nanging ana ing omahé bapak- né, senadjan mauné mblasar lakuné, éwase- mono mesti bakal olèh kawelasan. Awit atiné isih duwé kajakinan, jèn bapakné ora bakal owah-owah katresnané. Ing kono anak sing

mblasar bandjur ngadeg njat, awaké sing wis lemes lan lungkrah dikuwat-kuwataké, mlaku mulih marani omahé bapakné. Saiki wis ora bisa muni arep mulih menjang omahé déwé, awit iku wis dudu omahé, lan marga saka pamblesaré, awaké ora pantes kasebut putrané bapakné, djalaran wis kélangan hak lan wewenangé marga saka luputé déwé. Pangarep-arepé mung muga-muga bisaa' ketampian dadi batur, senadjana mung batur sing asor déwé, awit sing digajuh ora lija mung bisaa ngajom ana ing pangaubané bapakné.

Lakuné saiki wis tjeḍak. Saka kadohan omahé bapakné wis katon putih ketap-ketap kajakaja mbagèkaké tekané Nanging sapa sing isih kélingan jèn sing saiki katon kaja kéré iku putrané sing kagungan dalem, wong anom tur bagus kesembuh ing busana adi, sing bijèn buḍal saka ing kono arep lelana menjang ing negara mantja? Wong ing saomah kono mestiné paḍa pangling kabèh.

Nanging ora kabèh. Mung sidji sing ora pangling! Bapakné déwé! Senadjana bebasan bisa mantjala putra mantjala putri, bapakné mesti ora bakal pangling. Djalaran sasuwéné ditinggal lunga anaké, bapak mau saben dina tansah nganti-anti baliné anaké; saben dina ora towong lenggah ana ing pendapa ngarep terus ngawasaké ing dalan mbokmenawa anaké katon bali Kabeneran, nalika wong nonoman mau mulih, bapakné lagi ngawasaké ing dalan kaja adaté, bareng weruh saka kadohan jèn sing teka iku anaké déwé sing wis lawas dianti-anti, bandjur atiné banget trenjuh déning welas. Tumuli diplajoni, karangkul guluné lan diambungi! Anaké bandjur matur: „Duh rama, kula sampun nglampahi dosa ḍateng swarga tuwin wonten ing ngarsa sampéjan, kula sampun boten pantes kawestanana putra sampéjan.” Nanging aturé sing akèh-akèh mau kaja-kaja ora dirungu, tangané dikanti diadjak mlebu ing omah. Bapakné bandjur préntah marang batur-baturé: „Dikebat djupukna djabah kang adi déwé, nuli anggokna; nuli ing dridjiné anggonana ali-ali, sarta sikilé anggonana trumpah. Apamanèh peḍèt kang lemon parakna, kasembelèha. Pajo paḍa mangan lan sukan-sukan, awit anakku iki wis mati, urip manèh; wis ilang, ketemu.” Semono gedéning katresnané bapak marang anaké.

KOTJAPA nalika semono anaké lanang kang tuwa, mulih saka ing pategalan. Bareng tekan ing ngarep omah, bandjur ngrungu swarané gamelan lan sabawané wong sesendonan, mangka adaté ing omah kono sepi njenjet kaja omah suwung. Tumuli ngundang batur sidji, ditakoni: „Kaé ana gawé

apa?” Aturé batur mau: „Punika raji sampéjan ḍateng; déné rama djengandika sampun ḍawuh mragat pedètipun ingkang leman, awit kepanggih malih kalijan ingkang putra sami wiludjeng.” Ing kono anak kang tuwa bandjur nepsu, ora gelem mlebu. Atiné ora trima, déné wong paḍa bungah-bungah lan nganakaké karaméan marga saka mulihé adiné. Apa wis pantes, jèn botjah sing mblasar, sing ngebrèh-ebèh barang darbèké, sing mblunṭah uripé, ditampian manèh, malah disuba-suba nganggo unining gamelan lan karaméan? Atiné mangkel banget, mulané ora gelem mlebu, ora gelem mèlu bungah-bungah karo wong lija-lijané ing omah. Atiné ora bisa ngapura adiné enggoné mblasar lakuné, awit miturut panganggepé, adiné mau pantes jèn nampanana paukuman kang abot murwat karo dosané.

Bapakné bareng ngrungu kang mengkono iku, bandjur metu ngrerepa. Nanging anaké meksa ora gelem mlebu. Mulané kelakon, anak sing mblasar lakuné, bareng ngeduwungi pamblesaré lan njuwun pangapura, bisa mèlu mlebu ing omah lan ngrasakaké kabungahan, lan kosokbaliné anak sing rumangsa mbangunturut lan betjik lakuné, kari ana ing djaba.

GUSTI Jésus ndawuhaké pasemon iki marang wong akèh, supaja paḍa ngertia jèn ing swarga ana ing ngarsané Allah lan para malaékaté bakal ana kabungahan gedé tumrap wong dosa sidji kang mratobat. Menawa katresnané bapa kadonjan semono gedéné, méndahané manèh katresnané Allah Sang Rama kang ana ing swarga! Nanging sapa sing adigang, adigung, adiguna, sing nganggep awaké déwé luwih betjik, luwih mursid katimbang wong lijané, lan atiné sepi ing katresnan, wong mau bakal didjabakaké saka ing swarga adoh saka ing kabungahan lan karaméan. Lan wekasané wong sing mengkono iku bakal dadi paḍa kaja anak sing mblasar!

PASEMON WONG SUGIH LAN LASARUS

IBA begdjané wong sing sugih tur ginandjar waras awaké! Nanging iba tjilakané wong sing mlarat, mangka awaké nandang lelara!

Kasugihan lan kawarasan iku ora langgeng, mengkono uga kamlaratan lan lelara iku ija ana wusanané.

Djalaran jèn wis tumeka ing adjalé, bandjur?

WIS lumrah wong sing uripé sarwa kepénak, disebut: *begdja*. Nanging sing

uripé tansah nandang kamlaratan lan katjingkrangan, disebut: *tjilaka*. Sing dienggo paotkan nemtokaké begdja lan *tjilaka* iku mung prakara kadonjan; nanging prakara kaswargan lan djaman achérat iku ora klebu ing gagasaning wong. Mulané Gusti Jésus kepareng maringi pasemon minangka piwulang, supaja manusa iku adja mung nggagas bab kang kadonjan baé, nanging ija mikira bab kang bakal kelakon ing djaman achérat. Gusti Jésus bandjur ndawuhaké pasemon bab wong sugih lan Lasarus.

KATJARITA ana wong sugih singgih, ora kurang sawidji apa, malah uripé bisa mubra-mubru. Panganggoné tenunan wungu lan mori alus, ora béda karo pangagemané ratu. Omahé gedé lan apik, pendapané kaja bangsal kraton nganggo direngga-rengga rerenggan èdi pèni. Sadina-dina awan lan bengi wong sugih mau karo pawong mitrané pada mangun sukan-sukan sarwa mubjar. Suguhan deda-haran lan undjuk-undjukan mbanju mili wetuné, kaladèkaké abdi lanang lan wadon pirang-pirang. Jèn disawang uripé kaja-kaja mung mudjudaké kasenangan lan kalubèran, tanpa ana blentongé setitik-titika sing bisa gawé sudaning kabungahan. Kaja-kaja sakèhing kanikmataning ngaurip wis ditumplak ana ing kono!

Lan . . . ana ing ngarepé regolé wong sugih mau ana kéré, djenengé Lasarus, ngglungsar ana ing lemah, mangka awaké sakodjur korèng. Saben dina wong mau ora tau mingser saka ing panggonané, karo ngarep-arep bokmenawa ana wong gelem nguntjali lorodan pangan saka ing médjané wong sugih, supaja adja kebangeten enggoné nandang luwé. Nanging sing gelem nekani wong mau mung asu sing pada ndilati koréngé. Mengkono uripé Lasarus tansah ngalami sing ora kepénak, jèn awan ngrasakaké panas déning soroting srengéngé, jèn bengi adèm kasilirang angin, mangka awaké rasané pegel perih kebak korèng. Jèn disawang uripé kaja-kaja mung mudjudaké panandang lan kasangsaran, prasasat kungkum ana ing kedung kamlaratan lan katjingkrangan, dianggep ina-papa déning pepadaning tumitah.

KAANANÉ djagad tansah gilir gumanti, mengkono uga tumrapé wong sugih sing tjetjiblon ana ing kanikmataning ngaurip, ora béda tumrapé Lasarus sing klelep ana ing kedung kamlaratan lan katjingkrangan. Urip ana ing djagad iku ora tanpa wangenan. Katjarita ing sawidjining dina Lasarus mati . . . sanak sedulur utawa waris ora duwé, dadi ora ana sing ngrasa sedih kélangan Lasarus. Bareng wis dikubur, djenengé wis ora tau

kotjap manèh, kaja-kaja katut kapendem bareng karo badan wadagé. Nanging mungguh njawané ora mengkono nasibé. Para malaékat pada tumurun saka ing swarga, nambut njawané Lasarus diarak nganti tekan ing pangkoné Abraham, suminggah saka ing djagad lembahing kasangsaran, sumengka ing ngaluhur menjang kamuljaning swarga. Mengkono gilir gumantining kaanan. Lasarus sing mauné nandang sangsara diparengaké ngrasakaké kamuljan lan kabungahan . . . Iku apa marga saka enggoné nandang kamlaratan lan kasangsaran? Ora, ora marga saka iku! Ora angger wong mlarat, lan ora angger wong *tjilaka* uripé ana ing donja, jèn wis mati, disambut njawané déning para malaékaté Allah. Enggoné Lasarus bisa olèh kanugrahan semono gedéné iku marga saka pangabektiné Lasarus marang Allah, senadjan uripé digandjar nandang ora kepénak.

Lasarus, djeneng sing nélakaké kabatinané wong sing nganggo djeneng mau, tegesé: „Allah iku pitulunganku.”

ING nalika semono wong sing sugih mau ija mati. Wong sing pada nglajat tanpa wilangan tjatjahé. Ramé swarané wong sing nganakaké patangisan. Djenengé dadi utjap-utjapané wong sanegara. Saben wong ngrasani kasugihané. Nanging satemené ora saben wong. Para malaékat ing swarga ora ana sing ngutjap ngrasani wong sugih mau.

Nalika lajoné digawa menjang pakuburan, sing pada nguntapaké lajon lakuné ndilir ing dalan dadi arak-arakan gedé, lan panguburé nganggo pakurmatan kaja ratu.

Nanging njawané wong sugih mau diblasaké menjang ing naraka, menjang ing panggonaning paukuman langgeng. Mengkono gilir gumantining kaanan. Saka ing papaning kanikmatan ngalih ing papaning kasusahan . . . Apa iku marga saka kasugihané? Ora, ora marga saka kasugihané! Ora angger wong sing sugih, ora angger wong sing bisa ngrasakaké kabegdjaning ngaurip, bakal katjemplungaké ing naraka. Nanging wong sing sugih mau ing sadjeroné kabungahané ora tau éling lan ngabekti marang Allah. Nalika isih urip, sing dipikir mung radjabrana kadonjan, nanging saiki ora ana bareng darbèké sidji baé sing bisa gawé senenging atiné. Wong sing mauné sugih saiki kudu ngalami dadi mlarat!

Kotjapa nalika wong sugih mau ngelèkaké mripaté ana ing teleng palimengan, gumlinting ngrasakaké lara marga kasiksa awaké, ngrasakaké panasé geni murub sing ora bakal kasirep ing salawas-lawasé, ing kono wong bandjur tumenga menduwur, lan saka kadohan katon panggonan pinaraké Abraham ana

ing kamuljan, mangka Lasarus ija ana ing kono Wong mau bandjar nguwuh-uwuh, aturé: „Duh rama Abraham, kula mugi sampéjan welasi. Lasarus mugi sampéjan utus njelupaken ing toja putjuking dridjinipun, kadamel ngasrepaken ilat kula, awit kula nandang sangsara wonten ing latu punika.” Nanging Abraham ngandika: „Enggèr, élinga jèn kowé iku wus tanpa panduman kabeg-djanmu salawasé urip, mengkono uga Lasarus tanpa panduman tjilaka. Ing samengko Lasarus kalipur, kowé nandang sangsara Lan apa sing kosuwun ora bakal bisa kaleksanan, djalaran ing antarané aku lan kowé dijasani lowahan djembar, supaja wong ing kéné kang arep mlangkah menjang enggonmu, iku adja kongsi bisa, lan ing kono ija adja ana kang mlangkah menjang enggonku.” Aturé wong mau: „Menawi mekaten, duh rama, panjuwun kula, mugi Lasarus sampéjan utus dateng grijanipun bapa kula, awit kula gadah sedèrèk gangsal, punika supados sami kaengetna, sampun ngantos sami dawah ugi ing panggènan pamesijasat ngriki.” Pangan-dikané Abraham: „Sedulurmu wis pada ngerti, jèn wong sing uripé ana ing donja tanpa Allah, iku wekasané bakal nemahi sangsara. Sedulurmu wis nduwèni Kitab Musa lan para Nabi, ija iku kang dirungokna Menawa pada ora ngrungokaké dawuhé Musa lan para Nabi, ija mesti ora kena dipitutori, senadyan anaa wong kang tangi saka ing antarané wong mati.” Dadiné Lasarus tetep manggon ana ing papaning kamuljan kang langgeng, lan kosokbaliné wong sugih sing sadjatiné mlarat, tetep manggon ana ing panggonaning pamesijasat kang tanpa kandat.

TJARITA ing duwur iki mung wujud pasemon. Gusti Jésus mulangi wong golongan sarana pasemon mau, supaja pada ngertia, jèn wong urip iku pada kuwajiban mikiraké lan ngupaja prakara kang ana ing duwur, jaiku ing swarga, adja mung ketungkul ngudi kang ana ing djagad.

IBA begdjané wong sing sugih tur ginandjar waras awaké! Nanging iba tjilakané wong sing mlarat, mangka awaké nandang lelara! Nanging Kasugihan lan kawarasan ora langgeng. Kamlaratan lan lelara ija ana pungkasané. Kang mungkasi sakèhing urip iku pati! Sawisé mati, bandjur?

NDEDONGA

ANA manèh pangandikané Gusti Jésus marang para sekabaté, kadapur pasemon, wosé supaja tansah pada ndedongaa, adja kongsi semplah.

Katjarita ing sawidjining negara ana hakim kang ora wedi ing Allah. Hakim mau enggoné nindakaké kaadilan ora samestiné. Jèn sing teka njuwun pangadilan iku wong sugih lan nggawa reruba akèh, hakim mau bandjur énggal tumandang ngrampungni prakarané, ora ndadak diendé-endé. Nanging jèn sing teka mau wong mlarat, dadi mestiné ija ora nggawa reruba, prakarané mesti diendé-endé nganti suwé, ora tumuli dirampungni. Hakim mau dadiné kawentar dadi hakim sing ora djudjur.

Ing negara mau ija ana ranđa mlarat duwé prakara. Ranđa mau wis bola-bali séba marang hakim, sarta aturé adjeg mengkéné: „Kula mugi sampéjan angsalaken adil dateng lawan kula paben.” Senadjan wis tjeta jèn ranđa mau perlu banget dipitulungi, lan wong lawanané kudu dipatrapi paukuman, éwadéné hakim mau ora gelem nindakaké kuwadjibané awit kangèlané bakal ora ana pituwase. Ing wiwitané aturé ora dirèwès, nanging wong wadon mau saben dina teka ngadep ing ngarsané hakim, ana ing gedong pangadilan, ana ing omahé, malah jèn kepetuk ana ing dalan, ngambali panjuwunané kaja aturé sing disik. Wusanané hakim mau bandjur duwé osik mengkéné: „Senadjan aku ora wedi ing Allah lan ora maèlu ing wong, éwadéné sarèhné ranđa iki tansah ngrerubedi aku, betjik dakolèhné adil baé. supaja adja pidjer teka baé lan ngrubedi aku.”

Ranđa mau bandjur ditimbali bareng karo lawanané padu, lan prakarané diadili. Sarana pasemon mau Gusti Jésus maringi piwulang marang para sekabaté lan murid lija-lijané, supaja pada mbateka ing pandonga, adja nganti semplah Hakim mau kalebu wong sing ala wataké, éwadéné gelem minangkani panjuwuné ranđa mlarat, luwih manèh Gusti Allah, Rama kaswargan, jèn oraa maringi adil marang para pepilihané, kang pada sesambat marang Pandjenengané!

Pandonga iku ora sanalika didjurungi! Ing semu Gusti Allah asring ora midangetaké pasambat lan pandonga. Kajadéné wong tuwa sok njabaraké pandjaluké anaké, awit diawas luwih prajoga tinemuné tumrapping anaké, mengkono uga Rama kaswargan ija asring njabaraké panjuwuné para kagungané. Nanging Allah mesti midanget apa sing diundjukaké ana ing pandonga, malah Pandjenengané ija wis mirsa sakèhing karépotané sadurungé disuwun Mulané wadjibé manusa iku njenjuwun lan ndedonga tanpa towong, ing wusanané panjuwuné mesti bakal kadjurungan, kajadéné ranđa mau ija kadjurungan panjuwuné marga ora kandat-kandat enggoné ngrerubedi hakim sing sawenang-wenang iku.

SIH ana manèh tjarita pasemon sing dipangandikakaké Gusti Jésus minangka piwulang marang wong akèh mungguh keprijé tjarané enggoné pada ndedonga.

Ana wong loro pada munggah menjang padaleman sutji arep sembahjang. Kang sidji Farisi, sidjiné *djuru mupu béja*.

Wong Farisi mau mlebu ing padaleman sutji kéték nglagak olèhé mlaku. Sapa-sapa sing weruh, mesti ngarani, jèn wong sing arep sembahjang iku wong sing ngibadah, sing netepi angger-angger lan saraking agama. Wong mau ndjudjug panggonan sing adakan, supaya gampang kaweruhan ing wong akèh. Saburiné wong Farisi mau ana wong lijané sing mèlu mlebu ing padaleman sutji, wong sing ora bisa mamèraké kamursidané kajadéné wong Farisi, djalaran mung djuru mupu béja, wong sing wis dilunaké wong dosa. Jèn wong Farisi mlebu ing padaleman sutji iku wis samestiné, djalaran wong mursid lan resik lakuné, nanging bareng djuru mupu béja, apa perluné mlebu menjang padaleman sutji? Wong Farisi mung mèsèm weruh djuru mupu béja ana ing padaleman sutji

Wong Farisi mau sawisé mapan ngadeg, bandjur wiwit sembahjang, swarané tjetā, mengkéné: „Duh Allah, kawula sokur dumateng Tuwan, déné kawula punika boten kados tijang sanès, tijang ngalampang, tijang nganiaja tijang bandrèk, utawi kados djuru mupu béja punika. Kawula punika saèstu tijang mursid. Pendak wolung dinten kawula sijam kaping kalih, senadjan miturut angger-angger namung kaḍawuhan sijam sepisan ing dalem sataun. Sadaja angsal-angsalan kawula punika kawula djakati, sapsredasanipun kawula pisung-sungaken dateng padaleman sutji.”

Mengkono iku undjuké wong Farisi marang Allah. Nanging satemené undjuk mengkono iku dudu wudjuding pandonga, djalaran mung tansah mamèraké kabetjikané déwé. Mangka Gusti Allah éwa banget marang tembungané wong udjubrija.

Balik djuru mupu béja mau, sarèhné rumangsa jèn nista lan asor, enggoné mlebu ing padaleman sutji karo ndekukul sirahé, semoné kaja wong wedi lan isin sowan ing dalemé Allah. Enggoné ngadeg ana ing kadohan, adoh saka panggonané wong Farisi, ora katon ing wong akèh, ana ing papan sing kiwa. Enggoné sembahjang béda banget karo wong Farisi sing nganggo tembung-tembung pilihan lan mamèraké kabetjikané, awit sembahjangé mung awudjud pasambat

Djuru mupu béja mau ora wani ndangak tumenga ing langit, mung tebah-tebah ḍaḍa, awit wis ngrumangsani sepira gedéning dosané, mangka Allah mesti nguningani sakèhing pialané. Mulané ngandut sedih lan wedi,

awit pantesé mung kudu nampani paukuman. Klawan wedi enggoné mundjuk marang Allah, mengkéné: „Duh Allah, kawula tijang dosa, mugé Tuwan welasi.” Sembahjangé mung awudjud pasambat njuwun kawelasan, njuwun pitulungan ing sadjeroning kasangsarané. Dosa lan pialané gawé girising atiné, temah wekasané ngungsi marang ngarsané Allah. Mengkono pandongané djuru mupu béja, nanging pasambaté kapijarsakaké, djalaran Gusti Allah ora nampik pandongané wong kang andap-asor. Djuru mupu béja mau, sing dilunaké dadi wong dosa, saunduré mulih klawan tentrem rahaju, awit dosané kaapura, temah sirna was sumelanging atiné. Kabungahané iku peparingé Allah karena gedéning *sih kamirahané*, kaparingaké *klawan lalahan*.

PANGANDIKANÉ Gusti Jésus: „Sapa wong kang ngluhuraké awak, iku bakal diesoraké, lan sapa kang ngesoraké awak, bakal diluhuraké.” Mengkono enggoné Gusti Jésus maringi piwulang marang wong akèh, supaya pada ndedongaa *klawan ngesoraké awak*, lan pada njumurupana ing dosa lan pialané déwé-déwé.

Awit Gusti Allah nglawan wong kang pada angkuh tjiptaning atiné, nanging nandukaké palimirma marang wong andap-asor.

GUSTI JÉSUS MBERKAHI BOTJAH-BOTJAH

ING sawidjining dina ana wong wadon sawetara pada njowanaké botjah-botjah marang ngarsané Gusti Jésus supaya pada diasta. O, muga-muga Gusti Jésus keparenga ing galih numpangaké astané ana ing anak-anaké, lan *maringi berkah . . .*, saiba begdjané! Mengkono gagasané para ibu, sing pada ngusil-usilaké anak-anaké sing ditresnani. Nanging bareng pada njedaki Gusti Jésus lan lagi baé arep ngulungaké anaké, para sekabat bandjur pada ngalang-alangi kakarepané wong-wong mau, pada disrengeni: „É, sanak, mbok sampéjan sampun ngresahi Gusti Jésus! Sampéjan beкта késah saking ngriki anak-anak sampéjan niku! Wonten perlunipun punapa laré-laré alit sami sowan ing ngarsanipun Gusti, rak namung badé ngribedi kémawon.”

Pantjèn jèn digagas tjara lumrah, para sekabat mau ora luput. Apa ta perluné botjah-botjah pada disowanaké marang ngarsané Gusti Jésus, mangka ora lara ora barang? Sing pantès pada sowan iku rak wong tuwa utawa wong diwasa, sing pada arep njuwun wulangan utawa wong lara, supaya pada diwarasaké! Tindaké wong-wong wadon mau tetéla jèn tanpa duga-prajoga!

NANGING Gusti Jésus ija midanget apa sing dadi udjaré para sekabaté, apadéné ija mirsa enggoné pađa nundungi wong-wong wadon lan anak-anaké. Ing kono Gusti Jésus bandjur duka banget. Para sekabat enggoné arep rumeksa marang Gustiné malah ora ndadèkaké keparengé. Gusti Jésus kepareng ing galih disowani botjah-botjah mau, kepareng uga dadi Mitrané, malah kepareng dadi Djuru Slameté, awit saka gedéning sihé marang botjah-botjah mau. Pangandikané marang para sekabat mengkéné: „Tjikhèn botjah-botjah pađa marek marang ngarepku, adja dipenggak . . .” Para sekabat bandjur pađa mundur sanalika. Gusti Jésus njasmitani wong-wong wadon mau supaya ngadjokaké anak-anaké. Pasurjané Gusti Jésus katon sumèh lan rena banget nampani pisowané botjah-botjah mau, lanang lan wadon ora dibédak-bédakaké; kabèh pada katon seneng lan ora ana sing wedi, malah katon pađa lulut banget marang Gusti Jésus. Botjah-botjah mau enggoné pađa njawang lan marek Gusti Jésus ora nganggo rasa was lan sumelang, djalaran atiné isih resik, durung kulina ngotak-atik gagasan sing néka-néka, anané mung tansah pasrah lan suméndé. Mulané rena ing galih enggoné Gusti Jésus nampèni pisowané botjah-botjah mau, pađa dirangkuli lan diberkahi . . . Malah dawuhé Gusti Jésus mungguh ing botjah-botjah mau mengkéné: „Wong kang kaja botjah-botjah iku kang pađa nduwèni kratoné swarga.”

Kraton swarga, dalemé Allah kang mulja, iku mung kena digajuh ing wong-wong sing pađa kaja botjah-botjah wataké. Lumrahé wong diwasa iku enggoné marek ing ngarsané Gusti Jésus, wis ora lamba atiné. Ana sing duwé rasa wedi lan isin, ana sing wis ngrantam-rantam enggoné arep njoba lan nglawan Gusti Jésus, ana manèh sing mung arep nonton baé, djalaran rumangsa wis ora mbutuhaké pitulungan. Dadi wong diwasa iku atiné wis kebak gagasan néka-néka, ora kaja botjah-botjah sing atiné isih lamba, sing mung rumangsa begdja lan bungah bisa marek ing ngarsané Gusti Jésus, ora duwé gagasan sing mengkéné utawa mengkono, anané mung pasrah lan suméndé, pratjaja mareng Gusti Jésus klawan gumolong atiné. Botjah-botjah pađa bisa ngrasa sepira gedéning sih katresnané Gusti Jésus marang awaké . . .

ING kono Gusti Jésus bandjur mangingani wong-wong sing pađa njawang lelakon iku mau, sing atiné wis kebak gagasan warna-warna, dawuhé: „Satemené pituturku ing kowé: Sing sapa ora kaja botjah enggoné nampani kratoné Allah, iku mesthi bakal ora lumebu ing kono!”

Kira-kira wong-wong mau bisa njandak kersané Gusti Jésus, nalika ngandika mengkono iku. Enggoné pađa marek ing ngarsané Gusti Jésus iku kudu kaja botjah-botjah mau, atiné kudu isih lamba, mung pasrah lan pratjaja, burus lan djudjur, ora nedya nutup-nutupi dosané. Gusti Jésus kepareng mitulungi, malah kepareng mberkahi. Malah Pandjenengané ija kepareng njawisi urip langgeng ana ing swarga, ing ngarsané Allah, — waton wong-wong mau pađa *pratjaja* marang Pandjenengané, kaja patrapé botjah-botjah mau!

LASARUS MATI KATANGÈKAKÉ

ORA adoh saka negara Jerusalèm ana désa tjilik aran Bètani. Ing désa kono ana wong telu sasedulur, jaiku Marjam, Martha lan Lasarus seduluré lanang. Sedulur tetelu mau kalebu wong betjik, akèh pawong mitrané ana ing kaitangané, wong gedé utawa wong tjilik. Malah Gusti Jésus pijambak ija kagolong mitrané. Pandjenengané asring rawuh ing omahé Lasarus lan seduluré wadon, perlu lerem sawetara ana ing panggonan sing tentrem, jaiku ing désa tjilik Bètani.


Kotjapa omahé para mitrané Gusti Jésus kambah ing kaprihatinan. Lasarus lara, malah larané mbebajani. Marjam lan Martha sedih banget ngrasakaké seduluré sing lara. Gèk kepriyé polahé jèn seduluré lanang nganti tumeka ing pati, mangka mung sidji kuwi? Mulané bandjur pađa kongkonan nggolèki Gusti Jésus ana ing laladané kali Jardèn, lan pađa diweling mundjuk: „Gusti, samangké kekasih Tuwan sakit.”

Saupama Gusti Jésus pirsá jèn Lasarus lara banget, Pandjenengané mesti tumuli rawuh . . . O, muga-muga Gusti Jésus énggal-énggal rawuh!


Saungkuré kongkonan, larané Lasarus mundak banget. Marjam lan Martha ora kurang enggoné setijar mulasara seduluré sing lara; sawernaning djamu wis ditamakaké, nanging larané Lasarus semu-semuné madal tamba . . . ing wekasané Lasarus mati.

Marjam lan Martha banget enggoné kapetel ing sedih, kélangan sedulur lanang sing dadi sapu-kawaté. Saiki sapa sing bakal dadi andel-andelé? Omahé saiki sepi njenjet, djagad sing ramé saiki katoné mung kaja ara-ara samun . . . O, enggoné pada nglakokaké kongkonan iku tanpa guna. Saupama Gusti Jésus rawuh, ija wis kasép, awit Lasarus wis mati . . .

Sawisé diulesi, lajoné bandjur diuntapaké menjang ing pakuburan, kasèlèhaké ana ing kubur kang adapur guwa, katutupan ing watu minangka inebé. Ing kono panggonan sumè-



.... SARTA PADA DIBERKAHI KAMBI KATUMPANGAN ASTA



lèhé Lasarus nganti tekan djaman kijamat.

O, mesakaké temen Marjam lan Martha! Wong sadésa Bètani pada nglajat kabèh; warna-warna patrapé enggoné nélakaké béla-sungkawa. Nanging kaprihatinané Marjam lan Martha ora bisa lipur. Omahing katen-treman sing asring dirawuhi Gusti Jésus, saiki dadi omah palajatan. Wis olèh patang dina enggoné pada nandang prihatin, nanging Gusti Jésus durung katon rawuh.

Nanging ing patang dinané ana kang nggawa warta jèn Gusti Jésus rawuh ing Bètani. Bareng ngrungu jèn Gusti Jésus mlebu ing désa, Martha bandjur énggal-énggal metukaké tindaké, nanging Marjam kari delog-delog ana ing omah, gela banget déné rawuhé Gusti Jésus wis kasèp. O, rawuhé kok ora dèk wingi-wingi ing sadurungé Lasarus mati!

GUSTI Jésus wis ngantjik ing wilajahé désa Bètani. Tindaké sarèh, kaja-kaja ora ana prakara sing gawat. Ing sadalan-dalan ngandikan karo para sekabat lan murid-murid lijané kaja adaté. Gusti Jésus ora tau kesesa tumandang ing damel, djalaran Pandjengnané pirsia ing sadurungé winarah.

Nalika kongkonan saka Bètani marek ana ing ngarsané sarta mundjuk: „Gusti, samangké kekasih Tuwan sakit.” Gusti Jésus ora kedjot. Dawuh wangsulané Gusti Jésus nélakaké ajem lan tentreming galihé, pangandikané: „Larané iku ora tumeka ing pati, nanging tumeka ing kaluhurané Allah . . .” Senadjan wis diaturi rawuh ing Bètani, Gusti Jésus isih lereb rong dina ana ing laladané kali Jardèn. Sawisé mengkono bandjur ngandika marang para sekabat: „Pajo pada menjang ing tanah Judéa manèh.”

Menjang ing tanah Judéa? Menjang ing wewengkoné negara Jerusalèm, ing panggonané para ulama sing pada arep mbenturi watu Gusti Jésus? Apa arep ngetrepi uniné bebaskan: kutuk marani sunduk? . . . Para sekabat pada kagèt ngrungu pangandikané Gusti Jésus mengkono iku. Tumrapé Gusti Jésus tindak menjang ing tanah Judéa iku rak kena diarani ndjarag marang rerubed lan katjilakan. Mangka Lasarus ija ora kudu tumuli ditulungi, awit Gusti Jésus wis ngandika marang kongkonan saka Bètani, jèn larané iku ora tumeka ing pati, dadi mestiné Lasarus bakal mari karepé déwé. Para sekabat babar pisan ora ngerti bab patiné Lasarus lan bab kasusahan sing ana ing Bètani. Sing nguningani iku mung Gusti pijambak, nanging pangandikané: „Lasarus, mitra kita, lagi turu, nanging Aku mrena bakal nggugah enggoné turu.”

Para sekabat bandjur pada matur: „Gusti, menawi tilem, badé saras. Menawi mekaten

rak boten perlu tindak dateng Judéa, awit *ingrika* katah *bebajanipun!*” Para sekabat ora bisa njandak sing dadi pangandikané Gusti Jésus, mulané bandjur diblakani supaya pada ngertia anané lelakon sing ngedihaké, dawuhé: „Lasarus wis mati! Mangka Aku bungah . . .” Sanalika para sekabat pada kagèt banget ngrungu jèn Lasarus wis mati, mangka Gusti Jésus ngétja-étja lereb ana ing tanah kono nganti rong dina suwéné. Lan sing nggumunaké manèh, déné swarané Gusti Jésus ora ngetarani jèn seèh, malah kelair pangandikané: „Aku bungah . . . bab ing ngatasé kowé déné mau Aku ora ana ing kana, supaya kowé pada pratjajaa; nanging pajo pada mrena! Gusti Jésus bandjur énggal samekta ing tindaké menjang Bètani, kadèrèkaké para sekabat, ngliwati dalan sing rumpil munggah meun peputuk.

Para sekabat sing mauné pada wedi ngambah tanah Judéa, bareng pada weruh jèn Gusti Jésus budal, ija pada ora gelem kari. Tomas kanda marang kantjané para sekabat: „Pajo pada ndèrèk béla mati.” . . .

Lakuné saiki wis ngantjik wewengkoné désa Bètani.

SAKA ing désa kono ana wong wadon metukaké sing lagi pada rawuh, polatané katon suntrut, ngetarani jèn atiné kebak kaprihatinan. Wong mau Martha, sing ora sabar ngentèni nganti sarawuhé Gusti Jésus ana ing omahé. Gusti Jésus mirsani Martha klawan banget welasé. Undjuké Martha: „Gusti, menawi Tuwan wontena *ingriki*, sadèrèk kawula mesti boten èstu pedjah.” Pangandikané Gusti Jésus: „Sadulurmu bakal tangi manèh!” Nanging Martha durung bisa njandak tegesé pangandika mau, mulané atiné isih seèh. Bakal tangi manèh? O, Martha ija ngandel jèn bésuk kijamat ing dina wekasan kabèh wong sing wis pada mati bakal ditangèkaké manèh lan Gusti Allah bakal nindakaké pangadilan: ana sing dilebokaké ing kamuljan langgeng lan ana sing katjemplungaké ing naraka . . . Nanging saiki, patangèning raga ing djaman wekasan iku ora bakal mulihaké Lasarus kaja wingi-wingi.

Gusti Jésus bandjur ngandika manèh: „Aku iki djatiné kijamat lan kauripan. Wong kang pratjaja marang Aku iku bakal urip, sanadjan wusa mati.” Undjuké Martha: „Inggih Gusti, kawula sampun pitados bilih Tuwan punika Sang Kristus, Putranipun Allah.” Polatané Martha saiki wis katon bungah, atiné wis ledjar; pantjèn Martha wis ora gadjeg-gadjeg atiné mungguh ing Gusti Jésus, Pandjenengané iku kang djumeneng Sang Mesih, Djuru Slameté djagad; Pandjenengané iku maha welas lan maha kuwasa, bisa ngledjaraké



„LASARUS, METUA!”

atiné wong sedih, malah bisa maringi karahajon samengko ana ing donja, lan ing tembé ana ing swarga. Bareng Martha wis ngrasa jèn Gusti Jésus saiki ana ing satjedaké, apa perluné isih nandang sedih lan kuwatir?

Sawisé mundjuk mengkono mau, Martha bandjur mundur arep ngundang Marjam, sing isih kari ana ing omah. Marjam bandjur dibisiki: „Guru wis rawuh, nimbali kowé.” Marjam bareng ngrungu bandjur ngadeg marani menjang ing ngarsané Gusti Jésus bareng karo Martha.

WONG-WONG sing pada lagi nglajat ana ing omahé, bareng weruh Marjam maknjat ngadeg sarta metu, bandjur pada ngetutaké lakuné . . . Pangirané wong-wong mau parané Marjam menjang ing kubur arep nangis ana ing kono, mulané ngetut-buri arep ngétokaké enggoné pada béla sungkawa. Nanging Marjam lan Martha ora menjang ing kubur; lakuné arep metukaké Gusti Jésus.

Gusti Jésus mirsani tekané Marjam lan Martha ditut-buri wong akèh, Pandjenengané ija mirsa Marjam lan Martha sing pada kembang-kembang eluhé, mratandani gedéning kaprihatinan sing ana ing atiné, mengkono uga mirsa kaprihatinané wong akèh sing pada béla sungkawa. Bareng Gusti Jésus mirsa Marjam njungkemi sampéjané kambi nangis lan wong Jahudi kang ngetutaké ija pada

nangis, ing kono Gusti Jésus bandjur rengu ing batos lan aruhara ing galih, kaprihatinané wong akèh mau karaos-raos ana ing galihé pijambak. Gusti Jésus bandjur ndangu: „Enggonmu ngubur ana ing endi?” Kang kadangu pada mundjuk: „Sumangga Gusti, Tuwan tingali.” Sarawuhé ing pakuburan, Gusti Jésus muwun ngedalaké waspa. Gusti Jésus bareng djumeneng ing ngarepé kuburé Lasarus, adapur guwa katutupan ing watu, kawistara enggoné rengu ing batos. Tjlatuné wong Jahudi: „Lah saiba enggoné ngasihi. „Nanging ana manèh sing duwé udjar mengkéné: „Kang wis ngelèkaké mripaté wong pitjak, apa mauné ora bisa uga murungaké patiné wong iki?” Nanging ora ana sidji baé sing bisa mbadé apa sing arep ditindakaké Gusti Jésus saiki!

Gusti Jésus pirsá — lan iki sing ndjalari Pandjenengané rengu ing batos — jèn mula bukané ana *pati* ing djagad iku marga saka anané *dosa*. Mangka sing kuwasa ngasoraké pati iku mung Pandjenengané pijambak. Saiki Pandjenengané arep nedahaké pangwasa lan kaluhurané Allah ana ing ngarepé wong akèh. Pangandikané Gusti Jésus: „Watuné singkirna!” Martha kagèt, bandjur énggal mundjuk: „Sampun, Gusti, sampun mambet, margi sampun angsal kawan dinten.” Nanging Gusti Jésus bandjur tumenga sarta ndedonga, matur marang Allah Sang Rama kang ana ing swarga.

Watu tutuping kubur bandjur disingkiraké, guwa panggonan sumèlèhé kang mati menga, lan lajoné Lasarus isih gumlétak ana ing kono. Gusti Jésus bandjur nguwuh klawan swara kang sora, dawuhé: „Lasarus, metua!” Sanalika kang mati tangi ndjenggèlèk, bandjur metu, tangan lan sikilé isih kablebed ing ules, rainé kaaweran ing katju. Lasarus wis pulih urip manèh. Swarané Gusti Jésus kang sora mau mengku pangwasa, nangèkaké Lasarus saka ing kubur. Wong-wong sing pada ndeleng lelakon mau, pada ndomblong kamitenggen, nanging ija kaworan bungah. Pangandikané Gusti Jésus: „Utjulana ulesé, kerebèn lunga.” Ulesé énggal diutjuli, Lasarus bandjur dipasrahaké marang Marjam lan Martha, dikanti lakuné alon-alon mulih menjang ing omahé, diuntapaké ing wong akèh. Sing mauné pada nandang prihatin marga saka patiné Lasarus saiki pada bungah-bungah marga Lasarus wis urip manèh. Wong Jahudi sing pada meruhi pandamelé Gusti Jésus iku mau, akèh kang mandjing pratjaja marang Pandjenengané, nganggep jèn Gusti Jésus iku kang sanjata djumeneng Sang Mesih. Putrané Allah. Kaélokang kang ditindakaké Gusti Jésus ana ing désa Bètani, sedéla baé wis sumebar wartané menjang ing saindengé negara.

WONG SIDJI DADI TAWUR
KRANA WONG AKÈH

PAWARTA bab kaélokané Gusti Jésus enggoné nangèkaké Lasarus saka ing antarené wong mati uga wis sumebar ing Jerusalèm. Nanging para pangarepé imam lan para Farisi pada mokalaké lelakon mau, udjaré: „Mokal, wong mati sing wis dikubur nganti patang dina suwéné, keprijé bisané urip manèh? Mustahil bisané kelakon!”

Pawarta mau tular-tumular njrambahi wong sanegara; akèh wong sing pada ngandel lan ngalembana pangwasa lan kaluwihané Gusti Jésus. Nanging tumrapé para imam pawarta mau mung memanas ati; wong-wong mau pada suṭik ngrungu bab pangwasa lan kaluwihané Gusti Jésus, pada dadi satru-ati lan ngendèm sengit, djalaran Gusti Jésus kerep melèhaké kaluputané tanpa tèdèng aling-aling, apa manèh Pandjenengané tansah sesrawungan karo para wong asor, wong mlarat, djuru mupu béja lan wong dosa lijané, lan kerep nerak wewaler dina Sabbat . . . Mulané para imam nganggep Gusti Jésus iku guru apus-apan.

Éwadéné wong golongan pada seneng ngrungokaké pangandikané lan pada martak-martakaké kaélokaning pandamelé Gusti Jésus, — lan suwé-suwé wong golongan mung mindeng nderèkaké Gusti Jésus lan ngrungokaké sa-

kèhé piwulangé, temah pada nglalèkaké anané para imam lan para ulama apadéné para ahli kitab lan para pangarepé wong Jahudi . . . O, sing kaja mengkono iku adja pisan-pisan nganti kelakon! Guru apus-apan iku adja nganti menang papan! Para imam lan para pangarep iku tetepa dadi panuntuning bangsa. Embuh keprijé tjarané, utawa sepira kangèlané, nanging sing djeneng Jésus iku kudu disingkiraké!

PRADATA agung ing Jerusalèm, Sanhédrin, pada nglumpuk marepat; sing pada nglumpuk jaiku para pangarepé imam, para Farisi, para ahli kitab lan para pinituwa, wong-wong iku mau kabèh pada njatru Gusti Jésus, kedjaba ana sidji loro sing pada dadi mitrané.

Sing pada dirembug jaiku lelakon sing mentas pada diseksèni ing wong akèh ana ing désa Bètani, lelakon sing ndjalari seriking atiné.

Enggoné pada rembugan mengkéné: „Pratingkah kula kadospundi, déné tijang punika damel pratanda kaṭah? Menawi kaudja makaten, mesti tijang sadaja sami piṭados dateng pijambakipun, lan kula sami kawastanan ngadegaken ratu énggal, ladjeng sami kalurugan déning tijang Rum, sami ngrebat negari kula, dalah bangsa kula pisan. Prakawis punika sampun ngantos kelampahan; tangsuling pamitran kalijan bangsa Rum sampun ngantos pedot. Sapunika punapa ingkang kedah sami kula tindakaken ingatasipun Jésus?”

Prakara mau ramé dirembug nganti dedreg, lan wekasané panunggalané salah sidji, nama Kajafas, kang djumeneng imam agung ing taun kang lumaku iku, bandjur ngandika: „Sampéjan teka boten ngertos punapa-punapa, sami boten manah bilih maédahi dateng sampéjan, menawi wonten tijang setunggal pedjah krana tijang kaṭah, sampun ngantos saumat tiwas sadaja.” Pangandikané iku mau jèn ditjetakaké mengkéné: „Punapa ta ingkang sami sampéjan kuwatosaken? Menawi Jésus punika dipun tjepeng, ladjeng dipun sirnakaken, daja pangaruhipun dateng tijang golongan sakedap kémawon rak tumunten sirna ugi . . . Langkung prajogi wonten tijang satunggal ingkang dados tawur minangka sulhipun tijang kaṭah katimbang kalijan tijang kaṭah nandang sangsara namung krana tijang setunggal.” Pamrajogané imam agung mau dirudjuki déning rapaté Sanhédrin: Jésus kudu ditjekel lan disirnakaké. Wong sidji dadi sulihé wong akèh.

PANGANDIKANÉ imam agung Kajafas kang mengkono mau dasar njata lan bener. Gusti Jésus kudu nglampahi séda kanggo saumat kabèh. Rawuhé Gusti Jésus marang djagad pantjèn mengku sedyana ngrembat lan

ngésahaké dosa, sarana njanggi sakèhing paukuman kang tumudju marang saumat kabèh, pamurihé supaja mulihaké karukunan ing antarané djagad lan swarga, ing antarané manusa lan Allah. Gusti Jésus pijambak wis sagah njanggi sakèhing sangsara sing beneré kudu disangga déning manusa marga saka dosané. Wong sidji njulih wong akèh.

Pangandikané Kajafas iku *njata*, malah meðaraké pametja. Enggoné djumeneng imam agung iku kagem lantaran déning Allah nglairaké pametja ingatasé Gusti Jésus. Nanging Kajafas dèwé ora ngerti jèn mung kagem lantaran; déné kelairing pangandikané mau saka ing atiné sing ngendem sengit marang Gusti Jésus, daja-daja énggala sirna sing dadi klilipé.

Wiwit nalika iku ana dawuh, sapa-sapa sing weruh papan dunungé Gusti Jésus, kudu nglapuraké marang para imam, supaja énggal kaleksanan kaja sing dadi putusané Sanhédrin. Lan iku ora let suwé ija bakal kaleksanan temenan.

Ing kono bakal tumeka ing waktuné Gusti Jésus kaulungaké marang tangané wong dosa, kaja sing wis asring dipangandikakaké marang para sekabaté. Lan ing kono Pandjenengané bakal sida nglampahi séda. Wong sidji dadi tawur krana wong akèh!

SAURUTING DALAN

SAIKI wis ndungkap waktuné, nanging ora ana wong sing weruh lan ora ana sing ngerti.

Mung Gusti Jésus pijambak kang mirsa apa kang bakal kelakon ing imbangé pagunungan ing negara Jerusalèm. Lan ija mung Pandjenengané pijambak kang ngerti, apa sebabé kudu kelakon mengkonon. Éwadéné Pandjenengané babar pisan ora geter, senadjan wis mirsa jèn sing bakal kelakon iku nggegirisi banget.

Saiki Pandjenengané tindak menjang ing Jerusalèm, nglangkungi lembah Jardèn nratas kuća Jericho liwat ing pagunungan. Tindaké Gusti Jésus ngener ing séda ngambah ing marga-laja!

KATJARITA nalika semono dalan gedé sing nradjang lembah Jardèn katon ramé banget. Wong lanang wadon, nom tuwa saka ing désa ngadésa sauruté kali Jardèn, paða bebarengan mlaku ngener menjang ing Jerusalèm, djalaran wis ngarepaké rijaja taunan sing gedé dèwé, jaiku rijaja Paskah.

Mengkono uga Gusti Jésus dalah para sekabat njarengi lakuné wong golongan sing paða

bebarengan munggah menjang ing Jerusalèm, saka ing lembah Jardèn.

Wong golongan mau sing akèh asalé saka ing djadjahan Galiléa, tepangané Gusti Jésus, mulané wis paða ngerti bab pandamelé kang sarwa élok. Wong-wong mau paða rerasan jèn saiki wis ndungkap waktuné, malah mbokmenawa mengko mbarengi rijaja Paskah ing Jerusalèm, Pandjenengané bakal djumeneng Ratu, bandjur njirnakaké bangsa Rum . . .

Ratuné bangsa Jahudi! . . . Tetembungan mengkono iku wis dadi kembang lambéné wong akèh, saben wong kepetuk karo Gusti Jésus, bandjur mbisiki kantjané: „Kaé lo Ratuné bangsa Jahudi!” Paraning panjawangé wong akèh ngener marang Gusti Jésus, lan kabèh paða wedi sarta éring marang Pandjenengané.

Nanging kotjapa . . . sing digadang-gadang djumeneng Ratu keprijé? Pandjenengané nimbali marek para sekabaté, bandjur didawuhi mengkéné: „Aku lan kowé paða menjang ing Jerusalèm, lan Putrané manusa bakal diulungaké marang para pangarepé imam lan para ulama, tumuli dipatrapi paukuman pati, sarta diulungaké marang para wong kapid, supaja dipojoki lan disapu tuwin disalib, . . . lan ing telung dinané bakal katangèkaké! . . .”

Lo, Gusti Jésus saiki kok ngandikakaké manèh bab enggoné bakal nandang sangsara lan séda, malah luwih tjeta katimbang sing wis dipangandikakaké. Nanging bokmenawa pangandikané mau adapur sanépa utawa pasemon. Rak éman banget ta, saupama saiki Pandjenengané bandjur séda, mangka beneré kudu djumeneng Ratu! Para sekabat babar pisan paða durung bisa njandak apa perluné Gusti Jésus rawuh ing djagad, luwih manèh wong golongan sing paða arep ngrijajakaké Paskah.

„Kaé lo Ratuku!” mengkono udjaré wong akèh, lan para sekabat ija paða seneng nirokaké udjaré wong akèh mau . . .

Lakuné wong golongan wis tjedak karo Jericho, kuća kang misuwur kurmané. Pawarta bab rawuhé Gusti Jésus wis sumebar ing konon, mulané wong-wong Jericho gumrudug paða metukaké rawuhé, djalaran kepéngin weruh Pandjenengané.

SAUPAMA ana ratu lijan negara rawuh ing sawidjining kuća, tamu agung mau rawuhé mesti disaosi pakurmatan gedé, para prijagung paða metukaké ing sadjabaning kuća, bandjur njarengi tindaké mlebu ing kedaton, ing sauruting dalan rèntèp wong paða nonton, ramé swarané wong paða surak-surak.

Tamu agung mau enggoné nglangkungi wong-wong sing paða nonton mung sakeplasan, bandjur terus mlebu ing kedaton . . . Sing dipireng akèh lan sing ditingali ija warna-

warna, nanging sing diadjak ngandikan mung para prijagung lan panggedéné kuṭa kono; déné wong tjilik, wong miskin lan asor, turuné wong pidak-padarakan, ora kotjap babar pisan ana ing ngarsané tamu agung, djalaran ora wanuh lan ija ora ditepangaké, apamanèh ora ngerti apa sing dadi osiking atiné wong akèh

Kosokbaliné Gusti Jésus, samangsa Pandjenengané rawuh ing sawidjining kuṭa, Pandjenengané pirsia mobah-mosiké wong lan ora kasamaran marang pasambat lan pangaduh sing tumuwuh ana ing atiné wong tjilik, mangka Pandjenengané tansah madosi panunggalané wong sing nandang sangsara lan kaniaja

KOTJAPA nalika tindaké Gusti Jésus wis tekan ing satjedaké kuṭa Jericho, ana wong pitjak lungguh ndéprok ing pinggir dalan pepriman, wong mau arané Bartiméus. Saben dina Bartiméus lungguh ana ing kono, tangané njadong ndjaluk sidèkahé wong liwat sing loma atiné, nanging saiki sapa sing arep nggatèkaké wong ngemis ing pinggir dalan, wong pitjak lan mlarat, tjala ina lan papa? Saiki kabèh paḍa mindeng ndèrèkaké tindaké Rabbi saka Nasarèt, sing bakal djumeneng Ratu ing Jerusalèm.

Bartiméus bareng krungu sabawané wong golongan gumrudug liwat ing ngarepé, bandjur takon ana apa. Ana wong sing gelem ngandani, jèn iku Jésus Nasarani kang langkung.

Ing kono Bartiméus bandjur nguwuh-uwuh seru, undjuké: „Duh Jésus tedakipun Dawud, kawula mugi Tuwan welasi!” Wong-wong sing ana ing tedaké bandjur njendu, udjaré: „Hus, meneng! Adja ngrusuhi Gusti! Pandjenengané saiki tjalon Ratuné wong Jahudi, lagi tindak menjang Jerusalèm!” Nanging Bartiméus malah saja nemen panguwuhé: „Duh tedakipun Dawud, kawula mugi Tuwan welasi!” Senadjan swarané kesilep déning gederé wong golongan, éwasemono ora kandeg enggoné nguwuh-uwuh, malah saja seru. Bartiméus wis kerep ngrungu tjrita bab Gusti Jésus, Rabbi saka Nasarèt, sing bisa ngelèkaké mripaté wong pitjak Bokmenawa saiki lagi tumbuk begdjané Bartiméus, dalan panggonané ndéprok dilangkungi Gusti Jésus, mangka atiné wis suwé enggoné kepéngin njuwun pitulungan Senadjan swarané Bartiméus mung lamat-lamat kepireng ing talingané Gusti Jésus, éwasemono Pandjenengané kepareng kèndel, djalaran sing dipireng ora mung swaraning tjangkémé, dalah swaraning atiné Bartiméus sing kebak pangaduh ija wis kapireng ing Pandjenengané.

Bareng Gusti Jésus kèndel, wong golongan

ija kandeg lakuné, para pangarepé bangsa lan para panggedé sing paḍa metu saka ing kuṭa Jericho meṭukaké Gusti Jésus, kabèh paḍa mandeg kepéngin weruh enggoné Gusti Jésus ngandikan karo wong ngemis, wong tjala ina lan papa, Gusti Jésus bandjur dawuh nimbali marek Bartiméus. Sawisé ngrutjat djubahé, bandjur gurawalan ngadeg sarta katuntun marek marang ngarsané Gusti Jésus. Pangandikané Gusti Jésus: „Karepmu dakkapakaké?” Bartiméus ora bisa njawang Gusti Jésus, nanging kupingé bisa ngrungu swaraning pangandika kang mengku sih kawelasan. Grojok aturé Bartiméus: „Duh Gusti, kawula mugi sageda ningali.” Dawuhé Gusti Jésus: „Dibisa ndeleng; pangandelmu kang mitulungi kowé.” Paḍa sanalika mripaté bjar paḍang, djagad lan saisiné katon tjeṭa gumelar ana ing ngarepé . . Lan ing satengahé wong golongan Bartiméus njawang Prija sidji, sing mentas mbirat tjatjading awaké, sing wis dirungu wartané jèn tansah dangan ing pangalih maringi pitulungan marang wong papa lan sangsara. Pandjenengané iku kang bakal tansah didèrèk ing satindaké. Atiné Bartiméus kebak suka sokur marang Allah, déné wis marengaké bisa sowan ing ngarsané Gusti Jésus, bisa ngalami kabegdjan ana ing uripé. Saiki atiné mantep enggoné pratjaja marang Sang Djuru Slamet. Bareng Gusti Jésus ngladjengaké tindaké, Bartiméus ora gelem kari, klawan bungah ndèrèkaké tindaké ana ing dalan.

KATJARITA bareng Gusti Jésus lumebet ing kuṭa Jericho, nratas tindaké.

Ing kono ana wong sugih aran Zachéus; nalika Gusti Jésus rawuh ing Jericho, Zachéus enggoné arep ndeleng Gusti Jésus dilakoni mènèk ing wit djaitun ing pinggir dalan sing arep dilangkungi. Keprijé nalaré kok dadi mengkono?

Zachéus iku wong sugih, omahé betjik lan gedé, praboting omah sarwa pèni, éwasemono kelakon mènèk ing wit lan lungguh ana ing epang kaja botjah tjilik. Mulané nganti dilakoni mengkono, djalaran saka kepénginé ndeleng marang Gusti Jésus kaja apa wudjudé, nanging ora bisa, marga saka tjèndèking dedegé, temah tansah kaling-kalingan ing wong akèh. Sadurungé Gusti Jésus langkung ing kono, Zachéus wis lumaju ndisiki, bandjur mènèk ing wit. Enggoné nglakoni mengkono, djalaran kepeksa déning kaanan, awit saupama arep ndresel ing antarané wong akèh, Zachéus kuwatir mbokmenawa dielokaké lan disingkang-singkang ing wong akèh. Wong ing Jericho kabèh wis paḍa ngerti marang Zachéus, djuru mupu béja sing sugih, nanging kasugihané mau, djarené wong akèh,

warna, nanging sing diadjak ngandikan mung para prijugung lan panggedéné kuṭa kono; déné wong tjilik, wong miskin lan asor, turuné wong pidak-padarakan, ora kotjap babar pisan ana ing ngarsané tamu agung, djalaran ora wanuh lan ija ora ditepangaké, apamanèh ora ngerti apa sing dadi osiking atiné wong akèh

Kosokbaliné Gusti Jésus, samangsa Pandjenengané rawuh ing sawidjining kuṭa, Pandjenengané pirsamobah-mosiké wong lan ora kasamaran marang pasambat lan pangaduh sing tumuwuh ana ing atiné wong tjilik, mangka Pandjenengané tansah madosi panunggalané wong sing nandang sangsara lan kaniaja

KOTJAPA nalika tindaké Gusti Jésus wis tekan ing satjedaké kuṭa Jericho, ana wong pitjak lungguh ndéprok ing pinggir dalan pepriman, wong mau arané Bartiméus. Saben dina Bartiméus lungguh ana ing kono, tangané njadong ndjaluk sidèkahé wong liwat sing loma atiné, nanging saiki sapa sing arep nggatèkaké wong ngemis ing pinggir dalan, wong pitjak lan mlarat, tjala ina lan papa? Saiki kabèh paḍa mindeng ndèrèkaké tindaké Rabbi saka Nasarèt, sing bakal djumeneng Ratu ing Jerusalèm.

Bartiméus bareng krungu sabawané wong golongan gumrudug liwat ing ngarepé, bandjur takon ana apa. Ana wong sing gelem ngandani, jèn iku Jésus Nasarani kang langkung.

Ing kono Bartiméus bandjur nguwuh-uwuh seru, undjuké: „Duh Jésus teḍakipun Dawud, kawula mugi Tuwan welasi!” Wong-wong sing ana ing tjedaké bandjur njendu, udjaré: „Hus, meneng! Adja ngrusuhi Gusti! Pandjenengané saiki tjalon Ratuné wong Jahudi, lagi tindak menjang Jerusalèm!” Nanging Bartiméus malah saja nemen panguwuhé: „Duh teḍakipun Dawud, kawula mugi Tuwan welasi!” Senadjan swarané kesilep déning gederé wong golongan, éwasemono ora kandeg enggoné nguwuh-uwuh, malah saja seru. Bartiméus wis kerep ngrungu tjrita bab Gusti Jésus, Rabbi saka Nasarèt, sing bisa ngelekaké mripaté wong pitjak Bokmenawa saiki lagi tumbuk begdjané Bartiméus, dalan panggonané ndéprok dilangkungi Gusti Jésus, mangka atiné wis suwé enggoné kepéngin njuwun pitulungan Senadjan swarané Bartiméus mung lamat-lamat kepireng ing talingané Gusti Jésus, éwasemono Pandjenengané kepareng kèndel, djalaran sing dipireng ora mung swaraning tjangkémé, dalah swaraning atiné Bartiméus sing kebak pangaduh ija wis kapireng ing Pandjenengané.

Bareng Gusti Jésus kèndel, wong golongan

ija kandeg lakuné, para pangarepé bangsa lan para panggedé sing paḍa metu saka ing kuṭa Jericho meṭukaké Gusti Jésus, kabèh paḍa mandeg kepéngin weruh enggoné Gusti Jésus ngandikan karo wong ngemis, wong tjala ina lan papa, Gusti Jésus bandjur dawuh nimbali marek Bartiméus. Sawisé ngrutjat djubahé, bandjur gurawalan ngadeg sarta katuntun marek marang ngarsané Gusti Jésus. Pangandikané Gusti Jésus: „Karepmu dakkapakaké?” Bartiméus ora bisa njawang Gusti Jésus, nanging kupingé bisa ngrungu swaraning pangandika kang mengku sih kawelasan. Grojok aturé Bartiméus: „Duh Gusti, kawula mugi sageda ningali.” Dawuhé Gusti Jésus: „Dibisa ndeleng; pangandelmumu kang mitulungi kowé.” Paḍa sanalika mripaté bjar paḍang, djagad lan saisiné katon tjeṭa gumelar ana ing ngarepé . . . Lan ing satengahé wong golongan Bartiméus njawang Prija sidji, sing mentas mbirat tjatjading awaké, sing wis dirungu wartané jèn tansah dangan ing pangalih maringi pitulungan marang wong papa lan sangsara. Pandjenengané iku kang bakal tansah diḍèrèk ing satindaké. Atiné Bartiméus kebak suka sokur marang Allah, déné wis marengaké bisa sowan ing ngarsané Gusti Jésus, bisa ngalami kabegdjan ana ing uripé. Saiki atiné mantep enggoné pratjaja marang Sang Djuru Slamet. Bareng Gusti Jésus ngladjengaké tindaké, Bartiméus ora gelem kari, klawan bungah ndèrèkaké tindaké ana ing dalan.

KATJARITA bareng Gusti Jésus lumebet ing kuṭa Jericho, nratas tindaké.

Ing kono ana wong sugih aran Zachéus; nalika Gusti Jésus rawuh ing Jericho, Zachéus enggoné arep ndeleng Gusti Jésus dilakoni mènèk ing wit djaitun ing pinggir dalan sing arep dilangkungi. Keprijé nalaré kok dadi mengkono?

Zachéus iku wong sugih, omahé betjik lan gedé, praboting omah sarwa pèni, éwasemono kelakon mènèk ing wit lan lungguh ana ing epang kaja botjah tjilik. Mulané nganti dilakoni mengkono, djalaran saka kepénginé ndeleng marang Gusti Jésus kaja apa wudjudé, nanging ora bisa, marga saka tjèndèking dedegé, temah tansah kaling-kalingan ing wong akèh. Sadurungé Gusti Jésus langkung ing kono, Zachéus wis lumaju ndisiki, bandjur mènèk ing wit. Enggoné nglakoni mengkono, djalaran kepeksa déning kaanan, awit saupama arep ndresel ing antarané wong akèh, Zachéus kuwatir mbokmenawa dielokaké lan disingkang-singkang ing wong akèh. Wong ing Jericho kabèh wis paḍa ngerti marang Zachéus, djuru mupu béja sing sugih, nanging kasugihané mau, djaréné wong akèh,

ora kalal, djalaran asalé saka enggoné meres bangsané déwé. Djuru mupu béja iku dadi buḍaké bangsa Rum, bangsa kapid, dipatah mupu padjegé bangsa Jahudi, nanging enggoné mupu padjeg mau diundakaké tikel tekuk. Patrapé sing mengkono iku ndjalari sugihé, nanging ija ndjalari awaké digetingi déning bangsané, malah dianggep dadi panunggalané wong dosa lan wong ala, didjabakaké saka ing pasrawungan

Sarèhné wis ngrumangsani asoring dradjaté, Zachéus ora wani ndresel ing tengahé wong golongan, malah pangirané, Rabbi saka Nasarèt iku ija paḍa baé karo para ulama lan para imam, jèn kepetuk, mestiné ora bakal kersa ngaruh-aruhi kagawa saka éwané.

Zachéus énak-énak lungguh ing pangé wit, ing batin wis nemtokaké jèn saiki mesti bakal bisa ndeleng Gusti Jésus klawan tjeḍa. Senadjan akèh sing paḍa ngelokaké lan nggegugu patrapé, éwadéné Zachéus wis ora ngrèwès udjaring wong. Wis suwé enggoné ngrantam-rantam keprijé rékané supaja bisa ndeleng Guru sing pandamelé dadi potjapané wong akèh. Iba begdjané jèn nganti kelakon bisa njawang Sang Maha Guru, senadjana mung saka kadohan. Satemené Zachéus ora rumangsa begdja ketunggon ing banda akèh, kasugihané iku ora bisa nentremaké atiné. Zachéus kepéngin nggajuh sing ngungkuli banda kadojan. Nanging keprijé bisané kelakon?

Kotjapa lakuné wong golongan wis njedaki panggonané Zachéus. Atiné ḍeg-ḍegan, sepisan iki mesti bakal bisa ndeleng marang Gusti Jésus, Zachéus wis mapan enggoné lungguh, tangané tjekelan pang supaja adja nganti tiba, mripaté awas nggolèki sing lagi dirubung ing wong akèh. Lah, kaé sing ana ing tengah, kaé mestiné sing disuwuraké dadi Guru saka Nasarèt. Atiné krasa lega déné saiki bisa ndeleng marang Gusti Jésus. Nanging dumadakan apa iki?

Sarawuhé Gusti Jésus ing panggonan kono, bandjur kèndel lan tumenga ningali Zachéus. Apa sebabé? . . . Zachéus entèk atiné djalaran sumelang jèn pratingkahé mau ora ndadèkaké sardjuning panggalihé sing arep langkung sangisoring wit. Nanging bareng njawang pasurjané Gusti Jésus, atiné dadi ajem, djalaran ora ngetarani babar pisan jèn runtik galihé. Nanging Zachéus ora ngerti apa sebabé Gusti Jésus kèndel.

Gusti Jésus kèndel ana ing ngisor wit iku pantjèn mligi tumudju marang Zachéus, djuru mupu béja, sing didjabakaké saka ing pasrawungané bangsané, Pandjenengané pirsapa sing ndjalari samaring atiné Zachéus, malah ija wis mireng pasambat sing sumengka saka ing telenging atiné Wong lija durung ana sing ngrungu, malah Zachéus déwé ija

durung nglairaké pasambaté nanging mungguh ing Gusti Jésus ora ana prakara kang samar Mengkono uga samobah-mosiking atiné Zachéus wis kapirsan kabèh.

Gusti Jésus kèndel sarta tumenga ningali Zachéus. Zachéus krasa jèn ditingali, nanging tingalé mau bisa gawé ajem lan tentreming ati. Ing kono Zachéus bandjur krungu jèn dipangandikani, tjeḍa pangrunguné: „Zachéus, diénggal muḍuna, sebab ing dina iki Aku perlu lèrèn ana ing omahmu.”

Gagasane Zachéus: „Ing omahku, omahé djuru mupu béja, wong dosa? Apa temenan Pandjenengané kersa rawuh ing omahku? . . .” Zachéus bandjur muḍun rerikatan, mlaju mulih perlu tjetjawis enggoné arep nampani rawuhé Gusti Jésus, tamu agung sing ora dinjana-njana kersa rawuh ing omahé.

Wong golongan sing ngrungu pangandikané Gusti Jésus mau, paḍa pating kedumel, enggoné paḍa rerasan mengkéné: „Ing omahé djuru mupu béja, wong dosa, keprijé déné Pandjenengané kok kersa rawuh?” Wong golongan mau senadjana pating kedumel nggrundeli Gusti Jésus, ora wurung paḍa ndèrèk nganti tekan ing omahé Zachéus, lan paḍa ngentèni ing djaba. Nanging Gusti Jésus bandjur lumebet ing omahé Zachéus sarta pinarak sawetara suwéné, apamanèh kersa nampani pasugatané Zachéus.

Ana ing ngarsané Gusti Jésus, Zachéus ngrumangsani banget enggoné nasar lakuné, uripé ing saben dinané mung tansah lumèngkèt karo piala, nanging ing samengko uga atiné ngrasakaké ajem lan tentrem, déné Gusti Jésus kepareng ngrawuhi omahé, malah kepareng imbal pangandika karo wong dosa lan wong urakan kaja awaké. Zachéus tumuli madju sarta mundjuk marang Gusti Jésus: „Gusti, lah sabarang gaḍahan kawula sepalih kawula sukakaken ḍateng tijang miskin. Sarta menawi wonten tijang ingkang kawula pendeti punapa-punapanipun srana paékan, punika kawula wangsulaken *tikel sekawan*. „Gusti Jésus bandjur ngandika: „Ing dina iki omah kéné ketekan karahajon. Déné tekané Putrané manusa iku nggolèki lan mitulungi rahaju kang ketriwal.”

Iba senengé nampani pangandika kang mengkono iku. Wong-wong lijané bisa uga ora ngerti karepé, nanging Zachéus wis bisa njandak kersané Gusti Jésus. Zachéus rumangsa begdja lan rahaju, djalaran dosané kabèh kaapura. Atiné saiki wis ora ngangah-angah manèh marang banda lan kasugihan, djalaran saiki wis kaparingan banda sing adjiné ngungkuli sakèhing radjabrana ing donja, jaiku tresna marang Allah. Iku kang dadi karahajoning uripé, langgeng ing salawas-lawasé.

SAWISÉ lelakon iku mau Gusti Jésus ngladjengaké tindaké, kaðèrèkaké ing wong golongan. Dalané majat munggah menjang ing Bètani, saja suwé saja tjedak karo Jerusalèm. Gagasané wong-wong sing paða ndèrèkaké Gusti Jésus: „Saja tjedak karo Jerusalèm, saja tjedak karo kamuktèn lan kawibawan, samangsa Gusti Jésus sida djumeneng Ratu lan aku paða kepareng dadi abdiné!

Nanging ora mengkono panggalihé Gusti Jésus: „Saja tjedak karo Jerusalèm, saja tjedak karo sangsara lan pati!” Éwadéné Gusti Jésus enggoné tindak katon ajem baé. Pandjenengané rumaos jèn kedah ngemban dawuh karsané Kang Rama lan iku kang gawé ledjaring galihé. Pandjenengané nemaha murugi kasangsaran kagawa saka gedéning sihé marang manusa, djalaran Pandjenengané sagah njanggi paukuman sing beneré kudu disangga déning manusa dosa. Pandjenengané tindak menjang Jerusalèm lan wekasané Pandjenengané bakal olèh kaunggulan, apadéné ija bakal djumeneng Ratu agung binatara, ngungkuli sakèhing ratu ing donja.

Apa sing arep kelakon ing Jerusalèm mengko iku béda banget karo sing diangen-angen ing wong golongan. Wong-wong mau paða ora ngerti, jèn Pandjenengané, kang djumeneng Djuru Slameté, kedah nglangkungi marganing sangsara kang ngener menjang kamuljan. Bésuk ing tembé wong-wong mau lagi paða bisa ngerti!

MARJAM KELAIR TRESNANÉ LAN JUDAS NGENDEM SENGIT

KATJARITA, nalika Gusti Jésus rawuh ing désa Bètani, ing omahé Simon saraat, jaiku Simon sing wis tau nandang lara saraat, nanging wis disarasaké, ing kono Pandjenengané disaosi dahar, bareng karo para sekabat lan tamu lijané, kajata: Marjam lan Martha, apadéné Lasarus sing ditangèkaké saka ing antarané wong mati.

Gusti Jésus pinarak ana ing kono, diladosi para mitrané sing paða bungah-bungah djalaran Pandjenengané kepareng ana ing tengahé. Kabèh sing paða ana ing padjagongan katon bungah lan warna-warna patrapé enggoné nglairaké katresnan marang Pandjenengané.

ÉWADÉNÉ swasana sing ngemu rasa seneng lan gembira, meksa ketlusuban ing rasa *sedih lan prihatin*.

Marjam, sing mèlu lungguh ana ing kono, wis suwé ngingetaké marang Gusti Jésus, nanging enggoné mèlu bungah-bungah djalaran karawuhan ing Gustiné, meksa kaworan

ing sedih. Wong-wong lijané bisa ngrasakaké kabungahan, mbokmenawa ora mikir apa sing bakal kelakon ingatasé Gusti Jésus. Nanging Marjam ora bisa lali-lali jèn kurang sedéla engkas bakal ana lelakon sing njeðihaké, awit Pandjenengané bakal nemahi *séda*. Mulané saiki mumpung ketudju waktuné, Marjam arep nglairaké sepira gedéning sih katresnané marang Gusti lan Guruné. Marjam ngadeg, bandjur ngglenes metu. Ora antara suwé bali manèh nggawa gendul isi lenga djebad sing larang banget regané. Alon-alon Marjam njelaki Gusti Jésus, lengané djebad bandjur diesokaké ing mastakané Gusti Jésus. Marjam rumangsa begdja lan bungah banget déné isih bisa nélakaké gedéning katresnan lan pakéring marang Guruné sadurungé ngalami séda. Senadjan atiné bungah, éwadéné meksa kaworan sedih jèn ngélingi sangsara sing bakal nempuh Pandjenengané. Marjam bandjur sudjud ing sampéjané Gusti Jésus, saking sedihé nganti nètès eluhé, bandjur diusapi nganggo rambuté . . . Para tamu enggoné paða dahar kepeksa kèndel, kabèh paða njawang pratingkahé Marjam. Akèh sing paða ngalembana marang lekasé Marjam enggoné saos pakurmatan marang Gusti Jésus. Gandaning djebad wangi ngambar-ambar ngebaki saguteké omah kono.

Déné Gusti Jésus pijambak banget kepranan ing galih nampèni pakurmatané Marjam.

NANGING kotjapa, pratingkahé Marjam mengkono mau ora ndadèkaké panudjuning atiné salah sawidjining sekabat sing aran Judas. Judas njipati déwé apa sing ditindakaké déning Marjam. Lenga djebad sing akèh adjiné ora éman - éman disuntak ana ing mastakané Gusti Jésus. Udjaré Judas: „Djebad iku jagéné teka ora diedol, paju telung atus dinar, kena didanakaké marang wong miskin?” Udjaré Judas mengkono iku ing semu pantjèn bener. Wong-wong sing ngrungu udjar mau akèh sing mantuk-mantuk mbeneraké Judas. Nanging udjar mau pantjèn mung semu lan tata-lair baé. Gusti Jésus kang mirsani ing sadjeroning atiné wong, ija mirsa apa sing aling-alingan ing saburining semu. Ing semu Judas iku ambek welasan, tansah ngélingi marang wong miskin, nanging sadjatiné Judas iku atiné tjeñil lan ambek tjulika. Judas iku kapasrahan njekel kantong duwit. Jèn kepetuk karo wong pepriman, sing kadjibah ngulungaké dana iku Judas. Enggoné duwé udjar mengkono iku pantjèn ana pamrihé, jaiku supaja olèha alem saka wong akèh lan saka Gusti Jésus . . . Nanging Gusti Jésus mirsa tjulikaning atiné. Saupama lenga djebad mau diedol, pepajon telung atus dinar iku ora kok bakal mligi

kanggo wong miskin kabèh, nanging Judas déwé ija bakal olèh-olèhan, awit adaté sok njeler sing dilebokaké ing kantongé. Mulané dawuhé Gusti Jésus marang Judas dirungu ing wong akèh, mengkéné: „Nengna baé ta wong wadon iki enggoné mbetjiki Aku. Wong miskin iku salawasé ana ing kowé, nanging anaku ing kowé ora salawasé. Wong wadon iku nindakaké ing sakadaré. Enggoné ndjebadi Aku iku minangka tjadangan ngarepaké dinané enggonku kakubur.”

Gusti Jésus banget rena ing galih mirsani tandangé Marjam, lan pangandikané marang wong lijané sing pada ana ing kono: „Ing endi-endia ana ing sadjagad kabèh pangga-wéné Marjam iki bakal katjaritakaké minangka pangéling-élingé.” Ing djaman sapungkuré lelakon mau tjarita bab katresnané Gusti Jésus bakal kagijaraké ing sadjagad kabèh, lan tjarita bab katresnané Marjam marang Gusti Jésus iku mesti bakal ora dilalèkaké.

ENGGONÉ pada kembulan dahar bandjur diterusaké. Marjam lan Judas pada mapan manèh ana ing médjané. Wong loro mau pada ngerti jèn Gusti Jésus wis ndungkap waktuné ngalami séda. Prakara mau ditjetakaké manèh déning Gusti pijambak sarana pangandikané: „Sebab enggoné ngesokaké lenga iki marang badanku, kanggo njamektani enggonku bakal kakubur.”

Dadi karo-karoné wis pada ngerti jèn Gusti mung kari sedéla enggoné tetunggilan karo para murid

Déné Marjam kagawa saka tresnané marang Gusti Jésus mung tansah mrihatinaké Gusti Jésus enggoné arep nandang sangsara lan séda. Kosokbaliné Judas, sing tansah dadi gagasané mung awaké déwé, déné gegajuhané tjaloné ora ketjekel. Gusti Jésus iku pirsadurungé kelakon, dadi apa sing dipangandikakaké iku njata lan mesti bakal kelakon temenan. Jèn wis njata Gusti Jésus bakal ngalami séda, apa gunané ndèrèk wong sing wis tjepak patiné? Judas kepéngin ndèrèk lan njuwita marang wong sing kena diandelaké, sing bisa maringi pangkat lan dradjat, apadéné kasugihan.

Sarèhné rumangsa gela banget atiné djalaran ora bakal ketekan kakarepané, mulané bandjur tuwuh getingé marang Gusti Jésus Saiki atiné wiwit ngrantam-rantam keprijé enggoné arep golèk pepulih sarèhné rumangsa wis digawé gela.

MUNGGUH Gusti Jésus pijambak keprijé?

Pandjenengané mirsa samubarang. Pandjenengané nguningani katresnané Marjam, lan ija ora kekilapan jèn Judas wiwit ngendèm sengit.

HOSANNA! HOSANNA!

KATJARITA ésuké ing dina wiwitaning minggu, sapungkuré dina Sabbath, ana wong golongan gedé buḍal saka ing désa Bètani ngener menjang ing Jerusalèm. Wong-wong mau kabèh pada arep nekani rijaja Paskah sing bakal diwiwiti ing dina Sabbath tjandaké. Gusti Jésus kaḍèrèkaké para sekabat ija tindak njarengi wong golongan.

Dadiné mung kurang sawetara dina

Wong golongan, mengkono uga para sekabat, wis nitjil ngrasakaké bungah sarta pada rerasan: „Kurang sawetara dina Pandjenengané bakal djumeneng Ratu, pinarak ana ing ḍampar kapraboné Dawud lan mesti bakal nundung bala Rum saka ing wewengkon Israèl. Jèn Pandjenengané djumeneng Ratu, aku kabèh pada dadi wadyabalané. Pandjenengané iku Sang Mesih, kang bakal ngluwari saumat kabèh saka ing pangawulan, sarta mulihaké kaluhuran lan kawibawaning bangsa Israèl. Kurang sawetara dina”


Wong golongan sing wis luwih ḍisik tekan ing Jerusalèm, bareng ngrungu jèn Gusti Jésus tindaké wis tekan ing Bètani arep terus menjang ing Jerusalèm, akèh kang pada metu metukaké rawuhé. Kabèh pada nunggal panemu, jèn saiki wis tumeka ing waktuné Gusti Jésus djumeneng Ratu, pinarak ana ing ḍampar kapraboné Dawud. Déné sing pada ora ngrudjuki panemu mengkono mau, kajata para ulama lan para imam, iku ora perlu dirèwès! Gusti Jésus kang djumeneng Sang Mesih, lan wis pantes jèn ija djumeneng Ratu!


GUSTI Jésus kang nguningani samubarang ija mirsa batiné wong akèh, lan apa sing diuningani iku ndjalari trenjuhing galihé. O, wong-wong mau pada ora ngerti, malah ora gelem ngerti, jèn Pandjenengané enggoné djumeneng Djuru Slamet lan Panebus iku kelakoné sarana nandang sangsara lan séda, jaiku sumurup enggoné njanggi sakèhing paukumané wong dosa, temah bisa ngrukunaké manusa karo Gusti Allah.

Satemené ora kliru panemuné wong akèh jèn Pandjenengané bakal djumeneng Ratu, éwase-mono dudu Ratu kang pinarak ana ing ḍampar kapraboné Dawud: jèn Pandjenengané djumeneng Ratu, bakal pinarak ana ing tengené Allah Sang Rama ana ing swarga, apadéné bakal ngerèhaké djagad lan swarga.

Pandjenengané ija bakal unggul ing juda, nanging ora marga saka perang tandjing karo bangsa Rum: Pandjenengané bakal ngasoraké Iblis, mungsuh kang linuwih kasektèné.

Malah Pandjenengané ija bakal maringi karahajon lan kamuljan marang sakèhé wong sing pada pratjaja lan tresna marang Pandje-





„HOSANNA KONDJUK ING TEDAKIPUN DAWUD!”

nengané, nanging ora ing sadjeroning uripé ana ing alam donja sing mung satjlérétan: Pandjenengané bakal maringaké karahajon lan kamuljan mau ana ing djaman kalanggengan, jaiku ana ing swarga.

Nanging karena iku mau kabèh Pandjenengané kudu nglampahi nandang sangsara kang banget, nganti tumeka ing séda, lan enggoné séda bakal kaja patiné wong durdjana tjinampahan lan pinojokan déning wong akèh!

Gusti Jésus mireng rerasanané wong golongan, mirsa gambiraning atiné, djalaran pađa kepéngin kaparingan kamuljan lan kaluhuran ing sadjeroning uripé ana ing alam donja Sarèhné mengkono kakarepané wong akèh, mulané saiki Pandjenengané arep nedahaké, jèn Pandjenengané iku sanjata djumeneng Ratu, nanging ora kaja sing dadi pangareparepé, dudu ratu kang ngasta dedamel samekta ing perang, nanging *Ratuning katentreman*.

Ing kono Gusti Jésus nimbali sekabaté loro kadawuhan mengkéné: „Pađa menjanga ing désa ngarepmu kuwé, tumuli kowé bakal mrangguli kuldi wadon tjantjangan kanti belo, iku pađa utjulana, nuli gawanen mréné beloné. Déné menawa ana kang ngaruh-aruhi kowé, bandjur tutura, jèn iku perlu kagem ing Gusti, dadi bakal digawakaké tumuli.” Sekabat mau bandjur pada lunga lan nglakoni ing sapiwelingé Gusti Jésus. Ing désa kang diparani wis ana kuldi ditjantjang lan beloné ana ing tjedaké. Bareng lagi diutjuli, kang duwé kuldi takon généja pađa nglakoni mengkono, bandjur diwangsul: „Iku perlu kagem ing Gusti!” Kang duwé kuldi mau mestiné kagolong mitrané Gusti Jésus, mulané kuldi wadon sabeloné bandjur digawakaké.

Bareng sekabat mau pađa sowan manèh ing ngarsané Gusti Jésus lan bareng pađa ngerti jèn Pandjenengané ngersakaké nitih beloné — belo mau wis gedé lan rosa, nanging durung tau ditunggangi ing wong — terus mlebet menjang ing negara Jerusalèm, wah, saiba bungahé wong-wong mau. Gusti Jésus adaté mung tindak darat baé, nanging saiki ngersakaké nitih kuldi kajadéné ratu! Kuldiné bandjur énggal-énggal dilarabi djubah lan Gusti Jésus dilawani panitihé. Bareng wong golongan weruh Gusti Jésus wis pinarak ing gegering kuldi, bandjur pađa surak mawurahan. Sasuwéné tindak, para murid pađa ndjèrèng djubahé ing dedalan kang ditindaki lan ana kang ngetoki trubusing kekajon, digelar ana ing dalan, dadi dalané kaja-kaja digelar babut prangwedani. Wong golongan kang pađa lumaku ing ngarep lan kang lumaku ing buri nguwuh-uwuh, wurahan pamudjiné marang Kangdjeng Nabi saka ing Nasarèt, kang djumeneng Sang Mesih, kang rawuhé

bakal ngluwari umat kagungané! Pangutjapé wong golongan: „Hosanna kondjuk ing tedakipun Dawud! Binerkahana ingkang rawuh atas Asmanipun Pangéran, inggih Ratunipun Israèl! Hosanna wonten ing luhur!”

Pamudji lan surak mawurahan mau ora pedot-pedot ing sadalan-dalan nganti ngumandang adoh, malah nganti tekan ing sangareping gapurané Jerusalèm. Wong-wong sing wis ana ing djero negara, bareng ngrungu jèn Gusti Jésus diarak arep mlebu ing negara, bandjur pađa metu metukaké tindaké, kambi pađa surak-surak, uniné: „Binerkahana ingkang rawuh atas Asmanipun Pangéran, Ratunipun Israèl!”

Ana wong Farisi lan para ulama sawetara pađa metu mbarengi wong golongan, nanging atiné pađa ngandut kuwatir bareng ngrungu surak lan pamudjiné wong golongan. Saiki saumat kabèh bakal kèrut marang Rabbi saka Nasarèt, sing pađa digetingi, mulané pada mundjuk marang Gusti Jésus: „Guru, para murid Sampéjan kadukanana, lan tijang golongan Sampéjan dawuhi kèndel! Udjaripun tijang-tijang punika rak dora ta? Sampéjan rak boten djumeneng Ratu?”

Nanging Gusti Jésus ajem baé galihé lan dawuh wangsulané: „Saupama wong iku pađa menenga, watu-watu mesti pađa nguwuh-uwuh!”

ARAK-arakané wong golongan sing pađa bungah-bungah lakuné mbatjut munggah ing pèrèngané gunung Zaitun, saja suwé saja tjedak karo negara Jerusalèm Saka kadohan wis katon ketap-ketap témboké negara sutji, muwuh gambiraning atiné wong golongan, papah kurma sing ana ing tangan diklèbèt-klèbètaké éstané uluk salam marang Jerusalèm, kuđa kradjané tanah Israèl. Jerusalèm sing wis mataun-taun kapetatan ratu, saiki bakal karawuhan Ratuné klawan nitih kuldi lan kinurmatan ing umaté! Jerusalèm, negarané para leluhur lan pusering kawibawané Israèl! Wiwit saiki negara sing wis kuna iku bakal pulih anjar lan montjèr manèh! Mengkono pangangen-angené wong akèh!

Apa sing kelakon ing nalika iku wis kawetja déning nabi ing djaman kuna, mengkéné: „Bebungaha kang banget, hé putri ing Jerusalèm! Gijak-gijaka! Lah Ratunira ngrawuhi sira, Pandjenengané adil sarta mengku karahardjan, lembah ing galih, nitih kuldi, ija belo anaking kuldi!”

Mangka saiki sing kelakon iku tjotjog karo sing didawuhaké déning nabi ing djaman kuna. Nanging wong-wong mau pađa kliru enggoné ndjarwani pametjané nabi mau!

Tjoba sawangen, sing katon ing satengahé wong golongan iku diarak lan dipundi-pundi

klawan kabungahan gedé. Pandjenengané digadang djumeneng Ratu ana ing Jerusalèm.

Nanging apa ora kliru? Apa wujudé ngèmpèri ratu?

Titihané mung beloning kuldi, dudu djaran tédji, mangka ija ora ngagem busananing ratu lan sirahé ora ngagem makuṭa emas, apadéné ora nganggar pedang. Sing pada lumaku ing ngarep utawa ing buriné iku dudu pradjurit djaranan kang sikep gegaman . . .

Rawuhé Ratu mau ora ngagem kamuljan, wataké adil lan mengku karahardjan sarta lembah ing galih. Bareng arak-arakané wis tekan ing gunung Zaitun, negara Jerusalèm katon tjeṭa saka ing panggonan kono . . . kepriyé? Apa wong iku pantes djumeneng ratu?

Mripaté ora katon gumbéjar nélakaké gambiraning galihé, nanging malah ngrentahaké waspa, djalaran Gusti Jésus bandjur muwun. Pandjenengané banget trenjuh ing galih. Pandjenengané iku maha mirsa, bareng ningali negara Jerusalèm saka kadohan katon nengsemaké, ora malah dadi rena ing galih. Pandjenengané muwun, awit mirsa apa sing bakal kelakon ing atasé negara Jerusalèm. Pandjenengané mirsa jén Jerusalèm bakal katekan ing mungsuh, kuṭané bakal kinampung wakul binaja mangap, negara sing saiki katon éndah nengsemaké bakal dadi luḍesan, wong-wong sing saiki pada gijak-gijak ngutjapaké pamudji, bakal pada tumpes tapis tekan botjah-botjah tjilik. Negara Jerusalèm bakal kataman ing paukuman kang nggegirisi, djalaran nampik marang Djuru Slamet, malah nganti wani njédani Lelakon kang ngébat-ébatu iku kabèh wis kapirsan déning Gusti Jésus, mangka ora kena disinggahi. Iku kang ndjalari trenjuhing galihé Gusti Jésus nganti ngrentahaké waspa, kagawa saka banget welasé.

Lan kepriyé wekasané bareng wong golongan enggoné pada ngarak Gusti Jésus wis mlebu ing negara Jerusalèm kambi gijak-gijak? Kepriyé tjalon ratuné? O, iku tjalon ratu sing anèh!

Gusti Jésus ora bandjur ngagem pangwasané djumeneng ratu kaja sing dadi pangareparepé bangsa Israèl mau. Pandjenengané aluwung murugi wong pitjak lan wong lumpuh, bandjur disarasaké. Pandjenengané iku Djuru Slamet kang paring panglipur lan pangentasan saka ing sangsara, kang paring tentrem rahaju ana ing ati, awit Pandjenengané iku kang djumeneng *Ratuning katentreman*.

UDJARÉ wong akèh isih adjeg mengkéné: „Kurang sawetara dina Pandjenengané bakal ngagem pangwasané ngluwaru kita saka tanganing mungsuh.”

Nanging golongané para ulama lan para imam wis pada sapotjapan: „Wong iku kudu

disirnakaké. Entènana sawetara dina engkas wong iku mesti mati!”

„Mung kurang sawetara dina!”

BARENG wajahé wis soré Gusti Jésus bandjur tindak kaḍèrèkaké sekabat rolas, medal saka ing negara Jerusalèm, nglangkungi pèrèngané gunung Zaitun, menjang ing désa Bètani. Ing sadalan-dalan isih mblasah gegoḍongan lan pang-pang sing ésuké digawé ngormati tindaké Gusti Jésus, nanging wis katon alum lan garing.

Gusti Jésus nilar karaméaning kuṭa, perlu ngupadosi papan sing sepi, supaja bisa tjelak karo Allah lan ndedonga!

KURANG SAWETARA DINA

ÈSUKÉ Gusti Jésus tindak manèh menjang ing Jerusalèm, sarta rawuh memulang ana ing padaleman sutji. Ora ana wong sing ngerti apa sing arep kelakon ing sadjeroning minggu iku kedjaba Gusti Jésus pijambak. Kurang sawetara dina, bandjur éwadéné Gusti Jésus isih adjeg sesrawungané karo wong akèh, isih adjeg memulang wong golongan bab *sih katresnané Allah*, nanging ija bab *kaadilané*.

Ana ing padaleman sutji adaté wong-wong pada njaosaké pisungsung dilebokaké ing peṭi bèt-amal. Duwit sing dilebokaké iku minangka pisungsungé umat kondjuk marang Gusti Allah.

Ing dina iku wong-wong sing pada mlebu ing padaleman sutji ija nglebokaké duwit ing peṭi bèt-amal mau. Nalika semono Gusti Jésus ningali ranḍa miskin nglebokaké duwité mung rong igar, uniné mak kliṭik nibani dinar lan duwit pérak lijané sing wis nglumpuk ing djero peṭi. Miturut adjiné duwit mung pisungsung sepélé, nanging Gusti Jésus ngandika: „Satemené pituturku ing kowé, enggoné nglebokaké pisungsung ranḍa iki luwih akèh katimbang karo wong kabèh, awit wong-wong lijané enggoné nglebokaké pisungsung marang Allah iku saka *kaluwihané*, balik ranḍa iku saka *kabutuhané*, malah saduwèk-duwèké kang minangka panguripané, dilebokaké kabèh.”

Mengkono enggoné Gusti Jésus paring piwulang marang wong akèh, jèn pisungsungé wong miskin iku ndadèkaké keparengé Allah ngungkuli pisungsungé wong sugih, waton enggoné njaosaké pisungsung mau klawan *saos sokur marang Allah*.

Padaleman sutji sadina muput kebak wong, gilir gumanti mlebu metu ora ana peḍoté, wong saka sawrataning wilajahé bangsa Israèl prasasat ditumplak ing negara Jeru-

salèm. Lan sapa-sapa sing teka ing Jerusalèm mesti pada nggolèki Gusti Jésus arep ngrungu piwulangé, awit durung tau ana Rabbi sing memulang kaja patrapé Gusti Jésus.

Nanging padaleman sutji ija dadi papan nglumpuké para imam, para Farisi lan para ulama lijané. Wong-wong mau pada ngrungu piwulangé Gusti Jésus, nanging enggoné ngrungokaké piwulangé mau wis kañasaran sengit lan geting. Enggoné pada nggetingi Gusti Jésus saja suwé saja banget, malah saupama wania, mesti Gusti Jésus wis ditjepeng lan disédani. Nanging wong-wong mau isih pada wedi marang wong golongan. Wong golongan katon enggoné pada asih lan sumujud marang Gusti Jésus; jèn Gusti Jésus saiki ditjepeng, mestiné bakal ndadèkaké gègèré wong akèh.

Para ulama iku mung pada njarèhaké atiné, pangutjapé wong-wong mau: „Disrantèkaké tekan lebar rijaja! Dikena iwaké adja nganti butèk banjuné!”

Nanging para ulama saben dina tansah pada rerembukan keprijé patrap lan rékané enggoné arep ningkes satruné. Bola-bali ana wong kongkonané para ulama marek ing ngarsané Gusti Jésus, nganggo pawadan arep njuwun priksa kaja patrapé murid njuwun priksa marang guruné, nanging sadjatiné arep masang kala djiret supaya olèha dudukan enggoné arep njepeng Gusti Jésus bandjur kaladèkaké marang ngareping pradata. Nanging Gusti Jésus wis uninga ing saolah-kridaning satru, mulané dawuh wangsulané tansah bisa gawé kedjodèrané wong-wong mau. Nanging marga saka kang mengkono mau, malah saja mundak pangigit-igité para ulama marang Gusti Jésus. Lan iku mung muwuhi trenjuh ing galihé.

Para pangarepé bangsa Jahudi pada wangkot atiné lan ora gelem ngaku jèn Gusti Jésus iku Putrané Allah kang rawuhé perlu ngluwari djagad saka ing pamisésaning dosa, malah wong-wong mau tansah nindakaké rékadaja supaya saumat kabèh adja nganti pada duwé panganggep kang mengkono iku.

Jerusalèm, negara sutji, wekasané bakal nampik marang Sang Mesih, kang rawuhé wis wiwit djaman kuna dianti-anti déning umat Israèl lan kang pangwasané bisa gawé mongkoting atiné wong Israèl.

Iku mau kang ndjalari trenjuhing galihé Gusti Jésus.

Ing sawidjining dina Gusti Jésus ngandika: „Èh Jerusalèm, Jerusalèm, . . . wis nganti ping pira enggonku arep nglumpukaké anak-anakmu, pada kaja babon enggoné nglumpukaké kutuké sangisoring swiwiné, mangka kowé pada lumuh!”

Mengkonouga Gusti Jésus ija wis tau ngan-

dikakaké bab pūkuman lan bilai kang bakal nempuh negara Jerusalèm, krana enggoné nampik marang Pandjenengané.

GUSTI Jésus nalika semono uga ngandikakaké bab apa kang bakal kelakon, mangka enggoné ngandika mengkono iku nganti bola-bali, temahan para sekabat pada duwé pangira jèn Gusti Jésus ora bakal dju-meneng ratu ing Jerusalèm kaja sing dadi pangarep-arepé nalika wiwitan . . . Sangsara lan bilai warna-warna bakal nempuh bangsa Israèl, malah para sekabat déwé bakal ngalami nandang sangsara uga . . .

Nanging wekasané para sekabat mau bakal kaparingan kamuljan, angger pada ngantepi kasetyané marang Guru lan Gustiné. Dawuhé Gusti Jésus: Sing sapa mantep nganti tumeka ing wekasan, iku kang bakal kapitulungan rahaju.”

MUNGGUH negara Jerusalèm, keprijé bakal kadadéjané?

Ing sawidjiné dina nalika Gusti Jésus tedak nilar padaleman sutji, sekabaté bandjur pada marek ngaturi ningali éndahing jejasané padaleman iku. Ing kono dawuhé Gusti Jésus: „Bésuk ing kéné bakal ora ana watu dilestarèkaké tumumpang ing watu, kang ora bakal didjugrugaké.”

Para sekabat pada kagèt ngrungu pangandika mengkono iku. Apa padaleman sutji sing semono gedéné lan sing kaéndahané ngasoraké kepaton, apa padaleman sing katon bakuh lan santosa iku arep didjugrugaké? Apa sebabé?

Bareng wis ana ing sadjabané negara, ana ing gunung Zaitun, Gusti Jésus pinarak diajèp para sekabat, kambi njawang marang Jerusalèm saka kadohan, ing kono Gusti Jésus bandjur ngandikakaké sangsara kang bakal nempuh negara Jerusalèm dalah padalemané sutji. Bakal ana sabawa lan pawartaning perang, bakal ana bangsa nempuh marang pada bangsa lan kraton pada kraton, lan ing pirang-pirang panggonan bakal ana pailan, pageblug lan lindu. Jerusalèm bakal katekan ing mungsuh, wong-wong sing pada manggon ing kono bakal pada ditumpes, lan nalika iku bakal ana sangsara gedé, lan durung tau ana negara sing ngalami katempuh ing sangsara sing semono gedéné.

Berkah peparingé Gusti Allah marang umat Israèl iku mawantu-wantu lan tanpa wilangan akèhé, ngungkuli bangsa lija-lijané. Éwadéné bangsa Israèl tansah kurang narima. Lan ing wekasané Gusti Allah maringaké Putrané kang ontang-anting supaya ngolèhaké karahajon tumrap umat kagungané, éwadéné bangsa mau nampik peparingé Allah sing

pinundjul, lan wani njenjamah lan njawijah marang Putrané Allah . . . sarta nganti Pandjenengané ditjepeng lan disédani. Kurang sawetara dina, bandjur . . .

Nanging — ing tembé bangsa mau bakal nampani paukuman.

Bab bakal tekané sangsara gedé iku dipangan-dikakaké déning Gusti Jésus marang sekabat klawan tetembungan kang banget nrenjuhaké ati.

ING sédjé dina Gusti Jésus ija ngandika marang wong golongan mungguh waktu kang bakal nekani sarana pasemon.

Ana wong sugih gawé pakebonan anggur, kang dipageri mubeng, disadijani kowèn pamipitan lan digawèkaké panggung pangungkakan.

Sawisé dipadjegaké marang wong among tani, wong sugih mau bandjur lelungan menjang ing tanah mantja.

Bareng wis wajahé panèn anggur, wong sugih mau kongkonan batur sidji nemoni wong tani dipurih nampani panduman pamentuné pakebonané sumurup ing padjegé . . . Nanging sing duwé pakebonan mau ketjuwan banget atiné. Djalaran satekané batur mau ana ing pakebonan, bandjur ditjekel lan digitiki sarta ditulak bali legèh.

Wong sugih mau bandjur kongkonan batur lijané manèh, pangarep-arepé supaja wong among tani mau pada élinga marang kasaguhané, nanging baturé malah dibenturi watu nganti tatu sirahé, bandjur ditulak lan diwirang-wirangaké.

Senadjan wong among tani mau wis ketatalan jèn ambek tjulika lan ala, éwasemono wong sugih mau ora kentèkan kasabaran, isih kongkonan batur lijané manèh, nganti bola-bali; ana sing dipilara, malah ana sing dipatèni. Wis tjeja banget, jèn kasabarané wong sugih mau ora ndadèkaké kendaking angkara-murkané wong among tani, sing bebasané wis mbeguguk nguṭa waton.

Déné wong sugih mau mung kari duwé wong sidji sing kena dikongkon, jaiku anak lanang sing dikasihi. Ing wekasané anaké lanang mau ija dikongkon menjang ing pakebonané anggur, osiké: „Jèn sing teka mrana anakku déwé, mestiné wong-wong iku pada éring lan ora wani gendak-sikara!”

Nanging bareng pada weruh jèn sing teka saiki anaké sing duwé pakebonan, wong-wong tani mau malah pada sapotjapan: „Lah iku ahli-warisé, pajo dipatèni, temah pakebonan iku kita kang nduwèni!” Anaké wong sugih mau bandjur ditjekel, dipatèni lan dibuwang ing sadjabané pakebonan.

NALIKA Gusti Jésus mungkasi pasemon iku mau, bandjur ndangu mengkéné: „Kang iku wong among tani mau bakal dikapakaké déning kang duwé pakebonan, samangsa teka déwé mrono?” Kang kadangu pada mundjuk: „Tijang durdjana mekaten punika mesti sami dipun tumpes kalijan sija-sija, sarta pakebonanipun dipun padjegaken dateng tijang among tani sanèsipun, ingkang badé ngladosaken pamedalipun ing kala mangsanipun.”

Para pangarepé imam lan para Farisi, bareng ngrungu dawuh pasemoné iku, mung pada meneng baé, nanging satemené pada nggegem watu, djalaran wis rumangsa jèn awaké sing disemoni. Para ulama mau wis pada njandak, jèn wong sugih sing madjegaké pakebonané anggur marang wong among tani iku mralambangi Gusti Allah pijambak kang maringaké tanah kang mili powan lan madu iku marang bangsa Israèl. Nanging umat Israèl iku ora tau njaosaké panuwun sokur marang Allah, lan ora tau ngantepi katresnan lan kasetyané. Ing djaman bijèn akèh para nabi utusané Allah nekani bangsa mau kadawuhan ngélingaké, nanging malah pada dikaniaja lan dipatèni. Gusti Allah tansah nandukaké kasabaran marang umat kagungané, nganti ambal-ambalan Gusti Allah ngutus para abdiné, nanging bangsa Israèl tansah mangkotaké atiné . . . Lan wekasané Gusti Allah bandjur ngutus Kang Putra ontang-anting marang djagad, ija marang bangsa Israèl . . .

Nanging wong iku? . . . Para ulama pada gregetan ngrasakaké Rabbi saka Nasarèt iku! Apa wong iku arep mlimpingi jèn awaké iku dadi Putrané Allah lan para ulama dadi wong among tani sing ambek angkara-murka? Lan apa arep njemoni enggoné para ulama golek rékadaja njirnakaké wong iku lan ing wekasané kudu nampani paukuman? Lan apa tanah pusaka tilarané para leluhur ing tembé bakal kaparingaké marang bangsa lija? . . .

Wah, kok medjanani temen wong iku! Mokal jèn wong iku kena digugu tembungé! Piwulangé kabèh iku goroh lan ngajawara! . . .

Nanging satemené pangandikané Gusti Jésus iku kabèh njata. Apa sing didawuhaké mau kabèh bakal kelakon lan paukuman tumrapé bangsa sing murang sarak iku mesti bakal nekani!

ANA manèh pangandikané Gusti Jésus bab prakara-prakara kang bakal kelakon, nanging pangandikané saiki isi panglipur tumrap para sekabat lan tumrap para murid lija-lijané sing pada tresna marang Gusti Jésus. Kurang sawetara dina Pandjenengané bakal nilar djagading karaméan, bandjur



SAMANGSA KOWÉ PADA WERUH PANGÉWAN-ÉWANING PANGRUSAK

sumengka kondur menjang swarga, sowan marang ngarsané Kang Rama, nanging . . . ing tembé Pandjenengané bakal rawuh manèh.

Bab prakara mau dipangandikakaké sarana pasemon.

Ing sawidjining negara ana wong duwé gawé mantu. Nalika pangantèné lanang metu diarak mitra-mitrané menjang omahé pangantèn wadon, wong-wong sing kari wis pada tata-tata arep metuk baliné pangantèn. Mengkono tata-tjarané ing negara mau.

Ana prawan sepuluh sing pada arep mèlu metuk pangantèn, buçalé saka ing omahé pada nggawa damaré déwé-déwé, awit wajahé wis bengi. Wong-wong sing pada metuk ngentèni ing dalan; mengko jèn pangantèné teka, bandjur arep pada nggrubjug mèlu ngarak pangantèn nganti mlebu ing papaning karaméan. Wong-wong sing pada arep ngarak pangantèn mau kabèh nggawa damar, ora ana sidji baé sing ora tjumawis damaré. Ing sauruting dalan katon padang déning urubing damar pating klentjar, kabèh mau minangka pakurmataning pangantèn.

Kotjapa prawan sepuluh mau, sing lima tanpa pikir, sing lima pinter. Prawan sing tanpa pikir mau enggoné nggawa damar ora nganggo nggawa andungan lenga, dadi samangsa damaré mati, ora ana sing kagawé

ngedjogi, kosokbaliné prawan sing pinter pada nggawa lenga andungan ana ing waduhé.

Sarèhné suwé enggoné pada ngentèni, mangka pangantèné durung padja-padja teka, prawan mau dadi karipan kabèh nganti pada keturon, lan damaré dienggeng murub, temah suwé-suwé lengané entèk.

Bareng wajah tengah bengi dumadakan ana alok-alok: „Pangantèné teka, pangantèné teka, pada petuken!” Prawan sepuluh mau tumuli pada tangi kabèh, bandjur wiwit nata damaré; damar sing wis entèk lengané bandjur pada diedjogi lan disumed. Nanging bareng prawan sing tanpa pikir arep nata damaré, banget kagété, djalaran lengané wis entèk, mangka ora nggawa lenga andungan, mulané bandjur pada nembung marang kang pinter: „Aku mbok pada kotulungi lengamu, awit damarku wis entèk lengané! Jèn ora kotulungi, aku mesti pada ora bisa mlebu ing papaning karaméan.” Nanging prawan sing pinter pada mangsuli: „Adja, supaja aku lan kowé adja nganti pada ketjupetané, angur pada menjanga enggoné kang adol, tukua déwé.” Salungané prawan sing tanpa pikir mau tuku lenga, pangantèné teka, ramé suraké wong-wong sing pada mangajubagja tekané pangantèn, bandjur pada diarak mlebu ing bawa-

han. Prawan lima sing wis pada miranti bandjur pada mèlu menjang ing papaning karaméan; bareng pangantèn sapangiringé wis pada mlebu kabèh, lawangé bandjur kakantjing.

Prawan lima sing lagi lunga golèk lenga keprijé?

Satekané ing ngarep omahé pangantèn, lawangé tinemu wis kakantjing rapet. Saka ing djaba prawan mau pada ngrungu gijak lan suraké wong-wong sing lagi pada bungah-bungah mahargja pangantèn. Prawan mau banget kepénginé mlebu ing bawahan, nanging ora bisa, bandjur pada totok-totok sarta aturé: „Bendara-bendara, kula mugé sami kawenganana!” Nanging saka ing djero pangantèn lanang mangsuli: „Aku ora wanuh ing kowé.” Dadiné prawan lima sing tanpa pikir mau pada kari ana ing djaba, ing panggonan sing adem lan peteng, mangka ing papaning karaméan ana pepadang lan sabawaning kabungahan gedé . . .

Sarampungé ndawuhaké pasemon mau, Gusti Jésus bandjur ngandika: „Kang iku kowé pada melèka, awit kowé pada ora weruh dina lan wajahé bésuk rawuhé Putrané manusa.”

PARA sekabat wis bisa njandak eliding pasemon mau: sing disebut pangantèn ana ing pasemon iku ora lija mung Gusti Jésus pijambak, lan para muridé sing pada tresna marang Pandjenengané iku kadawuhan ngentèni rawuhé kang kaping pinço, sawisé Pandjenengané séda. Lan supaya pada bisa kuwat lan mantep enggoné pada ngentèni nganti sarawuhé, para murid kadawuhan pada ngukuhaké katresnan lan kapratjajan, kajadéné damar, supaya bisa lestari urubé, kudu ana isiné lenga, malah kudu disedijani lenga andungan.

Lan mungguh bakal rawuhé manèh marang djagad, para murid pada njuwun priksa marang Gusti Jésus mengkéné: „Gusti, bédjing punapa badé kelampahanipun prakawis punika?”

Ing kono Gusti Jésus bandjur ngandika jèn waktuné iku digawé samar, dawuhé: „Nanging mungguh dinané lan wajahé iku ora ana kang sumurup, dadia para malaékat kang ana ing swarga, dadia Sang Putra, kedjaba mung Sang Rama!”

Nanging kajadéné bakal ana lelakon kang nggegirisi sadurungé Jerusalèm kagempur, mengkono uga bakal ana lelakon kang luwih nggegirisi sadurungé Putrané manusa rawuh manèh ing djagad: bakal ana pailan, perangé bangsa nglawan pada bangsa, pageblug lan lindu . . . Nanging dina lan wajahé digawé samar. Karodéné Indjil kudu kaundangaké

wrata ing sadjagad kabèh, minangka dadi paseksi marang sakèhé para umat.

Jèn wis kelakon kabèh, bandjur lagi baé tumeka ing dina wekasan, jaiku *dinaning Pangadilan*. Ing kono saisining djagad bakal pada ndeleng Gusti Jésus rawuh nitih mégané langit, ngagem pangwasa lan kamuljan gedé; Pandjenengané djumeneng Radja ing swarga lan ing bumi, ginarebeg ing para Malaékat sutji, lan Pandjenengané pinarak ana ing dparing kamuljan.

Ing kono sakèhé para umat ing salumahing bumi bakal pada kaklumpukaké ana ing ngarsané kaja ana ing ngarsané Hakim. Pada kaja pangon enggoné njilah-njilahaké wedus gèmbèl karo wedus bérok, mengkono uga Gusti Jésus ija bakal njilah-njilahaké para umat. Kang gèmbèl pada diprenahaké ana ing tengené, lan kang bérok ana ing kiwané. Tumuli Pandjenengané bakal ngandika marang kang ana ing tengené mau: „Hé para kang binerkahan déning Ramaningsun, mara pada nampanana warisan kraton, kang wus katjawisaké marang sira wiwit djagad tinalesan. Awitdéné nalika Ingsun *kerapan*, sira saosi dahar, nalika Ingsun *kasatan*, sira saosi ngundjuk, nalika Ingsun *lelana*, sira saosi pakuwon, nalika Ingsun *kelukaran*, sira agem-agemi, nalika Ingsun *gerah*, sira tiliki, nalika Ingsun *kinundjara*, sira temoni.”

Ing kono para wong sampurna mau bakal pada mangsuli, undjuké: „Duh Gusti *kala punapa* Pandjenengan dalem kawula tingali *kerapan*, ladjeng kawula saosi dahar? utawi *kasatan*, kawula saosi ngundjuk? *Kala punapa* Pandjenengan dalem kawula tingali *lelana*, ladjeng kawula saosi pakuwon? utawi *kelukaran*, kawula agem-agemi? Mekaten malih *kala punapa* Pandjenengan dalem kawula tingali *gerah* utawi *kinundjara*, ladjeng kawula sowani?”

Ing kono Gusti bakal mangsuli, pangandikané: „Satemené dawuhingsun marang sira: Sepira panggawénira mengkono mau marang sedéngaha para *saduluringsun kang tjilik déwé* iki, ija iku panggawénira marang Ingsun.”

Sawusé mengkono Gusti ija bakal ngandika marang kang ana ing kiwané: „Èh wong kang kena ing laknat, pada sumingkira saka ing ngarsaningsun menjang ing geni langgeng kang wus katjawisaké marang Iblis lan samalaékaté. Awitdéné nalika Ingsun *kerapan*, ora sira saosi dahar, nalika Ingsun *kasatan*, ora sira saosi ngundjuk, nalika Ingsun *lelana*, ora sira saosi pakuwon, nalika Ingsun *kelukaran*, ora sira agem-agemi, nalika Ingsun *gerah* utawa *kinundjara*, ora sira tiliki.”

Ing kono wong mau bakal pada mangsuli,

undjuké: „Duh Gusti, *kala punapa* Pandjenengan dalem kawula tingali kerapan utawi kasatan, lelana utawi kelukaran, gerah utawi kinundjara, mangka boten kawula ladosi?”

Gusti ija bakal maringi wangsulan, pangandikané: „Satemené dawuhingsun marang sira: Sepira ora anané panggawénira mengkono mau marang sedéngaha para kang tjilik déwé iki, ija iku ora ana panggawénira mengkono marang Ingsun.”

Déné wong-wong iku bakal pada lumebu ing siksa langgeng, nanging para *wong sampurna* pada lumebu ing urip langgeng.

PARA sekabat pada ngrungokaké klawan tumemen, lan saiki luwih tjeta panampané marang dawuhé Gusti Jésus mungguh ing angger-angger kang gedé déwé, kaja sing wis dipangandikakaké marang wong Farisi, mengkéné: „Sira tresnaa marang Pangéran Allahira diklawan gumolong atinira, lan gumolong njawanira, sarta gumolong budinira, apadéné klawan sakakuwatanira. Ija iku *pakon kang luhur déwé*, déné kang kapindo *kang pada uga kaja kang ngarep mau: Sira tresnaa ing sapepadanira dikaja marang awakira déwé.*”

Mengkono manèh saiki dadi saja luwih tjeta tumrapé para sekabat, jèn Gusti ora kersa jasa kraton kadonjan, nanging jèn ing tembé Pandjenengané bakal rawuh manèh, bandjur djumeneng Ratu ngerèhaké djagad lan swarga.

Déné para sekabat lan wong-wong sing pada tresna marang Pandjenengané kadawuhan pada ngentèni klawan sabar mantep; lan pada kadawuhan tansah pada dangan tetulung marang sedéngah wong kang ringkih lan asor, marang sedéngah para kang tjilik, kang pada ditresnani déning Gusti pijambak.

Para sekabat mung pada njawang marang Gusti Jésus, *sedihing atiné* ketara ana ing polatané. Gèk bésuk apa enggoné Gusti arep nilar para kagungané?

Senadjan katoné pada ngandut sedih, éwase-mono isih ana pangarep-arep kang nuwuhaké kabungahan: ing tembé Gustiné, Djuru Slameté, bakal rawuh manèh lan bakal djumeneng Ratu, malah Ratuning kalanggengan!

JUDAS

ING wajah bengi ana wong mlaku mlipir-mlipir témboké omah ing Jerusalèm, nggolèki omah panggonané para pangarepé imam lan para ulama pada nglumpuk rerubukan enggoné arep njepeng lan njirnakaké Gusti

Jésus. Wong mau wis kesurupan déning Iblis, mulané nggolèki omahé satruné Gusti Jésus. Atiné wis suwé ngenDEM sengit, ketara saka mripaté sing mantjereng. Wong sing apangawak Iblis mau djebul salah sawidjiné muridé Gusti Jésus sing djeneng Judas Iskariot.

Judas mau, pada kaja sekabat lija-lijané, kajata: Pétrus, Jochanan utawa Jakobus, ora éman ninggal barang darbèké kabèh, mung perlu arep ndèrèk Gusti Jésus, nanging lela-buhé sing semono mau bakal ora ana pituwasé apa-apa. Saiki Judas wis yakin, djalaran wis bola-bali Gusti Jésus ngandikakaké apa sing bakal kelakon, malah wis wani nemtokaké, jèn Gusti Jésus bakal *nemahi séda*.

Sarèhné mengkono, atiné bandjur malih sanalika, ati sing wedi lan éring malih dadi sengit lan geṅing. Sing dadi idam-idamaning atiné larud kabèh Apa mengkono iku wekasané enggoné kepati-pati ndèrèk Gusti Jésus apa mung dipurih neksèni enggoné arep séda? Lan jèn wis ditilar séda, keprijé nasibé Judas? Apa ora malah diwewada lan dipepojok déning wong akèh sarta dielokaké: „Lah kaé panunggalané muridé guru apus-apan!”

O, sing kaja mengkono iku adja nganti kelakon!

Judas mau enggoné ndèrèk Gusti Jésus nganggo pangarah supaja bisa olèh kasugihan lan kamuljan, malah bokmenawa bakal bisa olèh pangkat bupati ana ing tatanan kraton anjar samangsa Gusti Jésus kersa djumeneng ratu Lan gagasan mengkono iku ora klebu gagasan sing ngajawara, waton Gusti Jésus kersa tumandang. Mangka wis kebuk-tèn jèn wong golongan pada saijeg arep ndjumenengaké ratu marang Gusti Jésus, nalika pada surak-surak lan gijak-gijak ngarak Gusti Jésus mlebu ing negara Jerusalèm klawan pamudji: „Hosanna! Hosanna!” . . . Apa djalarané déné Gusti Jésus ora kersa minangkani sing dadi pangarep-arepé wong golongan, sing ija dadi pangarep-arepé Judas?

Iku mula bukané Judas ketuwuhan rasa geṅing marang Gusti Jésus, bosen ngrungokaké dawuh pangandikané bab tobat lan piduwung, bab kapratjajan lan katresnan Nanging Judas ora tau ngrungu bab kamuljan lan kasugihan sing tansah diidam-idamaké. Mulané Judas rumangsa ketjuwan. Nanging . . . saiki arep mbudidaja bisané olèh *pepulih*

Ing wajah bengi iku Judas ngglenes ninggal Guru lan kantjané pada sekabat lunga menjang ing parepatané para pangarepé bangsa Jahudi, ngaturaké kasaguhané enggoné arep ngulungaké Gusti Jésus; waton Judas dikantèni wong sikep gegaman sawetara, wis mesti Gusti Jésus ora bakal mrutjut saka ing

tangané. Tekan semono enggoné Judas arep njidra marang Guruné.

Wiwitané para ulama mau pada ora ngandel jèn ana sekabat tegel ngulungaké Guruné marang mungsuh, nanging bareng ngrungokaké udjaré Judas lan ndeleng polatan lan solah bawané sing ngendem sengit, wong-wong mau pada banget bungahé sarta sarudjuk mènèhi opah awudjud duwit telung puluh sèkel selaka, kurang luwih adjiné pada karo patang puluh lima rupijah. Udjaré wong-wong mau: „Saiki ora perlu disrantèkaké tekan lebar rijaja, luwih betjik sadurungé rijaja, mung kari ngentèni sasmitané Judas baé!”

Ngrungu udjaré para ulama mengkono mau, Judas mantuk sedyana ngantepi kasaguhané. Atiné sing ketjuwan bakal sida olèh pepulih, malah olèh tombok duwit telung puluh sèkel selaka!

ING wajah bengi iku uga Judas énggal mulih menjang panggonané Guru lan kantjané pada sekabat. Lakuné gegantjangan mlipir-mlipir témbok murih adja nganti konangan ing wong. Mesti baé Judas njidem prakara mau ana ing ngarsané Gusti Jésus lan para sekabat lijané ora ana sing duwé panggrajangan ingatasé Judas. O enggoné Judas nganti tumindak mengkono iku ora saka karepé déwé, djalaran atiné wis kesurupan Iblis.

Judas, panunggalané murid pilihané Gusti Jésus, saiki wis duwé tékad arep ngulungaké Gusti Jésus, Putrané Allah kang Maha sutji.

Mangka opahé mung telung puluh sèkel selaka!

BUDJANA PASKAH KANG WEKASAN

KATJARITA nalika semono mbeneri dina kang kalima ing sadjeroning minggu sing lagi lumaku. Ing dina iku saben brajat Israèl njembelèh tjempé lan ngolah roti tanpa ragi apadéné djangan kang pait

Patrapé bangsa Israèl mengkono iku ngléluri tata-tjarané para leluhur ing djaman kuna, nalika Gusti Allah ngarepaké ngentas bangsa Israèl saka ing pangawulan ing tanah Mesir, lan sapungkuré iku patrap mengkono mau saben taun tansah dileluri déning bangsa Israèl nganti tekan djaman semono, senadjan wis let pirang-pirang atus taun.

Adat mengkono mau diarani rijaja Paskah, rijaja sing kebak kabungahan lan panuwun sokur marang sih kadamane Allah.

Ing djaman kuna nalika wiwitané bangsa Israèl nampani dawuh supaya nganakaké rijaja mau, dadi nalika bangsa mau ngarepaké budal saka ing tanah Mesir, saben

brajat Israèl ana ing omahé déwé pada kembulan mangan daging tjempé panggangan karo roti tanpa ragi lan djangan pait.

Saiki, ing djamané Gusti Jésus, ing dina wiwitané rijaja Paskah, bangsa Israèl kabèh ija pada arep kembulan mangan Paskah ana ing omahé déwé-déwé. Nalika semono Gusti Jésus ngutus Pétrus lan Jochanan dawuhé: „Kowé pada lungaa njawisaké enggon kita pada mangan Paskah.” Undjuké kang diutus: „Karsa Tuwan anggèn kawula njawisaken wonten ing pundi?” Dawuh wangsulané Gusti Jésus ora kaja salumrahé wong jèn ngantjerantjeri prenahé omah utawa djenengé wong sing kudu diparani. Pétrus lan Jochanan mau mung kaðawuhan menjang ing negara, ing satjedaking gapura bakal kepetuk karo wong sing ngindit djun isi banju. Wong mau kudu dietutaké nganti mlebu ing omah. Pétrus lan Jochanan kaðawuhan mlebu ing omah kono uga lan matur marang kang duwé omah mengkéné: „Piwelingipun, Guru dateng sampéjan: Ana ing ngendi gedong pamondokan, panggonanku mangan Paskah karo sekabatku.” Wong mau mesti bakal nuduhaké gedong gedé lan ing lotèngé wis ditata miranti kanggo kaperluané Paskah. Lan ana ing lotèng mau Pétrus lan Jochanan pada kaðawuhan njawisaké Paskah .

Dawuh wangsulané Gusti Jésus mau, senadjan semuné durung pati gumatok, nanging tumrapé Pétrus lan Jochanan pangandikané Guruné iku wis dianggep pada karo prakara sing njata. Bareng pada dilakoni apa sapiwelingé Gusti Jésus, tinemuné kabèh ora ana sing nlisir. Ana ing kono Pétrus lan Jochanan bandjur pada njawisaké Paskah.

Bareng wis tumeka wajahé, Gusti Jésus karo para sekabaté rawuh ing panggonan kang katata miranti mau. Karo para sekabaté kabèh dadiné Judas ija ndèrèk. Nanging sedyaning atiné sing ala ora ana sing ngerti, kedjaba Gusti Jésus pijambak.

Satekané ing lotèng, trumpahé pada ditjopot lan ditinggal ing sangarepé lawang; para sekabat énggal pada mapan ana ing resban sing ditata sakupengé médja dahar Nalika iku ora ana batur sing ngwisuhi sikilé para tamu, kaja sing dadi adat kalumrahané bangsa Israèl sadurungé para tamu diatjarani mapan lenggah.

Nanging senadjan ora ana batur, para sekabat satemené rak bisa nindakaké pagawéan mau déwé, awit ing kono wis disadijani banju sapirantiné wisuh kabèh. Nanging sapa sing gelem nglakoni pagawéaning batur? Para sekabat rolas mau ora ana sidji baé sing gelem ngesoraké awak, ngladèni kantjané; kabèh pada ngarah supaya diladèni, dadiné



... BANDJUR LEKAS NGWISUHI SIKILÉ PARA SEKABAT ...

luwih kadjèn. Pantjèn ing sadurungé wis ana dija-dinija ing antarané para sekabat bab panunggalané sapa sing dadi pangarep . . .

Mungguh Gusti Jésus pijambak keprijé? . . . Pandjenengané mirsani sakabèhing rasa-pangrasa sing ana ing atiné para sekabat, mulané bandjur kepareng maringi pamelèh. Bareng kabèh wis pada mapan ana ing papané dèwé-dèwé, Gusti Jésus bandjur djumeneng saka ing budjana, lukar pangageman, sarta mendet lawon, tumuli ngesok banju ing pawisuhan, bandjur lekas ngwisuhi sikilé para sekabat, sarta diusapi nganggo lawon sing diubedaké mau.

Para sekabat pada weruh apa sing ditindakaké Gusti Jésus, temah pada rumangsa kewelèh. Gusti Jésus nindakaké pagawéan sing adaté dilakoni déning batur. Pandjenengané sing mestiné kudu *diladosi* déning para sekabaté, saiki malah *ngladosi*. Pandjenengané kang maha sutji lan kagungan pangwasa, kersa ngesoraké sarira nganti djèngkèng ana ing ngarepé para sekabat ngwisuhi sikilé. Para sekabat ngerti piwulang apa sing diparingaké sarana patrap mengkono mau. O, la kok mau-mau ora ana sing duwé gagasan wisuh dèwé utawa ngwisuhi kantjané!

Mengkono sabatjuté para sekabat pada

genti-genti diwisuhi sikilé déning Gusti Jésus, nanging satekané ing panggonané Simon Pétrus, ing kono Pétrus mopo. Pétrus weruh enggoné Gusti Jésus djèngkèng ing ngarepé kantja-kantjané lan ngwisuhi sikilé, nanging ing batin Pétrus ora lila ndeleng Gusti Jésus nindakaké panggawéan batur, gagasané: „Adja nganti aku diwisuhi Gusti!” Bareng Gusti Jésus wis djèngkèng ana ing ngarepé, Pétrus kepeksa mundjuk: „Gusti, punapaa Tuwan kersa ngwisuhi suku kawula?” Nanging Gusti Jésus bandjur paring wangsulan, pangandikané: „Panggawéku iki samengko kowé durung njandak tegesé, nanging bésuk kowé bakal ngerti!” Senadjan Pétrus saiki durung ngerti, éwadéné meksa mopo, undjuké: „Ing salami-laminipun sampun ngantos Tuwan ngwisuhi suku kawula.” Nanging Gusti Jésus bandjur mangsuli pangandikané: „Menawa kowé ora dakwisuhi, dadi ora nunggal panduman karo Aku.” Pangandikané Gusti mengkono iku gawé kagèt lan getuné Pétrus, awit ora njana babar pisan jèn undjuké mau bakal mitunani awaké dèwé. Ora nunggal panduman karo Gustiné, dadiné ora kepareng ndèrèk ing satindaké lan ora kepareng dadi sekabaté? O, muga-muga sing kaja mengkono adja nganti kelakon! . . . Pétrus wis mantep tékadé arep ndèrèk Gusti Jésus

klawan gumolonging atiné ing sadjegé urip, mulané gupuh-gupuh undjuké: „Gusti, sampun ngamingaken suka kawula kémawon, mugé dalah tangan kalijan sirah pisan.” Enggoné Pétrus mundjuk mengkono iku karepé masrahaké djiwa lan ragané supaja kepareng nunggal karo Gustiné. Nanging iku ora perlu, wis tjukup jèn sikilé baé sing diwisuhi. Kaja mengkono patrapé Gusti Jésus enggoné ngladosi Pétrus lan sekabat lija-lijané, nganti kabèh pađa diwisuhi sikilé.

Gusti Jésus sarampungé ngwisuhi sikilé para sekabat, bandjur ngagem pangagemané sarta pinarak manèh ngepang médja lan ngandika: „Kowé apa pađa njandak tegesé panggawéku marang kowé iku mau?”

APA para sekabat pađa bisa njandak piwulang sing diparingaké Gusti Jésus sarana pandamelé mau? Para sekabat mung pađa tumungkul isin lan ora mundjuk apa-apa. Enggoné pađa mangkat menjang ing budjana Paskah mau atiné wis nggawa rasa ora kepénak, djalaran kaja-kaja wis ngarepaké prakara sing nggegirisi, sing asring dipangandikakaké déning Gusti Jésus pijambak. Bola-bali Gusti ngandikakaké bab bakal sédané Mangka atiné wis kađung tresna marang Pandjenengané, lan jèn Gustiné nganti nemahi séda temenan, gèk keprijé polahé? Mu'ané ora nggumunaké jèn tekané ana ing budjana Paskah mau atiné wis *ngandut sédih*.

Éwadéné senadjan ana prakara sing luwih déning gawat, para sekabat isih pađa kober dija-dinija rebut ngarep, nanging saiki pađa ngerti, jèn enggoné pađa padu mau mung muwuhi *trenjuhing galihé* Gustiné.

Nanging Gusti Jésus ora ketingal jèn rengu galihé, lan para sekabat pađa ora didukani. Gusti Jésus mung mundut wađah banju lan lawon, bandjur ngwisuhi sikilé para sekabat. Pandjenengané ngesoraké sarira ngladosi para sekabat. Sarana patrap mengkono Gusti Jésus nedahaké klawan tjeđa apa sing kudu ditindakaké para sekabat. Para sekabat diparingi tulađa jèn kudu pađa ngesoraké awak, lan ngladèni pepađané klawan katresnan.

Bareng para sekabat mung pađa meneng baé, Gusti Jésus ngladjengaké pangandikané: „Aku kosebut Guru lan Gusti, lan wus bener panjebutmu iku, awit đasar mengkono Aku iki. Kang iku menawa Aku iki kang dadi Gusti lan Guru, wus ngwisuhi sikilmu, dadi kowé ija pađa kuwadajiban wisuh-winisuhan sikil. Awit Aku wus awèh tulađa marang kowé, supaja kaja kang dadi panggawéku marang kowé, kowé ija pađa nglakonana mengkono uga. Satemen-temené pituturku ing kowé: Kang djeneng abdi iku ora ngungkuli benda-

rané, utawa kang djeneng utusan ija ora ngungkuli kang ngutus. Menawa kowé sumurup prakara iku, rahaju kowé menawa ija pađa nglakoni.” Para sekabat saiki wis tjeđa pangertiné marang piwulang sing diparingaké Gusti Jésus, lan bandjur pađa kélingan pangandikané bab anđap-asor mengkéné: „Sing sapa mélik dadi pangarep ana ing antaramu, iku dadia budaking akèh”.

ENGGONÉ pađa ngepung budjana Paskah dibatjutaké, nanging papan ing budjana mau kaja-kaja kalimputan ing swasana sédih. Para sekabat ora ana sing kumetjap. Gusti Jésus bandjur ngandika manèh: „Wus banget kepénginku mangan Paskah karo kowé sadurungé Aku nandang sangsara. Awit pituturku ing kowé: Aku bakal ora mangan iku manèh kongsi tumeka bésuk kajektèné ana ing kratoné Allah.”

Rungokna ta, saiki Gusti Jésus ngandikakaké manèh bab enggoné bakal nandang sangsara lan séda; pangandikané iku dudu saloka utawa pasemon, nanging pangandika wantah, wong sing ngrungu mesti ngerti kersané.

Para sekabat pađa njawang Gusti Jésus klawan sédih, kaja patrapé wong sing pađa njawang seduluré sing arep petjat njawa lan sédela engkas talining katresnan mesti peđot déning dajaning pati. Para sekabat pađa ruma-ket marang Gustiné lan Gusti Jésus pijambak ija kasok tresnané marang para sekabaté. Gusti Jésus kepéngin banget đahar Paskah bareng karo para sekabat sadurungé séda, dadi mung kari sepisan iki enggoné pađa bisa tetunggalan, nanging tetunggalan sing wekasan lan sing banget nrenjuhaké.

Nanging para sekabat malah saja samar lan ngungun atiné apadéné kođeng pikiré, bareng ngrungu Gusti Jésus ngandika manèh: „Satemené pituturku ing kowé: Sawidjining panunggalanmu bakal ngulungaké Aku.”

Ngulungaké? Ngulungaké *Gusti* marang mungsuh? Ngulungaké *Guru lan Gustiné* sing pađa ditresnani lan sing sutji sampurna tanpa kaluputan? Dadi njidra marang Guruné sing mung tansah nindakaké kasaénan? Kaja-kaja ora ketemu ing nalar jèn nganti kelakon mengkono!

Nanging prakara iku mesti bakal kelakon temenan, djalaran Gusti pijambak sing ngandikakaké. Gusti Jésus isih njambeti pangandikané: „Lungané Putrané manusa iku ija nurut ing pepesèñ, nanging bilai wong kang dadi margané enggoné kaulungaké. Begdja wong iku saupama ora kelakona lair.”

Para sekabat tumuli pađa pandeng-pinandeng kambi melang-melang, sapa baja kang

dipangandikakaké iku. Ing batin pađa nakoni awaké déwé-déwé: „Apa nganti kelakon aku ngulungaké Gustiku déwé?” Para sekabat bandjur pađa njeđaki Gusti Jésus sarta genti-genti pađa mundjuk: „Kawula rak boten, Gusti?” Kaja-kaja para sekabat mau pađa arep mundjuk mengkéné: „O, Gusti, mugi kawula Tuwan ajomi, sampun ngantos nglampahi pandamel maksijat punika!”

Jochanan, sekabat sing tansah tjeđak karo Gusti Jésus, enggoné lungguh ana ing sanding pangkoné. Iku bandjur disasmitani déning Pétrus kapurih mundjuk pitakon sapa sing dipangandikakaké iku. Panunggalané para sekabat salah sidji! Gèk sapa wongé? Jochanan mau bandjur manglung ing djadjané Gusti Jésus sarta mundjuk pitakon: „Gusti, sinten tjangipun?”

Gusti Jésus bandjur paring wangsulan tjeta: „Kang bakal dakwènèhi pulukan sawusé daktjelupaké, ija iku wongé.” Nanging pangandika mau mung Jochanan déwé sing ngrungu.

Nalika semono lungguhé Judas ađep-ađepan karo Gusti Jésus. Bareng ngrungu pangandikané Gusti Jésus bab wong kang bakal ngulungaké Pandjenengané, jaiku panunggalané para sekabat, Judas kagèt banget. Apa Gusti ija wis pirsia tekan ing batiné, jèn kebak pangarah ala lan pangigit-igit marang Pandjenengané? Nanging senadjan rumangsa wis kedjođeran, sedyané sing ala mau arep disamudana, mulané bandjur mèlu mundjuk kaja sekabat lija-lijané: „Kawula rak boten ta, Rabbi?” Ing kono wangsulané Gusti Jésus ora ngagem tèdeğ aling-aling: „Kowé wus ngarani!” Dawuh wangsulan mau tumanané kaja sumelèté tjemeti ana ing rainé Judas. Pangandika mau tjetané mengkéné: „Ija, Judas, kowé déwé wis ngrumangsani. Apa perluné kowé ndadak isih nganggo samudana?”

Gusti Jésus bandjur mendet roti pulukan, sawisé ditjelupaké, diparingaké marang Judas. Sawisé nampani pulukan mau, Judas bandjur dipangandikani déning Gusti Jésus: „Kang dadi sedyamu iku énggalna!”

Para sekabat sing pađa kembulan kabèh ora ana sing ngerti apa tegesé pangandikané Gusti Jésus marang Judas mau. Ora ana sing njana babar pisan jèn panggawé sing arep dilakoni Judas iku nggegirisi banget. Malah ana sing duwé pangira, sarèhné Judas kang njekel kantong duwit, dadi diđawuhi déning Gusti Jésus supaja tukua kang dadi kaperluané rijaja Paskah mau, utawa dikersakaké dedana marang wong miskin.

Déné Judas sawisé nampani pulukan mau, bandjur ngadeg, lan metu tanpa pamit saka ing kono. Mangka wajahé bengi.

Ana ing papaning budjana, ing panggonan sing pađang, tjeđak karo Gusti Jésus sing bisa nguningani tekan ing deđasaring ati, ana ing kono Judas tansah rumangsa ora kepénak atiné. Nanging bareng tekan ing djaba ing panggonan sing peteng, atiné lagi bisa djen-djem. Pantjèn piala iku mungguh banget dumunung ana ing pepeteng.

KOTJAPA salungané Judas, budjanané Paskah dibatjutaké. Gusti Jésus mirsani para sekabat, saiki mung kari sewelas, awit Judas wis lunga. Bareng karò lungané Judas, rasa sing njengkal lan sléntja ana ing padjagongan ija bandjur ilang sanalika. Gusti Jésus saiki mung diađep para sekabaté sing pađa wedi asih marang Pandjenengané. Sawusé pađa saos sokur nganggo kidung pamudji, kaja adaté wong Israèl sadurungé mangan Paskah, Gusti Jésus bandjur mendet roti, sawisé diberkahi, tumuli ditjuwil-tjuwil lan diparingaké marang para sekabat, kambi ngandika: „Pada tampanana, panganen, iki badanku.” Nuli mendet tuwung isi anggur, sawisé saos sokur, bandjur diparingaké marang para sekabat, dawuhé: „Pađa ngombéa kabèh ing tuwung iki, awit iku getihku kang mungguh ing pradjandjian anjar, kang kawutahaké kanggo ing akèh murih apuraning dosa.” Para sekabat pađa mangan roti lan ngombé anggur pepariné Gusti kambi njawang Pandjenengané klawan gumun.

Gusti Jésus ija ngandika: „Enggonmu pađa nglakoni iku gawènen pangéling-éling marang Aku.” Nanging apa kersané maringi dawuh mengkono iku? Apa kersané supaja para sekabat adja nganti lali marang Pandjenengané? Apa para sekabat kađawuhan pađa mangan roti lan ngombé anggur bebarengan minangka enggoné pađa ngéling-éling marang Gusti lan Guruné? Apa mengkono sing dikersakaké?

Lan manèh apa maknané Gusti ngandika jèn roti iku sarirané lan anggur iku rahé kang kawutahaké? Nalika isih pađa ngepung budjana, para sekabat durung ngerti tegesé pangandikané Gusti Jésus sing tansah ngéling-élingaké marang sangsara lan sédané. Apa njata jèn mung kari sepisan iki enggoné pađa bisa tetunggalan mangan Paskah karo Gustiné? Dadi iki budjana Paskah sing wekasan?

Para sekabat pađa mangan roti lan ngombé anggur, ora ana sing kumetjap, djalaran atiné kisruh déning gumun kaworan seđih.

BÉSUK ing tembé, sawisé lelakon mau kepungkur suwé, para sekabat lagi bisa njandak tegesé pangandikané Gusti Jésus mau. Ing tembé para sekabat bakal pađa

nglumpuk, saben dina, lan mangan roti karo ngombé anggur bebarengan, nanging Gusti Jésus wis ora ana ing tengahé, mung katresnané sing tansah pada diéling-éling, jaiku: enggoné Gusti Jésus wis masrahaké saka-gungané kabèh, sarira dalah rahé, djiwa ragané, malah sakamuljané kabèh, kanggo wong akèh lan ija kanggo para sekabat déwé.

Budjana Paskah iku *budjana pangéling-éling*. Wong Israèl pada njembelèh tjempé lan pada mangan roti tanpa ragi, minangka pangéling-éling marang pangentasané bangsa Israèl ing djaman kuna saka ing *tanah Mesir*.

Budjana Sutji kaja sing di dawuhaké déning Gusti Jésus marang para sekabat mau, mangan roti lan ngombé anggur, iku ija dadi budjana pangéling-éling marang pangentasan saka ing *pamisésané dosa*. Gusti Jésus nglampahi nandang sangsara lan séda iku kanggo ngentasaké para kagungané saka ing pamengkuné dosa, temah pada bisa olèh karahajon langgeng.

Ing tembé para sekabat pada bisa ngerti tegesé pangandikané Gusti Jésus, temah trenjuhing atiné nalika semono malih dadi kabungahan gedé.

Lan ora mung para sekabat sewelas sing pada ngéstockaké dawuhé Gusti Jésus Pirang-pirang atus taun sapungkuré Gusti Jésus séda, ing endi-endi panggonan ing djagad wong-wong sing pada wanuh lan tresna marang Gusti Jésus, pada ngéstockaké dawuh mau, lan saben-saben pada tetunggalan nganakaké budjana sutji.

„Enggonmu pada nglakoni iku gawénen pangéling-éling marang Aku!” mengkonu dawuhé Gusti Jésus sing wekasan marang para sekabaté. Lan dawuh mau diéstockaké déning wong éwon lan jutan ana ing salumahing bumi. Saben-saben ana pakumpulané wong-wong mau pada tetunggalan mangan roti lan ngombé anggur kambi ngéling-éling marang sihé lan marang sédané Gusti Jésus. Lan dawuhé mau bakal lestari diéstockaké djalaran wong-wong mau pada ngerti, jèn mung sihé Gusti Jésus, sing bisa ngolèhaké karahajon langgeng, temah katarimah manèh ana ing ngarsané Allah.

Nanging nalika wengi iku para sekabat durung bisa njandak eliding dawuh sing diparingaké déning Gusti Jésus. Kedjaba prakara mau lagi ketembèn tumrapé para sekabat, atiné déwé ija bebeg ngrasakaké Gustiné enggoné bakal nandang sangsara.

Déné Gusti Jésus pijambak keprijé? Ora ana wong sing ngerti lelakon apa sing bakal kelakon ing bengi iku, kedjaba mung Gusti Jésus pijambak. Senadjan mengkonu, éwadéné Gusti Jésus mung tansah migatosaké

para sekabaté, sing pada katon sedih atiné, temah pada diparingi panglipur.

Pangandikané Gusti Jésus: „Atimu adja melang-melang. Pada kumandela ing Allah, ija kumandela ing Aku uga. Ing dalemé Ramakku akèh panggonané. Aku lunga njawisi papan marang kowé. Déné menawa Aku wus lunga njawisi papan marang kowé, tumuli Aku bakal bali ngalap kowé marek marang Aku, supaja ing endi dunungku, kowé ija pada anaa ing kono uga. Mangka ing endi paranku kowé wus pada sumurup, lan ija pada sumurup dalané Aku iki dalané, sarta djatiné kajektèn lan kauripan. Ora ana wong kang marek marang Sang Rama menawa ora metu ing Aku . . . Kowé bakal ora daktinggal lola, Aku nemoni kowé.”

Para sekabat pada marem ngrungokaké pangandikané Gusti Jésus lan atiné pada kalipur. Gustiné bakal rawuh manèh, malah ing tembé bakal pada tetunggalan karo Pandjenengané ing salawas-lawasé.

Isih akèh sing dipangandikakaké Gusti Jésus ana ing budjana Paskah iku. Senadjan Gusti Jésus bakal nilar para sekabaté ana ing tengahing djagad, éwadéné ora ditilar tanpa kanti, awit bakal disuwunaké marang Sang Rama supaja diparingana Djuru Pirembag, jaiku Sang Roh Sutji, kang bakal dedalem ana ing atiné, nuntun ing salaku-lakuné, apadéné nedah-nedahaké apa sing durung dingertèni déning para sekabat.

Gusti Jésus ija mangandikakaké bab katresnan sing dadi dasaré patunggalan ing antarané para sekabat. Pangandikané: „Kowé pada dakwènèhi pakon kang anjar, supaja kowé pada tresna-tinresnana. Dikaja enggonku tresna marang kowé, kowé ija pada tresna-tinresnana uga. Ija iku margané ketitik marang wong kabèh jèn kowé pada dadi muridku, menawa kowé pada tresna-tinresnan.” Kaja mengkonu patrapé enggoné Gusti Jésus maringi panglipur marang para sekabaté, ora kendat-kendat enggoné menggalih, ngreksa lan ndongakaké marang para kagungané. Mangka waktuné nandang sangsara saja suwé saja njedaki, nanging para sekabat ora ana sing ngerti, kedjaba mung Gusti pijambak.

Sawisé pada saos sokur lan sarampungé budjana Paskah mau, Gusti Jésus bandjur ngandika marang para sekabat: „Mara pada ngadega, pajo pada mangkat saka ing kéné.”

GÈTSEMANÉ

WAJAHÉ peteng ndedet lan sepi njenjet. Gusti Jésus bi dal saka panggonané budjana Paskah mau kadèrèkaké para sekabat sewelas; kabèh pada ngarah bisaa tjedak

karo Gustiné, kaja-kaja ora kena ginging sedéla baé . . . Nanging Gusti Jésus nguningani batiné para sekabat, luwih tjeṭa katimbang para sekabat déwé. Pangandikané Gusti Jésus klawan sedih: „Ing sawengi iki kowé bakal paḍa ketjuwan krana Aku, awit ana tulisan mengkéné: Ingsun bakal nggebag marang djuru pangèn, sarta para weḍus panunggalaning pantané bakal paḍa pating slebar.” Para sekabat paḍa mangsuli undjuké: „Duh Gusti, punapa inggih kelampah kawula sami nilar dumateng Tuwan? Kawula sampun sami tunggil tékad ndèrèk Tuwan!” Déné Pétrus bandjur mundjuk déwé: „Gusti, sanadjan sadaja sami ngantosa ketjuwan krana Tuwan, kawula mesthi boten ketjuwan ing salaminipun. Kawula tjumlahang mbélani Tuwan, sanadjana dumugi ing kundjara utawi ing pedjah pisan, kawula badé ngetohaken njawa kawula nglabuhi Tuwan!” Nanging Gusti Jésus mangsuli pangandikané: „Kowé apa bakal ngetohaké njawamu nglabuhi Aku? Satemen-temené pituturku ing kowé: Ing dina iki bakal ora ana djago kluruk, sadurungé kowé ngaku ora wanuh marang Aku nganti ping telu.”

„Ngaku ora wanuh marang Gustiné? Njélaki? Malah ing dina iki sadurungé djago kluruk? . . . Ing salawas-lawasé ora bakal kelakon aku njélaki Gustiku!” mengkono gagasané Pétrus. „Adja sing mung lara, sanadjan tekan ing pati pisan, aku ora bakal mundur nglabuhi Gustiku!” Mulané Pétrus mundjuk manèh: „Senadjan ngantosa pedjah mbélani ing Tuwan, mesthi boten pisan-pisan kawula sélaki.” Kaja mengkono uga undjuké para sekabat kabèh.

KOTJAPA tindaké Gusti Jésus kadèrèkaké déning para sekabat njabrang ing kali Kidron, andjog ing dalan kang munggah ing gunung Zaitun. Ing kono ana patamanan kang aran Gètsémané. Gusti Jésus bandjur mlebet ing patamanan kono, kadèrèkaké déning para sekabat. Panggonané sepi lan peteng, nanging para sekabat ora kagèt, djalaran Gusti Jésus asring kempalan karo para sekabat ana ing kono. Mesthiné saiki Gusti Jésus ngersakaké ndedonga manèh kaja adaté.

Sarawuhé ing patamanan mau, para sekabat paḍa kaḍawuhan ngentèni ana ing satjedaké lawangan, awit Gusti Jésus ngersakaké ndedonga. Pétrus, Jochanan lan Jacobus kang paḍa kaḍawuhan ndèrèk mlebu ing patamanan. Sekabat telu mau kira-kira paḍa kélingan nalika kaḍawuhan munggah ing gunung lan paḍa njipati déwé enggoné Gusti Jésus santun tjahjaning sarirané lan ngagem kamuljan. Déné saiki apa sing bakal kelakon? Apa ija

bakal diparengaké ndeleng kamuljané Gustiné manèh?

Nanging sadjeroné paḍa ndèrèk ing sawingkingé Gusti Jésus, sekabat telu mau dumadakan paḍa kuwur atiné bareng ngrungu pangsahé Gustiné, nalika ngandika: „Banget prihatin njawaku, kongsi kaja ndadèkna mati. Kowé paḍa tunggwa aña ing kéné, Aku réwangana melèk.”

Gusti Jésus bandjur ngladjengaké tindaké nganti sawetara dohé, tumuli sumungkem wedanané . . . Sekabat telu mau paḍa ngentèni, wis mantep pikiré arep mbélani Gustiné samangsa ana baja pekéwuh nekani, bandjur paḍa lungguh ana ing suketan, djaga-djaga jèn ana timbalan.

Bareng wis misah saka sekabaté, bandjur djèngkèng ndedonga. Pangalihé kataman ing giris kang banget. Aturé: „Duh Rama, menawi kepareng Tuwan mugé njingkiraken tuwung punika saking kawula . . .”

Nalika semono wis tekan wajahé nandang sangsara. Gusti Jésus banget ngungun lan kasungkawan. Satruné wis tjedak, Pandjenengané bakal ditjepeng, dipepajok lan dipilara, lan wekasané bakal ngalami séda kinaniaja . . . Satemené bab lara lan pati iku ora banget-banget enggoné gawé giris, sing luwih nggegirisi jaiku: *Pandjenengané kedjibah ngrembat dosané djagad!*

Dosa iku mung tansah gawé giris . . .

Mangka Gusti Jésus iku maha sutji, ora tau nglampahi dosa, Pandjenengané mung tansah mitulungi, nglipur lan marasaké, djebul saiki kedjibah nampèni paukuman tumrap ing dosa sing dilakoni déning wong sadjagad. Jèn Pandjenengané kedjibah njanggi paukuman, iku prasasat *Pandjenengané pijambak* sing nglampahi dosa. Prakara iku sing ndadèkaké Gusti Jésus nganti kasungkawan lan giris banget, kongsi kaja ndadèkna mati . . . Sakèhing siksa lan sangsara sing bakal tumempuh ing sarirané iku upamané kaja déné wisa sing diwadahi ing tuwung kasaosaké marang Gusti Jésus supaja kaundjuka. Mulané aturé ana ing pandonga: „Menawi kepareng, Tuwan mugé njingkiraken tuwung punika saking kawula.” Éwadéné, sanadjana banget enggoné kapetek ing sungkawa lan giris, Pandjenengané isih kuwawi mundjuk: „Semannten ugi sampun ngantos sakadjeng kawula, namunga ing sakarsa Tuwan!” . . . Ing kono wis tetéla jèn Gusti Jésus pasrah djiwangga marang Allah Sang Rama kang ana ing swarga, sanadjan ndjalari sungkawa lan giris kang banget.

Sawisé ndedonga, Gusti Jésus bandjur rawuh ing panggonané para sekabat sing diḍawuhi ngentèni lan ngréntjangi melèk. Sekabat mau satemené paḍa ora bisa njaosi pitulungan

apa-apa, nanging katresnané wis bisa gawé ledjaring galihé. Sarawuhé ing kono, sekabat telu mau pada ketemu lagi turu. Ing sasuwéné Guru lan Gustiné kapetek déning sungkawa lan giris, para sekabat pada ngénak-énak turu Mangka enggoné Gusti Jésus nandang sangsara rak kanggo mitulungi para sekabat mau, lan ija wong-wong lijané ing Jerusalèm, sing pada turu lan ora ngerti apa-apa mungguh panandangé Gusti Jésus ing bengi iku, lan uga kanggo mitulungi wong sadjagad kabèh sing tanpa wilangan tjatjahé sing pada durung wanuh marang Gusti Jésus. Pandjenengané enggoné nandang sangsara iku mung kanggo mitulungi wong sadjagad, mangka nalika semono ora ana sing ngerti lan ora ana sing ngélingi Pandjenengané, dalah para sekabaté ija pada ora nlegéwa.

Sekabat sing pada turu mau bandjur digugah, sarta ngeres pangandikané: „Apa kowé pada ora kuwat ngréwangi Aku melèk sadjam baé?” Kang dijawab mengkono iku pada meneng baé djalaran kewirangan karo Gustiné, ora sem-bada babar pisan karo kasaguhané arep sabaja-pati nglabuhi Gusti Jésus.

Sekabat mau bandjur pada ditilar manèh kaping pindoné. Pandjenengané ndedonga manèh njuwun pitulungan lan kakuwatan marang Sang Rama. Pandjenengané wis sumarah klawan lega lila nandang sangsara, nglampahi séda, karena ngrembat dosaning djagad, éwadéné ing sadjeroné kapetek ing giris sing dudu sabaéné, Pandjenengané njuwun marang Sang Rama supaya kasantosakna enggoné ndèrèk ing sakarsané. Prakara kang nggegirisi iku kudu kaleksanan, jaiku margané manusa bisa kapitulungan slamet lan kasowanaké manèh marang ngarsané Allah. Aturé Gusti Jésus ana ing pandonga: „Duh Rama kawula, menawi tuwung punika *boten* kénging sumingkir saking kawula kedjawi kawula ombé, inggih *sumangga ing sakarsa Tuwan*.”

Sawisé mengkono Gusti Jésus bandjur rawuh manèh ing panggonané sekabat, sing pada kadawuhan ngréwangi melèk, nanging pada ketemu turu manèh, djalaran mripaté mblijut. Wah, mèmper baé jèn pada keturon, djalaran awaké sajah, atiné sedih tur ora mudeng apa sing ndjalari Gustiné nandang sungkawa lan giris.

Sekabat mau bandjur ditilar tindak manèh ndedonga kaping teluné. Saking bangeté enggoné nandang giris, lan saking banteré enggoné mbatek ing pandongané, riwéné dléwéran nganti kaja tètèsing getih rumentah ing bumi Ing salumahing djagad durung tau ana djanma manusa sing semono panandangé déning giris kajadéné Gusti Jésus, apadéné durung tau ana sing nandang prihatin

kang banget kongsi kaja ndadèkna mati kaja-déné. Gusti Jésus.

Dumadakan ana pepadang tjumlorot ing tjelaké Gusti Jésus, malaékat saka ing swarga kautus njantosakaké galihé. Wusanané Gusti Jésus klawan tatag mundjuk marang Sang Rama: „Namung karsa Tuwan kalampahana!” Undjuk mengkono iku dadi uluk-uluking kaunggulan, unggul saka sakèhing geter lan giris. Gusti Jésus bandjur djumeneng saka enggoné ndedonga, lan murugi sekabaté, tindaké nglagak pinda satrija kang mentas unggul ing juda, ora bakal kéguh déning pantjabaja kang tumempuh Pandjenengané wis njarahaké sarira diwadalaké minangka panebusing djagad.

Semone enggoné Allah ngasihi marang djagad kongsi masrahaké Kang Putra ontang-anting marang pangéwan-éwan lan pamojok.

Semone enggoné Sang Djuru Slamet ngasihi marang manusa dosa kongsi sumarah disangsara lan disédan.

Sarawuhé ing panggonané para sekabat, Gusti Jésus bandjur ngandika: „Pada batjutna enggonmu turu lan ngaso; lah wus ndungkap waktuné Putrané manusa kaulungaké marang tangané wong dosa.”


Saiki para sekabat ora perlu ngréwangi melèk manèh. Perang batin ing patamanan Gètsémané wis sirep.

Saiki Sang Djura Slamet wis ora ketaman ing giris manèh.

JUDAS LAKU TJIDRA MARANG GUSTINÉ

PETENGÉ wajah bengi lan njenjeting papan sepi ing patamanan Gètsémané dumadakan kebubrah déning kelap-kelaping obor sing diobat-abitaké lan gedebeging wong pada mlaku apadéné kumrintjinging gegaman gatuk pada gegaman. Para sekabat pada kagèt, kumesar atiné bareng pada ngingetaké apa sing katon nekani saka ing kadohan. Ing kono Gusti Jésus bandjur ngandika: „Pada ngadega, pajo pada lunga; lah kang ngulungaké Aku wus tjedak!” Para sekabat bandjur pada njedaki Gusti Jésus, saiki lagi pada ngrasa jèn waktuné sing gawat wis tjedak. Tangané Pétrus énggal njandak pedangé

Gedering swarané wong akèh saja suwé saja tjedak, urubing obor saja katon tjeta. Ana wong sikep gegaman sabregada ngepung panggonan kono. Gusti Jésus djumeneng ana ing tengah, bandjur madjeng. Saka ing antarané wong akèh dumadakan ana wong sidji ngantjap marang Pandjenengané, tangané kumlawé ngrangkul bandjur nutjup kambi undjuké: „Ngaturi salam, Rabbi!” Wong mau





„JA AKU IKI!”

ora sikep gegaman, enggoné marepeki Gusti Jésus patrapé kajadéné mitra uluk salam . . . Nanging djebul mitra musibat, awit panutjupé mau mung kanggo tengeran marang kantja-kantjané supaja adja nganti kliru sapa sing kudu ditjikel. Wong sing watak lan lakuné tjidra mau ora lija ija mung sekabaté Gusti déwé, jaiku Judas. Nanging Gusti Jésus bandjur ngandika: „Èh Judas, enggonmu ngulungaké Putrané manusa apa srana panutjup?” Wong-wong sing pada ngepung, bandjur ngebjuk arep njepeng marang Gusti Jésus. Saiki wis tjeta sapa wongé sing digolèki, djalaran sadurungé buḍal wis pada diketik Judas mengkéné: „Endi kang daktjup ija iku wongé, tjekelen!”

Wong-wong mau pada didangu Gusti Jésus: „Kowé pada ngluru sapa?” Wangsulane sing didangu: „Jésus Nasarani!” Pangandikané Gusti Jésus: „Ija Aku iki!” Bareng pada dipangandikani mengkono mau, dumadakan wong-wong mau pada kagèt, bandjur mundur lan niba ing bumi.

Gusti Jésus bandjur ndangu manèh: „Kowé pada ngluru sapa?” Undjuké wong-wong mau: „Jésus Nasarani!” Dawuhé Gusti Jésus: „Aku wis tutur ing kowé ija Aku iki! Mangka menawa Aku kang koluru, wong kijé karebèn pada lunga.” Ing sadjeroné kinampung ing bebaja, Gusti Jésus isih ngéman lan ngreksa para sekabaté.

Wong-wong sing arep njepeng Gusti Jésus pada madju manèh, nanging Pétrus sing njekel peḍang, ora lila jèn Gustiné ngantia kagepok déning mungsuh, bandjur ngunus peḍangé disabetaké marang wong sing tjedak déwé, temah kupingé tengen keperung; wong mau djenengé Malchus.

Nanging tandangé Pétrus mengkono ora ndadèkaké keparengé Gusti Jésus. Pétrus kaḍawuhan mrangkakaké peḍangé, awit apa sing kudu kelakon ora kena dialang-alangi. Jèn digagas, peḍangé Pétrus mau arep nggandra pira tumrapé wong sabregada sing pada sikep peḍang lan pentung! Nanging jèn tekané mungsuh mau ora ndadèkaké keparengé Gusti, apa Pandjenengané ora kuwasa nekakaké wadyabala malaékat nganti pirang-pirang bregada kaḍawuhan ngamping-amping sarirané lan mbujaraké mungsuh? Éwadéné Pandjenengané ora kersa nindakaké sing mengkono mau, awit wis dadi kersa lan kasagahané nanḍang sangsara ing sakatogé karena saka gedéning sih kadarmané. Kupingé Malchus mau bandjur kaasta, kawarasaké. Ing sadjeroné karibedan lan ing tengahé mungsuh, Gusti Jésus isih merlokaké mitulungi mungsuhé . . .

Gusti Jésus bandjur ditjepeng lan dibesta, kaḍabjang menjang ing dalemé imam agung.

Nalika iku pangandikané Gusti Jésus marang para pangarepé imam lan para lurahé padaleman sutji sarta para pinituwa kang pada nglarag, dawuhé: „Apa enggonmu nglurug nganggo sikep peḍang lan pentung kaja nglurugi bégal iku mung arep njekel marang Aku? Nalika Aku nunggal karo kowé saben dina ana ing padaleman sutji, kowé pada ora gumragèh tanganmu marang Aku; nanging ija iki *waktumu* lan pangwasané pepeteng.”

KEPRIJÉ para sekabat? Lan Pétrus? Wong-wong sing wis kelair kasaguhané jèn bakal ora ketjuwan marang Gusti Jésus lan wis sabajapati arep nglabuhi Gustiné, bareng weruh Gusti Jésus diḍabjang lan bareng ndeleng tandangé wong-wong sing sikep gegaman, bandjur pada tjilik atiné, kabèh pada mlaju ninggal Gustiné *pijambakan*, tanpa *rowang* sidji-sidjia ana ing tengahé wong-wong sing pada ngarah sédané.

PRADATA KANG BAU-KEPINÉ

ING wajah bengi iku uga ana ing dalemé imam agung Kajafas pradatané bangsa Jahudi marepat; sing pada nglumpuk ana ing kono para imam lan para pinituwané bangsa, apadéné para ulama; déné sing dadi pangarsa pradata Kajafas, kang djumeneng imam agung ing taun kang lagi lumaku; tumrapé bangsa Jahudi Kajafas iku abdiné Allah kang pinundjul.

Nanging isiné atiné keprijé? . . .

Polatané wong-wong mau katon sumringah gambira, nanging pantjerenging mripaté nélakaké jèn atiné ngendem sengit. Jèn njawang lairé pradata mau arep nindakaké pangadilan sing kentjeng lan djedjeg, nanging ing batiné wis pada mateng rembugé: „Luput apa ora luput, adil apa ora adil, wong iku kudu disingkiraké!” Wong-wong mau pada ndjinggleng mandeng marang wong bebandan sing diladèkaké ana ing ngarepé pradata, wong sing semuné wis tanpa daja lan ora suwala diroda-peksa. Kaja mengkono iku enggoné Gusti Jésus djumeneng ana ing ngarepé pradata Jahudi.

Rabbi saka Nasarèt, sing wis kedjuwara maha asih lan maha kwané, saiki mesti ora bakal mrutjut saka ing pangregeming tangané. Luput apa ora luput, pradata ora perduli babar pisan, djalaran wong iku kudu disirnakaké!

Wajahé isih bengi, jaiku bengi kang ngrinakaké Paskah. Nanging bareng para pangarepé imam lan para pinituwa dalah para ulama lijané pada keprungon jèn Gusti Jésus wis katjepeng lan kaḍabjang menjang ing dalemé imam agung, wong-wong mau énggal-

énggal pada nglumpuk mrana, ora ngétung wajah bengi, kagawa saka notoling atiné arep njirnakaké wong sing dadi klilipé.

Gusti Jésus saiki djumeneng ing ngarepé pradata Jahudi kajadéné wong bebandan kang kena ing dakwa. Para ulama bandjur nimbali seksi-seksi rerékan kaðawuhan nglairaké panggugat marang Gusti Jésus supaya anaa djalarané sing maton enggoné arep njédani . . . Nanging satemené, jèn wong mau pada djudjur atiné, mestiné kudu blaka jèn pada ora bisa nemokaké kaluputané Gusti Jésus. Enggoné Gusti Jésus marasaké wong lara, mitulungi wong nandang sansgara, nangèkaké wong mati, iku kabèh rak ora kena diarani luput utawa nerak angger-angger!

Imam agung Kajafas, jaiku pangarsané pradata, ndangu marang Gusti Jésus bab para muridé lan bab kang diwulangaké. Gusti Jésus bandjur mangsuli pangandikané: „Enggonku mituturi marang djagad iku ana ing edèngan, Aku memulang salawasé ana ing masdjid utawa ing padaleman sutji, jaiku ing papan nglumpuké wong Jahudi saka ing ngendi-endi panggonan. Ana ing pasingidan Aku ora tau memulang apa-apa.

Généja ana pitakonmu mengkono marang Aku? Wong sing wis pada ngrungokaké sing dadi witjaraku, iku pada takonana. Wong-wong iku pada sumurup apa sing daktjaritakaké.”

Dumadakan, plek! ana abdiné Kajafas salah sidji sumlonong tangané napuk marang Gusti Jésus kambi ngutjap: „Teka mengkono saurmu marang imam agung?”

Gusti Jésus, wong bebandan, senadjan disawijah déning batur, ora bandjur muntab dukané. Pandjenengané wis pirsa jèn panjawijah mau kuðu dianggep dadi peputjuring panganiaja lan sangsara, pamemirang lan panjenjamah sing bakal disanggi klawan sarèhing galih mung karena saka sih katresnané marang manusa dosa.

WONG-wong sing pada ditimbali dadi seksi nglawan marang Gusti Jésus, genti-genti madju ngaturaké paseksi, nanging ora ana seksi loro utawa telu sing pada paseksiné, kabèh pada sléntja, mulané pradata ora bisa gawé pantjasan ngukum Gusti Jésus. Paseksi goroh lan rerékan iku kabèh ora bisa mitenah Gusti Jésus.

Ing kono ana seksi ngaturaké paseksi mengkéné: „Kula sami mireng tijang punika witjanten mekaten: Aku bakal mbubrah padaleman sutji iki kang kagawé sarana tangan, nuli sadjroning telung dina gawé lijané ora sarana tangan.” Gusti Jésus midanget paseksiné wong mau lan pirsa jèn, udjaré wong iku goroh, mulané ora paring wangsulan . . . Pantjèn njata jèn Gusti Jésus wis naté ngan-

dika bab mbubrah lan mbangun padaleman, éwasemono sing dikersakaké dudu padaleman sutji ing Jerusalèm, nanging sarirané pijambak enggoné bakal nglampahi séda lan ing telung dinané bakal wungu saka ing séda. Dalah *para sekabat* ija pada ora njandak eliding pangandika mau.

Isih akèh manèh seksi-seksi rerékan lijané sing diadjokaké, nanging sidji baé ora ana sing kena dianèmi paseksiné. Para pangarepé imam nganti pada djudjeg atiné, djalaran ora bisa nemu waton sing njata enggoné arep njédani Gusti Jésus. Mangka enggoné pada marepat wis suwé lan wajahé wis ngarepaké gagat-ésuk. Para ulama wis mèh entèk kasabarané, keselak awan, pada durung bisa gawé kakantjangan apa-apa.

Déné Gusti Jésus terus djumeneng ana ing ngarepé pradata, pijambakan ana ing tengahé para ulama sing pada ora duwé welas lan sepi ing rasa djudjur lan adil.

Wusanané, bareng pradata kentèkan akal, imam agung Kajafas bandjur djumeneng, mripaté andik ngatirah mengku duka, sereng pangandikané marang Gusti Jésus: „Kowé daksumpah demi Allah kang asipat gesang, tutura marang aku apa kowé iku Sang Kristus Putrané Allah?” . . . Swara gumremeng ing bangsal parepatan sanalika sirep kaja orong-orong kepidak. Kabèh kepéngin ngrungu keprijé wangsulané Gusti Jésus!

Ing kono tjeta widjang-widjang dawuh wangsulané Gusti Jésus: „Ija Ingsun iki Pandjenengané. Sarta sira bakal pada weruh Putrané manusa pinarak ana ing tengené kang Mahawiséa, lan rawuh nitih mégané langit.”

Ing sanalika iku uga warganing pradata kabèh pada mak regedeg ngadeg lan njuwara bareng kambi kumrubut ngebjuk marang Gusti Jésus. Ubaling kanepson sing mauné tansah dipekak, ngèmperi mbludaging banju sing daðal bendungané. Wani-waniné wong iku ngaku dadi Putrané Allah! Jèn mengkono, prasasat wong iku dadi Allah! Udjaré ing tembé bakal teka manèh nunggang méganing langit lan arep nggandjar wong sing bener lakuné apadéné ngukum wong sing nasar . . . Kebangeten wong iku enggoné kumawani ngutjap njenjamah! Wong-wong mau getem-getem enggoné arep nandangi Gusti Jésus; nanging senadjan katoné pada begita-begitu, ing batin wong mau pada bungah, déné saiki wis ketjekel wadiné. Pangutjapé sing keladuk mau bisa dadi merganing patiné! . . .

Mungguh imam agung Kajafas, bareng mireng wangsulan mengkono mau, bandjur njuwèk pangagemané kaja patrapé wong sing lagi nandang sedih. Lega lan bungahing atiné sinamudana déning pangungun kang banget

déné kok ana wong wani ngutjapaké panjenjama marang Allah kang Maha Agung. Pangan-dikané imam agung Kajafas: „Gawéné apa isih nganggo seksi? Sampéjan sampun sami mireng enggènipun njenjamah. Kadospundi panimbang sampéjan?” Atur wangsulané wong akèh: „Tijang punika kumapurun njenjamah dateng Allah, mila kedah kasingkiraken. Tijang punika *dosa pedjah!*” Wong-wong sing ana ing kono, para pangarepé imam, para ulama dalah para wong sikep gegaman sing njekel Gusti Jésus, kabèh pađa ngebjuk, ana sing ngidoni, ana sing mbitèni, ana manèh sing nutupi wedanané bandjur napuk kambi tjela-tu: „Mara peṭèken, sing napuk kowé iku sapa? Ing sadjroné disawijah lan disija-sija mengkonono iku Gusti Jésus mung tansah kèndel. Pandjenengané nandang prihatos lan gerah, éwadéné ora kelair pasambaté. Pandjenengané pantjèn wis sagah nandang sangsara lan sagah njanggi paukumané wong dosa, dalah paukumané wong-wong sing pađa milara lan niksa sarirané.

SAWISÉ mengkonono Gusti Jésus bandjur diḍabjang metu saka ing omahé Kajafas. Wajahé wis bangun éruk. Para pangarepé imam karo para pinituwa lan para ulama, jaiku sapepaké pradata wis pađa gawé kakentelaning rembug, nanging isih kudu njuwun kakantjingingan pradata sing luwih luhur, jaiku sing dipangarsani déning bupati Rum Pilatus, djalaran pradata Jahudi ora diwengaké mutus prakara ukum pati. Senadjan tumrapé para pangarepé bangsa Jahudi mau dirasa njengkal ing ati, déné isih kudu njuwun karampungan saka ngarsané Pilatus, éwadéné wong-wong mau ora wani nglirwakaké pangadilané bangsa Rum sing lagi njekel pangwasa ana ing tanah Jahudi. Dadiné Gusti Jésus bandjur diḍabjang kaladosaké marang dalemé Pilatus.

Senadjan prakarané durung rampung, éwadéné wekasané Rabbi saka Nasarèt sing pađa digeṭingi iku mesti bakal nemahi mati. Embuh keprijé mergané, waton wong iku mati, mesti bakal ilang klilipé . . . Saiki durung tekan waktuné!

NALIKA Gusti Jésus diḍabjang metu saka ing omah, Pandjenengané minger sedéla menjang ing palataran sing tengahé ana beḍijangé, dikeprung wong sawetara sing pađa gegenèn. Pandjenengané minger mung sedéla, wong-wong pađa ora ngerti apa sing ditingali, nanging tingalé Gusti Jésus ngembeng prihatos lan sih piwelas . . .

„KOWÉ APA BAKAL NGETOHAKÉ NJAWAMU NGLABUHI AKU?”

KATJARITA nalika Gusti Jésus katjepeng sarta kaḍabjang medal saka ing patamanan Gètsémané, para sekabat pađa lumaju kabèh ninggal Gustiné, ora ana sidji-sidjia sing kari . . .

Nanging . . . nalika Gusti Jésus diaḍepaké ing ngarepé pradata ana ing dalemé Kajafas, ana sekabat loro sing pađa ngodol tindaké Gusti Jésus nganti tekan ing palatarané dalemé imam agung. Sekabat loro mau Jochanan lan Pétrus. Jochanan wis wanuh karo sing djaga régol, mulané bandjur mlebu ing palataran kambi ngadjak Pétrus. Sawisé pađa mlebu bandjur pađa lungguh awor karo para abdi, arep weruh kadadéjané Guru lan Gustiné sing pađa ditresnani.

Dumadakan ana parekan njedaki Pétrus karo ngutjap mengkéné: „Dika rak enggih mèlu karo Jésus wong Galiléa niku ta?” Nanging Pétrus sélak ing ngarepé wong akèh: „Napa? Kula boten denger kang dadi udjar dika niku!” Ngutjap mengkonono iku karo mlaku ndjudjug menjang ing régol, gagasané luwih betjik metu baé katimbang ana ing panggonané wong akèh, awit jèn nganti konangan, bisa dadi gawé. Jèn ana ing petengan, rak luwih kepénak, bisa weruh apa sing kelakon ora nganggo sumelang jèn konangan. Mengkonono gagasané Pétrus, wis lali babar pisan jèn durung suwé kepungkur mentas mundjuk marang Gusti Jésus: „Senadjan sadaja sami ngantosa ketjuwan kрана Tuwan, kawula mesti boten ketjuwan ing salaminipun.” Nalika Gusti Jésus ditjepeng, Pétrus ija mèlu mlaju. Nanging wekasané bandjur getun déné kok mèlu-mèlu mlaju kaja sekabat lijané. Saiki kakendelané wis pulih, bandjur wani ngodol Gustiné nganti tekan ing palataran. Malah wani awor lungguh karo para abdi lan para pradjurit gegenèn ing satjedaké beḍijang sing ana ing palataran, awit hawané atis. Saka ing kono Pétrus bisa ngulataké Gusti Jésus sing ana ing pendapa ing ngarepé pradata. Nanging tjilakané, wong wadon parekan mau kok ndadak njela-njela takon, apa dadi panunggalané Gusti Jésus . . . Pitakon sing ndrawasi. Jèn pradjurit sing ana ing kono pađa ngerti, ora wurung Pétrus mesti bakal katut ditjekel lan dibanda. Mulané Pétrus bandjur sélak, awit apa alané dora sembada murih slameté awaké! Nanging senadjan kena dianggep dora sembada, Pétrus tetep wis njélaki Gustiné kaping sepisan.

Panggonan ing palataran satjedaké beḍijang pantjèn mbebajani tumrap Pétrus, mulané énggal-énggal arep lunga saka ing kono. Lagi baé djumangkah marani régol arep metu,

wis konangan ing parekan lijané, bandjur dielokaké ana ing ngarepé wong sing pada ana ing kono: „Wong iki ija mèlu Jésus Nasarani!” Nanging Pétrus mangsuli: „Napa? . . . Kula niki dédé muridé. Kula boten wanuh ing wong niku!” Mengkono iku dadiné wis kaping pindo enggoné Pétrus njélaki Gustiné.

Nanging ora antara suwé Pétrus konangan sawidjining panunggalané para abdiné imam agung, malah isih kalebu sanaké Malchus sing keperung kupingé déning pedangé Pétrus. Wong mau bandjur njlatoni Pétrus, udjaré: „Napa kula boten weruh dika wau onten ing patamanan, mèlu wong niku? Dika niku enggih panunggalané wong Galiléa, ketara saka tjantenan dika.”

Saiki Pétrus rumangsa kepèpèt. Atiné geter déning wedi. Keprijé akalé murih adja nganti konangan jèn dadi muridé Gusti Jésus? Jèn nganti konangan, mesti bilai awaké. Pétrus ora bisa polah manèh kedjaba mung ngantepi enggoné sélak. Malah saiki enggoné sélak nganggo njupatani awaké déwé lan klawan sumpah mangsuli karo nepsu: „Pripun ta dika niku? Kula dédé panunggalané, tur kula boten wanuh ing wong niku!” Enggoné nganti njupatani awaké déwé lan sumpah iku pamurihé supaya wong akèh pada gelema ngandel jèn Pétrus mau pantjèn dudu panunggalané sekabaté Gusti Jésus . . . Sing dipikir mung kaslametané awaké déwé, babar pisan ora ngélingi kasetyan lan katresnané Guru lan Gustiné. Mengkono iku sedéla baé Pétrus wis njélaki Gustiné nganti ping telu lan sanalika ana djago kluruk.

Bareng Pétrus krungu kluruké djago, bandjur lagi kélingan enggoné dipangandikani Gusti Jésus: „Kowé apa bakal ngetohaké njawamu nglabuhi Aku? Satemen-temené pituturku ing kowé: Ing dina iki bakal ora ana djago kluruk, sadurungé kowé njélaki Aku nganti ping telu.”

Saiki Pétrus ngerti sepira gedéning kaluputané déné wis njélaki Gustiné nganti ping telu, Gustiné sing arep dibélani senadjana nganti mati. Wah iba wirangé jèn ngélingi enggoné metèntèng arep nglabuhi Gustiné nalika durung ana bebaja, nanging ngutjira bareng bebaja njedaki. Sing dirasa kebangetan alané, déné wis njélaki Gustiné, mangka enggoné sélak nganggo nglairaké supata lan sumpah!

Pétrus ingak-inguk nggolèki Gustiné. Upama wania, Pétrus arep njedak bandjur ngrungkebi padané Gusti njuwun pangapura lan pitulungan kaja nalika ana ing tengahé segara ing wajah bengi . . . Nanging saiki ora bisa, djalaran saiki Gustiné wis adoh, malah bokmenawa ing salawas-lawasé ora bakal ketemu manèh. Upama ketemua, apa Pandjenengané

isih kepareng disowani lan disuwuni pangapura déning murid sing wis njélaki Pandjenengané nganti ping telu?

Nalika semono mbeneri Gusti Jésus didabjang medal saka ing omahé Kajafas, Gusti minger sedéla menjang ing palataran ningali Pétrus sing mentas sélak nganti ping telu. Ora ana wong sing ngerti apa sing ditingali mau kedjaba Pétrus déwé.

Mengkono uga Pétrus ija weruh tingalé Gustiné enggoné ningali awaké klawan ngembeng trenjuh lan welas. Pétrus krasa kaja didodog atiné . . . Sadjroné nandang sangsara mengkono Gustiné ora négakaké sekabaté, isih dièngeti klawan sih kadammané, senadjan sekabat mau ora mantep kasetyané.

Wusanané Pétrus bandjur énggal lunga metu menjang panggonan sing peteng, bandjur ngambruk nangis kelara-lara. Ora lèrèn-lèrèn enggoné sesambat marang Gusti Jésus: „Duh Gusti, kawula saestu sampun damel sekeling galih Tuwan saha ageng dosa kawula wonten ing ngarsa Tuwan. Duh Gusti, kawula ingkang rumaos saged ngandemi kasetyan kawula dumateng Tuwan, samangké sampun boten sembada babar pisan dados abdi Tuwan. Duh Gusti, dosa saha kalepatan kawula punika saestu kawula getuni . . . mugi-mugi Gusti kepareng ngapunteni kalepatan kawula punika!”

GUSTI Jésus kadabjang bakal kaladosaké . . . Ora kandat-kandat Pandjenengané dipilara lan dipepojok déning satruné lan wong akèh . . .

Pada ana ing endi *para mitrané*?

Judas *njidra* Pandjenengané.

Sekabat lijané pada *ninggal* Pandjenengané. Pétrus *njélaki* Pandjenengané malah nganti ping telu.

Semone enggoné Gusti Jésus nandang kawelas-asih!

KEDUWUNG

KOTJAPA Judas . . . ngetut-buri lakuné grombolan sing ndabjang Gusti Jésus saka ing patamanan Gètsémané menjang ing dalemé imam agung.

Judas sing ngulungaké Gustiné bisa nungku déwé enggoné Gusti Jésus dipriksa prakarané déning pradata . . .

Sasuwéné ngrungokaké Judas tansah mikir-mikir ing sadjeroning ati: „Djenèh Gusti ora kersa maringi kasugihan lan kadradjatan marang aku! Pandjenengané satemené bisa, nanging généja ora kersa? . . . Luputé déwé nganti dibanda lan didabjang-dabjang kaja

mengkono! Iku minangka ukumané enggoné gawé ketjuwanku!"

Mengkono manèh Judas ija nggagas:
„Wah mestiné ora nganti Gusti Jésus kapa-
trapan ukum pati, awit luputé ora sepiraa
aboté. Malah satemené Pandjenengané ora
naté nindakaké kaluputan. Pandjenengané
tjèta jèn resik tanpa dosa Upama diuku-
ma, mestiné mung diukum kundjara, nanging
ora bakal diukum pati Djalaran
Pandjenengané iku resik, keprijé bisané kela-
kon kaukum pati?"

Nanging swaraning atiné saja suwé saja
tjèta dadi panggugat marang Judas: „Pande-
nengané iku resik tanpa luput, sutji tanpa dosa!
Pandjenengané kapa-trapan paukuman sing
dudu mestiné Kelakoné mengkono iku
marga saka panggawému. Judas!" Dadiné
Judas saja suwé saja kuwatir.

Bareng tekan waktuné para ulama pađa
ngadeg bebarengan kambi ngutjap: „Kasing-
kirna tijang Nasarèt punika! Tijang punika
dosa pedjah!" Judas bandjur klépat
lunga, metu saka ing dalemé imam agung,
geter atiné déning wedi kang banget.

Tjèta pangrunguné Judas marang karam-
pungané pradata: „Wong iku kudu kaukum
pati!" Lan Judas ija ngrungu tjèta panggugat
sing ana ing atiné déwé: „Saiki Gusti bakal
disédani! Iku marga saka trékahmu!" Dadiné
Judas banget enggoné keduwung. Nanging
saiki keprijé supaya Gusti adja nganti kelakon
disédani? Karampungané pradata kudu diba-
talaké! Wah, saiba tjilakané jèn Gusti nganti
disédani!

NALIKA semono para pangarepé imam
lan para pinituwa isih pađa ana ing
padaleman sutji. Wis pađa lega atiné, djalaran
wis ana karampungan ingatasé Gusti Jésus.
Saiki mung kari ngentèni palilahé Pilatus
sing djumeneng bupati. Lan sawisé iku
Wah, jèn sing dadi klilipé, jaiku Rabbi saka
Nasarèt, iku sirna, saiba senengé, awit saumat
kabèh bakal pađa nggatèkaké manèh marang
piwulangé para ulama lan para pangarepé
imam lan para pinituwané bangsa; angger
wis mati, sedéla baé anaké tukang kaju saka
Nasarèt iku mesti ora kotjap manèh
Wosé wong iku kudu disingkiraké!

Nalika isih pađa ngudarasa mengkono mau,
dumadakan ana wong teka, menggèh-minggèh
ambekané, gumeter awaké sekodjur lan mri-
paté pendirangan ngawasaké para imam kaja
wong arep ndjaluk tulung wong mau
djebul Judas!

Judas wis ora merduli apa tekané mau diang-
gep ngungkak krama utawa ngribedi para
ulama mau, awit atiné selak ora sabar déning
kabereg ing wedi Getun lan keduwung

wis ora kamot ana ing atiné. Duwit opahé
enggoné laku tjidra krasa panas kaja wangwa
batok ana ing gémbolané. Ana ing ngarepé
para ulama mau Judas ngutjap mengkéné:
„Kula damel dosa, déné rah resik ingkang
kula ulungaken."

Para imam mau sanalika kagèt. Getihé wong
resik? Nanging para imam mau mèlu-
mèlu apa? Jèn wis diputus déning pradata,
mestiné ija ora tanpa kaluputan Déné
wong sing katon wedi banget nganti gumeter
awaké sakodjur iku, ana gawéné apa teka
mrono? Para imam lan para ulama ora mèlu-
mèlu ing prakarané! Sing dadi undera-
ning prakara rak mung bab sirnané Jésus
Nasarani sing dadi klilip! Déné Judas, apa
perlu ndadak dipaèlu udjaré?

Wong-wong mau mung pađa mèsèm lan
gumuju ngrungu udjaré Judas. Déné Judas
banget pangungsedé supaya karampungané
pradata mau dibatalaké lan Gustiné tumuli
diluhwarana, ambal-ambalan aturé: „Sampun
ngantos tijang punika dipun ukum pedjah,
awit boten kadunungan lepat. Sampun ngan-
tos sami ngwutahaken rah resik!" Atiné Judas
ora bisa djendjem, rasané kaja sinebit-sebit,
djalaran rumangsa dadi djalarané sangsara
lan sédané Gusti Jésus kang tanpa dosa

Nanging Judas mung digeguju déning para
ulama. Iku rak luput lan boḍoné déwé wani
ngulungaké Guruné. Judas rak tanpa diun-
dang tekané ngaturaké kasaguhané, apama-
nèh Judas ija wis nampani opahé duwit
telung puluh sèkel! Dadiné saiki para imam
mau mèlu-mèlu apa karo déwèké?

Udjaré Judas: „Kula damel dosa, déné rah
resik ingkang kula ulungaken." Nanging
wangsulané ulama kabèh: „Aku perduli apa?
Iku kowé ngrasakna déwé. Saiki wis kasèp,
apa sing diputus déning pradata ora kena di-
batalaké manèh!" Ngrungu wangsulan meng-
kono mau, atiné Judas rasané kaja ditotog
ing alu, ilang pangarep-arepé enggoné arep
ngresikaké awaké. Jèn Gustiné sida kaukum
pati, ing salawasé atiné ora bakal pulih djen-
djem manèh, swaraning atiné mesti tanpa
kendat nggugat awaké déwé: „Judas, kowé
gawé dosa, ngwutahaké getih resik! Kowé
sing luput!"

Duwit opahé keprijé? Duwit patukoning
getih resik iku ing salawas-lawasé bakal
mbrongot uripé. Duwité mau bandjur arep
dibalèkaké marang para pangarepé imam lan
para ulama, nanging ora ditampani, mulané
bandjur diuntjalaké déning Judas ing ngarepé
wong-wong mau ana ing padaleman sutji.
Kumrompjang swarané duwit telung puluh
sèkel selaka ana ing djubin bandjur ngglinding
menjang ngendi-endi

MUNGGUH Judas déwé keprijé? Sawisé nguntjalaké duwit mau, bandjur klépat lunga Atiné kuwur banget. Saiki wis kasép, madju buntu, mundur wis kebandjur! Atiné ngenes, tanpa ana ungup-ungupé olèh pepadhang lan pitulungan. Keduwunging atiné ora bakal bisa sirna, malah mung tansah njiksa uripé, keprijé enggoné arep ngontjati. Nijaté arep golèk pangungsèn, nanging menjang endi enggoné ngungsi, djalaran sing arep diontjati iku wis mandjing ana ing djero atiné. Ing salawasé uripé bakal tansah dadi buron, diojak-ojak déning keduwunging atiné. Kedjaba jèn bisa ontjat saka ing alaming ngaurip! Judas saiki wedi urip. Sing bisa ngluwar saka ing panggugating atiné ora lija kedjaba mung pati. Jèn wis mati, lagi bisa meneng swaraning keduwungé!

JUDAS ketliweng pikiré!

Béda banget karo Pétrus! Pétrus keduwung banget atiné, bandjur nangis kelarlara. Sing dikeduwungi jaiku déné nganti gawé sekeling galihé Gustiné. Ing sadjeroning keduwungé Pétrus sesambat marang Gusti njuwun pangapura. Mangka Gusti Jésus ora nampik wong sing nggetuni kaluputané lan njuwun pangapura.

Judas ora mengkono kaanané. Sing dipikir mung tjilakané awaké déwé, déné tansah bakal diojak-ojak déning keduwunging atiné déwé, mangka ora bisa ngontjati Nanging atiné ora ketuwuhan nalar golèk pangungsèn marang Gustiné, lan ora sesambat njuwun kawelasan

Judas wis kapandjangan déning Iblis lan ora bisa ontjat manèh saka ing pangwasané.

Ing wajah ésuk isih repet-repet Judas nggeblas, parané menjang ing patamanan Gètsémané. Ing sawengi iku Judas nganti ping pinḍo enggoné mlaku mrono. Ana ing papan sing linduk ing gegampèng Judas bandjur ngendat tali murda. Pang sing dienggo ngendat iku tugel, temah Judas tiba krungkeb ing djurang, ketanggor-tanggor ing parang tjuri nganti bedah wetengé lan djeroané metu kabèh Ana ing djurang djero Judas gumlétak wis mati.

Nanging dosané sing wis akèh, isih diuwuhi dosa ngendat, katut digawa mlebu ing djaman kalanggangan. Mangka ing kana ora ana pangapura manèh.

Mengkono kelakoné njèpleksi pangandikané Gusti Jésus nalika paḍa kembulan mangan budjana Paskah, mengkéné: „Bilai wong kang dadi margané Putrané manusa kaulungaké; begdja wong iku saupama ora kelakona lair!”

PARA imam sing paḍa ana ing padaleman sutji mung paḍa nggeguju pratingkahé

Judas. Duwit telung puluh sèkel selaka sing pating slebar ana ing djubin bandjur dikukup, karo paḍa ngutjap: „Iku ora kena dilebokaké ing peti bèt-amal, marga dadi patukoning getih.” Dadi duwit sing dienggo ngopahi Judas ngulungaké Gusti Jésus iku paḍa dianggep duwit reged, duwit nadjis, ora kena dilebokaké ing petining pisungsung ing padaleman sutji. Saka kakentelaning rembugé wong mau bandjur ditukokaké palemahané kundi, palemahan sing ora akèh adjiné, djalaran lempungé wis entèk digawé grabah. Palemahan mau bandjur kagawé pakuburané wong ngamantja sing mati ana ing Jerusalèm lan ora kena dikubur ana ing bumi sutji, bumi pusakané bangsa Jahudi. Ing sabandjuré palemahan mau ketelah aran *Akeldama*, tegesé palemahan getih, djalaran pinangkané saka duwit patukoning getih.

PIRANG-pirang atus taun kapungkur nabi Jirmijah nglairaké pametja dawuhé: „Paḍa nampani wang telung puluh sèkel selaka mau, ija iku pangadjiné kang wus kamurwat ing sapamurwaté Banisraèl; bandjur ditukokaké palemahané kundi.” Pangandika mau pangandikané Gusti Allah pijambak lantaran abdiné; nalika djamané nabi Jirmijah ora ana wong sing njandak tegesé pangandika mau.

Nanging saiki pangandika mau kajektèn.

Mungguh para imam lan para ulama mau kabèh mestiné paḍa ora kélingan marang pangandikané Gusti Allah ing djaman kuna, djalaran atiné wis kebak piala.

„MUGI KASALIBA! KASALIBA!”

WAJAHÉ isih ésuk umun-umun. Para pangarepé imam karo para pinituwa lan para ulama, jaiku sapepaké pradata, sawisé gawé karampungané prakara, bandjur paḍa ndabjang Gusti Jésus kaladosaké ing dalemé bupati Pilatus. Karampungané pradata ingatasé Gusti Jésus wis tjeḷa, jaiku: Pandjenengané bakal disédani, déné saiki kari ngentèni, apa bupati Rum sing ngasta pangwasa ana ing tanah kono ngrudjuki karampungan mau. Jèn wis dirudjuki, wong Nasarèt iku tan kena ora mesti mati. Saiki wis dina Djumuwah, lan jèn mengko soré srengéngéné surup, wis ngantjik dina Sabbath Paskah. Ing dina Sabbath wong Jahudi paḍa ora kelilan nglakoni pagawéan, dadi ija ora kelilan memateni. Mulané sadurungé ngantjik dina Sabbath mau, Jésus Nasarani iku kudu wis dirampungni prakarané lan kudu wis dipatrapi paukuman pati!

Dalemé bupati Pilatus wis katon, lakuné bandjur digelak. Prakarané kudu énggal-

énggal dirampungi, ora kena disrantèkaké manèh. Mau bengi pradata Jahudi wis nemtokaké ukuman pati kanggo Gusti Jésus lan awané Pandjenengané bakal tumuli disédani! Ing sadalan-dalan wong sing pađa weruh lan ngrungu gederé wong ndabjang Gusti Jésus, bandjur pađa mèlu ngetutaké, kepéngin ngerti keprijé bakal wusanané.

Satekané ing palataran ngarep dalem kabupatèn, wong Jahudi mau bandjur pađa mandeg, pađa ora gelem mlebu ing dalem kabupatèn, pamurihé supaja adja nganti nadjis, temah isih pađa wenang mangau Paskah. Sapa ta ing antarané wong Jahudi sing pađa mursid lan ngibadah, gelem ngambah omahé wong kapis, sing ora wanuh marang Allahé Israèl? Mulané wong-wong mau mung pađa mandeg ing ngarep dalem kabupatèn, mengko Pilatus rak mijos menjang ing gadri ngarep manggihi wong sing pađa ngaturaké panggugat.

○ RA antara suwé Pilatus bandjur mijos ing gadri ngarep, pinarak ing kursining pangadilan. Bupati Pilatus iku prijagung bangsa Rum, solah bawané ngetarani jèn wataké adigang adigung, kamitégan, mentalan lan sugih gelar. Wong Jahudi sing pađa sowan ana ing ngarsané mung pađa diingetaké baé; jèn ndeleng polatané, wong-wong mau ketara jèn pađa nesu banget; mestiné wong sing diladèkaké iku durdjana gedé Nanging jèn ndeleng wudjudé wong sing dibanda, sing kewentar djenengé Jésus Nasarani, ora ana èmperé babar pisan karo durdjana. Gèk apa baé kaluputané déné nganti dadi bebandan?

Para pangarepé imam katon rada gadjeg-gadjeg. Apa sing kudu diaturaké minangka panggugat Apa kudu matur, jèn Gusti Jésus saben-saben marasaké wong lara, malah wis tau nangèkaké wong mati? Jèn Pandjenengané tau ngandika djumeneng Putrané Allah? Jèn para pangarepé imam lan para ulama kerep diwelèhaké mungguh ing kaluputané lan kamursidané sing mung lelamisan? Apa kaja mengkono iku enggoné kudu matur marang Pilatus? Jèn mung kaja mengkono sing dadi gugaté, Pilatus mesti ora bakal ndawuhaké paukuman. Dadiné kudu ana gugatan utawa dakwa sing luwih premati, supaja Jésus Nasarani iku kenaa kapatrapan ukum pati!

Wong mau bandjur pađa wiwit nggugat, aturé: „Saking pamanggih kula tijang punika nasaraken bangsa kula, sami dipun pènging saos bulu-bekti dumateng Sang Prabu, mawi gadah pangaken dados Kristus utawi ratu pijambak.”

Pilatus mirsani Gusti Jésus kambi mangu-mangu galihé; jèn wong iki mbalila marang

Sang Prabu ing Rum, wis mesti kudu kapatrapan ukuman abot, mulané bandjur ndangu: „Kowé iku apa ratuné wong Jahudi?” Nanging Gusti Jésus mangsuli, pangandikané: „Kratonku iku ora saka ing donja kéné; menawa kratonku saka ing donja kéné, mesti wadyabalaku pađa lumawan perang, supaja Aku adja nganti kaulungaké marang wong Jahudi. Kang iku kratonku ora saka ing donja kéné.”

Panggalihané Pilatus mungguh wangsulan mau kira-kira mengkéné: „Jèn wong iki arep ngadegaké kraton sing *ora ana ing donja kéné*, aku rak ora perlu kuwatir menawa wong iki arep madeg kraman nglawan aku utawa Sang Prabu ing Rum. Généja wong-wong Jahudi iku pađa banget nepsuné nganti njuwunaké paukuman wong iki?”

Pilatus bandjur ndangu marang Gusti Jésus: „Apa kowé ora ngrungu panggugaté wong iku marang kowé? Lah pirang-pirang prakara kang digugataké marang kowé!” Nanging Gusti Jésus ora mangsuli apa-apa manèh Dora-tjara sing diutjapaké bangsané ingatasé iku kang ndjalari sekeling galihé, nanging Pandjenengané wis ora kepareng paring wangsulan.

Pilatus tumuli ngandika marang para pangarepé imam lan wong golongan sing saja suwé saja mundak akèh lan mundak gumeder: „Mungguh ing aku wong iku ora tinemu kaluputané!” Nanging sing nggugat pađa saja rengkeng, aturé: „Boten pinanggih kalepatanipun? Tijang punika damel balilani-pun bangsa, pamulangipun sampun wradin ing satanah Jahudi sadaja, wiwit ing tanah Galiléa ngantos dumugi ing ngriki.”

Pilatus bareng mijarsa bab tanah Galiléa bandjur ndangu: „Wong iki apa wong Galiléa?”

Bareng wis njatakaké jèn Gusti Jésus iku pinangkané saka Galiléa, ribeding galihé bandjur rada antèr Awit satemené Pilatus nganti djudèg galihé ngraosaké Gusti Jésus. Wong Jahudi kengkeng enggoné nggugat: „Tijang punika dosa pedjah!”, lan panasing atiné mubal katon ana ing pantjerenging mripat, nanging Pilatus pijambak ora bisa manggihaké kalepatané Gusti Jésus. Jèn mengkono kuduné keprijé? Wis mesti baé wong sing ora tinemu kaluputané *kudu diluwari*, mengkono iku wis klebu kuwadjibané hakim sing adil lan djudjur. Pilatus ora kersa tumindak mengkono, awit Pilatus kepéngin damel renané wong golongan. Djalaran saupama Pilatus ora nuruti panjuwuné wong Jahudi mau, wong-wong mau, luwih manèh para pangarepé imam lan para ulama, mesti bakal dadi satruné; katimbang dianggep satru rak luwih betjik dianggep mitra déning bangsa Jahudi, djalaran sapa weruh, samangsa bangsa Jahudi ora seneng dierèhaké déning bupati

Pilatus, akèh baé mergané jèn arep njuat Pilatus saka ing kabupatèn, kajata ngaturaké lajang gugatan marang Sang Prabu ing Rum, kang idjoané nggugat Pilatus bab pirang-pirang prakara sing magepokan karo pangrehé Pilatus sing tansah disidèm lan ora kaulangan déning Sang Prabu. Samangsa prakara mau nganti kapijarsa ing Sang Prabu, wis mesti ora betjik kadadéjané tumrap Pilatus; kitir sasuwèk bebasané bisa ngéndangaké bupati Pilatus. Mulané Pilatus kudu wewéka lan kudu pinter ngrogoh atiné wong Jahudi, supaya awèt enggoné djumeneng bupati, mangku kamuktèn lan kawibawan, embuh pira prabéjané.

Nanging saiki keprijé enggoné arep mutus prakarané Jésus Nasarani iku? Wong sing ora tinemu mungguh dosané pati apa kena katrap ing ukum pati?

Mulané bareng mijarsa jèn Gusti Jésus iku saka ing tanah Galiléa, pangalihé sanalika mak plong, awit ngira bakal olèh dalan ontjat saka ing karépotan. Tanah Galiléa iku ora klebu bawahé. Sing maréntah ing kono radja Hérodès. Mangka mbarengi rijaja Paskah iku Hérodès ana ing Jerusalèm Jèn mengkono, prakara mau luwih betjik dipasrahaké marang Hérodès, temah Pilatus déwé bisa ombèr galihé. Tur ana perluné apa ta tumrapé Pilatus ngurus prakarané wong sing arep ngadegaké kraton sing ora saka ing donja kéné? Sing tansah diudi déning Pilatus iku supaya bisaa lestari mukti wibawa lan kepénak uripé, apadéné tetep enggoné djumeneng bupati, ora kedukan ana ing ngarsané Sang Prabu ing Rum.

Ing kono Pilatus bandjur dawuh supaya Gusti Jésus kaladosaké menjang ngarsané Hérodès.

Wong Jahudi pađa pating kedumel nguman-uman Pilatus lan njampahi Gusti Jésus djenèh prakarané ora tumuli diputus. Nanging wong mau pađa ora bisa mbangkang dawuh, temah Gusti Jésus didabjang manèh turut dalan menjang dalem pamondokané Hérodès. Wong sing pađa mèlu ngetut-buri saja mundak-mundak akèhé nganti dadi golongan gedé, swarané wong akèh gumeder kumruwuk pađa nguman-uman lan mojoki Gusti Jésus Ana sawenèh sing ngelokaké: „Iku rak Rabbi saka Nasarèt sing bisa gawé kaélokkan warna-warna ta? Généja?” Ana manèh sing tjelaçu: „Kuwi rak sing adaté wani melèh-melèhaké para imam ta? Saiki keprijé?” Ana sing njambung, kandané: „Kuwi apa dudu wong sing diarak mlebu ing kuça Jerusalèm nunggang kuldi kaja déné ratu? Saiki kok dadi bebandan, mestiné wong kuwi tukang ngapusi! „Mengkono udjaré wong akèh, lan kabèh pađa maido lan ngina marang Gusti Jésus. Ana ing tengahé

wong golongan mau Gusti Jésus mung idjèn baé, ora ana wong sidji baé sing nglabuhi; senadjan ditjetjamah lan dipepojok, Gusti Jésus tansah kèndel baé. Pasurjané ora ketinggal adjrih utawa rengu, nanging paningalé kawistara jèn nandang trenjuh.

Gusti Jésus didabjang wong golongan kaja bebandan mangka Pandjenengané iku Putrané Allah kang nitahaké langit lan bumi, ija kang Mahakuwasa Jèn ditandjing karo mahakuwasané Allah, nggandra pira wong golongan semono kèhé ana ing ngarsané? Nanging wis dadi kersané Gusti Jésus nandang sangsara, sepira aboté disiksa lan disija-sija, dipepojok lan ditjetjamah, kabèh iku mau arep disanggi klawan éklasing galih . .

Gusti Jésus diglandang ing wong golongan ora béda karo wong sudrapapa, wong sing musakat déwé pađa-pađa titahé Pangéran. Nanging malah karana iku mau kabèh Pandjenengané iku kang pinundjul lan kang luhur déwé; Pandjenengané iku kang djumeneng Sang Mesih kang nandang sangsara sumurup enggoné ngluwari umat kagungané lan njanggi dosané manusa kabèh.

DADINÉ Gusti Jésus kaladosaké ing ngarsané radja Hérodès.

Hérodès bareng ningali Gusti Jésus, banget bingahé. Pangunandikané: „O, iki ta sing djeneng Jésus, sing wis kerep dakrungu wartané, nanging sing durung tau dakweruhi wudjudé.” Satemené nalika Hérodès midanget kabar bab Gusti Jésus enggoné memulang lan nindakaké kaélokkan, galihé ketuwuhan rasa wedi, djalaran kagungan panginten jèn Gusti Jésus iku Jochanan Pambaptis, sing bijèn disédani nanging bandjur gesang manèh. Nanging bareng saiki ningali wudjudé Gusti Jésus, bandjur ilang kuwatiré, djalaran sing dadi bebandan iku tjeta jèn dudu Jochanan Pambaptis. Hérodès bingah mirsani Gusti Jésus, pangadjeng-adjengé bisaa ningali prantanda lan kaélokkan kaja sing wis naté ditindakaké Gusti Jésus Hérodès ora menggali babar pisan bab trenjuhing galihé Gusti Jésus utawa ora menggali marang kaadilan sing kudu ditandukaké marang Gusti Jésus, nanging sing ndadèkaké bingahing galihé mung enggoné arep ningali tetinggalan sing gawé senengé wong nonton. Gusti Jésus iku dianggep mung kajadéné tukang sulap baé!

Gusti Jésus didangu klawan tembung akèh-akèh lan didawuhi nedahaké kaélokkan, nanging saketjap Gusti Jésus ora paring wangsulan. Pandjenengané ora naté nindakaké kaélokkan jèn ora kagem nulungi wong kang pađa nandang kasangsaran lan katjingkrangan, apadéné kagem ngluhuraké Asmané Sang Rama ing swarga.

Déné para pangarepé imam lan para ulama isih pađa bengak-bengok ngantebaké pangugaté marang Gusti Jésus.

Nanging Gusti Jésus kèndel baé.

Bareng tetéla jèn tanpa gawé enggoné ndangu Gusti Jésus, Hérodès bandjur kèndel. Satemené ana paédahé apa tumrap Hérodès nitipriksa prakarané Jésus Nasarani iku? Mulané Gusti Jésus bandjur dilelingsem lan dipepojok déning Hérodès dalah para pradjurité, sawisé katog, bandjur diagem-agemi putih gumilap, kaja adaté bangsa Rum: jèn ana wong ngarah marang pangkat duwur, wong mau bandjur manganggo putih. Sarèhné Gusti Jésus ija disuwuraké arep djumeneng ratu, mulané bandjur diagem-agemi putih.

Wusanané Gusti Jésus bandjur diwangsulaké menjang ngarsané Pilatus. Pandjenengané diđabjang manèh ing wong golongan, ing sadalan-dalan mung dadi tontona wong akèh.

PILATUS pirsá tekané wong golongan ngarak Gusti Jésus. Wong resik, babar pisan ora tinemu kaluputané, lha kok diladèkaké lan disuwunaké paukuman, mangka ukum pati! Pilatus djudèg galihé Swarané wong golongan sing pađa nguuh-uwuh krungu saka kadohan pinđa ampuhan nasak pagunungan Pilatus ketara jèn adjrih saupama ngluwarana Gusti Jésus, senadjan wis uninga karesikané.

Nanging Pilatus wis manggih akal. Adaté bupati saben samangsa rijaja Paskah ngiliani luwaré lelaran sidji manut ing pamilihé wong akèh Mangka nalika iku ana lelaran sidji sing kedjuwara dadi bénggolé brandal, djenengé Barabbas. Jèn wong Jahudi pađa diđawuhi milih ing antarané Jésus Nasarani kang ora tinemu kaluputané karo Barabbas sing dadi bénggolé brandal, mestiné baé wong Jahudi bakal pađa milih Jésus Nasarani. Mengkono rékané Pilatus enggoné arep ngluwarari Gusti Jésus.

Nanging Pilatus iku satemené tansah godjagadjeg panggalihé: jèn miturut adilé kudu ngluwarari Jésus Nasarani, nanging adjrih bakal gawé nepsuné bangsa Jahudi; jèn arep nuruti panjuwuné bangsa Jahudi ndawuhaké paukuman ingatasé Gusti Jésus, galihé ija ora sekétja, djalaran wis tjeta jèn sing kudu diukum mau ora duwé kaluputan apa-apa. . . . Saja manèh, nalika wis pinarak ing pangadilan, ana utusané garwané ndikakaké matur: „Sampun sampéjan maèlu prakawisipun tijang punika, awit wau dalu salebetipun supena kula ngraosaken susah sanget krana Pandjenenganipun.”

Pilatus wis nemtokaké ing salebeting galih jèn rantjangané iku mau bakal olèh gawé.

Barabbas diwetokaké saka ing kundjara, bandjur digiring menjang ing pangadilan, Barabbas sing kakundjara djalaran prakara radjapati! Jèn wong golongan pađa ndeleng wudjudé Barabbas sing nggegirisi, mesti bakal pađa njuwun luwaré Jésus Nasarani sing katon lembah-manah.

Nanging bareng Pilatus ndangu, dawuhé: „Wong loro iku endi kang kodjaluk luwaré?”, wong golongan bandjur pađa nguuh-uwuh saur manuk: „Jésus kasaliba! Barabbas kaluwarana!” Pilatus kedjot, rantjangané gagal, ora njana babar pisan jèn bakal mengkono kadadéjané. Pilatus bandjur ndangu manèh: „Menawa mengkono, Jésus kang kasebut Kristus, iku dakkapakaké?” Aturé wong akèh: „Mugi kasaliba! Kasaliba!” Éwadéné Pilatus isih ndangu: „Dosané apa ta?” Nanging wong akèh malah pađa mundak seru enggoné nguuh-uwuh, uniné: „Kasaliba! Kasaliba!” Panguwuhé wong golongan tumempuhé marang Gusti Jésus apinda panggrabjaging samodra rob.

Wong golongan enggoné pađa nguuh-uwuh mengkono iku marga saka pangipuk-ipuké para pangarepé imam lan para ulama. Wong golongan déwé satemené pađa ora ngerti apa perluné pađa nguuh-uwuh mengkono iku. Atusan tjatjahé wong sing saiki mèlu-mèlu muni: „Kasaliba!”, mangka sawetara dina kepungkur pađa bebarengan ngulukaké pamudji: „Hosanna kondjuk ing tedakipun Dawud; binerkahana ingkang rawuh atas Asmanipun Pangéran!” Saiki wong golongan mau pađa ngadjap sédané Gusti Jésus ana ing kaju salib, séda kang nista kajadéné patiné wong durdjana!

Wong golongan mau pađa ketjuwan banget ingatasé Gusti Jésus, déné ora kersa didjumenengaké ratu Atiné wong-wong mau saja wuwuh enggoné ketjuwan, bareng pađa ndeleng Gusti Jésus dadi bebandan, pasurjané putjet, sarirané katon lungkrah tanpa daja Wong-wong mau pađa keduwung déné wingi-wingi pađa duwé pangarep-arep ndjumenengaké ratu wong kaja mengkono. Sarèhné pađa rumangsa ketjélik lan kapusan, mulané saiki ora owel-owelen njingkiraké sing ndadèkaké seriking atiné. Seru enggoné pađa mèlu nguuh-uwuh: „Kasirnakna tijang punika! Mugi kasaliba!”

Pilatus djudèg panggalihé mirsa wong golongan pađa nggudjeg klawan wurahan banget, alok-aloké pađa njuwun supaja Gusti Jésus kasaliba. Panguwuhé para pangarepé imam, binarung pambengoké wong golongan wis ora kena diampah manèh. Pilatus adjrih jèn ngluwarana Gusti Jésus. Ora ana dalan lijané kedjaba mung masrahaké Gusti Jésus marang wong Jahudi supaja kapatrapana kaja sing

dadi panjuwuné . . . Nanging senadjan Pilatus masrahaké Gusti Jésus marang wong Jahudi, éwadéné Pilatus arep nedahaké jèn ora mèlu-mèlu dadi djalaraning sédané, mulané bandjur mundut banju sarta widjik asta ana ing ngarepé wong golongan, dawuhé: „Aku iki ora ketèmpèlan getihé wong mursid iki. Kowé pađa ngrasakna déwé, djalaran kowé sing pađa duwé nijat njédani Pandjenengané!”

Mengkono iku lelakoné bupati sing djirih lan hakim sing ora wani ngukuhi kaadilan! Mangka Pilatus iku ngerèhaké wadyabala Rum, dadi ora perlu wedi marang pangamuké wong Jahudi, lan jèn netepi kaadilan, beneré Pilatus kudu ngandika marang wong Jahudi: „Senadjan panguwuhmu ngantia sundul ing langit, senadjan kowé pađa nganakaké éra-èru lan señadjan kowé madulaké aku marang ngarsané Sang Prabu ing Rum, . . . Jésus iki wong resik tanpa dosa, mulané dakluwari!” Nanging kodjur, Pilatus iku wong djirih. Banju sing diagem widjik asta, bisa ngilangi rereged sing ana ing astané, nanging piala sing wis mandjing ana ing galihé djalaran nuruti panggudjé bangsa Jahudi, apa bisa ilang mung sarana widjik asta? Dawuhé Pilatus marang wong golongan: „Kowé pađa ngrasakna déwé enggonmu arep matrapi wong sing resik tanpa dosa iku!”

Wong golongan bandjur pađa surak, aturé marang Pilatus klawan bungah: „Sendika, prakawis punika dados tanggèlan kula sedaja. Rahipun dumawaha ing kula saanak-putu kula! Kula sedaja ingkang badé njanggi amisbatjnipun! Nanging tijang punika kedah kasirnakaken!” Wong golongan kaja-kaja wis geleng nunggal karep njirnakaké Gusti Jésus, embuh keprijé kadadéjané ing tembé buri.

Pilatus bandjur dawuh nggawa lan njapu marang Gusti Jésus. Miturut adaté ing tanah kono, wong durdjana sing bakal kapatrapan paukumam pati sarana kagantung ing kaju salib, iku kudu disapu ing sadurungé . . . Mengkono uga Gusti Jésus, sarèhné Pilatus wis masrahaké Pandjenengané marang wong Jahudi supaya kasalib, mulané Pandjenengané saiki ija kudu nandang dipisakit sarana kasapu.

Gusti Jésus bandjur didabjang déning para pradjurit Rum menjang ing palataran djero. Kantja-kantjané pradjurit diklumpukaké sapanta pepak, arep ngleksanani dawuhé Pilatus. Jèn ndeleng para pradjurit sing pawakané blenot lan pating petékol, apadéné kasar tandangé, ana ing tengahé wong-wong mau Gusti Jésus katon ringkih tanpa daja. Gusti Jésus tansah digegudjeng lan dipepojok. Sakèhing pamemirang disanggi klawan sabar. Lan bareng sarirané dilukari lan pengkerané disapu nganti tjètjèl-butjèl kulité lan dléwéran

rahé . . . Gusti Jésus mung kèndel baé, sèwu lara diampet lan sèwu wirang dibetahaké. Mangka Pandjenengané ora ketara jèn mengku duka.


Ana pradjurit sing ngutjap mengkéné: „Iki ratuné wong Jahudi.” Kantjané njauri: „Jèn mengkono kudu dianggon-anggoni kajadéné ratu! „Ing kono Gusti Jésus bandjur diagem pangageman wungu, malah digawèkaké makuatan eri bulet-buletan, diagemaké ing mastakané, eri sing lantjip-lantjip njubles ing kulit, temah pasurjané godrès rah . . . Ing astané tengen ditjepengi rajung minangka djungkating kaprabon. Pradjurit mau bandjur pađa djèngkèng ana ing ngarsané Gusti Jésus kambi mojoki, pangutjapé: Saos bekti, ratunipun tijang Jahudi!” Bandjur pađa ngidoni lan ndjupuk rajungé digebugaké ing mastakané . . .

Gusti Jésus kèndel baé. Sarirané rempu déning disapu; galihé kaja dirudjit-rudjit déning pepojok lan tjetjampah. Éwadéné lésané ora nglairaké pasambat lan nétrané ora mantjereng mengku duka. Gusti Jésus kang lembah-manah, tansah mbetahaké lara lan wirang lair batin . . . mung karena saka sih kawelasané marang manusa dosa.


PILATUS mirsani Gusti Jésus enggoné kagawé sawenang-wenang, nanging ora nganti rentah welasé, djalaran wis kerep pirs sesawangan sing mengkono iku. Nanging Pilatus isih pados réka supaya bisa nguwalaké saka ing paukuman pati. Dawuhé marang para pradjurit: „Wongé gawanan metu, tuduhna marang wong golongan.” Gusti Jésus bandjur diirid mijos ngagem makuatan eri lan djubah wungu . . . Pangalihé Pilatus mengkéné: „Bokmenawa wong Jahudi runtuh welasé jèn pađa njawang marang seduluré tunggal bangsa nandang disija-sija.”

Gusti Jésus didjumenengaké ing ngarepé wong golongan, sirah lan pengkerané gubras rah, remek rempu sarirané déning nandang panjija-njija kang banget; mengkono iku wudjudé „Wong kang banget kelara-lara”.

Ing kono pangandikané Pilatus marang wong akèh: „Sawangen Wongé!” Wong golongan sanalika meneng kabèh. Nanging bareng para pangarepé imam lan para ulama pađa njawang marang Gusti Jésus, bandjur pađa ngipuk-ipuk wong golongan pađa diadjak bebarengan nguwuh-uwuh: „Kasirnakna! Kasaliba!” Wong golongan njambungi: „Kasaliba! Kasaliba!” Pangandikané Pilatus: „Ratumu teka daksalib?” Nanging wong Jahudi sing adaté pađa geting marang wong Rum lan pađa ora seneng dadi bawahé kraton Rum, mangsuli klawan lelamisan: „Kula sami boten gađah ratu kadjawi Sang Prabu!”



„KASIRNAKNA, KASIRNAKNA, KASALIBA!”



O, wong busuk! Saiki udjaré keturutan, wong-wong mau pada ora duwé ratu temenan. Ratuning swarga lan bumi, Sang Mesih, kang wis rawuh nedya mitulungi wong-wong mau, pada disingkang-singkang lan ditjampahi, malah dipatrapi paukuman kajadéné wong durdjana.

Malah saiki wis tekan waktuné wong-wong mau pada arep *njédani* Pandjenengané.

Wekasané Pilatus dawuh: „Wis gawanen, saliben déwé!”

Gusti Jésus bandjur dipasrahaké marang wong golongan, supaja disalib. O, Pilatus . . . bupati litjik! Djeneng Pilatus ing salawas-lawasé bakal tansah diundamana lan ditjampahi wong sadjagad.

GOLGOTA

GUSTI Jésus wiwit kaðabjang manèh . . . ndilir lakuné wong sing pada ngetutaké. Pradjurit Rum sabregada ngapit-apit tindaké Gusti Jésus supaja adja nganti dimunasika déning wong golongan. Panggedéné pradjurit apangkat panatus nunggang djaran ndjampangi lakuné arak-arakan. Ing saburiné katon wong sapança manèh pada nggawa pantèk lantjip-lantjip karo gandèn. Wong iku sing pada kadjibah njalib marang Gusti Jésus.

Tindaké Gusti Jésus kambi manggul salibé pijambak. Iku wis dadi tjara: wong durdjana sing arep diukum salib, kudu manggul salibé déwé saka ing kuça Jerusalèm turut dalam sing munggah ing pepuntuk kang aran Patjumlungan, ing tembung Ibrani aran Golgota.

Gusti Jésus semuné rekasa banget enggoné manggul salib, katon mejèk-mejèk, sedéla-sedéla mèndel; sarirané sing mentas disapu lan digebagi, sing isih kuçah rah, kaja-kaja ora kuat mbatjutaké tindak karo manggul salib sing tumumpang ana ing pamiðangané . . .

Sesawangan sing njeðihaké . . .

DALAN sing ditindaki Gusti Jésus iku majat lan panas. Senadjan tindaké kèndel bola-bali, éwadéné digelak supaja mbatjut, nanging wekasané Gusti Jésus ambruk . . . Wong-wong sing ana ing satjedaké pada busekan. Keprijé rékané supaja bisa terus lakuné, apa kudu dipetjut, apa kudu diréwangi manggul salibé sing abot? Nanging sapa sing gelem nulungi wong ukuman? Kapinudjon nalika semono ana wong mentas saka pategalan liwat ing kono. Wong mau aran Simon, asalé saka Kiréné. Tanpa ditari wong mau bandjur diarad manggul salibé Gusti Jésus. Mangka Simon ora mbangkang, bandjur mlaku kambi manggul salib ana ing wingkingé Gusti Jésus.

Ing wingkingé manèh ana wong akèh pada ndèrèkaké tindaké Gusti Jésus mengkono uga wong wadon kang pada ngaðuh-aðuh lan nangisi Pandjenengané. Wong-wong mau pada ora wentala ndeleng sangsarané Gusti Jésus, ora tegel ndeleng sarirané godrès rah. Saja trenjuh atiné djalaran pada kélingan enggoné Gusti Jésus saben dinané mung tansah gawé betjik marang akèh.

Ing kono Gusti Jésus bandjur minger mirsani wong-wong wadon mau sarta ngandika: „Hé para anaké Jerusalèm, adja pada nangisi Aku, nanging awakmu déwé lan anak-anakmu iku pada tangisana!” Gusti Jésus isih kepang-reng mangandikani umat kagungané, senadjan sarirané pijambak kaebjukan ing sangsara. Pandjenengané kamiwelassen mirsani wong golongan mau, djalaran Pandjenengané wis mirsa ing sadurungé apa sing bakal kelakon ing sapengkeré. Wong-wong ing Jerusalèm, sarèhné pada nampik lan njédani Sang Mesih, bakal kataman ing paukuman kang luwih déning nggegirisi! . . . Iku kang ndjalari Gusti Jésus nganti kewijos pangandikané: „Nanging awakmu déwé lan anak-anakmu iku pada tangisana.”

Tindaké Gusti Jésus dibatjutaké, wajahé wis ngarepaké tengangé, panasé krasa saja sumelèt.

GOLGOTA! Patjumlungan!

Salibé wis ditantjebaké ing lemah. Gusti Jésus bandjur dilukari pangagemané; sarirané sing remek rempu diunggahaké ing kaju salib, asta lan sampéjané dipantèk ing kaju, temah rahé kumotos tiba ing lemah. Astané Gusti Jésus sing adaté diegaraké paring berkah, saiki bolong-bolong tatu dipantèk . . . nahanaké lara kang banget! Nanging Gusti Jésus ora muntab dukané, lan ija ora kelair pasambaté . . .

Gusti Jésus mung tansah ndedonga. Sing didongakaké dudu sarirané pijambak, nanging wong-wong sing ambek nijaja marang Pandjenengané, sing pada mojoki lan njampahi, para wong Jahudi, malah ndongakaké wong ing sadjagad kabèh. Djalaran karana dosané wong sadjagad Pandjenengané kedah nandang sangsara lan séda. Pandongané mengkéné: „*Duh Rama, tijang punika mugè sami Tuhan apunten, amargi boten sumerep ingkang dados pandamelipun.*”

ING nalika iku ana wong durdjana loro pada kasalib bareng karo Gusti Jésus, kang sidji keprenah ing tengen, sidjiné ing kiwa. Dadiné Gusti Jésus kang tanpa dosa, Ratuning djagad lan swarga, gumantung ing kaju salib awor karo wong durdjana . . .

Panasing srengéngé kraos sumelèt ana ing

sarirané sing ora kasasaban ing pangageman, tatu lan rah sing ana ing mastaka lan pengkerané pađa garing, lan Gusti Jésus banget enggoné nandang katoran Mangka ing sadurungé kasalib Gusti Jésus diaturi ngundjuk anggur ketjut kaworan rempelu; bareng diitjipi, ora kersa ngundjuk. Ombèn-ombèn iku mendemi, bisa ngilangaké rasa lara. Mulané Gusti Jésus ora kersa ngundjuk, supaya bisa ngrasakaké ing sakatogé enggoné nandang sangsara

Para pradjurit sawisé njalib Gusti Jésus, bandjur pađa ndjupuk pangagemané Gusti Jésus lan wong durdjana loro mau, tumuli diedum-edum, nanging bareng tekan kotang agemé Gusti Jésus, ana pradjurit kang duwé usul mengkéné: „Iku adja disuwèk, pajo digebug ing dađu, supaya karuwana sapa kang bakal nduwèni.” Mungguh kotang mau ora nganggo dondoman, tenunané ladjuran saka ing duwur tutug ing ngisor. Mengkono iku dadiné ana pangagemané Gusti Jésus kang diedum-edum sarana kagebug ing dađu.

Para pangarepé imam, para ulama lan para Farisi dalah wong golongan singpađa nunggoni enggoné Gusti Jésus disalib, pađa andèr ana ing sakupengé kono, nanging ora wani tjedak-tjedak djalaran panggonan mau didjaga déning pradjurit Rum. Wong-wong ora lèrèn-lèrèn enggoné njampahi lan mojoki Gusti Jésus, sing katoné wis tanpa daja. Ana kang ngutjap mengkéné: „Èh kowé kang mbubrah padaleman sutji, bandjur jasa manèh sadjroning telung dina, mara luwarana awakmu déwé. Menawa kowé Putrané Allah, mara muđuna saka ing salib!”

Bareng Gusti Jésus wis gumantung ing kaju salib, wong Jahudi pađa mongkog atiné, rumangsané wis menang, wis bisa ngalahaké Rabbi saka Nasarèt. Wis mesthi baé menang, djalaran wong-wong mau pađa dadi umaté Allah, abdi kang pinilih, mengkono rumangsané

Mangka ana ing kaju salib Gusti Jésus nandang sangsara kang banget. Pangérang-érangé wong golongan natoni galihé Saupama Gusti Jésus kersa, tembung saketjap kang mijos saka ing lésané bisa nekakaké wadyabala malaékat sing ngladosi Pandjenengané ing sakersané. Saupama Gusti Jésus ndawuhaké wewelak, wong-wong Jahudi sing pađa pating petèntèng ngérang-érang Pandjenengané, ing sanalika mesthi mak tjekengkeng mati kabèh! Nanging pantjèn wis dadi kersané Gusti Jésus nandang sangsara ing sakatogé, pamurihé supaya bisa nepangaké manèh manusa karo Allah.

DALASAN wong durdjana kang pađa kasalib bareng karo Gusti Jésus, kang

sidji ngala-ala marang Gusti Jésus, uniné: „Jèn kowé njata Sang Kristus, lah, mara tulungana awakmu déwé lan aku wong loro iki!”

Nanging durdjana sidjiné ora gelem ngala-ala marang Gusti Jésus. Lara sing njiksa awaké apadéné pati sing gawé mirising atiné, iku wis sapantesé baé tumrap ing wong durdjana lan wis murwat karo panggawé kang pađa dilakoné. Balik Rabbi sing disalib ana ing tengah iku, rak ora sabeneré nampani paukuman sing semono aboté, awit Pandjenengané ora ana èmperé karo wong durdjana. Mangka Pandjenengané iku mung kèndel baé, senadjan ora samestiné nandang paukuman. Lha kok kantjané sing wis genah wong durdjana, wani ngala-ala marang wong sing diukum tanpa kaluputan, dupèh nunggal sapaukuman. Mulané kantjané mau bandjur disendu lan diwelèhaké, tembungé: „Keprijé ta déné kowé ngala-ala marang wong mursid iki? Apa kowé wis ora duwé wedi marang Allah? Mungguh aku lan kowé, wis sabeneré baé nampani kang murwat karo panggawé kang pađa daklakoni. Balik wong iki ora nglampahi kaluputan apa-apa.” Wong durdjana sing diwelèhaké mau mung gumuju baé. Nanging durdjana sing mrinani Gusti Jésus, bandjur mundjuk marang Pandjenengané klawan mantep pangandelé: „Duh Gusti, bédjing samangsa Tuwan rawuh ing kraton Tuwan, mugi ngèneti dateng kawula.” Gusti Jésus sing ora naté nampik panjuwuné wong sing şowan marang ngarsané klawan tobat, bandjur mirsani wong durdjana mau klawan welas lan kepareng paring wangsulan sing gawé lereming ati. Senadjan lésané wis rekasa kage n ngandika djalaran garing kepanasan, éwa éné widjiling pangandikané tumamané ana ing atiné wong durdjana mau kaja tètèsing ebun ing wajah ésuk. Pangandikané Gusti Jésus iku mrasetyakaké bab pangapuraning dosa lan padunungan anjar ana ing swarga. Dawuhé Gusti Jésus: „Satemené pituturku ing kowé: Ing dina iki kowé bakal mèlu Aku ana ing Pirdus.”

SAKA ing antarané wong golongan ana wong wadon marani salibé Gusti Jésus. Klawan rekasa enggoné munggah ing pepuntuk duwur, polatané katon suntrut lan seđih banget, enggoné nangis isih kamisesegen. Lakuné dikantji ing wong lanang, muridé Gusti Jésus, ketara banget jèn murid mau tresna lan welas marang Guruné nganti ora tegel njawang marang sangsarané.

Pradjurit Rum sing weruh tekané wong wadon mau, ora ana sing wani ngalang-alangi, ana sing ngutjap: „Iku ibuné!” Marjam, ibuné Gusti Jésus, lan Jochanan, murid sing

kinasih, pada ngadeg ing tjejak salib. Marjam njipati déwé enggoné Gusti Jésus disalib. Rasa lara sing tumama ing sarirané Gusti Jésus kaja-kaja ija dirasakaké Marjam ana ing awaké. Saiki Marjam lagi bisa ngerti kadadéjaning pametja sing diwedaraké déning Simeon, nalika bijèn njowanaké Sang Djabang Baji menjang ing padaleman sutji. Pangandikané Simeon marang Marjam: „Malah atimu bakal katuwek ing pedang.” Saiki Marjam ngrasakaké atiné kaja djinuwing-djuwing djalaran neksèni panandangé kang Putra. Senadjan mung sedih lan prihatin sing bakal dirasakaké jèn mèlu menjang Golgota, éwadéné Marjam meksa teka mrono pamurihé supaja bisa njawang kang Putra *sepisan manèh*.

Gusti Jésus ningali Marjam kang ibu. Ing sadjroning mbetahaké sangsara galihé banget trenjuhé déning welas marang kang ibu kang bakal ditilar. Gusti Jésus kepareng paring pitulungan lan panglipur. Jochanan, murid kang kinasih, bakal dipasrahi ngreksa lan ngrumati Marjam, karengkuha kajadéné ibuné déwé, lan Marjam nganggepa marang Jochanan kaja marang kang putra pijambak. Pangandikané Gusti Jésus marang kang ibu: „Njalah punika putra sampéjan.” Pangandikané marang Jochanan: „Lah iku ibumu.” Wiwit nalika iku Jochanan bandjur ngaturi Marjam terus manggèn ing omahé.

SEPIRA aboté enggoné nandang sangsara sing sarirané pijambak, Pandjenengané isih menggali kabutuhané *wong lija*, isih ndongakaké *wong lija*, malah Pandjenengané isih kepareng mberkahi *wong lija*.

Nanging gerahé saja suwé saja ngranuhi, pameteking sangsara saja suwé saja abot, lan sarirané saja garing kepanasan temah banget enggoné kraos ngelak katoran.

Lan banget-bangeté enggoné nandang sangsara bareng wis wajah tengangé, srengéngé kaja pinandjer ing duwur bener. Nanging dumadakan padangé srengéngé ilang déning pagowong kang nasabi ing satanah kabèh, pepuntuk ing Golgotha tekan ing Jerusalem lan sawratané tanah katoné kaja ing wajah tengah bengi, temahan wong kabèh pada giris djalaran ketukup ing pepeteng sing ora sebané, mangka nganti telung djam suwéné. Lan ing sadjroning pagowong mau kaja-kaja Gusti Jésus ngatogaké enggoné nandang sangsara. Mangka satemené dudu gerahing sarira sing niksa Pandjenengané, nanging girising galih . . .

Généja giris galihé? Pandjenengané iku Putrané Allah kang Mahakawasa, géneja nganti giris galihé? Djalaran ing sadjroning pagowong mau Pandjenengané rumaos kepenjil lan *ditégakaké*. Ditégakaké déning manusa,

djalaran wong akèh pada sarsaran salang-tundjang ninggal panggonané salib, ora karuwan parané ngungsi, djalaran pada wedi lan geter déning pagowong kang ora kaweruhan sangkan-parané. Jèn mung ditégakaké ing *wong akèh*, satemené iku ora sepiraa dajané, nanging Gusti Jésus rumaos ditégakaké déning *Allah Sang Rama*. Iku sing ndjalari Gusti Jésus kataman ing giris kang banget. Adaté Gusti Jésus tansah tetunggilan karo Allah Sang Rama, mangka saiki Pandjenengané lagi njanggi dosaning djagad, temah Allah ora dangan ningali Sang Putra ing kalané kasasaban ing djedjembering dosa. Saking bangeté enggoné kataman ing girising galih, Gusti Jésus nganti nguwuh klawan swara kang sora: „Éli, Éli, Lama Sabachtani! Duh Allah kawula, Allah Kawula, punapaa Tuwan négakaken dateng kawula?”

Bareng mengkono srengéngé wiwit trèntjèng manèh, pagowong mundur alon-alon kaja-kaja kasoran prabawa déning pepadang sing nelahi ing pepeteng. Apa mengkono iku wudjuding wangsulan ingatasé pasambaté Gusti Jésus mau?

Wong-wong Jahudi sing mauné pada pating bilulung ngungsi golèk pandelikan nalika katempuh ing pagowong, bareng wis ilang pagowongé lan pulih pentèr manèh, bandjur pulih kakendelané lan gumendung atiné; saiki wiwit wani *mojoki* manèh. Udjaré wong sawenèh kambi gumuju: „Wong iku njebut: Éli, Éli! Ajo pada dientèni, apa Élijah teka mitulungi!” Wong-wong mau tjeja pangrununé lan ora salah tanpa, nanging sarèhné atiné wis ngendèm sengit, dadi sawetu-wetuné mung njenjengit. Panjenjamah mengkono mau wis ora digapé babar pisan déning Gusti Jésus. Sarirané gumantung ing kaju salib, kentèkan daja kakuwatan enggoné mbetahaké nandang sangsara, sirahé tumungkul kaja-kaja wis ndungkap adjalé.

KLAWAN sabar-tawekal Gusti Jésus ngen-tosi sédané, mung kari sedéla enggoné nandang sangsara, bandjur sakèhé panandang ora dirasa manèh. Ing kono Gusti Jésus nguwuh: „Aku ngelak.” Ana pradjurit njelupaké djampur karang ing tjokak, bandjur disundep ing rajung, tumuli njaosi ngundjuk marang Gusti Jésus.

SAWISÉ nampèni tjokak mau, Gusti Jésus bandjur katingal rada adèng, sirahé sing wis tumungkul, bandjur ndengèngèk, tingalé sing wis lojop, mubjar manèh mulat maspadakaké djagading kadurakan sing ndjalari Gusti Jésus nganti nombokaké sarirané nganti tumeka ing séda. Nanging saiki Pandjenengané ora katon suntrut, kaja-kaja wis ora

ngraosaké panandang lan sangsara manèh, djalaran sakèhing ajahan sing dibebahaké Sang Rama wis kelakon dirampungaké, paku-kumaningdjagad wis disanggisumurup enggoné ngleksanani kersané Sang Rama ing swarga. Dosa sing ndjalari sangsarané djagad wis kabirat, temah manusa diparengaké sowan ing ngarsané Gusti Allah. Sang Djuru Slamet, senadjan isih gumantung ing kaju salib, pamulaté marang djagad lan swarga kajadéné Sang Prawira sing mentas unggul judané. Ing kono Gusti Jésus bandjur nguwuh manèh klawan swara kang sora: „Wus rampung!” Lan sadurungé megat njawa Gusti Jésus nguwuh manèh: „Duh Rama, kawula nitipaken njawa kawula ing asta Tuwan.” Sawisé mengkono bandjur ndingklukaké mastaka megat njawa. Pangandikané kang wekasan mau awudjud panjuwun marang Allah, nanging ija awudjud kamaremaning panggalih, déné Pandjenengané saiki wis pulih manunggil karo Sang Rama ing swarga ing salawas-lawasé.

KOTJAPA kang ana ing padaleman sutji, para imam wis wiwit saos kurban kaja adaté miturut angger-angger, kagem ing kaluhurané Allah, — bareng karo sédané Gusti Jésus ing kono ana lelakon kang élok ngéram-éramaké: gubahé padaleman sutji suwèk dadi loro, wiwit ing duwur tumeka ing ngisor. Gubah iku gumantung ing djero padaleman sutji minangka singgetan ing antarané pasutjèn lan pasutjèn kang pinundjul, kang ora tau dileboni ing wong kedjaba imam agung, nanging keparengé mlebu mrono mung sepi-san saben setaun, jaiku jèn pinudju njaosaké kurban pangruwating dosa. Mangka saiki gubah mau suwèk dadi loro, dadi pasutjèn kang pinundjul wis ora disingget manèh. Prakara iku njasmitani, jèn pasutjèn kang pinundjul sing mauné disengker, saiki kena dileboni ing sadéngah wong. Para imam pada kagèt bareng weruh suwèking gubah nganti pijak dadi loro.

Nanging wong-wong mau pada ora bisa ngerti tegesing sasmita mau. Sasmitané gubah suwèk iku kanggo mralambang jèn dalam mlebu menjang swarga saiki wis binuka kanggo sadéngah wong, lantaran pakarjané Gusti Jésus sing mentas dirampungaké ana ing kaju salib, nalika Pandjenengané ngandika klawan swara sora: „Wus rampung!”

Bareng karo suwèking gubah ing padaleman sutji, nalika semono bumi gondjang-gandjing, parang-parang pada bengkah, lan kubur-kubur pada menga, lan badané para sutji kang wus ngadjal akèh kang pada kata-ngèkaké.

KEPRIJÉ mungguh kaanané wong-wong sing pada ngrungu lan weruh lelakon iku kabèh? . . . Wong-wong mau pada banget wediné, bandjur pada mulih kambi tebah-tebah pada, lan bisik-bisik pada ngutjap: „Bilai aku déné ngwutahaké getih resik! Sapa ta sedjatiné wong sing mentas pada daksalib iku?” Wong golongan mau bubar pating blesar mulih menjang omahé déwé-déwé, lan ora lèrèn-lèrèn enggoné pada nutuh awaké, déwé, udjaré: „Bilai aku, déné wis ngwutahaké getih resik!”

Anadéné panatus pradjurit, wong kapis, bareng weruh lelakon mau lan nungkuli enggoné Gusti Jésus megat njawa, tumuli ngluhuraké Allah, pangutjapé: „Njata jèn wong iku tanpa kaluputan! Iku Putrané Allah!”


WAJAHÉ wis ngarepaké soré. Puntuk Golgota pulih sepi njenjet kaja adaté jèn wajah bengi.


GUSTI JÉSUS KASARÈKAKÉ

KATJARITA soréné, bareng wis ngarepaké wajah surup srengéngé, ngarepaké puputing dina sing keliwat-liwat gawaté, Gusti Jésus isih gumantung ing kaju salib, — wis dadi lajon, djalaran séda katjidra déning bangsa Jahudi.

ING wajah remeng-remeng katon ana regemenging wong pada munggah marani kaju salib. Iku pradjurité Pilatus sing pada kadawuhan nguḍunaké wong-wong sing isih pada gumantung ing kaju salib, bandjur kadawuhan ngubur ana ing sikilé puntuk Golgota utawa ana ing pakuburan Hinnom, jaiku pakuburané wong-wong durdjana. Lan saupama sing disalib isih pada urip, wong mau kudu karemukan sikilé tumuli mati. Nalika semono wong durdjana sing pada disalib bareng karo Gusti Jésus, tinemu isih pada urip, mulané pradjurit mau bandjur pada mara ngremuki sikilé durdjana sing ngala-ala marang Gusti Jésus bareng karo durdjana sing nuwun pangapura. Dadi marga saka nandang lara kang banget djalaran karemukan balungé, wong durdjana loro mau pada nemahi mati . . .

Nanging bareng pada nekani panggonané Gusti Jésus kasalib, pradjurit mau pada ngerti jèn Pandjenengané wis séda, mulané ora nganti karemuk sampéjané. Nanging ana sawidjining pradjurit sing ora pati ngandel jèn Pandjenengané wis séda, ndjodjoh lambungé nganggo tumbak, temahan sanalika metu





getihé awor banju. Iku dadi bukti kang tjeta jèn Gusti Jésus sanjata wis séda.

Ing dina iku para imam lan para pinituwa sowan manèh ing ngarsané Pilatus lan adreng panjuwuné supaya para wong sing pađa disalib, énggal kaudunaké saka kaju salib lan kakubur ing sadurungé ngantjik dina Sabbath, djalaran bangsa Jahudi kudu nutjèkaké dina Sabbath kang sutji. Ing dina iku adja ana wong durdjana kebandjur gumantung ing kaju salib, supaya adja pada ngéling-élingaké para wong mursid marang piala, temah mulusa enggoné pađa saos pangabekti lan memudji marang Allah.

Pilatus ija ndjurungi apa sapanjuwuné para imam mau.

Nanging sapungkuré iku isih ana sing pađa sowan manèh ngundjukaké panjuwun marang Pilatus. Sing pađa sowan mau wong loro kalebu panunggalané para ahli kitab, wargané Pradata Jahudi, dadi ija kalebu golongané para pangarepé bangsa Jahudi. Déné sing pađa disuwun jaiku supaya kelilana ngukup lajoné Gusti Jésus saka ing kaju salib; iku perluné supaya lajoné Gusti Jésus adja nganti katjemplungaké ing djugangan awor karo djisimé wong durdjana, nanging bisaa kasarèkaké klawan pakurmatan ana ing kubur kang betjik lan mungguh kagem Pandjenengané... Pilatus katon éram mirsani ulama loro mau, sing pađa ngaku dadi mitrané Gusti Jésus, awit Pilatus kagungan panjana jèn Gusti Jésus iku babar pisan ora kagungan mitra, saja manèh ing kalangané para ulama lan pangarepé wong Jahudi...

Pilatus ora mambengi sedyané wong loro mau. Pilatus wis ora merduli marang Rabbi saka Nasarèt sing saiki wis mati, senadjan enggoné kasalib tanpa dosa. Jèn wis mati, arep dikapakaké manèh, menawa ora dikubur? Jèn wis kakubur, rak bandjur énggal sirna saka ing pangangen-angen... Mungguh bisaa, lelakon sing mentas kepungkur arep dibusek saka ing pangangen-angené!

ULAMA loro mau bandjur énggal-énggalan mangkat menjang Golgota. Ing sabisa-bisa kudu ndisiki tekané para pradjurit utusané Pilatus, supaya Gusti Jésus adja nganti kapetak bareng karo wong durdjana. Ulama loro mau wis pađa golong sedyané arep njarèkaké lajoné Gusti Jésus ana ing kubur sing anjar lan resik, sembada marang kasutjéné. Ulama loro mau jaiku: Nikodémus lan Jusup ing Arimatéa, sakaroné pađa kalebu golongané para ahli kitab lan wong Farisi, nanging pađa ora mèlu ngrudjuki ing rembug lan pratingkahé para imam, malah pađa mbudi daja murih luwaré Guru lan Gustiné saka ing

paukuman pati. Nanging wong loro mau bisa ndajani apa lelawanan karo wong semono kèhé? Rékadajané ora bisa olèh gawé. Nanging saiki, sawisé Gusti Jésus séda, wong loro mau kepéngin nélakaké bekti lan tresnané marang Pandjenengané. Lajoné Guruné disuwun lan arep disarèkaké patrapé kajadéné njarèkaké lajon sing pantes diurmati lan dipunđi-punđi.

Nanging enggoné pađa tumandang ing gawé kudu tjékat-tjèket, adja nganti kesurupan srengéngé. Awit jèn srengéngé wis surup, wis ngantjik dina Sabbath-Paskah sing adi lan sutji, temah ora diparengaké nglakoni pagawéan apa baé...

Wong loro mau bandjur nggelar mori alus sing isih anjar lan resik didèkèki tjaruban blendok mur lan kaju garu, kaja adaté wong Jahudi menawa metak lajoné wong sugih... Ing kono ija ana wong wadon, murid-muridé Gusti Jésus, sing pađa ngréwangi, kajata: Marjam Magdaléna, karo Marjam ibuné Jakobus, apadéné Salomé...

Ing wajah soré remeng-remeng mau puntuk Golgota dadi sepi njenjet, jaiku njenjeting kaprihatinan kang tanpa upama gedéné. Atiné wong-wong mitrané Gusti Jésus wis kumantil-kantil déning tresna marang Pandjenengané, trenjuh déning welas njawang marang lajon sing isih pinantèk ing kaju salib... Tumrapé wong-wong mau djagad dadi mamring djalaran rumangsa tinilar ing mitra sedjati!

ING kono lajoné Gusti Jésus bandjur ditulmedakaké saka ing kaju salib klawan urmat lan pakéring, disarèkaké ana ing mori alus sing wis didèkèki tjaruban blendok mur lan kaju garu. Sawisé diulesi, bandjur dibopong déning Jusup ing Arimatéa lan Nikodémus, digawa menjang ing kubur anjar sing ana ing patamanan ing satjedaké panggonan kono, jaiku ing pasaréané. Ing saburiné lajon mau para wong wadon pađa ndèrèkaké kambi nangis mingseg-mingseg djalaran kamomotan ing sedih, djagad wis prasasat sepi ing panglipur lan tuna ing pangarep-arep.

Gusti Jésus, ija Gusti kang pađa ditresnani, awit saiba enggoné tansah ngerobi ing sihé!

ING panggonané Gusti Jésus kasalib ana patamanan duwèké Jusup ing Arimatéa, lan ing patamanan iku ana kuburé isih anjar, kang durung tau kanggo ngubur wong, iku gentan duwèké Jusup wong sugih mau. Nanging sarèhné saiki Gusti Jésus kudu kasarèkaké tumuli, mulané kubur anjar sing diganta-ganta kanggo awaké déwé, bandjur kasaosaké kagama ing Gustiné.

Dadiné Gusti Jésus tumuli kasarekaké ana ing kubur sing isih anjar, tur kuburé wong

sugih. Sawisé mengkonon, lawangané kubur bandjur ditutup nganggo watu gedé

Nalika semono wajahé wis surup srengéngé; paðanging raina larud kalindih déning pete-ning wajah bengi.

Para mitrané Gusti Jésus bandjur paða mulih bebarengan, nanging lenging gagasané ora lija mung marang Gustiné sing wis sumaré.

Nikodémus, panunggalané wong Farisi, sing wis tau sowan dedemitan ing wajah bengi ana ing ngarsané Gusti Jésus, kélingan apa sing didawuhaké nalika semono. Pangandikané Gusti Jésus mengkéné: „Kaja rerékan ula enggoné disengkakaké déning Musa ana ing pasamunan, ija mengkonon uga Putrané manusa enggoné pinesti kasengkakaké.” Nalika ngrungu pangandika mau, Nikodémus ora bisa ngerti apa tegesé, nanging saiki bareng wis ndeleng Gusti Jésus kasalib, Nikodémus wis ora kesamaran manèh mungguh wigatining pangandika mau. „Putrané manusa pinesti kasengkakaké” iku ateges: Gusti Jésus kasengkakaké ing kaju salib.

„Supaja saben wong kang ngugemi utawa kang pratjaja marang Pandjenengané, adja kongsi nemu karusakan, nanging nduwè-nana urip langgeng.”

Saiki Nikodémus ora mangu-mangu manèh mungguh dawuhé Gusti Jésus : Pandjenengané iku kang djuneneng Djuru Slamet, kang pinesti séda supaja ngangsalaké rahajuning djagad lan miludjengaké para manusa, mengkonon uga Nikodémus, wong Farisi

KOTJAPA ing kuṭa Jerusalèm, ing dina Sabbath iku wong Jahudi kabèh paða lèrèn netepi ing angger lan paða nindakaké pangibadahé kondjuk marang Allah.

Kepriyé mungguh *batiné* wong-wong Jahudi mau?

Nalika Gusti Jésus wis kasalib lan wis tjeṭa séda, atiné para imam lan wong Jahudi lijané paða ngrasakaké léga, djalaran wis bisa ngasoraké mungsuhé lan ngulapi klilipé, dadi ing wekasané para ulama ora wurung olèh kaunggulan. Ing sabandjuré wong golongan bakal paða kèlu manèh marang wulang-wuruké para ulama, lan sarèhné Rabbi saka Nasarèt wis sirna, sapa manèh sing bakal paða dibangun-turut lan diadji-adjadi kedjaba para imam, para ulama apadéné para ahli kitab mau? Ing sabandjuré para pangarepé wong Jahudi mau bakal bisa nutjèkaké dina Sabbath manut ing surasaning angger-angger klawan ati tentrem . . . Éwasemono kadang-kadang atiné kaja-kaja ana sing ngélingaké marang ananing lelakon sing ora lumrah, sing kelakoné mbarengi sédané Gusti Jésus; nanging lelakon mengkonon mau sabisa-bisa diedohaké saka ing atiné Prakara

sing wis kepungkur, ora perlu dipikir manèh; anané sing tinemu saiki, wis betjik kabèh.

Sing unggul para ulama! Sing kasoran Rabbi saka Nasarèt!

NANGING

Para ulama mau durung djendjem pikiré, djalaran kélingan pangandikané Rabbi saka Nasarèt, jèn sawisé séda bakal wongu saka ing antarané wong mati Mesti baé para ulama paða ora ngandel lan prakara mau dimokalaké. Nglengkara ana wong mati bisa tangi manèh!

Nanging kepriyé, jèn para sekabaté bandjur paða teka ing pakuburané ing wajah bengi lan njolong djsimé, sarta kanda-kanda marang wong akèh jèn guruné wis tangi saka ing antarané wong mati? Temahan wong akèh bakal paða ngandel marang udjaré para sekabat lan wusanané bakal paða ngira jèn Jésus Nasarani iku *sanjata* kang djumeneng Sang Mesih.

Prakara iku kudu didjagani *adja* nganti bisa kelakon!

Dadiné para imam, para ulama, para pangarepé wong Jahudi lan para ahli kitab paða ngrijajakaké rijaja sing sutji, nanging atiné meksa ngandut was lan sumelang.

Mulané wong-wong mau bandjur paða sowan ing ngarsané Pilatus sarta njuwun supaja ndawuhaké préntah ngreksa pasaréané Gusti Jésus. Pradjurit sikep gegaman sabregada kadawuhan djaga ing ngarepé pasaréan, apadéné watu tutuping pasaréan dietjapi nganggo etjapé pamaréntah Sapa-sapa sing wani nglètèk utawa ngrusak etjap mau, mesti bakal kapatrapan paukuman. Wah, sapa sing wani tumindak mengkonon lan sapa sing wani ngajoni pradjurité Pilatus sing pepak gegamané?

Rékadaja mengkonon mau perluné supaja Jésus Nasarani sing dianggep dadi klilipé iku sirna ing salawas-lawasé.

Sing menang para ulama! Sing kasoran Jésus Nasarani!

OMAH panggonané para sekabat lan para muridé Gusti Jésus lanang lan wadon paða ngrijajakaké rijaja Paskah kalimputan ing kapihatinan; polatané wong-wong mau katon suntrut lan sedih, djalaran apa manèh sing isih kena diarep-arep, jèn Gusti lan Guruné wis ngalami séda lan sumaré ing pakuburan? Kabèh sing dadi pangarep-arepé wis katut kakubur; anané sing tinemu mung sedih lan prihatin.

Para murid mau ora ana sidji sing kélingan marang *kamuljan* sing diprasetyakaké déning Gusti Jésus nalika sugengé. Sing paða digagasmung bab sangsarané Gustiné lan bab kapri-

hatinané. Gusti lan Guruné sing dadi pikukuh lan andel-andelé, saiki wis séda tanpa daja.

Wong-wong mau ora ana sing ketuwuhan gagasan njolong lajoné Guruné. Gusti Jésus wis séda, lan ora bakal wungu sadurungé djaman wekasan! Déné para wong wadon sing pada ngréwangi ngulesi lan njarekaké lajoné Gusti Jésus, tansah karanta-ranta atiné, djalaran ora bisa ndjebadi Gustiné, mulané pada semajan, salebaré dina Sabbath, njawisaké anggi-anggi lan djebad Bandjur ing dina wiwitaning minggu arep bebarengan menjang ing pasaréan perlu njaosaké tandaning sih lan pakurmatan kang wekasan marang Gusti lan Guruné

Wong-wong mau ora ana sing nggagas marang *kamuljan*, *kabungahan*, utawa marang *kaunggulan*. Ing sadjeroning kaprihatinan sing semono gedéné sapa sing isih nggagas sing aèng-aèng?

ANA ing patamanané Jusup ana pasaréan anjar, tinutup rapet nganggo watu gedé, lan djinaga ing pradjurit sikep gegaman,

WUNGUNÉ GUSTI JÉSUS

ANA pradjurit sabregada lagi djaga, nanging anèhé sing didjaga iku pasaréan! Pradjurit mau pada sikep pedang lan tumbak, apadéné pada nganggo klambi keré, katon gagah-prakosa pilih-tanding. Sapa sing wani ngajoni? Sapa sing wani njedak lan mbukak pasaréan sing didjaga?

Sawengi natas pradjurit mau pada ora turu, ana sing lungguhan sinambi omong-omongan, ana manèh sing mlaku wira-wiri. Atiné pada geli déné kapatah ndjaga pasaréan Gèk sapa wongé sing wani teka mrono?

NANGING dumadakan pradjurit sing gagah-prakosa mau pada kagèt banget nganti pada ngoplok. Ana tjahja gumbjar tjumlorot saka ing langit kaja tjlèrèting kilat njamber. Sanalika pradjurit mau pada niba ing lemah, bandjur gurawalan tangi mlaju sipat kuping ngungsèkaké uripé Bumi gondjang-gandjing, djalaran ana lindu gedé.

Apa ta iku? Pradjurit mau pada ora ngerti, malah ija ora weruh apa sing tjumlorot, awit mripaté keblèrengen déning gebjaring tjahja. Apa iku sing diarani malaékat? Gèk pira tjatjahé? Pradjurit ija ora weruh, djalaran enggoné mlaju pada ora wani nolah-nolèh.

Satekané ing kuṭa, bandjur ndjudjug ing panggonané para imam lan awèh pawarta bab sing mentas kelakon. Bareng para imam pada ngrungu aturé pradjurit mau, sanalika

iku uga kabungahan, marga rumangsa wis ilang klilipé bareng karo sirnané Jésus Nasarani, malih dadi giris lan was sumelang. Udjaré pradjurit mesti kena dipratjaja. Enggoné pada katon wedi lan grojok aturé mau mesti ora digawé-gawé. Para imam pada ngandel, jèn sing mentas diweruhi pradjurit mau prakara sing ngébat-ébat. Sing dadi udjaré Jésus Nasarani iku apa njata bakal kelakon? Apa njata bisa tangi saka ing antarané wong mati? Apa saiki bisa pulih urip manèh, dadi ora sida mati lan sirna kaja sing dadi pangarep-arepé? O, jèn njata mengkono, gèk keprijé polahé?

Prakara sing kaja mengkono iku kudu didjagani adja nganti kelakon! Awit saupama kelakon temenan, para imam mesti bakal ketiwasan. Saja manèh jèn nganti kawentar ing antarané wong golongan. Wong akèh mesti bakal nutuh para imam, udjaré: „Para imam iku pada ndjlomprongaké aku kabèh; wong sing tanpa dosa kok dipatèni. Pandjenengané iku sanjata kang djumeneng Sang Mesih, mangka aku pada diadjani supaya adja pratjaja marang Pandjenengané. Iku luputé para imam!” O, ing sabisa-bisa kudu digolèkaké akal, supaya wong golongan adja nganti pada ngerti apa sing kelakon ana ing patamanané Jusup.

Para imam pada kerot-kerot lan ngepel-gepel tangan djalaran pada muring-muring sarta weling marang para pradjurit mengkéné: „Poma-poma, prakara iki adja pisan-pisan nganti kawentar marang wong akèh. Kowé kabèh pada menenga; adja ana udjarmu sake-tjap baé mungguh prakara iku. Jèn kowé pada saguh meneng, mesti bakal dakwènèhi gandjaran gedé. Poma-poma dibisa njidèm prakara!”

Nanging pradjurit mau isih pada ngandut kuwatir, mulané matur: „Kadospundi mangké menawi kapijarsa ing sang bupati Pilatus, punapa kula sami boton kedukan lan kaukum pedjah, djalaran kepladjeng boten netepi kuwadjiban?” Wangsulané para imam: „Adja kuwatir, aku sing bakal mbombong prakaramu ana ing ngarsané bupati Pilatus! Kowé bakal dakwènèhi duwit akèh minangka pituwase enggonmu njidèm prakara iki. Kowé pada njebara warta mengkéné: Ing wajah bengi sekabaté pada teka njolong djsimé, nalika aku pada turu. Wong golongan adja nganti pada duwé pangandel, jèn Jésus Nasarani iku tangi saka ing antarané wong mati . . . Wis pada mangkata lan wara-waraa jèn sing njolong djsimé iku para sekabaté!”

Pradjurit mau bandjur pada mangkat njebar pawarta goroh miturut pakoné para imam. Pawarta mengkono iku ing sabandjuré kawelanthrah ing saindengé tanah Israèl, malah

nganti sumebar ing saindengé djagad, mangka akèh wong sing pada ngandel, nganti tekan ing djaman saiki uga.

Pawarta goroh mau ing sakawit perluné mung kanggo ngaling-alingi para imam supaja adja nganti ditutuh déning wong golongan jèn tumindak nasar, nanging sadjatiné para imam déwé atiné ora bisa djendjem, awit tansah direridu déning gagasan mengkéné: „Jésus Nasarani wusanané bisa menang, lan aku sing kalah!”

GUSTI Jésus unggul!

Apa sing kelakon ing wajah bengi ing sadjeroning patamanan, ora ana djanma manusa sing ngerti, nanging luwih déning élok lan mulja pinundjul, ngungkuli sakèhing prakara sing tau kelakon ing djagad.

Pasaréan sing peteng lan anjes iku ora bisa masésa marang Gusti Jésus, Gustining kamuljan wungu saka ing séda lan mijos saka ing guwaning pasaréan. Bala malaékat, utusan saka ing swarga tumedak lan ngglundungaké watu lawangané pasaréan. Lan ing swarga ana kabungahan gedé, marga Sang Djuru Slamet wis ngasoraké sakèhing pialané manusa, malah unggul saka ing pati.

Saiki Pandjenengané wis olèh kaunggulan ing *sasampurnané* Ing djaman purwa pirang-pirang abad kepungkur, marga saka pamurangersaraké bapa Adam lan ibu Chawa pada tumiba ing dosa, temahan wong sadjagad kabèh pada kawengku ing dosa, sing ndjalari manusa pada kasébrataké saka ing ngarsané Allah kang maha sutji. Nanging ing djaman purwa iku uga, nalika isih pada ana ing patamanan Pirdus, Gusti Allah wis paring prasatya bakal ngrawuhaké Sang Mesih, ija Djuru Panebus, kang bakal mulihaké patunggilané manusa karo Allah Lan ing nalika semana Iblis sing tansah ngarah tjilakané manusa, wis kaparingan paukumané tumuli, lan wekasané bakal *kasoran*.

Iku kabèh *saiki* wis kelakon. Iblis, satruné manusa, bisa nggegasah atiné para imam supaja niksa lan njédani Gusti Jésus, Putrané Allah. . . . Nanging Pandjenengané *saiki* wis wungu saka ing séda. Lan *saiki* sakèhing pialané manusa ora bakal bisa tumama ing Pandjenengané, awit Pandjenengané unggul lan djumeneng Gustining swarga lan bumi. Lan sing sapa ngungsi marang Pandjenengané njuwun pitulungan lan pangajoman, bakal slamet ing salawas-lawasé. Pandjenengané wis ngalami nandang sangsara lan séda njulhi manusa dosa: *Pandjenengané* kang njanggi *paukumaning djagad*

Kang tinemu saiki mung sarwa mulja lan nengsemaké.

Nanging nalika wajah bengi iku ing salu-

mahing bumi ora ana manusa sing njana, adja manèh sing ngerti lelakon mau.

GUSTI JÉSUS NGETINGAL MARANG WONG WADON

ING dina Achad, wajah ésuk umun-umun, ana wong wadon telu pada budal saka Jerusalèm menjang ing pasaréané Gusti Jésus nggawa anggi-anggi sing wis ditjawisaké. Wong wadon mau, Marjam Magdaléna, Marjam ibuné Jakobus, lan Salomé, sedyané pada arep mindoni enggoné ngulesi Gusti, djalaran enggoné njarèkaké Gusti ing dina Djumuwah soré mung mburu tjukup, awit wis mèh ngantjik dina Sabbath Jèn kélingan marang Gusti lan Guruné sing wis dadi lajon, atiné karanta-ranta kebak sedih, temah mbrebel wetuning eluhé. Mengko ing sarampungé enggoné pada ngulesi Gustiné, bakal ora njawang manèh marang Gusti sing pada ditresnani, ing sadjegé urip.

Dumadakan wong wadon mau ana sing kélingan jèn pasaréané Gusti ditutup nganggo watu gedé, mulané bandjur takon: „Sapa sing bakal nulungi ngglundungaké watuné saka ing lawangané pasaréan? Aku wong telu mesti ora kuwat!” Éwadéné wong wadon mau ora pada bali ing dalan. Mangka ija pada ora ngerti jèn pasaréané wis ditjap lan didjaga ing pradjurit. Apa sing mentas kelakon ing wajah bengi sing ngrinakaké dina Achad, wong wadon telu mau genah ora ngerti babar pisan.

Satekané ing patamanané Jusup, wong mau pada kagèt, djalaran watuné ketemu wis kaglundungaké lan guwaning pasaréan katon menga. Marjam Magdaléna bandjur tjengké-lak bali menjang ing kuça. arep awèh weruh marang para sekabat. Durdjana saka ing endi wani-wani ngrusak pasaréan lan njolong lajoné Gusti?

Kotjapa wong wadon sing loro nerusaké lakuné nganti mlebu ing pasaréan Mripaté katja-katja, djalaran atiné kagèt kaworan sedih: lajoné Gustiné wis ora ana ing pasaréan, mestiné wis ditjolong ing wong. Wong loro mau bandjur alon-alon mundur . . . tumuli ana malaékat djumeneng ing tjedaké, pangagemané mentjorong ngungkuli pada-ngé srengéngé. Bareng pada banget wediné lan pada tumungkul, bandjur dipangandikani: „Keprijé déné kang gesang pada kogolèki ana ing panggonané wong mati? Ora ana ing kéné, Pandjenengané wis wungu. Pada élinga kang wis dipangandikakaké marang kowé nalika isih ana ing tanah Galiléa, dawuhé: Putrané manusa pinesti kaulungaké

marang tangané wong dosa, bandjur kasalib, sarta wungu ing telung dinané." . . .

Wong wadon mau mung pada ngoplok, embuh marga saka kagèt, embuh marga saka bungah déning prakara sing ora dinjanajana. Wis wungu saka ing séda? Apa Gustiné saiki gesang manèh?

Saiba begdjané saupama kelakon mengkono temenan. Énggal-énggal wong wadon mau bandjur pada mlaju bali menjang ing kuṭa wewarta marang para sekabat.

Nanging durung adoh saka panggonan kono, sasuwéné isih ana ing dalan, wong wadon mau bandjur djegagig pada mandeg, djalaran . . . atiné pada wedi, nanging ija bungah banget: Mèmper sapa ta kaé lakuné? Apa dudu Gusti pijambak sing katon tindak meṭukaké? Nalika isih pada mangu-mangu atiné awit bokmenawa pada salah deleng, wong wadon mau bandjur krungu dipangandikani: „Bagéa!” Tjeta pangrunguné jèn iku swarané Gustiné, mulané bandjur pada marek sudjud njungkemi sampéjané.

Ing kono Gusti Jésus bandjur ngandika: „Adja pada wedi; pada lungaa awèh warta marang para sadulurku!” . . . Sarampungé ngandika mengkono iku, Gusti Jésus wis ora katon manèh, musna ing sanalika. Enggoné ngetingal dadakan, musnané ija tanpa sebawa.

Déné wong wadon mau gegantjangan mbatjutaké lakuné klawan kabungahan gedé ing atiné.

Dawuhé Gusti Jésus tjeta mengkéné: „Sadulurku!” Sing dingandikakaké sadulurku iku mau para sekabaté, para mitrané lan kabèh para muridé sing pada ngutjira lan njélaki Gustiné; wong-wong sing pada ora ngerti djatining sangsara, séda lan wunguné. Wong-wong sing pada ora duwé pangandel lan sing ora mantep kasetyané, wong-wong sing kaja mengkono iku isih dingandikakaké: „Sadulurku!” Semono gedéné sih katresnané Gusti Jésus marang para kagungané!

MARJAM MAGDALÉNA

KO TJAPA Marjam Magdaléna wis tekan ing panggonané Pétrus lan Jochanan, bandjur diwartani mengkéné: „Gusti dipun pendet tijang saking pasaréan, sarta kula sami boten sumerep ing pundi anggènipun njarèkaken.” Sanalika Pétrus lan Jochanan bandjur mangkat menjang ing pasaréan arep njatakaké. Satekané ing kono lan bareng nginguk ing pasaréan, weruh kedjaba watuné lawangan wis disingkiraké, jèn ules sing dienggo ngulesi lajoné Gusti Jésus lan katju sing tilas kagem ing mastakané wis sumèlèh

gulungan . . . Sekabat loro mau pada ketaman giris lan gumeter. Sapa ta sing wani ngrusak pasaréan lan njolong lajoné Gustiné? Atiné banget kuwuré awit saka anané lelakon sing njeḍihaké mau, mangka saiki pada ora ngerti ana ing endi sumaréné Gusti.

Sekabat loro mau ora njana babar pisan, jèn Gustiné wis wungu saka ing séda, wis unggul saka ing pamisésané dosa lan pati, lan iku kelakoné ing telung dinané sawisé séda, kaja sing wis didawuhaké marang para sekabat. Pétrus lan Jochanan dadiné pada mulih nglentung tanpa sumurup ing sadjating lelakon, mulané atiné isih ngandut prihatin.

MARJAM Magdaléna, sawisé ketemu karo Pétrus lan Jochanan, ora terus andok ana ing omah baé, nanging bandjur bali manèh menjang pasaréan, kadereng déning rasaning atiné sing kepéngin tjeḍak karo papan sumaréné Gustiné, senadjan saiki mung kari tilasé baé awudjud guwa koṭong. Bareng tekan ing patamanan, Marjam ngadeg ana djaba satjeḍaké pasaréan kambi nangis. Sing tansah diprihatinaké saiki ora lija mung baja ing endi sumèlèhé lajoné Gustiné. Sadjroné nangis nginguk ing pasaréan, bandjur weruh ana malaékat loro ngagem-agem putih pada pinarak, sing sidji ana ing ulon-ulon, sidjiné ana ing dagan tilas panggonan sumaréné lajoné Gusti Jésus.

Marjam Magdaléna ora kagèt lan ora wedi njawang malaékat mau, awit sing dadi underaning atiné mung ana ing endi Gustiné. Malaékat mau bandjur ngandika marang Marjam: „Kena ngapa kowé nangis?” Aturé Marjam karo nangis: „Awit Gusti kula dipun pendet tijang, sarta kula boten sumerep ing pundi anggènipun njarèkaken.”

Sawisé matur mengkono, bandjur minger arep lunga saka ing pasaréan, dumadakan weruh ana Prija djumeneng ana ing ngarepé, nanging ora sumurup iku sapa. Marjam bandjur didangu: „Kena ngapa kowé nangis? Kowé nggolèki sapa?” Sarèhné panjanané Marjam jèn iku djuru taman, mulané matur: „Tuwan, menawi sampéjan ingkang ngésahaken, kula sampéjan sandjangi ing pundi anggèn sampéjan njarèkaken, kula pendetipun.”

Ing kono Marjam bandjur ngrungu djenengé ditimbali: „Marjam!”

Senadjan mung sepisan enggoné ditimbali, nanging Marjam ora pangling karo swara sing wis kulina dirungu; iku swarané Gustiné déwé! Atiné sing kapetengan déning sedih bandjur mak bjar dadi padang sanalika, mripaté sing katja-katja déning wetuning eluh malih dadi awas pandelengé. Saiki Mar-



„MARJAM!” — . . . „RABBUNI!”

jam weruh jèn Gustiné djumeneng ana ing ngarepé, mulané ora taha-taha bandjur sudjud kambi mulung tangané, undjuké: „Rabbuni!” djarwané: „Guru kawula!” Sedyané Marjam arep njungkemi sampéjané Gustiné karo ngesokaké kabungahaning atiné, nanging bandjur dipenggak déning Gusti Jésus, pangandikané klawan sarèh: „Adja nggepok marang Aku, awit Aku durung sumengka menjang ing ngarsané Ramakku. Nanging lungaa nemoni para sadulurku, paða warahen: Aku sumengka menjang ing ngarsané Ramakku lan Ramakmu, ngarsané Allahku lan Allahmu.”

Sarampungé ngandika mengkono, Marjam weruh-weruh wis kari idjèn. Gusti Jésus ora kaweruhan menjang endi tindaké: kajadéné rawuhé mak djleg katon ana ing ngarepé Marjam, mengkono uga tindaké mak klépat ilang saka ing pandeleng.

Nanging Marjam, senadjan ditilar idjèn, atiné tatag lan bungah, awit sakèhing prihatiné wis kabirat. Iba senengé jèn diparengaké ndèrèk tindaké Gustiné, nanging Pandjenengané ngandika jèn arep kondur menjang swarga ing dalemé Allah Sang Rama. Kaprihatinaning atiné wis malih dadi kabungahan sing tanpa upama gedéné, pangutjapé: „Gusti wis wungu saka ing séda! Saiki Pandjenengané gesang manèh!” Jèn ngélingi uripé sing wis

kepunkur, enggoné tansah gawé dosa, iba suka sukuring atiné, déné Gusti Jésus kepareng ngluwari lan ngapunten sakèhing dosané, mangka saiki Marjam rumangsa olèh kanugrahan gedé déné diparengaké njawang marang Gustiné sing wis wungu, luwih disik tinimbang para sekabat lan murid lijané, malah kapatah nimbalaké dawuhé Gustiné marang para kagungané.

Satekané Marjam ing ngarepé para sekabat, bandjur njritakaké lelakoné, tembungé: „Saèstu Gusti sampun wungu saking séda. Mripat kula sampun *ningali* Pandjenenganipun lan kula sampun *mireng* pangandikanipun!” Sing paða ngrungu mung ndjenger, djalaran pawarta sing dirungu saka Marjam lan wong wadon lijané sing luwih disik tekané, pantjèn *ngéram-éramaké* banget, nanging ija *mbungahaké!* O, muga-muga Gusti ija kepareng rawuh ana ing satengahé, mengkono pangarep-arepé para murid kabèh, supaja katog enggoné ngrasakaké kabungahan!

DINA Achad, wiwitaning minggu iki, pantjèn kebak lelakon sing élok ngéram-éramaké.

Para pradjurit sing paða djaga ana ing patamanan, para imam sing ana ing kuṭa Jerusalèm, wiwitané paða gambira lan mbededeg atiné, djalaran rumangsa unggul déwé; Jésus Nasarani rak wis sirna! Nanging *kaprawiran* lan

Z

gambirané larud sanalika, malih dadi was *sumelang* lan *giris*.

Kosokbaliné para wong wadon lan para sekabat, wiwitané pada semplah atiné lan wedi. Sapa sing bakal diungsèni? Gustiné rak wis séda!

Nanging sakèhing was *sumelang* lan prihatiné saiki wis didadèkaké *kabungahan kang tanpa upama gedéné!* Gusti Jésus, ija Gustiné, wis unggul judané!

ING dina iku uga isih ana lelakon lijané manèh sing élok lan ngéram-éramaké.

ANA ING DALAN MENJANG ING ÈMMAUS

ING dina Achad iku uga wong loro panunggalané para murid pada menjang ing désa Èmmaus, dohé saka Jerusalem watara sepuluh pal. Wong loro mau pada rasanan bab lelakon sing mentas pada dialami ana ing kuṭa bab nasib pepestèné Guruné sing ditjekel déning wong Jahudi, disiksa malah nganti disédani.

Kotjapa sasuwéné pada rasanan lan bebantahan, bandjur ana Prija rawuh njarengi ing lakuné, nanging pada ora ngerti sapa Prija iku. Wong loro mau bandjur dipangandikani: „Kowé pada nggunem prakara apa lan généja kowé pada katon sedih?” Jèn miturut aruming pangandika lan surasaning pandanguné, Prija mau mesti ora kagungan sedyala lan durung suwé enggoné rawuh ing kuṭa, mulané bandjur diwangsul: „Pandjenengan mundut priksa bab prakawis punapa ingkang sami kula ginem? Lho, punapa namung Pandjenengan pijambak ingkang kalebet tijang mantja ing kiṭa Jerusalem, ngantos boten uninga lelampahan ingrika salebetipun sawetawis dinten punika?” Pangandikané Prija mau: „Lelakon apa ta?” Undjuké kang kadangu: „Lelampahan punapa? Punapa Pandjenengan derèng naté midanget bab tjarijosipun Gusti Jésus, Nabi ageng, ingkang kala sugengipun nindakaken kaélokkan warni-warni lan ingkang piwulangipun sanget nengsemaken manahipun tijang kaṭah? Lan punapa Pandjenengan boten uninga anggènipun katjepeng déning para pangadjengipun imam, wekasanipun kakisas ladjeng kasalib?” Wong loro mau bandjur njritakaké nasibé Gusti lan Guruné sing njeḍihaké. Déné Prija mau klawan sabar enggoné mirengaké lan nggatèkaké marang tjritané wong loro mau, temahan tanpa sangga-runggi manèh kabèh isining atiné diesokaké ana ing ngarsané Prija mau. Enggoné Gusti Jésus nganti nemahi sangsara lan séda ing kaju salib iku ora lija mung marga saka trékah lan krénahé para panga-

repé imam lan para ulama . . . Ija pada ora isih njritakaké kaprihatinané déwé dalah para murid lijané djalaran ditilar ing Guruné sing pada ditresnani lan disujudi.

Aturé manèh: „Mangka ingkang dados pangadjeng-adjeng kula, inggih Pandjenenganipun punika ingkang badé ngentas dateng Banisraèl, inggih ingkang badé djumeneng Sang Mesih, ingkang badé ngluwaré kula sabangsa saking pangwasanipun bangsa Rum saha ingkang badé mulihaken kuntjara lan wibawanipun bangsa Israèl . . . Nanging émanipun, Pandjenenganipun samangké sampun séda lan ing dinten punika sampun dumugi ing tigang dintenipun anggènipun kasarèkaken.”

Wong loro katon pada gela atiné déné pangarep-arepé ora ketutupan, mangka saupama Gusti Jésus kepareng nuruti sing pada dadi pangarep-arepé wong akèh, saiba mulja lan kepénaké, malah sumrambah marang para muridé kabèh.

Nanging wong loro mau ija njritakaké prakara sing élok ngéram-éramaké, kaja sing dikandakaké para wong wadon. Undjuké: „Tijang èstri punika sareng sumerep bilih lajonipun boten wonten ing pasaréan, ladjeng sami wangsul sandjang bilih malah sami ningali wahju malaékat, ingkang sami ngandika bilih Pandjenenganipun gesang. Nanging kula sami boten mangertos leres lepatung pawartos wau . . . Nunten wonten kantja kula sawetawis sami murugi ing pasaréan, déné kepanggihipun inggih sami kados sandjangipun tijang èstri wau, namung Pandjenenganipun boten ngantos kasumerepan. Prakawis ingkang élok punika saèstu damel kuwur lan trenjuhing manah kula para muridipun.”

Ing kono Prija mau bandjur ngandika klawan sabar lan sarèh, nanging ija ana isiné panutuh: „Èh wong tanpa pikir kang pada sungkanan ngandel samubarang kang wis kapangandikakaké déning para Nabi. Sang Kristus apa ora wis *pinesti* nandang sangsara iku mau, bandjur lumebet ing kamuljané?”

Wong loro mau bandjur pada diparingi katrangan bab sabar kang kamot ing Kitab kang magepokan sarirané Sang Mesih, wiwit nabi Musa dalah sakèhé para Nabi. Pantjèn njata jèn Sang Mesih kudu rawuh ing djagad, lan rawuh ngagem kamlaratan lan kaasoran, malah wekasané kudu nandang sangsara lan séda, nanging ija kapratèlakaké jèn Pandjenengané bakal unggul lan *wungu saka ing séda* . . .

Wong loro mau meleng ngrungokaké pangandikané Prija sing anjar katon iku, rumangsane durung tau krungu katrangan bab pametjané para Nabi sing semono gamblangé

lan durung tau ana ahli kitab sing bisa ngandarake isining Kitab kaja Prija iki, malah kaja-kaja para ahli kitab pada durung damang marang pangandikané para Nabi . . .

Nanging Prija sing anjar katon iku sing kersa njarengi lakuné, tjeṭa banget enggoné ndjlèn-trèhaké surasaning Kitab . . . Sapa ta wong iki?

Wiraosing pangandikané kepénak temen dirungu. O, saupama njata kabèh apa sing didawuhaké iku, saiba begdjané. Gusti lan Guruné iku saupama njata kang djumeneng Sang Mesih, kang kudu nandang sangsara lan séda supaja nebus dosané saumat kabèh . . wis mesti Pandjenengané wungu saka ing séda klawan ngagem kamuljan! O, saiba enggoné nengsemaké saupama njata mengkono!

Nanging Prija iki, mestiné wis damang ing surasaning Kitab, katrangané sing tjeṭa lan widjang-widjang mesti ora bakal mlèsèt. Pametjané para Nabi sing bijèn durung dinger-tèni, saiki dadi gamblang kabèh.

Pantes jèn Prija iki kalebu golongané wong ahli lan wasis narbukani surasaning Kitab. Sapa ta Pandjenengané iku?

KOTJAPA lakuné wis tekan ing désa Emmaus lan wajahé wis soré, mangka ing semu Prija mau arep ngladjengaké tindak. Nanging bandjur ditjandhet déning Kleopas sakan-tjané, aturé: „Pandjenengan kula aturi kèndel kalijan kula, awit sampun ngadjengaken dalu, wantjinipun sampun lingsir mekaten. Sumangga kula aturi pinarak ing pondok kula, saha keparenga nampi pasugatan ing sawontenipun.”

Prija mau bandjur pinarak ing omahé wong loro mau. Bareng pada kembul ḍahar, Prija mau mendet roti, sawisé diberkahi, bandjur ditjuwil-tjuwil kaparingaké marang wong mau.

Nalika mberkahi roti, astané diaṭungaké menduwur, èpèk-èpèking astané katon ana tatuné tilas paku. Wong loro sing pada ndjinggleng ngawasaké marang Prija mau, suwé-suwé diparingi awas pandelengé, temahan mari pangling: sing lagi pinarak ana ing ngarepé iku djebul Gusti lan Guruné déwé, mangka sasuwéné bebarengan mlaku ing dalan, malah sawisé pada satata lenggah arep kembul ḍahar, mripaté wong mau kaja-kaja kasamaraké pandelengé. Nanging lagi baé mari panglingé, Gusti Jésus bandjur musna sanalika. Rasaning atiné pada bungah kaworan wedi, suka sukur kaworan isin; sadurungé bisa matur apa-apa, wis ditilar Gustiné. Nanging saiki wong loro mau wis ora sumelang manèh mungguh Gustiné, klawan bungah pada sapatjapan mengkéné: „Rak rasané ati kita wis kaja ngangah-angah, nalika kita pada dipangandikani ana ing

dalan, enggoné narbukani surasané Kitab marang kita. Saiki kita pada ngerti apa sebabé Pandjenengané kudu nandang sangsara lan séda. Nanging sakèhing kaprihatinan saiki wis didadèkaké kabungahan gedé, awit Gusti sanjata wis wungu!”

PADA sanalika iku uga wong loro mau bandjur maknjat pada bali menjang ing Jerusalèm, menjang panggonané para mitrané. Satekané ing kono sekabat sewelas pada ketemu lagi ngumpul bareng karo para murid lijané, lan iku pada ngutjap: „Gusti njata jèn wis wungu, lan wis ngetingal marang Simon.” Wong loro mau bandjur mangsuli klawan bungah: „Aku wong loro ija wis diketingali!” Kabèh lelakoné ana ing dalan lan enggoné pada pangling ditjritakaké kabèh. Déné sing pada ngrungu, kabèh pada ngrasakaké kabungahan gedé.

GUSTI NGETINGAL MARANG PARA SEKABAT KANG LAGI KUMPULAN

NALIKA wajah bengi ing dina Achad iku uga, lan nalika para sekabat lagi pada kumpulan ana ing kamar tengah, mangka lawangé pada kakantjing rapet awit saka wediné marang wong Jahudi, dumadakan wong-wong mau pada kagèt lan wedi banget, awit ana ing tengahé kamar mau djleg katon wudjuding Prija, sing teka tanpa sangkan; panjanané para sekabat kaja weruh lelembut. Nanging bareng diwaspadakaké, wong-wong mau ora pangling, sing djumeneng ana ing tengahé iku ora lija ija mung Gustiné déwé, sing mentas pada dirasani. Kagèt lan wediné sanalika malih dadi kabungahan lan kaéraman; atiné wis ngangah-angah arep ngaturaké pambagé marang Gustiné, nanging tjangkemé ora bisa kumetjap kamisosolen.

Wong-wong sing pada kamitenggengen mau bandjur dipangandikani: „Tentrem rahaju anaa ing kowé.” Bareng ngrungu aruming swara sing kulina dirungu, para sekabat saja mantep atiné, éwadéné bawané wong sèkèng ing pangandel lan awit saka gedéning kaprihatinan sing durung ilang babar pisan, wong-wong mau angèl enggoné arep ngandel jèn Gustiné rawuh ana ing tengahé, meneri lagi pada nglumpuk ana ing kamar sing wis dikantjingi lawang lan djendélané . . . Senadjan wis dikantjingi lawang lan djendélané, . . . éwadéné Gusti bisa rawuh ing kono. Kepriyé enggoné bisa mlebu?

Wong-wong mau wis bola-bali njumurupi kaélokkan warna-warna sing ditindakaké Gustiné, suprandéné pada wedi lan kagèt, bareng

weruh Gusti Jésus rawuh ana ing tengahé tanpa ngengakaké lawang. Gusti Jésus uga ora kesamaran mungguh ing prakara mau, mulané bandjur ngandika: „Keprijé déné kowé teka pada kegiwang, lan sebab apa déné teka pada ketuwuhan pikir kaja mengkono ana ing atimu? Pada titinen tanganku lan sikilku, rak Aku déwé. Mara grajangen Aku lan pada ngawasna. Jèn ta lelembut rak ora ana daging lan balungé kaja kang kodeleng ing Aku iki.”

Sadjroné ngandika mengkono iku Gusti Jésus nedahaké asta lan sampéjané sing isih katon tilasing paku sing dienggo mantèk ing kaju salib.

Wong-wong sing pada wedi prasasat ora kedèp enggoné pada ngawasaké lan ngrungokaké marang Gusti Jésus. Swarané lan pasurjané apadéné tatu ing asta lan sampéjané, iku kabèh dadi tanda jekti jèn sing rawuh iku Gusti Jésus temenan, dudu lelembut sing minda-minda Gustiné.

Wong-wong mau pada ndjenger tanpa ngutjap apa-apa kagawa saka gumun lan banget bungahé. O, saiki Gustiné wis rawuh temenan ana ing tengahé. Uripé saiki bisa pulih manèh kaja wingi-wingi, saben dina mung tansah ndèrèkaké Gusti Jésus lan ngrungokaké pangandikané. O, saiba seneng lan begdjané urip mengkono iku! Nanging rasané kok mung kaja ngimpi baé!

Gusti Jésus ija pirsira jèn para sekabaté, marga saka gedéning kabungahané, isih rada mangu-mangu atiné, mulané bandjur ngandika manèh: „Ing kéné apa kowé pada deduwé kang kena dipangan?” Gusti Jésus bandjur kasaosan iwak loh gorèngan sairis. Sawisé ditampèni, tumuli didahar ing sapandelengé para sekabat lan wong sing pada kumpulan ana ing kono.

Bareng wis njipati déwé enggoné Gusti Jésus dahar, para sekabat pada ora mangu-mangu manèh, awit jèn lelembut, mesti ora bisa mangan kajadéné manusa lumrah. Bareng wis tita mengkono, wong mau kabèh ing batin pada ngaku: „Gusti, Paduka punika saèstu Guru kawula!”

Para sekabat lan murid lijané satemené ing batin wis ngrumangsani luput, déné ora énggal-énggal ngandel marang Gusti lan Guruné, isih ndadak njuwun pratanda lan bukti warna-warna, mangka wis rambah-rambah Gusti Jésus ing sadurungé séda paring pitedah marang para sekabat, jèn kudu nandang sangsara lan séda, nanging ing telung dinané bakal wungu saka ing séda. Prakara iku kabèh wis bola-bali dipangandikakaké déning Gusti Jésus, malah ija wis diwetja déning para nabi ing djaman kuna. Bareng pangandika lan pametja mau kelakon temenan

para sekabat pada ora ngandel, pada kagèt lan wedi apadéné mangu-mangu!

Para sekabat pada ngrumangsani iku mau kabèh, lan panjawangé marang Gusti Jésus semu wirang, upama kelaira arep pada mundjuk mengkéné: „Gusti, mugi kepareng ngapuntèn kakirangan kawula, déné kawula sami kirang pitados saha sami kagèt lan mangu-mangu. Gusti, mugi kepareng ngapuntèn kawula, déné kawula sampun damel sekeling galih Paduka. O Gusti, mugi melasi kawula!”

SATEMENÉ wong-wong mau pada kurang antepan lan ora teguh setyané. Wataké ngutjira, bareng katempuh ing baja-pakéwuh, pada tinggal gelanggang tjolong plaju. Wong-wong sing tjilik pangandelé . . .

Éwasemono . . . , Gusti Jésus kepareng ngapuntèn, malah Gusti Jésus isih kepareng mitados para sekabat mau. Gusti Jésus bandjur maringi dawuh sing isi bubuhan tumrap para sekabat, pangandikané: „Pada ndjadjaha ing sadjagad kabèh, Indjil undangna marang sarupané tumitah . . . Kaja enggonku kautus déning Sang Rama, kowé ija pada dakkongkon . . . Lah, Aku nunggal karo kowé ing sadina-dina kongsi tumeka wekasané djaman.”

Para sekabat saiki kaparingan bubuhan lunga menjang Jerusalèm, menjang kuṭa-kuṭa lijané kadawuhan ndladjahi saindenging djagad perlu ngundangaké Indjil marang sarupané tumitah, jaiku sadéngah wong lan bangsa, supaja pada ngrungua pawarta kabungahan, jèn Gusti Jésus wis kasiksa lan kasalib nganti ngalami séda, lah sarana mengkono wis njanggi sakèhing paukuman sing beneré kudu disangga déning manusa dosa; nanging sing mbungahaké jaiku: Gusti Jésus wis wungu saka ing séda lan kepareng mitulungi slamet marang angger wong sing tresna lan pratjaja marang Pandjenengané, kaparingan karahajon langgeng.

Marga saka dosa manusa kasébrataké saka ing ngarsané Allah lan kaineban gapuraning swarga. Nanging marga saka sangsara lan sédané Gusti Jésus, Pandjenengané wenang njowanaké kagungané marang ngarsané Allah lan gapuraning swarga binuka manèh.

Mengkono iku djatining Indjil, ija kabar kabungahan sing kudu diwartakaké para sekabat marang djagad.

Para sekabat lan murid-murid sing pada nglumpuk ana ing omah mau dadiné dipitaja déning Gustiné ngemban dawuh sing adi linuwih, pinatah nglakoni ajahan sing mulja lan pinundjul, ngungkuli sakèhing bubuhan lan ajahan sing ana ing djagad.

ING dina Achad malem Senèn iku para sekabat lagi bisa ngrasakaké marem lan

bungah, sawisé ngalami sedih lan giris ing dina-dina sing mentas baé kapungkur. Ing sadjegé urip para sebakat durung tau ngrasakaké kabungahan sing semono gedéné, djalaran Gusti lan Guruné wis kepareng rawuh manèh ing tengahé lan kepareng uga ngapuntèn sakèhing kaluputané. Kabèh iku mau ndjalari para sekabat rumangsa olèh nugraha lan *kabegdjan* ing uripé.

LET SEMINGGU

PARA sekabat lan wong-wong sing pađa njipati déwé enggoné Gusti Jésus ngetingal sawisé séda rumangsa begdja lan bungah banget lan saben wong sing tresna marang Gusti Jésus, ditjritani kaélokan sing mbungahaké, mengkono uga Tomas.

Nalika Gusti Jésus ngetingal marang para sekabat lan murid lijané, Tomas déwé ora mèlu nglumpuk ana ing kono, wataké Tomas pantjèn luwih seneng ngangen-angen prakara sing njeđihaké katimbang karo sing mbungahaké. Satemené kaprihatinané Tomas marga kélangan Guruné sing banget disujudi iku luwih nandes lan luwih nabeti katimbang lijaljané, temah ora gampang enggoné arep ngandel marang sakèhing pawarta lan tjrita bab kaélokan wunguné Gusti kaja sing dikandakaké para sekabat lijané. Dalah ngumpul bareng karo kantja-mitrané ana ing kamar tengah Tomas ija ora gelem; karepé arep njepi nuruti sedihing atiné, djalaran djagad wis dadi sepi lan samun sapengkeré Gustiné séda.

Tomas, nalika ngrungu udjaré para sekabat bab wunguné Gusti Jésus, lan bab rawuhé ana ing tengahé para kagungané ana ing kamar, atiné durung bisa mèlu ngrasakaké bungah. Udjaré para sekabat lijané: „Éman banget déné kowe ora mèlu menangi rawuhé Gusti ana ing kamar tengah kana.” Wangsulané Tomas: „Aku ora ngandel sing dadi kandamu. Apa njata Gusti saged wungu saka ing séda? Menawa aku durung ndeleng tabeté paku ana ing astané lan tabeté paku mau menawa durung dakdulek ing dridjiku, tuwin lambungé dakdemèk ing tanganku, aku bakal ora ngandel pisan-pisan.” Wangsulané para mitrané: „Wis ta, Tomas, jèn mengkono, betjik kowé lestaria kembulan karo aku kabèh. Gusti mesti bakal rawuh manèh!”

BARENG tumeka pendaké dina mau, para sekabat pađa nglumpuk ana ing djero omah manèh, lan Tomas ija nunggal, lawang lan djendélané ija dikantjingi kabèh. Ing kono Gusti Jésus bandjur rawuh lan djumeneng ana ing tengah sarta ngandika: „Tentrem

rahaju anaa ing kowé!” . . . Para sekabat wis ora kagèt diketingali Gustiné, kedjaba Tomas, atiné trataban. Nalika Tomas teka arep mèlu lungguh ana ing pakumpulané para sekabat, polatané isih katon suntrut, awit atiné isih ngandut prihatin. Tomas durung bisa ngandel jèn Gusti wis wungu.

Bareng saiki mripaté njipati déwé rawuhé Gustiné, djleg tanpa sangkan, lan kupingé tjeta ngrungu pangandikané sing ngleremaké ati . . . , Tomas meksa kagèt lan deg-degan.

Saja deg-degan atiné bareng dipirsani Gusti Jésus sarta dipangandikani: „Tomas, dridjimu atungna mréné, tanganku titènana, sarta tanganmu ulungna, demèkna ing lambungku. Lan adja bubrah pangandemu, nanging kumandela!” Tomas bandjur marek klawan wedi lan wirang ana ing ngarsané Gustiné . . .

Sapa ta sing ngaturaké marang Gusti jèn Tomas ora bakal ngandel menawa durung ndemok tabeté paku? Rak ora ana ta sing matur mengkono? Éwasemono Gusti Jésus wis nguningani prakara iku mau kabèh. Jèn mengkono, sing rawuh iki mesti Gusti Jésus pijambak, awit Pandjenengané pantjèn bisa nguningani samubarang, dalah gagasan lan rasa-pangrasa sing isih sumimpen ana ing dasaring atiné wong. Pandjenengané wis mesti ora bakal kasamaran mungguh ing pangangen-angené Tomas. Dadiné Tomas saiki bisa neksèni déwé jèn sing rawuh iku Gustiné lan Pandjenengané isih asih tresna marang sekabaté sing lagi nandang prihatin. Pandjenengané kersa rawuh pijambak perlu ngluwaré kagungané saka karubedan lan kaprihatinan.

Tomas ngrasa wirang banget, nanging batiné mbludag suka sukur awitdéné: „Gusti sanjata wungu saka ing séda lan Pandjenengané nedahaké sih katresnané marang aku!”

Tomas kepéngin nglairaké sarasaning atiné kabèh, arep mundjuk bab wirangé, bab kaduwunging atiné, bab kabungahan lan katresnané . . . Nanging kabèh mau ora ana sing kelair, awit nalika Tomas sudjud njungkemi sampéjané Gusti, sing kelair ing tjangkemé ringkes lan aos: „Duh Gusti kawula, Allah kawula!”

Dawuh pangandikané Gusti Jésus: „Hé Tomas, amarga kowé wus ndeleng Aku temah kumandel! . . . *Rahaju wong kang kumandel ora nganggo ndeleng.*”

RAHAJU wong kang kumandel ora nganggo ndeleng! Pangandika mau isi *pamelèh* marang Tomas, sing mèh bubrah pangandelé. Nanging pangandika iku uga isi *berkah* kanggo sadéngah wong sing pađa kumandel lan tresna marang Gusti Jésus, senadjan ing sadjroning uripé ing alam donja iki durung tau ndeleng Pandjenengané.

ING dina Achad malem Senèn iku uga para sekabat pada bisa ngrasakaké patunggilané Gusti Jésus sing kepareng rawuh ana ing tengahé, temah pada kalipur lan kabangun pratjajané

ANA ING PINGGIRÉ SEGARA TIBÉRIAS

LET sawetara dina sawisé Gusti Jésus wungu.

Ing tengah segara Galiléa, ija sok disebut segara Tibérias, ana prauné wong misaja iwak kombak-kombul katut obahing banju segara. Sawengi muput wong-wong sing pada ana ing prau mau enggoné nibakaké djalané, nanging pada ora olèh apa-apa, mangka wajahé wis bangun ésum, langit ing bang wétan wis trontong-trontong semburat abang

Wong sing pada nunggang prau mau tjtjahé pitu, kabèh pada sekabaté Gusti Jésus. Sawisé pada ngalami kaélokan sing wiwitané njejihaké, nanging wekasané mbungahaké, sekabat mau bandjur pada menjang ing tanah Galiléa, mulih menjang désa asalé ing pinggir segara.

Ing sawidjining dina nalika pada ngumpul, Pétrus kanda marang kantjané: „Daklunga golèk iwak.” Sauré kantjané: „Aku ija pada mèlu kowé.”

Iku mula bukané sekabat pepitu mau tinemu ana ing tengah segara lagi pada misaja iwak. Wong pitu mau pada durung lali panggawéané sing lawas, panggonan-panggonan sing bijèn adaté akèh iwaké, wis diubres, tur wajahé kanggo misaja wis meneri banget jaiku ing wajah bengi, éwadéné iwak sidji baé ora ana sing kesasar ing djalané

Néka-néka sing digagas para sekabat nalika rékadajané golèk iwak ora olèh gawé. Lelakon ing segara ing wajah wengi uga muntjul ing gagasané: nalika semono lagi pada lelajaran ana ing segara kono uga, dumadakan prauné katempuh ing prahara nggegirisi, mangka Gusti Jésus kepati enggoné saré. Nanging bareng Pandjenengané wis wungu, bandjur djumeneng ndukani segara lan prahara, temah praharané sirep sanalika Ana manèh sing kélingan nalika pada wedi banget, djalaran katekan memedi, djebul sing dikira memedi iku Gusti Jésus pijambak sing tindak ngambah ing banjuné segara kaja ngambah daratan baé

Nanging bareng saiki pada nindakaké rékadaja déwé, para sekabat pada ora olèh apa-apa.

NALIKA wis bangun ésum, prauné dipinggiraké mèh tekan ing gegisik, para sekabat bandjur krungu dibengoki wong sing ngadeg ana ing gegisik, nanging para sekabat

ora ngerti sapa wong iku, awit isih rada peteng. Udjaré wong mau: „Botjah-botjah, apa pada ora deduwèn lawuh?” Wangsulane: „Boten; sedalu muput kula sami boten angsal punapa-punapa!” Udjaré wong mau manèh: „Djalané tibakna ing satengené prau, temah kowé bakal pada olèh.”

Para sekabat mau bandjur pada pandengpinandeng, awit ora ngerti sapa sing paring dawuh, dadiné madju mundur enggoné arep tumandang. Nanging apa alané njoba sepisan engkas, bokmenawa wong sing ngadeg ing gegisik luwih awas pandelengé, bisa weruh panggonan sing akèh iwaké Bokmenawa para sekabat ija kélingan sing wis kepungkur, nalika didawuhi Gusti Jésus nibakaké ing panggonan sing djero, temah oleh iwak nganti rong prau kebak

Para sekabat bandjur nindakaké apa sapréntahé wong mau. Djalané ditibakaké ing banju, bareng arep ditarik, rasané kaja ana sing nggonèli, djalaran wis kebak iwak, mulané disèrèd minggir ing pentasan.

Lelakon mau mbuka nalaré para sekabat, ngélingaké marang lelakon sing wis kepungkur. Bareng ngawasaké wong sing lagi ana ing gegisik, sanalika ngerti sapa wong iku. Malah Jochanan mbisiki Pétrus: „Iku Gusti!” Simon Pétrus, bareng ngrungu jèn iku Gusti, bandjur nganggo djubah lan sabukan, njegur ing segara, njabrang menjang daratan. Sing dipikir mung bisaa tumuli ngadep ana ing ngarsané Gustiné.

SAMENTASÉ ing daratan Pétrus bandjur marek ing ngarsané Gusti Jésus. Para sekabat lijané pada nusul, djalané sing kebak iwak disèrèd munggah ing daratan.

Para sekabat pada kaéraman weruh ana geni areng, lan ana iwak tumumpang ing geni mau lan ana roti. Nanging ing atasé Gusti Jésus, sing naté maringi pangan wong limang èwu luwih, prakara mau dudu apa-apa. Gusti Jésus bandjur ngandika: „Ndjupuka iwak sawetara olèhmu lagi mentas iki.”

Pétrus bandjur énggal tumandang nduduh djalané, diréwangi kantja-kantjané; djalané kebak isi iwak gedé-gedé, bareng diétung ana satus sèket telu. Senadjan semono kèhé, djalané ora nganti beдах.

Sarampungé enggoné pada nandangi pagawéané, para sekabat bandjur ditimbali Gusti Jésus, dawuhé: „Mrénéa, pada sarapana.” Gusti Jésus tumuli mendet roti sing wis tjumawis ing kono, apadéné iwaké diparingaké marang para sekabat. Sing pada digawé sarapan mung roti satjuwil lan iwak loh, nanging tumrapé para sekabat sing ora njana ketemu karo Gustiné, sarapan sing pasadja mau adjiné ngungkuli bodjana andrawina,



„SIMON, ANAKÉ JUNUS, KOWÉ APA TRESNA MARANG AKU NGLUWIHI SAKA WONG IKU?”

rumesep ana ing atiné, tjumitak ana ing angen-angené, temah ora bakal lali ing salawasé urip.

Sawisé pađa sarapan, Gusti Jésus bandjur ngandika marang Pétrus: „Simon anaké Junus, kowé apa tresna marang Aku ngluwihi saka wong iku?” Pétrus rada kagèt ngrungu pangandikané Gustiné mengkono iku. Apa ta kersané nganggo mundut priksa bab rasaning atiné? Pétrus, marga saka wantering budiné, enggoné marek ing ngarsané Gustiné pantjèn luwih dšik katimbang kantjané, apa iku sing ndjalari pandanguné Gusti mengkono mau? Apa tresna marang Pandjenengané ngluwihi marang kantjankantjané? Pétrus isih kélingan jèn wis tau mundjuk marang Gusti Jésus, nalika pađa mangkat menjang ing patamanan Gètsémané: „Senadjan sadaja sami ngantosa ketjuwan kрана Tuwan, kawula mesti boten ketjuwan ing salaminipun; Gusti, kawula tjumadang mbélani ing Tuwan, senadjana dumugi ing kundjara utawi ing pedjah pisan.” Pétrus ora sélak jèn wis mundjuk mengkono, nanging . . .

O, Pétrus bandjur kélingan lelakoné ing wajah bengi nalika Gustiné dadi bebandan lan kélingan enggoné njélaki Gustiné . . . Undjuk wangsulané Pétrus semu wedi: „Inggih Gusti, Tuwan mirsa bilih kawula lulut dumateng Tuwan.” Pangandikané Gusti

Jésus: „*Angona para tjempéku.*”

Sawisé mengkono Gusti Jésus ngandika manèh marang Pétrus ping pindoné: „Simon anaké Junus, apa kowé tresna marang Aku?” Undjuk wangsulané Pétrus isih adjeg: „Inggih Gusti, Tuwan mirsa bilih kuwala lulut dumateng Tuwan.” nanging saiki swarané grojok kaworan seđih. Pangandikané Gusti Jésus manèh: „*Angona para wedusku.*”

Ping teluné Gusti Jésus ngandika marang Pétrus: „Simon anaké Junus, apa kowé lulut marang Aku?” Bareng nganti ping telu didangu mengkono, Pétrus dadiné seđih banget, atiné kebak piduwung lan panalangsa marga saka kaluputané ing atasé Gustiné. Pétrus saiki ngerti apa sebabé didangu nganti ambal ping telu . . .

Pétrus rak nganti *ping telu* enggoné njélaki Gustiné, *ping telu* Pétrus sélak: „Kula boten wanuh ing wong niku!” Déné saiki, Pétrus kudu ngambali ping telu enggoné ngaku tresna marang Gustiné . . .

Undjuké Pétrus ping teluné: „Duh Gusti, Tuwan mirsa samukawis sadaja, inggih mirsa bilih kawula lulut dumateng Tuwan.” Bareng wis mundjuk mengkono iku, atiné Pétrus wis rada lega lan marem, awit Gusti Jésus saiki pirsá, malah luwih permana katimbang wong lija-lijané, jèn Pétrus asih lan tresna marang Pandjenengané. Apa manèh Gusti

ija kepareng ngapunten sakèhing kaluputané. Saiki Pétrus wis dudu Pétrus sing bijèn, sing tansah rumangsa ondjo déwé; saiki wis andap-asor lan sarèh; panjuwuné mung supaja undjuké mau katrimaha déning Gusti.

Pangandikané Gusti Jésus: „Angona para weðusku.” Pétrus lan sekabat lijané paða ngerti apa sing dikersakaké Gusti nganggo tembung tjempé lan weðus mau, jaiku para wong sing kudu diparani lan diwartani kabar kabungahan, temah paða mandjing pratjaja marang Gusti Jésus, bandjur klebu dadi panunggalané pepantjan weðus sing paða dadi kagungané Pangon kang utama, jaiku Gusti Jésus pijambak.

Gusti Jésus mirsani Pétrus klawan welas asih; kaluputané wis diapunten lan Pétrus wis dipulihaké ing kalungguhané kang disik, sadjadar manèh karo para sekabat lijané. Ing kono Gusti Jésus bandjur ngandika, ing semu pangandikané mau tanpa pangéman marang Pétrus: „Satemen-temené pituturku ing kowé: Nalika kowé isih nom, kowé sabukan déwé. Nanging bésuk samasa kowé wis tuwa, kowé bakal mulung tanganmu lan disabuki déning wong lija, bandjur digawa menjang panggonan kang ora kokarepi.”

Pangandikané iku njemoni bab karépotan lan kaprihatinan, apadéné bab sangsara lan pati kang bakal tumama marang Pétrus ing tembé. Pétrus pantjèn bakal ngalami disengiti, disangsara lan dipatèni déning mungsuhé kajadéné sing wis dialami déning Gustiné. Pangandika mau ing semu tanpa welas asih, nanging tumrapé Pétrus malah ditampa dadi kabungahan lan nugraha gedé . . . Osiking atiné: „Duh Gusti, sampun ingkang nandang sangsara lan seðih, senadjan ngantos dumugi pedjah pisan, kawula lila lair batos mbélani Tuhan ngantos pedjah. Rumijin kawula sampun njidrani Tuhan, temah damel sekeling galih Tuhan, nanging samangké kawula badé ngandemi kasetyan kawula dumateng Tuhan; djiwa raga kawula, duh Gusti, kawula pasrahaken ing ngarsa Tuhan!” Mengkono osiking atiné Pétrus sawisé ngrungu pangandikané Gustiné.

WAJAH ésuk ing pinggiré segara Tibérias iku dadi wajah sing kebak kabungahan ing sadjroning uripé. Pasuwitané wis *katarimah* manèh ana ing ngarsané Gusti lan sabandjuré bakal ora ana prakara sing bisa *misahaké* awaké saka ing sihé Gustiné.

MÉCHRADÉ GUSTI JÉSUS

LET patang puluh dina saka wunguné Gusti Jésus saka ing séda, jaiku ing dina Achad

sawisé rijaja Paskah. Wis rambah-rambah Gusti ngetingal marang para sekabat lan mitra-mitrané, apadéné marang para wong wadon.

Kotjapa nalika *patang puluh dinané*, Gusti Jésus ngetingal manèh, nanging — enggoné ngetingal iki *sing pungkasan*.

Kelakoné iku mau wiwitané ana ing Jerusalèm, ana ing kamar tengah panggonané para sekabat adaté paða ngumpul, djalaran para sekabat paða kaðawuhan tansah paða ngumpul ana ing kuða Jerusalèm. Ora antara suwé para sekabat bandjur kairid metu menjang ing sadjabaning kuða ana ing ara-ara djembar, ora adoh saka désa Bètani.

Para sekabat wis kulina banget ngambah dalan saka Jerusalèm menjang Bètani; wiwitané njabrang ing kali Kédron, bandjur ngliwati patamanan Gètsémané, terus munggah ing gunung Zaitun. Dalan mau ngéling-élingaké marang lelakon sing *mbungahaké*, lan ija lelakon sing *njedihaké*.

Ana ing papan sing djembar lan bawéra mau Gusti Jésus isih ndawuhaké prakara warna-warna marang para sekabat, rasané kaja-kaja waktu sing kepungkur bali manèh: Gusti Jésus tindak pepara ndjadjah désa-ngadésa kaðèrekaké para sekabat, lan ing saenggon-enggon Gusti memulang lan nindakaké kaélokan. Senadjan mengkono, éwadéné para sekabat paða krasa jèn *saiki* kaanané ora bisa lestari mengkono, jèn *saiki* mesthi ana lelakon sing luwih wigati, jaiku jèn paða arep ditilar Gusti lan Guruné.

Para sekabat paða ngrungokaké pangandikané Gustiné klawan gumolong atiné; kabèh sing diðawuhaké Gustiné paða ditampani lan disimpen ana ing ati kaja mustika adi.

Para sekabat paða diðawuhi wanti-wanti supaya paða manggon ana ing kuða Jerusalèm kambi paða ngentèni sawetara mangsa, nganti tumekané *Djuru Pirembag* kang bakal nunggil karo para sekabat ing salawas-lawasé awit Gustiné ora nilar lola marang para kagungané. Djuru Pirembag mau, jaiku Roh Sutji, bakal mulang samubarang marang para sekabat, supaya paða olèh tentrem rehaju.

Lan sawisé mengkono? . . . Para sekabat bandjur kudu menjang Jerusalèm, saka kono ndladjahi tanah Judéa lan Samaria lan sabandjuré menjang ing tanah lan negara lija-lijané nganti tekan ing pungkasané bumi paða kabubuhan ngundangaké pawarta kabungahan, jaiku Indjil, marang sarupaning umat, lan sing sapa pratjaja marang Gusti Jésus, paða kaðawuhan mbaptisi atas Asmané Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Sutji . .

Para sekabat sing paða menangi sangsara, séda lan wunguné Gustiné, paða ngerti lan jakin temenan, jèn Gustiné iku kang djume-

neng Sang Mesih, ija djumeneng Djuru Panebus kang sedjati; para sekabat pada kaparingan bubuhan ndladjahi djagad minangka paseksi ingatasé sih katresnan lan kamuljané Gusti Jésus ana ing ngarepé para manusa.

Mangka para sekabat pada diparingi dawuh kang isi prasetyan, mengkéné: „Lah Aku nunggal karo kowé ing sadina-dina kongsi tumeka wekasané djaman.”

MENGGONO mau tindaké Gusti Jésus kadèrèkaké para sekabat wis tekan ing putjaké gunung Zaitun, bandjur kèndel ana ing panggonan sing wis naté dikèndeli Gusti Jésus karo para sekabat nalika pada maspadakaké kuṭa Jerusalèm sing katon ketapketap saka ing kadohan. Nalika semono Gusti Jésus katingal trenjuh galihé ngraosaké kuṭa sing kebak piala lan dosa

Nanging saiki wis ora katingal trenjuh manèh galihé, saiki Pandjenengané katingal gembira kaja Sinatrija sing mentas unggul judané. Para sekabat pada ngadep ana ing ngarsané, pada dipirsani sidji-sidji klawan asih lan welas, bandjur pada diungkuli asta lan diberkahi. Kotjapa sadjroné mberkahi mau, Gusti Jésus katingal tindak mungkur saka ing panggonané, para sekabat, sampéjané wis ora ngambah ing lemah, saja suwé katingal munggah saja duwur sumengka ing langit. Para sekabat bandjur pada sudjud kambi tumenga njawang menḍuwur, pada weruh astané Gustiné enggoné kaungkulaké ana ing saḍuwuré paring berkah wekasané ketilapan marga sarirané kaaling-alingan ing méga, èmpéré kaja nitih méga enggoné kondur menjang ing swarga.

Para sekabat saiki wis ora bisa, njawang Gustiné manèh. Nanging apa Gusti Jésus musna ing salawas-lawasé? Senadjan wis ora katon, para sekabat isih terus njawang menḍuwur marga saka kaéraman.

Sasuwéné pada tumenga marang langit ngawasaké sumengkané Gustiné, dumadakan ana prija loro ngagem-agem putih pada djumeneng ana ing tjeḍaké, sarta ngandika: „Hé wong Galiléa! Keprijé déné kowé pada ngadeg ana ing kéné nganggo tumenga marang langit? Jésus kang wis kasengkakaké saka ing antaramu menjang ing swarga, iku bakal rawuh, patrapé kaja enggonmu pada ndeleng sumengkané menjang swarga mau.”

Sawisé ngandika mengkono mau, prija loro mau bandjur musna sanalika. Rawuhé duta loro mau kaja-kaja maringaké salamé Gusti Jésus sing wekasan marang para sekabat, apadéné prasetyané jèn bakal rawuh manèh.

Para sekabat bandjur bali menjang Jerusalèm, perluné pada arep nganti-anti rawuhé

Djuru Pirembag, jaiku Sang Roh Sutji, kaja sing wis diprasetyakaké déning Gusti Jésus . . . Para sekabat saiki ora perlu sedih lan prihatin, senadjan Gustiné wis ora katon ana ing tjeḍaké. Upama keparenga, wis mesti luwih seneng tansah tetunggulan karo Gusti Jésus, nanging para sekabat ija wis ngerti jèn pakarjané Gustiné ana ing tengahing djagad wis rampung babar pisan, mulané Pandjenengané saiki kondur menjang swarga sowan ing ngarsané Allah Sang Rama. Djagad lembahing kasangsaran sing kebak duraka lan piala, iku dudu papan sing sembada kagem Gusti Jésus. Saiki Pandjenengané pinarak manèh ana ing ḍamparé ing swarga, ingajap para malaékat sing ora kndat saos pudji lan bekti ngluhuraké Asmané.

Para sekabat lan para murid lija-lijané wis pada ngerti kabèh, jèn satemené pada ora tininggal lola déning Gustiné, senadjan saiki wis kondur menjang swarga. Para sekabat pada ngrasa jèn tansah tinunggil ing Gustiné, awit Pandjenengané ora séda, nanging gesang lan kagungan pangwasa ngajomi para kagungané. Mangka Pandjenengané kondur menjang swarga perlu njawisaké papan kanggo para sekabaté.

ANADÉNE wong-wong sing ana ing kuṭa Jerusalèm pada ora ngerti apa sing kelakon ana ing gunung Zaitun: lelakon sing luwih déning wigati, nanging tumindaké sarwa pasadja tanpa sabawaning karaméan. Nanging ana ing swarga para malaékat pada surak mawurahan, ing kana ana kabungahan gedé kanggo mahargja konduré Gusti Jésus ing swarga padalemané, pinarak manèh ana ing ḍamparé ing tengené Allah Sang Rama.

Déné ing satengahé djagad para sekabat lan para kagungané Gusti Jésus pada ngrasakaké kabungahan ing atiné déwé-déwé, nanging djagad ora ngelegéwa. Meneng-meneng para sekabat lan para mitrané Gusti Jésus pada rumangsa begdja, awit pada duwé kajakinan jèn Gusti lan Guruné iku sanjata djumeneng Sang Mesih, ija kang djumeneng Ratuning swarga lan bumi.

LELAKON ing gunung Zaitun nalika Gusti Jésus kasengkakaké minggah menjang swarga, saiki wis pirang-pirang atus taun kepungkur. Mangka nganti djaman saiki Pandjenengané durung rawuh manèh, kaja sing dipangandikakaké malaékat loro marang para sekabat. Para kagungané Gusti Jésus ing djaman semono wis pada ngadjal kabèh, katimbangan merek ana ing ngarsané ing swarga.

Lan ing tengahing djagad saiki tanpa wilangan tjatjahé wong sing pada pratjaja lan

tresna marang Gusti Jésus, isih adjeg pađa nganti-anti marang rawuhé Gusti klawan nitih mégané langit kaja nalika sumengkané menjang ing swarga.

Para kagungané Gusti Jésus klawan sabar enggoné pađa nganti-anti, awit pađa ngerti, jèn pangandikané Gusti iku mesti bakal kelakon, lan ing tembé Gusti Jésus bakal rawuh ngagem pangwasa lan kamuljan gedé, lan wong ing sadjagad kabèh bakal pađa njawang marang Pandjenengané.

Wong-wong sing pađa ora tresna lan pratjaja marang Gusti Jésus, bakal pađa njawang marang Pandjenengané klawan wedi kang banget.

Kosokbaliné wong-wong sing pađa wanuh marang Djuru Slamet lan Panebusé, bakal pađa njawang marang Pandjenengané klawan kabungahan gedé.

Dinané Gusti, dina kang gedé, mesti bakal tumeka.

TUMEDAKÉ ROH SUTJI

ING kuća Jerusalèm ana rijaja manèh, jaiku rijaja Pentékosta. Ing dalan-dalan kebak wong sing pađa teka saka ing désa ngadésa, ndilir lakuné ngener menjang ing padaleman sutji. Palatarané padaleman sutji djedjel rijel wong-wong sing pađa arep saos kurban. Wong-wong mau pađa ngladèkaké roti kanggo pisungsung gojangan rong idji saka ing omahé déwé-déwé, iku minangka pisungsung wiwitaning panènan. Sawisé ditampani déning imam, pisungsung mau bandjur digojangaké lan wekasané katumpangaké ana ing misbjah, éstané kaja ngundjukaké pisungsung marang Allah minangka tjihtaning panuwun sokur. Sawisé mengkono bandjur ana unining nafiri binarung ing swaraning pamudji, ing kono saumat kabèh bandjur pađa sudjud saos bekti ana ing ngarsané Allah Rijaja Pentékosta iku udjubé saos sukur marang Allah sawisé rampung panèn gandum utawa panèn anggur lan woh-wohan lijané. Mulané wong-wong saka désa ngadésa pađa buďal menjang Jerusalèm kambi nggawa pisungsung wiwitaning panèn arep disaosaké ana ing padaleman sutji. Undjuké saumat kabèh marang Allah wosé mengkéné: „Sadaja ingkang sami tumuwuh, sadaja ingkang sami kaunduh, punika sadaja peparang Tuwan, duh Allah!”

Jèn pinudju rijaja Pentékosta wong Jahudi sing pađa teka ing kuća Jerusalèm, ora nge-mungaké sing pađa manggon ing wilajah Palestina baé, nanging ija sing pađa manggon ing tanah lija, ora ngétung adoh utawa tjedak. Mulané ing sadjeroné kuća raméné ora djamak, mangka sing tekané saka tanah

mantja, gunemané ija wis nganggo basa mantja lan ora mung basa sawarna.

Raméné saiki pađa karo *sèket dina* kepungkur, nalika ing Jerusalèm ana rijaja Paskah, nalika . . . ija nalika ing Jerusalèm ana lelakon sing nggegirisi, sing pantogé ana ing pepuntuk Golgota lan ing patamanané Jusup Arimatéa, nanging wong ing Jerusalèm wis ora ana sing kélingan marang lelakon mau . . . Jésus Nasarani? Wong ing Jerusalèm wis ora ana sing ngutjap ngrasani.

Udjaré para imam: „Kuduné ija mengkono!”

NANGING ana ing salah sawidjining omah ora adoh saka padaleman sutji para sekabat lan para mitrané Gusti Jésus pađa ngumpul, pađa bebarengan ngrijajakaké rijaja Pentékosta, apadéné ngundjukaké panuwun sokur marang Allah déné wis paring wulu-wetuning bumi minangka redjekiné umat kagungané.

Sepuluh dina kepungkur Gusti Jésus sumengka menjang swarga sarta nilari prasetya jèn bakal ngintunaké Djuru Pirembag, jaiku Sang Roh Sutji, supaja njulhi Pandjenengané mulang-muruk lan ngajomi para kagungané. Sasuwéné pađa nganti-anti rawuhé Djuru Pirembag para sekabat dalah sakantiné kabèh pađa ngumpul lan saben dinané tansah pađa andon rukun lan tresna-tinresnan, manut miturut dawuhé Gustiné. Lan samangsa pađa ndedonga bebarengan, wong-wong rasané kaja-kaja dadi luwih *tjedak* karo Gusti Djuru Slameté.

Para sekabat mau ija pađa ndeleng untabing wong golongan sing pađa pating dlidir, nanging émané wong akèh mau pađa ora ngerti apa sing dadi gémbolaning atiné para sekabat. Sadjatiné para sekabat mau wis pađa kumatjélu arep ngandani lan njritani bab kabungahan gedé sing sumimpen ana ing atiné, jaiku jèn sing asma Jésus Nasarani iku sanjata dju-meneng Sang Mesih sing diprasetyakaké wiwit djaman kuna mula, lan jèn Pandjenengané saiki uga kwasa lan kersa njlametaké saben wong sing pratjaja marang Pandjenengané.

Nanging para sekabat saiki durung diparengaké mbabar apa sing isih kineker kanggo wong akèh, nganti tumeka waktuné Gusti Jésus nuhoni prasetyané. *Saiki* para sekabat isih lola, djalaran ditilar Gustiné menjang swarga, mangka Sang Djuru Pirembag durung rawuh.

NANGING mbeneri rijaja Pentékosta mau, ing sawidjining dina wajah ésuks, ana lelakon sing ngéram-éramaké: Rohé Allah rawuh dedalem ana ing atiné para manusa.

Ing dina iku dumadakan ana *swara gumrubug*

saka ing langit, èmpere kaja *sentoring angin kang banter*, ngebeki saomah panggonané lungguhan para sekabat dalah para kantiné kabèh Mangka ing sadjabané omah mau ora ana mididing angin banter.

Nanging wong golongan sing ana ing Jerusalèm, wong-wong sing tekané saka mantja negara, bareng ngrungu swara gumrubuging angin banter, bandjur pada kumrubut mlebu ing omah pamondokané para sekabat, arep ndeleng lan ngrungu apa sing kelakon ana ing kono Wong-wong mau kabèh pada kagawokan, djalaran weruh ana rerupan kaja geni kang ambjar dadi ilat-ilatan nibani sirahé para sekabat lan para murid lija-lijané sing pada kumpulan ana ing kamar mau. Saja mundak éram lan gawoké, bareng pada ngrungu wong sing pada katibanan ing geni ilat-ilatan mau pada medar pangandika ngangggo *tembung lija-lija basa* Sing banget ndadèkaké kuwuring atiné jaiku déné wong-wong sing pinangkané saka tanah Asia lan Mesir, saka negara Rum lan tanah Arab, pada ngrungu pangandika mau ngangggo *tembungé déwé-déwé*. Keprijé bisané kelakon mengkono?

Temahan wong kabèh pada ndjenger kagawokan sarta pada sapatjapan: „Apa baja tegesé kang mengkono iku?”

Nanging wong-wong Jahudi sing pada manggon ing kuṭa Jerusalèm, bareng pada weruh sapa sing lagi pada medar pangandika, sanalika bandjur kélingan marang lelakoné Jésus Nasarani Karepé wong-wong mau pada arep njepèlèkaké lan mojoki para sekabat, mula udjaré: „Wong Galiléa iku pada enengna baé, kuwi rak pada kewaregen anggur!”

Kewaregen anggur, dadi mendem? Pétrus ngrungu pamojoké wong akèh, atiné serik dielokaké mendem, mulané ngadeg dalah para kantiné sekabat sewelas, njasmitani wong-wong mau supaya pada meneng sedéla, awit Pétrus arep nglairaké wirasaning atiné. Pétrus wis ngrasa jèn saiki wis tekan waktuné Sang Roh Sutji rawuh lan dedalem ana ing atiné. Mulané atiné ora ngedap ndeleng wong golongan semono kèhé pada teka ngrubung, malah banget kepénginé arep njritakaké bab kamuljan lan kaunggulan Sang Mesih sing pada disebut Jésus Nasarani déning wong golongan.

Tembungé Pétrus: „Hé kantja-kantja Jahudi lan kang pada mondok ing Jerusalèm kabèh, prakara iku kawruhana marang kowé, lan tembungku muga tumamaa ing kupingmu. Déné wong iki pada ora mendem kaja kang dadi panjanamu. Aku pada durung nggepok anggur, wajahé rak isih ésuk, lagi djam sangal Nanging ing dina iki kelakoné apa sing diwetjakaké déning nabi Joël ing djaman kuna:

Aku wis pada kaesokan ing Roh Sutji: Rohé Allah wis tumedak dedalem ana ing atiku . . . Hé kantja-kantja Israèl, pada nilingna pitutur mengkéné iki: Jésus Nasarani, ija Guru pepundèku, ija kang wis pada koweruhi déwé, wis pada kodeleng kasekten lan kaélokkan lan pratanda kang ditélakaké marang kowé nanging kang bandjur kokanijaja nganti kosalib lan *kosédani*, ija Pandjenengané iku kang djumeneng Sang Kristus, ija Sang Mesih, nanging émané déné kowé pada nampik marang Pandjenengané kaja marang wong duraka. Éwasemono senadjan wis kelakon kosédani, Pandjenengané ora lestari dumunung ing kubur kawengku ing pati, djalaran Pandjenengané iku djumeneng Putrané Allah. Pandjenengané wis *wungu* saka ing padunungané wong mati, bandjur *sumengka menjang swarga*. Saiki Pandjenengané pinarak ana ing damparé kaswargan lan saka ing kana Pandjenengané ngrawuhaké Sang Roh Sutji marang aku kabèh para muridé Iku wudjuding kaélokkan sing pada kodeleng saiki.

Hé kantja-kantja Israèl, lan kabèh baé sing pada neksèni lan ngrungu lelakon iki, pada sumurupa jèn Jésus iku kang djumeneng Sang Kristus, Putrané Allah, ija Sang Mesih sing pinasti rawuh

Pada rungokna, Pandjenengané sanjata wis rawuh, nanging kowé pada *njalib* marang Pandjenengané!”

Sawisé Pétrus meneng

LAH ing panggonan kono bandjur dadi sidem premanem. Wong-wong sing pada ngrungu tjritané Pétrus, pada kagèt lan bingung kaworan wedi déning anḍarané Pétrus mau. Gèk keprijé polahé wong-wong mau, saupama njata sing dadi tjritané Pétrus? O, saiba gedéning dosané, déné kumawani njalib lan njédani marang Sang Mesih. Wong-wong mau mesti mèlu kedosan djalaran saororané wis ngrudjuki sédané, mangka sing ditjritakaké Pétrus iku kabèh kepara njata. Wong golongan bandjur akèh sing pada njedak, bandjur pitakon: „*Duh para sadèrèk, kula kedah sami nglampahi punapa?*”

Pétrus babar pisan ora nijat males ala marang wong Jahudi, djalaran saiki rumangsa dadi abdi sing kudu nglakoni ajahan miturut kersané Gusti lan Guruné, mangka Pandjenengané iku ora naté nampik wong sing pada marek ana ing ngarsané lan ngaturaké patobaté. *Saiki* malah bungah lan gedé atiné déné olèh wewengan njritakaké kabar kabungahan gedé marang wong golongan, jaiku jèn ana pangapuraning dosa tumrap angger wong sing mratobat. Mulané klawan gambira enggoné Pétrus mangsuli pitakoné wong-wong mau, tembungé: „Pada mratobata,

lan sidji-sidjiné panunggalanmu nglakonana kabaptis atas Asmané Jésus Kristus, kang pinurih apuraning dosamu, temahan kowé bakal pada nampani peparing Roh Sutji."

KATJARITA ing dina iku uga ana wong *telung éwu*, lanang lan wadon, pada kabaptis lan mandjing pratjaja marang Gusti Jésus; wong mau kabèh ija pada kapenuhan ing Roh Sutji lan pada olèh karahajon ing donja ngakératé.

Wong-wong sing pada mratobat mau pinangané saka Jerusalem, saka tanah Asia, saka Mesir lan saka negara mantja lija-lijané. Mangka salebaré rijaja wong-wong akèh sing pada mulih menjang ing tanah lan negara kamulané karo nggawa kabungahan lan karahajon sing ora bakal bisa ontjat saka ing atiné. Lan ana ing papan padunungané déwé-déwé wong mau pada njritakaké . . . Lan ora ana wong sing bisa ngerti pira tja-tjahé wong ing tanah mantja mau sing pada wanuh lan pratjaja marang Gusti Jésus lan nampani karahajon langgeng salawas-lawasé. Ora ana sing ngerti kedjaba Gusti Allah pijambak.

Mungguh para sekabat déwé keprijé? . . . *Swara gumrubug èmperé kaja sentoring angin kang banter*, sing ngebeki saomah panggonané lungguhan, *rerupan geni ilat-ilatan* sing nibani sawidji-widjiné wong sing pada kumpulan, *pamitjara nganggo tembung lija-lija basa* sing durung tau digegulang, iku kabèh pada bisa dideleng lan dirungokaké wong akèh, nanging sing tumindak *tanpa sabawa* lan tumama ana ing *batiné* para sekabat, iku satemené sing luwih wigati, awit marga saka daja sing ora kasatmripat iku mau para sekabat bandjur malih dadi manusa anjar. Saiki Rohé Allah kepareng dedalem ana ing atiné, lan sabandjuré mesti ora bakal ontjat sakā ing panunggilé Allah ing salaku-djantraning uripé . . . Saiki para sekabat pada ngangah-angah déning katresnan marang sapepadané tumitah. Derenging atiné mung sawidji, jaiku njritani wong-wong pepadané bab kanugrahan lan karahajon kang kaparingaké marang djagad . . .

Saiki para sekabat wis ora dadi murid manèh, nanging pantes sinebut *para rasul*, tegesé para utusané Gusti Jésus sing pada kautus marang djagad martakaké bab sih kadarman lan katresnané Gusti Allah marang para manusa. Saiki para sekabat lagi pada ngerti sakèhing lelakon sing tumindak ana ing sugengé Gusti Jésus, apadéné sakèhing pangandika sing didawuhaké marang para muridé.

Para sekabat pada kaparingan *kawitjaksanan* déning Roh Sutji.

KAÉLOKAN sing kelakon ing dina rijaja Pentékosta iku wis pirang-pirang atus taun kepungkur, éwasemono nganti djaman saiki wong Kristen ing sadjagad isih pada ngrijajakaké rijaja Pentékosta mau. Nanging tumrapé wong Kristen dudu *rijaja panèn* utawa *rijaja unduh-unduhan* manèh.

Sing pada diéling-éling jèn pinudju rijaja Pentékosta jaiku gedéning sihé Allah déné kepareng dedalem ana ing atiné manusa sarana ngrawuhaké Sang Roh Sutji. Pentékosta saiki dadi *rijaja tumedaké Roh Sutji*.

WONG LUMPUH LAIR MULA

ING satjedaké gapurané padaleman sutji kang aran Gapura Éndah, jaiku gapura ing sisih wétan sing betjiké lan gedéné ngungkuli gapura lija-lijané, ana wong lungguh pepriman, suméndé. ing pilaré gapura sing disalut kuningan. Saben dina wong mau digéndon mrono dilungguhaké supaja ndjaluka dana marang kang pada mlebu ing padaleman sutji. Mlaku déwé ora bisa, djalaran lumpuh wiwit lair mula . . .

Ing sawidjining dina mbeneri waktu sembahjang djam telu awan, waktu sing betjik tumrapé wong pepriman mau, djalaran akèh wong pada mlebu ing padaleman sutji arep pada sembahjang. Tangané mando njadong kawelasané sing pada liwat ing kono lan tjangkemé ndremimil enggoné ndjaluk dana ing sakadaré.

Nalika semono katon ana wong loro teka ing ngarep gapura arep mlebu ing padaleman sutji. Jèn ndeleng sandang panganggoné, wong mau ora klebu golongané wong sugih, nanging jèn mung duwit saigar rong igar rak mesti pada duwé . . . Wong lumpuh mau wis mando tangané . . .

Wong loro mau mandeg, bandjur mandeng wong sing lumpuh klawan welas. Wong lumpuh mau bandjur didawuhi: „Ingetna aku.” Sing lumpuh bandjur ngingetaké, ngarep-arep bakal nampani pawèwèh . . .

— Nanging sing nggumunaké, jaiku enggoné wong sing luwih tuwa bandjur ngandika: „Selaka lan emas aku ora duwé, nanging kang dakduwèni, kowé dakwènèhi.” Gagasané wong sing lumpuh mestiné mengkéné: „Jèn ora duwé selaka lan emas utawa duwit, lah apa sing arep diwènèhaké marang aku?” Durung nganti dong marang karepé wong loro mau, sing lumpuh krungu dipangandikani manèh: „Atas Asmané Jésus Kristus Nasarani ngadega, lumakua!” Wong sing lumpuh mau bandjur ditjandak tangané tengen, diadegaké, lan sanalika tlapakan lan poloké pada dadi kukuh, kaja-kaja klebon daja kakuwatan

anjar sing durung tau dirasakaké salawasé urip Wong senadjan kagèt sedéla, nanging ora nganti was lan sumelang atiné, mulané maknjat ndjumbul, wis ngadeg bandjur mlaku, ndèrèk wong loro mau mlebu ing padaleman sutji kambi mloka-mlaku lan lintjak-lintjak sarta memudji marang Allah. Wong lumpuh mau ndeleng, ngrungu lan ngrasakaké déwé ana ing awaké, jèn pangandika sing diutjapaké wong sing durung diwanuhi mau mengku daja gaib lan ndjalari kabungahan gedé; wong sing lumpuh mau bisa ngadeg lan bisa mlaku temenan.

Wong kabèh pađa ndeleng wong mau mloka-mlaku kambi memudji marang Allah, bandjur ora pangling jèn iku mauné wong lumpuh sing adaté lingguh pepriman ana ing Gapura Éndah ing padaleman sutji. Kabèh pađa kaéraman lan kagawokan banget njipati kaélokan sing tumanduk ana ing awaké wong lumpuh mau. Saja wuwuh ngunguning atiné bareng weruh sapa sing nindakaké kaélokan mau, kabèh pađa ndjenger njawang marang wong loro sing dièrèkaké wong lumpuh sing wis diwalujakaké mau, mlebu ing bangsal kang aran bangsalé Suléman. Warna-warna gagasané wong akèh, ana sing wedi lan miris, nanging akèh uga sing bungah, nanging kabèh pađa pitakon ing atiné déwé-déwé: „Lelakon apa ta iki? Keprijé bisané kelakon?”

WONG loro sing pađa nindakaké kaélokan mau, iku ora lija Pétrus lan Jochanan. Pétrus sing ngutjapaké mawa daja mau, lan Pétrus sing njandak tangané wong lumpuh mau, bareng saiki wong akèh pađa ndjenger njawang klawan wedi lan pakéring, ija Pétrus sing bandjur međar pangandika ngandaraké mula-bukané lelakon sing elok mau. Pétrus babar pisan ora mburu aleming wong akèh, Pétrus ora nggajuh marang montjèr lan kuntjaraning djenengé, isiné anđarané ora lija mung tumudju marang pakurmatan lan kaluhurané *Gusti lan Guruné*.

Tembungé Pétrus mengkéné: „Hé kantja-kantja Israèl, jagéné kowé pađa gumun awit saka iku mau, teka pađa mandeng marang aku, kaja kosengguh bisa gawé lumaku wong iki srana dajaku déwé utawa kamursidanku? Kaélokan iku mau sanjatané dudu panggawéku, aku mung wong lumrah, nanging diagem lantaran déning Gustiku nindakaké pangwasané. Gustiku iku Jésus Nasarani sing wis pađa kosalib, nanging wis wungu saka ing antarané wong mati lan saiki pinarak ana ing tengené Allah Sang Rama ana ing swarga . . . Éwadéné para sadulur, aku wis ngerti jèn enggonmu nglakoni iku mau awit saka kurang pangerti. Mulané pađa salina batinmu lan mratobata, supaja dosamu kalebura.” Pétrus

sing saiki wis disebut rasul, isih muwuhi pitururé murih tjetané, apadéné kadereng déning rasa tresna marang Djuru Slameté, Pétrus ora wegah lan ora wedi njaritakaké bab pangwasa lan sihé Gustiné. Pandjenengané iku ora mung kwasa malujakaké wong lumpuh lair mula, malah wong sadjagad rat jèn pađa gelem pratjaja marang Pandjenengané, bakal kaparingan karahajon donja ngakératé langgeng ing salawasé.

Lan ing dina iku uga wong sing pađa ngrungu pangandika mau akèh sing pratjaja, temahan pađa dibaptisi déning para rasul, kaétung dadi putrané Allah, lan klebu dadi weđus ing pepantjan ngèn-ngènané Djuru Pagon kang utama, jaiku Gusti Jésus Kristus.

NALIKA semono ing kuđa Jerusalèm wong-wong pađa usreg lan gondjing atiné. Mentas baé pađa njumurupi lelakon sing ngéram-éramaké nalika pađa ngrijajakaké rijaja Pentékosta ana ing padaleman sutji, saiki wong akèh pađa upjek ngrembug kaélokan anjar sing tumanduk ana ing awaké wong lumpuh lair mula, sing diwarasaké mung sarana tembung. Lelakon sing kaja mengkono iku sadjatiné njasmitani apa? Apa njata jèn Jésus Nasarani iku ora goroh piwulangé? Apa njata wis bisa tangi saka ing antarané wong mati?

Wong golongan pađa usreg, nanging para imam kena disebutaké dauru atiné! Ora kira-kira enggoné mangkel lan ndjontong atiné! Bareng pađa ngrungu kabar jèn akèh wong sing pađa mandjing pratjaja marang Gusti Jésus, lan bareng pađa ngerti jèn para rasul saben dina ora kendat-kendat enggoné pađa memulang ana ing padaleman sutji, ana ing sadjabané padaleman sutji, ana ing omahé wong sing pađa kesdu nampani, bareng para imam njumurupi prakara iku mau kabèh, atiné dadi *miris*.

Saiki Jésus Nasarani wis kelakon disirnakaké nanging apa wong golongan isih pađa gelem ngrungokaké marang para tilas muridé sing saiki dadi utusané lan apa ija pađa gelem pratjaja marang Jésus mau? Bab sing kaja mengkono iku kudu dilarang! Jésus Nasarani iku tilas satru, saiki para tilas muridé ija kudu disatroni, mulané kudu pađa dilarang memulang ing saenggon-enggon. Rak para imam ta sing njekel pangwasa, bisa lan wenang nglilani utawa nglarangi wong pađa memulang! Wong golongan ora kena diélingaké manèh marang Jésus Nasarani, sing kudu dilalèkaké déning saumat kabèh.

Nalika Pétrus lan Jochanan lagi pađa memulang ana ing padaleman sutji, lan nalika wong lumpuh sing diwarasaké isih ngadeg ing buriné dumadakan bandjur pađa ditjepeng déning

para imam, didabjang menjang ngarepé pradata, nanging—para imam lan para pinituwa pada ora wani ngetrapi paukuman, sebab ora tinemu nalaré enggoné arep matrapi, apa manèh wong golongan katara pada ngèloni para rasul.

Pétrus lan Jochanan pada dipatjuhi klawan pangantjam-antjam kang banget adja nganti pada duwé pitutur manèh marang sadéngaha wong bab asma Jésus. Nanging Pétrus lan Jochanan pada ora wedi, malah wani mangsuli jèn satemené pada ora bisa meneng baé lan rumangsa kadereng njaritakaké sakéhing prakara sing wis disumurupi lan bab karahajon sing ditampani ana ing atiné. Wangsulane para rasul mau: „Sampun dados karsanipun Allah, bilih kula sami martosaken bab Asmanipun Gusti kula Jésus Kristus. Lan sampun saleresipun bilih kula sami ngéstokaken karsanipun Allah langkung katimbang dateng sampéjan.”

Para imam ngrungu wangsulan mengkono mau malah saja mundak muring-muring, nanging wekasané kepeksa pada nglilani mundur para rasul mau tanpa bisa matrapi apa-apa.

Para imam pada ngrasakaké gelaning atiné, déné Jésus Nasarani sing tansah dadi klilipé lan sing wis disirnakaké, wekasané bisa olèh kaunggulan! Saja mundak gela atiné jèn kélingan wong golongan pada luwih nggatakaké piwulangé Jésus katimbang piwulangé déwé; malah saiki uga, sawisé séda kasalib, sing pada kèlu marang Jésus sangsaja mundak akèh tjatjahé. Para imam prasasat murub atiné déning geting kang banget!

ANANIAS LAN SAFIRAH

ANA pangandikané Gusti Jésus marang para sekabat mengkéné: „Kowé pada dakwènèhi pakon kang anjar, supaya kowé pada tresna-tinresnana.”

Ing djaman wiwitaning pasamuwan pangandikané Gusti Jésus mau diéstokaké klawan temen-temen déning sagolongané wong sing pratjaja marang Pandjenengané, lan sing sabandjuré katelah aran Kristen. Wong-wong mau pada tunggal ati lan tunggal budi, apadéné pada kerep kekumpulan. Para rasul sregep tetilik para sadulur lan pada diadjak ngantepi ing patunggalan lan ing panjuwiling roti lan pandonga kaja sing didawuhaké déning Gusti Jésus nalika kembulan karo para sekabat dahar rijaja Paskah. Sarana patrap mengkono wong-wong mau tansah pada ngéling-éling bab gedéning sih katresnané Gusti Jésus, déné wis ngetohaké djiwa-ragané sumurup marang karahajoning djagad. Ing

antarané wong-wong Kristen wiwitan mau ora ana sing nandang ketjingkrangan. Wong-wong sugih masrahaké barang darbèké supaya dieduma karo wong panunggalané sing nandang kakurangan, saben wong diedumi ing sakabutuhané déwé-déwé. Ora ana kang rumangsa nduwèni déwé apa kang kadarbé, malah sabarang darbèké kabèh pada dianggep dadi duwèking ngakèh. Malah akèh sing pada ngedoli omah lan palemahané, pepajoné bandjur dipasrahaké marang para rasul supaya dieduma rata.

Pangandikané Gusti Jésus mau kasambetan mengkéné: „Ija iku margané ketitik marang wong kabèh jèn kowé pada dadi muridku, menawa kowé pada tresna-tinresnan.”

Lan uripé wong Kristen ing djaman semono ngepleki kaja sing dadi pangandikané Gusti Jésus mau.

NANGING émané, — golongané wong Kristen mau katekan mungsuh sing baud ngempakaké sandi-upaja, jaiku Iblis sing tansah nggegèndèng manusa marang piala, supaya uwala saka ing patunggalané karo Allah.

Ing sawidjining dina, nalika para rasul lan murid-murid lijané pada kekembulan, ana wong sowan ing ngarsané para rasul. Wong mau aran Ananias. Déné Ananias karo somahé, aran Safirah, kalebu panunggalané wong Kristen . . .

Bareng Ananias wis lungguh ing ngarsané Pétrus, bandjur masrahaké kantong isi duwit akèh, jaiku pisungsungé Ananias karo somahé marang pasamuwan. supaya dieduma kaja adaté, djalaran Ananias mentas ngedol palemahané.

Wong kabèh sing pada ana ing kono, nji-pati déwé enggoné Ananias njaosaké pisungsungé, nanging . . . anèhé Pétrus ora katon bungah nampani pisungsung mau. Wiwitané Pétrus kèndel baé kambi njawang marang Ananias. Déné Ananias bareng rumangsa jèn mung disawang baé, bandjur tumungkul semu wedi.

Wong-wong sing pada ora ngerti, gumun njumurupi lelakon mengkono, lelakon sing béda karo adat-sabené. Apa ta sebabé, déné pisungsungé Ananias mau ora ditampa klawan bungah? Saos pisungsung iku rak klebu panggawé betjik lan dadi tjihtaning katresnan?

Nanging sing katon ing mripat iku satemené mung semu, njatané ora mengkono.

MUNGGUH njatané Ananias lan Safirah iku wataké tjetil lan karem banda, nanging uga guru-aleman; katoné mursid, nanging njatané lamis, pinter nutupi tjulikaning atiné; sing disebut panggawé betjik iku

mung minangka srana murih olèha pangalembana. Wong loro lanang wadon mau enggoné pađa rerubukan mengkéné: „Ajo pađa mèlu mèlu adol palemahan, pepajoné bandjur disaosaké marang para rasul, supaja kawentara ing antarané wong akèh, jèn aku pađa bèrbudi lan mursid Nanging éman-éman jèn njaosaké pepajoné kabèh. Upama sing disaosaké marang para rasul mung sapérangan baé, lan diaturaké jèn pepajoné kabèh mung semono, rak ora ana sing bakal weruh ta? Mangka pangalembanané wong akèh mesti ora bakal katjèk!”

PANGGRANTAMING atiné Ananias karo somahé mengkono mau, djalaran wis pađa kena ing budjuring Iblis, sing nedya njebar widjining tjrah lan paratjidra ana ing kalangané wong-wong Kristen sing tansah mbangun katresnan lan olah karukunan lan ketemenan. Ananias lan Safirah mesti pađa ngerti, jèn tindaké mengkono iku kliru banget lan gorohé iku klebu dosa gedé, nanging atiné wis ora duwé wedi, djalaran lagi kalimput ing pepeteng.

DADINÉ sing katon ing wong akèh: Ananias njaosaké pisungsung pepajoné palemahané marang Pétrus, nanging wong-wong pađa ora weruh, jèn ana sapérangan sing diuntet lan ditinggal ing omahé, disinggahaké primpen déning Safirah. Wong sapa samuwan rak ora ana sing ngerti!

Apa njata ora ana wong sing ngerti?

Pétrus enggoné njawang marang Ananias ora klawan bungah, wusanané bandjur ngandika: „Èh, Ananias, jagéné atimu kaedjègan Iblis, kongsi kowé nggorohi Roh Sutji, sarta pepajoné palemahan salong kountet? Jagéné atimu kotjadangaké marang piala? Sapa sing madjibaké kowé saos pisungsung sarana ngedol palemahanmu? Ora ana wong sing ndjaluk duwitmu utawa palemahanmu, palemahan utawa duwit pepajoné iku dadi duwèkmu déwé. Ana paedahé apa ta déné kowé nganti ngangen-angen pratingkah mengkono iku ana ing atimu? Rak *dudu manusa* kang kogorohi, *nanging Allah*.”

Dadiné Pétrus wis nguningani kabèh, djalaran wis diwisik déning Roh Sutji.

Bareng ngrungu pangandika mengkono iku Ananias bandjur ambruk *pegat njawa*. Pakuman sing nggegirisi.

Para nonoman bandjur pađa tumandang ngulesi majité, digotong metu lan dikubur.

KOTJAPA Safirah, sing kari ana ing omahé, nganti-anti tekané sing lanang. Jèn Ananias mulih, mesti bakal njritakaké enggoné dialembana déning para rasul lan wong-wong

lijané. Nanging Ananias djebul ora mulih-mulih. Safirah enggoné ngentèni tekané sing lanang nganti wetara telung djam suwéné.

Suwé-suwé atiné krasa ora kepénak, mulané bandjur nusul Ananias. Satekané ing panggonané para rasul, Safirah wis ora menangi Ananias lan ija ora ngerti apa sing mentas kelakon. Safirah rada kagèt lan gela, déné tekané ora dibagèkaké klawan bungah. Apa mengkono iku wudjuding pangalembana sing diarep-arep?

Safirah bandjur ngadep ing ngarsané Pétrus. Sadurungé mundjuk apa-apa, wis didawuhi Pétrus mengkéné: „Kowé tutura ing aku, enggonmu pađa ngedol palemahan apa paju seméné?” Wangsulané Safirah: „Inggih semanten.”

Safirah ngandemi gorohé sing lanang

Pangandikané Pétrus: „Ana apa ta déné kowé pađa ajon njoba marang Rohé Pangéran? Lah sikilé wong kang wis ngubur lakimu lagi ana ing ngarepé lawang, bakal nggotong kowé uga.”

Sanalika wong wadon mau ambruk ana ing ngarsané Pétrus, pegat njawa.

Para nonoman bandjur pađa mlebu, majité Safirah bandjur digotong metu sarta dikubur sanding lakiné.

BARENG keprungon warta bab lelakoné Ananias lan Safirah, sing pađa mati ngenggon marga kena wewelaké Allah, wong kabèh bandjur pađa kataman ing wedi lan giris. Semono gedéning pangwasané Allah! . . .

Kamursidan sing lelamisan, slingkuh lan doratjara ana ing pangabekti marang Pangéran, iku abot ukumané, lan nggorohi Roh Sutji iku kapatrapan ukuman pati.

STÉFANUS

KATJARITA para murid sing pađa nampani piwulangé para rasul saja wuwuh akèh banget ing Jerusalèm. Sapa sing nampani piwulang lan mandjing pratjaja marang Gusti Jésus, iku pađa dibaptisi, temahan pasamuwan Kristen wiwitan saben dina tansah mundak-mundak tjatjahing wargané.

Nanging — golongané para imam, wong Farisi lan para ulama, saja mundak getingé.

Jésus Nasarani wis kelakon kasirnakaké éwadéné meksa tanpa guna. Saumat kabèh saiki pađa kèlu ngrungokaké marang piwulangé para *sekabaté*. Nanging pitutur lan wulang wuruké para pangarepé wong Jahudi ora dirèwès, lan kamursidan lan kapinterané nerangaké surasané Kitab pađa ora digapé.

Nanging para imam tansah mbebangus kantja-kantjané, udjaré: „Adja nganti golonga-

né para ulama kena kalindih. Para rasul iku lan kabèh baé sing pađa manut marang piwulangé, kudu pađa ngrasakaké déwé sepira pangwasané para ulama." Wong-wong mau bandjur pađa ngrantam-rantam apa sing prajoga ditindakaké murih sirnaning mungsuhé. Saiki tuwuh manèh memungsuhané kaja nalika sugengé Gusti Jésus.

Senadjan mengkono, para rasul ora maèlu marang pangantjam-antjamé para imam, saben dina ora nganti kandeg enggoné memulang lan mulasara wong miskin, apadéné marasaké wong lara nganggo daja kakuwatan pepariné Gustiné.

Nanging pagawéan ngrumati lan ngladèni para wong randa, wong djempo, lan miskin, mangka isih kudu memulang nggelaraké Indjilé Gusti, iku kabèh ndjalari para rasul dadi kewowogen. Mulané para rasul bandjur milih wong pitu, wong-wong mursid lan betjik kaloké, apadéné kapenuhan Roh Sutji lan kawitjaksanan, bandjur pađa kaparingan bubuhan niliki lan ngrumati para sadulur panunggalan lanang wadon, lan mitulungi kang pađa katjingkrangan. Wong-wong iku ing sabandjuré pađa kasebut diaken utawa djuru pamulasara.

Panunggalané djuru pamulasara mau ana kang aran Stéfanus.

ANADÉNE Stéfanus mau wong kang penuh pratjaja marang Gusti Jésus, lan penuh Roh Sutji, wong kendel lan sregep ing gawé, apadéné wasis mitjara. Ing endi-endi baé samangsa perlu, Stéfanus klawan bungah njritakaké bab sihé Gusti Jésus, lan kabegdjan sing wis dirasakaké ana ing atiné kudu ditularaké marang wong pepadané, supaja pađa bisa mèlu ngrasakaké kabegdjan mau.

Stéfanus uga nindakaké kaélokian lan prantanda kang linuwih atas Asmané Gusti Jésus ana ing antarané wong akèh: wong sing nandang sedih pađa dilipur, sing ketjingkrangan pađa dipitulungi lan sing nandang lara, pađa diwarasaké. Djeneng Stéfanus wis kawentar ing antarané wong Jerusalèm, mèh saben wong ngerti apa sing ditindakaké Stéfanus.

Lan golongané para ulama ija ngerti sapa sing djeneng Stéfanus mau. Ana sawenèhing wong gelengané wong Farisi njoba bebantahan karo Stéfanus nalika njritakaké bab Gusti Jésus; karepé wong-wong mau arep njrékal Stéfanus srana pinteré ngikal basa, kaja patrapé para ulama nalika mabeni Gusti Jésus.

Nanging wong-wong mau ora ketjonggah njembadani kawitjaksanané lan pamitjarané Stéfanus marga saka sawabing Roh. Saben-saben ngadjokaké pitakonan, wong-wong

Farisi mau mesti ketlèjèk witjarané, iku malah ndjalari wong akèh pađa luwih seneng ngrungokaké katerangané Stéfanus, nanging ija ndjalari saja wuwuh getingé gelengané para ulama marang Stéfanus, — ora béda karo nalika sugengé Gusti Jésus, samangsa para ulama pađa kedjodèran ana ing ngarsané Gusti marga saka kaluwihané.

Saja wuwuh ndjering rasaning atiné para ulama, jèn ngélingi sapa Stéfanus mau, déné kok kumawani nglawan marang para ulama! Jèn pantjèn mbandakalani, para ulama ora kurang réka lan daja jèn mung arep ningkes wong sidji baé. Djalaran sing wis kelakon ija mengkono patrapé enggoné pađa njirnakaké klilipé, jaiku Jésus Nasarani sing dadi Guruné!

Ing kono para ulama bandjur pađa ngopahi wong sawetara lan pađa diodjok-odjoki ngalala Stéfanus ana ing ngarepé wong akèh lan pađa ngadjokaké pandakwa nglawan Stéfanus, uniné: „Kula sami mireng tijang punika njenjamah dumateng Musa tuwin Allah.” . . .

Awit saka panggawéné antèké para ulama mau, Stéfanus kelakon ditjekel lan kaladèkaké ing ngarepé pradata Jahudi, mangka mung landesan seksi goroh. Ana ing ngarepé pradata aturé seksi rerékan diwuwuhi gugatan warna-warna, malah ana sing ngèmbèt-èmbèt tjritané jèn Jésus Nasarani bakal mbubrah padaleman sutji lan bakal njalini saréngat manut angger-anggeré nabi Musa Gugatan mau kabèh goroh, senadjan enggoné pađa ngaturaké klawan getem-getem lan mantjereng mripaté, nélakaké jèn wong-wong mau pađa gregeten ndeleng marang Stéfanus.

Nanging ing satengahé pangantjam Stéfanus ngadeg klawan tatag atiné tanpa was sumelang mangka sing pađa lenggah ana ing papané pradata mau, nalika pađa mandeng marang Stéfanus, weruh rainé katon kaja wedananing malaékat, gumebjar padang mawa praba.

ING kono imam agung bandjur ngandika: „Apa ija bener kang mengkono iku?” Stéfanus bandjur wiwit međaraké rasaning atiné, lan pitembungan sing dilairaké iku gawé pinggeting atiné para ulama. Marga saka kuminteré lan sumutji-sutjiné, para ulama pađa nglirwakaké Allah Sang Rama lan Sang Putra, ija kang djumeneng Sang Mesih. Sing pađa dipundi-pundi iku padaleman sutji lan awaké déwé pađa dianggep wis sampurna lan awaké déwé pađa netepi apa sing katulisan ana ing angger-angger tuwin pepatjak gawéané déwé. Nanging para ulama mau pađa ora ngerti sing diarani sadjatining tresna marang Allah Iku kabèh diwedaraké déning Stéfanus ana ing ngarepé para ulama, malah Stéfanus ija ngandakaké jèn para leluhur ing

djaman kuna pada nguja-uja para nabi, lan para utusané Allah pada disédani, malah para ulama mentas baé pada njalib Putrané Allah, ija Jésus Nasarani, kajadéné durdjana. Wusanané Stéfanus nguwuh seru: „Èh bangsa ingkang wangkot, ingkang ikutan ing manah sarta ing kuping, sampéjan tansah sami mbangkang dumateng Roh Sutji kadosdéné para leluhur djengandika!”

Bareng mengkono

Bareng para ulama pada ngrungu pitutur lan pamelèh sing peðes mengkono mau, bandjur pada gregeten lan wringuten, banget pangigit-igité marang Stéfanus, pada geget-geget untu lan ngepel-ngepel biñi kaja arep nubruk-nubruka marang Stéfanus, lali jèn pada lenggah ana ing pradata, upama bisaa Stéfanus wis didjuwing-djuwing.

Weruh mungsuhé kroða mangkrak mengkono iku, Stéfanus ora ngedap atiné lan ora gigrig babar pisan, katon ajem lan tatag, malah katon sumèh polatané kaja lagi ngrasakaké kabungahan gedé, bareng tumenga menðurwur, sing katon dudu epjané padaleman sutji utawa langit biru Stéfanus diparengaké njawang kamuljané Allah lan Jésus djumeneng ana ing tengené Allah.

Stéfanus njawang marang Gustiné sing djumeneng ana ing kamuljan, bungahing atiné ora kena kinira-kira, lali jèn lagi dirubung ing mungsuh, bebasan kinepung wakul binaja mangap, sing katon ana ing mripaté mung Gustiné sing ngasta pangadilan luhur lan bakal rawuh ngadili sarupaning tumitah. Ing kono pangutjapé Stéfanus: „Lah, aku ndeleng swarga menga lan Putrané manusa djumeneng ana ing tengené Allah.

Para imam lan para ulama pada ngrungu tembung mau Jésus Nasarani, sing pada disalib, apa saiki wis ana ing swarga lan malah djumeneng ing tengené Allah? Udjaré wong-wong mau: „Mokal!”, bandjur pada nguwuh-uwuh seru lan nutupi kupingé supaya adja nganti ngrungu djeneng Jésus manèh-manèh. Wusanané wong-wong mau regedeg madju bebarengan nubruk Stéfanus, bandjur diglandang kabuwang menjang sadjabané negara, arep dibenturi watu. Wong sing wani, nje-njamah marang Allah dalah pasutjèné, iku kudu kaukum pati.

BARENG tekan ing sadjabané negara, Stéfanus bandjur dibenturi watu. Wong-wong sing pada diopahi déning para imam, iku sing miwiti tumandang mbenturi. Stéfanus dikrutugi watu wong pirang-pirang, watuné gedé-gedé, ana sing ngenani sirah, ana sing ngenani dada, awaké sakodjur biru èrem pating penjonjo, wekasané Stéfanus ambruk disuraki wong akèh, nanging tangané nga-

purantjang, mripaté tumenga menðurwur, njawang marang Gustiné, sing ora bakal nilar senadjan kinalang-kalang ing bebaja pati.

Ndeleng patrapé Stéfanus mengkono, saja mundak wringuten tandangé wong Jahudi, para imam, para ulama, para wong Farisi lan para pinituwa, pada tjantjut lan tjutjul djubah, arep mèlu mbenturi watu.

Ing tjedak kono ana wong nonoman sing nampani djubahé para ulama mau, bandjur diprenahaké ing panggonan sing prajoga; rumangsané wong nonoman mau wis nindakaké darma-bekti, djalaran para ulama mau lagi njirnakaké wong duraka sing wani nje-njamah asmané Allah Wong mau aran Saul.

Stéfanus dikrutugi watu mengkono iku, polatané ora katon miris utawa nesu, ora béda karo Gusti Jésus nalika wis ngarepaké séda ana ing kaju salib, pasurjané ija ora katingal miris utawa duka.

Bareng wis ora kuwat nahan lara lan wis tjepak patiné, Stéfanus bandjur djèngkèng sarta nguwuh seru swarané: „Duh Gusti Jésus, Tuwan mugè nampèni njawa kawula.” Lan sadurungé ngadjal, Stéfanus isih nguwuh sepisan manèh: „Duh Gusti, tijang punika mugè sampun Tuwan tempahaken dosa punika.” Sadjroné mundjuk mengkono bandjur ngadjal. Panguwuhé sing wekasan iku wudjuding pandongané Stéfanus tumrap mungsuhé sing ambek sija, kajadéné pandongané Gusti Jésus tumrap para mungsuhé.

Stéfanus wis mati, nanging para ulama sing wis pada lali, isih pada terus mbenturi watu, nganti watuné tumpuk unjung nutupi awaké Stéfanus. Kaja mengkono enggoné para ulama mau ngumbar hardaning nepsuné.

BARENG wis wajah soré Para imam lan para ulama lijané pada nglumpuk arep nggolongaké pikir. Saiki Stéfanus wis kelakon mati, nanging sirnané wong sidji baé durung tjukup. Wong-wong lijané, kajadéné sing disebut para rasul utawa para djuru pamulasara, lan kabèh baé sing pada ngaku dadi muridé Jésus Nasarani, iku ija kudu disirnakaké Jésus Nasarani dalah sarak-sarèngaté sing diwulangaké, iku kudu disirnakaké saka ing bumi. Para pangarepé wong Jahudi sing pada ngerti marang isining angger-angger, iku kang pada wadajib diturut piwulangé.

Anadéné Saul — wong nonoman sing dipas-rahi ngrumati djubah, nalika Stéfanus dibenturi watu — njaguhi para ulama ngleksanani sing dadi karepé. Saul iku pantjèn muridé wong Farisi; miturut panganggepé, mbenturi watu wong kaja Stéfanus iku klebu panggawé

betjik lan mesti bakal katarimah ing ngarsané Allah. Saul geting banget karo Jésus Nasarani, lan dianggep mungsuhé. Enggoné arep nglairaké darma-bektiné marang Allah jaiku sarana nindakaké panguja-uja marang golongané wong Kristen. Kasaguhané mau ditampahi déning para imam klawan bungah.

Wiwit nalika semono golongané wong sing pada pratjaja lan ndèrèk marang Gusti Jésus ngalami panguja-uja lan paninḍes kang banget.

BARENG wis wajah soré Ing sadjabaning negara ana wong lanang sawetara pada mbréngkali tumpukan watu sing ninḍihi lajoné Stéfanus. Bareng wis rampung enggoné ngulesi lajoné Stéfanus bandjur digotong menjang ing pakuburan, dipetak ana ing kono klawan ditangisi kang banget. Wong-wong mau pada mitrané Stéfanus, ija wong Kristen panunggalané para murid. Wong-wong mau pada katon seḍih djalaran kélangan mitra, nanging sadjatiné ija bungah Stéfanus, mitrané, enggoné ngadjal mawa patrap kang utama, jaiku ing sadjeroné nglakoni ajahané Gustiné; Stéfanus diparengaké mati sahid, jaiku mati neksèni Djuru Slameté, enggoné ngandemi Gustiné nganti ditohi pati.

Ana ing endi saiki Stéfanus? Sing gumlétak ana ing lemah kuṭah getih, iku mung badan waḍagé Stéfanus. Déné njawané wis sumengka menjang swarga, menjang ing kamuljan kang langgeng, sowan ana ing ngarsané Gustiné, sing dideleng saka ing bumi, nalika swarga binuka, katon tjeṭa djumeneng ana ing tengené Allah Sang Rama, kaja lagi nganti-anti pisowané abdi kang setya-tuhu.

Gusti Jésus wis naté ngandika marang para sekabat, mengkéné: „Ana ing donja kowé bakal pada nemu sangsara. Nanging pada ditatag, Aku iki wus ngalahaké donja”

Wong-wong mau pada tumenga menḍuwur, ngawasaké langit, ana ing kana dunungé swarga dalemé Gustiné kang asipat setya-tuhu, kang ora bakal nilar para kagungané.

Lan mripaté katon sumringah, nélakaké ajem lan tentrem ing atiné.

PRIJAGUNG ÉTIOP

KATJARITA ana ing dalan sing sepi lan samun, dalan saka Jerusalèm ngliwati Hébron muḍun andjog ing Gaza, terusané ngener menjang ing tanah Mesir, ana ing dalan mau katon arak-arakané kafilah sing lakuné arep menjang tanah Mesir. Sing mlaku ing ngarep lan ing buri wong sabregada pada sikep gegaman kanggo ngwékani drigamaning dalan, déné sing ana ing tengah prijagung nitih

kréta. Jèn ndeleng kréta dalah pangiringé, prijagung mau wong sugih lan kadjèn kéringan. Jèn nitik agem-agemané, prijagung mau dudu wong Jahudi utawa wong Rum. Pinangkané saka ing tanah Étiopi, prijagung punggawané Kandaké, ratu èstri bangsa Étiopi, kang dipitaja mengku radjabranané kabèh.

Nalika semono prijagung mau lagi baé kondur saka Jerusalèm. Enggoné tindak menjang Jerusalèm iku arep sembahjang ana ing padaleman sutji, saos pangabekti marang Allahé bangsa Israèl, murih olèha katen-treman lan karahajon lair lan batin.

Djalaran prijagung mau, senadjan sugih singgih lan kadjèn kéringan ana ing negarané, atiné ora bisa ngrasakaké kaajeman lan katen-treman, lan déwa sesembahané bangsané ora bisa gawé mareming atiné Sarèhné kepéngin njatakaké pawarta sing wis dirungu bab kasektèn lan pangwasané Allahé wong Israèl, mulané keraja-raja lunga saka ing negarané menjang Jerusalèm, ora ngétung adoh lan rekasané ana ing dalan, pada kaja lalakon pirang-pirang atus taun kepungkur nalika ratu èstri ing Səba tindak menjang Jerusalèm nuwèni Sang Prabu Suléman.

Sakonduré saka Jerusalèm keprijé? Akèh sing ditingali lan akèh sing ditilingaké, nanging katentreman lan kaajemaning ati sing diudi, ora tinemu ing padaleman sutji utawa ing pasrawungané karo para ulama lan ahli kitab sing kalok kamursidan lan pangibadahé. Éwadéné sarèhné isih kentjeng pangudiné murih undaking sesurupané mungguh ing Allahé wong Israèl, prijagung Étiopi mau merlokaké munḍut kitab, kaampil kondur menjang ing tanahé Kitab mau kitab pamedaré wangsit nabi Jesajah, wudjudé gulungan kitab sing ditulis nganggo tangan, mula larang regané, nanging prijagung mau ora ngéman ḍuwit, awit pantjèn sugih.

Ing sasuwéné nitih kréta, prijagung mau wiwit matja kitabé, djalaran kepéngin banget ngerti lan wanuh marang Allah sing ditakokaké ana ing atiné. Nanging keprijé bisané arep ngerti surasaning kitab sing ditulis ing basa mantja lan isiné ngemot pamedaré wangsit nabi ing djaman kuna? Kitab mau didjinggleng lan diwatja bola-bali, nanging meksa ora bisa njandak eliding pangandika sing katulis ana ing kono. Uniné mengkéné: „Kaja weḍus enggoné katuntun menjang ing pasembelèhan. lan kaja tjempé kang ora njuwara ana ing ngarepé kang mbaṭili, mengkono enggoné ora mbikak laṭi.”

Sapa sing ditjritakaké mengkono iku? Semuné nabi Jesajah ngandikakaké bab sawidjining prija sing kudu nandang sangsara krana bangsané, lan kudu njangga paukuman

sing beneré kudu dietrapaké marang bangsané mau Prija iku sapa?

Prijagung Étiopi mau mung gèdèg-gèdèg, pangandikané nabi mau ora béda karo tjangkriman sing ora kena dibatang!

Nalika putek nalaré njuraos isining kitab, dumadakan ana wong mlajoni mbarengi lakuning krétané, bandjur matur: „Pandjenengan punapa inggih mangertos ingkang pandjenengan waos punika?” Prijagung mau rada kagèt déné ana wong kumawani matur pitakon, nanging ing atiné malah bungah, awit wong Israèl iki mestiné bisa maḍangaké prakara sing ndjuḍegaké pikiré, mulané énggal bandjur mangsuli: „Kadospundi anggèn kula saged, menawi boten wonten ingkang nuntun. Kula saged maos tembung-tembung punika, nanging kula boten saged ngertos suraosipun. Suwawi sampéjan minggah ing kréta ngriki, lan menawi kersa, kula mugi sampéjan paringi sesuluh, supados kula saged mangertos dateng suraosipun ingkang winados.” Wong Israèl mau bandjur munggah ing kréta lan lungguh djèdjèr karo prijagung sing pinangkané saka negara adoh.

WONG Israèl mau tilas sekabaté Gusti Jésus sing aran Filippus Nalika ing Jerusalèm wiwit ana panguja-uja kang banget marang pakumpulané wong Kristen, marga saka panggawéné para imam, ing kono wong-wong Kristen paḍa bujar pating slebar ngungsi menjang tlatahé tanah Judéa lan Samaria. Mengkono uga Filippus ontjat saka Jerusalèm menjang Samaria lan ana ing kono nerusaké enggoné ngabaraké Indjil, temahan akèh wong ing kuṭa Samaria paḍa mandjing pratjaja marang Gusti Jésus.

Ing sawidjining dina dumadakan Filippus karawuhan malaékaté Pangéran lan dipangandikani: „Ngadega, mangkata mengidul metu ing dalan kang saka ing Jerusalèm mudun andjog ing Gaza, ing dalan kang samun.”

Filippus ngéstokaké ḍawuh, bandjur mangkat durung ngerti apa sing arep kelakon. Saiki ngerti apa nalaré kautus buḍal menjang panggonan sing adoh. Saiki Filippus ngerti, bareng wis lungguh djèdjèr karo prijagung negara mantja, sing asalé saka bangsa kapid, nanging sing atiné kapéngin nggajuh prakara sing adiluhung, sing ngungkuli adjiné panembah marang brahala lan déwa.

Filippus rumangsa begdja banget déné diatag munggah ing kréta. Saiki Filippus bisa nindakaké ajahané sing mulja, jaiku njritakaké bab kawontenané Sang Djuru Slamet marang pepadané.

Prijagung Étiopi mau banget enggoné nggatèkaké marang andarané Filippus. Dadi sing disebut ana ing kitabé nabi Jesajah kaja

déné weḍus katuntun menjang ing pasembelèhan, iku Gusti Jésus, sing nandang sangsara lan séda, njulih para manusa enggoné paḍa kudu nandang paukuman karana dosané, lan ngolèhaké karahajon langgeng marang angger wong sing pratjaja marang Pandjenengané

Prakara sing wigati mau didjèlètrèhaké Filippus nganti tapis lan tlesih, kagawa saka mantep lan setya-tuhuné marang Gustiné.

Prijagung mau rumangsa bungah lan marem déné bisa ngerti surasaning kitab lan suwé-suwé atiné tuwuh krekaté sing durung tau timbul ing mauné lan marga saka iku atiné ija ketuwuhan rasa bungah.

Sasuwéné paḍa ngladjengaké tindak, bandjur mrangguli panggonan banju. Sanalika prijagung mau bandjur ngandika: „Lah punika wonten toja. Kula ugi kepéngin ndèrèk Gusti Jésus. Punapa wonten pambenganipun enggèn kula baḍé kabaptis?”


Aturé Filippus: „Kersa pandjenengan punika prajogi sanget. Boten wonten pambengan punapa-punapa, waton pandjenengan pitados ingkang terus ing galih, inggih kelilan kabaptis. Ing kono wangsulané prijagung tanpa mangu-mangu: „Kula pitados bilih Jésus Kristus punika Putranipun Allah”.

KRÉTANÉ tumuli dianḍegaké. Prijagung karo Filippus bandjur paḍa meḍun ing banju lan ana ing kono prijagung mau bandjur kelakon dibaptis, temah mandjing muridé Gusti Jésus, lan atiné bisa nggajuh katentreman langgeng. Prijagung mau, saupama bisaa, kepéngin ngadjak Filippus menjang ing negarané, arep disowanaké ing ngarsané ratu gustiné, nanging durung nganti didjawab, Filippus wis musna saka ing pandeleng. Prijagung mau bandjur ngladjengaké tindaké klawan bungah. Sing diupaja, saiki wis ketemu; enggoné tindak adoh menjang Jerusalèm, sing wiwitané dikira ora ana paédahé, saiki djebul ngolèhaké kabungahan lan kabegdjan sing ora kena dikerta-adju nganggo banda kadonjan.


ING sabandjuré ora ana wong sing ngerti keprijé kabaré prijagung mau sakonduré ing negarané. Nanging wong sing bisa olèh kabegdjan semono gedéné, ora bakal meneng baé!

SAUL MERTOBAT

ING ngarep wis ditjritakaké, nalika Stéfanus dibenturi watu, ana wong nonoman ndjaga djubahé wong-wong sing paḍa ngwutahaké getih resik. Wong nonoman mau aran Saul.



PRIJAGUNG ÉTIOPI LAN FILIPPUS



Wataké katoné pađa baé karo wong-wong sing mbenturi watu Stéfanus: kamitégan lan mentalan

Nalika Stéfanus ambruk lan pegat njawa, Saul mèlu njuraki; ing batin bungah lan njukuraké, djenèh wong iku pratjaja marang Jésus Nasarani, lan wong panunggalané kuduné ija dipatrapi kaja mengkono uga

Nalika para imam pađa nggolongaké rembug arep numpes sakèhé wong Kristen, Saul saguh njumbangaké tenagané ngréwangi numpes golongan anjar mau, lan djandjiné mau ditetepi temenan. Saul iku pantjèn wong temen lan antepan, jèn wis saguh, ora tau mbléndjani.

WIS kepara suwé Saul manggon ing Jerusalèm meguru marang golongané wong Farisi sing wis kalok kawasisané; sarak lan saréngaté agama Jahudi wis chatam kabèh uni lan isiné. Pangarep-arepé ing tembé bisaa dadi wong Farisi kajadéné guru-guruné, mursid lan ngibadah, mung tansah netepi apa sing wis kasebut ana ing angger-angger. Ing satemené Saul kepéngin dadi abdiné Allah, awit dasaring atiné pantjèn sumujud marang Allah, lan ngabekti klawan gumolonging atiné. Enggoné masrahaké djiwa-ragané numpes golongan anjar mau mung tumudju marang kaluhurané Allah

Miturut panganggepé Saul, para rasul lan murid-muridé kabèh, dalah guruné pisan, jaiku Jésus Nasarani, iku kabèh pađa nje-njamah asmané Allah, dadi satruné Allah. Mulané wis pantes lan bener jèn wong-wong iku kudu dikuja-kuja lan didadèkaké bebandan lan dipatèni. Saul saguh njirnakaké golongané wong-wong mau, ing saben wajah lan ing saenggon-enggon, nganti wong mau pađa tumpes tapis tekan tjindilé abang.

Sedyané Saul sing mengkono iku ora mung kagawa saka bektiné marang Allah

Pamurihé supaja bisaa olèh gandjaran katen-treman tumrap batiné déwé. Saul kena disebut wong pinter keblinger! Apa katen-treman batin bisa digajuh sarana nindakaké pangroda-peksa?

KOTJAPA, ing dalan gedé sing saka Jerusalèm nratas ara-ara samun andjog ing Damaskus, kuťa-kradjané tanah Siria, ana pradjurit djaranan sabregada mlaku ngener menjang Damaskus. Sing nunggang djaran ing tengah Saul, tetindihé pradjurit, isih enom, tur kendel lan kebak kawanteran. Ing batin wis ngedjibaké jèn mulihé saka Damaskus bakal nggawa bandangan lan bebandan wong Kristen, lanang lan wadon, pađa diđabjang menjang Jerusalèm kaladèkaké marang para imam. Polatané katon sumringah gambira,

atiné tatag lan mantep, djalaran wis ngantongi lajang pangwasa ngobrak-abrik padunungané satru Saul enggoné buđal menjang Damaskus djalaran ngerti jèn para muridé Jésus Nasarani akèh sing pađa ngungsi mrana. Wong-wong mau sing pađa ditututi arep diđabjang dadi bebandan menjang Jerusalèm. Pangawé sing utama iki bakal sumaos minangka kaluhurané Allah pepundèné, mengkono gagasané Saul.

KUĒA Damaskus dumunung ing sadjabané tanah Jahudi, adoh saka Jerusalèm, nanging ing kana uga wis akèh wong sing pađa wanuh lan pratjaja marang Gusti Jésus lan pađa dadi kagungané. Marga saka pangantjam-antjam lan panguja-ujané para imam, akèh wong Kisten ing Jerusalèm sing dipatèni, sing mrutjut saka tangané para imam pađa ngungsi pating slebar menjang tanah mantja . Ora béda karo kaanan ing alam djembar: samangsa patamanan katempuh ing angin gedé, akèh wit-witan sing rubuh, pang-pang sempal, gegodongan lan woh-wohankabuntjang katut ing angin. Akèh wit-witan sing rusak, nanging ana ing ngendi tibané woh-wohan, ana ing kono widjiné ija bandjur tukul, bandjur nuwuhaké wit anjar sing ing tembé bakal metokaké woh, malah terkadang tibaning widji mau ana ing panggonan sing ora kanjana-njana Mengkono uga panguja-ujané para imam ing Jerusalèm tumrapé wong Kristen, ndjalari golongan anjar mau bujar sumebar mratani ing satanah kabèh, lan ana ing panggonan endi baé sing ditekani wong mau pađa nggelaraké pangandikané Indjil. Kaja mengkono mula bukané ing Damaskus, senadjan kuťané bangsa kapid, tinemu akèh wongé Jahudi sing pađa mandjing pratjaja marang Gusti Jésus.

Kadadéjan sing mengkono mau ndjalari sangsaja wuwuh muntab nepsuné para imam ing Jerusalèm Kebeneran banget déné bisa olèh wong kaja Saul sing kena dipitaja ngrampungé gawé. Saul ambeké muntab enggoné ngantjam-antjam lan mematèni para muridé Gusti. Kuťa-kuťa ing wilajah kono diubres nganti tapis. Lan wekasané bandjur séba marang imam agung, njuwun lajang pangwasa menjang ing masdjid-masdjid Damaskus nggolèki sing pađa ngungsi mrana. Tjiptaning atiné, wis mesti ora ana wong Kristen sidji baé sing bakal bisa mrutjut saka ing tangané.

Bareng wis olèh lajang pangwasa, Saul bandjur buđal. Para pangarepé wong Jahudi lan para wong Farisi, jèn dituduhi lajang mau, wis mesti bakal pađa ngréwangi Saul ngubres wong-wong sing mèlu dadi wargané golongan



„TUWAN PUNIKA SINTEN, GUSTI?”

anjar, lan sedéla baé bebasan suwé midjet wohing ranti.

Lakuné Saul wis ora adoh manèh saka kuṭa Damaskus, saka kadohan katon putih ketap-ketap. Lakuné digelak daja-daja énggal tekan ing kuṭa, lan mesti ora bakal mlèsèt saka petèké, mulihé saka kana bakal nggawa bandangan lan bebandan akèh, apadéné atiné bakal ngrasakaké ajem lan tentrem, déné bisa ngundjukaké darma-bekti semono gedéné marang Allahé

NANGING sasuwéné mlaku, dumadakan bareng wis tjedak ing Damaskus, Saul dalah kanṭiné katjlerétan ing tjahja saka ing langit. Marga saka kagété Saul niba ing bumi, mripaté merem awit ora tahan ndeleng pepadang sing nggegirisi, tangané kumlawé kajakaja arep nangkis sing nempuh awaké Ing kono bandjur ana swara, pinangkané saka ing langit, mangandikani Saul mengkéné: „Saul, Saul, jagéné teka sira nguja-uja marang Ingsun?” Sapa sing ngandika mengkono iku? Sapa sing rawuh mawa tjahja gumbjar? Kakendelan lan gambirané Saul larud sanalika, bandjur mundjuk: „Tuwan punika sinten, Gusti?” Ing kono Saul bandjur kaparingan wangsulan, tjeṭa pangrunguné Saul, pangandikané swara mau: „Ingsun iki Jésus kang sira kuja-kuja. Rekasa sira njépak

angkus!” Awaké sakodjur gumeter tanpa daja. Sing ngandika iku Jésus Nasarani! Apa njata Pandjenengané iku pinarak ana ing swarga, ana ing langit duwur, kaja sing dikandakaké Stéfanus nalika semana? Jèn mengkono rak tjilaka awaké! Saiki Saul wis dipetukaké satruné sing diintjim-intjim, mangka Saul rumangsa jèn wis kasoran daja prabawa. Atiné wedi banget kaworan getun, déné kumawani ngajoni marang Jésus Nasarani sing kagungan pangwasa mengku swarga lan bumi, mulané undjuké kaja patrapé wong sing pasrah pati-urip, mengkéné: „Gusti kawula Tuwan karsakaken nglampahi punapa?” Pangandikané Gusti Jésus: „Ngadega, lumebua ing negara, nuli sira bakal didawuhi apa kang perlu sira lakoni.” Sawisé mengkono, tjahja mau ilang, lan swarané ora keprungu manèh. Wong-wong kanṭiné Saul mung paḍa ndjenger, marga ija ngrungu swara, nanging ora weruh sapa-sapaa. Saul bandjur ngadeg manèh, gragap-gragap kaja wong pitjak, senadjan mripaté melèk, nanging ora katon apa-apa. Bandjur dikanti tangané déning wong kanṭiné, katuntun menjang ing Damaskus. Ana ing kana Saul bandjur mondok ing omahé tepungané. Telung dina telung bengi Saul ora metu-metu saka ing kamar, mripaté adjeg ora bisa ndedeleng, lan nglakoni tirakat ora mangan ora ngombé Perluné sing wigati

enggoné teka ing Damaskus wis ora dipikir, manèh, lajang pangwasa saka imam agung saiki wis tanpa teges, sedyané enggoné arep ngglandang wong-wong Kristen saka Damaskus menjang Jerusalèm, larud kaja kukus kabur ing angin, mengkono uga rasa sengit lan geŕing wis sirna saka ing atiné. Telung dina telung bengi Saul ora metu-metu saka ing kamar. Djagad ing sakiwa-tengené ora katon ana ing mripaté. Saul wis ora bisa ndeleng apa-apa sing ana ing djaba, nanging malah sangsaja tjeŕa enggoné ngungak ing sadjroning atiné sing kebak piala Saiki Saul mung bisa njenjuwun lan ndedonga, ngéling-éling sing wis kelakon lan ngangen-angen apa sing arep dilakoni. Atiné banget enggoné gegetun, déné lakuné kesasar adoh saka ing dalan sing bener, mulané sing disesuwun rina lan wengi muga kaparingana pangapura ing atasé sakèhing kaluputané.

Lan nalika semono sadjroning wahju Saul weruh ana wong tuwa mlebu ing kamaré, bandjur numpangi tangan, temahan bisa ndeleng manèh Nanging iku mung wahju dadi katoné kaja ing sadjroné ngimpi, éwadéné kena diarani sasmita pepariné Gusti Jésus djalaran bareng wis olèh telung dina enggoné mempen ana ing kamar, Saul kaŕajohan wong tuwa *temenan* Wong mau aran Ananias, kalebu muridé Gusti Jésus sing setya. Tekané mrono dasar kautus déning Gustiné, dawuhé Gusti ing sadjroné wahju : „Ngadega, menjanga ing lurung kang aran Lurung Kentjeng, ana ing omahé Judas takokna wong kang djeneng Saul, wong ing Tarsus, awit wong iku lagi ndedonga.”

Ananias bandjur mangkat ngéstokaké dawuh. Wiwitané Ananias kuwatir banget, djalaran wis ngrungu warta jèn Saul iku wong sing nguja-uja para kagungané Gusti Jésus, nanging bareng diparingi pirsamungguh karsané Gusti ingatasé Saul mau, was sumelanging atiné sirna sanalika.

Ananias bandjur mlebu ing kamar panggonané Saul; sawisé ditumpangi tangan, Saul bandjur dipituturi : „Saul, sedulur, aku diutus déning Gusti, ija Jésus kang ngetingal marang kowé ana ing dalan kang mentas koambah, supaya kowé bisaa ndeleng manèh lan kapan-djingana Roh Sutji.” Lan sakal ana kang rupané kaja sisik runtuh saka mripaté, bandjur bisa ndeleng manèh, bisa njawang Ananias, utusané Gusti Jésus, bisa weruh padangé srengéngé, bisa tumenga menjang langit pinangkané tjahja sing mblerengi mripaté, ija padalemané Jésus Nasarani, sing saiki disebut Gusti lan Djuru Slameté.

Saiki atiné wis kapenuhan ing katentreman sing tansah diupaja klawan ngetog kakuwatan. Satruné Gusti Jésus sing saguh numpes para

kagungané, saiki wis ditelukaké, malah didadèkaké murid sing setya-tuhu, — *langgeng tumeka ing delahan*.

Nalika iku uga Saul bandjur *kabaptis*.

KATJARITA, ora antara lawas, pinudju wajah wengi, nalika kuŕa Damaskus wis sepi njenjet ora ana kumliweré wong liwat, ing sawidjining omah sing dumunung ing saduwuring baluwarti, ana klesak-klesiké wong sawetara paŕa nandangi pagawéan sing njalawadi; djendéla sing ngungak ing sadjabané baluwarti wis dibukak, saka ing kono ana brondjong geŕé diuŕunaké alon-alon nganti tekan ing lemah. Bareng wong sing ana ing brondjong mau wis muŕun, brondjongé bandjur diunggahaké manèh, lan djendélané dikantjing. Wong sing diuŕunaké nganggo brondjong mau Saul!

Mangkaté menjang Damaskus dadi tetinŕihé wong sikep gegaman sabregada, nanging enggoné ninggal kuŕa Damaskus kajadéné wong minggat.

Keprijé nalaré dadi mengkono?

Kotjapa para wong Farisi sing paŕa manggon ing Damaskus, ngrungu warta, jèn Saul, sing dadi agul-agulé para imam pinitaja njirnakaké sakèhé para muridé Jésus Nasarani, saiki djebul malah teluk lan katut marang pihak satru, kabaré wis dibaptis lan mandjing dadi panunggalané wong Kristen, malah memulang ana ing masdjid jèn Jésus Nasarani iku kang djumeneng Putrané Allah, ija kang djumeneng Sang Mesih. Bareng mengkono kadadéjané, wis mesti baé golongané para wong Farisi nepsu banget lan ngantjam-antjam arep njirnakaké Saul. Rina-wengi wong-wong mau paŕa ndjagani lawang sekèŕèng, supaya Saul adja nganti bisa ontjat saka Damaskus, temah gampang disirnakaké. Saul wis tjidra ing djandji lan mbléndjani kasaguhané, mulané kudu disirnakaké! Saul kudu dipatèni!

Nanging marga saka rékadajané para murid lan wong Kristen panunggalané, Saul bisa ontjat saka ing bebaja, metu saka kuŕa Damaskus klawan slamet.

Saul pinidji déning Gusti, dikersakaké dadi Rasul. Saiki Saul durung ngerti bubuhan apa sing diparingaké Gusti ana ing pundaké. Sing wis tjeŕa saiki jaiku jèn atiné bisa ngrasakaké katentreman lan kaajeman, lan peparing sing wis ditampa ana ing atiné iku bakal ditularaké marang angger wong sing gelem nampani Bokmenawa isih akèh wong sing kliru pama-wasé marang Gusti Jésus, kajadéné Saul déwé bijèn nalika atiné kebak pangantjam-antjam marang para muridé Jésus Nasarani. Saiki Saul arep martakaké marang djagad bab geŕéning sih katresnané Gusti Jésus nganti

kepareng njawisi pangapura tumrap wong dosa.

LAN nalika wajah bengi iku Saul, sawisé ninggal kuṭa Damaskus, bandjur bablas lakuné ora nganti konangan déning satruné. Senadjan katoné kaja wong inggatan, éwadéné atiné wis pulih gambira lan kendelé, djalaran arep ngajati pagawéan anjar sing luwih déning mulja, apadéné ora duwé was sumelang djalaran jakin, jèn sedyané mengkono mau mesti bakal kaleksanan.

Jésus, Sang Mesih pijambak, kang bakal nganti lan nunggil abdi pilihané ing salawasé uripé.

„ANGONA PARA WEÐUSKU”

KATJARITA, nalika semono Pétrus rawuh ing désa Lidda, ora adoh seka palabuhan Joppé.

Pétrus! . . . Dawuhé Gusti Jésus marang Pétrus sing wekasan nalika wajah ésuk ing pinggiré segara Tibérias, sing dipangandikakaké nganti ambal ping telu, tansah tjumatet ana ing atiné. Salawasé urip Pétrus ora bakal bisa lali jèn wanti-wanti dawuhé Gustiné mengkéné: „Angona para weḍusku!”

Pétrus rumangsa katimbalan lan kabubuhan martakaké marang djagad bab kaluhuran lan kamuljané Gusti Jésus, apadéné nggelaraké Indjil, jaiku kabar kabungahan bab pangapuraning dosa lantaran sih katresnané Gusti Jésus.

Awit saka iku Pétrus ndjadjah ing saenggon-enggon klawan memulang marang wong akèh. Wong sing paḍa nampani piwulang lan mandjing pratjaja saben dina tansah mundak akèh, lan paḍa kaparingan panglipur déning Roh Sutji.

Mengkono mau Pétrus rawuh ing désa Lidda.

ING djagad tansah ana prihatin lan panandhang, dalah désa sing tjilik pisan kajadéné Lidda, ija diambah ing susah lan sangsara.

Ing désa mau Pétrus mrangguli wong sing wis wolung taun ngatang-atang ana ing paturon marga lara sèmpèr. Wong mau aran Énéas.

Bareng mirsa wong mau, Pétrus rentah welasé, nanging ija rumangsa begdja déné bakal bisa nuwunaké pitulungan.

Gusti Jésus, ija Gusti pepundéné, rak kagungan pangwasa ngasoraké lelara lan pati, djumeneng ratuning urip. Mangka Pandjengengané mesti dangan paring pitulungan. Wong mau bandjur diḍawuhi déning Pétrus: „Énéas,

Jésus Sang Kristus malujakaké kowé. Tangia lan tatanen paturonmu.”

Sanalika Énéas krasa jèn awaké sing djempo kalebon daja kakuwatan sing élok, bandjur ngadeg njat.

Wong akèh paḍa kaéraman weruh kaélokkan semono gedéné. Énéas sing tansah katon ngatang-atang tanpa daja, saiki mloka-mlaku kaja-kaja mamèraké enggoné wis nampani kalubèraning sih lan pangwasané Gusti Jésus.

Wong sing paḍa ndeleng déwé utawa ngrungu wartané bab prakara mau, bandjur paḍa mratobat marang Gusti Jésus.

Saiki Pétrus nglakoni dadi pangon ngengon weḍusé Gustiné!

TABITA

ANA lelakon lijané manèh sing luwih ngéram-éramaké.

Ing Joppé ana murid wadon aran Tabita, wong ranḍa lan wis tuwa. Tabita, utawa jèn salin tembung: Dorkas, akèh banget kabetjikané lan danané. Akèh banget pitulungané marang wong sing paḍa mlarat lan katjingkrangan uripé; sapa baé sing teka ndjaluk tulung, ora bakal mulih legèh. Barang darbèké kabèh pantjèn disadajakaké kanggo nulungi wong panunggalané; ora lèrèn-lèrèn enggoné nenun lan ngantih lan ndondomi kotang lan klambi kanggo wong sing paḍa ora duwé sandangan. Uripé mung tansah tjumatang marang panggawé betjik.

Enggoné tumindak mengkono kagawa saka enggoné rumangsa wis kapotangan kabetjikan marang Gusti Jésus, sing kepareng maringi katentreman ing atiné lan kabegdjan sing tanpa timbang gedéné ing alam donja.

Tabita ora ngétung sajah lan kesel, iplik enggoné wira-wiri tetulung lan nglelipur.

Nanging—bawané wong wis tuwa, badané wis lemes, gampang ketjandak ing lara, temahan marga lara sedéla, Tabita bandjur mati.

Tumrap Tabita déwé, pati iku dudu prakara sing njeḍihaké, nanging malah mbungahaké, awit Tabita ngerti jèn Gusti Jésus wis tau dawuh mengkéné: „Ing dalemé Ramakku akèh panggonané. Aku lunga njawisi papan marang kowé.”

Nanging wong-wong sing paḍa ditinggal, sing mlarat lan katjingkrangan, wong ranḍa lan botjah lola . . . , bareng ditinggal Tabita, rasané kaja ditinggal ibuné déwé sing tansah gumati enggoné ngrumati. Wong-wong mau paḍa ngumpul ana ing omahé Tabita perlu arep nglajut lan nangsi Tabita. Lajoné sawisé diedusi bandjur diturokaké ana ing kamar ing gedong panggung, direrampa ing wong akèh.

Ana sawenèhing wong sing krungu kabar

jèn Pétrus pinudju ana ing désa Lidda, dadi ora adoh saka Joppé, mulané bandjur kongkonan wong loro perlu ngaturi priksa marang Pétrus lan njuwun supaya énggal ngrawuhi.

Pétrus sanalika biḍal saka Lidda kaḍèrèkaké kongkonan mau. Sarawuhé ing omahé Tabita, bandjur dipetukaké ing wong-wong sing ana ing kono, dirubung déning ranḍa-ranḍa sing paḍa nangis lan ngaturi ningali kotang lan klambi enggoné nggawèkaké Tabita nalika isih urip. Pétrus bandjur diirid menjang geḍong panggung. Ing kono Pétrus ḍawuh supaya wong kabèh paḍa metu saka ing kamar. Pétrus njawang lajoné Tabita, bandjur kèngentan Gustiné kang djumeneng Gustining urip lan pati, mulané bandjur djèngkèng ndedonga, keparenga nedahaké kamuljan lan katresnané Gusti Djuru Slameté marang wong akèh, supaya paḍa pratjajaa marang Pandjenengané. Sawisé ndedonga, Pétrus bandjur minger ngadepaké lajon sarta ngandika: „Tabita, tangia!” Kang mati diḍawuhi mengkono iku bandjur melèk, lan bareng ndeleng Pétrus, bandjur djenggèlèk tangi, wis pulih urip lan waras manèh.

Tabita bandjur ditjanḍak tangané lan diadegaké. Wong-wong sing ngentèni ing sadjabaning kamar bandjur ditimbali lan ditedahi Tabita. Kabèh paḍa tjingak, udjaré: „Tabita . . . urip manèh!”

LELAKON iku sanalika kawentar ing Joppé lan wilajah sakiwa-tengené, wong ing kono kabèh ora uwis-uwis enggoné paḍa nggunem kaélokkan sing ditindakaké déning rasul Pétrus. Iku mau kabèh ndjalari akèh wong sing paḍa pratjaja marang Gusti Jésus lan paḍa ngluhuraké sih kamirahané Allah.

Pétrus kèndel ana ing Joppé nganti wetara lawas, monḍok ana ing omahé Simon tukang kamus.

KORNÉLIUS

KUTA Késaréa kalebu kuṭa ramé, dumunung ing sapinggir segara; bareng wis didjadjah pradja Rum, kuṭa mau bandjur diedjègi wadyabala Rum, sing katangganah ndjaga tata-tentreming negara.

Katjarita ing Késaréa mau ana sawidjining panatus pradjurit bangsa Rum, aran Kornélius. Kajadéné pradjurit Rum lija-lijané, Kornélius mau ija panunggalané wong kapir. Sing akèh-akèh bangsa kapir paḍa ngina lan njepèlèkaké marang agamané wong Jahudi, mung setitik banget tjatjahé wong Rum sing gelem njembah marang Allahé bangsa Jahudi. Mengkono uga Kornélius dalah sabrajaté kabèh wis sawetara suwé enggoné ngabekti

marang Allah kang sedjati. Kornélius wis rumangsa jèn ora bisa olèh katentremaning ati lantaran para déwané, mulané bandjur ngungsi marang Allahé bangsa Israèl, senadjan mripaté ora bisa njawang, nanging atiné wis maḍep lan mantep pangandelé marang Allah sing ora kasat mripat mau. Ora tau lowong saben dina Kornélius ndedonga lan njenjuwun marang Allah, muga kepareng maringi katentremen batin lan njingkirna was sumelang saka ing atiné. Kadjaba saka iku Kornélius uga wis kawentar enggoné ḍemen tetulung lan awèh dana marang wong sing paḍa nanḍang katjingkrangan. Kornélius mau tjeṭa jèn wong mursid lair batin.

Derenging atiné pradjurit Rum iki supaya bisa katarimah pangabdiné marang Allah kang sedjati ngluwahi kerkating atiné wong Israèl sing akèh-akèh, sing wis kawentar ngibadah.

KATJARITA ing sawidjining dina wajan klawan kira-kira djam telu, nalika Kornélius pinudju ana ing kamaré déwé lagi sembahjang, dumadakan karawuhan malaékaté Allah, pangagemané gumilap, bandjur dipangandikani: „Kornélius.” Kornélius kagèt, bandjur mandeng marang malaékat mau klawan wedi banget, undjuké: „Wonten punapa Tuwan?”

Pangandikané malaékat: „Pandongamu lan danamu wus paḍa sumengka marang ngarsané Allah dadi pangènget-ènget. Kang iku kowé kongkonana wong menjang ing Joppé, aturan mréné Simon kang peparab Pétrus. Pamonḍokané ana ing omahé Simon tukang kamus, kang ana ing pinggir segara. Iku kang bakal nuturi kowé apa kang perlu kolakoni.”

Sawisé ngandika mengkono mau, malaékat bandjur musna. Kornélius kari idjèn, atiné isih ngandut wedi, nanging rumangsa begdja banget, djalaran dipangandikani: „Pandongamu lan danamu wus paḍa sumengka marang ngarsané Allah dadi pangènget-ènget.” Iku paḍa baé tegesé karo: „Gusti Allah wis kepareng narimah pandonga lan danamu!”

Pandonga sing diutjapaké lirih-lirih, sing dibisikaké, malah sok mung dibatin sadjroning atiné, panjuwunané mau kabèh wis kapijarsa déning Allah lan katarimah. O, iba begdjané!

Kornélius bandjur énggal-énggal ngundang baturé loro lan pradjurit sidji sing mursid; wong telu mau paḍa dadi panunggalané enggoné ora towong ngabekti marang Allah. Sawisé ditjritani sagantjaré, bandjur dikongkon menjang ing Joppé . . .

Wong telu mau bandjur mangkat gegantjangan metu ing dalan urut pasisir saka Késaréa menjang Joppé, ing sadalan-dalan disambi

rerasan bab kaélokian sing dialami bendarané, déné karawuhan malaékaté Allah.

Déné Kornélius keprijé? . . . Ora mung tenguk-tenguk ngentèni baliné kongkonané, nanging bandjur njuruhi sanak seduluré lan pawong mitrané, pađa diklumpukaké lan ditjritani wahju sing mentas dideleng lan apa sing dipangandikakaké déning malaékat. Kornélius bandjur duwé panembung marang para tamuné mengkéné: „Para sedèrèk, kintenkinten tigang dinten malih kèngkènan kula mesthinipun sampun mantuk sareng kalijan rasul Pétrus; pramila para sedèrèk sami kula aturi nglempak malih wonten ing grija kula ngriki, perlu mirengaken dawuhipun Gusti Allah ingkang lantaran abdinipun.”

Panemuné Kornélius mengkéné: „Kabungahan sing daktampa iku ora mung kanggo aku déwé, nanging ija kanggo wong kabèh sing pađa ngabekti marang Allah.”

ÈSUKÉ, ing omahé Simon tukang kamus, sing ana ing pinggir segara, Pétrus minggah ing lotèng perlu ndedonga. Apa sing kelakon winginé ana ing omahé Kornélius, Pétrus ora ngerti apa-apa.

Wajahé pinudju wajah beđuḡ awan, wajahé bangsa Jahudi pađa ndedonga marang Gusti Allah.

Nalika semono Pétrus wis sawetara mangsa tindak saka Jerusalèm, nggelaraké Indjil ing désa-désa sakiwa-tengené Joppé, lan pamondokané ana ing Joppé ana ing omahé Simon tukang kamus. Marga saka piwulangé rasul Pétrus akèh wong sing mandjing pratjaja marang Gusti Jésus. Déné wong-wong sing pađa nampani wulangané Pétrus iku kabèh kalebu *bangsa Jahudi*, dadi, wong-wong tunggal bangsa karo Pétrus, Stéfanus lan Saul. Wong *kapir* utawa wong lijan bangsa, sing ora kalebu umat Israèl, pađa *ora dirungoni* bab pawarta kabungahan mau, malah dipikir baé ora.

Pétrus djèngkèng kaja adaté jèn ndedonga. Sarampungé ndedonga, arep muḡun manèh bandjur ḡahar, awit wis kraos luwé.

Sasuwéné Pétrus djèngkèng ndedonga, tumuli santun paningalé, kaja-kaja ningali langit pijak, lan ana rerupan katoné kaja ana lawon amba katalènan pontjoté papat tumurun saka ing langit, diuluri meḡun tekan ing bumi ing ngarsané Pétrus. Ing djero lawon mau katon ana kéwan warna-warna, kéwan darat sikil papat, buron alas lan kéwan rumangkang, apadéné manuk ing awang-awang, kéwan sing kalal lan sing karam diwor dadi sidji . . . Apa ta karepé tetinggalan sing mengkono iku?

Ing kono bandjur ana swara sing ndawuhi: „Pétrus ngadega, njembelèha lan mangana!”

Panggalihé Pétrus mengkéné: „Njembelèh lan mangan? Apa kelilan aku njembelèh kéwan iku?” Kéwan sing ana ing djero lawon mau ana sing kalal lan ana sing karam, nanging awor dadi sidji, mulané sing kalal ketularan dadi karam, mesti ora kelilan dipangan wong Israèl.

Uhdjuké Pétrus: „Boten pisan-pisan, Gusti, awit kawula dèrèng naté neḡa sadèngah punapa ingkang makruh utawi nadjis.” Swara mau bandjur ndawuhi manèh: „Apa kang wus karesikaké déning Allah, iku sira adja ngarani makruh.” Swara mau ndawuhaké pangandika nganti rambah ping telu, wosé supaja Pétrus ngertia, jèn ora kepareng ngarani makruh utawa nadjis apa sing wis diresikaké déning Allah. Sawisé mengkono rerupan lawon mau bandjur kaunggahaké manèh marang langit.

Pétrus tumenga ngawasaké menḡuwur, langité katon sumilak resik, nanging rerupan lawon ora katon, lan swarané wis ora ngandika manèh. Pétrus banget kuwur galihé, ora bisa njandak apa baja tegesé wahju sing ditingali iku mau. Nanging sing wis tjeḡa tumrapé Pétrus jaiku: swara lan rerupan mau pinangkané saka ing swarga, mengku pepéling sing wigati. Nanging pepéling apa? Apa saiki Pétrus wis kelilan mangan pangan sing mauné dianggep nadjis utawa karam? Apa mengkono kersané swara sing paring dawuh mau? Wah, mokal jèn mengkono! Nanging jèn ora, gèk apa tegesé pangandika lan rerupan mau?

KOTJAPA nalika Pétrus lagi kuwur galihé, ing ngarep régolé omah ana wong tjeluk-tjeluk arep ketemu karo wong sing asma Simon sing peparab Pétrus. Pétrus diwisik Roh jèn ana wong telu sing pađa arep ketemu, lan Pétrus kaḡawuhan nemoni lan mèlu wong mau. Wong telu sing teka ing kono iku kongkonané Kornélius.

Pétrus bandjur tumeḡak lan manggihi kongkonan mau, pangandikané: „Lah aku wongé kang kogolèki. Enggonmu pađa mréné perluné apa?”

Kongkonan mau bandjur pađa matur jèn kautus lurahé ngaturi Pétrus rawuh ing Késaréa, djalaran Kornélius, lurahé mau, kaparingan wangsité Allah lantaran malaékat, kakarsakaké mirengaké pangandika sing bakal kalantaraké déning Pétrus, samangsa wis rawuh ana ing omahé . . . Pétrus ngungun banget midanget pratélané kongkonan mau. Apa Gusti Allah ngersakaké supaja abdiné marani Kornélius, *wong kapir*, lan memulang ana ing ngarepé *wong kapir* bab Gusti Jésus, Sang Mesih, Putrané Allah? Allah iku rak mung Allahé Israèl, bangsa kang pinilih.

dudu Allahé bangsa kapir, bangsa kang nadjis, ora béda karo kéwan sing nadjis sing ora kelilan dipangan?

Ing kono Pétrus sanalika kélingan lan njan-
 dak marang tegesé ibarat sing awujud reru-
 pan lawon lan kéwan warna-warna. Isih tje-
 pangrunguné dawuh sing nganti rambah
 ping telu: „Apa kang wus karesikaké déning
 Allah, iku sira adja ngarani makruh!”
 Saiki Pétrus ngerti jèn ora kelilan nganggep
 wong kapir dadi pepadané asu, kéwan sing
nadjis. Wis dadi kersané Allah, jèn wong kapir
 uga kepareng nampani pawarta bab Indjil,
 awit wis karesikaké déning Allah pijambak,
 lan tekané kongkonan mau djalaran kautus
 déning Allah Saiki Pétrus wis ora mangu-
 mangu manèh. Sing mauné samar-samar
 tumrap Pétrus, saiki wis dadi gamblang.
 Wangsulane Pétrus: „Ija betjik. Aku arep
 mrana bareng lan salakumu.”

ÉSUKÉ Pétrus mangkat mbarengi lakuné
 kongkonan, apadéné dièrèkaké sadulur
 ing Joppé sawetara. Ésuké manèh tindaké
 wis tekan ing Késaréa, ndjudjug ing omahé
 Kornélius. Ing kono wis ana wong pađa ngan-
 ti-anti rawuhé Pétrus, jaiku sanak sedulur lan
 pawong mitrané Kornélius sing raket.

Kotjapa bareng Pétrus mlebu ing omah,
 Kornélius bandjur metukaké kambu sumung-
 kem sudjud ing ngarsané. Nanging Pétrus
 énggal njandak tangané, ora pareng sudjud,
 pangandikané: „Sampéjan djumeneng, kula
 pijambak inggih sami manusa, sampun pisan-
 pisan sampéjan sudjud ngabekti dateng kula.”

Bareng wis pađa satata lungguh lan bagé-
 binagé, Pétrus bandjur međar sabda, nggantja-
 raké tjritané bab Gusti Jésus enggoné nandang
 sangsara nganti tumeka ing séda minangka
 wakil njulhi para manusa dosa, lan jèn Pandje-
 nengané wis wungu saka ing séda Sing
 sapa pratjaja marang Gusti Jésus klawan
 gumolonging ati, iku bakal pađa olèh panga-
 paruning dosané. Wong-wong mau mindeng
 enggoné ngrungokaké pangandikané Pétrus
 lan ing atiné wiwit tuwuh pratjajané marang
 Gusti Jésus.

Wusanané, kajadéné lelakon nalika rijaja
 Pentékosta ing Jerusalèm wong akèh sing
 pada kembulan karo para sekabat pađa
 katedakan Roh Sutji, kaja mengkono uga
 wong-wong sing pađa ana ing omahé Kornélius
 atiné pađa kapenuhan ing Roh Sutji, mangka
 wong-wong mau *wong kapir*. Sarèhné wis
 tjeđa jèn pađa kaparingan Roh Sutji, mulané
 wong-wong mau bandjur dibaptisi, temahan
 wong kapir mau bisa mandjing dadi panungga-
 lané para putrané Allah ing salawas-lawasé.

BARENG para rasul lan para sedulur sing
 asalé saka bangsa Jahudi, ngrungu warta,
 jèn Pétrus ngrawuhi omahé wong kapir lan
 nggelaraké Indjil ana ing kono, apamanèh
 malah mbaptisi wong kapir, bandjur pađa
 netah marang Pétrus lan nglepataké tindaké.
 Nanging bareng Pétrus njrijosaké wahju sing
 ditingali ana ing Joppé, lan swaraning pangan-
 dikané Allah, wong-wong mau bandjur pađa
 ngandel lan ilang sangga-rungginé, lan weka-
 sané pađa ngluhuraké Allah, tembungé:
 „Dadiné dalasan bangsa kapir uga pađa
 kaparingan patobat marganing urip déning
 Allah!”

Anadéné Kornélius sabrajaté kabèh pađa
 bisa ngrasakaké karahajon lan kabungahan
 sing *langgeng*, sing ngungkuli sakèhing kanik-
 matané donja lan saisiné kabèh!

GUSTI ALLAH NGUNINGANI SEDENGIN MANGSA

GUSTI Allah *mirsa* samubarang lan *ngu-
 ningani* samubarang, ija sing betjik, ija
 sing ala Éwadéné Gusti Allah ora naté
 maringaké pitulungané *énggal-énggalan* ma-
 rang wong kang pađa mbutuhaké lan temen-
 temen pandongané. Lan dosa ija ora *tumuli*
 kađawahan paukuman. Miturut gagasané
 manusa: pantjèn ora tumuli! Nanging Gusti
 Allah ora naté njupèkaké titahé sidji-sidjia,
 ija sing betjik, ija sing ala, mung baé pe-
 paringé gandjaran lan paukuman iku nganggo
 mangsané déwé-déwé. Lan Gusti Allah ngu-
 ningani sedening mangsa.

KATJARITA ing djero sèl buwèn ing kuđa
 Jerusalèm ana prantéan turu ngglétak
 ing damèn sing dienggo lèmek. Tangané kiwa
 tengen diranté kaolèhaké tangané pradjurit
 loro sing djaga ing djero sèl. Lawangé
 kakantjing lan ing ngarep lawang ana
 pradjurit loro pađa djaga ing sisih djaba.
 Dadiné prantéan sidji didjaga pradjurit papat
 pađa sikep gegaman, mokal bisané ontjat
 saka ing buwèn. Sing tinanggenah ndjaga
 prantéan mau pradjurit patang golongan,
 sagolongané wong papat. Jèn tekan gilirané
 diaplos, pradjurit mau pađa metu ing buwèn,
 diganti pradjurit lijané, nanging prantéan
 mau ora bisa lunga babar pisan. Enggoné ana
 ing buwèn wis olèh sawetara dina, lan sale-
 baré rijaja Paskah lagi arep diladèkaké
 marang pangadilané wong Jahudi. Prantéan
 sing dilebokaké ing sèl buwèn lan direksa
 déning pradjurit papat sikep gegaman, mestiné
 durdjana geđe utawa bénggoling kètju.

Nanging prantéan mau saben-saben katon
 tumenga kambu umak-umik ndedonga, lan

tangané ngapurantjang. Apa wong sing kaja mengkonono iku durdjana?

NALIKA semono sing djumeneng ratu ing tanah Jahudi sang prabu Hérodès Agrippa, pernah kepénakané radja Hérodès Antipas sing njédani Jochanan Pambaptis. Radja Hérodès Agrippa ambeké adigang adigung adiguna lan angkara-murka, sing diudi mung bisané tansah olèh pangalembanané kawula kabèh

Para muridé Gusti Jésus wis ana sawetara sing ditjekel lan dikaniaja atas dawuhé Hérodès, malah Jakobus, panunggalané para sekabat, disédani srana katigas djanggané. Tindak sija mengkonono iku disedya déning sang prabu murih olèha pangalembanané para pangarepé bangsa Jahudi, sing pada sengit marang Gusti Jésus. Apa tindaké mau adil lan bener, ora dipanggalih babar pisan.

Bareng mirsa jèn kang mengkonono mau ndadèkaké senengé wong Jahudi, Hérodès ndadra dawuh njepeng marang Pétrus, nudju ngarepaké rijaja Paskah. Pétrus iku pada-pada muridé Gusti Jésus, rak klebu dadi pangarep, tuwa-tuané golongan Nasarani. Wah, saupama kelakon bisa njirnakaké rasulé Jésus sing wis kawentar djenengé, saiba enggoné para imam lan wong Jahudi kabèh njuba-njuba lan ngalembana marang sang prabu!

Nanging betjiké enggoné nibakaké paukuman jèn rijaja Paskah wis kepungkur. Ing kono Pétrus bakal diladèkaké marang pangadilané wong Jahudi, lan mesthi bakal kaukum pati kajadéné Jakobus! Mulané kudu dikundjara disik, dipasrahaké ing pangreksané pradjurit patang golongan, sagolongané wong papat, apadéné kudu diblenggu nganggo ranté kaja patrapé ngundjara durdjana gedé.

Satemené Hérodès ngemu kuwatos ing galih ing ngatasé Pétrus dalah golongané. Nanging témboké buwèn sing kandel lan santosa, pradjurit sikep gegaman sing gagah-gagah lan kendel, lawang lan régol wesi sing dikantjeng rapet lan didjaga, iku rak wis mijatani! Sapa sing arep wani ngrebut Pétrus saka ing astané Hérodès?

Hérodès mèsè-mèsè djalaran lega pangalihé.

PRANTEAN sing lagi turu ing damèn ana ing djero sèl buwèn iku ora lija Pétrus. Enggoné saré katon kepénak, nélakaké jèn galihé djendjem, ora sedih lan ora kuwatir, awit wis pasrah djiwa-ragané marang Gustiné. Jèn pantjèn dikersakaké kudu ngalami dikanijaja nganti tumeka ing pati pisan, Pétrus ora bakal suwala idèp-idèp enggoné nglabuhi Gustiné. Lan jèn mantèp nganti tumeka ing

wekasan, Pétrus wis nemtokaké jèn bakal kepanggih karo Gustiné ana ing kamuljaning swarga.

Anadéné para pawong mitrané sing pada tansah kekembulan ing kuwa Jerusalèm, pada mèmèng enggoné ndongakaké marang Allah. Pétrus ija ngerti jèn pandongané para mitrané ora kèndat sumengka ing pangajunané Allah, lan Pétrus ija ora ngarep-arep pitulungan lijané manèh kedjaba pandongané para mitra. Mangka pandongané para wong mursid iku mengku daja kakuwatan sing ngédab-édabi lan dadi panglipur tumrap wong prihatin. Ing sadjroning pandonga mau kaja-kaja para mitrané pada bebarengan ngungsi marang pangajomané Gustiné; kaja-kaja pandonga mau dadi bètèng kang santosa sing bisa ngajomi Pétrus, abdi sing setya-tuhu. Saben dina para mitra mau pada mbatek ing pandonga, nanging Gusti ora paring wangsulan. Mangka dina tibaning paukuman saja suwé saja tjedak lan ing kono Pétrus mesthi bakal disédani.

Mungguh Hérodès kang ambek angkara-murka, saben dina saja ndadra enggoné nindakaké piala, éwadéné Allah ing swarga kèndel baé, lan saja mundak dina saja mundak kumlungkungé Hérodès lan saja mundak enggoné tumindak sawenang-wenang tumrap para kagungané Gusti Jésus; durung lega galihé samangsa durung kelakon njirnakaké golongan Nasarani nganti tapis!

KOTJAPA, rijaja Paskah wis kepungkur; ésuké Pétrus kudu diladèkaké ing ngarepé pangadilan lan nampani paukumané.

Nanging ing wengi iku uga Pétrus lagi saré kepati, astané kiwa-tengen isih diblenggu nganggo ranté. Pradjurit sing djaga pada mèlu turu

Dumadakan ana padang sumorot ing djero sèl buwèn sing peteng mau lan ing sadjeroné pepadang mau katon ana malaékaté Pangéran djumeneng tjedak. Malaékat mau bandjur nggugah marang Pétrus srana ditjèblèk lambungé, pangandikané: „Tangia dikebat!” Pétrus kagèt bandjur wungu. Ranténé sanalika runtuh saka ing astané Pradjurit sing djaga isih turu pules, ora krasa apa-apa.

Malaékat bandjur ngandika manèh: „Sabukana lan sajuten trumpahmu.” Bareng wis dilakoni, bandjur dipangandikani manèh: „Anggonen djubahmu lan mèlua aku!”

Pétrus bandjur metu ndèrèkaké malaékat, mangka ora njana jèn sing ditindakaké déning malaékat mau kelakon temenan, rumangsané mung lagi ngimpi utawa ndeleng wahju. Pangunandikané Pétrus: „Iki rak mung impèn. Mengko jèn aku tangi, rak isih ana ing buwèn sing peteng!”

Sawisé ngliwati wong djaga kang kapisan lan kang kapindo, bandjur tekan ing régol wesi sing andjog ing kuća, lawangé sing kinantjing bandjur menga déwé . . . Pétrus wis djumeneng ing sadjabaning kundjara, tindaké isih terus ndèrèkaké malaékat mau nganti tutug ing pungkasané lurung. Bareng tekan ing kono, Pétrus bandjur ditiar déning malaékat. Bareng Pétrus émut wewentèhan, bandjur ngerti jèn ora ningali wahju, nanging sing dinjana impèn mau djebul kelakon temenan. Sanjatané Gusti Allah wis ngutus malaékaté kaðawuhan ngluwaré abdiné saka ing astané radja Hérodès lan saka sakèhé pangareparepé wong Jahudi. Saiki wis ontjat saka ing bebaja, bandjur gegantjangan tindak menjang ing omahé pawong mitrané salah sidji arep ngabari bab gedéning pangwasané Allah enggoné wis maringi pitulungan srana patrap sing ngéram-éramaké . . . Sawengi iki mitrané mesthi ora ana sing turu, kabèh mestiné paða lèklèkan lan ndedonga bebarengan njuwun pitulungan marang Allah. Ndedonga njuwun pitulungan? O, saiki ora perlu njuwun pitulungan manèh, pawong mitrané saiki kudu saos sokur marang Allah, djalaran pandongané wis kadjurungan.

Ora katjrita tindaké ana ing dalan, Pétrus wis tekan ing ngarep régol omahé mitrané sing djeneng Jochanan kang peparab Markus. Ing kono lagi ana wong akèh paða kumpulan ndedonga. Nalika Pétrus noçok lawang régol, bandjur ana batur wadon, djenengé Rodé, marani nilingaké sapa sing ana ing djaba. Rodé ora pangling karo swarané Pétrus sing mundut diwengani lawang, nanging saking bungahé ora nganti ngengakaké régol, rikat mlaju mlebu ngaturi priksa, jèn Pétrus djumeneng ing ngarep régol. Wong-wong sing ana ing kono ora ana sing ngandel, malah Rodé diunèni: „Kowé iku ngomjang. Mokal jèn Pétrus bisa rawuh mréné saiki!” Nanging Rodé ngukuhi aturé jèn njata, tembungé: „Boten, kula sumerep saèstu, bilih ingkang wonten ing ngadjeng régol punika Pétrus pijambak Sumangga kapijarsakna, Pétrus taksih ngladjengaken toçok toçok!” Bareng wis diwengani lawang, bandjur paða weruh rupané, temah paða kegawokan banget. Ora ana sing njana babar pisan jèn Pétrus bisa metu saka ing pakundjaran. Keprijé bisané? . . . Nanging kabèh paða bungah déné Pétrus wis luwar saka ing bebaja. Bareng paukuman pati wis mèh katibakaké, ing kono tekané pitulungan sing diarep-arep, ora nganti kasèp.

SAWENGI iku para mitrané Pétrus paða bungah-bungah lan paða saos sokur marang

Allah déné kepareng mitulungi abdiné srana patrap sing luwih déning élok.

Senadjan mengkono, wong-wong mau ora kena tinggal kaprajitnan. Ora prajoga jèn Pétrus terus manggèn ing kuća Jerusalèm, djalaran akèh mutawatiré. Sadurungé bjar raina, Pétrus wis mangkat tindak menjang lija panggonan Bebaja apa sing arep nempuh uripé ana ing panggonan lija, Pétrus ora sumelang, djalaran wis ngalami déwé jèn Gustiné iku setya-tuhu lan kwasa paring pitulungan.

KATJARITA, salebaré rijaja Paskah radja Hérodès tindak saka Jerusalèm menjang ing kuća Késaréa lan kèndel ana ing kono Bab musnané Pétrus saka ing pakundjaran, ndjalari gumun lan kagèté Hérodès. Ora ana wong djaga sidji-sidjia sing ngerti keprijé bisané Pétrus metu saka ing pakundjaran lan ora ana sing weruh menjang ngendi parané lan ana ing endi dunungé saiki, sawisé metu saka Jerusalèm.

Nanging Hérodès ing sadjroning kamuljan lan kaluhurané, ora menggalih manèh bab Pétrus.

Ora antara lawas sapungkuré lelakon mau, Hérodès ketutugan sing dadi idam-idamaning galihé. Nalika kèndel ing kuća Késaréa, Hérodès nampani pisowané para utusané kuća Tirus lan Sidon perlu ngundjukaké panuwun, déné sang prabu njandèkaké enggoné kersa nggitik perang kuća loro mau. Nalika semono Hérodès ngrasuk kaprabon lan pinarak ing çampar, ingaèp para mantri bupati lan kawula akèh. Ing kono sang prabu meçar sabda minangka wangsulan marang utusan mau. Wong akèh paða sumlengeren ndeleng éndahing busanané sang prabu apa-déné ngrungu pangandikané. Akèh sing paða alok: „Punika pangandikaning déwa, sanès witjantening manusa!”

Midanget pangalembanané wong akèh mau, sang prabu banget karenan galihé; durung naté sang prabu nampani pakurmatan sing semono gedéné! Wong-wong sing paða ngunggul-unggulaké sang prabu nganti luwih saka ing kad, paða ora dipenggak, nanging malah ndjalari mongkoking galihé, supé jèn isih ana Allah ing swarga sing kagungan sakèhing kaurmatan. Awit saka kumlungkungé mau paða sanalika iku Hérodès bandjur digebag déning malaékaté Pangéran, temahan ambruk djalaran kataman ing lelara nggegirisi Ora ana wong sing weruh tekané malaékat sing nggawa bebenduné Allah. Wong sing awaké katoné waras wutuh, dadakan dadi lara, mangka larané mau kamangsa ing singgat sing nggegilani. Hérodès gerahé mung sawetara dina, bandjur pegat njawa.

GUSTI Allah *mirsa* samubarang lan *nguni-ngani* samubarang, ija sing betjik, ija sing ala . . . Éwasemono sapa sing ngungsi marang Pandjenengané samangsa katempuh ing pakéwuh, *ora énggal-énggal* kaparingan pitulungan lan dosa ija *ora tumuli* kaðawahan paukiman. Ora tumuli! Nanging Gusti Allah ora naté njupèkaké titahé sidji-sidjia, ija sing betjik, ija sing ala. Gusti Allah nguningani sedenging mangsa.

TINDAKÉ RASUL PAUL KANG KAPISAN NGGELARAKÉ INDJIL

KATJARITA ing sawidjining dina ana prau lajar lelaian ing tengah segara, kombak-kombul katut ing aluning banju; lajaré kumrebet katempuh ing angin, temah ladju lakuné prau mau, diréwangi para pambelah sing pada njolahaké welahé . . .

Prau mau momot barang dagangan warnawarna kawaðahan ing karung lan peti gedé-tjilik. Kedjaba para pambelah lan sing pada nglakokaké prau, ana wong-wong lijané sing mèlu lelaian, kajata: sudagar sing pada nggawa barang dagangané. Ing antarané wong-wong mau isih ana wong Jahudi telu sing ora nggawa barang dagangan kaja lija-lijané. Wong telu mau katon anteng lan ulem, pasadja lan anðap-asor salah-tingkahé. Nanging wong telu malah nggawa banda sing ora katon, nanging sing adjiné ngungkuli sakèhing radjabrana kadonjan.

Sing tansah digagas lan digunem para sudagar ora lija mung bab bebatèn sing arep dikeruk samangsa wis tekan ing negara mantja. Para pambelah ija wis ngétung pira opah lan umbalané sing bakal ditampa, jèn prau né slamet tekan ing panggonan sing diparani. Ringkesé wong-wong mau pada nggagas prakara sing bakal *ditampani*.

Nanging wong Jahudi telu mau pada nggagas apa sing arep *diwènèhaké*, sing arep diluntakaké menjang negara mantja, marang wong maèwu-èwu sing pada manggon ing tanah mantja, lan sing ora ngerti jèn ing tengahing djagad ana banda sing luwih déning mulja.

Banda mau arep disebar ing saenggonenggon sing ditekani, lan saben wong sing kesdu nampani, bakal *diwènèhi kanfi lelaian* . . .

Banda mau senadjan wis diedum-edum, ora bakal suda utawa susut, djalaran gedéné ngluwihi, nganti bisa ngebaki djagad.

Wong telu mau pada ngawasaké lakuning prau, nanging ing batin pada nggagas, apa wong-wong sing arep *diwènèhi* banda mau pada gelem nampani pawèwèhé klawan bungah apa ora. Wong telu mau pada ngawasaké

djembaring langit sing majungi lumahing segara . . . lan ing batin pada ngutjapaké pandonga.

WONG telu mau pada wong Jahudi, djengé: *Saul*, jaiku sing tau nguja-uja wong Kristen, nanging saiki dadi rasulé Gusti Jésus sing setya, lan rowangé loro sing djengé: *Barnabas* lan *Jochanan kang peparab Markus*.

Wong telu mau pinangkané saka Antiochi, kuða ramé ing tanah Siria, lan ing kono ana pasamuwan Kristen sing wis gedé.

Anadéné wong telu mau dadi utusané pasamuwan ing Antiochi, pada kabubuhan ndjadjah désa lan negara perlu nggelaraké Indjil marang djagad, marang sadéngah bangsa, supaja pada ngertia jèn ana kabar kabungahan sing martakaké bab panebusing dosa lantaran sédané Gusti Jésus, waon pada gelem pasrah suméndé lan pratjaja marang Gusti Jésus, apadéné pada tresna marang Pandjenengané . . . Kaja mengkono iku wudjuding banda sing bakal diparipaké lelahanan, tanpa prabéja, mung karena sih-rahmat. Banda iku sing bakal bisa ngolèhaké karahajon lan urip langgeng kanggo sadéngah wong sing pratjaja.

Kabar kabungahan mau ora mligi kanggo wong Jahudi lan bangsa lija-lijané sing pada manggon ing tanah Jahudi, nanging ija katjandagaké tumrap *sakèhing para bangsa ing salumahing djagad*.

Dawuhé Gusti Jésus sadurungé minggah menjang swarga, mengkéné: „Pada ndjadjah ing sadjagad kabèh, Indjil undangna marang sarupané tumitah.

Mulané wong telu mau pada budal arep ngéstockaké dawuh mau, kadereng déning katresnané marang Allah lan marang manusa pepadané . . .

Wong telu mau ora lali jèn pagawéan sing diajahi rekasa lan akèh mutawatiré, malah kudu diréwangi lara-lapa, nanging pada tansah gambira atiné lan ora ngandut wasumelang. Lan saupama kudu ngalami panganiaya, pamemada lan kawirangan, iku mung bakal dianggep kaja enggoné nglabuhi Gustiné sing wis nandang sangsara sing luwih banget.

Mulané wong telu mau tatag lan gambira atiné.

SATEKANÉ ing pulo Kipros (Cyprus), bandjur pada ndarat ing kuða Salamis. Wong telu mau tumuli wiwit nggelaraké Indjil ana ing masdjid-masdjidé wong Jahudi . . . Nalika djaman semono wong Jahudi akèh sing metu saka ing tanahé bandjur bebara utawa laku dagang ana ing tanah mantja, lan ing endi ana pakampungané wong Jahudi, ing kono ija ana masdjidé. Ana ing masdjid-

masjid mau enggoné Saul lan rowangé arep nggelaraké pangandikané Allah kang kawitan lan tumudju marang wong Jahudi.

Sawisé pađa ndjadjah pulo mau, wekasané tekan ing kuća Pafos, kuća-kradjané pulo Kipros lan padunungané bupati Rum. Sing djumeneng bupati nalika semono Sèrgius Paul, wong sing limpad ing budi, nimbali Barnabas lan Saul, kepéngin mijarsakaké pangandikané Allah. Djagad dalah kamuktèn lan kawibawané kabèh ora bisa gawé marem lan tentreming galihé. Bokmenawa wong sing nggelaraké wulangan anjar iki bisa tuduh dalaning katentreman.

Bareng Saul wiwit nggelaraké piwulang, bupati mau mijarsakaké klawan mindeng

NANGING kotjapa — ing dalem kabupatèn kono ija ana wong Jahudi sing ngaku-aku nabi lan dadi djuru sichir, djenengé Élimas, klebu pangiringé bupati Sèrgius Paul sing katengetan déwé marga saka pinteré enggoné ngapus-krama. Bareng weruh Saul međar sabda ana ing ngarsané bupati, temah ing semu kèlu marang rembagé Saul, Élimas bandjur panas atiné. Sapa ta wong iki déné kok tjumantaka ngaturi rembag marang bupati. Jèn bupati Sèrgius Paul nganti ndahar aturé wong anjar iki, ora betjik kadadéjané tumrapé Élimas. awit ing sabandjuré sing bakal digega rembagé Saul, lan Élimas bakal kesingkur.

Ing kono Élimas wiwit madoni rembugé Saul, pangarahé ngèngetaké sang bupati supaya adja nganti pitados marang Jésus Nasarani sing lagi diaturaké Saul.

Nanging Saul — kang uga nama Paul — kapenuhan ing Roh Sutji, bandjur mantjerengi marang Élimas sarta ngandika: „Èh, anaké Iblis, . . . jagéné kowé wani ngajoni Rohé Pangéran? . . . Lah kang iku samengko kowé kena ing astané Pangéran, temah dadi pitjak, nganti orandelengsrengéngésawetara mangsa!” Sanalika Élimas mau kesaput ing peteng limengan, temah ora bisa weruh apa-apa; tangané gagap-gagap golèk wong sing gelem nuntun metu saka ing kono

Bupati Sèrgius Paul njipati pijambak enggoné Élimas sing djaréné duwé ngèlmu lan kasektèn, ora bisa mangga pulih nalika katempuh ing astané Pangéran. Sang bupati saiki pirsa jèn Élimas iku wong tjulika lan kabèh aturé iku goroh, nanging ija wis neksèni pijambak jèn aturé Saul iku mawa daja lan prabawa kang élok, temahan pitados marang Gusti Jésus.

KATJARITA sawisé lelakon iku mau Paul sakantiné bandjur mantjal saka ing Pafos menjang ing Pergé, kuća ing tanah Asia-tjilik. Saka ing kono Paul lan Barnabas mbatjutaké tindaké ndladjahi tanah pagunungan, nanging

Jochanan pamitan mulih menjang ing Jerusalem

Tindaké Paul lan Barnabas nglangkungi dalan sing rumpil-rumpil, munggah ing gunung. tumurun ing djurang, ora ngétung sajah lan pakéwuh ing dalan.

Kuća-kuća sing diampiri kajata: Antiochi, Ikoni, Listra, lan Derbé. Ing saenggon-enggon Paul lan Barnabas ora lèrèn-lèrèn enggoné memulang marang wong Jahudi lan uga marang wong kapir bab gedéning katresnané Allah marang manusa, nanging ija mratélakaké bab paukumané Allah marang sadéngah wong sing ora gelem pratjaja marang Gusti Jésus. Lumrahé wong Jahudi pađa mangkotaké atiné lan ora pratjaja marang Gusti Jésus. Kosokbaliné wong kapir pada nggatèkaké marang piwulangé Paul lan Barnabas, lan akèh sing pađa mandjing pratjaja, temahan pađa kabaptis.

Nahging suwé-suwé wong Jahudi pađa panas atiné lan pađa nglawan marang Paul lan Barnabas. Saka wewengkon Antiochi Paul lan Barnabas ditundung, lan iku kelakoné marga saka pangodjok-odjoké wong Jahudi, supaya pađa nguja-uja marang wong loro mau Ing kuća Ikoni Paul lan Barnabas mèh baé dibenturi watu djalaran Paul wani mulangaké wulangan anjar sing durung dirungu déning para pangarepé wong Jahudi sing misuwur kapinterané lan kamursidané!

Lan ana ing kuća Listra . . . ana ing kono Paul lan Barnabas luwih banget enggoné nandang panganiajané mungsuh. Mula bukané mengkéné: ing Listra kono ana wong lumpuh lair mula. Saben dina ndéprok satjedaké gapuraning kuća, ora adoh saka panggonané Paul memulang. Sasuwéné Paul memulang, wong lumpuh mau tansah nilingaké pangandikané Paul, lan suwé-suwé wong mau duwé pangandel. Saben Paul ningali wong lumpuh mau, mesti rentah welasé. Ing sadjroning galih ija rumangsa begdja, déné saiki bisa nedahaké marang wong akèh sepira gedéning pangwasa lan katresnané Allah Paul pirsa jèn wong mau wis kadunungan pangandel, bandjur diđawuhi: „Ngadega djedjeg!” Wongé tumuli ndjumbul ngadeg sarta mlakumlaku. Wong-wong bareng weruh pandamelé Paul mau, bandjur surak gumuruh lan pađa nguwuh-uwuh nganggo tembung sing Paul ora ngerti, udjaré: „Wong loro iki dudu manusa lumrah, nanging déwa sing minda manusa neđaki kita saka ing kajangan!” Barnabas sing ora akèh pangandikané, diarani Jupiter, déné Paul diarani Merkuri, awit akèh enggoné ngandika. Mangka ing ngarepané sekètèngé negara ana kabujutan kanggo déwa Jupiter; bareng pangulu ing kabujutan mau ngrungu jèn Jupiter ngédja-wantah ing kuća

kono, énggal-énggal bandjur ngadjokaké sapi rinengga-rengga ing ontjèn-ontjèn kembang lan gegodongan menjang ngarepé gapura arep ngladèkaké sadjèn karo wong golongan, minangka pakurmatan ing rawuhé Jupiter lan Merkuri mau

Wiwitané rasul Paul lan Barnabas ora ngerti apa karepé wong akèh pađa surak-surak lan apa tegesé wong pađa nggiring sapi sing direngga-rengga ontjèn-ontjèn, nanging bareng wis bola-bali ngrungu tembung Jupiter lan Merkuri lagi baé pađa ngerti jèn wong akèh mau pađa arep saos kurban, mangka sing disaosi kurban iku awaké déwé sing dikira déwa ngédjawanah. Patrap mengkono mau wis mesti kliru banget, djalaran enggoné Paul lan Barnabas marasaké wong sing lumpuh mau tudjuané supaja wong akèh pađa ngertia sepira pangwasané lan maha welasé Allah ing swarga. Dudu karepé Paul lan Barnabas golèk pakurmatan, mulané bandjur pađa njuwèk-njuwèk pangagemané, sarta dumrodjog mlajoni wong golongan kambi nguwuh-uwuh, pangandikané: „Hé kantja-kantja, kepriyé déné kowé pađa arep tumindak mengkono? Aku iki ija pađa munusa, pađa dasaré kaja kowé Gustiku kang dakwartakaké marang kowé, iku kang djumeneng Allah kang sipat gesang. Ija Allah iku kang pantes pađa kosaosi kurban lan pakurmatan, dudu aku!”

Dadiné wong-wong mau pađa ora sida saos kurban, lan Paul karo Barnabas ora sida dipundi-pundi kaja déwa, wurung enggoné pađa arep nindakaké panggawé sing kliru lan dosa.

Nanging lagi baé wong akèh mau kena disarèhaké, ketungka tekané wong Jahudi saka ing Antiochi lan Ikoni, pađa ngala-ala marang Paul lan Barnabas ing ngarepé wong golongan. Bareng wong golongan pasah dibebangus déning wong Jahudi mau, bandjur salin slaga, mauné pađa mudi-mudi Paul lan Barnabas kaja marang déwané, saiki pađa ngantjam-antjam. Wekasané rasul Paul bandjur dibenturi watu, sarta bandjur dilarak menjang sadjabané negara marga disengguh wis séda.

Bareng sing mbenturi watu wis pađa mulih, ana murid sawetara pađa teka, jaiku wong-wong sing pađa pratjaja marang piwulangé Paul, bokmenawa wong sing mauné lumpuh ija mèlu teka; Paul gumlétak ing lemah asawang lajon, nanging bareng dirubung ing para murid mau, bandjur ndjenggèlèk wungu sarta lumebet ing negara manèh. Gustiné ing swarga nguningani pagawéané abdiné sing setya, lan ora négakaké ing sadjroning pakéwuh.

Ésuké Paul lan Barnabas bandjur ngladje-

ngaké tindaké ndjadjah ing tanah kono. Ing sadéngaha panggonan sing dirawuhi, ing negara gedé utawa ing désa tjilik, ing kono mesti ana wong sing pađa nampani pawarta bab Gusti Jésus lan pađa pratjaja marang Pandjenengané. Luwih-luwih saka ing kalangané bangsa kafir akèh sing pađa mandjing dadi muridé Gusti, nanging wong Jahudi sing pratjaja lan ndèrèk Gusti, *tjatjahé kena diwilang*.

Sawisé kemptu, Paul lan Barnabas bandjur mbalèni panggonan-panggonan sing wis diambah, perluné arep njantosakaké atiné para murid, diperdi supaja mantepa ing pratjaja lan ora pareng pađa wedi jèn katempuh ing sangsara, awit Gusti mesti ora bakal négakaké para kagungané, malah pađa ditjawi urip langgeng ana ing swarga.

Sapungkuré lelakon ing ngarep mau ing tengah segara ana prau pelajaran ngener menjang pesisiré tanah Siria. Tindaké rasul Paul lan Barnabas kang kapisan nggelaraké Indjil wis kepungkur, sedéla manèh bakal pađa ketemu karo para sedulur ing Antiochi lan Jerusalèm utawa kuća lija-lijané, pađa arep ditjritani apa sing mentas kelakon sadjroné pađa ndjadjah ing negara mantja Paul lan Barnabas mesti ora bakal njritakaké bab awaké déwé enggoné tansah kaantjam ing bebaja utawa nandang sangsara, awit ana prakara sing luwih wigati kanggoné para sedulur, jaiku jèn Gusti Allah wis kepareng nimbali wong pirang-pirang ginandang-gandang mlebu ing Kratoning swarga.

LURAH KUNDJARA

WETARA wajah tengah bengi lurahé kundjara turu pules. Lawang-lawang ing kundjara wis dikantjingi kabèh; atiné ora ngandut sumelang, djalaran wis mesti ora ana prantéan sing bakal bisa metu saka ing kundjara. Wong mantja loro, sing awané mentas disapu nganti gegeré pating glaler kebak bilur, wis dilebokaké ing panggonan sing primpen, malah sikilé karo pisan dibelok, kepriyé olèhé arep minggat? Apa luputé déné nganti dilebokaké ing kundjara, lurahé kundjara ora ngerti, sadjaké wong loro mau pađa didakwa njebar kabar ngajawara, njritakaké prakara sing aèng-aèng sing durung tau keprungu ing kuća Filippi kono nanging iku rak dudu urusané lurah kundjara, kuwadjibané rak mung ngreksa prantéan adja nganti minggat saka kundjara.

Wong loro mau gegeré kebak bilur tilas disapu, saiki krasa ndjarem banget; awaké lungkrah, sajah lan luwé Nanging lurah kun-

djara mau ora merduli babar pisan, wong loro iku rak wong Jahudi, wong mantja neneka ing negara kono. Bareng wis nganglang lan pran-téan kabèh tinemu isih ganep ana ing panggonané déwé-déwé, lurah kundjara mau bandjur mapan turu. Atiné ora ngandut was sumelang.

ING sadjroné kundjara, saja manèh ing sèl sing ana ing djero déwé, petengé ndumuk irung. Ora ana swarané wong guneman, sing ana ing kono mung pangaḍuh lan pasambat, rasa miris lan susah . . .

Nanging dumadakan, bareng tengah bengi ana swaraning wong ndedonga lan ngidungaké pamudji kondjuk marang Allah, déné wong lelaran lijané paḍa ngrungokaké klawan gumun . . .

Swarané wong ngidung sumengka ing akasa, dumeling ing tengah wengi, ing satengahé pasambat lan pangaḍuh, semuné njengklèng ora laras karo papan lan kaanan ing sakiwatené. Lumrahé sing kelair ing kono mung pepisuh lan panggründel, utawa pasambat lan pangaḍuh, Nanging jèn dirungokaké temenan wong sing ngulukaké pamudji mau nglairaké gambiraning atiné, lan swarané mranani atiné wong sing paḍa ngrungu.

Pinangkané swara mau saka ing sèl sing ana ing djero déwé, panggonané wong mantja sing dibelok sikilé lan sing gegeré prasasat adjur djalaran disapu. Wong Jahudi mau paḍa ngidung bebarengan, ngluhuraké Allahé! . . . Prantéan lija-lijané paḍa tangi ngrungokaké kekidungan mau. Nanging lurahé kundjara isih turu nglépus.

WONG loro mau, wong Jahudi, sing awané mentas disapu déning punggawa negara Filippi, iku Paul lan kantiné sing asma Silas ija diutus nggelaraké Indjil kajadéné Paul.

Tindaké rasul Paul iki kang kapindho, nggawa kanti Silas, arep ndjadjah negarane-negara manèh nggelaraké Indjil marang wong Jahudi lan wong kapis. Tindaké mau nglangkungi kuṭa-kuṭa sing naté dirawuhi, kajata Listra lan Derbé. Ana ing kono rasul Paul kepanggih karo wong nonoman, sing aran Timotéus, sing digulawentah déning ibuné lan embahné wiwit tjilik mula ing bab surasané Kitab Sutji. Wiwit nalika iku Timotéus kaḍawuhan ndèrèkaké tindaké rasul Paul, lan ing tembé Timotéus ija kautus nggelaraké Indjil, kagawa saka tresnané marang Gustiné lan marang pepadané.

Tindaké rasul Paul sakanṭiné bablas nganti tekan ing Asia-tjilik, mandap tutug ing Troas kuṭa tjilik ing pesisir sisih lor kulon.

Ana ing Troas kono Paul sakanṭiné kèndel sawetara dina. Panudju wajah bengi Paul

ningali wahju, kaja-kaja Paul djumeneng ing pinggir segara, lan ing sabrangané segara katon ana wong Makedoni ngadeg kambi nguwuh-uwuh: „Sampéjan mugé njabrang dateng ing tanah Makedoni, mitulungi bangsa kula.”

Mangka nalika semono Paul ora kagungan rantjangan ngladjengaké tindaké menjang ing laladan tanah Makedoni lan Junani, nanging bareng kaparingan wahju mengkono, Paul bandjur rumangsa jèn angsal ḍawuh saka Gustiné ndikakaké njabrang mranan ngundangaké pawarta bab sih-rahmaté Allah tumrap para wong dosa. Paul sakanṭiné bandjur mangkat menjang ing tanah Makedoni.

Bareng wis paḍa ndarat, tindaké bandjur ndjudjug ing kuṭa Filippi, kuṭa-kradjan ing tlatahé tanah Makedoni, sing kebawah ing paréntah Rum.

Nanging — wong Makedoni sing katon ana ing wahju ora meṭukaké rawuhé Paul. Bareng wis wiwit memulang, sing paḍa mandjing pratjaja mung wong wadon sawetara. Éwase-mono Paul sakanṭiné ora kemba, saben dina adjeg memulang lan nggelaraké pangandikané Gusti, djalaran paḍa ngerti, jèn mung Gusti Allah pijambak kang kwasa ngeluk wangkoting atiné manusa, temah paḍa pratjaja lan olèh karahajon . . .

Kotjapa nalika paḍa ana ing alun-alun, Paul sakanṭiné tansah dietutaké botjah wadon pawongan sing duwé préwangan. Marga saka pinter memetèk, botjah wadon mau akèh enggoné ngasili bendarané. Jèn ngetutaké tindaké Paul, botjah wadon mau tansah alok-alok, udjaré: „Wong iku paḍa abdiné Allah kang Mahaluhur, mulangaké margané karahajon marang kita.” Mengkono mau ora mung sepisan pindo, nanging saben dina lan bola-bali. Nanging Paul ngerti jan pagawéané dirégoni déning demit sing manggon ana in botjah wadon mau, saking pegel galihé, bandjur ḍawuh marang demité: „Atas Asmané Jésus Kristus ḍawuhku ing kowé: Metua saka wong iku!” Sanalika demité bandjur metu, lan botjah wadon mau pulih waras manèh.

Botjah wadon mau begdja déné wis kauwalaké saka pangwasané Iblis, nanging bendarané rumangsa kapitunan, djalaran botjah mau ora bisa metu kasilé manèh; sarèhné wis ora duwé préwangan, dadi ija ora bisa memetèk. Bendarané botjah wadon mau bandjur ngadjak kantja-kantjané njekel marang Paul lan Silas, paḍa diglandang katur ing préntah, dirubung ing wong pirang-pirang. Paul lan Silas paḍa didakwa nggègèraké negara, lan sarèhné paḍa wong Jahudi, paḍa didakwa mulangaké padatan anjar sing njalahi tata-tjarané wong Rum. Wong golongan ija paḍa mèlu nglawan marang Paul lan Silas lan mbeneraké pandakwa mau. Tanpa dititi-priksa prakarané,

Paul lan Silas bandjur didèdèli sandangané sarta disapu nganti bilar-bilur gegeré. Saupama sing didakwa mau wong Rum, mestiné ora mengkono tumindaké pangadilan. Nanging sarèhné Paul lan Silas iku wong Jahudi neneka ing tanah kono, dadi ora perlu diéman . . .

Sawisé digebugi nganti banget, bandjur dilebokaké ing kundjara, lan lurahé kundjara dijawab wanti-wanti ngreksa wong loro mau adja nganti minggat. Lurah mau sarèhné kañawuhan mengkono, mulané Paul lan Silas bandjur dilebokaké ing sèl sing ana ing djero déwé lan sikilé dibelok.

Paul lan Silas ora suwala dipatrapi sing mengkono mau. Atiné isih adjeg tatag lan gambira, djalaran pađa jakin jèn Gustiné ora bakal nêgakaké. Senadjan nalika dikaniaja ing semu ora olèh pitulungan, nanging Paul lan Silas pađa rumangsa begdja déné kepareng nandang sangsara karena Asmané Gustiné. Lan ana ing djero sèl sing peteng ndedet, lan sadjroné ngrasakaké pegel lan perih ing gegeré, Paul lan Silas tansah kapirsan déning Gustiné, malah Gustiné tansah ana ing tje-daké. Gagasan sing mengkono iku ndjalari ledjar lan bungahing atiné. Mulané Paul lan Silas bisa ngulukaké swaraning pamudji ngluhuraké Allah kang Mahamirah.

Mangka lurahé kundjara turu baé.

BARENG mengkono dumadakan ana linđu gedé, talesé pakundjaran nganti oreg. Lawang-lawang kabèh pađa menga, lan ranténé wong prantéan pađa nglokro . . . Dadi sanalika iku uga wong-wong sing diranté ing pakundjaran lan sing dibelok, bisa luwar saka ing ukuman.

Lurahé kundjara kagèt tangi, lan bareng weruh lawangé kundjara kabèh pađa menga, pangirané prantéané kabèh wis pađa miruda, mulané bandjur ngunus peđang arep suduk djiwa. Djalaran apa gunané isih urip, jèn prantéan sing dadi tanggungané wis pađa utjul kabèh, ora wurung awaké sing bakal digawé idjolé, bakal diérang-érang lan dikaniaja, wekasané dipatèni. Rak aluwung mati . .

Nanging sadurungé kelakon, Paul nguwuh seru, pangandikané: „Sampun mbilaèni sarira, margi kula sami wonten ing ngriki taksih pepak.”

Apa? Isih pepak? Ora ana sing minggat? Lurahé kundjara bandjur ndjaluk tjolok, bareng wis ditjoloki, énggal dumrødjog mlebu ing panggonané Paul lan Silas, lan sumungkem ana ing ngarsané. Lurahé kundjara mau gagasané malih sanalika, bareng weruh wong loro mau isih pepak ana ing panggonané. Ing atasé dipatrapi paukuman abot, wong mau ora sambat, malah bareng ranté lan beloké pađa nglokro lan lawangé menga,

wong mau ora gelem metu saka ing kundjara. Wong loro mau mesti dudu wong ala, dudu durdjana gedé, nanging wong burus lan djudjur, malah wong sutji, mulané lurahé kundjara mau ora taha-taha sudjud djèngkèng ana ing ngarsané Paul lan Silas. Jèn wong mau wong burus lan djudjur, mestiné wulangan sing digelaraké marang wong akèh, ija ora bisa kliru lan luput lan ora bakal nasaraké wong. Wong iku mesti mengku daja pangwasa sing gaib, temah marga saka tuladané lan daja pangaruhé, ora ana prantéan sidj-sidjia sing utjul, kabèh isih pepak ana ing panggonané déwé-déwé. O, iba begdjané jèn bisa mađani wong mantja iku, tansah katon ajem lan tentrem, tansah sumèh lan gambira polatané. Lurahé kundjara mau bandjur tuwuh gagasané kepéngin njumurupi apa sing dadi gémbolané wong loro mau lan kepéngin nggeguru ngèlmu sing digelaraké. Ngèlmuné mesti ngèlmu petingan, bisa dadi marganing karahajon tumrap sadéngah wong.

Paul lan Silas bandjur diaturi medal tekan ing djaba, aturé lurah kundjara: „Duh Tuwan, kula perlu nglampahi punapa supados kapitulungana rahaju?” Wangsulane Paul: „Sampéjan pitados dumateng Gusti Jésus Kristus, temah bađe manggih karahajon, inggih sampéjan dalah sabrajat sampéjan.”

Bareng sawengi iku uga Paul lan Silas diaturi pinarak ing omahé lurah kundjara, biluré ing geger disirami lan ditambahi; disaosi dahar lan ngundjuk. Sawisé mengkono Paul bandjur mulangi lurahé kundjara dalah sabrajaté kabèh, supaja pađa wanuha marang Sang Djuru Slamet. Wong-wong mau temen-temen enggoné nggatèkaké marang pangandikané Paul lan wekasan pađa pratjaja marang Gusti Jésus, temahan ing sawaktu iku kelakon lurahé kundjara mau dalah sabrajaté pađa kabaptis, lan atiné pađa ngrasakaké karahajon lan kabungahan sing durung tau dialami, awit karahajon iku langgeng lan ora saka ing donja pinangkané, nanging peparang saka Gusti Allah.

Mengkono uga Paul lan Silas ija pađa bungah djalaran akèh wong ing kuđa Filippi pađa mandjing pratjaja marang Gusti Jésus. Wong Makedoni sing ditingali ing sadjroning wahju lan sing nguwuh-uwuh: „Sampéjan mugé njabrang dateng ing tanah Makedoni, mitulungi bangsa kawula.”, iku saiki wis ana njatané. Lurahé kundjara dalah sabrajaté kabèh wis olèh pitulungan lan bakal olèh karahajon langgeng.

KOTJAPA ésuké ana utusané bupati ing kuđa kono nimbakaké dawuh supaja Paul lan Silas diluwari saka ing pakundjaran ninggal kuđa kono. Nanging Paul lan Silas ora

kersa tindak medal saka ing pakundjaran mung nganggo patrap sideman, djalaran pangandikané Paul mengkéné: „Kula sami tijang Rum dipun sapu wonten ing ngadjenanipun tijang katah boten mawi kapriksa, ladjeng dipun lebetaken ing kundjara. Senadjan kula sami tijang Jahudi, éwadéné kula sami gadah wewenang sami kadosedéné tijang Rum, mangka sapunika kula namung badé dipun tundung medal sideman. Murih saé lan leresing prakawis, prajogi menawi pangageng ing kita ngriki dateng pijambak ing pakundjaran lan ngirid kula sami medal saking ngriki.” Utusan mau bandjur ngaturaké pangandikané Paul marang para panggedéné kuća kono, temahan pada adjrih; enggoné pada rembugan mengkéné: „Jèn njata wong loro iku wong Rum, senadjan asli Jahudi, aku pada keluputan, djalaran wong Rum ora kena disapu. Jèn wong mau ora trima lan ngunggahaké prakarané nganti tekan Sang Prabu ing Rum, aku mesti pada kaukum.”

Para panggedéné kuća kono bandjur énggal-énggal menjang ing pakundjaran sarta pada ngrerepa Paul lan Silas diirid medal lan diaturi nilar kuća Filippi mau.

Bareng wong-wong mau wis pada ngakoni enggoné pada tumindak sawenang-wenang tanpa panitipriksa, lan pada njuwun ngapura, Paul lan Silas tumuli bidal nilar kuća Filippi.

Tindaké saiki nratas tanah Junani saja suwé saja bablas.

DÉWA KANG ORA KASUMURUPAN

KATJARITA tindaké para utusané Gusti bablas ndladjahi désa ngadésa apadéné kuća lan negara; ing saenggon-enggon diadegaké pasamuwané wong Kristen. Wong-wong sing wis pratjaja marang Gusti Jésus lan kabaptis, iku tansah pada kumpulan perlu nitipriksa surasaning Kitab lan pada rerembugan bab karahajon sing wis dirasakaké ing sadjroning uripé, supaja bisaa nularaké karahajon mau marang wong lija, sanak sadulur lan pawong mitra sing pada durung ngerti dalaning karahajon. Awit saka kang mengkonon mau sangsaja suwé sangsaja ngambra-ambra tebané pasamuwan Kristen ing wewengkoné tanah kono. Rasul Paul lan kantiiné ora kèndel nenggoni pasamuwan saenggon baé, nanging tansah mlémbar menjang panggonan sing durung naté dirawuhi, supaja wrataa gumelaré pangandikané Gusti ana ing tanah Junani. Pasamuwané wong Kristen sing ditilar, pangrumaté kapasrahaké marang wong sawetara sing dipilih dadi pangarep, lan lumrahé disebut para *pinituwa* utawa *djuru pamomong* ing pasamuwan.

Nalika semono tindaké rasul Paul kadèrèkaké Silas lan Timotéus, tekan ing kuća Tessalonika lan Béréa. Ing kuća-kuća mau ija akèh wong sing pada nampani piwulang anjar lan pratjaja marang Gusti Jésus, nanging ana ing kono ija akèh wong Jahudi sing pada nglawan lan nganiaja marang Paul sakanjiné. Lan wis bola-bali wong sing bijèn nguja-uja wong Kristen ngalami dikuja-kuja déwé, temah uripé tansah kinalang-kalang ing bebaja. Senadjana mengkonon rasul Paul ora gigrig déning pangantjam, malah saja mepeng enggoné nindakaké ajahané neksèni asmané Gustiné ana ing ngarepé wong akèh. Ija mengkonon iku wataké abdi sing mbangun-turut lan setya-tuhu ngantepi pakoning Gustiné.

KOTJAPA tindaké Paul tekan ing kuća Aténé. Rawuhé ing Aténé pijambakan, djalaran Silas lan Timotéus ditilar ing Béréa.

Kuća Aténé iku kuća-kradjané tanah Junani, kuća ramé, pusering kabudajan lan kagunan, guðang ngèlmu lan kapinteran, kuća sing misuwur asri déning gedong-gedong kabujutan lan puri kang rinengga-rengga ing retjané para déwa kang awig gawéané. Pepeti-ngané para sardjana-pandita pada ngadegaké padépokan ana ing kuća Aténé, panggonan nggelar ngèlmu kasunjatan lan kabatinan.

Sasuwéné ngentosi tekané Silas lan Timotéus ana ing Aténé, Paul tindak mider-mider ing djero kuća, nanging banget kagol galihé marga nguningani akèhing kabujutan lan retja-retjané. Pantjèn éndah lan asri disawang awit saka awiging gawéané, nanging Paul uga mirsa jèn iku kabèh dadi pirantiné wong-wong ing kono enggoné pada nindakaké panembah sing kliru, awit ora ngerti marang sadjatining panembah marang Allah. Satemené wong-wong ing Aténé iku mesakaké, djalaran tetéla jèn mlarat lan keblinger budiné. Saupama pada gelem ngrungokaké marang piwulangé Paul, wong-wong ing Aténé bakal diwènèhi banda kasukman sing langgeng sing adjiné ngungkuli radjabrana ing donja. O, bok ija pada gelem ngrungokaké!

Ing antarané kabujutan ana mesbèh sing mawa tjiri tulisan mengkéné: „Kondjuk ing déwa ingkang boten kasumerepan”. Bareng Paul maos tulisan mau, Paul mung gèdèg-gèdèg menggali kaanané wong Aténé: „Wong Aténé pantjèn pada duwé watak seneng nindakaké pangibadah, dalah déwa sing durung disumurupi wis digawèkaké mesbèh, supaja adja ana déwa sing kliwatan nganti ora disaosi kurban. Mulané mengkonon djalaran atiné satemené pada ngandut was lan sumelang bokmenawa kesiku ing déwa sing ora disumurupi mau! O, mesakaké temen!”

MARGA saka nguningani katjingkrangané wong Aténé mungguh ing kasukmané, Paul ngangah-angah arep njritani wong-wong mau bab dalaning karahajon lan bab gedéning sihé Allah marang djagad, mulané bandjur nekani masdjidé wong Jahudi utawa menjang ing pasar-pasar ing panggonané wong akèh pada nglumpuk, lan ana ing kono bandjur ngadjak rerembagan sadéngah wong sing kepetuk. Saben dina Paul menjang ing pasar arep nggelaraké piwulangé; sing mengkono iku mung naluri adat-tjarané wong Aténé. Sadéngah wong sing duwé kawruh utawa ngèlmu, iku wenang nggelaraké kawruhé ana ing ngarepé wong akèh, lan adaté papan sing adakan akèh wongé iku pasar, utawa alun-alun utawa pinggir dalan gedé. Apa manèh wong Aténé karem banget rerojoman ngrungokaké wong sing ngébaraké kapintèrané. Dadi wis klebu adaté wong Aténé: sing pinter pada njorahaké kawruhé lan wong-wong lijané karem ngrungokaké samubarang kang anjar.

Nalika semono ana sardjana sawetara sing wis tau diadjak wawan witjara déning rasul Paul, pada ngaturi Paul menjang ing Aréopagus. Déné sing diarani Aréopagus iku awudjud papan mungkur, ana omahé kabujutan mawa undak-undakan marmer, prasasat njadijani papan lungguh wong pirang-pirang atus jèn pinudju pada nglumpuk ing kono ngrungokaké wong sesorah awit Aréopagus kena diarani panti-sraséhan kanggo para sardjana Aténé.

Rasul Paul bandjur djumeneng ana ing satengahé Aréopagus mau sarta mekar sabda. Paul ngandikakaké mesbèh jasané wong Aténé sing mawa tjiri tulisan: Kondjuk ing déwa ingkang boten kasumerepan, Mangka Paul ngerti sapa satemené sing djumeneng déwa sing ora kasumurupan mau, nanging sing ija dibektèni déning wong Aténé, tandané pada gelem ngjasakaké mesbèh. Wosing wulangan sing arep digelaraké iku ora lija mung arep awèh sesuluh marang wong Aténé mungguh Allah kang sedjati, kang nitahaké langit lan bumi, dalah segara saisèn-isèné kabèh, ija Allah kang ngasta pati-uripé manusa lan kang djumeneng sangkan-paraning dumadi, nanging Allah iku ora dedalem ana ing kabujutan gawéaning manusa Paul bandjur ngandikakaké gedéning sihé Allah marang djagad, ija marang sakèhé manusa nganti masrahaké Putrané ontang-anting, supaja sadéngah wong kang pratjaja marang Pandjenengané, adja nganti nemu karusakan, nanging nduwènanana urip langgeng. Ing kono Paul bandjur ndjlèntèrhaké bab Gusti Jésus enggoné wis nglampahi nandang sangsara lan séda ing kaju salib, nanging

wungu saka ing antarané wong mati

Nanging bareng Paul ngandikakaké bab tanginé wong mati, wong-wong Aténé bandjur njela, udjaré: „Sampun, tjekap semanten. Bédjing kémawon kula badé sami mirengaken sesorah sampéjan malih bab prakawis punika.” Golongané para sardjana ing Aténé sing pada rumangsa wis ngentèk ngèlmuné, pada ora ngandel marang katerangané Paul bab patangéné wong mati. Paul malah diarani durung mateng kawruhé lan pada digeguju. Dadi ana ing antarané wong-wong sing sugih kawruh lan ngèlmu, semu-semuné Gusti Jésus ora bakal olèh papan

Éwadéné ana uga wong sawetara sing pada ngandel marang pangandikané Paul lan mandjing pratjaja marang Gusti Jésus, temah kelakon pada dibaptisi. Wong-wong mau pada dipojoki kantja-kantjané, déné kok nganti kèlu marang obrolané wong ngotjèh, rak aluwung ngrungokaké wedjangané para sardjana Aténé sing wis kalok kapintèrané Nanging wong sing pada mandjing pratjaja mau ora pasah dibebolèhi, djalaran wis pada yakin jèn wis pada njandak marang kawitjaksanan lan karahajon sing langgeng ing salawas-lawasé.

Gedong-gedong kabujutan lan retja-retja brahala sing ana ing Aténé djaman semono, wis pada dadi djugrungan, akèh sing luðes tanpa tilas. Para sardjana sudjana dalah ngèlmuné sing dakik-dakik saiki wis kesilep lan ora kotjap manèh, nanging kosokbaliné: Indjil sing digeguju wong akèh ana ing Aréopagus, wis gumelar ing sawratané djagad lan ndjalari wong éwon lan jutan sing pada olèh katentreman lan karahajon langgeng.


ANA ING ÉFESUS

KATJARITA ing tengah alun-alun ing kuṭa Éfesus ana wong akèh pada rubung-rubung, kaja-kaja lagi pada ngobong uwuh, kukusé nglandeng kumelun menḍuwur. Njatané dudu wong ngobong uwuh, djalaran sing pada rubung-rubung mau kabèh katoné gagah mrijajèni lan sing diebrukaké ing geni iku dudu uwuh, nanging gulungan kitab gedé tjilik, kitab primbon, kitab ngèlmu tenung, pawukon lan pètungan warna-warna, kitab karangané para pudjangga, sing adaté dipepetri lan diadji-adji, iku kabèh diobong kaja uwuh sing tanpa guna, mangka pangadjiné kabèh bareng digunggung ketemu ana limang leksa dirham selaka.

Wong-wong mau pada ora éman mbuwang barang sing mauné dianggep akèh pangadjiné, iku ndjalari gumuné wong sing pada nonton,



MENGGONO MANÈH WONG KANG MAUNÉ OLAH PANENUNGAN, IJA AKÈH KANG PAÐA NGLUM-
PUKAKÉ LAJANG-LAJANGÉ, BANDJUR DI OBONGI ANA ING NGAREPANÉ WONG AKÈH



awit wong-wong mau pađa ora bisa nindakaké panenungan manèh

Apa ta djalarané nganti pađa tumindak mengkonono?

Ing kuća Éfesus mau ana wong Jahudi aran Akwila lan somahé aran Priskilla, pađa tukang gawé tarub. Lan ana wong sing nunggal sapa mondokan lan panggaotan karo Akwila mau; saben dina peťel enggoné njambutgawé supaya anaa pametuné sing minangka tjagak urip. Nanging jèn wis sela pagawéané utawa jèn pinudju dina Sabbat, wong mau mesti ndjadjah mider-mider ing kuća kono Mangka saupama gelem, wong mau bisa sugih lan pametuné turah-turah, djalaran bisa marasaké sadéngah lelara, malah bisa nunđungi demit lan nindakaké kaélokan. Kaluwihaning kasektèné ngéram-éramaké banget, kajata: wis tau kelakon katju utawa sasab pangkon sing mentas dienggo, jèn ditumpangaké ing wong lara, larané mesti mari lan demité pađa metu. Nanging wong mau babar pisan ora gelem nampani wedjani utawa upah, apadéné ora kepéngin dialebana lan disuba-suba ing akèh. Enggoné nampik mau tansah nganggo katerangan mengkéné: „Dudu aku, nanging Gustiku sing kagungan kasektèn lan pangwasa.”

Lan sing tansah ditjritakaké lan digunem ana ing ngarepé wong akèh iku mung Gustiné lan bab katresnané Gustiné marang wong sadjagad.

Anadéné wong sing dadi tukang gawé tarub, sing pasadja banget uripé, nanging sing duwé daja kakuwatan sing gaib, iku rasul Paul!

KATJARITA sawisé lereb sawetara mangsa ana ing kuća Jerusalèm, rasul Paul bandjur biđal manèh, tindak kang kaping teluné nggelaraké Indjil marang djagad. Akèh pasamuwan sing dituwèni lan disantosakaké kapratjajané. Rasul Paul banget suka sokur ing galih, déné akèh wong Jahudi utawa kapir sing pađa dadi kagungané Gusti lan Karatoné Allah ana ing djagad saja suwé saja tumangkar lan saja djembar tebané.

Nalika semono Paul rawuh ing kuća Éfesus, kuća palabuhan lan padagangan sing ramé, nanging sing kebak panasaran lan panggawé dosa warna-warna. Paul wiwit memulang ana ing kono. Padatané wong Éfesus, samangsa lagi kesompok ing pakéwuh, plajuné mung menjang panggonané dukun tenung lan djuru peťek utawa nudjum, pamurihé supaya atiné sing peteng bisaa olèh pepađang, lan nalaré sing putek bisaa diledjaraké. Ing tengah kuća Éfesus ana kabujutané baťari Diana, sembanané wong Éfesus. Ing djero kabujutan mau ana retjané baťari Diana, lan udjaré wong

Éfesus: „Retja iki retja tiban, tumurun saka kajangan, mulané sutji!”

Nanging bareng rasul Paul wiwit nggelaraké wulangané, wong ing Éfesus akèh sing pađa salin padatan. Saiki wong-wong sing lara ora diđukunaké, nanging digawa menjang ngarsané rasul Paul, temah pađa diwarasaké atas asmané Gusti Jésus. Sing pađa sowan ing ngarsané Paul ora mung wong lara baé, dalah sing pađa karoban ing sedih ija njuwun pitulungané, lan rasul Paul dangan maringi panglipur sarana sih-rahmaté Gusti Jésus sing wis naté nandang sangsara lan séda lan tansah kepareng miludjengaké saben wong sing pratjaja marang Pandjenengané.

Para dukun tenung lan djuru peťek akèh sing pađa nampani wulangané rasul Paul, djalaran ngèlmu sing mauné dianggep peťingan iku satemené mung lalahan lan ngajawara lan sing akèh-akèh mung apus-krama. Mulané kitabé primbon sing akèh pangadjiné mau pađa diobongi Padatané sing lawas wis dibuwang, salin padatan anjar.

Padatan anjar mau ija mahanani owahing kaanan ing kabujutané baťari Diana. Adaté kabujutan mau ora tau lowong ditekani wong akèh sing pađa saos bekti marang Diana, nanging saiki ing kono katon sepi, sing isih pađa mrono kena diwilang tjatjahé.

Marga saka pandamelé rasul Paul golongané wong sing pratjaja marang Gusti Jésus saja mundak gedé.

NANGING kotjapa si pangawak dur-sila ora ketlompèn. Iblis sing tansah mbudidaja murih rusaké sakèhing prakara sing bener lan betjik, saiki arep tumandang nggèndèng manusa saka ing ngarsané Allah.

Ora kabèh wong ing Éfesus pađa tresna lan sumujud marang Paul, ana uga sing ngendèm sengit lan nglawan marang abdiné Gusti. Wong sing kaja mengkonono iku sing tansah mindeng ngojak kasugihan lan kawibawan, lan demen ngrungokaké pangglembuking Iblis. Ing kuća Éfesus ana kemasmané djenengé Démétrius, sing panggawéané gawé pepetán selaka kabujutané Diana. Démétrius sakantjané para kemasmané bisa olèh kauntungan gedé saka enggoné ngedoli pepetán selaka mau, saja manèh jèn pinudju ana rijaja ing sasi Mei, wong-wong mantja negara sing pađa djijarah menjang ing kabujutané Diana, iku mesti pađa tuku pepetán selaka gawéané Démétrius. Pepetán mau ana ing omah bandjur dipepetri lan disudjudi, kaja-kaja baťari Diana manggon ana ing djero pepetán selaka kabujutané. Ana manèh kemasmané sing pađa nggawèni mainan utawa lentjana gambaré Diana. Akèh wong Éfesus sing nganggo mainan mau minangka djimat panangkising bebaja. Kaanan

mengkono iku ndadèkaké sugihé para kemasaning Éfesus, jaiku nalika dagangané isih paju, nalika wong Éfesus durung ana sing wanuh marang rasul Paul, lan durung pada pratjaja marang Allah sing diwulangaké déning Paul.

Nanging saiki?

Saiki kabujutané Diana saben dina mung diliwati baé, arang wong sing mampir mrono, mengkono uga dagangané Démétrius sakan-tjané, arang wong sing ngemèk. Wong-wong saiki wis ora ngandel marang kasijaté mainan utawa pepetan selaka mau, rak isih akèh prakara sing luwih adji lan luwih mulja katimbang barang gawéané Démétrius.

Démétrius ngerti sing ndjalari munduring pametuné, iku ora lija mung wong Jahudi sing tekané mrono nggelaraké ngèlmu anjar. Mulané Démétrius ing batin wis ngintjimitjim marang Paul. Démétrius bandjur nglumpukaké kemasaning lan para krija sing tunggal garapan, lan pada dirembugi mengkéné „Hé, kantja-kantja kabèh, dika pada sumurup jèn pagawéan niki ndadèkaké karedjan kita. Mangka dika pada ndeleng lan ngrungu bab si Paul niku, jèn empun mbudjuki lan nasaraké wong pinten-pinten, boten ngemungaké onten ing Éfesus ngriki mawon, malah dalasan mèh satanah Asia kabèh, udjaré jèn bangsa garapaning tangan niku dédé Allah. Kang niku boten ngemungaké bujukan niki mawon sing kuwatir bakal dadi tjamah, malah dalasan pasutjèné batari agung Diana bakal dadi sawijah-wijah, napa malih sirna kaluhurané kang dibektèni onten ing satanah Asia lan ing sadjagad kabèh.”

Wong sing kumpulan mau bareng pada ngrungu tembung pambelohé mengkono mau, bandjur pada banget nepsuné, sarta pada nguwuh-uwuh, pangutjapé: „Agung Sang Batari Diana, sembahané wong Éfesus!” Satemené enggoné pada nepsu mau ora marga saka arep mbélani batari sesembahané, nanging marga saka ilanging kauntungané . . . Wong-wong mau sadalan-dalan pada nguwuh-uwuh mengkono, temahan wong sanegara pada kagègèran kabèh, lan gumrudug mlajoni ing panggonané wong pada busekan. Wong sing pada nguwuh-uwuh mengkono mundak-mundak tjatjahé, nganti gumuruh swarané wong golongan gedé sing pada nguwuh: „Agung Sang Batari Diana, sembahané wong Éfesus!” Mangka sing akèh-akèh pada ora ngerti dong-dingé enggoné njuwara mengkono iku. Para kemasaning pada nggolèki rasul Paul, nanging bareng ora ketemu, bandjur ngglanggang wong Kristen loro, pada kantjining tindaké Paul, digawa menjang ing panontonan, jaiku menjang ing alun-alun kuça. Paul pi-jambak, bareng mireng gègèré wong golongan, kersa murugi wong akèh, nanging dipenggak

déning para murid, awit kuwatir bokmenawa Paul bakal nemu bilai.

Nanging ing satengahé oreg-oregan mau ana sawidjining wadana-tjarik sing madju njirep wong golongan, pangutjapé: „Hé, wong Éfesus, sapa ta wong kang ora sumurup jèn negara Éfesus dadi pambaureksa kabujutané batari agung Diana lan retja tiban saka ing langit? Nanging wong kang koseregaké iku ora nglakoni njolong amaling kabujutan, ora njenjamah batarimu. Dadi beneré kowé pada ditentrem, adja keganasen ing pratingkah. Déné menawa Démétrius lan kantjané para krija pada duwé prakara marang wong, ana pratikelé pradata, lan ana bupatiné, karebèn pada gugat-ginugat. Jèn isih ana prakara lijané, betjik dirampungna ing pasamuwan kang sah. Awit aku kuwatir bokmenawa kita pada didakwa gawé rerusuh, mangka satemené ora ana djalarané, temah kita pada ora bisa ngaturaké pandjawab bab anané rerusuh mau. Mulané kowé kabèh pada muliha menjang omahmu déwé-déwé!” Bareng dipituturi mengkono iku, wong golongan bandjur pada bubaran.

Mengkono iku dadiné Paul lan kantiné pada dipitulungi déning wadana-tjarik, temah pada ontjat saka pangamuké wong golongan. Lan satemené mengkono iku patrapé enggoné Allah ngajomi abdiné saka pangantjamé Démétrius sing kena ing panggalembuké Iblis.

SAWISÉ lelakon mau rasul ora antara suwé bandjur nilar kuça Éfesus, ngladjengaké tindaké nuwèni pasamuwan ing tanah Junani lan Makedoni. Menjanga ngendi tindaké, rasul Paul ora naté was sumelang, awit wis yakin jèn gesangé iku kaasta déning Allah kang Mahakawasa.

Pasamuwan Kristen ing Éfesus iku kalebu pasamuwan Kristen sing gedé lan mondjo nganti pirang-pirang taun lawasé.

WONG LELARAN

RASUL Paul wiwit ngalami sangsara lan pait-getir ana ing sugengé. Sawisé lelana nggelaraké Indjil, bandjur kondur menjang Jerusalem lan marga kawangsit déning Roh Sutji, Paul pirsia jèn bakal nemahi disangsara lan dikundjara. Wong-wong Kristen ing pasamuwan-pasamuwan sing dipamiti pada ngrasakaké prihatin, djalaran bakal pada ora ketemu manèh karo guru lan panuntuné ana ing alam donja kéné.

Anadéné rasul Paul isih adjeg tatag lan gambira lan ora kagungan was sumelang babar pisan. Wis ana rong puluh taun luwih enggoné ngabdi marang Gusti Jésus klawan setya-



tuju, lan saiki ora bakal suwala jèn kudu mungkasi pangabdiné mau klawan nandang *sangsara*.

Nalika para mitrané ing Késaréa pada duwé atur panjuwun marang Paul, supaja adja nganti tindak menjang Jerusalèm, wangsulané Paul: „Kowé iku keprijé déné pada nangis lan nrenjukaké aku? Aku wis tjumadhang ora ngamungaké *dibanda*, malah senadjan kongsia dipatèni ana ing Jerusalèm krana saka Asmané Gusti Jésus, aku ora bakal suwala!”

Dadiné Paul wis tjumadhang, malah ing batin ngarep-arep bisaa rawuh ing Jerusalèm manèh arep njerep-njerepaké wong Jahudi sing pada keblinger déné nganti wani njalib marang Gusti Jésus, Pamartaning djagad. Muga-muga bangsané déwé saiki adja mangkotaké atiné lan pada gelema mratobat lan ngrumangsani kaluputané, bandjur pratjaja marang Gusti Jésus. Rasul Paul tansah rumaos prihatin, déné sing pada nampik lan njatru marang Gusti Jésus iku malah *bangsa Jahudi*.

KOTJAPA sarawuhé Paul ing kuća Jerusalèm, wong-wong Kristen sing dituwèni pada bungah-bungah. mengkono uga ing kalangané wong Jahudi sing pada dadi satruné, nanging kabungahané mau sédjé nalaré. Wong sing sengit pada bungah, djalaran saiki bakal pada bisa nandukaké pamales. Lan sing bakal ditanduki pamales iku abdiné Gusti Jésus sing ora tau lowong enggoné neksèni asmané Gustiné ing saben wajah lan ing saenggon-enggon, mangka piwulangé rasul Paul dirungokaké déning wong maèwu-èwu lan akèh sing pada mandjing dadi muridé Gusti Jésus, sing séda kasalib

Jésus? Wong Jahudi isih kemropok jèn ngrungu tembung Jésus!

Lan Paul? Paul ija disengiti, djalaran muridé!

Saiki Paul wani mlebu ing Jerusalèm, bebasan kaja iwak kalebu ing wuwu, wis mesti ora bakal mrutjut manèh saka ing tangané. Wong Jahudi durung lega rasaning atiné jèn durung kelakon matèni Paul!

Nalika Paul wis lereb sawetara dina ing Jerusalèm, bandjur mlebet ing padaleman sutji. Bareng wong-wong Jahudi sing wis nganti-anti rawuhé Paul, pada meruhi satruné, bandjur pada kumrubut ngrojok Paul, temah diglandang metu saka ing padaleman sutji arep dipatèni. Jèn ora ana pitulungan, wis mesti Paul bakal nemahi mati dikaniaja wong akèh

Nanging ora adoh saka ing palatarané padaleman sutji ana bètèng sing aran bètèng Antonia, ing kono panggonané para pradjurit Rum dalah panèwuné sing djeneng Lisias, sing

tinanggenah ndjaga tata-tentreming negara. Bareng ana sing ngaturi warta jèn wong sanagara Jerusalèm pada busekan kabèh lan gumedering swara krungu tekan ing bètèng, Lisias bandjur énggal ndawuhi pradjurité supaja ngrebut wong sing arep dipatèni saka ing tangané wong akèh. Pradjurit Rum sabregada sing pada sikep pedang lan tumbak bandjur rikatan marani lan ngrebut Paul saka ing tengahé wong Jahudi. Pangrebuté mau kudu dibandani kakuwatan, djalaran wong Jahudi tandangé kajadéné kéwan galak sing arep direbut memangsané. Nalika Paul arep dilebokaké menjang ing bètèng, wong golongan genti nempuh arep ngrebut Paul, temahan Paul nganti kelakon diusung déning pradjurit, supaja adja nganti tumiba ing tangané wong Jahudi manèh. Bareng Paul wis ora kena direbut, wong golongan isih pada alok-alok: „Kasirnakna wong kuwé!”

Nalika Paul arep dilebokaké ing bètèng, bandjur matur marang panèwu: „Kula mugi kelilana mitjanteni dateng tijang kañah punika? Panjuwuné Paul diparengaké, mulané bandjur djumeneng ana ing duwur undak-undakan, tumuli kumlawé astané murih sirepé wong akèh. Ora antara suwé wong golongan wis dedep sirep, senadjan atiné mangkel, éwase-mono ija kepéngin ngrungu apa sing dipangandikakaké Paul.

Paul bandjur wiwit njrijosaké asal-usulé nganti tekan enggoné nindakaké panguja-uja tumrap golongané wong Kristen, atas terang saka pakoné imam agung, lan nganggep awaké déwé dadi lawanané Jésus Nasarani dalasan para muridé kabèh. Nanging bareng lagi diutus menjang kića Damuskus, satekané ing satjedaké kuća, dumadakan ana tjahja gumbjar saka ing langit lan tjlerètè nglimputi sarirané.

Paul njrijosaké enggoné ditelukaké lan ditobataké déning Jésus Nasarani, sing pinarak ana ing swarga, lan sing mirsa lan nguningani samubarang kabèh, lan enggoné diparingi bebahan nggelaraké Indjil marang djagad. Paul uga njrijosaké lelakoné Stéfanus, nalika dibenturi watu nganti mati, mangka awaké sing nunggu sandangané wong-wong sing tjantjut mbenturi Stéfanus nganti mati Bareng tjritané tekan semono, wong akèh mau bandjur alok-alok manèh: „Kasingkirna wong iku, ora arus diuripi!” Kupingé wong akèh wis ora tahan ngrungokaké asma Jésus Nasarani, saben ngrungu tembung mau, bandjur muntab nepsuné, semono enggoné pada geting marang Gusti Jésus. Wong akèh wiwit pada busekan manèh, pada bengak-bengok, kambi mbuwangi djubahé lan njawur-njawuraké lebu menđuwur. Panèwu bandjur dawuh nglebokaké Paul marang ing djero bètèng,

luwar saka ing pangantjamé wong Jahudi, senadjan wudjudé kajadéné wong tahanan tur nganggo dibanda. Wiwit nalika iku rasul Paul dadi wong lelaran nganti tetaunan.

KOTJAPA bareng olèh sawetara dina, ana ing djero bètèng mau Paul disowani botjah lanang, isih kepernah putra kepénakan, sarta bisik-bisik ngaturi uninga prakara sing gawat. Botjah mau ngaturi uninga bab anané paékan sing arep ditindakaké wong Jahudi sing wis pada supata ora bakal mangan lan ngombé, jèn durung kelakon njédani Paul. Sedyané wong-wong mau dirudjuki lan dibi-jantu déning para imam. Wudjuding paékan sing arep ditindakaké mengkéné: para imam arep ngaturi rembag marang panèwu supaja Paul kasowanaké ing ngarsané pradata manèh sengadi arep ditlesihaké prakarané. Wong-wong mau wis pada miranti arep njirnakaké Paul sadurungé tekan ing ngarsané pradata. Enggoné pada rerasan mengkono iku klawan sideman, nanging meksa kebrodjol tekan putra kepénakané Paul. Botjah nonoman mau sarèh-né ngerti gawating prakara, mulané bandjur nékad mlebu ing bètèng ngaturi uninga marang Paul.

Paul midangetaké aturé mau klawan seđih, djalaran semono keblingeré wong Jahudi déné nganggep satru marang Gustiné. Sate-mené Paul ora kagungan kuwatir, éwadéné botjah mau didawuhi matur déwé marang ngarsané panèwu. Sawisé matur saperluné, botjah mau bandjur diweling wanti-wanti: „Poma, adja tutur-tutur marang wong jèn kowé wis nglairaké prakara iku marang aku.” Sawisé mengkono panèwu mau bandjur nimbali panatus wong loro, kađawuhan ngungsèkaké Paul menjang kabupatèn. Lan ing wajah bengi iku uga Paul kelakon diungsèkaké nganggo pandjagan sing kuwat metu saka ing kuća Jerusalèm menjang kuća kabupatèn ing Késaréa, dikantèni lajang kondjuk ing ngarsané bupati Félik

Ing wajah bengi iku wong ing Jerusalèm pada ngerti jèn ana barisan dibudalaké metu saka ing bètèng nanging ora ana wong sing ngerti jèn ing satengahé pradjurit djaranan ana wongé lelaran, jaiku Paul sing arep diungsèkaké. Mengkono iku patrapé enggoné diontjataké saka ing paékané wong Jahudi.

Gagasané Lisis: „Prakarané saiki dakung-gahaké menjang ngarsané bupati Félik, dadi aku wis ora duwé tanggungan manèh. Wong iku satemené ora duwé kaluputan, nanging aku ija ora wani ngluwari.”

WONG iku satemené ora duwé kaluputan, „mengkono gagasané Félik, bupati Rum sing ngasta pangwasa ana ing wewengko-

né tanah kono, nalika mriksa prakarané Paul lan midangetaké panggugaté wong Jahudi sing pada teka menjang Késaréa ing ngarsané pangadilan

„Satemené ora luput!”

Éwadéné Paul ora diluwari, isih adjeg dadi wong lelaran, ditahan déning bupati Félik, djalaran ana pangarep-arepé tapi duwit patukon luwaré Paul saka ing tahanan. Paul dadi lelaran nalika djamané bupati Félik nganti rong taun lawasé, mangka ora kabuktèn luputé.

Senadjana dadi wong lelaran, nanging para mitrané kena niliki Paul ing sawajah-wajah; apa manèh saiki Paul ora perlu dilebokaké ing sèl kajadéné durdjana, nanging ora djeneng merdika temenan, awit tansah didjaga déning pradjurit, mangka astané isih karanté.

Nanging sing ndjalari prihatiné Paul iku dudu pradjurit sing djaga utawa ranté sing mbanda astané, nanging enggoné ora bisa tindak nggelaraké Indjil marang djagad. Dadiné Paul ora bisa nindakaké ajahan sing disagahi, éwasemono Paul ija ora grundelan. Paul ngertos uga jèn sakèhélelakon sing tumempuh ing sugengé iku wis dadi kersané Allah. Paul mung tansah narimah ing sakersané Allah.

KATJARITA Félik digentosi kalenggahané déning bupati anjar, asmané Fèstus.

Paul lan para mitrané pada ketuwuhan pangarep-arep bisa énggal dirampung prakarané. Keprijé wewatekané bupati anjar iki, apa bakal luwih adil lan kendel katimbang Félik, temah wani ngluwari wong sing ditahan tanpa kabuktèn luputé?

Nanging bupati anjar mau ora nimbangi sing dadi pangare-arepé Paul dalah para mitrané. Wong Jahudi pada ngadjokaké panggugat manèh sing luwih abot, lan bupati Fèstus, senadjan pirsia jèn Paul iku ora duwé kaluputan, malah kagungan kersa ngintun Paul menjang Jerusalèm supaja diadili déning pradatané bangsa Jahudi. Lan kang mengkono iku mung marga saka enggoné kepéngin nglegani atiné wong Jahudi, kajadéné sing ditindakaké bupati Félik. Para bupati Rum sing ngasta pangwasa babar pisan ora menggalih arep nindakaké kaadilan ing samesiné.

Nanging Paul mangsuli klawan tjeťa: „Pandjenengan pijambak pirsia bilik kula boten kalepatan punapa-punapa, mila kula inggih boten purun dipun adili déning pradatanipun tijang Jahudi. Menawi kula saestu lepat, lan kedah kaukum kisas, kula boten lenggana pedjah. Nanging jèn boten lepat, kula inggih boten purun dipun dadosaken wadal kanggé nglegani panjuwunipun sawenèhing golongan namung karena pilih kasih. Kula njuwun su-

mengka datang pangadilanipun Sang Prabu." Bupati Fèstus pirembaran disik karo para najakané, bandjur ngandika: „Kowé njuwun munggah marang Sang Prabu, ija bakal lunga séba marang ngarsané Sang Prabu!"

Nanging kelakoné iku mau ija ora tumuli, djalaran durung ana prau sing arep mantjal menjang ing kuṭa Rum. Paul isih kudu ngenṭèni sawetara lawasé ana ing kuṭa Késaréa. Lan ing nalika iku Paul isih kaparingan wewengan nggelaraké piwulang bab Sang Djuru Slamet marang wong sawetara.

Kelakoné iku nalika radja Agrippa karo garwané, Berniké, paḍa rawuh ing dalem kabupatèn ngagem kaprabon, bandjur lumebet ing gedong paséban, arep pinanggih karo bupati Fèstus. Ing kono Agrippa ngandikakaké jèn kepéngin ningali lelaran sing kerep dadi rembagé para panggedé.

Fèstus bandjur dawuh njowanaké Paul ana ing ngarsané radja Agrippa lan para prijagung lijané, lan ana ing kono Paul olèh wewengan ndjlèntrehaké bab gedéning sihé Gusti Jésus marang para wong dosa; sapa sing pratjaja marang Pandjenengané, bakal kapitulungan rahaju.

Para prijagung mau paḍa muguhaké galihé, awit uripé sing saiki kebak dosa malah dadi pakaremané, éman-éman jèn ditinggala, apamanèh paḍa ngarani jèn ora ana sing bisa ngungkuli nikmat lan muljané urip sing saiki, mulané apa perluné ngowahi kaanan sing dianggep sampurna?

Nanging Fèstus bandjur njelani klawan swara seru: „Èh, Paul, kowé ngomjang, kaduk ing kawasisan kang marakaké ngomjangmu iku!" Déné radja Agrippa ngandika semu ngérang-érang: „Mèh baé kowé bisa ngrimuk aku mandjing Kristen!"

Para prijagung mau wis paḍa ngertos marang dalaning karahajon, nanging paḍa ora kersa ngakoni jèn uripé iku kebak dosa, panganggepé sing ditindakaké iku kabèh wis betjik lan prajoga, mulané ija ora mbetahaké pitulungané Sang Djuru Slamet, malah para prijagung mau paḍa kamiwelassen ningali Paul déné kemuluken gagasané lan keḍuwuren gegajuhané . . .

Paul bandjur dibalèkaké manèh menjang ing pakundjaran.

L AN ana ing kono Paul nganti-anti klawan sabar . . . Katentreman lan kabungahan sing ana ing galihé wis ora bakal owah-owah.

AJEM TENTREM ANA ING PANGAJOMANÉ GUSTI

I NG wusana kapal lajar sing arep ngateraké rasul Paul menjang negara Rum, mantjal

saka ing palabuhan Késaréa. Sing mandégani laku jaiku panatus pradjurit kang aran Julius, wong Rum. Prau mau momot wong lelaran akèh lan pradjurit sawetara sing kudu ngawat-awati lelaran mau. Ana djuru muḍi lan djuragané apadéné para pambelahé sing paḍa nglakokaké prauné . . . Ana ing antarané wong-wong mau rasul Paul katoné mung kaja wong sing tanpa daja prabawa, wong lelaran sing tangané diranté.

Éwadéné . . .

Enggoné paḍa lelaran menjang negara Rum iku tjaloné ora mung seḍéla, mangka ija ora sepi ing bebaja.

Nalika semono mangsa panas wis mèh kepungkur, bandjur ngantjik mangsa rontog, akèh udan lan barat . . . Wong sing wani nglakokaké prau ing segara meneri ing mangsa udan, iku mestiné dudu wong baèn-baèn, mestiné malim sing wis akèh pangalamané. Wong kaja mengkono iku èmperé baé Julius utawa djuru muḍiné . . .

Mungguh rasul Paul, ana ing kapal mau ora digapé babar pisan. Senadjan betjik pangrengkuhé Julius marang Paul nganti dililani nemoni para mitrané sadurungé buḍal, éwase-mono Paul isih adjeg dadi wong bebandan kaja lija-lijané.

BARENG tekan ing satengahing segara, prauné saben dina katempuh ing prahara, temah enggoné lajaran rindik-rindik, mèh ora bisa mbatjut marga kepangkaan angin. Jèn djuru muḍi lan pambelahé ora peng-pengan, prauné wis mesti mung dadi dolanané ombak lan angin.

Satekané ing kuṭa Mira, wong-wong mau bandjur paḍa ngalih ing kapal lajar sing buḍal saka tanah Mesir nggawa gandum menjang Rum.

Enggoné lajaran dibatjutaké nganti tekan ing palabuhan ing pulo Kréta. Sarèhné lajaran ing mangsa antarané mangsa panas karo beḍiding iku mbebajani banget marga saka gedéning ombak lan prahara, rasul Paul bandjur paring rembag, supaya paḍa lèrèn ana ing palabuhan kono nganti salebaré mangsa beḍiding. Nanging Julius mung gumuju baé, rembagé Paul pantjèn ija betjik lan klebu ing nalar, nanging Paul iku dudu ahli pelajaran ing segara, dadi panatus mau milaur ngandel marang djuru muḍi lan djuragan katimbang karo Paul. Enggoné lajaran arep dibatjutaké tekan ing kuṭa, ora adoh saka ing kono, wetara patang puluh mil dohé, kuṭa palabuhan sing adèpé ngiduḅ ngulon lan ngalor ngulon, luwih kepénak dilèrèni sasuwéné mangsa beḍiding, kira-kira sawetara sasi lawasé. Prauné lajaran rindik-rindik mlipir ing pulo Kréta, lakuné ora adoh. . .

WONG-wong mau pađa gegetun déné ora nggugu rembugé Paul, wong sing dinjana tuna ing kawruh mungguh ing pelajaran, ora weruha wong mau enggoné olèh kawruh iku marga kaparingan saka Allah pijambak.

Lagi baé prauné mantjal saka ing palabuhan, anginé wiwit mundak banter dadi prahara gedé. Prauné katempuh ing lésus kang aran Erokli don. Wong-wong mau pađa ngerti jèn lésus Erokli don iku kakuwatané ngébat-ébat temenan. Prauné kabuntjang mranan-mréne, ora bisa nduwa marang angin, mulané diumbar bandjur ngèli baé. Nganti pirang-pirang dina ora katon srengéngé utawa lintang-lintang lan rembulan, djalaran langité peteng katutupan ing mendung nggameng, mangka panempuhé prahara tanpa ana peđoté. Lajaré suwèk pating sluwir; tijang kapal katempuh sumijuting lésus tjoklèk kajadéné biting ditjoklèki; kemudiné wis ora kena dierèh manèh, dadi prauné mung ngèli manut arusing banju. Bareng njumurupi kaanané prauné sing njeđihaké mengkono iku, wong-wong mau peđot pangarep-arepé bisané olèh pitulungan, tjiptané mung bakal mati klelep ing segara. Pantjèn nijaté ora arep lelajaran adoh Wong mau pađa gegetun déné ora nggugu rembugé Paul

WONG sing ana ing prau mau kabèh pađa miris lan geter, kedjaba sidji sing duwé rasa ajem lan tentrem djalaran pangajomané Pangéran. Wong iku rasul Paul.

Paul ora mung tenguk-tenguk baé, nanging mèlu tetulung ing sabisa-bisané, lan tansah mbombong atiné wong-wong mau supaja adja nganti semplah. Lan nalika semono rembugé Paul digugu lan digatèkaké, djalaran kedajan déning ajem lan tentreming pangalihé.

Ing sawidjining dina, nalika Paul ditutup ing pakundjaran ing kuća Jerusalèm, Gusti djumeneng ana ing ngarepé sarta ngandika: „Paul, sira dikendel, déné pađa kaja enggonira wus neksèni bab ingatasé Ingsun ana ing Jerusalèm, mengkono sira ija perlu neksèni ana ing Rum uga.”

Dadi tjeťa ana ing negara Rum, rasul Paul wis yakin, jèn kudu ngadep ing ngarsané sang prabu ing Rum, mulané mesti ora bakal mati ing segara djalaran katempuh ing lésus. Déné wong lija-lijané, wong lelaran, pradjurit, djuru muđi lan pambelahé, keprijé? Rasul Paul uga diparingi pirsan bab bakal kadadéjané wong-wong lijané sing ana ing prau.

Ing sadjroné kinurung ing bebaja pati, kinalang-kalang ing ombak prahara, rasul Paul djumeneng ing tengahé wong-wong ing prau sing pađa geter lan miris sarta klawan tatag enggoné ngandika: „Kantja-kantja, leresipun rumijin sami ngegaa dateng rem-

bag kula, boten mantjal saking Kréta, dados saged sumingkir saking bebaja pedjah lan kapitunan mekaten punika. Éwadéné sapunika sampéjan sami kula pituturi, dipun saké-tja ing manah. Amargi bađe boten wonten njawanipun panunggilan sampéjan ingkang tiwas, namung baitanipun kémawon ingkang boten saged kapitulungan. Djalaran wau dalu wonten malaékatipun Allah ingkang kula bektèni, djumeneng wonten ing ngadjeng kula sarta ngandikakaken bab prakawis punika sadaja. Mila kantja-kantja, sampéjan dipun saké-tja ing manah, sebab kula pitados dumateng Allah, bilih bađe kajampahan kados ingkang kapangandikakaken dateng kula wau. Namung kémawon kula kedah sami dumawah ing satunggaling pulo.”

Ing kono wong prau pađa mbatjutaké pagawéané klawan ngetog kakuwatan tanpa mangan, tanpa ngombé, lan tanpa lèrèn, dajadaja tekana ing salah sawidjining pulo.

BARENG wis olèh patbelas dina enggoné kombak-kombul kaontang-antingaké mranan-mréne ana ing segara, wetara wajah tengah wengi, ana aloking wong: „Daratané wis tjeđak!” Wenginé peteng ndeđet, éwadéné wong prau sing kulina ngambah segara, bisa nemtokaké jèn daratané wis tjeđak, marga ngrungu djumeguring ombak sing ambjar ana ing pesisir. Bareng didjadjagi, ketemu segarané mung kari rong puluh depa, sawisé mbatjut lakuné sawetara, ndjadjagi manèh ketemu limalas depa. Dadi saiki wis tjeťa, jèn segarané saja mundak tjeťa, ateges saja tjeđa menjang daratan. Wong sing ora kulina lelajaran, bareng ngrungu jèn daratan wis tjeđa, atiné seneng awit rumangsané bakal énggal mentas saka ing bebaja. Nanging wong-wong sing nglakokaké prau malah wedi, awit pađa ngerti, jèn saiki bebaja kèrem lan mati klelep saja mundak gedé, luwih gedé katimbang nalika isih adoh saka ing daratan. Daratan pantjèn wis tjeđa, nanging sadurungé mentas ing darat, adaté ana puntuk-puntuk karang utawa klabar, lan ana ing kono prauné kebanting utawa kanđas temah remuk déning panempuhing alun gedé

Wong pambelah sing pađa ngerti bab ananing bebaja mau, bandjur pađa sarudjuk arep minggat nganggo sampan supaja bisa slamet mentas ing darat, ora perduli wong-wong lijané apa bisa kapitulungan apa ora.

Sarèhné kuwatir menawa kanđas ing parang, mulané pađa mbuwangi djangkar lan bareng karo nguđunaké djangkar wong pambelah sing pađa arep minggat, ija bandjur nguđunaké sampan sengadi mbuwangi djangkar. Nanging akalé wong mau konangan déning Paul. Paul bandjur matur marang panatus lan para pra-

djurit: „Menawi tijang punika boten lestantun wonten ing baita, sampéjan sami boten saged kapitulungan.” Julius kagèt, déné ana wong kok arep golèk uripé déwé. Pradjurité bandjur di dawubi: „Sampané tjegurana ing segara.” Pradjurit bandjur énggal pađa nigasi kendaraté sampan, ditjeguraké ing banju bandjur kèrem. Dadi para pambelah ora kaleksanan sedyané sing ora betjik mau, temah pađa kisinin. Déné para pradjurit katon pađa muring njumurupi pratingkahé para pambelah mau

Nanging ésuké, nalika ngarepaké raina, Paul ngatag-atag wong kabèh, pađa kaklumpukaké kapurih mangan, kaja-kaja sing dadi panggedéné kapal saiki rasul Paul, pangandikané: „Sampéjan dipun sakétja ing manah; sampéjan neđa lan ngombé, supados badan sampéjan dados kijat, awit sampun kawan welas dinten punika sampéjan boten kalebetan punapa-punapa. Mila sampéjan kula purih neđa lan ngombé, awit punika klebet marginipun anggèn sampéjan kapitulungan. Sebab sampéjan sadaja bađe boten wonten ingkang rentah rambutipun saeler kémawon.” Sawisé ngandika mangkono, Paul bandjur mendet roti lan saos sokur marang Allah ana ing ngarepé wong kabèh, lan rotiné sawisé ditjuwil-tjuwil, tumuli wiwit ðahar. Wong-wong mau pađa ngawasaké marang Paul klawan gumun lan éring, déné kok semono tatag lan manteping atiné marga saka pratjajané marang Allahé, wong sing dadi panunggalané wong lelaran, nanging djebul malah luwih luhur bebudèné katimbang karo wong lija-lijané

Sawisé wareg enggoné pađa mangan, wong-wong mau bandjur pađa mbuwangi gandumé ing segara, supaja prauné dadi èntèng, lan djangkaré pađa diketoki kabèh. Bareng wis ora digondèli djangkar, prauné dibablasaké déning ombak lan prahara ngener ing pesisir. Wong sing ana ing prau pađa ngerti jèn prauné sedéla manèh bakal ambjar kebanting ing parang utawa kanđas ing klabar, atiné senag-senig, embuh urip, embuh mati Para pradjurit kuwatir bokmenawa lelarané pađa minggat, mulané pađa sarembug arep matèni lelarané. Nanging panatus ngéman marang Paul, mulané ngampah kakarepané para pradjurit kang mangkono mau, apadéné préntah supaja ngutjuli ranténé, lan sapa sing bisa nglangi pađa dipurih njegur ðisik lan mentas ing ðarat. Déné sing kari pađa dipurih golèk urip déwé-déwé sarana reramon blabag utawa remukané prau. Wong ing prau sanalika krasa jèn prauné kanđas ana ing klabar, pérangané sing ngarep ambles ing weði ora obah, nanging sing buri remuk katempuh ing alun. Wong-wong mau kabèh

pađa njegur ing banju lan wekasané lestari mentas kabèh ing ðarat.

NALIKA malaékaté Allah ngetingali Paul lan djumeneng ana ing ngarepé, pangandikané mengkéné: „Adja kuwatir, Paul, wus masti kowé bakal séba marang ngarsané Sang Prabu. Lah kowé wus diparingi déning Allah sakèhé wong bebarenganmu nunggang prau.”

Apa sing dipangandikakaké mau, kelakon temenan. Tjatjahé wong kabèh ana rong atus pitung puluh nem, sidji baé ora ana sing tiwas.


Bareng wis pađa mentas kabèh, énggal bandjur pađa gawé geni beđijang, djalaran kabèh pađa ndrodog kađemen lan sandangané teles kabèh. Wong sing pađa manggon ing pulo mau pađa betjik atiné, mulané pađa ngréwangi lan njukupi sakabutuhané kabèh. Nalika pađa gawé totor gedé, Paul lan wong lijané pađa ngrakupi kaju réntjèk, ditumpangaké ing geni.

Kotjapa nalika Paul ija lagi numpangaké kaju ing geni, dumadakan awit saka panasé ana ulané mandi metu, njakot kančil ing astané. Wong-wong lijané bareng weruh ula mau kumlawèr ing astané Paul, bandjur pađa mundur lan njawang marang Paul semu welas. Gagasané wong-wong mau: „Wong iki mestiné gedé banget dosané, wurung mati klelep ing segara, saiki sida mati ditjakot ula mandi Delengen, tangané mesti abuh utawa wongé ambruk mati sanalika!” Nanging Paul ngipataké ula mau marang geni lan ora kelaran babar pisan, tangané adjeg baé ora nganti abuh, wisané ula mandi ora pasah tumama ing sarirané Paul Bareng wis suwé enggoné pađa ngentèni, mangka pađa weruh jèn Paul ora nemahi tiwas, bandjur pađa malik panemuné, lan pađa wedi marang Paul. Pangutjapé wong mau: „Wong iku apangawak déwa!” Wong mau pađa durung ngerti sapa satemené Paul iku.

Wong-wong mau nganti sawetara sasi enggoné pađa manggon ing pulo panggonané mentas ing ðarat, ngentèni lebaré mangsa beđiding. Pulo mau aran *Mélité* utawa *Malta*.

Ora adoh saka panggonan iku mau ana palemahan darbèké panggedéné pulo, nama Publius, wong tani sugih. Publius mau kang awèh pamondokan marang wong-wong sing pađa kanđas prauné telung dina lawasé. Kabetjikané Publius mau diwales tikèl déning Paul. Nalika semono ramané Publius lagi lara panas lan bebanju getih, mangka ora ana sing bisa nambani. Paul bandjur njelaki, lan sawisé ndedonga, sing lara bandjur ditumpangi asta, temah dadi lan warasé.

Bareng wong ing pulo kono pađa ngrungu warta bab kaéloké mau, bandjur pađa



„PAUL, RASULÉ JÉSUS KRISTUS, AWIT SAKA KARSANÉ ALLAH, TUMEKAA MARANG PARA SUTJI LAN KANG PADA PRATJAJA ANA ING PATUNGGILANÉ KRISTUS JÉSUS.”

marek marang ngarsané Paul kambi nggawani sadulur-saduluré sing nandang lelara warnawarna, lan sapa sing njedak, bandjur diwarasaké sanalika. Ana ing kono Paul ora lali nedhaké wong-wong mau marang Sang Djuru Slamet, kang kwasa maringi karahajon langgeng marang angger wong kang pratjaja marang Pandjenengané.

Telung sasi lawasé enggoné wong-wong mau pada dadi rerumatané wong ing Malta. Bareng ana kapal mantjal saka ing pulo Malta, wong mau kabèh pada mèlu mbatjutaké lakuné, disangoni apa sakabutuhané déning wong-wong ing pulo Malta, kagawa saka enggoné wis karoban kabetjikan déning pitulungané rasul Paul. Prau sing dinunuti mau atjiri gambaré déwa kembar, kang aran Kastor lan Poluks; bareng enggoné lelajaran olèh sawetara dina, lestari tutug ing tanah Itali klawan slamet.

Mengkono uga Paul. Satemené Julius kepéngin banget ngluwari Paul, supaja adja tansah dadi lelaran, nanging Julius ora wani nerak dawuhé sang prabu. Éwadéné Julius ora bosen njritakaké marang wong ing Rum bab kabetjikané Paul nalika pada bareng lelajaran. Awit saka kang mefigkono mau rasul Paul kelilan dedalem pijambak karo pradjurit sing

rumeksa, dadiné ora nganti dilebokaké ing pakundjaran kajadéné wong lelaran lijané. Mangka pamanggoné Paul ana ing dalem olèhé njéwa pijambak nganti lawas, nanging pangalihé Paul adjeg tentrem lan ajem djalaran tansah rumaos kaajoman déning Gustiné

WEKASANÉ lelakoné rasul Paul ora ditjritakaké ing sadjroné Kitab Sutji. Enggoné manggon ing negara Rum nganti rong taun lawasé lan ana ing dalemé pijambak mau Paul wenang nampèni sakèhé wong sing pada teka nemoni, pada diwartani bab kratoné Allah lan diwulangi bab Gusti Jésus Kristus klawan luwih tatag lan ora ana wong kang ngalang-alangi.

Prakara iku ndjalari kabungahané rasul Paul, senadjan dadia wong lelaran pisan, nanging isih olèh wewengan nggelaraké marang wong akèh bab sihé Gusti Jésus.

Salawasé dadi lelaran rasul Paul ora kèndel-kèndel njerat serat kintunan, minangka sulihé enggoné maringaké pangandika marang para wong Kristen sing pada manggon ing kuṭakuṭa, Korinta, Efesus, Filippi, lan serat marang para mitrané, jaiku Timotéus lan Filémon, apadéné serat marang bangsa Jahudi. Senadjan pisah adoh karo para murid lan

pawong mitrané, éwadéné dadi tjeḍak prasasat adu arep déning anané lajang kiriman mau. Ana lajang kiriman sawetara sing ditulis ana ing kuṭa Rum. Lajang-lajang mau kalebu dadi pérangané Kitab Sutji.

TJRITANÉ bab rasul Paul mung kapunggel tekan semono. Ing buku-buku sedjarah ana tjritané bab panguja-uja sing ditindakaké déning para radja ing Rum, ing kono wong-wong Kristen paḍa nandang dikuja-kuja, malah ana sing njritakaké jèn rasul Paul katigas djanggané atas ḍawuhé radja Néro sing ambek sija. Nanging ora ana wong sing bisa mbuktèkaké bener-luputé kabar mau. Sing wis mesti kena ditemtokaké jaiku jèn ing sadjroné nandang sangsara nganti tumeka ing sédané, rasul Paul tansah ana ing panga-jomané Gustiné.

SERATÉ rasul Paul marang Timotéus ana sing mengkéné surasané: „Aku wus nglakoni tarung kang utama, wus nutugaké plajuné balapan, wus ngantepi ing pratjaja. Wasanané aku ginantungan makutaning kabeneran, kang bakal diparingaké marang aku ing dina iku déning Gusti kang djumeneng hakim kang adil, tur ora ngamungaké marang aku baé, malah uga marang sakèhé wong kang tjetjengklungen ing bakal ngetingalé.”

Paul, abdi kang setya-tuhu, wis katimbangan marang kamuljan kang langgeng ana ing swarga.

PANUTUP

ING sawidjining dina, nalika para sekabat mundjuk marang Gusti Jésus saiba élok lan éndahé padaleman sutji ing Jerusalèm, ing kono ḍawuh wangsulané Gusti Jésus: „Bésuk bakal ora ana watu dilestarèkaké tumumpang ing watu, kang bakal ora didjugugaké.”

Nanging nalika sédané rasul Paul, padaleman sutji isih meger-meger, ora ana èmperé jèn bakal rusak.

Lan nalika Gusti Jésus mèh ambruk ing dalan djalaran kaboten manggul salib menjang Golgota, ana wong wadon akèh kang paḍa ngaḍuh-aḍuh lan nangisi Pandjenengané, ing kono Gusti Jésus bandjur ngandika marang wong wadon mau: „Adja paḍa nangisi Aku, nanging awakmu ḍéwé lan anak-anakmu iku paḍa tangisana . . . !” Mulané ngandika mengkono, djalaran Jerusalèm bakal katempuh laknaté Pangéran.

Éwadéné paukuman mau ija durung ana sing nekani, mangka Kitab Sutji ija ora nje-

butaké bab prakara mau. Nanging . . . pangandikané Gusti ora ana satembung baé sing kètjèr . . . Miturut buku-buku sedjarah, sasédané rasul Paul, ora antara suwé bangsa Jahudi bandjur paḍa mbaléla ing paréntah Rum lan nalika semono paukuman sing wis diwetja déning Gusti Jésus kaleksanan.

Kuṭa Jerusalèm dilurugi wadyabala saka ing Rum, kinepung wakul binaja mangap, nganti ora ana djanma manusa sing bisa ontjat saka ing kono. Mangka wong Jahudi meneri ngrijajakaké rijaja Paskah, dadiné éwon lan leksan tjatjahé wong Jahudi sing paḍa nglumpuk ing kuṭa Jerusalèm. Bareng dikepung wadyabala Rum, ora ana pangan sing bisa mlebu ing kuṭa, temah wong ing Jerusalèm paḍa nandang pailan kang banget. Kasangsaran lan katjingkrangan sing disandang bangsa Jahudi ing Jerusalèm wis tanpa upama, malah kira-kira ora ana kuṭa ing salumahing bumi sing tau nandang sangsara kajadéné kuṭa Jerusalèm.

Wekasané kuṭa Jerusalèm kena karebut ing wadyabala Rum lan didadèkaké karang-abang nganti luḍes. Wong Jahudi sing isih kari urip paḍa dibandang menjang tanah mantja dadi batur.

Padalemané sutji keprijé? . . . Titus, sénapatining perang, wis paring ḍawuh marang para pradjurit: „Poma-poma padaleman sutji adja nganti rusak, kudu diéman!.. Nanging ana sawenèhing pradjurit sing nguntjalaké obor murub menjang padaleman mau, temah seḍéla baé padaleman sing misuwur éndahé entèk kamangsa ing geni, témboké sing kandel-kandel paḍa djugrug. Pantjèn njata pangandikané Gusti ora ana setembung baé sing kètjèr, kabèh kaleksanan.

Lan tanahé bangsa Jahudi, sing tansah disebut *tanah prasetyan*, bandjur didjègi déning bangsa mantja: tanah sing bijèn mili powan lan madu bandjur dadi tanah sing tjengkar lan garing, ora ana pametuné lan ilang kuntjarané . . . Bangsa Israèl dibujaraké sumebar ing salumahing bumi, mangka wiwitané bangsa Israèl iku bangsa kang pinidji déning Allah, lan kaparingan tanah prasetyan, nanging saiki bangsa mau ora duwé tanah pusaka . . .

Djalaran bangsa mau nampik marang Sang Mesih.

Temahan kataman ing paukuman.

Miturut lairé wekasané njeḍihaké.

Éwadéné wekasaning djaman durung padja-padja nekani!

KEPRIJÉ mungguh kadadéjané para sekabat? Pétrus lan Jochanan? Utawa sekabat lan murid lijané sing paḍa pratjaja marang

Gusti Jésus? Aku kabèh pađa kepéngin ngerti keprijé wusanané.

Buku-buku sedjarah ana sing njritakaké, jèn Pétrus disalib atas dawuhé radja Néro, sing ndawuhaké ukum pati tumrap Paul. Déné Jochanan dibuwang menjang pulo tjilik sing aran Patmos. Ana ing pulo mau Jochanan kaparingan wahju mungguh apa sing bakal kelakon ing djaman wekasan. Kabèh sing ditingali ing sadjroné wahju mau, ditulis ana ing Kitab Wahyu, kitab sing wekasan ing Kitab Sutji.

Déné para sekabat lijané pađa pating slebar, ora kasumurupan ana ing endi prenahé lan keprijé wusanané, kedjaba Allah pijambak kang pirsá.

Para wong Kristen keprijé? Nalika semono akèh wong Kristen sing nandang dikuja-kuja atas dawuhé para radja ing Rum, pađa dikisas, diobong lan dipakakaké ing kéwan galak; wis gembheng tékadé wong-wong sing pađa sengit, arep njirnakaké golongané wong Kristen nganti tapis

Wekasan sing njeđihaké

Nanging sing kaja mengkono iku durung tumeka ing wekasaning djaman. Golongané wong Nasarani sing dinistakaké déning wong Rum, ing sanjatané ora bisa disirnakaké, senadjan warna-warna patrapé mungsuh enggoné arep ninđes lan njirnakaké golongan mau.

Gusti Allah iku maha setya.

Sumebaré Indjil ing tengahé djagad saja lawas saja djembar. Malah bakal tumeka waktuné angger bangsa ing djagad, tekan sing adoh-adoh pisan, pađa kawartanan Indjil Kratoné Allah wis rawuh ing djagad, lan saja lawas saja mundak gedé lan mulja, nanging sanjatané Kraton sing ngéram-éramaké, djalaran dudu kraton sing ngudi marang kamuktèn, kawibawan lan kaluhuran.


Kraton mau mung ndajani kabatinané sakabèhé wong sing pađa pratjaja klawan temen-temen marang Gusti Jésus lan tresna marang Pandjenengané, anaa ing endi dunungé lan ora gumantung marang basa lan bangsané, apadéné ora mawang golongan luhur apa asor, sugih apa mlarat

Lan wusanané — Gusti Jésus bakal rawuh manèh marang djagad, kajadéné sing wis naté didawuhaké marang para sekabat. Ing djaman wekasan sakèhé piala lan duraka bakal kasirnakaké. Ing kono Kratoné Allah bakal murba lan misésa swarga lan bumi.

Gusti Jésus bakal nimbali para kagungané lan bakal diparingi kamuljan lan karahajon ing sasampurnané lan uripé mung tansah sumaos minangka kaluhurané Allah.

Ing kono bakal ana kang kasebut: *pepanjan sidji lan Djuru-pangon sidji.*

Langgeng ing salawasé!.



GAMBAR-GAMBAR

	katja
Gètsémané	2
„Adja wedi, lah kowé pađa dakwartani kabungahan gedé”	14
Pandjenengané tumuli disaosi pisung-sung arupa mas lan menjan apadéné blendok mur	20
„Èh tetesaning ula beđuđak!”	26
„Rabbi, pakèndelan Tuwan wonten ing pundi?”	31
„Padalemané Ramakku adja kogawé omah padagangan!”	36
„Iku ija Aku iki, kang lagi sapotjapan karo kowé.”	42
Pamisaja iwak kang ngéram-éramaké	49
„Ebèng, tangia!”	58
Radjabrana kependem ing bumi	71
„Hé pawong sanak, teka gedé pangandelmu”	78
Sawusé ditunggangaké ing kéwan tunggangané dèwé, tumuli diateraké	86
„Lungaa, raupa menjang blumbang padusan ing Siloam”	91
„Buruhé bapakku pirang-pirang pađa duwé pangan kongsi mubra-mubru, mangka aku iki teka tiwas déning kaliren ana ing kéné”	96

PRADJANDJIAN ANJAR

	katja
. . . . sarta pađa diberkahi kambi katumpangan asta	103
„Lasarus, metua!”	106
„Hosanna kondjuk ing teđuđakipun Dawud!”	114
Samangsa kowé pađa weruh pangéwanéwaning pangrusak	119
. . . . bandjur lekas ngwisuhi sikilé para sekabat	123
„Ija Aku iki!”	130
„Kasirnakna, kasirnakna, kasaliba!”	141
„Wus rampung!”	147
„Marjam!” — „Rabbuni!”	154
„Simon, anaké Junus, kowé apa tresna marang Aku ngluwihi saka wong iku?”	160
Prijagung Étiopi lan Filippus	173
„Tuwan punika sinten, Gusti?”	176
Mengkono manèh wong kang mauné olah panenungan, ija akèh kang pađa nglumpukaké lajang-lajangé, bandjur diobongi ana ing ngarepané wong akèh	191
„Paul, rasulé Jésus Kristus, awit saka karsané Allah, tumekaa marang para sutji lan kang pađa pratjaja ana ing patunggilané Kristus Jésus.”	200

ISINĒ PRADJANDJIAN ANJAR:

	Katja		Katja
Djuru Slamet kang diprasetyakaké	7	Gusti Jésus mberkahi botjah-botjah	101
Pawarta saka Malaékat Djabraél	9	Lasarus mati katangèkaké	102
Wijosé Sang Pamarta	12	Wong sidji dadi tawur krana wong akèh	107
Kasasaké marang Pangéran ing padaleman sutji	16	Sauruting dalam	108
Para pandita saka tanah Wétan	17	Marjam kelair tresnané lan Judas ngendem sengit	111
Gusti Jésus juswa rolas taun kasowanaké ing padaleman sutji	21	Hosanna! Hosanna!	112
Jochanan Pambaptis	24	Kurang sawetara dina	116
Gusti Jésus lan Iblis	28	Judas	121
Gusti Jésus wiwit angsal sekabat	30	Budjana Paskah kang wekasan	122
Bawahan memanton ana ing désa Kanah	33	Gètsémané	126
Ing Jerusalèm	34	Judas laku tjidra marang Gustiné	128
Gusti Jésus lan wong wadon Samaria	39	Pradata kang bau-kepiné	131
Mbeneri dina Sabbat ing Nasarèt	43	„Kowé apa bakal ngetohaké njawamu nglabuhi Aku?“	133
Mbeneri dina Sabbat ing Kapernaum	45	Keduwung	134
Misaja iwak kang ngéram-éramaké	47	„Mugi kasaliba! Kasaliba!“	136
Wong sèmpèr ing Kapernaum	48	Golgota	143
Warsita-arga	52	Gusti Jésus kasarèkaké	146
Wong lara saraat utawa budug	54	Wunguné Gusti Jésus	151
Baturé panatus pradjurit Rum	55	Gusti Jésus ngetingal marang wong wadon	152
Anaké rança ing Nain	56	Marjam Magdaléna	153
Anaké Jairus	57	Ana ing dalam menjang ing Èmmaus	155
Bètèsda	59	Gusti ngetingal marang para sekabat kang lagi kumpulan	156
Ing omahé wong Farisi. aran Simon	61	Let seminggu	158
Sesatron	63	Ana ing pinggiré segara Tibérias	159
Jochanan Pambaptis lan radja Hérodès	66	Méchraté Gusti Jésus	161
Ana djuru njebar metu njebar widji	68	Tumedaké Roh Sutji	163
Pasemon-pasemon lijané	70	Wong lumpuh lair mula	165
Katempuh prahara ana ing segara	71	Ananias lan Safirah	167
Ing laladané tanah Gadara	72	Stéfanus	168
Wong limang èwu ditjadong	74	Prijagung Étiopi	171
Tindak napak ing segara	76	Saul mertobat	172
Wong wadon kang duwé kaantepan	77	„Angona para wedusku“	178
„Èffata“	79	Tabita	178
„Mungguh kowé, Aku koarani sapa?“	80	Kornélius	179
Gusti Jésus kamuljakaké	81	Gusti Allah nguningani sedenging mangsa	181
Pasemon abdi kang kamitégan	83	Tindaké rasul Paul kang kapisan nggelaraké Indjil	184
Pasemon wong Samaria kang welasan	84	Lurah kundjara	186
Rijajaning kabungahan dipungkasi nganggo kasusahan	87	Déwa kang ora kasumurupan	189
Wong pitjak lair mula	90	Ana ing Éfesus	190
Pangon kang utama	94	Wong lelaran	194
Anak kang mblasar	95	Ajem tentrem ana ing pangajomane Gusti	197
Pasemon wong sugih lan Lasarus	98	Panutup	201
Ndedonga	100		



PUDJI KONDJUK ING ALLAH
ANA ING LUHUR